с а у ф ы с т

**ХЪАЗИТЫ МЕЛИТОН**

# ИРОН ЛИТЕРАТУРÆЙЫ ИСТОРИ

**5-æм чиныг**

**(ИРОН ПОЭЗИЙЫ СЫГЪЗÆРИН РÆСТÆГ)**

Сфидар æй кодта Республикæ Хуссар Ирыстоны Ахуырад æмæ фæсивæды политикæйы министрад

ЦХИНВАЛ

2016

83.3(Осет.)

Хъ–16

**Р е ц е н з е н т т æ:**

**Джусойты Нафи –** филологон зонæдты доктор, профессор,

**Биазырты Аллæ** – филологон зонæдты кандидат, ХИПУ-йы доцент.

Хъазиты М.

Хъ – 16 Ирон литературæйы истори. [Текст] / Хъазиты Мелитон – Цхинвал: Хуссар Алании, 2015 – 555 ф.

3-аг чиныг

**Казиты (Казиев) М.**

История осетинской литературы

Ф ы ц ц а г  с æ р

## ИРОН ПОЭЗИЙЫ СЫГЪЗÆРИН АЗТÆ

Цардæн йæхи фæтк æмæ æгъдæуттæ ис. Адæймаджы хъуыды се ‘ппæтыл не ‘ххæссы. Фæлæ фыдхъызты фæстæ хуры цæст удæн фырæхцон куыд вæййы, фыддудгæбæтты сæрибары дуг куы раивы, уæд уый дæр йемæ афтæ æрхæссы фарнæмдзаг бонтæ æмæ рæстæджытæ. Адæймаг, фырцинæй йæхи цы фæкæна, уый нал фæзоны. Зæрдæ, «Чындзхæсджыты зарæг»-ау йæ бæттæнтæ фæтоны цæлхъзардмæ, нæртон симды бацæуынмæ: «Ой, фарнимæ уæм фæцæуæм, Ой, амонд немæ фæхæссæм!»[1]

Ирон литературæйæн, уæлдайдæр, поэзийæн раздæры Советон Цæдисы æппæт адæмтау, йæ рæстæджы æрлæууыд сыгъзæрин рæстæг, æцæг амондхæссæн, адæймаджы уд сыгдæггæнæг рæстæг. Йæ равзæрдæй фæстæмæ кæд йæ риуы æмбæрц цыдис размæ, фæлтæрæй-фæлтæрмæ хъæздыгæй-хъæздыгдæр кодта æмæ йæм тынг стыр фидæн æнхъæлмæ каст, уæддæр ыл 30-æм азтæй фæстæмæ ныккодта тугуарæн, æмæ йын 50-æм азтæм нал уыдис йæхимбæрц слæууыны фадат. «Ирон фысджытæй стыр æмæ арф курдиат кæмæ уыд, уыдонæй бирæтæ сæхи зонгæ-зонын снывонд кодтой… идеологийы рæстдзинадæн, сæ иугай, хицæн уацмыстыл сын куынæ дзурæм, уæд æмткæй се сфæлдыстад бындуронæй снывæстой социалистон реализмы домæнтæ æмæ догмæтæм гæсгæ, æмæ уымæй, зæгъæн ис, сæхи бабын кодтой»,[2] – дзырдта Дзуццаты Хадзы-Мурат.

А. И. Герцен загъта: «Дилетанты – это люди предисловия, заглавного листа, люди, ходящие около горшка в то время, как другие едят».[3]

---

[1] Зарджытæ, таурæгътæ, æмбисæдтæ. – Цхинвал, 1977. – 23 ф.
[2] Д з у ц ц а т ы  Х а д з ы-М у р а т. Уынгæгбоны сагъæстæ. – Дзæуджыхъæу, 2010. – 154 – 155 ф.
[3] Г е р ц е н  А л е к с а н д р  И в а н о в и ч. Сочин. в 2 т. Т. 1. – М., 1985. – 116 ф.

Ирон литературæйæн йæ авналæнтæ кæуылты уыдысты, уыцы фæлгæтты йын галиузондылхæст политикæйы аххосæй нæ уыдис йæ хъару равдисæн. Уæды дуджы тыххæй Джыккайты Шамилы хъуыды уыд: «Æртынæм азты уæлдай карздæрæй цыди идеологон тох. Аивады кусджытæ арæзтой хицæн къордтæ. Бирæ къордтæ кæм вæййы, уым вæййы бирæ быцæутæ æмæ бирæ хъаугъатæ. Алы къорд дæр йæхи хуыдта ног, пролетарон аивадыл тохгæнæг, буд сыгъта хицауадæн, афтæмæй эстетикон быцæуы бæсты цырын кодтой политикон быцæутæ. Советон тыхбарæн уæлдай æнувыд хъузæттæ уыдысты пролетарон фысджытæ. Сæ нысан уыд иннæтыл фаутæ æвæрын, политикон даутæ кæнын, иры хуыздæрты хицауад æмæ адæмы цæсты æфтауын. Уыдон домдтой аив уацмыстæ фыссын нæ, фæлæ хицауады амындтæ æххæст кæнын».[1] Æмæ уыцы хъуыддаг нæ фысджыты æркодта бындзагъдмæ. «Ома советон фыссæг цæры, антогонистон кълæстæ кæм нал ис, ахæм æхсæнады, уымæ гæсгæ йæ уацмысты конфликтæн бынат нæй. Конфликт чи æвзара йæ уацмысæн, æппæрццаг фæлгонцтæ чи æвдиса, уый советон фыссæг нæу, уый хахуыр кæны нæ цардыл»,[2] – фыста Æлборты Хадзы-Умар.

Цард афтæ куы ныззыгъуыммæтæ вæййы, уæд нывæфтыт дзырд фæхъары бынтон стæмтæм. Нал ын вæййы аргъ. Аивады кусæг нæртон нуазæны бæсты фæисы алыхуызон карз æфхæрдтытæ, раст «Нарты кадджыты» куыд у, афтæ – тых свæййы сæйраг: «Сослан сæ донмæ дæр фæттæруй, æнæ донæй дæр сæ æрбаздахуй, Уациамонгæ æ къохæй дæр некæмæ дæдтуй».[3]

Цард тыхы сæрыл кæм арæзтæуы, уым аивадыл уынгæджы бон вæййы. Нæ хуыздæртæй иу – Нигерæн «иуæй иннæ бон уырыддæр» уымæн уыдис, уый тыххæй хъæрзыдта:

*Ой, цы мыртæ уыд мæ риуы!..*
*Ой, цы хæзна уыд мæ сæры!..*
*Фæлæ арв зымæг нæ нæры,*

[1] Д ж ы к к а й т ы  Ш а м и л. Ирон литературæйы истори (1917 – 1956). – Дзæуджыхъæу, 2003. – 212 ф.
[2] Æ л б о р т ы  Х а д з ы-У м а р. Чиныг – царды айдæн. – Дзæуджыхъæу, 2009. – 75 ф.
[3] Н а р т ы  к а д д ж ы т æ 7 т. Т. 3. – Дзæуджыхъæу, 2005. – 535 ф.

*Булæмæргъ хъызты нæ цæры –*
*Уæд æрмæст ыстонг сырд ниуы…*

Ахæм дудгæ бонтæ «хуыдтой» поэты тыхæй сау ингæнмæ. Нал æй æндæвтой рухс бæллицтæ, царды цинтæ. Тых нæ царды дидинты нæ хъуыды кæны, февæры сыл йæ уæззау цæфхад, ныцъцъист сæ кæны йæ быны. Æмæ фæмæлынц æнæнымæц æнкъараг удтæ. Нигер, кæд сæ мыхуыр нæ кодта (Æмдзæвгæ фыццаг хатт рухс федта 1966-æм азы),[1] нæдæр æй мыхуыры онг бауагътаиккой, уæддæр йæ мидхъуыдыйы уый тыххæй додой кодта йе 'дых сæр æмæ æнкъараг зæрдæйыл:

*Цом, цом ингæнмæ, мæ тыхст сæр!..*
*Цом, цом ингæнмæ, мæ зæрдæ!*
*Ам ныл аудæг нæ уыди, –*
*Ам нæ зард бæсты нæ цыди, –*
*Уым ныл саудалынг æртыхсдзæн!..*[2]
(«Иуæй иннæ бон уырыддæр…»)

Æмæ сыл тыхстис саудалынг. Нæ хуыздæртæн абоны онг дæр нæ базыдтам сæ ингæнтæ. Мæлæты къахыл сæ чи слæууын кодтой, уыдон зындонмæ семæ ахастой уыцы сусæгдзинад дæр.

Фæлæ æмбисонд раст зæгъы: «Фыдбон æмæ фыдлæг бирæ нæ хæссынц».[3] Советон Цæдисы Компартийы XX-æм съезд 1956-æм азы фысджыты авналæнтæ куы фæуæгъддæр кодта, уæлдайдæр, А. Твардовский 1958-æм азы йæ уац «О родине большой и малой» куы ныффыста æмæ йæ разныхасы бæсты И. Соколов-Микитовы 2-томоны куы ныммыхуыр кодта,[4] уæд æцæг рухсы тын ныккаст ирон дзырдаивады дæсныты зæрдæтæм. Æмæ Цæрукъаты

[1] Н и г е р. Уацмыс. æххæст æмб. 3 т. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 1966. – 532 ф.
[2] Уый дæр уым, 256 – 257 ф.
[3] Ирон æмбисæндтæ. – Дзæуджыхъæу, 1976. – 201 ф.
[4] Т в а р д о в с к и й А. Т. О родине большой и малой // С о к о л о в-М и к и т о в И. Сочинения в 2 т. Т. 1. – М., 1959. – 5 – 8 ф.

Алыксандрæн фæстæдæр йæ бон бацис, æгæрыстæмæй, сфæлдисæджы «æлгъитын» дæр, уымæн æмæ йæм уый «æвирхъау æгъдау» лæбурдта сырдау, стæй: «Ысластай мæн нæуæвынады тарæй, Æмæ мæм дуне диссагау фæкаст»[1] («Монолог»).

Æмæ æрмæст уый нæ уыдис уыцы уавæры. Иумæйагæй уымæн цин кодтой, чысыл се уæнгты баст куы фæуæгъдис, уæд. Фæлæ сæ цардмæ арф чи каст, уыдон тынг хорз хатыдысты, уыцы сæрибар нырма æфсæн хызы, уымæйдæр, рæстæгмæ кæй уыдис, уый. Æмæ кæд историон цау уыд, йæ нысаниуæг стыр уыдис æмæ стыр у, уæддæр дзы аивадфæлдисæджы уд кæронмæ не сулæфыд. Кæд ыл цины зарджытæ нывæстой поэттæ, уæддæр тоталитарон тасæй адæмы уонджы бадтис мигъ. Дзуццаты Хадзы-Мурат æй уымæн рахуыдта «кадавар сæрибар».[2] Уымæн æмæ хорз зыдта: «Историон оптимизм канд цин æмæ зарæг нæу – уый гуыры царды объективон рæстдзинадæй. Уымæн сæрысуангæй æцæгæлон сты мæнгдзинад, тутт æмæ иллюзорон пафос, æнæмæт æмæ хиввæрсон хъалдзинад».[3]

Æмæ йыл хъал зарджытæ чи кодтой, уыдон æгæр бирæ кæй уыдысты, Бестауты Гиуæрги сæ поэтикон æвзагæй уымæн фæдзæхста, зæгъгæ, «Ма, мæ хæлар, сойбыл зарæг ма кæн, Афтæ ‘нцон дæр нæу зæххыл фæцæрын», «У мæ ных æрыгонæй дыдæгътæ». Царды хъæнтæн йæхæдæг кæй уыдис æвдисæн, уый йын нæ лæвæрдта æнцой:

*Цæй, зæгъ-ма, уæд та, цæмæн у,*
*Магъзы цъарау, хохы ных фырæнцъылд,*
*Тулдз бæласы уалдзæджы тæмæны*
*Арв æваст цæмæн æркъуыры рындзыл?*

*Диссаг: царды цæр æмæ йæ ма уын,*
*Цинып æмæ мастыл зар æмхуызон!*

[1] Ц æ р у к ъ а т ы  А л ы к с а н д р. Цыма лæууын æз кувæндоны раз. – Дзæуджыхъæу, 1968. – 76 ф.
[2] Д з у ц ц а т ы  Х а д з ы-М у р а т. Уынгæгбоны сагъæстæ. – Дзæуджыхъæу, 2010. – 153 – 154 ф.
[3] Д з у ц ц а т ы  Х а д з ы-М у р а т. Рæстæг æмæ литературæ. – Цхинвал, 1985. – 187 ф.

*Æз æрмæстдæр иу куырм æгъдау фауын:*
*Дуг дæуæй цæмæн ыскодта хъузон?![1]*
(«Ма, мæ хæлар, сойбыл зарæг ма кæн…»)

Гиуæрги иунæг ахæм нæ уыдис. Стæй, уыцы дуджы иунæг уыдаид, уый гæнæн нæ уыд. Уый дæр йæ куырыхон раздзогтыл, цард æмæ йын дзырдаивады цæвиттойнæгтæ чи уыдысты, уыдоныл ахуыр кодта. «Хистæр кæм нæй, уым кæстæр ма агур»,[2] – уымæн зæгъы ирон æмбисонд. Уыдон ын уыдысты цæвиттон. Уæдæ, ахæм дардмæуынæг раздзогтæ кæмæн уыдис, цард æмæ литературæйы æрфæнты цæуын куыд хъæуы, уарзт æмæ зæрдæйы парахат тауыныл чи ахуыр кæны йæ фæстагæтты, стæй æмтгæй адæймагады, уыдонæн куыннæ хъуамæ уа аккаг кæстæртæ.

Ирон поэзийы уыдон уыдысты æхсайæмазонтæ – малусæгтау, уалдзыгон миты бынæй ныггуыпп кодтой губаккгай. Тырныдтой хурмæ. Семæ хастой, сæ адæмы зæрдæты дæсгай азты æртхутæджы бынæй чи ‘рттывтой, уæззау цæфхады бын нымæггонд уыцы æгæрон цинтæ æмæ сагъæстæ. Хастой йæ тыхджынæй, алыфарсонæй. Хъодзаты Æхсар, Малиты Васо, Тедеты Рюрик, Æлборты Хадзы-Умар, Джыккайты Шамил, Ходы Камал, стæй æмткæй æхсайæмазонтæ поэтиконæй дæр, тематиконæй дæр рæзтысты афæдзгай нæ, фæлæ бонгай.

Размæ цæуын, адæмы ‘хсæн равдисын нæ кæм фæхъæуы нæхи, уым нæ искæмæй раппæлыны бæсты бирæтæ сбадынц æмæ мæхицæй раппæлон, зæгъгæ, сæхиуыл кæйдæрты номæй дифирамбтæ фыссынæй сæхиуыл фæкалынц цъыф. Æндæра нæм кæй кой ис, уыцы уæды æвзонг лæппутыл размæ хæцæг куы уыдаид, гъе, хистæртырдыгæй, гъе, разамынадæй, уæд сæм, уæрæх чиныгкæсджытæ цæмæ æркастаиккой, уый æнæмæнг уыдис. Се ‘мцахъхъæн, хъазахаг поэт Олжас Сулейменовæй Евгений Сидоров загъта: «Начиная с шестидесятых, его поэзия завоевывает широкое читательское

[1] Б е с т а у т ы  Г и у æ р г и. Æхсæв æмæ бон. – Цхинвал, 1966. – 21 – 22 ф.
[2] Х ъ а з и т ы  М е л и т о н. Ирон хæзна. – Цхинвал – Дзæуджыхъæу, 2013. – 309 ф.

признание, которое быстро выходит за границу Казахстана. Имя Олжаса все чаще ставится рядом с именами русских молодих поэтов – Робертом Рождественским, Евгением Евтушенко, Андреем Вознесенским. Их объединило время, вызвавшее к жизни гражданский темперамент, публицистический напор стиха, свежие и дерзкие ритмы».[1]

Фæлæ мах фысджыты фердæхыны фыдæй дуг дæр, искæимæ цы дзурæм, нæ кæрæдзиимæ нæ фенгом кæны. Афтæмæй уый охыл Олжас йæхæдæг афтæ зæгъы: «Писатели восстанавливают летопись Мира и Люби, чтобы от многообразия лживых вер человечество когда-нибудь пришло к единству сознания».[2] Не ‘хсайæмазонтæ Фидыдад æмæ цы æцæг æмбæстагон темæ æндидзын кодтой æмæ кæнынц, уый бæлвырдæй-бæлвырддæр уыдис æмæ у йæ райдайæнæй фæстæмæ, рæстæгыл сын рæстмæ аргъгæнæг куы уыдаид æмæ уаид, уæд.

Æниу сын æй уырыссаг поэт æмæ тæлмацгæнæг сæ хæдæфсармы æфсон кæны: «В этом смысле, за малыми исключениями, осетины являют пример скромности, выдержки, нежелания безосновательно прославляться».[3]

Стыр хъыргъызаг фыссæг Чингиз Айтматов, уырыссаг æхсайæмазон Евгений Евтушенкойы сфæлдыстадыл дзургæйæ, банысан кодта: «Главная задача современного искусства как раз и состоит в том, чтобы суметь пробудить в человеке такие чувства и мысли, когда бы мир стал предметом личной тревоги каждого из нас».[4] Æмæ кæд ирон æхсайæмазонтæ иууылдæр уырдæм тырныдтой, уæддæр къахдзæфæн ныхдуртыл цы ‘мбæлдысты, æндæр сæ фарсхæцæг нæ уыдис.

Джыккайты Шамил дзырдта: «Поэзи адæмы æфсарм у… поэт – рæстдзинады пехуымпар, гуманизмы рыцарь. Уæззау хъуыддаг у адæмы æфсармы бæрны бацæуын – мæлæты бонмæ йын хъуамæ уай цырагъдар. Тæссаг у пехуымпар уæвын, сындзæхгæд у рæстдзинады фæндаг: арæх æй не

[1] С и д о р о в Е в г е н и й. На мировом кочевье // С у л е й м е н о в О л ж а с. Избранное. – М., 1986. – 5 ф.
[2] Уый дæр уым, 3 ф.
[3] О з е р о в Л е в. Без пяти минут / Литературная Россия, 1972. – 25 август.
[4] А й т м а т о в Ч и н г и з. Парус поэзии // Е в т у ш е н к о Е в г е н и й. Стихотворения и поэты в 3 т. Т. 1. – М., 1987. – 8 ф.

‘мбарынц, зыгъуыммæ йæ кæнынц æмæ пехуымпарыл дуртæ цæвынц. Зын у рыцары службæ – уый у иугæндзон хæст уарзт æмæ хорзы сæраппонд».[1] Гъе æмæ нæ фысджытæ æппынæдзух нæ кæрæдзиимæ хæсты кæй вæййæм, нæ зæрдæты фæндиаг нын æнтысгæ дæр уымæн ницы бакæны. Æмæ бæргæ нæхицæн ныфсытæ февæрæм: «…стыр хъуыддаг рогæй нæ рæзы, зæххыл хорзæй цы ис, уый зынтæй сæвзæрди»,[2] – фæлæ уымæй нæ дæр нæ удтæн фенцойдæр вæййы, нæ дæр, цы фæаразæм, уымæн.

Дзуццаты Хадзы-Мурат Мæскуыйы М. Горькийы номыл Литературон институты Евтушенкоимæ иу курсы ахуыр кодтой.[3] Евтушенко «угловатый и дерзкий юнец», «изголодавшееся дитя войны, хулиганистый с виду парень»[4] кæй уыдис, æнæфæцухæй кæй нæ цыд ахуырмæ, уый тыххæй йæ расырдтой институтæй, Хадзы-Мурат æй каст фæцис сырх дипломыл.

Уæдæ йын поэзийы дæр æвзæр æнтыстытæ нæ уыдис. Хадзы-Муратæй зæгъын. Йæ уæнгты цалынмæ мæскуыйаг сфæлдыстадон уддзæф хъазыд, уæдмæ йын бантыст уырыссаг æвзагыл дыууæ поэтикон æмбырдгонды рауадзын: «Ветер времени»[5] («Рæстæджы дымгæ») æмæ «Пляска дождя»[6] («Къæвдайы кафт»). Стæй йæ кæй нал амыдтой йæ авналæнтæ, уый тыххæй æрсабыр. Фæлæ уый æдыхы нысан нæу. Дуг дæ куынæ амона, уæд цасфæнды хъæбатыр у, цард адæймаджы уæрдæхау куыд æрыздухы, уый йæхæдæг дæр нæ базоны. Нал ын вæййы уый базоныны фадат. Не ‘хсайазонтæй иу, Ходы Камал, нæ «Нарты кадджытæй» иу цау æрымысгæйæ: «Рараст ис гуыргуыргæнгæ Балсæджы Цалх Сосланы марынмæ»,[7] – поэтикон æвзагæй уымæн зæгъы:

*Лæджы бæллиц æмбæлы Мæйыл, Хурыл,*

---

[1] Д ж ы к к а й т ы  Ш а м и л. Поэзийы фарн // А в т о р т ы  к о л л е к т и в. Критикон уацтæ. – Дзæуджыхъæу, 1990. – 57 ф.
[2] Уый дæр уым.
[3] Д з у ц ц а т ы  Х а д з ы-М у р а т. Арвистон. – Цхинвал, 1988. – 422 ф.
[4] А й т м а т о в  Ч и н г и з. Парус поэзии // Е в т у ш е н к о  Е в г е н и й. Стихотворения и поэты в 3 т. Т. 1. – М., 1987. – 5 ф.
[5] Д з у ц ц а т и  Х а д ж и-М у р а т. Ветер времени. – М., 1960.
[6] Д з у ц ц а т и  Х а д ж и-М у р а т. Пляска дождя. – М., 1964.
[7] Нарты кадджытæ. – Дзæуджыхъæу, 1975. – 141 ф.

*Фæлæ зæххон фæтк – дурвидар… Нæу рох:*
*Къæс-къæсгæнгæ Историйы Цалх тулы –*
*Хæссы уый амонд, уый хæссы фыдох.*[1]

(«Балсæджы цалх»)

Не ‘хсайазонтæм фаг уыдис æмæ ис тох кæнын æмæ размæ цæуыны, æцæг нывæфтыд литературæ æхсарджынæй фæлдисыны хъару. Уыцы тых сын лæвæрдта сæ курдиат. Поэзийы ног комулæфт – фæлгонцон уынынад кæй хастой нæ литературæмæ, уымæй бонæй-бонмæ рæзтысты адæмы цæсты. Æмæ рæстдзинад цæрæг уды ныфсыл ныфс куыд æфтауы, къæйных дæр æй афтæ кæны. Айтматов, хъуыддаг бæлвырд зонгæйæ, уымæн дзырдта Евтушенкойы тыххæй, ома, уыдис «дерзкий юнец», «хулиганистый с виду парень» æмæ никæмæн ницы барста.

Махмæ нырма дæр ахæм хъуыдытæ æргом дзургæйæ не сты. Ирон удыхъæдæн кæд консерватор схонæн нæй, уæддæр нæ цардмæ алчи йæхи мæсыгæй фæкæсы, йæхи мыггаджы фарнæй йын фæаргъ кæны æмæ кæйдæр хуыммæ дæ дур куы бахауа, уæд уый мыггагон тох фæдомы. Уымæ гæсгæ мах нæхицæн бар нæ фæдæттæм алкæй, хуыздæр ыл цы ном сфидауа, уыцы номæй йæм бадзурынæн.

«Нæ хæхты лæппуйы цард райдайы цины зарæг æмæ адæмы арфæйæ. Уый æнхъæлцау зарæг вæййы, бæрнæфтауæг зарæг, адæмы æууæнчы зарæг, лæгдзинадмæ, сгуыхтдзинадмæ разæнгардгæнæг зарæг»,[2] – тадзгæ-баргæйæ уымæн зæгъы Джусойты Нафи нæ поэзийы курдиатджын фæлтæры, æцæг сфæлдыстадон æмæ уыимæ ноджы дзырдхъом фæлтæры аивадон фæндагыл хъуыды кæнгæйæ.

Нафи цы бæрнæфтауæг, ныфсдæттæг, адæмы æууæнчы, «лæгдзинадмæ, сгуыхстдзинадмæ разæнгардгæнæг» зарæджы кой кæны, уый афоныл æрцыд нæ поэттæм, кæд сæ дуг цины зарджытæ кæныны дуг нæ уыдис, уæддæр.

[1] Х о д ы  К а м а л. Балсæджы Цалх. Уацм. 3 т. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 2009. – 5 ф.
[2] Д ж у с о й т ы  Н а ф и. Балц ирон аив дзырды дунемæ 2 т. Т. 2. – Цхинвал, 2014. – 369 ф.

Фæлæ йæ кæй фыстой, кæй йæ ныв кодтой зæрдæбынæй, уый уыдис сæ уд æмæ се сфæлдыстады амонд.

Уырыссаг зындгонд поэт Владимир Луговской йæ фæстаг æмдзæвгæ «Костры» райдыдта афтæ: «Пощади мое сердце И волю Укрепи»[1] æмæ йæ уыцы хъуыддаг хъуыдис революцийы фынтæ уынынæн. Фидарæй йæ уырныдта: «Это – бессмертье мое».[2] Нæ поэттæ сæ уынгæгбонты дуг фысгæйæ истой сæ ном уæлæмæ. Хæсты уæззау æмæ дæрзæг фæд сæ, удæгас буарау, тæлфыд алкæй уды дæр. Æрмæст сæхи дудгæбæттæ сæ нæ мардтой хъизæмарæй, фæлæ сыл алыварсонæй æндæвта хæстдзагъд æмбæстæгты додой æмæ хъизæмар.

Хуыгаты Сергейы лирикон хъайтары сонт зæрдæйы иу хабар æнæнхъæлæджы нæ ныххызти арф – сæ «…сыхаг хæдзарæй кæуын / Æрвылбон хурныгуылдыл хъуысти». Æмæ, куы базыдта: «Йæ хъæбултыл дзынæзта мад – Хæстмæ сæ фервыста цыппарæй. Æртæ хистæрæн æм сæ мард Æрыхъуыст иумæ, цыма барæй», – уæд йæ хъарджытæм фидæны поэты сонт зæрдæ скъуыди æмæ йын ссис коммæгæс, суанг æй зæрдæскъуыд сылгоймаг йæ фырт дæр схуыдта. Цыма чысыл «фæлæуууыд иучысыл йæ мастæй. Фæлæ, æмдзæвгæ ууыл куы фæуыдаид, уæд не суыдаид æцæг поэтикон уацмыс. Æмæ Сергей йæ уацмысæн, цæмæй йæ бæрзонд систаид, уый тыххæй ссардта æцæг поэтикон мадзал:

*Уæд иу бон посты раз уыдтæн,*
*Писмо нанайы номыл райстон.*
*Æмæ йæм цыппæрæм фыртæн*
*Хабар, цыдæр хабар æрхастон.*

*Æз та æнхъæлдтон: цин кæндзæн,*
*Уæд мæм писмо хæрзиуæг кастi…*

---

[1] Л у г о в с к о й  В л а д и м и р. Собр. соч. в 3 т. Т. 2. – М., 1988. – 437 ф.
[2] Уый дæр уым, 439 ф.

*Цæмæн æрвыстат, адæм, мæн?*
*Уæхæдæг æй цæуылнæ хастат?!*

*Мæхи куыд тынг æфхæрдтон уæд!*
*Цыма йæ фырт марæг æз уыдтæн.*
*Уæ, уаих æрбауай, мæлæт,*
*Йæ бындур ын цæмæмæн ныззылдтай?!.*[1]

(«Зынгхуыст хъæбул»)

«Хæстмæ цæуын хъазтмæ цæуын нæу», – йæ тохы райдайæны уынгæгзæрдæйæ уымæн мысыд Плиты Грис.[2] Æмæ уыцы фыддуг баззад, фæсчъылдым чи уыдысты, уыцы адæмы зæрдæйы дæр. Курдиат Хуыцауæй лæвæрд кæмæн уыдис, уыцы поэтты зæрдæты, тугхор сырды цыргъ ныхты тындтытау куыннæ хъуамæ баззадаид. Æмæ сæ йæ алчи æвдыста, йæ курдиатмæ гæсгæ, фæлæ йæ уæдмæ куыд ныв кодтой, афтæ нæ. Алчи – йæхирдыгонау. Ссæдзаздзыд Камалы ‘мдзæвгæ «Мæ фыдыфыды мысгæйæ» цæвиттойнагæн уымæн баззадис, уæдмæ нæм йæ къухмæ фыссæн сис чи райста, уыдонæй ахæм хæдбындур, зæрдæйыл иу фæкастæн чи аныдзæвы, ахæм ирд фæлгонц кæй ничи снывæста:

*Хъуырæйнæмгæ дамбаца –*
*Дæ фæсроны тъыстæй,*
*Думæданæвæрд хъама –*
*Дæ астæуыл, ыстæй –*
*Дæларм-уæларм хъатара.*

Афтæмæй-иу зæронд лæг цыдис Зорыхъомæ – хъæдмæ. «Мæлын зын у, знæгтæй æххæст дæ маст ма райс, уæлдайдæр афтæмæй»,[3] – дзырдта

[1] Х у ы г а т ы С., Х о д ы К., Д ж ы к к а й т ы Ш. Бонвæрнон. – Дзæуджыхъæу, 1962. – 10 ф.
[2] П л и т ы Г р и с. Фыстæджытæ. – Дзæуджыхъæу, 2013. – 5 ф.
[3] Д з у ц ц а т ы Х а д з ы-М у р а т. Хæст æмæ зæрдæ. – Цхинвал, 1966. – 182 ф.

Дзуццаты Хадзы-Мурат. Фæлæ царды дугътæ бавзарæг зæрондæн æнцондæр нæу, йæ Фыдыбæстæйы сæраппонд хæсты быдыры цардцухæй чи ‘рхауд, уыцы ждзард хъæбулы хъуымызбыл кæстæрты сæ къахыл сæвæрын. Камалы æмдзæвгæйы лирикон хъайтарæн йæ дада хъæдæй уымæн æрхæссы æмбисонды цымтæ йæ дзыппы, уымæн æй рæвдыдта йæ кастæй.

Стæй кæронæй – æхсайæмазыккон кæй загътаид, цард йæхæдæг кæй лæвæрдта, Камалы поэтикон сфæлдыстадæн характерон чи у, ахæм æцæг æрттивгæ фæлгонц:

*Ныртæккæйау сæ сонын:*
*Дæ зæнгæйттæ, дæ худ,*
*Дæ хотыхтæ, дæ гæрзтæ,*
*Фæлæ дæ мидбылхудт*
*Нæ уайы, нæ, мæ цæстыл…*[1]

Махæн абон дæр цытæ нæ бантыст саразын, уыцы бакæнинаг хъуыддæгтæ уыдон, æхсайæмазонтæ, уæд сæ раздзогтæй истой, афтæмæй сыл дзырдтой æхсарджынæй. Æмæ уым диссагæй ницы уыдис. Нафи Дзаболаты Хазбийæ цæйау загъта: «Литературным юнцом он никогда не был»,[2] – уыйау-ма, æхсайæмазонтæ цыма, нæмыг топпы хæтæлæй сырхзынгæй, цы ракæнонхуызæй куыд рагæпп кæны, афтæ аив дзырды уд бауадзыны тыххæй федтой рухс, афтæ уыд сæ фердæхт, стæй сæ бакаст дæр.

Уыцы хъуыддаг æхсайæмазонтæн иумæйагæй сисгæйæ характерон уыдис æмæ у. Цы цæстæвæрæндæр хорз ракæнын, цы бæллиццагдæр хъуыддаг саразын, цы аивадондæр фæндагыл ныллæууын сын Уæллагæй лæвæрд уыд, сæ амонды гаккау. Æмæ йыл никуы сивтой сæ зæрдæ.

Зынгæ уырыссаг литературон критикмæ гæсгæ цæрынæн сæйраг у: «Я приношу пользу людям – значит, живу».[3] Æмæ адæймаг уыцы фæндагыл куы

[1] Х у ы г а т ы С., Х о д ы К., Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. – Бонвæрнон. – Дзæуджыхъæу, 1962. – 40 ф.
[2] Д ж у с о й т ы Н а ф и. Балц ирон аив дзырды дунемæ 2 чиныгæй. 2 ч. – Цхинвал, 2014. – 161 ф.
[3] К у з н е ц о в Ф е л и к с. Беседы о литературе. – М., 1977. – 220 ф.

фæцæуы, уæд ын æнтысгæ дæр кæны. Икъаты Владимир уымæн фарста йæхи: «Цы у поэт, иронау æй цы схонон? – Дæсны дзурæг, хъайтар æви пехуымпар?» Æмæ йæ фарстæн дзуапп кæны йæхæдæг: «Мæлгъæвзаг æмæ удуæлдай нæртон лæг. Йæ рæдыд дзура комкоммæ паддзахæн, Уа адæмæн сæ уромæг, сæ дарæг!..»[1]

Æхсайæмазонтæ уымæн рамбылдтой æмæ, адæмæн зæгъын цы хъуыд, сæ зæрдæйы рæбынтæ сын чи змæлын кодта, уыцы рæгъмæ рахæссинаг хъуыддæгтыл фæстæмæ кæй нæ хæцыдысты. Стæй сын сæ дзурын аивадонæй кæй базыдтой. Цас гæнæн уыдис, уыйбæрц аивадондæрæй сæ кæй хастой æмæ хæссынц сæ чиныгкæсджыты тæрхонмæ.

Уыцы хъуыддаг ныртæккæ, дзырдæн аргъ куынæ уал ис, уæларвоны дзыхæй рахаугæйæ дæр дзæнгæдайыл нымад куы цæуы, уæд бирæтæм, йæ ном джиппы уагъдæй къулы газеты дæр чи никуы федта, ахæмтæм æнцон кæсы, профессионалтæн чингуытæ фыссын амонын дæр, рухс сын куыд фенын кæнын хъæуы, уыдæттæ гæркъæрагау згъалын дæр. Æмæ сæ хъуыдыйы кæрон дæр нæ вæййы, сæхи худæджы хай кæй кæнынц, уый.

Чиныгау чиныг сфæлдисын хъайтар хъуыддаг саразын у. Æмæ, алчи хъайтар уа, уый гæнæн нæй. Фæлæ æхсайæмазонтæм разынд уыцы лæджыхъæд. Сæ ном сæ аивадæй уый тыххæй ныхъхъæр.

Нафи зæгъы: «Мужество не в том, чтобы уповать на собственное бессмертие, а в том, чтобы за свой краткий век быть творцом добрых и нужных людям дел».[2] Æмæ ахæм хæларзæрдæ, æнæмæнгхъæуæг хъуыддæгтæ нæ поэттæн амонын нæ хъуыдис. Сæ размæ, дæсгай азты раздæр, фысджытæ нæ, адæм сæ зæрдæтæм цы судзаг хъуыддæгты тыххæй нæ уæндыдысты ныдздзурын, мæлæты тас сын чи хаста, æнæ уыдон æхсайæмазонтæн цард царды ад нæ кодта. Фыццаг уырыссаг фыссæг-революционер Александр Николаевич Радищев ногæй æрцахсынæй тæрсгæйæ марг куы банызта æмæ йæхи куы амардта, уæд цы зындгонд дзырдтæ ныууагъта: «Потомство за

[1] И к ъ а т ы  В л а д и м и р. Æвзæрст уацмыстæ. – Цхинвал, 2015. – 128 ф.
[2] Д ж у с о й т ы  Н а ф и. Мужество и достоинство таланта // К о д з а т и  А х с а р. Яблоко нартов. – М., 1974. – 4 ф.

меня отомстит»,[1] – уыцы хъуыдыйыл хæст, табу – Хуыцауæн, нæ уыдысты не 'хсарджын æхсайæмазонтæ. Уыдон, сæ размæ фæлтæртæн цы нæ бантыст, уыцы хæстæ сæхимæ истой æхсарджынæй.

Хъодзаты Æхсар нæ куырыхон хистæр Гафезы хъуыды: «О дыууæ Иры, хъауджыдæр уæ нæй», – дарддæргæнгæйæ ныфсджынæй уымæн загъта:

*Мæ иу цонг ам ис, иннæ та – Цæгаты.*
*Дыууæ Иры, мæ сау дыууæ цæсты,*
*æнæ сымах æз боны рухс нæ хатын,*
*æнæ сымах мын амонд нæй бæстыл.*

*Æрджынарæгæй Згъудеры къуыбыртæм*
*фæндыры тагау у мæ уд нывæст.*
*Ныгъуылынц кæмттæ, раст цыма хъуыдытæ,*
*чызджы зæрдæйы суадæттау – æмбæхст.*

*О хæхтæ, æз сæрыстыр дæн сымахау,*
*сымахау мæм цыдæр нæртон тых и.*
*Дыууæ Иры – дыууæ базыры.*
*Маргъау*
*æнусты сæрты амондмæ тæхын.*[2]

(«Дыууæ Иры»)

Ирон удæн уыцы нæртон тых дæтты дæрдты æмæ æввæхсты зилыны фадат. Уыцы нæртон тых æй æфтауы цард æмæ адæмы уарзыныл, адæймаджы уæларвонты æмрæнхъмæ исыныл, куырыхон хъуыдытæ кæныныл. Æхсайæмазонтæй уый домдта цард æмæ йæ ма арæзтаиккой, уый нæ уыдис сæ бон. Уымæн æмæ сын æрдзæй лæвæрд уыдис æмæ у. Се

---

[1] В е р х о в с к а я Н. П. Александр Николаевич Радищев // К о л л е к т и в а в т о р о в. Люблю Отчизну я… – М., 1982. – 16 ф.
[2] Х ъ о д з а т ы Æ х с а р. Рухс. – Дзæуджыхъæу, 1987. – 6 – 7 ф.

‘мкарæн уырыссаг поэт Белла Ахмадулина уымæн загъта: «Я жила на белом свете и старалась быть лучше».[1]

Хуыздæр уæвынил сæ удтæ кæй хъардтой æнæхъæн фæлтæр, хорзæй хуыздæр саразын сын бæллиц кæй уыд, Æлборты Хадзы-Умар, дæттæ кæй ласынц æмæ нæ ласынц, зæйтæ кæй æппарынц æмæ чи нæ хауынц, «сæрсæфæнты хуыдымтæй хъен» чи лæууынц «суанг арвы гуыбынмæ», Ирыстоны къæдзæхтæ, хохы тигътыл, бæндæнтау, æрцауындзæгуæвæг хæрдтæ æмæ уырдгуытæ фæндæгты хуыздæр фидæны тыххæй зæрдæбынæй уымæн лæгъстæ кодта:

*Рауадз дæ фæндæгтæ мæ зæрдæйыл,*
*рауадз, Ирыстон.*[2]

(«Дæ фæндæгтæ, Ирыстон…»)

Уырныдта йæ, кæд йæ удæн физикон æгъдауæй цæрын бæрæг фæзындæр уыдзæнис, уæддæр фенцондæр уыдзæн нæ Фыдыбæстæйæн æмæ поэты лирикон хъайтар йæхи зынтæ уый цур ницæмæ дары. Фыдыбæстæйы æнцойад йæхи уды æнцойад дæр у.

Ацы поэт-фæсивæды тохмонцæй, сæ поэтикон дзуринæгтæй йæ рæстæджы уымæн буц уыдис Мæрзойты Сергей: «Тыхæвзарынмæ сæ ныфс кæй хæссынц, уымæй, чиныгкæсæг, разыйæ баззайдзынæ. Æмæ куыннæ барухс уа дæ зæрдæ, кæд нæм цæрæццаг фæлтæр рахъомыл, кæд æмæ уыцы фæлтæр нæ тæрсы æвæд фæндæгтыл цæуынæй, арф фæдтæ ныууадзынмæ тырны æмæ хорзæхджын у бæгуыдæр».[3]

Хуыздæрæй хуыздæрмæ цæуын, рухс фидæнмæ фæстагæттæн фæндаг æгæрдын! – уый уыдис сæ царды нысан æхсайæмазонтæн æмæ йæм, зынг æндонау, цыдысты судзгæйæ. Æндæр, уæдæ, куыд зæгъæн ис, «цæргæсау арвмæ стæхын» кæй фæндыд, фæйнæртæм цæвæнтæ чи кодта, уыцы

---

[1] А х м а д у л и н а Б е л л а. Избранное. – М., 1988. – 6 ф.
[2] Æ л б о р т ы Х а д з ы-У м а р. Ныфсы уидаг. – Дзæуджыхъæу, 1999. – 109 ф.
[3] М æ р з о й т ы С е р г е й. Ног бæллщцон // А в т о р т ы к о л л е к т и в. Поэзийы бон. – Дзæуджыхъæу, 1964. – 8 ф.

ссæдзаздзыд лæппу Джыккайты Шамилæй?!. Раст цыма йæ сонты бонтæй райста нæ адæмы хуыздæр миниуджытæ: «Куырыхон зонды хицау, йæ риуы зынг зæрдæ кæмæн тæлфыд, йæ уды рæбинаг катай йæ адæмы хорздзинадыл кæмæн уыд. Ныхасы зæрингуырд. Хорз æмгар. Дзæбæх сыхаг. Хъомылгæнæг, зондамонæг, кæстæрты раст фæндагыл аразæг»,[1] – зæгъы Касаты Æмзор. Уымæн æй фæндыд арвмæ стæхын:

*Кæм кæнынц тох æнусты дæргъы карзæй*
*Цæрыны охыл уарзт æмæ фыдæх,*
*Уым хъуамæ цард дæ мады 'хсырау уарзай, –*
*Уæд дидинæгдон фестдзæни къæдзæх.*

*Æз амондагур а зæххыл цыдтæн:*
*Мæнæн зынаргъ у ссаргæ хæрзтæй алцы...*
*Бæллаг удæн фæндаджы цин зын балцы*
*Хæрзиуæгæн хуыздæр вæййы цытæй!*

*Мæнæн æнустыл афæлгæст зæгъы,*
*Лæджы фæндтæн куыннæ и скæнæн арæн,*
*Тых хъæуы амонд арынæн зæххыл,*
*Тыхæн та ис ыстыр ныфсæй ыссарæн!..*[2]

(«Кæй нæ фæнды цæргæсау арвмæ стæхын!..»)

Æмæ-иу уыцы ныфс алы хатт дæр æнæдызæрдыгæй уыдис нæ поэт-фæсивæдмæ. Уæлдай тынгдæр та – не 'хсайазонтæм. Цы темæтæм не 'внæлдтой, кæй нæ фæлгъуыдтой, ахæм æнæфæччиаг дзуринæгтæ сын нæ уыд. Адæмы рæгъмæ сæ хастой Хуыцау æмæ зæдты номыл æвæджиаг кувинæгтæ хæссæгау. Уый æнæмæнг афтæ хъуамæ уыдаид.

---

[1] К а с а т ы Æ м з о р. Ирыстон æй никуы ферох кæндзæн // А в т о р т ы к о л л е к т и в. Арв. Цæссыг. Стъалы… – Дзæуджыхъæу, 2012. – 97 ф.
[2] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Кæй нæ фæнды цæргæсау арвмæ стæхын!.. // Х у ы г а т ы С., Х о д ы К., Д ж ы к к а й т ы Ш. Бонвæрнон. – Дзæуджыхъæу, 1962. – 63 ф.

Дзугаты Георги дзырдта: «Хæзнаджын хохы ӕрзæт тæлмæй-тæлммæ, тагæй-тагмæ куыд æвæрд вæййы, афтæ хъуамæ поэтикон рæнхъытæ дæр æвæрæнтæ-æвæрæнтæ уой царды рæстдзинадæй, адæймаджы зæрдæйы уагæй, дуджы æмæ дзыллæйы сагъæстæй.

Поэт цас курдиатджындæр уа, уыйас йæ зæрдæйы уыцы хæзнатæ, уыцы æвæрæнтæ вæййынц фылдæр, ирддæр, бæлвырддæр, фæндаг сæм вæййы фылдæр адæмæн»,[1] – æмæ уый тыххæй чиныгкæсджытæн свæййы уарзон. Никуы уал æй ферох кæнынц.

Ахæм поэтикон æвæрæнтимæ цыдысты ирон æхсайæмазонтæ ирон нывæфтыд литературон дунемæ. Шамилæн фыццаг литературон дзуринæгтæ æргом кодтой, фæлæ сæ чиныгкæсæг уыдта йæхи уды хъуырдухæнтæ, йæ зæрдæйы арф ныгæд дзуринæгтæ. Йæ фæндаг ын чи рухс кодтой, сагъæсыл æй чи æфтыдтой, ахæм хъуыдытæ. Адæймаг хъæрзыдта троцкизмы азарæй басудзæг курдиатджын поэт Малиты Геуæргийы фырт Васойы уды рисæй:

*О, шут дæн æз – æнамонд æмæ амонджын,*
*Мæгуыр идальго Дон-Кихотау бонджын,*
*Ælгъин лæджы æвæрæнтау гæвзыкк дæн,*
*Ædзух мæ сæрыл хъен уæ размæ слæууын.*
*Хæдзар мын нæй æмæ æрцардтæн галуаны.*
*Кæйдæр фæндон сæрибарау кæй райстон,*
*Гъе уый фæрцы мæхи адзалæй хизын*
*Æмæ фæлтæрыл худæджы хос тауын.*
*Адзалы тас мæ фæдыл зылд, хуыснæгау.*
*Æнуд хъуырдухæн… О, куыд тарстæн уымæй!*
*Æнамонд шут! Æрвонхуыз æмæ афтид,*
*Æрхуым зарæджы азæлдау æнкъард*

---

[1] Д з у г а т ы  Г е о р г и. Зонды чырын, зæрдæйы фæндыр // А в т о р т ы  к о л л е к т и в. Поэзийы бон. – Цхинвал, 1966. – 6 ф.

*Æн‘ адзал удыл баивтон мæ цард.*[1]

(«Шуты монолог»)

Мæрзойты Сергей æвиппайд уымæн банысан кодта: «Шуты монолог дæр царды вазыгджын фæзындтæ равдисыны аккаг хуыз у», – æргомæй загъта йæ хъуыды Васо».[2] Уымæн æмæ уæдмæ ахæм дæлгоммæ хъуыдытæ æргомæй, уæлдайдæр, аив дзырды хуызы æвдисæн нæ уыдис.

Фæлæ æхсайæмазонтæ цы дуджы цардысты, уым, æмырæй лæууыдаиккой, сæ зæрдæйы дзуринæгтыл æфсæн дуæрттæ ныхгæдтаиккой, уыцы бар сын нæ дæр сæ рæстæг лæвæрдта, нæ дæр – сæ курдиат, нæ дæр – сæ цæсгом. Уыдон сæ разæнгард кодтой размæ ног сфæлдыстадон æнтыстытæм, царды æфсæн рæхыстæ ныддæрæн кæнынмæ. Æмæ æндæрхуызон цæрын æмæ кусын, афтæ куы зæгъæм – нæ уыдис сæ бон, уæд, мæнмæ гæсгæ, нæ фæрæдидзыстæм.

Скъифирон æй аивады хуызы йæхæдæг бынтон æргомæй куы загъта:

*Бафæлвар ма:*
*дзурын дæ куы фæнда,*
*уæд æмырæй бад –*
*Кæддæра дæм уый æнцон фæкæсид æви зын?*

Не сты æнцон, худын дæм куы цæуа, уæд рынчын кæнын, низимæ хæцын; цæмæй тæрсай, уый дæ хай куы кæна; бирæ кæй уарзай, уый сæфт куы фенай – æппæт уыдæттæ. Æмæ сæ адæймаджы уд кæй нæ быхсы, поэты оригиналон хуызы уыдæттæ дзурын кæнынц, кæд йæ уд æмæ цардæн фенцондæр уаид.

*Хорз æй зонын:*
*уый дæм зын фæкæсдзæн,*

[1] М а л и т ы  В а с о. Шуты монолог // А в т о р т ы  к о л л е к т и в. Поэзийы бон. – Дзæуджыхъæу, 1964. – 65 ф.
[2] М æ р з о й т ы  С е р г е й. Ног бæлццон // А в т о р т ы  к о л л е к т и в. Поэзийы бон. – Дзæуджыхъæу, 1964. – 8 ф.

*фæлæ йæ фæлвар, –*

*Кæд фæлварын а-дунейыл бауа-ба дæ бон,*

*Уæд зæгъдзынæ:*

*бавзæрстон цыдæртæ,*

*базыдтон æй хорз, –*

*А-зæххыл æнцон цæрæн у æви зын…*[1]

(«Бафæлвар ма…»)

Цард бæллиццаг, удхар æмæ удмарæн кæй у, уый, дзырд дæр ыл нæй, фыццаг хатт æхсайæмазонтæ нæ загътой. Цард тох кæй у, уый цæуы суанг антикон автортæй. Максим Горький та йæ хуыдта змæлд, архайын («деяние»). В. Маяковскимæ гæсгæ та – «И жизнь хороша, и жить хорошо».[2]

Цард æмæ адæймаджы тыххæй поэт В. В. Капнисты хъуыды йæхирдыгонау поэт, баснитæ фыссæг И. И. Хемницер афтæ раивта: «Жил честно, целий век трудился и умер гол, как гол родился».[3]

Ахæм алыхуызон цæвиттонтæ адæймагæн йæ бон у, хæсса æмæ хæсса. Æхсайæмазонтæ фыдæвзарæн дуджы фæстæ царды тыххæй æргом æмæ рæстаг хъуыды кæй дзырдтой, мах æрмæстдæр уый фæнды банысан кæнын. Æмæ уыцы хъуыддаг æфтыдис сæ къухы, сæ размæ цы хистæр фæлтæр уыдис, ирон поэзи дудгæбæтты фæстæ чи сæндидзын кодтой æмæ йыл æвзист рæстæг чи ныккæнын кодтой, уыцы фæлтæрты фæстæ. Нафи партийы XX-æм съезды хæдфæстæ уымæн амыдта: «Царды фæзындтæ, адæмы хъуыддæгтæ – йе, уыдон сты аивады гуырæн суадæттæ».[4]

Æмæ уыцы суадæттæй, нæ бон у, фидарæй зæгъæм, ирон поэзийы æхсайæмазонтæ истой сыгъзæринбын дон. Уый тыххæй æнæдызæрдыгæй æхсайæмазонты рæстæг нæ бон у схонæм ирон поэзийы сыгъзæрин рæстæг. «Власть, цензурæ æмæ критикæ æвзæрстой сæ бархъомыс поэзийыл, фæлæ

[1] С к и ф и р о н. Лирикæ. – Цхинвал, 1973. – 42 – 43 ф.
[2] М а я к о в с к и й  В л а д и м и р. Собр. соч. в 12 т. Т. 4. – М., 1978. – 430 ф.
[3] Х е м н и ц е р  И. И. Соч. и писма. – М., 1873. – 366 ф.
[4] Д ж у с о й т ы  Н а ф и. Ирон аив дзырды сæрвæлтау. – Цхинвал, 1966. – 171 ф.

йыл сæ тых нæ цыд, æмæ зæлыд рухс æмæ сæрибарæй»,[1] – дзырдта æхсайæмазонты хуыздæртæй иу, Джыккайты Шамил.

Ирон поэзийы æхсайæмазонтæн кæд сæ фыццаг фæлварæнтæ ныфсджын, фæлæ нырма фæлвых уыдысты, уæддæр сæ райдайæнæй скъæфта зæрдæ. Цæмæн, уый нын æнæдызæрдыгæй сыгъдæг æмæ цæстуарзонæй фенын кодта, фæстейæ кæй фæуагътой, уыцы æгъатыр рæстæг.

## СПАЙДАГОНД ЛИТЕРАТУРÆ


1. А й т м а т о в  Ч и н г и з. Парус поэзии // Е в т у ш е н к о  Е в г е н и й. Стихотворения и поэты в 3 т. Т. 1. – М., 1987;
2. А х м а д у л и н а  Б е л л а. Избранное. – М., 1988;
3. Æ л б о р т ы  Х а д з ы-У м а р. Ныфсы уидаг. – Дзæуджыхъæу, 1999;
4. Æ л б о р т ы  Х а д з ы-У м а р. Чиныг – царды айдæн. – Дзæуджыхъæу, 2009;
5. Б е с т а у т ы  Г и у æ р г и. Æхсæв æмæ бон. – Цхинвал, 1966;
6. В е р х о в с к а я  Н. П. Александр Николаевич Радищев // К о л л е к т и в  а в т о р о в. Люблю Отчизну я… – М., 1982;
7. Г е р ц е н  А л е к с а н д р  И в а н о в и ч. Сочин. в 2 т. Т. 1. – М., 1985;
8. Д ж у с о й т ы  Н а ф и. Балц ирон аив дзырды дунемæ 2 чиныгæй. 2 ч. – Цхинвал, 2014;
9. Д ж у с о й т ы  Н а ф и. Ирон аив дзырды сæрвæлтау. – Цхинвал, 1966;
10. Д ж у с о й т ы  Н а ф и. Мужество и достоинство таланта // К о д з а т и  А х с а р. Яблоко нартов. – М., 1974;
11. Д ж ы к к а й т ы  Ш а м и л. Ирон литературæйы истори (1917 – 1956). – Дзæуджыхъæу, 2003;
12. Д ж ы к к а й т ы  Ш а м и л. Кæй нæ фæнды цæргæсау арвмæ стæхын!.. // Х у ы г а т ы  С., Х о д ы  К., Д ж ы к к а й т ы  Ш. Бонвæрнон. – Дзæуджыхъæу, 1962;
13. Д ж ы к к а й т ы  Ш а м и л. Ныхасы фарн. – Дзæуджыхъæу, 1996;
14. Д ж ы к к а й т ы  Ш а м и л. Поэзийы фарн // А в т о р т ы  к о л л е к т и в. Критикон уацтæ. – Дзæуджыхъæу, 1990;
15. Д з у г а т ы  Г е о р г и. Зонды чырын, зæрдæйы фæндыр // А в т о р т ы  к о л л е к т и в. Поэзийы бон. – Цхинвал, 1966;
16. Д з у ц ц а т и  Х а д ж и-М у р а т. Пляска дождя. – М., 1964;
17. Д з у ц ц а т и  Х а д ж и-М ур а т. Ветер времени. – М., 1960;
18. Д з у ц ц а т ы  Х а д з ы-М у р а т. Арвистон. – Цхинвал, 1988;
19. Д з у ц ц а т ы  Х а д з ы-М у р а т. Рæстæг æмæ литературæ. – Цхинвал, 1985;


[1] Д ж ы к к а й т ы  Ш а м и л. Ныхасы фарн. – Дзæуджыхъæу, 1996. – 279 ф.

20. Д з у ц ц а т ы Х а д з ы-М у р а т. Уынгæгбоны сагъæстæ. – Дзæуджыхъæу, 2010;
21. Д з у ц ц а т ы Х а д з ы-М у р а т. Хæст æмæ зæрдæ. – Цхинвал, 1966;
22. Зарджытæ, таурæгътæ, æмбисæндтæ. – Цхинвал, 1977;
23. И к ъ а т ы В л а д и м и р. Æвзæрст уацмыстæ. – Цхинвал, 2015;
24. Ирон æмбисæндтæ. – Дзæуджыхъæу, 1976;
25. К а с а т ы Æ м з о р. Ирыстон æй никуы ферох кæндзæн // А в т о р т ы к о л л е к т и в. Арв. Цæссыг. Стъалы… – Дзæуджыхъæу, 2012;
26. К у з н е ц о в Ф е л и к с. Беседы о литературе. – М., 1977;
27. Л у г о в с к о й В л а д и м и р. Собр. соч. в 3 т. Т. 2. – М., 1988;
28. М æ р з о й т ы С е р г е й. Ног бæллццон // А в т о р т ы к о л л е к т и в. Поэзийы бон. – Дзæуджыхъæу, 1964;
29. М а л и т ы В а с о. Шуты монолог // А в т о р т ы к о л л е к т и в. Поэзийы бон. – Дзæуджыхъæу, 1964;
30. М а я к о в с к и й В л а д и м и р. Собр. соч. в 12 т. Т. 4. – М., 1978;
31. Нарты кадджытæ. – Дзæуджыхъæу, 1975;
32. Н а р т ы к а д д ж ы т æ. 7 т. Т. 3. – Дзæуджыхъæу, 2005;
33. Н и г е р. Уацмыс. æххæст æмб. 3 т. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 1966;
34. П л и т ы Г р и с. Фыстæджытæ. – Дзæуджыхъæу, 2013;
35. С и д о р о в Е в г е н и й. На мировом кочевье // С у л е й м е н о в О л ж а с. Избранное. – М., 1986;
36. С к и ф и р о н. Лирикæ. – Цхинвал, 1973;
37. Т в а р д о в с к и й А. Т. О родине большой и малой // С о к о л о в-М и к и т о в И. Сочинения в 2 т. Т. 1. – М., 1959;
38. Х е м н и ц е р И. И. Соч. и писма. – М., 1873;
39. Х о д ы К а м а л. Балсæджы Цалх. Уацм. 3 т. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 2009;
40. Х у ы г а т ы С., Х о д ы К., Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. – Бонвæрнон. – Дзæуджыхъæу, 1962;
41. Х ъ а з и т ы М е л и т о н. Ирон хæзна. 1 т. – Цхинвал – Дзæуджыхъæу, 2013;
42. Х ъ о д з а т ы Æ х с а р. Æхсар. – Дзæуджыхъæу, 1965;
43. Ц æ р у к ъ а т ы А л ы к с а н д р. Цыма лæууын æз кувæндоны раз. – Дзæуджыхъæу, 1968.

Д ы к к а г  с æ р

## ХУРМÆ ЦÆУГÆЙÆ

### Йæхи «Æз»-имæ. Хæларзæрдæ æмæ хъуыдыхуыз. Дзырдхъом æмæ дзырдбарон. Адæймаджы зæрдæйы æрфытæм кæсгæйæ. Иу жанрæй иннæмæ сæрыстырæй хизгæйæ

Æппынæдзух – хæларзæрдæ æмæ хъуыдыхуыз, дзырдхъом æмæ дзырдбарон, æвдæлон æмæ æнæвдæлон – афтæмæй базыдтой йе ʻвзонджы бонтæй фæстæмæ йæ хиуæттæ, йæ хæлæрттæ фыссæг Хуыгаты Сергейы.

Сергей, кæйдæртау, искæмæй лæгау-лæджы ныхас зæгъын кæм фæхъæуы, уым дæр «Æз», «Æз» нæ хъæр кæны, фæлæ йæ тадзгæ-баргæ дзырд йæ дæлæвзаг нæ бамбæхсы – кады адæймагæн йæ номыл бæрзонд схæцы, æгады мийæн йæ ных бакъуыры. Æмæ уый, адæймагæн чи æмбæлы, цæсгом ын чи кæны, ахæм хабар у. Сергейæн – йæхи сæрныллæг кæм фæкæны, уым дæр æй сæрыстырæй чи æвдисы, уыцы бæллиццаг миниуæг у: «Нæу сусæг хорзæн йе ʻцæг ном»[1] («Æхсины лæг»). Ноджы æргомдæрæй нæ бон у зæгъын: «Теман голладжы æмбæхстæй разыны».[2] Æмæ, йæхи цасфæнды хæдæфсæрм дара, уæддæр йæ уаг æмæ йæ дзырдаивадæй уайтагъд раргом вæййынц йæ уды бæллиццаг миниуджытæ. Адæм мæнгæй нæ акæнынц: «Хорз лæг дзыхъхъæй дæр зыны».[3]

«Æз»-гæнæг, нæ йæ фембары, афтæмæй йæхи дæр фегад кæны æмæ, кæй кой кæны, уыдон дæр. Сергейы уыдæттæй Хуыцау бахизæд. Æмæ йæ уыцы цæсгомджын уагахаст кæны хуымæтæг æмæ стыр, цардзонæг, хъуыддагзонæг, хæларзæрдæ æмæ адæймагуарзон. Уыдон се ʻппæт дæр хауынц æцæг аивады кусæджы зæрдæуагмæ. Æмæ Сергей æцæг фыссæг кæй басгуыхт, уый дызæрдыккаг нæу. Ходы Камал дзы уымæн зæгъы: «Автор

[1] К ъ о с т а. Ирон фæндыр. – Дзæуджыхъæу, 1984. – 127 ф.
[2] Х ъ а з и т ы  М е л и т о н. Ирон хæзна. – Цхинвал – Дзæуджыхъæу, 2013. – 261 ф.
[3] Ирон æмбисæндтæ. – Дзæуджыхъæу, 1976. – 203 ф.

цæуыл фыссы, уый йын агайы йæ зæрдæ, уый йæ амидин кæны фыссынмæ, афтæ нывæфтыд æмæ йæ цæрæццагæй дæр уымæн свæййы йæ бон чиныгкæсæджы раз æрæвæрын».[1]

Ирон зындгонд поэт, прозаик, литературон критик æмæ тæлмацгæнæг Хуыгаты Зауырбеджы фырт Сергей райгуырд 1933-æм азы, зæрдæвæрæны мæйы 15-æм бон  Ирыстоны хуссар хайы, Дзауы районы, Цъоны – уæлхох быдыры, Хуыгаты хъæуы.

Джусойты Нафи куыд зæгъы, афтæмæй Къуыдары «Хуыгатæ цæрынц æхсæз хъæуы – Фæзыхъæу, Æхсæрджын, Астæуккаг хъæу, Мыртгæджын, Хæрдысæр æмæ Челеты хъæу, Сергейы райгуырæн хъæуы».[2] Фæлæ Сергеты хъæуы хонынц Хуыгаты хъæу дæр.

Уым, йæ райгуырæн уæзæгыл æрвыста йæ сабибонтæ. Уым бацыдис æмæ ахуыр кодта райдиан скъолайы. Фæлæ 1944-æм азы, Фыдыбæстæйон Стыр хæсты кæрон куынæма зындис, уæд æппæт Советон Цæдисы адæмыл уыдис уынгæджы бон. Царды хæрзты кой чи кæны, фæлæ адæм маамæлайы къæбæры фаг нæ кодтой, уæлдайдæр, кусæн зæххытæ кæмæн нæ уыдис, уыдон. Æмæ алыхуызты архайдтой, сæ удтæ куыд рахæссой, адзалæн ком куыд нæ раттой æмæ Уæлахизы боныл цинимæ куыд сæмбæлой, ууыл.

Сергейæн йæ ныййарджытæ хуыздæр цардæнхъæл алыгъдысты Ирыстоны цæгат хаймæ. «С приходом русских стало во многих отношениях не лучше; к самодурству и гнету помещиков присоединились грубость и несправедливость чиновничества»,[3] – дзырдта Тыбылты Алыксандр. Уыцы фыдмитæн сусæг æргом нæ зынд сæ кæрон. Ирыстоны хуссар хайы адæмæн нæ фыдбоны сыхæгты æлдæртты ардыдæй нæ уыдис сæ астæутæ сраст кæныны фадат алы æнæбындур налогтæ æмæ дауты бын. Хуыгаты бинонтæн дæр уыдæттæ уыдысты сæ алыгъды сæйрагдæр аххосæгтæ. Фæндыд сæ чысыл сæ асы æмбæрц слæууын. Æмæ йын иууыл хуыздæр хос суыдтой нæ цæгаттаг хотæ æмæ æфсымæрты ‘хсæн æрцæрыны.

---

[1] Х о д ы  К а м а л. Рагрухс æмæ фидæн // Х у ы г а т ы  С е р г е й. Нарты Фарнæг. – 2005. – 445 ф.
[2] Д ж у с о й т ы  Н а ф и, М а м и а т ы  И з е т æ, Х ъ а з и т ы  М е л и т о н. Ирон литературæ. 11 къласæн. – Цхинвал, 2012. – 331 ф.
[3] Т ы б ы л т ы  А л ы к с а н д р. Уацмысты æмбырдгонд. – Цхинвал, 1988. – 102 ф.

Ӕрбынат кодтой Тарскæйы æмæ æвзонг лæппуйы бахъуыд ног æмбæлттæ æмæ царды уавæртæ агурын. Фæлæ нæ фæтыхст. Зæрдæргъæвд æмæ зæрдæхæлар, дуг йæ зæрдæйы дзæнгæрджытæ кæмæн фæцæгъды, уыцы удæн иузæрдыг æмбæлттæ ссарын, царды фæрæзтæ кæнын æмæ цæрын, æрмæстдæр йæхи къоппайы кой кæй ис, уыцы лыскъудтимæ абаргæйæ, бирæ æнцондæр вæййы. А. Грибоедовы хъайтар Чацкий уымæй загъта: «Блажен, кто верует, тепло ему на свете».[1] Фыдæй чи фервæзы, уыцы адæймаг цардмæ æмбаргæ цæстæй кæсы, хорз ракæнынмæ, иннæтимæ абаргæйæ, вæййы рæвдздæр. «Библи»-йы дзырдæуы: «Уклонися от зла и сотвори благо».[2]

Уæддæр, поэт йæ Фыдыбæстæ æнахуыр уарзтæй («странною любовью»-йæ)[3] кæй фæуарзы, уый тыххæй Сергей-фыссæг цæрынæй-хæрынмæ æппынæдзух мысдзæнис йæ райгуырæн къуым, уый рæсугъд æнгæс, уый мæры хъарм æмæ уарзт нæ рох кæндзæн йæ удæй æмæ йын уыдзысты аиваддæттæг:

*Арв кæм ауагъта йæ къабæзтæ,*
*Уым куы фæзилай, уым,*
*Не ссардзынæ ахæм хъарм бæстæ,*
*Ахæм диссаджы къуым.*

*Хъентæ бадынц фæйнæрдыгæй*
*Хæхтæ, къуылдымтæ – цъæх,*
*Ӕмæ мин-мин цъæх фæрдыгæй*
*Судзы райсомы ‘ртæх.*

*Хур кæд баззади ‘хсæвæддæ,*
*Дысон бонмæ фæсыгъд?! –*
*Къуыппæй хъуарисæр хæдзæрттæ*

[1] Г р и б о е д о в А. С. Горе от ума. – Л., 1987. – 53 ф.
[2] Псал., 36, 27.
[3] Л е р м о н т о в М. Ю. Собр. соч. в 4 т. Т. 1. – Л., 1979. – 460 ф.

*Джихтæгæнгæ кæсынц.*

*С‘ астæу – мах хæдзар. Сарæзта*
*Уый мæ баба кæддæр.*
*Уым-иу цы цæхæр бануæрста,*
*Уый мæ тавы ныр дæр.*

Æмæ йæ фынты Габетыхуымы ауæдзты цъиуты ахстæттæ дæр агурдзæнис; йæ рæсугъд æрдз дæр дзы никуы рох кæндзæн: «Мæнæ – Хуыцауы цæхæрадон, Мæнæ – Хуыцауы ‘рмадз!»; мысдзæн «Цъойнаг æргом цард! Сæ дуæрттыл Ричъитæ ‘ддæрдыгæй уыд»… Иууыл диссаг дæр та – «Лæнчы дæр æмæ рындзыл дæр Сабийæ азмæлæн нæй». «Сабиты райдзаст зæрдæйыуаг, сæ уды фидыц арвыронау хъулон-мулонæй худы»,[1] – дзырдта Бестауты Гиуæрги. Раст, уыцы «уды фидыц арвыронау хъулон-мулонæй» кæм худы, уым хоры нæмыгау, цы мысинаг ныппарай, уымæн фæмæнггæнæн нæй. Æмæ, дзырд дæр ыл нæй, бирæ сабитæ кæм хъомыл кæнынц, æцæг царды фарн, æцæг царды цин уым ис. Сабийы кæуын цы къуымæй нæ райхъуысы, саби цы уæзгуытыл нæ разгъор-базгъор кæны, уырдæм фарн хæцаг галы каст кæны. Æмæ Брытъиаты Елбыздыхъойы драмæ «Дыуугæ хойы» хъайтар Саламджери йæхицæй æппæлынæн зæгъы: «Æз дæн ирон лæг, ирон æгъдауыл хæцæг»,[2] – фæлæ йæ сæрæн кад цы ирон кæны, уый йæ уæзæгыл фарны фæд фыццаджы-фыццаг хæрзуаг сабиты хъомыл кæнынæй уадзы. Нæ кадджын фыдæлтæ-иу топпы гæрахæй æгас адæмæн уымæн хъусын кодтой лæппуйы райгуырд:

*Æмæ хистæр изæрдары*
*Хæдзары къулмæ ‘рбадт, –*
*Авдæн куыд узынц хæдзары,*

[1] Б е с т а у т ы  Г и у æ р г и. Уацмыстæ 3 т. Т. 3. – Дзæуджыхъæу, 2004. – 234 ф.
[2] Б р ы т ъ и а т ы  Е л б ы з д ы х ъ о. Уацмыстæ 2 т. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 1981. – 188 ф.

*Уымæ фæхъусы ‘нцад.*[1]

(«Цъон»)

Царды уыцы стыр, адæймаджы æцæг адæймаджы бæрзæндмæ чи исынц, уыцы æхцон мысинæгтæ зæрдæйæ никуы бакомдзысты сæфтын. Æмæ, бæргæ, Елбыздыхъо афтæ дæр загъта: «Лæгæн йæ хорзы нысан йæ бакаст у. Лæг раныхас куы зона, æгъдауыл бацæуын, æгъдауыл рацæуын, дзæгъæл ныхасæй йæхи куы хъахъхъæна, уæд лæгæй æндæр ницы агурын хъæуы фыццаг бакастæй»,[2] – фæлæ уд æрмæст рæсугъдмæ кæсгæйæ нæ цæры. «Бирæ цыдæртæ мæгуыры фæфæнды Иуæй-иу хатт»[3] («Гъей-джиди!»).

Дуг мах фæндонмæ нæ кæсы. Адæймагыл æвæры йæхирдыгон хъадамантæ. Ивы йын йæ уд, йæ конд, йæ зонд æмæ царды, æппынæдзух фæдисы къахыл чи нæ лæууы, йемæ тохæй чи тæрсы, уыдоныл, Фæрнион Къостайы загъдау: «Царды уæззау цалх тулы, тæригъæд никæмæн кæны, йæ быны чи фæвæййы, уый ныцъцъист кæны».[4]

Уымæн хъæрзы Хуыгаты Сергейы æнкъараг æмæ сагъæсгæнæг уд: «Ныр æрымысын – / уый куыд диссаг уыд! / Акæс – / ме ‘мбæлттæй / алчи – лæг. / Кастæн уыдонмæ – / рыст мæ риссаг уд. / Кастæн – / сæфти / ме ‘хсæв хуыссæг» («Ныр æрымысын…»).

Адæймагыл цалынмæ рохниз нæ бафта, йæ уды цин æмæ нæ уæззау царды хæрзæбонæн йæ ивгъуыд мысынæн уа, уæдмæ йæ бон уыдзæнис не ‘рвалбонон дæлæ-уæлæты раст фæндаг æвзарын. Æмæ раст фæндагыл чи лæууа, уымæн мæгуырæй дæр сæфынæй тас нæу.

Ивгъуыд æнусы райдайæны ирон литературæиртасæг æмæ критик Бекъойты Гиуæрги нæ драматургийы бындурæвæрæг Брытъиаты Елбыздыхъойы тыххæй дзырдта: «Со всей силой настоящего таланта Бритаев показал (в «Амране»), что, оставаясь на почве, чисто народной, на нашем

---

[1] Х у ы г а т ы  С е р г е й. Хуры рæгъ. – Дзæуджыхъæу, 2008. – 21, 24 ф.
[2] Б р ы т ъ и а т ы  Е л б ы з д ы х ъ о. Уацмыстæ 2 т. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 1981. – 27 ф.
[3] К ъ о с т а. Ирон фæндыр. – Дзæуджыхъæу, 1984. – 15 ф.
[4] Ф æ р н и о н. Уацмыстæ. – Сталинир, 1959. – 177 ф.

языке можно создавать вещи общечеловеческого значения».[1] Æмæ, Сергейæн йæ зæрдæйы йæ сабибонтæй цы рæсугъд мысинæгтæ баззадысты, уыдон йæхийау рæвдауынц чиныгкæсæджы зæрдæ. Уыимæ иумæ уынæм фыддуджы фыдæвзарæнтæ. Нæхæдæг сын свæййæм æвдисæн.

Цас бæллиццаг у: «Цæрæнбонты дæллаг галы куыст кæ, Дæ сæрыл дæ ысхæцыны бон ма уæд» («Цæрæнбонтæм…»). Ноджы фыддæр – æппынæдзух цард æмæ дугыл хъуыды кæнын:

*Ацы иугъæдон царды мын*
*Байста ме 'нцой цыдæр.*
*Æз – дæле кæмдæр царды бын,*
*Цард – уæле кæмдæр.*

*Æз бæргæ цæрин иппæрдæй,*
*Фæлæ цардыл – мæ мæт.*
*Цард куы азила иннæрдæм,*
*Уæд цы уыдзæни, уæд?!*[2]

(«Ацы иугъæдон царды мын…»)

Фæлæ цардæй тæрсæн нæй. Чи дзы тæрсы, йæ зынтæй йын йæ сæр фесафынмæ чи тырны, ууыл йæ уæз тынгдæр, стæй бирæ æгъатырдæрæй æруадзы, цæмæй йæ кæронмæ ныцъцъист кæна, мауал ын радта йе уæнгтæ сæрибарæй атилыны бон.

Бирæ дæсгай азты алы хуызты уымæн фæлхатт кæнæм, 1936-æм азы, рухæны мæйы 3-æм бон Парижы испайнаг коммунистон партийы зынгæ архайæг Долорес Ибаррури цы зындгонд дзырдбаст загъта: «Лучше умереть стоя, чем жить на коленях», – уый алы хуызты уымæн дзурæм. Фæлæ уæлдай фылдæр адæмы хъуыдыйы баззад М. Нечкина йæ куыд рацарæзта, афтæмæй:

---

[1] Б е к о е в Г. ?????????????????????? // А в т о р т ы к о л л е к т и в. Известия СОНИИ. Выпуск 1. – Дзæуджыхъæу, 1925. – 59 ф.
[2] Х у ы г а т ы С е р г е й. Хуры рæгъ. – Дзæуджыхъæу, 2008. – 117 ф.

«…лучше смерть, чем жить рабами»,[1] – кæд æй нырма дæр раив-баив кæнынц æмæ йыл ирон æвзагыл дæр алы хуызты сæмбæлæн ис, уæддæр.

Сергей цардæй дæр, йæ зынтæй дæр никуы тарст. Алы хатт дæр æхсарджынæй фæцæуы размæ. 1950-æм азы æнтысгæйæ каст фæцис астæуккаг скъола. Уыцы аз йæ ахуыр адарддæр кодта Цæгат Ирыстоны паддзахадон педагогон институты (ныртæккæ – Хетæгкаты Къостайы номыл Цæгат Ирыстоны паддзахадон университет) историон-филологон факультеты æмæ йæ каст фæцис 1954-æм азы.

Уæдæй – 1964-æм азмæ, æнæхъæн дæс азы, куыста ахуыргæнæгæй, фыццаг – Дагъыстаны, стæй – Цæгат Ирыстоны скъолаты. Зæгъæн ис, буц уыд йæ куыстæй, райгонд дзы уыдысты йæ ахуыргæнинæгтæ. Фæлæ Хуыгайы-фырт йæхи ирон чиныгкæсæгæн базонын кодта «поэт æмæ прозаикæй, курдиатджын фыссæгæй, аив дзырды дæсныйæ, цыргъзонд æмæ адæймаджы миддуне иртасæгæй».[2]

Уыдон дзырдаивады кусæгæй домынц æппынæдзух йæхиуыл кусын. Йæ зонындзинæдтæ фылдæр кæнын, йæ поэтикон авналæнтыл фæйнæрдæм хæцын, цæмæй бадт донау иу бынаты ма лæууа, фæлæ æппынæдзух цæуа размæ æмæ дзы йæ чиныгкæсджытæ цахæм алыварсон æгъдауæй цæттæ уацмыстæ домой, уыдонæй сæ фыдæнхъæл ма кæна, дугимæ йæ бон уа æмкъахдзæф кæнын. Институты фæстæ уый тыххæй бацыд Мæскуыйы Горькийы номыл Литературон институты фæсауухон хайадмæ. Кусгæ дæр кодта æмæ ахуыр дæр. Æппынæдзух архайдта йæ аивадон дæсныйад бæрзонддæр кæныныл. Афтæмæй Хуыгаты Сергей Литературон институт каст фæцис æнтысгæйæ. Уыимæ литературæйы, – поэзи, прозæ, литературон критикæйы жанрты, – йæ къухы иу æнтыст æфтыд иннæйы фæдыл.[3]

Фыссæг 1966 – 1971-æм азты куыста Цæгат Ирыстоны телеуынынады студийы редакторæй, стæй бацыд Цæгат Ирыстоны чингуыты рауагъдад «Ир»-мæ редакторæй æмæ дзы фæкуыста 1979-æм азмæ. Стæй аивта журнал

[1] Н е ч к и н а М. В. Грибоедов и декабристы. Изд. 2-ое. – М., 1951. – 149 ф.
[2] Ц г ъ о й т ы Х а з б и. «Æхсырласæг»-æй – «Нарты Фарнæг»-мæ / Рæстдзинад, 2008. – 23 октябрь.
[3] Х о д ы К а м а л. Арфдæр, парахатдæр // Мах дуг, 1973. – № 7. – 108 – 112 ф.

«Мах дуджы» критикæ æмæ публицистикæйы хайадмæ редакторæй. Фæлæ дзы бирæ нæ афæстиат – 1981-æм азы фæстæмæ раздæхт рауагъдадмæ. Уæдæй нырмæ кусы уым хистæр редакторæй.[1]

Æмæ уыдон биографион сур дзырдтæ сты. Адæймаг кæмыты уыдис, уыдæттыл кæй дзурынц, æндæр, уадиссаг бæлвырд не 'вдисынц адæймаджы удыхъæд. Фæлæ Сергей алы куыстуаты дæр, йæ алы хъуыддаджы дæр, зæгъæн ис, февæрдта йæ уд. Фæцархайдта, цæмæй, хорзæй саразæн цæмæн ис, уыдонæй алцы дæр скодтаид нывыл æмæ цæсгомджынæй, æцæг ирон адæймагæн куыд æмбæлы, афтæ. Уый, куыд зонæм, афтæмæй не 'рвылбонон фæдисы къахыллæуд царды алкæй бон нæ вæййы, тыхджын нæ куы бафæнды, уæддæр. Уымæн æмæ: «Зæрдæйæ зæрдæмæ ныхас нæ уарзы мæнгдзинад, фæлывд æмæ уæлæнгай дзæнгæда»,[2] – стæй – джитæнтæ кæнын дæр. Сергейæн йæ фæндаг æрвыл хатт дæр размæ уый тыххæй у. Ходы Камал зæгъы: «Уый, цыма, знон уыди: æртæ райдайгæ авторы, – Хуыгаты Сергей, Джыккайты Шамил æмæ ацы рæнхъыты автор, – цинæй хæрдмæ хаугæйæ, кастыстæм нæ фыццаг æмдзæвгæты корректурæ Цæгат Ирыстоны чингуыты рауагъдады. Иумæйаг æмбырдгондæн йæ ном хуынди «Бонвæрнон». Уæд базонгæ дæн лæгæй-лæгмæ Хуыгаты Сергеимæ. Уæдæй ардæм рацыди дыууиссæдз азæй фылдæр, куыстам иумæ телеуынæны, чиныгуадзæны, афтыдыстæм-иу дæргъвæтин балцыты – Мæскуыйæ райдай æмæ Лабæйæ фæу. Æмæ никуы фæхудти мæ зæрдæ Сергейыл, никуы йæм фехсайдта мæ зæрдæ æдзæстуарзонæй, былалгъныхасгæнагæй. Сæйрагдæр та – æппæт ацы азты дæргъы кодта æмæ кæны уæхскуæз фыдæбон нæ аив дзырды хосгæрсты. Æмæ ныр, йæ æвдай азы кары бæрзæнд æфцæгæй куы афæлгæсы, уæд йæ цæст суыны бирæ бæллиццаг уацмыстæ – прозæйы, поэзийы, публицистикæйы, аив тæлмацы…»[3]

---

[1] Б и б о е в а И. Г., К а з и т ы М. Р. Писатели Осетии. – Владикавказ, 2015. – 378 ф.

[2] Д з у ц ц а т ы Х а д з ы-М у р а т. Хæсты рæстдзинад // А в т о р т ы к о л л е к т и в. Плиты Грис æмæ ирон литературон процесс. – Дзæуджыхъæу, 2013. – 217 ф.

[3] Х о д ы К а м а л. Рагрухс æмæ фидæн / Х у ы г а т ы С е р г е й. Нарты фарнæг. – Дзæуджыхъæу, 2005. – 445 ф.

Афтæ у йе стай азы, стæй уыйфæстæ азты кары бæрзонддæр æфцæгæй кæсгæйæ дæр. Адæймаг фарнæн гуырд куы уа, уæд йæ бон хæхтæ афæлдахын дæр уыдзæнис. Суанг дзырдаивады дæр. В. Маяковский уымæн загъта: «Слово – полководец человечьей силы».[1] Сергейæн йæ тыхы, йе ʻрхъуыдыйы фæрцы æфты иу æнтыст иннæйы фæдыл йæ къухы. Уыцы хъуыддаг адæймаджы, уæлдайдæр, йæ чиныгкæсджыты æфтауы цины æнкъарæнтыл. Уымæн æмæ фыссæг æппынæдзух ис царды арфы. Дуг æмæ цардыл йæ сагъæс цæуы йемæ, нæй йын Хуыцауы фæрцы рафидийæн:

*Мæнæй æндæр куы уаид,*
*Уæд цæугæ-цæуын ныллæууид,*
*Сыфцæй хъæд цы гал фæласы,*
*Уый куыд бастайа ʻмæ куыд ныллæууа,*
*Афтæ.*
*Ныллæууид,*
*Йæ зонгуытыл æрхауид*
*Æмæ галы богъау фехъуысид йæ хъæр:*
*«Хуыцау?!»*
*Цы уагмæ ʻрхаудтам ай!*[2]

(«Сагъæс»)

Сергейæн йæ зæрдæ риссы, нæ удтæм сагъæс кæй нал хизы, кæйдæр дудгæбон нæ кæй нал æндавы, уымæй. М. Шолохов дунейы фысджытæм сидгæйæ æрымысыд Л. Толстойы ныхас: «Восьмидесятилетний писатель, согласившись участвовать в Стокгольмском конгрессе мира 1909 года, отмечал, что в руках тех, кому выгодна война, – миллиарды денег и миллионы войск. В руках же писателя – противника войны – лишь одно, но могущественнейшее в мире средство – истина. И этого достаточно, чтобы

---

[1] М а я к о в с к и й В л а д и м и р. Собр. соч. в 12 т. Т. 4. – М., 1978. – 13 ф.
[2] Х у ы г а т ы С е р г е й. Хуры рæгъ. – Дзæуджыхъæу, 2008. – 120 ф.

сказать: борьба небезнадежна, более того, она принесет успех, если все миролюбивые люди, в том числе владеющие могуществом слова, обратят на это главное дело все силы своего ума, совести и таланта».[1]

Сергей йæ уды фарн уымæн аразы адæмæн лæггад кæнынмæ. «Уд сафтид сагъæстæй – Уæлгъæдæй мард у уæд.» Мах та нæ агурæм нæ фыдæлты «туджы фæд. Сæ зарæг нал бады нæ дзыхы, Сæ кард сласæм кæрддзæмæй, Уый хъару нæм нæй». Æмæ йæм лæгау-лæгæн уый нæ кæсы сæрмæхæссинаг. Стæй – ныббаринаг дæр.

Цæмæй поэт афтæ дзура, уымæн ын ис фидар бындур: нæ фыдæлтæм адæм цы фарны æгъдæутты тыххæй кодтой хæлæг, уыдоныл нæ фыдгойгæнджытæ фæцардыдтой æмæ уыцы бæллиццаг хæзнатæн «Сæ иуты ‘ппæрстам куыдзæппарæн былæй, Сæ иннæтæн гæртам лæвæрдтам, Цæмæй нын хъарм, фæлмæн бынæттæ уа»; «Цы ‘взаг сын уыд, цы мæлгъæвзаг сын уыд», «Йæ алы дзырд – цыкурайы фæрдыг», «Зæгъ æй ‘мæ хурварс абаддзæн дæ зæрдæ. Мах бавдæлдыстæм – холлагдон дзы скодтам, Цъыфкъахæй йæм фæлæгæрстам Хионæй-æддагонæй, Куыдзæй-хæрæгæй». Ноджы йæ нæ сабиты комæй барвæндæй кæй тонæм, æндæр æвзæгтæ сын кæй тъыссæм сæ дзыхты, уый бынтон мары поэты. Уымæн æмæ, Агънаты Æхсары загъдау: «Цынæ зонынад дзы ис! Адæймаг куы равзæрд, уæдæй нырмæ цы ивындзинæдтæ æрцыди йæ царды, йæ фæллойы æмæ йæ хъуыдыты, уыдон сæ фæд ныууагътой æвзаджы».[2] Æмæ уымæн, бынтон куы сгалиу уа адæймаг, уæддæр куыд ис быхсæн?!.

Уыцы хъуыды ноджы раздæр, тынг бæлвырдæй, цæмæй йыл ныссагъæс кæнæм арф, нæ кады лæг, не стыр ахуыргонд Абайты Васо загъта: «О т и с т о р и и я з ы к а к я з ы к у и с т о р и и – таков естественный путь лингвиста-историка, такова неизбежная логика его исследовательской работы».[3] Дарддæр æй фæбæлвырддæр æмæ фæзæрдæмæдзæугæдæр кодта:

---

[1] Ш о л о х о в М и х а и л. К писателям мира // К о л л е к т и в а в т о р о в. С кем вы, мастера культуры. – М., 1985. – 517 – 518 ф.
[2] Æ г ъ н а т ы Æ х с а р. Не ‘взаг – нæ истори. – Цхинвал, 1987. – 7 ф.
[3] А б а е в В. И. Осетинский язык и фольклор. – Л., 1949. – 11 ф.

«С большим основанием, чем многие другие народы, осетины могут сказать: «Наш язык есть также наша история».[1]

Йе ‘взаг чи сафы, уый йæ фарн, йе ‘гъдау, йæ истори, йæ лæджыхъæд æмæ уыдонимæ йæ Фыдыбæстæ сафы. Æмæ, Сергей уыдæттæ тынг хорз зоны æмæ кæд йæхицæн уырнын кæны: «Кæм фæриссай, уым ма схъæр кæн дæ рис, Зын дын кæм уа, уым ма басæтт дæ зыныл» («Уæдæ, лæгыл цы бирæ хæстæ ис»), уæддæр уымæн дуды æмæ судзы нæ ис-бон, нæ фарнты фарн – нæ мадæлон æвзаг æмæ нæ Фыдыбæстæйы охыл. Фæлæ иуран нæ ныллæууы, не ‘рхауы йæ зонгуытыл; йæ сагъæстæ йæ не ‘руадзынц æрхауын, йæхи дзырдтæй дзургæйæ – уыдон сты йæ уæззау хъуыдыты йæ фидар æнцæйттæ, уыдон фæдыл цæугæйæ, йæхæдæг куыд зæгъы, æрхуым æмæ сагъæсгæнгæ ласы йæ къæхтæ йæ фæдыл. Фæуæлахизы охыл. Уымæн æмæ зоны, Нафийы загъдау: «Стыр поэт кæддæриддæр вæййы канд йæ дуджы нæ, фæлæ фидæны поэт дæр, йæ зонды рухс ахизы æнусты тары æмæ йæ басгары йæ армы тъæпæнау».[2] Афтæ куынæ уа, уæд йæ ныхас йæхимæ дæр нæ фехъуысдзæн.

Сергейы Ирыстонæн уымæн фæнды, цæмæй æвдудон уа:

*Цæр, мæ Ир! Дæ фыдгулты фыддæрадæн*
*Фест æвдудон. Аныхъуыр дæ цæссыг.*
*Сис дæ саутæ – бафæраз, æндæра дæ,*
*Зонын æй, дæ рыст зæрдæ нæ хæссы.*

*Де знæгтимæ уæд йæ дзырддаг де знагæн,*
*Уæдæ, ‘нæ знаг дуне дæр нæма уыд.*
*Фæлæ знагыл æлгъ куы кæнай йе ‘лгъагæй –*
*Де знагæн дæр ахæм ызнаг ма уæд.*

*Тонынц дын фæйнæрдыгæй дæ арæнтæ –*

---

[1] Уый дæр уым.
[2] Д ж у с о й т ы  Н а ф и. Ирон аив дзырды сæрвæлтау. – Цхинвал, 1966. – 58 ф.

*Кæд фæуиккой, афтæ нæу, фæрстæтынд –*
*Чи дын арц ныццарæзта дæ артæнтæм,*
*Чи дæм хъавы гадзайау фæстæты.*

*Ма æрхау дæ тыхст удæй дæ уæрджытыл,*
*Ма у де стыр зæрдæйæ æдзæттæ –*
*Иу хæрæг дыл хиздзæни йæ хæрджыты,*
*Иу куыдз дыл ыскæндзæни куыдздæттæ…*

Уыцы хъуыддæгтæм поэты зæрдæ уæлдай тынгдæр дуды, сæхи демократтæ чи хонынц, раст нын «дермократийæ»[1] уыдон дарынц кæрдтæ нæ хурхмæ. Уый æцæг сылваз «дермократийы» гакк у: «Зылын чи у, уыцы лæджы раст кæны, Раст лæджы рæстæй цæрын нæ уадзы».

Поэт ахæм удмарæн хъуыдыйы фарсхæцæг куы уа, уæд уымæй поэт нæй. Поэт, сæр куы бахъæуа, уæд дымгæйы куырæйтты ныхмæ хæцынмæ дæр хъуамæ цæттæ уа. Джусойты Нафи зæгъы: «Поэт вæййы æдылы Дон Кихот, Фæлæ нæ вæййы зонджын Санчо Панса».[2]

Хуыгайы-фырты Ирыстоны хъысмæтыл, йæ ивгъуыд, йæ абон æмæ йæ фидæны тыххæй ныфсхастæй, æппæтуынаг æмæ зонагæй уыцы поэт-лæджы зæрдæ дзурын кæны йе ‘фхæрд дзыллæйы номæй. Æмæ йæ ныхас, лæгау-лæгæн куыд æмбæлы, афтæ зæгъы ныфсхаст æмæ æргомæй. Фæлæ йæ риу хойгæйæ, хъæрæй, загъдæй нæ:

*Ды цы зынтæн фæразыс, цы рыстытæн! –*
*Фæстагæттæ дæ хæсдзысты дисæн.*
*Дæу сыгъдæгуд скæндзысты Чырыстийау,*
*Де знæгтыл та бакæндзысты ‘вдисæн.*

---

[1] М у х и н  Ю р и й. Путешествие из демократии в дерьмократию и дорога обратно. – М., 1993. – 286 ф.
[2] Д ж у с о й т ы  Н а ф и. Уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 2015. – 230 ф.

*Дунейыл мын иунæг дзуарау иунæг дæ, –*
*Уæд дæ сахъ фæдисонтæ кæм ысты?!*
*Тугхъæдгæмттæй чи фæцыди ингæнмæ,*
*Уыдон дыл хæрзаудæн кæндзысты.*

*Æмæ д‘ арт куы сгуыпп кæна дæ артдзæсты,*
*Й‘ алыварс дæ фæлмæст цот куы сиу уой,*
*Уæд мæныл æрзайдзæни цыппар цæсты, –*
*Хъуамæ дын дæ цинтæ фенон иууыл.*[1]

(«Цæр, мæ Ир!»)

Фыдыбæстæйы фарнæй чи цардысты æмæ чи цæрынц, ахæм поэттæ Ирыстоны цъус нæ уыд æмæ нæй. Джусойты Нафи схуыдта Гафезы фыццаг зынгæдæр чиныг «Адджын у цард»-ы «Зарджытæ Фыдыбæстæйыл»;[2] Дзуццаты Хадз-Муратæн Хъороты Дауыты сфæлдыстадыл дзургæйæ «Ироны сагъæс – Ирыстоны сагъæс»[3] уыд; Гæдиаты Цомахъæн 1812-æм азы тæмæн – 26-æм август дæр «Фыдыбæстæйы хæсты зæрдылдаринаг бон»-æй[4] басгуыхт. Æмæ ахæм цæвиттонтæ нæ бон бауаид дзæвгар æрхæссын фысджытæн сæхи уацмыстæй. Фæлæ нæ ам уый сæр уадиссаг ницæмæн хъæуы.

Сæйраг у, Хуыгаты Сергей йæ хъузджы бырд фыссæг кæй нæу, фæлвых «патриотау» æппынæдзух йæ риу хойгæ Ирыстон, Ирыстон хъæргæнгæйæ кæй нæ фæсус кæны: «Лирикон хъайтары сагъæстæ æрмæст авторы сæрмагонд хъуыдыты уæхсджытыл не ‘нцой кæнынц, фæлæ æмиу сты æппæт адæмы царды хъысмæтимæ æмæ сæ уый фæрцы кæны иумæйаг, æппæт адæмы сагъæс кæнын кæуыл хъæуы, ахæм амæттæгтæ. Сергейы лирикон хъайтар канд Ирыстоны царды уавæртæ нæ уыны, фæлæ фæлгæсы æппæт Дунейы цардмæ æмæ ñûí éæ цæст уарзы кæрæдзийы æхсæн хæлардзинад æмæ уарзын парахат кæнынæн ифтонг хъомыс райсын. Гъе

[1] Х у ы г а т ы  С е р г е й. Хуры рæгъ. – Дзæуджыхъæу, 2008. – 6 – 7 ф.
[2] Д ж у с о й т ы  Н а ф и. Зарджытæ Фыдыбæстæйыл / Г а ф е з. Адджын у цард. – Сталинир, 1948. – 3 ф.
[3] Д з у ц ц а т ы  Х а д з ы-М у р а т. Знон æмæ абон. – Цхинвал, 1964. – 3 ф.
[4] Г æ д и а т ы  Ц о м а х ъ. Уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 1959. – 344 ф.

уыцы царддæттæг сагъæстæй райгуырд мæнæ ацы рæнхъ дæр: «Æмæ уыдзысты Дунетæ æмгуывд», зæгъгæ».[1]

Цæмæй уыцы «æмгуывд» æрцæуа, ууыл тыхсы поэт, хъахъхъæны æмгæртты 'хсæн райхæлæг хæлардзинад. Сыгъдæг æмæ хæларзæрдæ адæймагæн куыд æмбæлы, Плиты Грис нын куыд фæдзæхста – «Мæрдты къæй фест, поэт, дæхицæй Куы скæнай искæмæн айуан!»[2] – афтæ тоны йæ царды бонтæ поэзийы. Нæ бары йæхицæн дæр. Царды судзаггаг хъæнтыл тыхсгæ дæр уый охыл кæны:

*Æз тыхсын…*
*Æмæ куыд нæ тыхсон.*
*Мæ цин мæ фарсыл куыд бахæца?*
*Искуы иу æлгъыст æмгæртты 'хсæн*
*Хахуыр æвзаг куы бахæсса.*

*Зæхх у арвмæ фехст фæдисон нау, –*
*Дард æнæсгæрст рæттæм афтыди.*
*Æз куы нал бæззон цæдисонæн,*
*Уæд цы хуртæ уындзынæн афтæмæй?!*

*Уæд мæ цард бонты фыддæрадæн*
*Зæххыл мин цины ныууадздзынæн.*
*Уо Вьетнамы зæхх – æрттæдæларм,*
*Æз дæ рæстæй сæфтыл бафтдзынæн!*

Поэтæн зын у, «Зæххыл чи райгуырд цардæнхъæл, Уый куы амарынц мигæнæнæй», уыцы хъуыддаг. Стæй æрмæст уый нæ. Царды хъæнтæ йын ииуылдæр бакъуырынц йе 'нкъараг зæрдæ. Æгæрыстæмæй, «уыцы æнæнтыст

[1] Т е д е т ы Е ф и м. Æмæ уыдзысты дунетæ æмвынг / Рæстдзинад, 2008. – 20 август.
[2] П л и т ы Г р и с. Æвзæрст уацмыстæ 2 т. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 1973. – 302 ф.

нарæгастæу царды» æндæримæ кæй ацæудзæн, афтæмæй йын æгæр ас кæй у, уый дæр. Хъуыдыгæнæг адæймагæн сагъæссаг бирæ ис:

*Æз тыхсын…*
*Æмæ куыд нæ тыхсон,*
*Цард у алыран арвистон.*
*Æз мæ царды ‘мбис æнæхъуаджы*
*Ме ‘мзил, ме ‘мхъеллау æмгæртты ‘хсæн*
*Ницы-мацыйæ арвыстон.*

Фæлæ уый нæу йæ сæйраг мæтаг. Уымæн æмæ фидарæй зоны:

*…Зæрдæ алырдæм куы фехсайы,*
*Уый нымайын æз амондыл.*
*Иу зыр-зыр кæны йе ‘хцатыл,*
*Иннæ зарæг ныццамоны.*[1]
(«Æз тыхсын»)

Тедеты Рюрик дзырдта Нигеры тыххæй: «Чем дальше он бежал от Осетии, чем сильнее он хотел забиться, тем ближе и дороже ему становился отчий край, тем острее он чувствовал биение лихорадочного пульса гор».[2] Йæ адæм, йæ Фыдыбæстæм, рæстаг хъуыддагмæ Сергейæн цы ахаст ис, уый йын нæ дæтты æнцой. Дзурын æй кæны Ирыстоны æнæмæнг аскъуыддзаг кæнинаг проблемæтыл. Æргом кæны не ‘мрæстæгонты зæрдæтæ. Æппынæдзух архайы, цæмæй йæ уацмысты æвдиса, нæ царды хорзæй дæр цы ис æмæ æвзæрæй дæр, æппæт уыдæттæ.[3] Æмæ уый тыххæй у йе сфæлдыстад зæрдæмæдзæугæ æмæ бафæзминаг. Фæлæ афтæ зæгъæн нæй, æмæ йын æрмæст йæ сыхæгтæ, йæ хæлæртты хъуыддæгтæ агайынц йе ‘нкъараг зæрдæ.

[1] Хуыгаты Сергей. Хуры рæгъ. – Дзæуджыхъæу, 2008. – 217 – 218 ф.
[2] Тедеты Р. К. Осетинская советская поэзия ( 20-ые годы). – Цхинвал, 1975. – 173 ф.
[3] Дыгъуызты Тенгиз. Сфæлдыстадон уæлтæмæны / Владикавказ, 2013. – 16 май.

Уыдонау адджын сты поэтæн æппæт рæстаг, фарнылхæст адæм алыхуызон, рæстаг æмæ æппæтуынæг дуне.

Ирыстон æмæ дунейы тыххæй советон дуджы афтæ уыдис Дзуццаты Хадзы-Мураты хъуыды дæр: «Нырыккон дуджы вазыгджын проблемæтæм йе ‘ргом даргæйæ æмæ уыдон рафæлгъауынил йæ тыхтæ фæлваргæйæ, ирон поэзийæн, нырмæйау, ахсджиаг у, «мæ хъæу æмæ дуне» схонæн кæмæн ис, уыцы темæ. Ирыстон æмæ Советон Цæдис, национ æмæ интернацион, нæхи адæм æмæ æппæт адæймагад – адон диалектикон æмахастытæ сты цардæгас суадон поэтикон хъуыды æмæ эмоцийæн.

Ирыстонæн нæй гæнæн æмæ уа хицæн, изоляцигонд бирæнацион, бирæвзагон Цæдисæй, æппæт дунейæ. Се ‘хсæн бастдзинад домы, цæмæй чысыл ма уа чысыл, фæлæ уа стыр, цæмæй национ схиза интернацион бæрзæндмæ».[1]

Хъусты чи зæланг кæнынц, зæрдæйæн æхцондзинад чи хæссынц, ахæм хъуыдытæ. Уыцы хатдзæгтыл ис сæмбæлæн Сергеймæ дæр. Фылдæр – йæ рагуацмысты. Фæлæ ахæм фæндтæ кæсгæйæ æгæр арæх æрлæууы мæ зæрдыл А. Твордовскийы хъуыды: «Для всякого художника, в особенности художника слова, писателя, наличие этой малой, отдельной и личной родины имеет огромное значение».[2] Æмæ Сергей йæ уыцы чысыл Ирыстоны раз куы фергом кæны йæ уарзæгой зæрдæ, уæд рарттивы йæ курдиат:

*Æз Ирыстоны сагъæстæн*
*Тадæй-руадæй фæдæн.*
*Сабийæ нырмæ с‘ ахæстæй*
*Иу бон не суагътой мæн.*

*Фæлæ уыдæттæ чи зоны,*
*Уый ‘нхъæл чи у мæнæй, –*

[1] Д з у ц ц а т ы Х а д з ы-М у р а т. Рæстæг æмæ литературæ. – Цхинвал, 1985. – 111 ф.
[2] Т в а р д о в с к и й А. Т. Собр. соч. в 6 т. Т. 5. – М., 1980. – 26 ф.

*Зæрдæ риуы ысфизонæг*
*Алы судзгæ мæтæй.*

*Искæйтау мæ рыст не ‘рхæссын*
*Адæммæ – гъа, тыхст дæн.*
*Цас мæ тыхстытæ фембæхсын,*
*Уыййас – ноджы тыхстдæр.*

Ӕмдзæвгæйы æнкъард, фæлæ ирд хъуыдытæ æмæ æлвæст хъуыдыйæдтæ, зæлланггæнаг ритм æмæ рифмæтæ чиныгкæсæджы сайынц сæ фæдыл. Уый фадат ын нæ дæттынц, фæиппæрд сæ уа барвæндæй, кæд нæ классиктæ иууыл рифмæйæн стыр аргъ нæ кодтой, уæддæр.

Нигер афтæ дзырдта, нæ нывæфтыд литературæйы бындурæвæрæджы сфæлдыстадыл æнцойгæнгæйæ: «Къоста «классикон» рифмæйæн стыр аргъ нæ кодта. мæнæ куыд фыссы: «Ӕмдзæвгæ хъуамæ арæзт уа уагмæ гæсгæ… Рифмæйы кой нæ кæнын, – уый иттæг ахсджиаг нæу».[1] Ацы ран Къостайы хъуыды у Пушкин, Байрон, Маяковсий æмæ иннæты хъуыдыйы хуызæн».[2]

Фæлæ, Сергей рифмæ, – классикон рифмæ дæр фестæд, – куы фæаразы, уæд – уарзгæйæ, зæрдæмæдзæугæйæ. Чиныгкæсæг ыл йæ цæст куыд æвæра, куыд ын кæна æмбæлон аргъ æмæ йæ ауонмæ куыннæ æппара.

Афтæ у ацы зæрдæмæдзæугæ, æлвæст æмдзæвгæйы дæр. Зæрдæ сæ бирæтæй рухс кæны: «сагъæстæн – с‘ ахæстæй», «чи зоны – ысфизонæг», «мæнæй – мæтæй», «не ‘рхæссын – фембæхсын», «тыхст дæн – тыхстдæр», «бахудын – сах удыл» æмæ а. д.

Малиты Васо Токаты Алиханы æмдзæвгæ «Фыццаг фæкасты уарзт»-æй[3] зæгъы: «Хуымæтæг ранымад (ома, фыццаг уарзты «символты хуымæтæджы ранымады хуызæн» – Хъ. М.)? О, фæлæ цы нымайы, уыцы предметтæ æмæ фæзындтæ (уарзт, маст, тын, фын, дуар, фæд, гæрах, цырагъ,

---

[1] Х е т а г у р о в К о с т а. Собр. соч. в 3 т. Т. 3. – М., 1974. – 272 ф.
[2] Н и г е р. Уацм. æххæст æмб. 3 т. Т. 3. – Дзæуджыхъæу, 1968. – 311 ф.
[3] Т о к а т ы А л и х а н. Уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 2004. – 16 ф.

мæлæт, дзæнæт) хуымæтæг нал сты, сæ реалон хуыз æфсæйнаджы згæйау асыгъд поэты сæнттæ æмæ æнкъарæнты куырдадзы, æмæ сырхзынгæй разынд сæ ныхмæлæуддзинадæй конд апп дзырдты æнахуыр дзыгуырты».[1] Æмæ кæд уæды ирон чиныгкæсæг Алиханы уыцы символикон абарстытæ зæрдæбынæй нæ райста, уæд Сергейы хъуыдытæн та йæ зæлдаг хæлттæй быд дзырдтæ фестынц æвдадзы хос. Уыдон фæрцы сæ тынгдæр бауарзын кæны йæ иузæрдыг чиныгкæсджытæн.

Æмæ уый, уацмыс кæй басгуыхт, уыимæ дзурæг у поэты æнтыстыл:

*Кæд мæ дзыхыдзаг бахудын,*
*Уæд æуусæндын тыхджын –*
*Иры тæу зæрдæ-сах удыл*
*Хорз æрцæудзæн рæхджы.*

*Иры чи кæна иударон,*
*Чи йæ схойа рæстæй,*
*Ирмæ калмы ‘взаг чи дара –*
*Саджил æвзаг, хъæстæ, –*

*С‘ алкæмæ дæр сæ каст уыдзæн,*
*С‘ амонд с‘алкæмæн – барст:*
*Иры азар сæ басудздзæн*
*Хуры азарау раст.*

*Ир та сцæгъддзæн йæ базыртæ,*
*Цыма уари фæсфын.*
*Ир йæ лæджыхъæд базыдта*
*Дард фæндагыл хæссын.*

---

[1] М а л и т ы  В а с о. Токаты Алиханы сфæлдыстад… // Т о к а т ы  А л и х а н. Уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 2004. – 248 ф.

*Æмæ Ирæй цы хæс дарын,*
*Уый мыл уадзы йæ уæз, –*
*Бонырухс æмæ ‘хсæвдары*
*Хатын ме ‘нæнцой æз.*

«Поэтом можешь ты не быть, А гражданином быть обязан»,[1] – Н. Некрасовы ацы фæдзæхст Сергей хорз зоны. Поэт йæ адæмæй, йæ Фыдыбæстæйæ хæсдар у. Къоста азымджын хуызы уымæн загъта: «Æз дзыллæйæ къаддæр куы дарин, Куы бафидин искуы мæ хæс».[2] Уыцы хъуыдыйыл фидарæй лæууыд Дзаболаты Хазби: «Дæ хæс цытджын æмæ егъау у, Дæ фæндаг – даргъ æмæ дæрзæг…»[3]

Уæдæ, Хуыгаты Сергей дæр, йæ райгуырдæй фæстæмæ йæ Ирæй цы хæс дары, уый йыл кæд йæ уæз уадзы, йæ уд дæр, йæ ацыд дæр, йæхи уды куыд фæнды, афтæ парахатæй не сты йæ зæрдæйы фæндиаг («Фарн»), уæддæр ын «ныллæууынæн та бар нæй».

Фарны хъуыддæгтæ чи аразы, уый фæрнджын лæг у. «Ленин куыд амоны, – зæгъы Нафи, – афæмæй, фыссæг æцæг стыр фыссæг уæд вæййы, кæд æмæ рафæлгъауа, æмæ йе сфæлдыстады равдиса дуджы ахсджиагдæр æхсæнадон фарстытæ æвæджиау аивадон тыхæй».[4]

Æцæг ахсджиаг æмæ æнæмæнгхъæуæг хъуыды. Фæлæ йе ‘ххæст кæнын нæу æнцон хъуыддаг. Уыцы хъуыды фыссæгæй домы бирæ хъару. Фæдисонау, æппынæдзух хъуамæ лæууа къахыл. Иунæг уысм дæр ма хъуамæ зона удæнцой. Цæуа æмæ цæуа размæ.

Сергей тырны уыцы ахсджиагдæр æхсæнадон фарстытæ æвдисынмæ æмæ уыцы хъуыддаг йæ къухы æфты бирæ бæрцæй.[5] Афтæ кæй у, æмæ афтæ кæй хъуамæ уа, уæззау царды уымæн нæ цуды поэты лирикон хъайтар. Йæ

[1] Н е к р а с о в Н. А. Полн. соб. соч. и писем в 15 т. Т. 2. – Ленинград, 1981. – 10 ф.
[2] К ъ о с т а. Ирон фæндыр. – Дзæуджыхъæу, 2009. – 4 ф.
[3] Д з а б о л а т ы Х а з б и. Уацамонгæ. – Дзæуджыхъæу, 1974. – 14 ф.
[4] Д ж у с о й т ы Н а ф и. Иры хур ыскасти Нарæй. – Дзæуджыхъæу, 2009. – 21 ф.
[5] Г у с а л т ы Б а р и с. Хур æппæтыл не ‘ххæссы // Мах дуг, 1988. – № 8. – 117 – 121 ф.

куыст ын дæтты зæрдæнцой æмæ уыцы фарнæй, йæ бон куыд у, – йæ бон та бирæ у, – афтæ парахат æмæ сыгъдæгзæрдæйæ тавы йæ раттæг, йæ зæрдæйы æгæрон цин Ирыстон æмæ йæ чиныгкæсджыты зæрдæтæ. Уыцы хъуыдыйæн нæхæдæг стæм удæгас æвдисæн («Æз Ирыстоны сагъæстæн…»):

*Куысты удæнцой ку‘ агура*
*Лæг, цæрæццаг у уæд.*
*Иры саби куы райгуыры,*
*Гъеуæд райгуыры зæд.*

*Уас йæ мыггаг ныццахада*
*Æмæ барст уа йæ куывд,*
*Кæд куыд фидауы мах адæм*
*Ацы хурыбын, куыд!*[1]

Ирыстоны уарзт поэтæн цырен кæны йæ музæ, разæнгард æй кæны нæ Фыдыбæстæйыл, нæ туг-стæгыл, нæ цардуагыл зæрдæзæгъгæ уацмыстæ фæлдисынмæ, уæлдайдæр, поэзийы: «Нæ ирон цард», «Хæхты», «Не ‘гъдæуттæ», «Скифаг маст», «Иу къона»… Бар-æнæбары нæ зæрдыл æрлæууы нæ куырыхон фыдæл Анахарсисы хъуыды: «Цæттæ у Фыдыбæстæйы сæрвæлтау амæлынмæ».[2] Фæлæ нæ фыссæг уыдæттæй йæ сæр æврæгътыл нæ хафы: «Зонын мæ дæргъ, мæ уæрх». Уæддæр, «сонт-бонтæй ардæм уый зæгъинаг» уыд, исчи дын дæ дуар куы ‘рбахойа, уæд дзы ма хъуамæ бамбæхсай, «Æмæ дæ уатæй рабад, Бинонты дæр ныууадз», фыдохы уац «исчи куы ‘рхæсса Ирмæ», уæд уый алкæмæ дæр хауы:

*Æмæ дæ дуар хойынц,*
*Йе дæм байхъуысти хъæр, –*

[1] Х у ы г а т ы  С е р г е й. Хуры рæгъ. – Дзæуджыхъæу, 2008. – 8 – 9 ф.
[2] К о з а е в  А. И. Анахарсис. – Цхинвал, 1982. – 121 ф.

*Зон, кæмдæр дæ лæг хонынц,*
*Агурынц дæ кæмдæр.*

*Рабад, ныууадз дæ хъарм уат,*
*Фезмæл лæгау цæрдæг.*
*Лæг фæдисон уа хъуамæ*
*Кæнæ та ма уа лæг!*

*Цу – куывды уа, чындзхасты –*
*Дзыллæйы уæлхъус æрлæуу,*
*Кæннод йæ тыхст, йæ масты*
*Байрох кæндзæни дæу.*[1]
(«Иры дзыхъхъ куывддон фестæд…»)

Секъа афтæ загъта: «Зæхх куы змæла, уæд хохæй æнæ дур хаугæ нæй».[2] Алцы дæр йæхион домы. Уарзт дурты дæр дидинæг æфтауын кæны. Уарзт æгас кæны мæрдты. Уарзт адæймаджы æнæбазырæй тæхын кæны базырджынтимæ. Дунейы стырдæр зондтæ йын сæхи фæнывонд кодтой, фæлæ йæ алыварсон сусæгтæ рафæлгъауын нæ баци сæ бон. Æмæ диссаг нæу, Хуыгайы-фырт рæстæгæй-рæстæгмæ йе сфæлдыстадон сæнтты арæх кæй афты, йæ зæрдæйы арф æвæрд чи сты, Ирыстоны нæ уыцы кад æмæ фарны лæгты цардвæндæгтæм, кæй сын фæуыны сæ миддуне æмæ, бæргæ: «Иу бон æгъгъæд у мысынæн»[3] («Зонын»), фæлæ йæ се стыр кады хъуыддæгтæ æмæ йæ се ‘нтыстытæ кæй фефтауынц цинылл, сæ бон сæ асы ‘мбæрц слæууын царды галиу зонды аххосæй кæм нæ бацис, уыдæттæ йæ арæх фефтауынц сагъæсыл. Ивгъуыды цин ын абоны цин у, ивгъуыды рис – абоны рис. Æмæ уыдон Сергей искæй фæзмгæйæ, кæнæ «Хай – Уымæй. Хай – Амæй. Фылдæр

---

[1] Х у ы г а т ы  С е р г е й. Фæндаджы мæт. – Дзæуджыхъæу, 1976. – 4 ф.
[2] Г æ д и а т ы  С е к ъ а. Уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 1881. – 352 ф.
[3] К ъ о с т а. Ирон фæндыр. – Дзæуджыхъæу, 1951. – 29 ф.

та – Хайямæй»-йы[1] («Ныхилаг поэтæн») принципмæ гæсгæ нæ аразы. Цæуынц æм йæ фыццаг нывæфтыд дзырдимæ. Æмæ сæ йæхи удимæ рæвдауы мах удтæ дæр. Афтæмæй æвзонджы бонты дæр фыста йæ рæстæджы истори:

*Знаг ныббырста… Ахæм дуг уыди, ‘мæ*
*Цыма хъæуыл рынты фыддæр сыстад, –*
*Урсбоцъо æнусон зæрæдтимæ*
*Сабиты, кæугæ, мæрдтæм æрвыста.*

*Адæмæн сæ туг мызти сæ цæстæй,*
*Æмæ хъуысти тар хæдзæрттæй хъарæг, –*
*Цал баззад æнæныгæдæй хæсты!*
*Цал зæронды баззади бындарæй!*

*Фæлæ ды кæй мысыдтæ æдзухдæр,*
*Фыны-иу дын чи баста дæ цæфтæ,*
*Бахауди уый гитлеронты къухтæм*
*Иу æхсæв фæллад æмæ æргъæфстæй.*

*Фарстой уый йæ партизан-сыхæгтæй, –*
*Не ‘рхаста æгаддзинад йæ сæрмæ.*
*Боныгон æй хъæугæрон ызнæгтæ*
*Удæгасæй баныгæдтой уæрмы…*

Æмæ цас æмæ цас уыдысты ахæм æнамонд хабæрттæ! Плиты Грисмæ: «Цæрæццаг адæмы кæрдынмæ Йæ цæвæг райсдзæни мæлæт»[2] («Хæцæны»), Гафезмæ: «Мах судзы хæсты пиллон арт»[3] («Адджын у цард»), … Иунæг хæстон поэтмæ дæр не сты бынтон æнцон нымайæн.

---

[1] Х о д ы  К а м а л. Уацмыстæ 3 т. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 2009. – 369 ф.
[2] П л и т ы  Г р и с. Æвзæрст уацмыстæ 2 т. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 1973. – 53 ф.
[3] Г а ф е з. Адджын у цард. – Сталинир, 1948. – 19 ф.

Фæлæ, Сергей йæ хæстон азтæй цы цау фыссы, уым чиныгкæсæджы зæрдæ ссардта, хурварс æй… Æниу, ахæм цауыл хъуыдыгæнгæйæ куыд ис зæрдæйæн хурварс абадæн? Фæлæ дзы зæрдæ цæмæй барухс, уый – æмдзæвгæйы хæдхуыз поэтикон амал («Знаг ныббырста»):

*Æмæ ды куы ‘рыздæхтæ дæ хъæумæ,*
*Уæд лæууыд хæрисæй цырт дæ разы,*
*Цыма раст дæумæ касти æнхъæлмæ,*
*Уыйау акъул, фæндагмæ фæтасыд…*[1]

Уацмыс кæронæй сфидауцджындæр кæнын, чиныгкæсæг æнхъæл кæмæй нæ уа, ахæм аив кæрон ын саразын, нæ поэттæй бирæтау, Хуыгайы-фыртæн йæ туджы ис æмæ дзы, йæ бон куыд бавæййы, афтæ зæрдæзæгъгæйæ рæсугъд кæны йæ уацмыстæ. Уый йын фадат дæтты, цы темæтыл фæдзуры, уыдон адæмы рæгъмæ, цæстæвæрæн куыд уой, афтæмæй хæссынæн.

Лирикон хъайтар-иу, йæ уд, йæ дзæцц чи уыдис, йæ уыцы уарзон чызгимæ куы ныхас кодта, уæд-иу сæ алывæрсты дæрдты чи зылд, гъе та-иу сæ уæлхъус хионау чи лæууыд, уый йын йæ цинтыл бафтаудзæнис арт, йе ‘нæууылд комдзаг ын йæ дзыхæй аскъæфдзæнис, уый æнхъæл дзы куыд уыдаид. Уæддæр æм тынг диссаг кæсы, йæ удлæууæн уарзон чызгæн-иу ын цытæ фæдзырдта, цæмæй йæ аздæхта йæхимæ: «Куысты дæ уæнгтæй никуы рацыд хид, Сæ ад нæ зоныс уазал æмæ стонгæн… Цы зæрдæйæ фæрæвдыдтон мæхи, Дæ къухтæ тавыс уымæ ныр æввонгæй»[2] («Ды-иу зылдтæ нæ алывæрсты дард…»).

Лирикон хъайтарæн йæ ныхмæ цы зæд-чызг рацæйцыд, йæ ном дæр кæмæн нæ зыдта, фæлæ йын йæ фæкастæй йæ зæрдæ чи акъахта, уыцы æмдзæвгæйы кæрон афтæ зæгъы поэт («Ды рацæй цыдтæ…»):

---

[1] Х у ы г а т ы С., Х о д ы К., Д ж ы к к а й т ы Ш. Бонвæрнон. – Дзæуджыхъæу, 1962. – 8 ф.
[2] Х у ы г а т ы С е р г е й. Мæ сыхæгты номæй. – Дзæуджыхъæу, 1968. – 38 ф.

*Дæ разæй уынджы талынг сæфти*
*Æмæ дæ фæстæ зад дывæрæй...*[1]

Къостайы лирикон хъайтарæн рагæй «ацу» кæй цæстæнгас дзырдта æмæ кæй уагъта, уæддæр дардæй амонд хæссинаг кæмæн уыд, уыцы «Хæрзбон»-æй[2] райдай æмæ Бестауты Гиуæргийы «Ды фæцæйцыдтæ рухскалгæ уынджы...»-йыл[3] фæу æмæ алкæй дæр бауырнздзæнис, уыйбæрц аив уацмыстæ нæм ис интимон темæйыл æмæ ирон поэзи никæмæ бахæлæг кæндзæнис. Уæддæр ацы рæсугъд загъдæн: «Дæ разæй уынджы талынг сæфти Æмæ дæ фæстæ зад дывæрæй»-йæн ис йæхи аив бынат, кæд æй Джыккайты Шамилмæ чысыл æндæрхуызонæй уынæм, уæддæр.

Кæнæ Къостайы фыды фыд Елызбарæн йæ чысыл фырт Леуан хæрз сабийæ тъæпæн уæлхæдзарæй куыд фæцæй хаудта, фыд æм куыд фемдзаст æмæ йын «...ныллæууыд йæ хæдоны фæдджийыл» – «...ирон æфсарм нæ амыдта – Йæ сабийы йæ хъæбысмæ куыд сиса!»

Æмæ нын цау радзурыны фæстæ зæгъы поэт («Нарон хабар»):

*Æвыдæй баззади йæ бындар!*
*Лæг уыди Елызбар,*
*Лæппу уыд Леуан,*
*Хабар нын йæхæдæг ракодта*
*Къоста.*[4]

Лæмбынæг куы кæсæм Хуыгайы-фырты сфæлдыстадмæ, уæд дзы нæ бон бауыдзæнис дзæвгар ахæм цæвиттонтæ ссарын. Æмæ уый у фыссæджы æнтыстыл æргом дзурæг. Уымæн æмæ рæсугъддæр кæны цард. Цард рæсугъддæр кæнын кæй бон у, уый æнæдызæрдыгæй æцæг цардаразæг у. Уый нын баззад нæ рагфыдæлтæй. «Мах хъуамæ адæймаджы æрдзыхъæд

[1] Х у ы г а т ы С е р г е й. Фæндаджы мæт. – Дзæуджыхъæу, 1976. – 39 ф.
[2] К ъ о с т а. Ирон фæндыр. – Дзæуджыхъæу, 1984. – 21 ф.
[3] Б е с т а у т ы Г и у æ р г и. Уацмыстæ 3 т. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 2003. – 272 ф.
[4] Х у ы г а т ы С е р г е й. Хуры рæгъ. – Дзæуджыхъæу, 2008. – 127 ф.

афтæ рацаразæм, æмæ дзы хъуамæ æлдариуæг кæной æнусон, æнæмæлгæ монцтæ – адæймаг хъуамæ райгондæй куса, араза æмæ фæлдиса, адæймагады мыггаг адарддæр кæна æмæ йæ бавæра, зæхх æмæ æрдз мæлæтдзаг фыдбылызæй бахиза, адæймаг йæхи базона æмæ царды мидæг фидарæй сбæлвырд кæна йæ бынат, йæ нысаниуæг…», – дзырдта Дзуццаты Хадзы-Мурат. – «Мах ивæм дуне, дуне ивы мах».[1]

Æмæ дуне хуыздæрæрдæм ивæг фысджытæй иу у Хуыгаты Сергей, кæд нæ дугмæ рæстаг дзырд æнцонæй нæ хъуысы, фылдæр къуырмайы ‘фсон фæкæны, уæддæр. Поэт, бæргæ йæ ныхас æппæт адæмыл не ‘ххæссы, фæлæ уæддæр йæ ныфс нæ сæтты. Цæуы размæ. Аразы иу бонæй иннæ бонæй хуыздæр. Рæсугъддæр æй кæны.[2] Йæ иууыл стырдæр бæллиц у йæ адæмæн лæггад кæнын. Уымæ æуууындзы æппынæдзух йæхи («Кæны изæр…»):

*Æз абон мысын ибоны гæнæнтæ,*
*Ызнон куыдтон æндæрæбоныл æз.*
*Тæхудиаг, дæллаг галау йæ уæнтыл*
*Кæмæн ныууадзы кусгæ бон йæ уæз!*

*Тæхуды, адæм хионæй-хæстæгæй*
*Фæйнæ «цума» куы зæгъиккой мæнæн.*
*Тæхудиаг, лæггадгæнæг кæстæрæн*
*Кæй равзарынц йæ цахъæнты æхсæн!..*[3]

Лæггадгæнæг кæстæрæн æй æвзаргæ нæ ракодтой, йæхæдæг ныллæууыд йæ дзыллæйæн хъарм, рæвдауæн ныхас æмæ дзырдаивадæй лæггадгæнæгæй. Адæймаг йæ тыхыл куы ‘ууæнда, уæд йæ бон бирæтæ саразын бавæййы. Æмæ афтæ куы зæгъæм, Сергейы йæ хъару цас амоны, уый бæрц аразы йæхиуыл нæ ауæрдгæйæ, искæмæй кады митæ æмæ хорзæхтæ нæ

---

[1] Д з у ц ц а т ы Х а д з ы-М у р а т. Рæстæг æмæ литературæ. – Цхинвал, 1985. – 149 ф.
[2] Г у р д ж и б е к о в а И р и н а. Бессонница / Северная Осетия, 1993. – 17 июнь.
[3] Х у ы г а т ы С е р г е й. Мæ сыхæгты номæй. – Дзæуджыхъæу, 1968. – 3 ф.

домы, афтæмæй, уæд иу мур дæр ницæмæй фæрæдидзыстæм. Кадмæ бæлгæйæ æгадæй чи мæлы, уыдонæй нæу[1] («Додой»). Уыцы хъуыддаг йæ туджы ис æмæ йын æй ничи байсдзæн. Йæ бон уымæн у йæ сыхæгты номæй дзурын дæр, «Хурвæндаг»-ыл[2] цæуын дæр, «Хуры рæгъ»[3] уадзын дæр.

Аразгæ та сæ кæны зæрдæбынæй, адæмы фарнæн. Стæй – адæмы зæрдæмæдзæугæйæ. Искæй зæрдæ йыл куыд нæ бахуда, мæнæ бонæддæдæры куыстытæ кæны, зæгъгæ, афтæ. Йæ къухы иу æнтыст иннæйы фæдыл æфты, Хуыцауæй бон, хæдзарæй къæбæрсайæн куыстытæ кæй нæ кæны, фæлæ «хох æмæ быдырæн зарæгау æхцондзинад» хæссынил йæ уд кæй хъары, уымæн («Дун-дунейыл их-къæвдатæ уарыд»). Адæймагæн йæ зæрдæ æрмæст йæ бинонтыл куынæ рисса, йæ сидзæры бон дæр æй куынæ бастъæлын кæна, фæлæ йæ сомыгæнæн райгуырæн бæстæйæн куы тæрса фыдызнæгтæ æмæ цъыфкъах адæмæй, уæд йæ хъару дывæр кæны («Дæуæн тарстæн…»). Дывæр хъаруимæ та адæймагæн бирæ фылдæр æнтысы. Уымæйдæр Токаты Алиханау: «Рох мæ нæ кæны мæ райгуырæн бæстæ: Нæ хохы къæдзæхтæ, нæ хохы фæзтæ, Йæ фосы рæгъæуттæ, йæ фосы гæстæ, Йæ алы адæгтæ, йæ рæгъау хизæнтæ, Йе стыр лæбырдтæ, сычъи лидзæнтæ»,[4] – дзурын нæ бон куы уа, уæд. Уæлдайдæр, йæ хистæрты амындтæ йæ хъусы иувæрсты куынæ уадза, дырысæй сæ куы ‘ххæст кæна. Сергейы лирикон хъайтарæн авторы номæй йæ бон у сæрыстыр æмæ, адæм æй куыд хъусой, афтæ хъæрæй æмæ ныфсджынæй йæ фæлтæры номæй зондамонгæйæ дзурын:

*«Цæрын зын у», – дзырдта-иу мын мæ фыд, –*
*Мæ хъæбул, цардмæ искæй цæстæй ма кæс».*
*Йæхæдæг, мæгуыр, ингæнмæ фæцыд,*
*Мæнæн йæ бынтау баззади йæ сагъæс.*

*Мæ балцы ‘мбæлттæ ме ‘вдисæн фæуæнт, –*

[1] К ъ о с т а. Ирон фæндыр. – Дзæуджыхъæу, 1984. – 32 ф.
[2] Х у ы г а т ы С е р г е й. Хурвæндаг. – Дзæуджыхъæу, 1980. – 3 – 259 ф.
[3] Х у ы г а т ы С е р г е й. Хуры рæгъ. – Дзæуджыхъæу, 2008. – 5 – 220 ф.
[4] Т о к а т ы А л и х а н. Уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 1973. – 73 ф.

*Ӕз уыцы фӕдзӕхст ме уӕхскыл фӕхастон,*
*Нӕ дзыллӕйы мӕ сӕр куы хъӕуы, уӕд*
*Нӕ фӕкӕнын мӕ хъарм артдзӕсты ахстон.*

*Цард ног чындз нӕу, ӕруадзы мыл йӕ уӕз,*
*Ыскӕны мын дывыдон арт мӕ разы.*
*«Цӕрын зын у» мӕ зӕрдыл дарын ӕз*
*Ӕмӕ цыфӕнды зынтӕн дӕр фӕразын.*[1]
(«Цӕрын зын у», – дзырдта-иу мын мӕ фыд…»)

Зынтӕн чи фӕразы, уый цард ссардзӕнис. Хуры цасфӕды ӕмбӕхсой тар мигътӕ, уӕддӕр ын искуы ӕнӕракӕсгӕ нӕй. Ӕмӕ «ихы фӕзгъӕртӕ рухс хурӕй тайынц».[2] Ӕфхӕрд уды уынджы дӕр искуы вӕййы чындзӕхсӕв.

Ӕмӕ уыцы «чындзӕхсӕв» Сергейӕн хӕссы йӕ аив дзырд. Уый йӕ кӕны сыгъдӕгзӕрдӕ ӕмӕ дзырдхъом. Кӕм хъӕуы, уым – дзырдбарон, куырыхон ӕмӕ хӕдӕфсарм дӕр.[3]

Ахӕм лӕджы ныхас чиныгкӕсджытӕм нӕ, фӕлӕ, – табу – йӕхицӕн, – бӕрзондылбадӕг Хуыцаумӕ дӕр цӕмӕннӕ хъуамӕ фехъуыса?! Сыгъдӕг удӕй цы дзырд рацӕуы, уымӕ сыгъдӕг уӕлӕрвтӕ хъусаг сты.

Филологон зонадты доктор, фыссӕг Хуыгаты Ирлан тынг раст бахахх кодта йӕ фыд Сергейы курдиаты ӕууӕлтӕ: «Хугаева отличают в осетинской литературе тонкий и нежный, словно акварельный, лиризм (зачастую, парадоксальным образом, не чуждый острой сатире) убедительное утверждение красоты трудовой жизни, глубокое осмысление оппозиций «село – город», «культура – цивилизация», «прошлое – современность»…[4]

Сергейы юмор, дзырд дӕр ыл нӕй, йе ‘ппӕт сфӕлдыстадӕй ӕрттивы. Ӕнхъӕл ын кӕм нӕ уай, уырдыгӕй дӕр дӕм базыхъхъыр кӕндзӕнис йӕ урс дӕндӕгтӕ. Ӕмӕ йӕм мард дӕр ӕнӕ фӕхудгӕ нӕ фӕуыдзӕн. Ӕмӕ уый, дӕ

[1] Х у ы г а т ы  С е р г е й. Мӕ сыхӕгты номӕй. – Дзӕуджыхъӕу, 1968. – 39 ф.
[2] Ирон ӕмбисӕндтӕ. – Дзӕуджыхъӕу, 1976. – 294 ф.
[3] Х ӕ м ы ц а т ы  А л б е г. Хӕдӕфсарм курдиат / Рӕстдзинад, 1993. – 17 июнь.
[4] Х у г а е в  И р л а н. Песнь твоя – как плачь / Литературная газета, 2012. – 19 – 25 сентябрь.

туджы куынæ уа, уæд дæ тынг куы бафæнда, уæддæр ын нæ арвæй ис раскъæфæн, нæ йæ авд дæлдзæхы ссардзынæ.

Йæ мадæн хъæумæ горæтæй лæварæн кæлмæрзæн уæддæр æрхæссынмæ чи бæллы, йæ уыцы лирикон хъайтар йæхæдæг, райстбавæрдæн чи нал бæззы, йæ мады уыцы кæлмæрзæнæй фыны куы йæхицæн нывæрзæн саразы, куы йæ хъарм æй дарайы тыххæй йæ уæлæ бамбæрзы, «æмæ кæд фæлæзæрди, уæддæр» æй батæфсын кæны, йæ рыст фæрстæ йын батавы. Фылдæр ын, кæй зæгъын æй хъæуы, йæ зæрдæ батавы. Йæ мад та «бон куы рацæуы æддæмæ, уæд йæ сыхæгтæн феппæлы» йæ фыртæй:

*Сахуыр и мæ фыдаххосæй сайын,*

*Æмæ, дам, фæдзуры сыхы устытæн:*

*«Нæ, дзæбæх нын аххуыс кæны 'хцайæ,*

*Афтæмæй нырма цы исы?*

*Цъус цыдæр».*[1]

(«Иу сагъæс мыл бафтыди, æнцад мæ…»)

Æрмæст Нафийæн не сты йæ «дзуринаг – лæджы рисс æмæ хъаст».[2] Зæрдæ кæмæн ис, йæ хъуыды кæй амоны, уый фыддуджы фыдцардыл ма сагъæс кæна, уый гæнæн нæй. Æмæ А. Пушкин бæргæ загъта: «Мечты поэта – Историк строгий гонит вас!»[3] – фæлæ бæллиц фылдæр хатт бæллицæй баззайы. Фыссæгæн йæ хæс йæ рагъæй никуы ма ничи айста. Ничи дæр æй айсдзæнис. Нæртон куывды дæр æй нæй исæн. Йемæ райгуыргæ у. Сергей аивадон хуызы юморхæццæйæ, ома, «фæсмоны» хуызы йæхимæ хæцæгау, уайдзæфгæнæгау уый тыххæй зæгъы («Цы ныхæстæ мæ сирвæзы…»):

*Цы ныхæстæ мæ сирвæзы,*

*Цы æнæууылд ныхæстæ! –*

---

[1] Хуыгаты Сергей. Фæндаджы мæт. – Дзæуджыхъæу, 1976. – 51 ф.
[2] Джусойты Нафи. Изæры рухс. – Цхинвал, 1987. – 379 ф.
[3] Пушкин А. С. Собр. соч. в 10 т. Т. 2. – М., 1974. – 250 ф.

*Сæ фæстæ кæд нæ баззайын*

*Кæсгæйæ:*

*Раст бæхбæттæнæй атыдта мæ бæх,*

*Куыддæр ын йе 'хтæнгтæ суагътон,*

*Афтæ,*

*Æмæ цыппæрвадæй фæтæхы.*

*Йæ иу фарсыл æрзылди саргъ,*

*Йæ иннæ фарсыл æфтаугæ æрбырыд,*

*Згъæлаггом баззади йæ дзыхы,*

*Йæ даргъ къæдзил – æлхынцъбаст...*

*Мæхиуыл комдзог рацæуин,*

*Мæхимæ афтæ смæсты вæййын,*

*Гъе!*[1]

«Алы зондджын хъуыды æмæ ныхас поэзи нæу. Хъæуы уды тых, уæнгты нуар, зæрдæйы цæф»,[2] – дзырдта Гафез. Æмæ Сергей уыдæттæ хорз зоны. Фыссæг йæхицæй домынхъом куынæ уал вæййы, йæхиуыл куы февvæрсы, уæд фæвæййы йе сфæлдыстадон хъару. Аивады кусæг хъуамæ, иу темæйæ иннæмæ хизгæйæ, йæхи, суадонау, сыгъдæг кæна йæхæдæг. Уæд фефты йæ къухы иу æнтысты фæстæ иннæ æнтыст. Адæм æнæнхъæлæджы нæ фæдзурынц: «Дон цал дурыл æмбæлы, уал хатты сыгъдæг кæны йæхи». Æмæ фыссæг дæр цæугæ донæй уæлдай нæу. Æмæ, уыцы фæндагыл цæугæйæ, Сергейæн йæ зæрдæ кæм нæ барухс вæййы, уым – «Мæхиуыл комдзог рацæуин, Мæхимæ афтæ смæсты вæййын, Гъе!» – уый охыл дзуры.

Фæлæ уый вæййы сфæлдыстадон амал. «Дæргъвæтин у нæ зарæгæн йæ сурæт...»,[3] – загъта Къубалты Алыксандр йæ хъайтар Гарсеваны номæй йæ пьесæ «Фæтæг Алгъуызы мæлæт»-ы. Æнæуый та æцæг мæстыйæ Сергей хатт йæ фæлмæн юмор фæкарздæр, фæцыргъдæр кæны, æцæг сатирикæн куыд

---

[1] Х у ы г а т ы  С е р г е й. Хуры рæгъ. – Дзæуджыхъæу, 2008. – 194 ф.

[2] Г а ф е з. Козаты Исидор // А в т о р т ы  к о л л е к т и в. Хуссар Ирыстоны фысджытæ. – Цхинвал, 1967. – 203 ф.

[3] К ъ у б а л т ы  А л ы к с а н д р. Уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 1978. – 245 ф.

æмбæлы æмæ дзæнгæлтæ куыд фæкæны, афтæ. Æмæ уый раппæлыны аккаг у. Камал уымæн зæгъы: «Автор уарзы йæ хъайтарты се ‘ппæты дæр, нæ сæ дих кæны «хæрзтыл» æмæ «æвзæртыл» æмæ сын мидбылхудгæ æвдисы сæ сахъæдтæ, сæ митæ, сæ цард».[1]

Фыссæгæн æнæуынон у гæдыныхас. Хонгæ дæр æй «стыр фыд» кæны. Дис æм кæсы, æмæ диссаг дæр куыннæ у – «Лæг гæды зæгъа æмæ йæ фæстæ Ма батыхса – алæма, цы ‘рцыд!» Фыццаг хатт гæдыныхас чи загъта, «Ау, куыд нæ ныхъхъæри комæй коммæ Уыцы лæджы худинаг зæххыл?!» Цы саразын не ‘мбæлы, уый стауын фыссæгмæ хъамæ худинаг æмæ мæлæт кæса.

Малиты Васо зæгъы: «Поэзийы номыл цы «продукци» уадзынц мыхуыры оргæнтæ, уый æмткæй куы райсæм, уæд дзы фендзыстæм иу зæрдæмæгуыргæнæг хъуыддаг: æгæр бирæ у цардæй иппæрд уацмысты нымæц».[2] – Æмæ уыцы «зæрдæмæгуыргæнæг хъуыддаг»-æй хъуамæ тыхса хъуыдыгæнæг адæймаг, кæд ын, хъыгагæн, фидар бындур ис, уæддæр.

Сергей уыцы «зæрдæуынгæггæнæг хъуыддагæй» йæхи иуварс кæй æппары, уый тынг хорз у, гæдыныхасгæнджыты ныхмæ йæ дзырд уымæн кæрды цыргъ кардау. Агайы зæрдæ. Бынат ары хъуыдыйы. Адæймагмæ авторы риторикон фарстытæ кæсынц растæй растдæр («Гæдыныхас»):

*Адæмы раз ралæууынц æфсæстæй, –*
*Царды хæрзтæй алцæмæй æфсæст,*
*Раст ныхас кæнын кæм хъæуы ‘рмæстдæр,*
*Уым кæнынц гæдыныхас æрмæст.*

*Зæрдæйыл ныддæлгом вæййы иу мæт:*
*Кæд ныхасы нал баззади бæрн,*
*Цæй, уæд ма куыд æрбаддзыстæм иумæ,*
*Иумæ ма куыд хæрдзыстæм къæбæр?!*

---

[1] Х о д ы  К а м а л. Рагрухс æмæ фидæн // Х у ы г а т ы  С е р г е й. Нарты Фарнæг. – Дзæуджыхъæу, 2005. – 445 ф.
[2] М а л и т ы  В а с о. Рæстдзинады тæразыл // А в т о р т ы  к о л л е к т и в. Критикон уацтæ. – 1990. – 55 ф.

*Искуы уон, бынаты – уыцы маст мæ*
*Бадомдта мæ зæрдæ дзы у дзаг.*
*Кæд ныхасмæ ахæм фидæн касти,*
*Уæд лæджы цæмæн хъуыди æвзаг?!*[1]

Æвзаг адæймагæн нæ Рафæлдисæг дзыллæйы сайынæн нæ радта. Æвзаг æрмæст истытæ лæхурыны тыххæй нæу æмæ йыл цы ‘рбабада, уый дзы ма хъуамæ кæр-къæр кæнæм. Сергеймæ гæсгæ, æвзаг нæу гæдыныхæстæ дзурынæн. Тыбылты Алыксандыр загъта: «Канд мысыны бон нæ, фæлæ иннæ рæстæджыты дæр Къостайы ном иудадзыг не ‘взаджы алгъыл бады. Ахæм къуырма ран никуы разындзæн Ирыстоны, Къостайы кой кæм нæ фехъуыстой».[2] Афтæ у, кæддæриддæр йæ рæстаг дзырд æрвнæрæгау кæй нæрыдис æмæ нæры, æрмæстдæр уый тыххæй. Æмæ, диссаг нæу, нæ фыссæг нæм уыцы рæстаг дзырдмæ кæй сиды, гæдыхас нын кæй мам кæны, цæмæй йын, нæ къух нæ куыд амоны, афтæ нæ радтæг зæххы цъарыл сыскъуынæм йæ гæды, худинаггæнæг мыггаг.

Фæлæ нæм чысыл раздæр дзырд уыдис – нæ кады лæгты, нæ удты мыдадзын цырæгътау чи фæсудзынц, царды монц нын чи дæттынц, уыдон нæхи зæрдæты дæр арф кæй хъуамæ æвæрæм, дзыллæйы цæсты дæр сæ, цас æмбæлы, хъуамæ ахæм бæрзондмæ исын кæй æмбæлы, ууыл. «Уæрыккау сабыр хорз у æрмæстдæр фысты ‘хсæн, фæлæ нæ алыварс та бирæгътæ цæрынц…»,[3] – Ос-Бæгъатыры номæй уыд Цомахъы хъуыды. Æмæ нæ хуыздæрты дунейæн æвдисын куы уа нæ бон, уæд уый æрмæст уыдон кадыл дзурæг нæ уыдзæнис, фæлæ нысан кæндзæн нæ иумæйаг хъомылады бæрзæнд, стæй, æмткæй нæ историон цардвæндагыл размæ цас ацыдыстæм æмæ нæ равзæрст хъуыддæгтæ нæ къухы цасбæрцæй æфтынц, æнæмæнг уыдæттæ æвдисæг дæр. Джыккайты Шамил афтæ: «В центре внимания

[1] Х у ы г а т ы С е р г е й. Хуры рæгъ. – Дзæуджыхъæу, 2008. – 36 ф.
[2] Т ы б ы л т ы А л ы к с а н д р. Уацмысты æмбырдгонд. – Цхинвал, 1988. – 154 ф.
[3] Г æ д и а т ы Ц о м а х ъ. Уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 1951. – 168 ф.

поэтов Осетии была и остается тема исторической судьбы народа, его славных традиций»,[1] – уымæ номхуындæй бафтауæн уаид, нæ кады лæгты нæмттæ бæрзонд кæй исынц, уыцы хъуыды дæр.

Къоста нырма удæгас уыдис, Мамсыраты Темырболат æй, фæсмонгонд кæуыл фæци, уыцы æмдинон Турчы зæххыл афтæмæй скодта йæ аив дзырды аккаг: «Æз дын дæхи нæ зонын, – Дæ коймæ дын аргъ кæнын». Уымæн æмæ: «Уымæн йæ бæлас – æнæфау». [2]

Гурджибеты Бласкæ сæрыстыр уыд Къостайæ, «йæ хъæбултæй нæ мадæн адæммæ се 'взагæй» иууыл хуыздæр уый кæй сдзырдта æмæ «тары хъуаг чи 'ййæфта цырагъæй, уый мæтæй» уаргъ кæй скодта, Ирæй, Дыгурæй йын йæ ном кæй дзырдтой, уыдæтты тыххæй.[3] Уæды дуджы йæ зæрдæ Къостайы хуызæн æндæр никæуыл дардта.

Гæдиаты Секъа йыл йæ адзалы рисæй уыцы иу сулæфтæн хъарæджы хуызы дыууæ æмдзæвгæйы ныффыста – «Къоста»[4] æмæ «Къостайы цырты раз».[5] Уыдон фæстæ цы фысджытæ уыдысты æмæ сты, уыдонæй та йыл бирæтæ æнæхъæн æмдзæвгæты циклтæ æмæ ахадгæ поэтикон чингуытæ фæфыстой, иумæ сæ куы 'ртымбыл кæнæм, уæд. Зæгъæм, бирæтæ нæ йæ ном цы 'мдзæвгæтæ æмæ кадджыты фæардтой, уыдонæн æрмæст сæ банымайын дæр æнцон макæмæ фæкæсæд.

Сергей бонзонгæ лæг у. Нæ ивгъуыд, нæ абон, нæ сомбон дæр æм нымад цæмæннæ хъуамæ уой. Цъус не сты, йæ зæрдæйæ чи не 'фтынц, йæ хъуыдыйы чи цæрынц, уыцы адæймæгтæ – йæ ныййарджытæ, йæ сыхбæстæй райдай æмæ йæ цардцух хæлæрттыл ахæсс дæ цæст. Фæлæ адæймаджы сконд афтæ у æмæ йын æнæ хъулон уарзт гæнæн нæй. Йæ уды цырагъау уымæн судзы Къостайы ном. Нæ йын дæтты æнцой. Исы йæ Ирыстоны бæрзæндмæ.

---

[1] Д ж и к а е в Ш а м и л ь. Фольклор и осетинская советская поэзия (1917 – 1941). – Владикавказ, 1972. – 158 ф.
[2] М а м с ы р а т ы Т е м ы р б о л а т. Ирон зарджытæ. – Дзæуджыхъæу, 1982. – 42 ф.
[3] Г у р д ж и б е т ы Б л а с к æ. Коста // А в т о р т ы к о л л е к т и в. Уалдзæггæнджытæ. – Цхинвал, 1978. – 173 ф.
[4] Г æ д и а т ы С е к ъ а. Азау. – Дзæуджыхъæу, 1981. – 77 – 79 ф.
[5] Уый дæр уым, 355 – 356 ф.

Æмæ уый æнæнхъæлæджы нæу, мыййаг. Гæбулты Мелитонмæ гæсгæ: «Æнæ Къоста нæ уыдаид Ирыстон, Æнæ Ир та нæ уыдаид Къоста».[1] Дзæвгар фæстæдæр æй æндæр дзырдтæй сфæлхатт кодта Дзуццаты Хадзы-Мурат: «Ирыстон Къостайæ хуыздæр никæй радта æмæ Ирыстонæн Къостайæ фылдæр ничи радта».[2]

Уæдæ, диссаг нæу, Ирыстонæн стыр лæггæдтæ чи фæкодта, уыцы гени Сергейы Музæ ног æмæ ногæй йæхимæ кæй здахы, уый. Поэт былалгъ ныхас нæ кæны æмæ йыл æнæдызæрдыгæй æууæнды чиныгкæсæг («Къоста»):

*Мæ цæугæ мæсгуытæ кæлынц,*
*Сæ рыг мæ рыст фæсонтыл бады,*
*Æмæ æнафоны фæлладæй*
*Мæ саусæр бæллицтæ мæлынц.*

*Мæ бонтæ ронбæгъдæй цæуынц,*
*Сæ фæстæ ниц' и кадæй, радæй.*
*Æмæ мæ сæнттæ базырдзагъдæй*
*Дæ ингæны къæйтæм тæхынц.*

*Табу – дæу нын цы Хуыцау радта,*
*Дæу нын цы сабыр мад ныййардта.*
*Дæу нын цы фæллад цонг уызта.*
*Мæнæн ды иунæг рухс мæсыг дæ,*
*Лæууыс мæ кувæндон, мæ сыгъдæг*
*Дзуары уаз къуыппыл, Къоста!*

Æмдзæвгæтæ сты æнæхъæн цикл – авд сонеты. Æмæ сæ алкæцыйы дæр, йæ курдиат æй куыд амоны, афтæ бацархайдта, Къоста, æгæрыстæмæй,

[1] Г æ б у л т ы М е л и т о н. Царды гуылфæнты. – Сталинир, 1954. – 25 ф.
[2] Д з у ц ц а т ы Х а д з ы-М у р а т. Рæстæг æмæ литературæ. – Цхинвал, 1985. – 3 ф.

йе схъомылгæнæг Чендзе, Ирыстонæн цы æгæрон хорзы бацыдысты, уый аив дзырдæй сныв кæныныл, адæмæн ын йæ гени равдисыныл. Æмæ уый алыхуызон поэтикон фæзилæнты фæрцы бафтыд йæ къухы. Мæнгæй нæ акæнынц: «Чи цы агуры, уый ссары».[1] Сергейæн æрмæст Къоста нæу зынаргъ. Æниу, уымæн дæр нырма йæ ном дæр тæрсгæ-ризгæйæ дзуры: сагъæс ын йæ уд «халгай тоны æмæ 'взоны, сывæллон дæр куыд нæ зоны мæлын, æмæ уæд та…»; гъе, «куы дзы бацæуа уазал искуы, дур ыл куы ратула, куы йыл æрцæуа их. Куы кæна исты – охх-хай, Ир цы уыдзæн!» Æмæ нæхи Къостайы номимæ чидæриддæр æмæ цыдæриддæр баст сты, уыдонимæ æппыныдзух кæй дзуры Сергей-поэты зæрдæ, уый бæрæг у, цы бирæ æмдзæвгæтæ сыл сфæлдыста, уымæй: «Чендзе», «Къостайы хæдзар», «Къостайы уынг», «Нарон æхсæв», «Нарон хабар» æмæ æнд. Васойы загъта: «Я считаю, что каждый осетин в той мере может считаться достойным сыном своего народа, в какой он ценит и любит Коста».[2] Нæй сыл иу уысм дæр дызæрдыггæнæн. Æмæ, уæдæ, Сергей хауы, ирон дзырдаивады дæснытæй Къостайы тыххæй иууыл зæрдæбындæр ныхас чи фæкодта æмæ кæнынц, уыцы поэттæм. Уымæн æндæр гæнæн нæй. Къоста – нæ дзуринæгты дзуринагдæр. Куыддæр йæ уацмыстæ фæзындысты, афтæ: «Адæм фæхæлæф кодтой йæ чиныгыл æмæ йæ кæсынæй не 'фсæдынц»,[3] – дзырдта Алыксандр.

Хуыгайы-фыртæн удæнцой нæ дæтты, Къоста нын кæмæй рантыст, уыцы зæды æнгæс сылгоймаг йæ зæды æнгæс фырты дардыл цæуæнтæ æмæ хæтæнтæй кæй ницы федта, æвæндон æмæ цардцухæй кæй фæцыд йе 'нусон дунемæ. Стæй уыцы фыдæхсæв афтæ сфæлыста, æмæ йæ афыстæй кæд мысын кæны, Бестауты Гиуæрги Къостайæн йæхи мæлæн сау æхсæв куыдæй ныв кæны, уыцы утæхсæнтæ: «Къæйтæ тъизынц… Арв æваст ныннæры. Мигъты 'хсæн ныдздзортт-дзортт кæны мæй… Дымгæ систа зæххы цъар йæ сæрыл: Ахсæв хохæн 'нæ ракæлгæ нæй»[4] («Сау æхсæв»), – уæддæр нæ йæ

[1] Д ж у с о й т ы  Н а ф и. Мысинæгты поэзи / Рæстдзинад, 2003. – 29 июль.
[2] Ч и б и р о в  Л. А. Встречи с Васо Абаевым. – Дзæуджыхъæу, 2000. – 18 ф.
[3] К ъ у б а л т ы  А л ы к с а н д р. Уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 1978. – 181 ф.
[4] Б е с т а у т ы  Г и у æ р г и. Уадтымыгъ. – Сталинир, 1958. – 50 ф.

афыст, йæ сыгъдæг æмæ аив рæнхъвæлыст æмæ чемæй æфтауы дисыл, хъуыды кæнынил, сагъæсыл («Нарон æхсæв»):

*Къухтæ риуыл – дзуарæвæрд пылыстæгæй,*
*Иу сæ ‘рфынæй иннæуыл æнцад:*
*Чи уыд Иры номдзыддæр сылыстæгæй,*
*Чи уыд Иры амондджындæр мад!*

*Нары уæзæг тоны-взоны утæхсæн,*
*Зæрдæ дзы афтид кæны ‘мæ тутт.*
*Дзурынц: мад йæ уд нæ систа уыцы ‘хсæв,*
*Лæппумæ ныуулæфыд йæ уд.*

*Афтæ цардмæ рахаста дыууæ уды, –*
*Уыцы мад, дзæнæты бада, уас! –*
*Тохы бон æнæ ныббырст нæ лæууыди,*
*Уарзты бон – æнæфенгæ йæ уарзт.*[1]

Бестау романтик уыд. Къостайы мæлæн æхсæвыл романтикон хуызы дзуры, нæ хъуыды нын тынг бæрзонд куыд сиса, адæймаджы зæрдæ йæм лыстæг скъуыдтæ куыд кæна. Къæйтæ йæм кæугæ нæ, «тъизгæ» кæнынц. Мæй змæлгæ нæ, «дзортт-дзортт» ныккæны. Уымæй дæр «мигъты 'хсæн». Дымгæ дæр дымгæ нæ кæны, «систа зæххы цъар йæ сæрыл», «...знæтæй дыуæрттæ ныххойы, Рудзынгæй æрбадзыназы уад...» Уыдæттæ уынгæйæ, æнкъарæнтæ кæмæн ис, ахæм адæймаджы сæры хъуын слæууы арц. Йæ фыццаг чиныджы «Сау æхсæв»-ы[2] хуызæн уацмыстæ кæй уыдис Гафез уымæн загъта: «Бестауты Гиуæрги ирон поэзимæ æрбахаста зынаргъ лæвар».[3]

[1] Х у ы г а т ы С е р г е й. Хуры рæгъ. – Дзæуджыхъæу, 2008. – 46 ф.
[2] Б е с т а у т ы Г и у æ р г и. Уадтымыгъ. – Сталинир, 1958. – 50 ф.
[3] Г а ф е з. Æлвæст кард // Фидиуæг, 1959. – № 3. – 82 ф.

«Ӕмæ куыннæ тъизой, куыннæ хойой знæтæй дуæрттæ, кæд æмæ, бирæгъы цæстау, рухс кæцæй æрттивы, уым йæ уд исгæйæ дæр Ирыстоны ныфсы лæг Къоста йæ хъуыдыты зилы йæ адæмыл; йæ фæстаг фæндагыл цæугæйæ дæр сулæфынтæ нæ фæразы уыдон мæтæй. Фæлæ удхæссæг куырм у. Кæуылфæнды фæхæст уæд: саби уа, – зæрдæ йæ зæгъын дæр нæ уарзы, – æви зæронд, нæлгоймаг уа æви сылгоймаг, æгуыдзæг уа æви гени – йæ тугæйдзаг ныхтæ дзы ныссадзы. Нал ын вæййы аирвæзт. Ӕмæ уыцы фыдæхсæв, бæстæ иннæрдæм куы фæлдæхт, уыцы сау æхсæв»: [1]

*Уæлæ мигътæй раленк кодта дзаг мæй:*
*Рынчыны зæгъын фæнды цыдæр.*
*Удхæссæг, æлгъыст фæуай мыггагмæ,*
*Иу уысм ма фæгæдзæ кæн ды дæр!*

*Сфæраза фæстаг ныхас йæ былалгъ,*
*Й' адæмæн фæстаг «Хæрзбон» зæгъа…*
*Уад нынниудта, ахуыссыдис цырагъ…*
*Дардæй райхъуыст сау сынты цъæхахст…*

*Зæхх ныррызт йæ мидбынаты 'вирхъау…*
*Терчы сæрмæ рафæлдæхти хох…*
*Сау мæйдары тугæй ахуырст цирхъау*
*Арв ныртътывта… Мигътæн сытынг тох…*

*Чи цы зыдта, 'рбабонмæ ма цас хъуыд?*
*Чи зоны, сæуæхсид нал уыд дард…*
*Уыцы 'хсæв Къостайы зæрдæ аскъуыд,*
*Уыцы 'хсæв Къоста фæцис йæ цард…»*[2]

---

[1] Х ъ а з и т ы  М е л и т о н. Къоста. – Дзæуджыхъæу, 2009. – 140 – 141 ф.
[2] Б е с т а у т ы  Г и у æ р г и. Уадтымыгъ. – Сталинир, 1958. – 50 ф.

Фæлæ, Къоста нал ис, уый зæгъын нæ тæры адæймаджы зæрдæ. Куыд ис Къостайы хуызæттæн мæлæт? Йæ уды фарн, йæ нывæфтыд дзырд, йæ рæстаг тох адæмы зæрдæты судзынц цырагъау. Æнусты нæ разæнгард кæнынц цæрынмæ, размæ цæуынмæ. Поэт, нæхæдæг æй нæ хатæм, афтæмæй цæры нæ удты. Йæ удæгасæй куыд уыдис, афтæ абон дæр хæхтæ рухс кæны цырагъау. Куыд ис амæлæн, адæмы зæрдæйы чи цæры, уымæн?

Бестауы æмдзæвгæ йæ композицион арæзт, йæ афыст, йæ ритмикæ, йæ нывæфтыд дзырдæй у тынг хорз. Уæддæр йæ композицион арæзт æмæ хицæн деталтæй зæрдыл æрбалæууын кæны Кочысаты Мухарбеджы æмдзæвгæ «Коста Херсоны». Уыцы миниуджытæй йæхи атонын йæ бон нæ бацис Цæгæраты Гигойæн дæр йе 'мдзæвгæ «Адæмы хъæбул»-ы.[1] Æрмæст уым Къоста нæ мæлы, фæлæ Къостайы мад. Æмæ, дзæбæх куы ацагуриккам, уæд диссаг нæ уаид, Къостайы фыд цы фыдæхсæв мæлы, уыцы æмдзæвгæ ссарын дæр. Фæлæ Сергейы «Нарон æхсæв» йæ арæзт, йæ афыстæй зæрдæ 'лхæны æмæ йын йæ темæ дæлæмæ нæ кæны йæ нысаниуæг.

Стæй нæ поэт æрмæст Къоста, Марийæ, Чендзе, Леуан æмæ, Къостайы алыварс цы адæмагадон адæймæгтæ уыдис, æрмæст уыдонимæ нæ вæййы йæ сæнтты. Сергейы уарзаг æмæ æнкъараг зæрдæ дзуры йæ цардцух хæлæрттæ Хадзы-Мурат, Хъазыбег, Роман æмæ æндæртимæ…

Исчи æнæмæнг зæгъдзæнис, афтæ хъуамæ уа, уæдæ, цы. Дзуццаты Хадзы-Мурат æнæнхъæлæджы нæ фарста: «Æви мæрдтыбæсты дæ хæлæрттæм ахсайдта дæ зæрдæ?..»[2] Уымæн æндæр гæнæн нæй. Нæ мæрдтæ нæ хъуыдыты, нæ фынты дæр цæрынц немæ. Фæлæ, Сергейæн йæхи загъдау, хъуыддаг уый у, уый, æмæ сыл Хуыгайы-фырт зæрдæрисгæйæ, уарзгæйæ кæй фæдзуры æппынæдзух. Сæ дзæнæтыбадинаг нæмттæ сын сыгъдæг кæй дары, авгау сын æрхауынæй кæй тæрсы. Чиныгкæсæг æнæфæхатгæ нæ фæуыдзæн, Къостайы хъысмæты тыххæй, æрдæгарæзтæй йын цы хæдзар æмæ цард

[1] Ц æ г æ р а т ы  Г и г о. Адæмы хъæбул // А в т о р т ы  к о л л е к т и в. Ирыстоны кад. – Сталинир, 1959. – 65 – 66 ф.
[2] Д з у ц ц а т ы Х а д з ы-М у р а т. Дыууæ дуджы астæу. – Дзæуджыхъæу, 2000. – 120 ф.

баззадысты, уыдон охыл, куыд тадзгæ-баргæ, куыд æрхæндæг хъæлæсыуагæй, куыд хаудзæрдæйæ дзуры: «Уыцы хæдзар абон дæр ис уыцы ран – Войковы уынг Сомихы уынгимæ кæм баиу, уыцы тигъыл.

1902 азы Къоста Хетæгкаты Никъомæ фыста, цæмæй уый июлы мæйы æрцæуа Дзæуджыхъæумæ.[1] Уæдмæ хъуамæ арæзт фæуыдаид хæдзар, уæд хъуамæ уыдаид йæ чындзæхсæв дæр. Йе ‘мдугонты мысинæгтæм гæсгæ, Къоста уыд фидыд йæ зонгæ ахуыргæнæг Хуырымты Иорамы чызг Лулуимæ. Йе ‘мдугонты мысинæгтæм гæсгæ-иу Ирыхъæуы цæрæг ирæттæ æххуыс кодтой Къостайæн, цæмæй йæ хæдзар тагъддæр арæзт фæуыдаид, уый тыххæй. Къостамæ тынг хорз касти йæ хæдзары бынат, афтæ-иу дзырдта, ам, дам-иу тыргъы сбаддзынæн æмæ, дам-иу хæхтæм кæсдзынæн.

Фæлæ нæй! 1903 азы райдианы хæдзар æрдæгарæзтæй уæййаг фæци. Къоста æруатони æмæ йæ йæ хо Уæлгъа Лабæмæ аласта»,[2] – куыд загътам, афтæмæй æнкъардзæрдæ, æхгæдхъуыр æмæ сагъæсгæнгæйæ мысы Хуыгайы-фырт. Уымæн æмæ, «Къоста уыдис Ирыстоны ахсджиагдæр хъæбул»,[3] – адæмы хъæлæсæй дзырта Коцойты Арсен. Æмæ Къоста æмæ Лулуйы æнамонд уарзтыл дæр судзгæ рисæй риссы Сергейы зæрдæ. Се ‘намонд хабар ын нæ дæтты удæнцой. Зæрдæрыстæй бынозæй уымæн улæфы:

*Хæдзар арæзт нæма фæци ‘ххæст,*
*Нæ, нæ дзы ссыд цъæх фæздæг цъæх арвмæ.*
*О, Хуырымты чызг, амонд фæхæсс*
*Уыцы ‘намонд хæдзармæ!*

Фæлæ нæ сæрхъызой Къоста Лулуйы дæр не самондджын кодта уыцы ‘намонд хæдзары. Уæййаг кæй фæци хæдзар, абон дæр ирон адæм, рухс кувæндон нын чи хъуамæ суыдаид, Библийы Майсейау, уынынмæ æмæ бæгъæввадæй табу кæнынмæ, нæ уды ристæ уадзынмæ кæдæм хъуамæ

[1] Х е т а г у р о в  К о с т а. Собр. соч. в 5 т. Т. 5. – М., 1961. – 273 ф.
[2] Х у ы г а т ы  С е р г е й. Хуры рæгъ. – Дзæуджыхъæу, 2008. – 13 ф.
[3] К о ц о й т ы  А р с е н. Уацмыстæ 2 т. Т. 2. – Дзæуджыхъæу, 1972. – 239 ф.

цæуиккам, уымæ кæй ницы бар дарæм, ууыл катай йæ райстбавæрд сæнтты æнцой нæ дæтты поэтæн («Къостайы хæдзар»):

*Æз – ирон лæг, Къостайы бындар,*
*Нæ фыдæлты исбоныл нæ кæуын,*
*Фæлæ уыцы хæдзар, Къостайы хæдзар, –*
*Æз йæ рæзты цæссыгкалгæ ‘рцæуын…*[1]

Кæмæндæр æнамонд хæдзар разынд, кæмæндæр амонды хæдзарæй басгуыхт. Æнæхъæн Ирыстонæн та уыцы хæдзар, – нæ фыдæлы æцæг исбон, – фæстæмæ райсын, нæ сæрыстыр Къостайы номыл дзы музей бакæнын нæма бантыст, кæд нæ Арсен раджы фæдзæхста: «Къостайы ном æвæринаг у»,[2] – уæддæр. Æмæ Сергей афтæ куы зæгъы: «Æз йæ рæзты цæссыгкалгæ ‘рцæуын…» – уæд нæ уырны йе ‘ргом, стæй – сыгъдæгзæрдæ ныхас. Фæлæ уыдæттæ «нæ уынынц, нæ хъусынц», æцæгæй сæ чи хъуамæ уыниккой, ахæмтæ аразыны тыххæй Ирыстоны ис-боныл холыйау арсы бадт чи кæнынц, Къоста кæй хуызæтты ныхмæ тох кодта, уыцы хъуынджынцæсгом æмæ æнæджелбетт бынатылæгтæ. Фæлæ йæ уынын у фыссæджы хæс. Цæмæй йæ дзыллæйы нывæфтыд литературæ æмæ аивадон хæзнатæ кæна хъæздыгдæр, йæ дыллæйы зæрдæ – сыгъдæгдæр.

Нафи зæгъы: «Чтобы быть на уровне литературного развития, нужно все время искать и находить. Уходить от традиций с тем, чтобы чем-то новым обогатить их».[3] Æмæ, Сергей ног, цæстуынгæ деталтыл куы фæхæст вæййы, уæд сæ йæ зæрдæйы фæндиаг аив дзыхæй кæй сдзурын кæны, уый диссаг нæу. Уый йæ хæс, фыссæджы хъысмæт у, цæмæй йæм æркæсой дзыллæ æмæ, аразын цы хъæуы, уый арæзт æрцæуа рæстæгыл.

Аргентинæйаг фыссæг Хулио Кортасар фыссæджы бæрндзинады тыххæй ПЕН-клубы конференцийы дзырдта: «Писателю нет нужды искать

[1] Х у ы г а т ы С е р г е й. Хуры рæгъ. – Дзæуджыхъæу, 2008. – 15 – 16 ф.
[2] К о ц о й т ы А р с е н. Уацмыстæ 2 т. Т. 2. – Дзæуджыхъæу, 1972. – 239 ф.
[3] Д ж у с о й т ы Н а ф и. Книга друзей и наставников. – Владикавказ, 2011. – 59 – 60 ф.

ситуации, когда бы он мог заявить о своей ответственности. Слишком часто ему приходится сталькиваться лицом к лицу с унижением, насилием и даже геноцидом, физическим и культурным».[1] Фæлæ хъуамæ йæ ныхасæн уа хицау, дзура йæ, кæм хъæуы, уым. Æмæ Сергей раст зæгъын нымайы йæ ахсджиаг хæсыл. Фыссæджы хæсыл. «Творческие чувства составляют единственную реальность, единственную действительность на земле»,[2] – дзырдта В Брюсов.

Хъæдын фæлгæтыл тыгъд урс кæттагыл чи кодта «ныв-сурæттæ, цыма æфтауы дзуар», «йæ зард йæ сæрыл» бæстæ кæмæн иста, уыцы Хуыцауыысконд нывгæнæг уыдис Хъазыбег. Йæ нывтæй дæр, йæ зардæй дæр, йæ цардæй дæр, æрмæст Сергейæн нæ, йæ адæмæн цæстырухс уыд.

*Фæлæ – мæ боныл! – нал ысты йæ бар*
*Йæ гæрз арм дæр, йæ ныззарæн хъæлæс дæр.*
*Æмæ йæ кæттаг баззади сыгъдæгæй, –*
*Хæнтурс кæттаг, хъæдын фæлгæтыл тыгъд.*
*Æнæхæрд зæхх – уым раст лæгæй, сыгъд лæгæй*
*Кæмæн уыд амынд рагацау бынат, –*
*Йæ фæдыл уырдæм агуылф кодтой кæд,*
*Йæ удæн нæй æрæнцойы бон уæд,*
*Æмæ, мыййаг, кæд уыдонæй фæлыгъд?*
*Ыскодта хур удыбæстæ йæхицæн*
*Йæ дзыллæйы ‘хсæн – цæр æмæ дзы цæр!*
*Æмæ нæ комы адæмæй фæхицæн,*
*Дыууæ ингæнмæ бацыди, уæддæр.*[3]

Æмæ кæд чиныгкæсæгæн æмбæрст нæу, Хъазыбег цы дыууæ ингæнмæ бацыди, автор цы дыууæ ингæны кой кæны, уый, уæддæр нæ цæстытыл

---

[1] К о р т а с а р Х у л и о. Ответственность писателя // К о л л е к т и в а в т о р о в. С кем вы, мастера культуры? – М., 1985. – 386 ф.
[2] Б р ю с о в В. Я. Сочинения в 2 т. Т. 2. – М., 1987. – 67 ф.
[3] Х у ы г а т ы С е р г е й. Хуры рæгъ. – Дзæуджыхъæу, 2008. – 163 ф.

ауайы, нæ зонгæтæй немæ чи нал сты, уыдон «æмызмæлд уынджы уыйбæрц цæуджыты ‘хсæн» куыд фæцæй цæуынц…

Дзуццаты Хадзы-Мурат дзырдта: «Мæ уды биографи – йæ хорз дæр æмæ йе ‘взæр дæр – куыд уыд, куыд у, афтæ уыдзæн».[1] Уый дзурæг у, цы удыхъæдимæ райгуырæм, цы цардæй фæцæрæм, уыдонимæ кæй баззайæм æмæ уыдон немæ кæй баззайынц. Æгæрыстæмæй, нæ цардбонтæ кæимæ тыдтам, уыдонæй исчи йе ‘нусон дунемæ куы аивгъуыйы, уæддæр немæ нæ удтæ, нæ хъуыдыйы баззайынц цæргæйæ. А. Пушкины загъдау: «На свете счастья нет, но есть покой и воля»,[2] –æмæ уыцы «сæрибар» кæны йæхион. Нæ удты амæлын нæ уадзы, нæ цуры чи нал сты, уыдоны дæр – уайынц нæ цæстытыл адæмы ‘хсæн, ног æмæ нæм ногæй æрыздæхынц нæ фынты. Хъазыбеджы поэт «æмызмæлд уынджы уыйбæрц цæуджыты ‘хсæн» уый охыл ауыны. Фæлæ ахæм поэтикон деталь æрцахсын æмæ дзы йæ уацмыс саив кæнын йæ бон æрмæстдæр бауыдзæнис курдиатджын поэтæн, йæ цæстæнгас алы фезмæлд дæр кæмæн ахсы, ахæмæн.

Сергейы бон аив ныв кæнын, нæ ивгъуыд нын нæ хъуыдымæ здахын афтæ бæлвырдæй кæй у, уый фæрцы поэт æмæ зонадон кусæг Дзуццайы-фырты уынæм йе ‘мдзæвгæ «Хадзы-Мурат»-ы:

*Афтæ мæм фæзыны:*
*Ныртæккæ ацы стыр хæдзарæй*
*Рахиздзæни уыцы гыццыл лæг –*
*Гуыбыргомау*
*Лæгуынсæр лæг,*
*Цыргъбоцъо.*
*Хъазгæмхасæн æй*
*Ассириаг уацайраг хонынц*
*Йе ‘ввахсдæр æмбæлттæ.*

---

[1] Д з у ц ц а т ы  Х а д з ы-М у р а т. Биографи. – Цхинвал, 1990. – 4 ф.
[2] П у ш к и н  А. С. Собр. соч. в 10 т. Т. 2. – М., 1974. – 315 ф.

*Уыдон дæр ма афтæ*

*Цардвæллад гуыбырæй*

*Фæцæйцæуынц сæ тыхбыны куыстмæ –*

*Ассириаг уацайрæгтæ –*

*Скъолайы чиныджы сæ*

*Цы нывы 'вдисынц,*

*Уым.*

*Куыд никæй баджиздара,*

*Афтæ*

*Иуварс ахиздзæн*

*Æмæ дымдзæн тамако –*

*Аслам,*

*Тъæпæн тамако.*[1]

Хъодзаты Æхсар уымæй загъта: «Дыууæ Иры 'хсæн хауæггаг фæдæ».[2]

Афтæмæй цæстытыл ауайы, уыцы «гыццыл лæг», «гуыбыргомау, лæгуынсæр лæг, цыргъбоцъо» царды фыдтæй цы 'фхæрд æййæфта, уыдон бын йæ бон куыннæ уыдис йæ астæу сраст кæнын æмæ йæ куыд ныццъист кодтой, размæ цæуыны фадат ын куыннæ радтой. «Ацыдтæ, нæ гыццыл Хадзы, сиу дæ / уидæгтимæ – иу бындзар, бындзæфхад»,[3] –цыма Сергеимæ æмдзырд бакодтой, дарддæр йе 'мдзæвгæйы зæгъы Æхсар.

Сергейæн, иуæй-иу æхсайазонтау, поэзийы классикон формæ æмæ верлибрæй йæ поэтикон хъуыдытæ æмхуызон аивæй радæттын кæй у йæ бон, уый дзурæг у йæ поэтикон курдиатыл. Йæ фырт Ирлан æй хоны къæрцхъус æмæ уæздан лирик.[4] Йæ поэтикон цæстæнгас схæцы, хуымæтæг адæймаг хъуыды дæр кæй не 'ркæны, ахæм фæзындтæ, деталтæ, æвзаджы адджын æвæрæнтæ æргомгæнæг æмæ зæрдæйыл сусæг цинæфтауæг фæзилæнтæ.

[1] Х у ы г а т ы  С е р г е й. Хуры рæгъ. – Дзæуджыхъæу, 2008. – 106 ф.
[2] Х ъ о д з а т ы  Æ х с а р. Хадзы-Мураты элеги // Д з у ц ц а т ы  Х а д з ы-М у р а т. Уынгæгбоны сагъæстæ. – Дзæуджыхъæу, 2010. – 278 ф.
[3] Уый дæр уым, 279 ф.
[4] Литературная Газета, 2012. – 19 – 25 сентябрь.

Тедеты Ефим зæгъы: «Сфæлдыстадон куысты адæймаджы цард æмæ сурæт æвдисын у аивады сæйраг мидис æвдисæг. Уый фæлгонцы æмбæхст сты фыссæджы моралон, этикон, эмоционалон æмæ эстетикон царды уидæгтæ. Ацы аивадон мадзалыл æфтыд сты Хуыгайы-фырты æппæт сагъæстæ дæр æмæ уый ссис йæ поэтикон сфæлдыстады сæйраг миниуæг».[1]

Сергей куыд уарзгæйæ, куыд аив æмæ зæрдæрисгæйæ ныв кæны йæ цардцух æмгар Романы сурæт! Кæсыс æй, æмæ дæ нал фæнды æмдзæвгæ æрдæгкастæй ныууадзын («Роман»):

*Уæ кауымихтыл сау халæттæ балæй*
*Нырма фæбадынц, не 'нцайы сæ уаст.*
*Цы 'мбал уыдтæ – æгæр уыдтæ æмбалæн,*
*Цы лæг уыдтæ – мæ зынг бахуысса, уас!*

*Æрцæуы райсом мысынæн æрвылбон,*
*Æрцæуы 'рвылбон мысынæн изæр.*
*Кæмæн хæссон мæ хъæстытæ – дывыдон,*
*Кæй фидар уæхскыл бауадзон мæ сæр!*

*Хæрзаг хъæцциццæй баззади Барастр,*
*Дзæнæты фæз куы сфидыдта дæуæй.*
*Уæд та дын уым куы 'мбариккой дæ раст уд,*
*Дæ раст уд дын ам не 'мбæрстой – уæууæй!*

И. Тургеневы Базаровы ныхас иронион куынæ уаид, уæд æй зæгъиккам: «Об одном прошу тебя: не говори красиво».[2] Адæм стæм, куыннæ хъуамæ риссæм ахæм Хуыцауы сконд адæймаджы фесæфтыл:

---

[1] Т е д е т ы  Е ф и м. Æмæ уыдзысты дунетæ æмвынг… / Рæстдзинад, 2008. – 20 август.
[2] Т у р г е н е в  И. С. Полн. соб. соч. и писем в 28 т. Т. 8. – М. – Л., 1964. – 326 ф.

*Ехх, торфытыл фæцагаиккам хъæумæ, –*
*Дунейы бикъыл ахæм фæндаг нæй!*
*Кæсынц уæ къуырма фæткъуытæ æнхъæлмæ,*
*Уæ кау-кау ралæууыдысты рæгъæй.*

*Цыма фæкодтой сыхбæстæ æлæмтæ, –*
*Æрцыдысты та комахсæнтæ 'мæ…*
*Кæсæм цыбæлæй бæлæстæм уæлæмæ, –*
*Фырзадæй сæм ыскæсæнтæ дæр нæй.*[1]

Сергей, адæймаджы уды цы дзуринæгтæ æвæрд вæййынц, фæлæ сæ уый йеддæмæ кæй ничи ссары, уыцы миниуæгæй у бафæзминаг. Йæ бон алыхуызон аивадон амæлттæ æмæ йе 'рхъуыдыйы фæрцы бавæййы йæхи æмæ йæ хъайтарты миддунемæ ныккæсын, хуымæтæджы, æрвылбон дæр цы дæсгай æмæ сæдæгай адæймæгтыл æмбæлæм, уыдонæй цард сфидыцджын кæнын. Суанг дзæнæтыбадинаг хъайтары уымы бæстæм дæр бауарзын кæны йæ иузæрдыг чиныгкæсæгæн.

Поэт цыма рагон бердзенаг фысджытау[2] адæмон æмбисонд дары йæ зæрдыл, ома, адæймаг рæдиаг у, уыйау ын йæ рæдыдтытæм, уæлдайдæр, уæлæнгай рæдыдтытæм нæ фæдары йæ хъус, кæд хаттæй-хатт сатирæйæ, уæлдайдæр, юморæй æгæр арæх фæпайда кæны, уæддæр. Уымæн æмæ фидарæй зоны – адæймагæн йæ бафæзминаг митæм æмбæлы кæсын.

Æниу, æгæр дæртты куынæ зилæм, уæд ууыл нæхимæ дæр тынг хорз æмбисондтæ ис: «Иу рæдыд хуыцау йæхæдæг дæр фæкæны»,[3] «Адæймаг иу бонæй адæймаг нæу»,[4] «Иу рæдыд кæсæджы молло дæр кæны»...[5] Æмæ ноджы дзæвгар ис ахæм цæвиттонтæ æрхæссæн, уымæн æмæ зæххы цъарыл ноггуырд сабийæ дарддæр ахæм нæй, рæдыд чи никуы 'руагъта, кæйдæр, уæд

[1] Х у ы г а т ы  С е р г е й. Хуры рæгъ. – Дзæуджыхъæу, 2008. – 206 – 208 ф.
[2] Ф е о г н и д, Е в р и п и д æмæ æндæртæ.
[3] Ирон æмбисæнттæ. – Дзæуджыхъæу, 1976. – 148 ф.
[4] Х ъ а з и т ы  М е л и т о н. Ирон хæзна. Т. 1. – Цхинвал – Дзæуджыхъæу, 2013. – 27 ф.
[5] Д з а с о х т ы  М у з а ф е р. «Цатыр»-æй – цардмæ / Хурзæрин, 2016. – 31 март.

та йæхи, чысыл цæмæйдæр уæддæр чи никуы фæхъуаг кодта. Фæлæ йын уымæй нæ, йæ адæймагон ахастæн хъæуы аргъ кæнын, цæмæй нæхæдæг дæр, рæдийæджы æфхæргæйæ, нæ тæвд тугæй мацы фыд æруадзæм.

Æмæ Сергей цардмæ реалон æмæ уарзон цæстæй кæй кæсы, адæймагæн йæ кады хъуыддæгтæ кæй хæссы адæмы рæгъмæ, йе 'мбæлттæ йын уый тыххæй сты зæдтæ, йæ дзуарæнгæс сыхæгты номæй йæ бон уымæн у æргом æмæ барджын ныхас кæнын.[1] Нæ зонджын фыдæлтæ-иу дзырдтой: «Тагъд дон фурды не 'ййафы». Нигер афтæ: «…æмдзæгъды хъæрмæ зæрдæ нæ кафы! Зæрдæ куы тæлфы тарфуынгæг хъæрзтæй, Зæрдæ куы тæрсы сабыр арф дзырдæй, Зæрдæ куы судзы зæрдæйы зынгæй. Зæрдæмæ хъары зæрдæйы ныхас…»[2] Æмæ уыцы идеалтæй цух нæу Сергейы хъайтар.

Хиуыл фæхæцын кæм хъæуы, уым – дзырдбарон. Ныхас зæгъын кæм æмбæлы, уым – дзырдфæразон. Барæвдауын куыд æмбæлы, уый равдисынмæ никæмæ бахæлæг кæндзæнис, ных куыд бакъуыргæ у, уый амонын дæр ын нæ хъæуы. Хæдзары – дзырддзæугæ хистæр, куысты, кæй афæрсай зондæй, ахæм. Къоста: «Хæдзары – хъæдысырд, Хъæубæсты – Сырдон»,[3] – кæй хуыдта, уымæй йæм дæ зæрдæ макуы фехсайæд.

Æмæ йын уыдон тыхгæнгæ, хи равдисын, йæхицæн скад кæныны тыххæй не сты. Лæджы гакк æрдзæй рахаста. Тынг æй куы бафæнда, уæддæр æй йæ бон нæ бауыдзæнис аппарын. Адæймаг æрдзæй цы рахæсса, уый фæндонæй ивгæ нæу. Æмæ æнæ дæлæ-уæлæ, иугъæдон, æмбаргæйæ цæуы гуырцæй рахæсгæ амонды фæдыл. Йæ зæрдæ йыл нæ ивы. Хæдхуыз фæлгонцтæ ныв кæнын уый тыххæй æфты йæ къухы.[4]

Йе сфæлдыстадыл уыцы миниуæг суанг йæ райдайæны фæзынд 1962 азы, Джыккайты Шамил æмæ Ходы Камалимæ æмдзæвгæты иумæйаг чысыл æмбырдгонд «Бонвæрнон», зæгъгæ, куы рауагътой, уæдæй.

Æниу, æвзонг поэт уыцы чиныгæй йæхи бирæ рæстæджы фæрæвдыдта, цалынмæ 1968 азы йæ фыццаг поэтикон æмбырдгонд «Мæ сыхæгты номæй»

---

[1] Х у ы г а т ы  С е р г е й. Мæ сыхæгты номæй. – Дзæуджыхъæу, 1968.
[2] Н и г е р. Уацмыс. æххæст æмб. 3 т. Т. 3. – Дзæуджыхъæу, 1968. – 9 ф.
[3] К ъ о с т а. Ирон фæндыр. – Дзæуджыхъæу, 1984. – 51 ф.
[4] С к ъ о д т а т ы  Э л ь б р у с. Хæдбындур, фæлгонцджын сфæлдыстад / Рæстдзинад, 2009. – 9 сентябрь.

рухс нæ федта, уæдмæ. Диссагæй дзы ницы ис – æнтыст, асинау, къæпхæнгай у. Æмæ Сергейы сфæлдыстадон æнтысты «асины къæпхæнтæ» сты йæ чингуытæ. Уыдонæй иуæй иннæ куынæ хуыздæр кæна, уæд æнтыстыл дзурæн нæ, хъуыдыгæнæн дæр нæй. Сергей йæ фæндаджы райдайæны дæллаг галы куыст уымæн равзæрста йæхицæн: «Тæхудиаг, дæллаг галау, йæ уæнтыл Кæмæн ныууадзы кусгæ бон йæ уæз!» /«Кæны изæр»/.

Кусын чи уарзы, уый уарзы цард æмæ у цардаразæг. Сергейæн йæ лирикон хъайтар, йæхæдæг куыд у, раст афтæ лæууы фæллойы къахыл, йæ куыстæй райы йæ зæрдæ, æмæ цыфæнды зынтыл кæй уæлахиз кæны, уымæй, фæлойгæнæгæн куыд æмбæлы, афтæ буц у.

Адæймаг кæдæм æмæ цæмæн цæуы, уыдон куы зона, уæд Танталы зынтæн дæр фæразон у. Поэты лирикон хъайтар цыфæнды фыдтæн уымæн быхсы, йæ уд фыдзынтæ кæм æвзары, кæм ын суæлæнгай вæййы, уыцы зындоны сæрты дæр уымæн ахизы, йæ рухс фидæн æй кæй уырны. Уыцы фидæн у ныфсдæттæг, царддæттæг («Дæ мидбылхудт»):

*Цыдтæн. Мæ фæндаг дард уыд æмæ зын.*
*Кæм цудыдтон. Кæм, зоныгдзавдау, хаудтæн размæ.*
*Ныббадт-иу мигъ, мæ развæндаг нæ зынд,*
*Цæуæн нæ уыд бырыдтæн-иу мæ фазыл.*

*Мæ мидæг саст, мæ дзуарау, мæ ныфс,*
*Хæтæнхуагау-иу фæндаджы был бадтæн.*
*Мæ ныв ныффыссæг, мацыуал ныффыс, –*
*Мæ маст-иу калдтон, – мауал ратт, мæ радтæг!*

*Мæ фæндагæн йæ хæрд фæци. Ныр ма*
*Йæ уырдыг уыд. Уæд иу дзæнæты рагъыл*
*Сырхбыл сæуæхсид схæцыди цыма,*

*Раст уый хуызæн дæ мидбылты худт райхæлд.*[1]

«Цард уæрдоны цалхау зилы, цардæн иу ран лæууæн нæй»,[2] – дзырдта Сослан Цæразон. Æмæ йæ чи 'мбары, адæймаг рухсмæ цæй тыххæй фæзыны, уый чи зоны, дуне фæрæсугъддæр, фæхъæздыгдæр кæнынил йæ уд чи фæхъары, уымæн цæрын æнцон никуы уыд æмæ нæу. Фæлæ царды æрдзон æгъдæуттæн нæй фæивæн. Нæ дæр сæ сæрты агæпп кæндзынæ, тынг дæ куы бафæнда, уæддæр. Нæу æнцон, æппынæдзух йæ уды хъынцъымы ауунæй дæр мидбылты бахудынил чи фæархайы, уыцы Сергейæн дæр, Александр Блокы фæзмгæйæ[3] («Вечный бой! Покой нам только снится Сквозь кровь и пыль…») уымæн зæгъы: «Æнцойад нæй!»

Уыцы зæрдæуаг ын фыдæлтæй бынау баззадис æмæ йæ нæ рох кæны. Стæй йæ ферох кæна, ууыл нæ дæр архайы. «Цард хъæбысæй хæст у, цард тох у»,[4] – дзырдта Нигер. Æмæ, хъысмæтæй йæ æргъомбасты цы фæцис Сергейæн, уый, йæ дзуарау хæссы, лæгау-лæгæн куыд æмбæлы, афтæ – æнæ хъæр, æнæ хъæлæбайæ. Цардивæны тыххæй поэт афтæ зæгъы («Демократи»):

*Рацæй рабон и 'мæ 'рцыди цардивæн, –*
*Ныр бæллиццаг демократи уыдзæн.*
*Ныр нæ бæстæ й' арæнтæй арттивдзæн,*
*Цард дзы леуахитæ кæндзæн.*

*Ног хъуыды ныл йæхи ныббаста 'мæ*
*Баци не 'мдзæрин плюрализм:*
*Куыдз куы лæбура – ма йын зæгъ «астæмæ!»,*
*Куыдз лæбура, уый бар ын ис.*

*Ныр нæ фæндагыл цъындæй нал хитæм,*

---

[1] Х у ы г а т ы  С е р г е й. Хуры рæгъ. – Дзæуджыхъæу, 2008. – 58 ф.
[2] Ц æ р а з о н  С о с л а н. Алгъуызы кадæг. – Цхинвал, 2016. – 83 ф.
[3] Б л о к  А л е к с а н д р. Собр. соч. в 6 т. Т. 2. – Ленинград, 1980. – 85 ф.
[4] Н и г е р. Уацм. æххæст æмб. 3 т. Т. 3. – Дзæуджыхъæу, 1968. – 359 ф.

*Нал и не ‘хсæнады буары низ.*

*Искæй мады ‘лгъитыс – ралгъит æй, –*

*Уый дæр демократи – плюрализм.*[1]

Цæргæс арвы æгæрон тыгъдад лыг кæнгæйæ фидауы, лæгау-лæг – зынтыл уæлахиз кæнгæйæ. Æмæ Сергей «цыфæнды зынтæн дæр фæразын» куы зæгъы («Цæрын зын у…»), уæд уый æппæлæн дзырд нæу, фæлæ царды рæстдзинад. Æцæг, Беджызаты Чермен загъта: «Царды фадæттæ адæмыл æмхуызон уæрст… не сты».[2] Хуыгайы-фыртæн йæ зынтæ бырсынæн æххуыс кæны йæ зæрдæйы уарзт Фыдыуæзæгмæ, цардмæ, адæймагмæ… стæй уæ кæд йæ базонын фæнды, уæд сылгоймагмæ дæр. Нафи зæгъы: «Сергей, цыфæнды куы фысса (æмдзæвгæ, радзырд, уацау, критикон уац) – кæддæриддæр кæны зæрдиаг ныхас, былалгъæй дзурын нæдæр зонгæ кæны, нæдæр йæ бон у. Ацы æрдзон миниуæгыл амад кæй у йæ удыхъæд, уый зоны нæ Поэт йæхæдæг дæр æмæ йыл сæтты».[3] Кæй зæгъын æй хъæуы, уыцы хъуыддаг ын уынæм йæ уацмысты. Стæй царды дæр. Уыцы уарзт, йæ зæрдæйы уарзт æй сдзурын кодта йæ сыхæгты номæй – йæ фыццаг чиныг рухсмæ уымæн рахаста уыдон номыл. Уыцы уарзтæй цæуы йе стыр сагъæс дæр («Дæуæн тарстæн»):

*Кæм ныккалди мæ фыды туг, нæ зонын, -*

*Хæххон уæлмæрды не 'рцыди ныгæд.*

*Дзæгъæл быдыры амæлæг хæстонæн*

*Кæд чындæуыди марды митæ, кæд?..*

*Йæ цонг æрхаста ме 'фсымæр зæбулæй,*

*Фыдгул ын æй ныррæхуыста кæмдæр.*

*Æз та-иу кастæн фæндагмæ сæркъулæй,*

*Æнафоны фæхаласи мæ сæр:*

---

[1] Хуыгаты Сергей. Хуры рæгъ. – Дзæуджыхъæу, 2008. – 94 ф.
[2] Беджызаты Чермен. Æзæрст уацмыстæ. – Сталинир, 1958. – 95 ф.
[3] Джусойты Нафи, Мамиаты Изетæ, Хъазиты Мелитон. Ирон литературæ. 11 къласæн. – Дзæуджыхъæу, 2013. – 224 ф.

*Мæ зæрдæ уæд нæ бинонтыл нæ рысти,*
*Нæ бастъæлдта мæ сидзæры бон мæн, –*
*Мæ сомыгæнæн, райгуырæн Ирыстон,*
*Фыдызнæгтæй дæуæн тарстæн, дæуæн!*[1]

Фыдыбæстæ райгуырæн уæзæгæй райдайы. Адæймаг йæ райгуырæн уæзæг цас уарзы, уымæй ис базонæн, йæ Райгуырæн бæстæйыл цас æнувыд у. Æмæ адæймаг йæ зæрдæйы хъустæй ахсы, Сергейы лирикон хъайтарæн хъæуы «хæмпæл, хъолоджын фæндæгтæ цæмæн» сты йæ «царды бонты бульвар!», йæ саби-бонтæй фæстæмæ хъæумæ цæй тыххæй у баст, «уыцы 'рттивгæ рухс горæтты астæу» уый цæмæн æвзары цæрынæн…

Стыр францаг фыссæг Жан Жак Руссо, цæмæй саби стыр æмбæстаг, сæрибаруарз æмæ гуманон рацæуа, уый тыххæй сидт: «Наблюдайте природу и следуйте тем путем, который она намечает для вас».[2]

Адæймаг бæгъæввадæй цы уæзæджы хъарм чъылдымыл згъора, хуры тынтæй хæдзар кæм араза, йæ зæрдæ фыццаг хатт уарзты ахæсты кæм фæуа, фæллойы ад кæм базона, уымæн ферохгæнæн никуы уал вæййы («Уарзын хъæу»), æмæ йын йæ цард дæр кæндзæнис нывонд: «Хæхтæ, хæхтæ, уæ низтæ уын бахæрон, Кæд, куыд рæсугъд, куыд дзæбæх стут!» («Хæхтæм»). Æмæ диссаг нæу, суанг йæ фынты дæр хъæуы кæй балæууы, æмæ кæй уыны сæ тæрхæджы бын «рагъамад картофæй» царды гуырдз тæлфгæ куыд худы; арвы «сонт гæрах» куы фæцыд, уæд кæй фесхъиудта, кæй фехъалис йæ уаты, йæ дзæнæты бадинаг фыд та лæугæйæ кæй баззад къæвдамæ («Хъæууон фын»). Фæлæ «æвзæр æмæ дзæбæх зæгъæг нæй»[3] рагæй фæстæмæ нæ критикæйы, цалынмæ нын исчи нæ къахыл нæ фæлæууы, уæдмæ. Стæй тымбыл къухæй ныххойæм нæ риутæ. Раскъæфæм лæгмарæн кæрдтæ. Йæхæдæг та, мыхуыр дзырд æрцахсæг æппæлой кæйдæртау, йæхиуыл

[1] Х у ы г а т ы  С е р г е й. Мæ сыхæгты номæй. – Дзæуджыхъæу, 1968. – 18 ф.
[2] А р т а м о н о в  С. Д.  и  Г р а ж д а н с к а я  З. Т. История зарубежной литературы XVIII века. – М., 1956. – 275 ф.
[3] Д ж у с о й т ы  Н а ф и. Литературон критикæйы фæдыл / Коммунист, 1946. – 30 июль.

дифирамбтæ нæ фыссы. Æндæра, цы поэтикон ад улæфы Сергейы сфæлдыстадæй, æмæ нын нæ поэзи чи хæдхуыздæр кæны, йæхи уды чи ис, уыцы фæлмæн юмор æмæ йæхихуызæн ритмикæйæ, уый хъуамæ раджы федтаиккам æмæ банкъардтаиккам («Царды æдде»):

*Цардæн й' алыварс зилын уал азы,*
*Фæлæ бафтон мидæмæ –*
*Нæй,*
*Къулыл хизон, –*
*Мæ ныфс мæ н' аразы.*
*Уæдæ йæм дуар та н' арын бынæй.*

*Зилын зилæнты,*
*Джиуын джиуæнты,*
*Змæлын адæмы къæхты бын.*
*Искæй бафæрсин, фæлæ чи уæнды*
*«Ам кæуылты?..»-йæ фæрсын.*

*Алчи сызнæт и æмæ сбирæгъ и, –*
*Хъуысы дæндæгты къæрцц-къæрцц.*
*Ныр куыд балæууон семæ иу рæгъы, –*
*Исчи м' аныхъуырдзæн æд кæрц.*[1]

Хуыгайы-фырты дзуринæгтæн поэзийы фæлгæттæ къуындæг кæнын куы райдыдтой, уæд сæ ахаста прозæйы жанрмæ, фæлæ йæхи поэтикон фæзилæнтимæ. Æмæ нæ фæрæдыд. Йæ фыццаг зынгæ уацмыс уацау «Æхсырласæг»-æй йыл ирон чиныгкæсæг уайтагъд æрæвæрдта йæ цæст.[2] Уый хуымæтæджы нæу. Уацау йæ фыццаг рæнхъыты лирикон комулæфт,

---

[1] Х у ы г а т ы С е р г е й. Хуры рæгъ. – Дзæуджыхъæу, 2008. – 150 ф.
[2] Х æ м ы ц а т ы А. Хæдæфсарм курдиат / Рæстдзинад, 1993. – 17 июнь.

адджын юмор æмæ хурбыд хъуыдыйæдтæй ацахсы чиныгкæсæджы: «Æхсырласæгæн уыди стыр фындз. Уæвгæ йын ахæм стыр фындз дæр нæ уыд, фæлæ адæм диссаг сты: иугæр иуы дзыхæй сирвæзти, Данелæн стыр фындз и, зæгъгæ, уæд æгас хъæубæсты æндæр ныхас нал уыди».[1]

Чи зоны, Сергейæн ацы рæнхъытæ сфæлдисгæйæ, цы литературон аивтæ сæ бавæрдта, уыдон иууылдæр зондæй цыдысты æви нæ, фæлæ, аивады кусæгмæ, зонгæ-зонын кæй нæ саразы, уыцы аивтæ дæр фæзынынц æрдзæй рахæсгæ курдиаты фæрцы. Æмæ Хуыгайы-фырт дыууæ хъуыдыйадæй йæ уацмысмæ ныррухс кодта чиныгкæсæджы фæндаг. Уыцы хъуыдыйæдтæ йæ сцымыдис кодтой æхсырласæг Данелы хабæрттæ базонынмæ.

Поэтикон аивтæй хъацыд деталтæ, цауты фæрцы ныккæсæм, йе стыр фындзы тыххæй дæр адæмы раз чи фæкъæмдзæстыг вæййы, уыцы Данел-Фындзийы зæрдæмæ. Хин æмæ дзы кæлæнæн сæ кой, сæ хъæр нæй. Цыма йын афтид у. Фæлæ «адæмы аразгæ дæр уарзондзинад кæны, сафгæ дæр»,[2] – загъта Секъа. Æмæ Данелы зæрдæйы ныффæйлауæнтæ кæны сæ колхозы ног зоотехник рæсугъд Изетæйы уарзт. Фыссæг йæ фæлмæн юморы фæрцы дыууæ æвзонг адæймаджы зæрдæ-дзурæнтæ, уæлдайдæр, лæппуйы рухс бæллицтæ саймайты, цыма йæм уыдон кой нæй, афтæ раргом кæны, нæ цæстыты раз нын сæ афтæ ранывæнды æмæ схион вæййынц чиныгкæсæгæн. Фæлæ нын бынтон æнæнхъæлæджы цы хабар вæййы æмæ æвиппайд дисы кæмæй бахауæм, уый – Изетæ рынчындоны йæхи Данелы ус куыд схуыдта?! Хъæубæсты ма уый хъуыдис, цæмæй артæнхæлдтæ кодтаиккой фырхудæгæй. Æмæ худтысты, уæдæ, цы. Рынчын лæппу-иу сæ айрох:

«– Нæ, фæлæ ныры фæсивæд цы фидар ныхы хицау сты! Дохтыр, зæгъы, афтæ куы загъта, йæ мад æмæ, дам, йæ ус рацæуæнт, уæд, зæгъы, Анетæмæ дæр нал фæкаст, афтæмæй фæмидæги.

– Чи, чи? Кæмæй зæгъыс?

– Мæнæ нæ зоотехник, Изетæ.

---

[1] Х у ы г а т ы  С е р г е й. Æхсырласæг. – Дзæуджыхъæу, 1973. – 5 ф.
[2] Г æ д и а т ы  С е к ъ а. Азау. – Дзæуджыхъæу, 1981. – 167 ф.

– Мæ мард фен?

– Уæдæ!

– Дудгæ бада! Æвæццæгæн æй уарзы, мæгуыр!»[1]

Фæлæ сæм, – чиныгкæсджытæм дæр, – уымæй диссагдæр фæкæсы, Изетæ, цыма Данел-Фындзийы зонгæ дæр нæ кæны – чындзы фæцæуы колхозы сæрдар Хъуыдæбердмæ.[2]

Сергейы сфæлдыстадыл чи фæдзурынц, уыдон ииуылдæр фæдис кæнынц, фыссæг цæмæн равзæрста уарзты æрæткъуымонæн ахæм кæрон. Фæлæ, бæстон куы ахъуыды кæнæм, уæд, Данел æмæ Изетæ куы баззадаиккой уыцы уавæрты иумæ, уæд уый ноджы диссагдæр уыдаид, уымæн æмæ заманайы аив уацмысæй рауадаид хиирхæфсæн мелодрамон уацау. Изетæ шофыры бæсты сæрдар æмкъай цæмæн равзæрста, уымæн аххосæгтæ агурын нæ хъæуы. Сылгоймаджы митæн сæ логикæ сæхи мидæг фæхъæуы агурын, алы хатт сын царды закъæттимæ нæ вæййы æрæмныхгæнæн. Чи зоны, сæ тых уыцы сусæгдзинæдты ис.[3] Сергейы уацмысты тых разыны йæхи хуымæтæг дзуринæгты, уæлдайдæр, оригиналон дзуринæгтæ куы ссары, уæд уым.

Йæ уацмыстæ та цъус не сты: æмдзæвгæтæ  æмæ радзырдтæ, уацаутæ – «Бонвæрнон» (1964), «Мæ сыхæгты номæй» (1968), «Æхсырласæг» (1973), «Фæндаджы мæт» (1976), «Хурвæндаг» (1980), «Зарæг баззадис мемæ» (1983), «Уый дын Хепа» (1990), «Уацаутæ» (1993), «Урс изæртæ» (2000), «Хуры рæг» (2008), «Сæнæфсиры цупæлттæ»; романтæ – «Ацы хъарм арвы бын» (1987), «Нарты Фарнæг» (2005)… Фыссæг архайы, йæ бон куыд у, афтæмæй сабийæ зæрондмæ ирон адæмы цард алыварсонæй равдисыныл. Æмæ уый йæ къухы æфты. Уæлдай аивдæрæй ныв кæны хъæууон адæмы удыхъæд, хъæууон цард. Уыцы миниуæг йæ прозæмæ йæ поэзийæ рахызт. Кæй йыл нæ исы йæ къух, уымæй раст кæны. Н. В. Гоголь загъта: «Благоухающими устами поэзии навевается на душу то, чего не внесешь в

[1] Х у ы г а т ы  С е р г е й. Уацаутæ. – Дзæуджыхъæу, 1993. – 39 ф.
[2] Уый дæр уым, 64 ф.
[3] Ц г ъ о й т ы  Х а з б и. «Æхсырласæг»-æй – «Нарты Фарнæг»-мæ / Рæстдзинад, 2008. – 23 октябрь.

них никакими законами и никакой властью!»[1] Йæ сыгъдæгзæрдæ дзуринæгтæ, иууыл зынаргъдæр ын цы динадзырд у, уырдыгæй нывæфтыд дзырды фæрцы тадзы йæ чиныгкæсджыты зæрдæтæм.

Æнæмæнг исчи ахъуыды кæндзæнис, ома фыссæджы уыцы уацмыстæ йæ дыккаг романы онг дзурæг сты колхозонтæ æмæ колхозты цардыл, афтæмæй уыдон дæр, сæ проблемæтæ дæр ныр никæйуал хъæуынц.

Уый цасдæр бæрцæй царды хъыгаг рæстдзинад у, фæлæ иу хъуыддаг не 'мбæлы рох кæнын: æцæг аивадон уацмыс цыфæнды дугивæнты дæр нæ сафы йе 'цæг бакаст æмæ нысаниуæг. Сергейы уацмыстæ дзурæг сты бæлвырд рæстæгыл æмæ æвдисдзысты сæ дуджы цæсгом. Æвдисдзысты йæ алыварсонæй, лирикон æмæ эпиконæй, аивадонæй.

Афтæ куы вæййы, уæд æнусты фæстæ дæр йæхимæ фездахы фæс-фæстагæтты цæстæнгас. Раст ын йæ дыккаг роман «Нарты Фарнæджы» йæхи цæстæнгас рагон нæртон адæмы цард йæхимæ куыд аздæхта, афтæ.[2]

Уый æнæнхъæлæджы нæу: «Зарæг, таурæгъ æмæ кадæджы мыггагæй ирон адæм цы æрымысыдысты, уыдонæн сæ сæргъ лæууынц нарты кадджытæ»,[3] – дзырдта Тыбылты Алыксандр æмæ нæ уыдонмæ ноджы æмæ ноджы æнусты хъæудзæнис ног æмæ ногæй здæхын.

Нарты нæ ирон адæм æрмæст нæ алæмæтон эпосы хъайтартыл нæ нымайæм, фæлæ сæ хонæм нæ фарн, нæ намыс. Цæргæ-цæрæнбонты фæлтæрæй-фæлтæрмæ тыхы дугты тонæм нæ Хуыцауы ратгæ нымад бонтæ, нæ фыдызнæгтыл фæуæлахиз уæм, уый нын свæййы царды нысан: кæнæ – сæрибар, кæнæ – мæлæт! Нарты хъайтартæ нын фылдæр уый тыххæй сты тох æмæ царды символтæ. Фæзмæм сæ царды сæрыл удуæлдай тохты. Ноджы сæ фæлгонцтæ, нæ æрдхæрæны зондджын фыдæлты удтæй ратæдзгæ фæлгонцтæ афтæ диссаджы аив арæзт сты, æмæ сæ цыма хохы фахсæй скъахтæуыди – ницы сæм бафтауæн ис, ницы сæ æппаргæ акæндзынæ, тынг дæ куы бафæнда, уæддæр.

---

[1] Г о г о л ь Н. В. В чем же, наконец, существо русской поэзии и в чем ее особенность // К о л е к т и в а в т о р о в. Зарубежная поэзия в переводах В. А. Жуковского в 2 т. Т. 2. – М., 1985. – 520 ф.
[2] С а б а й т ы С у л е й м а н. Уацты æмбырдгонд. – Дзæуджыхъæу, 2008. – 121 – 131 ф.
[3] Т ы б ы л т ы А л ы к с а н д р. Уацмысты æмбырдгонд. – Цхинвал, 1988. – 237 ф.

Нæ фысджытæй сæ ирон литературæмæ æрбахонынил чи ацархайдтой, уыдон, æвæццæгæн, уый тыххæй не 'внæлдтой хъайтарты удыхъæд, стæй сюжеттæ фæивынмæ дæр. Фæлæ Джусойты Нафи йæ дилоги «Сырдоны цæссыгтæ»-йы[1] нарты цард дæр, нарты хъайтарты дæр æддæг-мидæг афтæ сцыхауи кодта, æмæ сæ чи кæцы у, уый ничи уал базыдта. Уымæн æмæ нарты уынаффæгæнджытæ, гуыппырсартæ æмæ номхæссæнтæн, адæм сæ цæй тыххæй уарзынц, уыцы миниуджытæй сын сæ тохмонц æмæ сæ зæрдæхцон хъуыддæгтæ фæирддæр кодта, сæ сафæг, «гæды гацца Сырдоны»[2] та сын сæ ирвæзынгæнæгæй равдыста. Æмæ уыцы «хивæнд» зондыл абон дæр нæма æрцахуыр ирон чиныгкæсæг – адæймаг гуырдзæй цы хъуыдыфыст рахæссы, уый сартæй дæр не скъахдзынæ.

Фæлæ Нафийы роман уæдæй фæстæмæ нæ нывæфтыд литературæйы цы зынгæ уацмыстæ расайдта, уыдонæй иу у Хуыгаты Сергейы роман «Нарты Фарнæг»[3] – аив, зæрдæмæдзæугæ чиныг. Кæд æм иуæй-иу рæтты, нæ прозæйæн характерон чи сси, уыцы арæх дзырды тæваг хæццæ кæны, уæддæр уый нæ хъыгдары чиныгкæсæджы тыхысæрыл хæст нарты ‘хсæн хæрззонд Фарнæджы хабæрттимæ зонгæ кæнынæн. Адæймаджы цæстæнгас йæхимæ цæмæй аздаха Фарнæг, уый йæм ис – зонды тых! Тыхы сæрыл лæуд нарты ахуыр кæны адæймаг уарзыныл. Философон хъуыдытæй сæ карды хъæдыл хæцыны бæсты уромы фарны дзырдыл, адæммæ рухс хæссыныл.

Фарнæджы фидарæй уырны, æрмæстдæр рухс фæд уадзгæйæ, кæй ис фидæнмæ цæуæн. Йæхи загъдау – йæ зæрдæ дардта: «Ныхасыл. Ныхас дурмæ куы хъары, уæд адæймаг чи у, адæмы хъæр кæмæ хъары, уымæ куыд нæ бахъардзæн ныхас?! Ныхас кард дæр у ‘мæ уарт дæр. Æмæ уымæй цы хъуыддаг нæй алыггæнæн, ахæм хъуыддаг нæй ацы дунейы. Фæлæ йын иуæй аргъ кæнын нæ зонæм, иннæмæй йемæ архайын нæ базыдтам нырма – ацы сæфтмæ нæ уый æртардта»,[4] – фидар у Фарнæджы фæнд æмæ нын цасдæр бæрцæй нæ зæрдыл лæууын кæны, нæ фыдбоны сыхæгтæй нæм цы

[1] Д ж у с о й т ы  Н а ф и. Сырдоны цæссыгтæ. – Дзæуджыхъæу, 2005. – 5 – 655 ф.
[2] Нарты кадджытæ. – Дзæуджыхъæу, 1975. – 146 ф.
[3] Х у ы г а т ы  С е р г е й. Нарты Фарнæг. – Дзæуджыхъæу, 2005. – 5 – 335 ф.
[4] Х у ы г а т ы  С е р г е й. Нарты Фарнæг. – Дзæуджыхъæу, 2005. – 331 ф.

ӕнӕнымӕц эговоисттӕ цӕуынц, не знӕгты раз нӕ лӕгъстӕгӕнгӕ нӕ зонгуытыл ӕрлӕууын кӕнынмӕ чи хъавынц, цӕмӕй нӕ фӕцӕгъдой нӕ фыдгултӕ, уыцы «сабырдзинад» тауджыты цӕмӕй ӕхсӕны дурӕй цӕвӕм.

Дӕ марӕг, дӕ сафӕгмӕ, ӕдых куы уай, уӕд дӕ ныхас нӕ фехъуысдзӕн, цасфӕнды фӕрнджын ныхас уӕд. Цӕмӕй дӕ дзырды фарн уа, уый тыххӕй хъуамӕ тыхджын уай. Фарнӕг уымӕн нӕ уӕлахиз кӕны, ӕдых кӕй у.

Фӕлӕ уый хыгъд царды рӕстдзинадӕй уӕлахиз кӕны роман.

Уый у йӕ автор Хуыгаты Сергейы уӕлахиз.[1] Бонзонгӕ адӕймаг ӕмӕ фыссӕгыл азты уӕз йӕ гакк не 'вӕры, иу чиныгӕй-иннӕмӕ зыны нуарджындӕрӕй, йӕ уацмыстӕ фӕрухс кӕнынц тынгӕй-тынгдӕр, ӕмӕ уый дзурӕг у йӕ курдиатыл, йӕ гуырдзӕй рахӕсгӕ амонды фӕдыл ӕнӕдызӕрдыгӕй кӕй цӕуы, уый фӕрцы.

Рухс цы ӕмӕ чи кӕнынц, уыдонӕн царды ӕмбал нӕй. Малиты Геуӕрги Октябры революцийы фӕстӕ уымӕн сидт фӕсивӕдмӕ: «Арвмӕ мӕсуг амайетӕ, Хормӕ скӕнетӕ фӕндаг»[2] («Федог»). Хуыгаты Сергей йе сфӕлдыстады ӕппынӕдзух уымӕн бӕллы ӕмӕ тырны рухсмӕ, хурмӕ: «Ацы хъарм хуры бын», «Мӕ рухс изӕр», «Ракӕс, хур», «Мӕ сӕфт хурбон», «Мӕ хур бонтӕ», «Хуры рӕгъ»… Ӕгӕрыстӕмӕй, йӕ чингуытӕй цалдӕрӕн нӕмттӕ дзырд хуримӕ бастӕй радта: «Урс изӕртӕ», «Хурвӕндаг», «Хуры рӕгъ» ӕмӕ йын хурмӕ бӕлгӕ ӕмӕ цӕугӕйӕ ирон дзырдаивадмӕ рухс кӕнынц йӕ нывӕфтыд фӕндаг.

## СПАЙДАГОНД ЛИТЕРАТУРӔ

1. А б а е в В. И. Осетинский язык и фольклор. Л., 1949;
2. А р т а м о н о в С. Д. и Г р а ж д а н с к а я З. Т. История зарубежной литературы XVIII века. – М., 1956;
3. Ӕ г ъ н а т ы Ӕ х с а р. Не ‘взаг – нӕ истори. Цхинвал, 1987;
4. Б е д ж ы з а т ы Ч е р м е н. Ӕвзӕрст уацмыстӕ. – Сталинир, 1958;

[1] С а б а й т ы С у л е й м а н. Уацты ӕмбырдгонд. – Дзӕуджыхъӕу, 2008. – 121 – 131 ф.
[2] М а л и т и Г е у ӕ р г и. Ирӕф. – Уадзимистӕ. – Дзӕуджыхъӕу, 1973. – 24 ф.

5. Б е к о е в Г. ????????????? // А в т о р т ы к о л л е к т и в. Известия СОНИИ. Выпуск 1. – Дзæуджыхъæу, 1925;
6. Б е с т а у т ы Г и у æ р г и. Уадтымыгъ. – Сталинир, 1958;
7. Б е с т а у т ы Г и у æ р г и. Уацмыстæ 3 т. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 2003;
8. Б е с т а у т ы Г и у æ р г и. Уацмыстæ 3 т. Т. 3. – Дзæуджыхъæу, 2004;
9. Б и б о е в а И., К а з и т ы М. Писатели Осетии. – Владикавказ, 2015;
Б л о к А л е к с а д р. Собр. соч. в 6 т. Т. 2. – Ленинград, 1980;
10. Б р ы т ъ и а т ы Е л б ы з д ы х ъ о. Уацмыстæ 2 т. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 1981;
11. Б р ю с о в В. Я. Сочинения в 2 т. Т. 2. – М., 1987;
12. Г а ф е з. Адджын у цард. – Сталинир, 1948;
13. Г а ф е з. Козаты Исидор // А в т о р т ы к о л л е к т и в. Хуссар Ирыстоны фысджытæ. – Цхинвал, 1967;
14. Г æ б у л т ы М е л и т о н. Царды гуылфæнты. Сталинир, 1954;
15. Г æ д и а т ы С е к ъ а. Азау. – Дзæуджыхъæу, 1981;
16. Г æ д и а т ы Ц о м а х ъ. Уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 1959;
17. Г а ф е з. Æлвæст кард // Фидиуæг, 1959. – № 3;
18. Г о г о л ь Н. В. В чем же, наконец, существо русской поэзии и в чем ее особенночть // К о л е к т и в а в т о р о в. Зарубежная поэзия в переводах В. А. Жуковского в 2 т. Т. 2. – М., 1985;
19. Г р и б о е д о в А. С. Горе от ума. Л., 1987;
20. Г у р д ж и б е к о в а И р и н а. Бессонница / Северная Осетия, 1993. – 17 июнь.
21. Г у р д ж и б е т ы Б л а с к æ. Коста // А в т о р т ы к о л л е к т и в. Уалдзæггæнджытæ. – Цхинвал, 1978;
22. Г у с а л т ы Б а р и с. Хур æппæтыл не ‘ххæссы // Мах дуг, 1988. – № 8;
23. Г у ы т ъ и а т ы Х ъ а з ы б е г. Ирон æмбисæнттæ. Дзæуджыхъæу, 1976;
24. Д ж и к а е в Ш а м и л ь. Фольклор и осетинская советская поэзия (1917 – 1941). – Владикавказ, 1972;
25. Д ж у с о й т ы Н а ф и, М а м и а т ы И з е т æ, Х ъ а з и т ы М е л и т о н. Ирон литературæ 11 къласæн. – Дзæуджыхъæу, 2013;
26. Д ж у с о й т ы Н а ф и. Зарджытæ Фыдыбæстæйыл / Г а ф е з. Адджын у цард. – Сталинир, 1948;
27. Д ж у с о й т ы Н а ф и. Изæры рухс. – Цхинвал, 1987;
28. Д ж у с о й т ы Н а ф и. Ирон аив дзырды сæрвæлтау. – Цхинвал, 1966;
29. Д ж у с о й т ы Н а ф и. Иры хур ыскасти Нарæй. – Дзæуджыхъæу, 2009;
30. Д ж у с о й т ы Н а ф и. Книга друзей и наставников. – Владикавказ, 2011;
31. Д ж у с о й т ы Н а ф и. Литературон критикæйы фæдыл / Коммунист, 1946. – 30 июль;
32. Д ж у с о й т ы Н а ф и. Мысинæгты поэзи / Рæстдзинад, 2003. – 29 июль;
33. Д ж у с о й т ы Н а ф и. Сырдоны цæссыгтæ. – Дзæуджыхъæу, 2005;
34. Д ж у с о й т ы Н а ф и. Уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 2015;
35. Д з а б о л а т ы Х а з б и. Уацамонгæ. Дзæуджыхъæу, 1974;
36. Д з а с о х т ы М у з а ф е р. «Цатыр»-æй – цардмæ / Хурзæрин, 2016. – 31 март;

37. Д з у ц ц а т ы Х а д з ы-М у р а т. Биографии. – Цхинвал, 1990;
38. Д з у ц ц а т ы Х а д з ы-М у р а т. Знон æмæ абон. – Цхинвал, 1964;
39. Д з у ц ц а т ы Х а д з ы-М у р а т. Рæстæг æмæ литературæ. – Цхинвал, 1985;
40. Д з у ц ц а т ы Х а д з ы-М у р а т. Хæсты рæстдзинад // А в т о р т ы к о л л е к т и в. Плиты Грис æмæ ирон литературон процесс. – Дзæуджыхъæу, 2013;
41. Д з у ц ц а т ы Х а д з ы-М у р а т. Дыууæ дуджы астæу. – Дзæуджыхъæу, 2000;
42. Д ы г ъ у ы з т ы Т е н г и з. Сфæлдыстадон уæлтæмæны / Владикавказ, 2013. – 16 май;
43. Ирон æмбисæндтæ. – Дзæуджыхъæу, 1976;
44. К о з а е в А. И. Анахарсис. – Цхинвал, 1982;
45. К о р т а с а р Х у л и о. Ответственность писателя // К о л л е к т и в а в т о р о в. С кем вы, мастера культуры? – М., 1985;
46. К о ц о й т ы А р с е н. Уацмыстæ 2 т. Т. 2. – Дзæуджыхъæу, 1972;
47. К ъ о с т а. Ирон фæндыр. – Дзæуджыхъæу, 1984;
48. К ъ о с т а. Ирон фæндыр. Дзæуджыхъæу, 2009;
К ъ у б а л т ы А л ы к с а н д р. Уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 1978;
49. Л е р м о н т о в М. Ю. Собр. соч. в 4 т. Т. 1. – Л., 1979;
50. Литературная Газета, 2012. 19 – 25 сентябрь;
51. М а л и т ы В а с о. Рæстдзинады тæразыл // А в т о р т ы к о л л е к т и в. Критикон уацтæ. – 1990;
52. М а л и т ы В а с о. «Токкаты Алиханы сфæлдыстад…» // Т о к а т ы А л и х а н. Уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 2004;
53. М а м с ы р а т ы Т е м ы р б о л а т. Ирон зарджытæ. – Дзæуджыхъæу, 1982;
54. М а я к о в с к и й В л а д и м и р. Собр. соч. в 12 т. Т. 4. – М., 1978;
55. М у х и н Ю р и й. Путешествие из демократии в дерьмократию и дорога обратно. – М., 1993.
56. Н е к р а с о в Н. А. Полн. соб. соч. и писем в 15 т. Т. 2. – Ленинград, 1981;
57. Н е ч к и н а М. В. Грибоедов и декабристы. Изд. 2-ое. – М., 1951;
58. Н и г е р. Уацм. æххæст æмб. 3 т. Т. 3. – Дзæуджыхъæу, 1968;
59. Нарты кадджытæ. – Дзæуджыхъæу, 1975;
60. П л и т ы Г р и с. Æвзæрст уацмыстæ 2 т. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 1973;
61. П у ш к и н А. С. Собр. соч. в 10 т. Т. 2. – М., 1974;
62. Псал., 36, 27;
63. С а б а й т ы С у л е й м а н. Уацты æмбырдгонд. – Дзæуджыхъæу, 2008;
64. С к ъ о д т а т ы Э л ь б р у с. Хæдбындур, фæлгонцджын сфæлдыстад / Рæстдзинад, 2009. – 9 сентябрь;
65. Т в а р д о в с к и й А. Т. Собр. соч. в 6 т. Т. 5. – М., 1980;
66. Т е д е т ы Е ф и м. Æмæ уыдзысты дунетæ æмвынг / Рæстдзинад, 2008. – 20 август;

67. Т е д е т ы Р. К. Осетинская советская поэзия ( 20-ые годы). – Цхинвал, 1975;
68. Т о к а т ы А л и х а н. Уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 2004;
69. Т о к а т ы А л и х а н. Уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 1973;
70. Т у р г е н е в И. С. Полн. соб. соч. и писем в 28 т. Т. 8. – М. – Л., 1964;
71. Т ы б ы л т ы А л ы к с а н д р. Уацмысты æмбырдгонд. – Цхинвал, 1988;
72. Ф æ р н и о н. Уацмыстæ. Сталинир, 1959;
73. Ф е о г н и д, Е в р и п и д æмæ æндæртæ.;
74. Х æ м ы ц а т ы А л б е г. Хæдæфсарм курдиат / Рæстдзинад, 1993. – 17 июнь;
75. Х е т а г у р о в К о с т а. Собр. соч. в 3 т. Т. 3. – М., 1974;
76. Х е т а г у р о в К о с т а. Собр. соч. в 5 т. Т. 5. – М., 1961;
77. Х о д ы К а м а л. Арфдæр, парахатдæр // Мах дуг, 1973. – № 7;
78. Х о д ы К а м а л. Рагрухс æмæ фидæн / Х у ы г а т ы С е р г е й. Нарты фарнæг. Дзæуджыхъæу, 2005;
79. Х о д ы К а м а л. Уацмыстæ 3 т. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 2009;
80. Х у г а е в И р л а н. Песнь твоя – как плачь / Литературная газета, 2012. – 19 – 25 сентябрь;
81. Х у ы г а т ы С е р г е й. Хуры рæгъ. – Дзæуджыхъæу, 2008;
82. Х у ы г а т ы С е р г е й. Æхсырласæг. – Дзæуджыхъæу, 1973;
83. Х у ы г а т ы С е р г е й. Мæ сыхæгты номæй. – Дзæуджыхъæу, 1968;
84. Х у ы г а т ы С е р г е й. Нарты Фарнæг. – Дзæуджыхъæу, 2005;
85. Х у ы г а т ы С е р г е й. Уацаутæ. – Дзæуджыхъæу, 1993;
86. Х у ы г а т ы С е р г е й. Фæндаджы мæт. – Дзæуджыхъæу, 1976;
87. Х у ы г а т ы С е р г е й. Хурвæндаг. – Дзæуджыхъæу, 1980;
88. Х у ы г а т ы С е р г е й. Хуры рæгъ. – Дзæуджыхъæу, 2008;
89. Х у ы г а т ы С., Х о д ы К., Д ж ы к к а й т ы Ш. Бонвæрнон, 1962;
90. Х ъ а з и т ы М е л и т о н. Ирон хæзна. Т. 1. – Цхинвал – Дзæуджыхъæу, 2013;
91. Х ъ а з и т ы М е л и т о н. Къоста. – Дзæуджыхъæу, 2009;
92. Х ъ о д з а т ы Æ х с а р. Хадзы-Мураты элеги // Д з у ц ц а т ы Х а д з ы-М у р а т. Уынгæгбоны сагъæстæ. – Дзæуджыхъæу, 2010;
93. Ц æ г æ р а т ы Г и г о. Адæмы хъæбул // А в т о р т ы к о л л е к т и в. Ирыстоны кад. – Сталинир, 1959;
94. Ц г ъ о й т ы Х а з б и. Æхсырласæгæй – Нарты Фарнæгмæ / Рæстдзинад, 2008. – 23 октябрь;
95. Ч и б и р о в Л. А. Встречи с Васо Абаевым. Дзæуджыхъæу, 2000;
96. Ш о л о х о в М и х а и л. К писателям мира // К о л л е к т и в а в т о р о в. С кем вы, мастера культуры. – М., 1985.

Æ р т ы к к а г  с æ р

# ПОЭЗИЙЫ СУАДОН

## Æнæрцæф æмæ дзырдхъомæй. Йæ уды сæрибарæй искæй уды сæрибарæн аргъ кæнгæйæ. Нæ хуыздæртæ йын – табуйаг. Царды рæстдзинад æмæ поэты зæрдæдзурæнтæ. Сонеты дæсны. Мадæлон æвзагыл сагъæсгæнгæйæ. Æрдз цыкурайы фæрдгуытæй ныв кæнын. Хуыцауы Рæстдзинадмæ тырнгæйæ. Интимон уылæнтыл

30-æм азты троцкизмы азары æфсон ирон адæмы знæгтæ æмæ нæ дымыстъæр уæйгæнджыты къухæй Ирыстоны хуыздæртыл æрвылбон сæ цар куы калд, нæ аивады кусджыты, Ерыстаутæ сæ уырсыты сæфтæджыты бын сабиты куыд банай кодтой, афтæ кæй ныффæнык ластой, абон дæр нæ бирæтæ рæстдзинады сæрыл уый тыххæй нæ уæндынц сæ былтæ фæзыхъыр кæнын. «Æртынæм азты кæй æрцахстой, кæй фехстой кæнæ Сыбырмæ кæй ахастой, уым чи амард æмæ ма дзы удæгас чи баззад, уыцы фысджыты фæндзайæм азты среабилитаци кодтой. Фæлæ æххæстæй нæ. Уæд нæм сталинон тас нæма бамынæг, не уæнджы цы мигъ бадт, уый демократон дымгæ нæма фæхаста, нæ тоталитарон зондахаст æмæ психологийæ нæма схицæн стæм»,[1] – дзырдта Дзуццаты Хадзы-Мурат.

Æрмæст хистæр фæлтæры фысджытæ нæ. Йæхи цæстæй чи федта уыцы фыдтæ, йæхи рагъыл сæ чи бавзæрста, уый сæ схъиудзæнис йæ фынты дæр. Фæлæ сæ койæ чи æрыхъуыста, уыдонæй дæр бирæты уоны бады мигъ. Нигер йæхи сыгъд æмæ уырыд дугыл катайгæнгæйæ бæргæ дзырдта суинаг фæлтæрæй: «Сымахæн у, уыдзæн уæ дуг æндæр»,[2] – фæлæ нæм уыцы «æндæр дуг» никуы ма ничи федта. Джыккайты Шамил дзырдта: «Хъыгагæн, нæ уыцы æндæр дуг нæ уыд æмæ нæй нæ ирон фыссæгæн. Къуындæг бæстæ, гæвзыкк æмæ тыхст цард фадат нæ дæттынц афоныл фаг зонындзинæдтæ райсынæн, ирон фыссæгæн йæ тых басæтты ахуырад райсыныл, æнæбары

[1] Д з у ц ц а т ы  Х а д з ы-М у р а т. Уынгæгбоны сагъæстæ. – Дзæуджыхъæу, 2010. – 153 ф.
[2] Н и г е р. Уацм. æх. æмб. 3 т. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 1966. – 213 ф.

ærхæндæг æмæ иугъæдон куыстæй, маамæлайы къæбæры мæтæй, бинонты сагъæс æмæ ирон æгъдæутты уæзæй, ницы уыны дунейы диссæгтæй, æмæ æгъуыз царды нæ райрæзы йе сфæлдыстадон хъару, æрмынæг вæййы йæ поэтикон фантази, кусы фæлмаст æмæ зæрдæсастæй, æмæ йын фаг не 'нтысы уыдæтты аххосæй».[1] Ноджы йын дуг йæ хурхыл фæлæууы цъыф къахæй.

Хуыцау адæмы иугъуызон ма скæнæд. 60-йæм азты ирон поэзимæ цы бирæ фæсивæд ныггуылф кодтой, уыдонæй иууыл афтæ зæгъæн нæй, уыдысты нæ дзырдаивадмæ ног комулæфт хæсджытæ. Иу æфсиры гагатæ нæ вæййынц æмхуызон, уыдон куыд уыдаиккой сæ кæрæдзийы халдихтæ. Стæй, ивддзæгтæ чи кæной, ахæм аивады кусджытæ кæй бахъуыдысты. Дзырд, цардмæ сæ чи цы цæстæй кастис, йæ дзуринæгтæ цы уыдысты, ууыл цæуы. Кæд сæ исчи йæ ныхас æнæкъæзгæ, æхсарджынæй сфæрæзта, урсы урс схуыдта, сауы – сау; искæй къухы сæ кæд бафтыдысты дзырдты, фæлгæнцты, сюжетты зырнæйзылддæртæ, уæд уыдон хуыздæртæм хауы поэт, прозаик, публицист, тæлмацгæнæг Хъодзаты Æхсар. Йе 'мбаргæ царды райдианы скарста йæхи, йе сфæлдыстадон фæндаджы хætæнтæ. Кадагур, мулкагур, бынатагур никуы цыд. «Ахсар – уже с давних пор общепризнанный в Осетии поэт, думаю, лучший ее лирик, живой классик»,[2] – зæгъы Михаил Синельников. Æхсар йæ Фыдыбæстæ, йæ адæмы ныййарæг мады уарзтæй кæй уарзы, уымæн сын ныллæууыд лæггадгæнæг. Уарзтæн табугæнæджы къухы дур дидинæг æфтауы. Уыцы фыдæлтыккон фæткæн нæй аивæн. Æхсар йе сфæлдыстады тæккæ райдианы фæлгонцон хъуыдыйæ загъта йæ равзаргæ фæндаджы тыххæй: «Иры зæххæн райгуырдтæн фыртæн, Уарзын æз ныййарæгау нæ бæстæ Æмæ-иу мæ ингæныл цыртæн Сæвæрут цъæх айнæг дур æрмæстдæр» («Иры зæххæн райгуырдтæн фыртæн»).

*Царды кæд нæ баззайдзæн мæ фæд,*
*Кæд мæ зарæг зæрдæтæм нæ хъардзæн,*

[1] Д ж ы к к а й т ы  Ш а м и л. Ныхасы фарн. – Дзæуджыхъæу, 1996. – 175 ф.
[2] С и н е л ь н и к о в  М и х а и л. Воспаряющая песня / Литературная Россия, 2012. – 27 июня – 3 июля.

*Уадз, уæддæр мæ дурын цырт лæууæд,*
*Искуы йыл фæллад бæлццон æрбаддзæн!*[1]

Къубалты Алыксандр дзырдта: «Къостайæ раздæр рæсугъддæр æмæ зæрдæмæдзæугæдæр иронау ничи фыста».[2] Ничи дæр йæ фæстæ. Æхсары æмдзæвгæйæн дзæнæты бадинаг Къостайы зындгонд уацмыс «Зонын»-имæ, дзырд дæр ыл нæй, бынтондæр иумæйагæй ницы ис. Уæлдайдæр сын кæмдæрты сæ ныхасыхъæдмæ куынæ ныкком-коммæ уæм, цы ис, цынæ ис, уыдон сын тыхæй куынæ дзурын кæнæм, уæд. Къостайы æмдзæвгæйы лирикон хъайтар, куы амæла, уæд, йæ фæстæ чи баззайа, уыдонæй ницы домы. Æрмæстдæр хаудзæрдæйæ нымайы, фæстагæттæ нæ ирон æгъдаумæ гæсгæ, æнæмæнг цытæ кæндзысты уæлæуыл, куыд æй бавæрдзысты, уыдон: «Зонын, æфсæрмæй кæудзыстут, Бавæрдзыстут мын мæ мард, «Рухсаг у, рухсаг, – зæгъдзыстут, – Ницæмæн уал уыд дæ цард!»[3] («Зонын»). Фæлæ нæ рох кæй нæу, уый тыххæй Джусойты Нафи зæгъы: «Къостайы ном æдзухдæр ис не ʻхсæн æмæ немæ, нæй йын рохгæнæн, фæлæ уарзондзинад айдагъ дзыхы дзырдыл не ʻууæнды, хъуыддæгтæ æмæ нывæндтæ домы».[4] Æмæ уыдонмæ хъуамæ уæм цæттæ.

Къоста кæд æцæг нæ хурыскаст у – «Иры хур ыскасти Нарæй», раздæры СЦ ФЦ нымæрдар Н. М. Грибачевмæ гæсгæ, стæй æцæгдæр «Человек с большой буквы»[5] у, «Он уже полноправно вошел в великую семью мировых классиков»[6] æмæ «Всюду имя его пользуется почетом и уважением»,[7] – уæддæр йе ʻмдзæвгæйы кæрон йæ рæстæджы фæндвидарæй загъта: «Иу бон æгъгъæд у мысынæн, Иу бон кæндзыстут мæ дзырд, Уый фæстæ ферох

[1] А в т о р т ы к о л л е к т и в. Æрыгон фæлтæр. – Дзæуджыхъæу, 1959. – 12 ф.
[2] К ъ у б а л т ы А л ы к с а н д р. Уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 1978. – 181 ф.
[3] К ъ о с т а. Ирон фæндыр. – Дзæуджыхъæу, 1974. – 24 ф.
[4] Д ж у с о й т ы Н а ф и. Иры хур ыскасти Нарæй. – Дзæуджыхъæу, 2009. – 10 ф.
[5] Г р и б а ч е в Н. М. Человек с большой буквы // К о л л е к т и в а в т о р о в. Мятежная лира горца. – Владикавказ, 1091. – 13 ф.
[6] Уый дæр уым.
[7] Т и х о н о в Н. С. Слово о Коста Хетагурове // К о л л е к т и в а в т о р о в. Осетия в русской литературе. – Владикавказ, 1963. – 269 ф.

уыдзынæн, – Ничи уал зондзæн мæ цырт». Не ‘ууæнды, куы амæла, уæддæр ма йæ исчи мыса, ууыл. Уымæн æмæ хорз зыдта йæ мæгуыр адæмы.

Цы у уый: авторы пессимистон хъуыды? Нæ, æгъатыр царды, æгъатыр рæстдзинад. Æхсары лирикон хъайтар дæр йæхиуыл тынг не ‘ууæнды, уæддæр æй йæ гæрзтæ æрæвæрын нæ фæнды. Иры зæхх уыйбæрц уарзы, æмæ йын мæрдтæй дæр лæггадгæнæг куыд уа, уый йæ фæнды. Йæ «ингæныл цыртæн» æрмæстдæр «цъæх айнæгдур» уымæн æвæрын кæны, цæмæй уый фæрцы хорзы цæуа адæмæн: «Искуы йыл фæллад бæлццон æрбаддзæн!»

Поэт чысыл æви стыр адæмы уæхсчытыл лæууа, ууыл бирæ цыдæртæ баст сты. Нигер хъуыды кодта: «Максим Горький иттæг раст загъта: зонд, талант, адæймаг стыр адæмæй у æви чысыл адæмæй, уый сæрыл нæу, зæгъгæ. Фæлæ хъуыддаг афтæ у, æмæ зондджын адæймаг, курдиатджын адæймаг стыр адæмы «уæхсчытыл» куынæ лæууа, уæд никуыдæм зыны, стыр адæмы «уæхсчытыл лæугæйæ» куы нæ дзура, уæд йæ ныхас дард нæ хъуысы».[1]

Къоста æмæ Æхсар зонынц сæ мæгуыры бон. Пушкинау стыр адæмы уæхсчытыл куы лæууиккой, уæд загътаиккой ныфсджынæй: «Я памятник себе воздвиг нерукотворный, К нему не зарастет народная тропа…»[2]

Уый хыгъд чысыл адæмы поэт йæ Райгуырæн бæстæ, йæ адæмы уарзтæй хъуамæ уадза цъæх арт, цæмæй сын сæ удты рис равдиса дунейы дзыллæтæн. Йæ Фыдыбæстæ, йæ радтæг адæмы уарзтæй чи судза йе ‘взонджы бонтæй фæстæмæ, стыр курдиаты хицау чи уа, æппынæдзух куысты къахыл чи лæууа, уымæн куынæ хъуамæ æнтыса. Адæм уымæн акæнынц: «Мадзалджын лæг æнæдон ранæй дон ысхъарын кæндзæн».[3] Æмæ йæ хъарын кæнынц.

Æхсар æмдзæвгæты цикл «Рис»-ы зноны бонтыл, æнтъыснæджы тыххæй – «нæ фæстæ зилынц хахуыртæ куыйтау, къозбауы рувас батилы йæ къæдзил» æмæ сыл къух уадзын кæны, уæддæр йæ дзуринæгтæ абон уыны: «Гæртамхор лæг æрæвæры æгъдау / кæрæфы къах ыссивынмæ фæрæвдзи. / Тых æмæ тона, додой æмæ дау… / Хæлæджы цæст – æви нын фаг нæ фæци! –

---

[1] Н и г е р. Уац. æххæст æмб. 3 т. Т. 3. – Дзæуджыхъæу, 1968. – 596 ф.
[2] П у ш к и н  А л е к с а н д р. Собр. соч. в 10 т. Т. 2. – М., 1974. – 385 ф.
[3] Ирон æмбисæндтæ. – Дзæуджыхъæу, 1976. – 227 ф.

Йæ фæстæ фат æгъатыр у, тæссаг, / фæндагсудзæг у, макуы су йæ нысан!..» Поэты нæ фæнды сæ мысын. Зоны, уыдæттæ æрмæст знон кæй нæ уыдысты, кæй сæ уыны æрвылбон дæр. Уымæн зæгъы уайдзæфимæ («Æз æмæ знон»):

*Æниу кæм и мæхи уды дæр уаг,*
*сæрбахъуыды кæд амæлын нæ зонын*
*æмæ æрвитын карз уайдзæфтæ Знонæн?*[1]

Уыцы хъуыдыйыл хæст у «Дыууæ хъæры» дæр. Стæй зарæгмæ марынмæ чидæр кæм хъуыззы, уыцы «Хæфсытæ, тæрфæй уæ цæлхъ-зарын хъуысы»-йы дæр. Фæлæ «нæ дуг агуры ног зарджытæ».[2] Поэтмæ чидæр æххуысмæ куы сида, уæд дзы йæхи сæры сайраг хъуыддæгтæ хъуамæ рох уой. Иугæр тулдзау нынкъуысын йæ бон у, уæд рыг уæвын ма хъуамæ хæсса йæ сæрмæ. Поэтæн у адæмы разæй цæугæ. Нæй йын дызæрдыг кæныны рæстæг æмæ бар. Дыккаг æмдзæвгæйы куыд уынæм, афтæмæй зарæггæнæгмæ – хæфс уа, були æви, бæстæ кæмæ ныхъхъуыста – «Хетæджы сахъ фырт», алкæмæн дæр сæ йæ фыдбылыз йемæ цæуы. Фæлæ сæйраг у зарæг, уымæн æмæ уый у æнусон. Æнусон чи у, уый фæлдисæгæн лæмæгъ уæвыны бар нæй.

Фыссæг йæ азым куы зона, йæхицæн бауайдзæф кæнынæн куы уа, хæлæгмардæй йæхиуыл дифермбтæ куынæ фыссын кæна, уæд йæ амонд у. Нæ поэт уыцы «амондæй» æххæст у. Йæ зæрдæйы йе ‘взонджы бонты æрбынат кодта уарзт, курдиатгур никуыдæм ацæудзæнис, уæдæ, æппынæдзух куысты сæр кæй лæууы, нывæфтыд дзырдмæ фæлгонцвæлыст дзырд кæй æфтауы, æмæ ирон дзырдаивад бæрзонд кæй исы, уый алчи дæр зоны. Йæ рæстæджы йæ хистæртæй чидæр Нафийы цур дæлдзиныг кæнынмæ куы хъавыд, ома, ацы къæбæда кæстæрты сæ бынæтты æрбадын кæнын хъæуы, уæд йæ сæрыл уымæн рахæцыд: «молодых не на место надо ставить, а **предоставлять им место** на страницах печати, помогать им советом и своим

---

[1] Х ъ о д з а т ы Æ х с а р. Къостайы хæдзар. – Дзæуджыхъæу, 1991. – 85 ф.
[2] Т ы б ы л т ы А л ы к с а н д р. Уацмысты æмбырдгонд. – Цхинвал, 1988. – 255 ф.

доброжелательством».[1] Фæлæ нæм, хъыгагæн, рæвдауынæй рæуфауын хуыздæр фæкæсы.

***

Ирыстоны фарнæн нын радта Хуыцау фыссæг Хъодзаты Мæхæмæты фырт Æхсары. Райгуырд Ирыстоны цæгат хайы Бруты хъæуы 1937 азы, хурхæтæны мæйы 30-æм бон.[2] Уæдмæ, стæй бирæ раздæр Бруты хъæуы йæ сабибонтæ арвыста нæ фыццаг профессионалон поэт Мамсыраты Темырболат.[3] Уым райгуырд æмæ цард таурæгъгæнæг Санаты Уари.[4] Не скæнæджы комулæфт фæхæццæ Хъодзайы-фыртмæ дæр.

Алцæмæ цымыдис, зæрдæргъæвд æмæ фæндвидар Æхсарыл йæ сабибонтæ куыд тагъд аивгъуыдтой, уый йæхæдæг дæр рæстмæ нæ базыдта. Уæддæр та-иу фæкæс æмæ февзæрдысты йæ цæстыты раз: «О, мысын та, мысын, мæ сабион азтæ, / Къæскъæсгæнаг уæрдон мæн Туацъæмæ ласта. / Рыгкалгæ тылдысты тæссарвад цæлхытæ. / Дæргъæлвæс бæлæстæ… / Къæвдахæрд æрхытæ… / Ныгъуылдысты обæуттæ асæст-фæздæджы. / Тæлфыди тыппыр æртæх уазал кæрдæджы. / Уымæлдзæф бадыртæ, мæ саухал уыгæрдæн, / уæ уындыл, уæ кондыл æнувыд цæмæн дæн?»

Уымæн æмæ, уæдæй, сабибонтæй, йæ зæрдæ æмæ йæ хъуыды æнæфыст урс гæххæтты æнгæс куы уыдысты, уæдæй баззадысты йæ уд æмæ йæ хъуыдыйы. А. С. Макаренко Максим Горькиимæ ныхас кæнгæйæ хъуыды кодта: «Его интересовали новые позиции человека и новые принципы общественной, творческой дисциплины».[5] Æмæ уыцы фæлгæтты куы хъуыды кæнæм, уæд ацы æмдзæвгæйæ æнæфæхатгæ нæ фæуыдзыстæм, адæймаг сабибонты йæ хъуыдыйы цы ныффыссы, уымæн сæфæн нæй. Къахгæ дæр æй не скæндзынæ. Сабибонтæн сæхи фæстæмæ куыд нæ раздахай, афтæ.

---

[1] Д ж у с о й т ы Н а ф и. Поэт перед распутием / Южная Осетия, 1997. – 16 июль.
[2] Б и б о е в а И. Г., К а з и т ы М. Р. Писатели Осетии. – Владикавказ, 2015. – 422 ф.
[3] Х ъ о д з а т ы Æ х с а р, Х о д ы К а м а л. Иры фыццаг зарæггæнæг // М а м с ы р а т ы Т е м ы р б о л а т. Ирон зарджытæ. – Дзæуджыхъæу, 1982. – 9 – 10 ф.
[4] С а н а т ы У а р и // К о л л е к т и в а в т о р о в. Писатели Северной Осетии. – Владикавказ, 1992. – 66 ф.
[5] М а к а р е н к о А. С. Собр. соч. в 4 т. Т. 4. – М., 1987. – 378 ф.

Поэты зæрдæйы æнустæм мысинагæй баззадысты, йæ сабибонты цы диссаджы нывтæ федта, уыдон. Уæрдон ын у къæс-къæсгæнаг, цæлхытæ – тæссарвад, бæлæстæ – дæргъæлвæс, æрхытæ – къæвдахæрд… Æмæ нæ уыдон æркæнынц, куыд «ныгъуылдысты обæуттæ асæст-фæздæджы», куыд «тæлфыди тыппыр æртæх уазал кæрдæджы…» – æппæт уыдæттæ фенынмæ. Афтæмæй цæстуынгæ нывты фæрцы поэтæн раудæгас вæййы, йæ уындыл, йæ кондыл æнувыд кæмæн у, уыцы алæмæтон æрдз. Нæ разы сысты фæлгонцонæй, фенддагæй. Фæлæ лирикон хъайтары сабибонтæ кæй атæхынц, раздахæн сын кæй нал ис, ууыл у йæ катай:

*О каконы къутæр, æнкъардæй цы кæсыс?*
*Ацабийы суадон,*[1] *цыдæр мæ æмбæхсыс.*

*«… Мæ рагуалдзæг, раздæх!» –*
*Хъæлæсыдзаг сидын…*
*Охх, дзуаппы æнхъæлцау цæмæн лæууын хидыл?* [2]

(«О, мысын та, мысын мæ сабион азтæ»)

«Хид»-ы коймæ зæрдыл æрбалæууы, абон дæр ма йæ нысаниуæджы тыххæй нæ ахуыргæндтæ иу хъуыдымæ кæй тыххæй не ‘рцыдысты, Нигеры уыцы зындгонд æмдзæвгæ «Хидыл».[3] Авторы иутæ ахизын хонынц зæронд цардæй ног цардмæ «фæлварæн хидыл».[4] Нафи дæр зæгъы: «…æцæгæй дзырд цæуы Нигеры царды, хъуыдыйы, зæрдæ æмæ удварны раивдыл, сæ рахызтыл «фæлварæн хидыл».[5] Дарддæр фæбæлвырддæр йæ хъуыды: «Уый хъуыдис царды фæндаг равзарын ног дуджы социалон практикæйы».[6] Фæлæ ахæм хъуыдыйыл Шамил ницы хуызы уыдис разы: «Уый у бынтон

[1] Суадоны ном Брутмæ хæстæг, Туацъæ, зæгъгæ, уыцы быдыры.
[2] Х ъ о д з а т ы Æ х с а р. Рухс. – Дзæуджыхъæу, 1987. – 6 ф.
[3] Н и г е р. Уацмыстæ 3 т. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 1966. – 188 – 190 ф.
[4] А р д а с е н т ы Х а д з ы б а т ы р. Цард æмæ поэзи. – Дзæуджыхъæу, 1962. – 114 ф.
[5] Д ж у с о й т ы Н а ф и. Нигер. – Дзæуджыхъæу, 1990. – 222 – 223 ф.
[6] Уый дæр уым, 223 ф.

æнæбындур хатдзæг. Нæй уацмысы знон æмæ абоны кой».[1] Æмæ цæвиттонтæ хæссы, «фæлварæн хид» кæй цæуы адæмон сфæлдыстадæй. Йæ хатдзæг: «Куыд уынæм, афтæмæй хиды символон фæлгонц у рагон æмæ традицион. Уый æвдисы фæндаджы зын».[2]

Æхсарæн «фæлварæн хид» ссис сабикарæй тыхбыны куыстмæ хизыны рæстæг. Фæлæ рагуалдзæгæн нал дæр лæгъстæтæй ис раздахæн, нал дæр: «…Мæ рагуалдзæг, раздæх!» – хъæлæсыдзаг сидын…»-æй. Ис ын æрмæстдæр мысæн. Æмæ Æхсар уыцы мысинæгтæй сфæлдыста зæрдæзæгъгæ æмдзæвгæ «О, мысын та, мысын мæ сабион азтæ».

Афтæмæй, цард фæлгонцонæй уынгæйæ, йæ райгуырæн хъæуы скъолайы фæцис каст авд къласы. Фæцалх чиныджы æвзагыл. Уæддæр æй, æппæты фыццаг хур цы уæзæгыл федта, уым бахъуыд йæ ахуыр ныууадзын.

Нæ ирон адæмæн фыдæлтæй фæстæмæ у нæ уæрдон ифтыгъд. Нæ фидæны поэтæн йæ ныййарджытæ 1952-æм азы алыгъдысты Кæсæг-Балхъары автономон республикæйы Терчы сахармæ. Йæхицæн дæр цынæ цæугæ уыдис семæ æмæ зæрдæргъæвд лæппу астæуккаг ахуырад райста уым.

Хетæгкаты Къоста «Дæсаздзыд лæг у»,[3] – загъта («Чи дæ»), Æхсармæ та уыд астæуккаг ахуырад. Ирон адæймагæн рагæй фæстæмæ йæ тухæн йемæ райгуыры. Æвзонг лæппуйы дуджы фыд фехста царды хъæбысмæ – «Куыст – цардæн фæрæз!»[4] – зæгъгæ.

Карды бын уæууытæй нæу, куысты – иуран бадынæй. Æхсары 1955-1956-æм азты бахъуыд Цæцæн-Мæхъæлы автономон республикæйы, Назраны станцæйы поездты вагæттыиугæнæгæй кусын. Æмæ адæймаджы зæрдыл æрбалæууынц Хъуылаты Созырыхъойы ныхæстæ: «Куыд зын у цæргæсæн, Хъæбатыр цæргæсæн, Куы вæййынц йæ базыртæ баст…»[5]

Куыстæй æвзæр нæй, фæлæ адæймагæн йæ куыст, стæй æмткæй, цы хъуыддаджы лæуд у, уый хъуамæ йæ зæрдæмæ цæуа. «Ацы куыст мæнæй

---

[1] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Ныхасы фарн. – Дзæуджыхъæу, 1996. – 178 ф.
[2] Уый дæр уым, 178 ф.
[3] К ъ о с т а. Ирон фæндыр. – Дзæуджыхъæу, 1984. – 46 ф.
[4] Уый дæр уым.
[5] Х ъ у ы л а т ы С о з ы р ы х ъ о. Æвзæрст уацмыстæ. – Сталинир, 1957. – 411 ф.

дарддæр ничи бакæндзæнис. Æз ацы хъуыддагæн райгуырдтæн», – ахæм хъуыды куынæ тæлфа йæ сæры магъзы, уæд дзы удæнцой арæн нæй.

Æхсар – æвзонг, цардбæллон лæппу. Æмгæрттыл – иузæрдыг. Йæхиуыл дæр ын – афтæ. Фæлæ удæнцой æрмæстдæр æмвæнд адæмы 'хсæн цæрын æмæ зæрдæйы фæндонмæ гæсгæ фæллойы ис. Уымыты куынæ тæха адæймаг, уæд æм зæрдæзæгъгæ хъуыддæгтæм æнхъæлмæ ма кæс. Уымæн æмæ уæд æдых у. Нæй йæм ныфс. Нæй йæм æхсар. Уыдон кæмæ нæ уой, уымæ бабæллинагæй ницы ис. Йæ фыццаг чиныг «Æхсар»[1] хуымæтæджы, мыййаг, нæ рахуыдта. «**Æ х с а р** цы зарæджы нæ разыны», кæсы йæм «уый æфсæст роды сым-сым». Æвæццæгæн ахæм хъуырдухæнты райгуырд йæ уыцы рагон, фæлæ аив æмдзæвгæ. Æцæгæлон ын сты, «æфсæст роды сым-сым» чи кæнынц, уыдон. Йæ удмæ хæстæг нæ лæууы, æрвылбон, самандур тъæпгæнæгау, уыцы иугъæдон куыст кæм кæна, ахæм «æфсæст роды сым-сым» дæр. Уымæн ныхъхъуытты уагъта, æфсæстахсæн кæм уыдаид, уыцы «Станц». 1956-æм азы ахуыр кæнын райдыдта Цæгат Ирыстоны паддзахадон педагогон институты историон-филологон факультеты.

Йæ ахуыр цыдис йæхи зæрдæйы фæндиаг. Йе студентон азты бæрæг æргом кодта йæ курдиат – фыста æмдзæвгæтæ. Уымæйдæр, æцæг æмдзæвгæтæ! Мыхуырмæ йæ фæндæгтæ æхгæд нæ уыдысты. 1959-æм азы æвзонг поэттæн рауагъдад «Ир» цы æмбырдгонд рауагъта, уый райдыдта Æхсары уацмыстæй.[2] Уæдмæ дæр чиныгкæсджытæн зындгонд уыдис æвзонг поэты ном. Фæлæ йын уый бæрц æмдзæвгæтæ иумæ никуыма бакастысты, æдæппæт – 16. Æмæ æвзонг поэты ном уайтагъд айхъуыст адæмы 'хсæн.

Æхсар – æхсарджын, дзырдхъом, æнæбарон. Æнæхъуаджы цæф йæхиуыл не 'руадздзæн. Фæлæ рæстдзинадагурæг сæры цæф агуры. Рæстдзинад сбæлвырд кæнын-иу æй æрмæст хицæуттимæ нæ, фæлæ фæткæвæрджытимæ дæр бахъуыд. Æмæ иу-ахæмы Ходы Камалимæ цыбыр рæстæджы, цалынмæ хъуыддæгтæ æвзæрстой, ахæстонмæ дæр бахаудысты.

---

[1] Х ъ о д з а т ы Æ х с а р. Æхсар. – Дзæуджыхъæу, 1965.
[2] А в т о р т ы к о л л е к т и в. Æрыгон фæлтæр. – Дзæуджыхъæу, 1959.

Советон студентæн «ахæмтæ» гæнæн нæ уыд. Уæд йе ‘мбæлтты сыгъдæг ном, нæ цардæвæрдыл «къæм æвæрдта». Чингиз Айтматов загъта: «Централизованная искусственная атрибутика той эпохи никак не совмещалась с достоверной, полноценной демократией – с правами и достоинством личности, с социальной справедливостью во всем, что касается коллективов и граждан, народов и наций, с соблюдением социалистической законности, с элементарными понятиями свободы и счастья человека».[1]

Æхсары бар-æнæбары бахъуыд фæстаг курсæй ацæуын. Цæрын та хъуыдис. Бинонтæ æнæуый дæр сæ цард сæ къахæй нæ ассон-ассон кодтой. Поэт 1961-1962-æм азты куыста Мацутайы скъолайы ахуыргæнæгæй.

Лæппу йæ фынты дæр æдзух поэзийы базыртыл тахт. Уыцы дуджы кæд ахуыргæнæджы куыст адæмы цæсты ахадыдта, уæддæр дзы уый, йæ фидæны сæйраг хъуыддагæн ын рæстмæ къух кæй нæ лæвæрдта, уый тыххæй цас райгонд уыдаид. Аивта Алагиры районы газет «Коммунизммæ фæндаг»-мæ.

Газеты куыст чи зоны, уый æнæзæгъгæ нæ фæуыдзæн: «Ау, тæдзынæгæй цыхцырæгмæ алыгъд?» Ойы, ахуыргæнæджы куыстæй редакцимæ, уæлдайдæр, районон газеты редакцимæ ахизын тæдзынæгæй цыхцырæгмæ лидзынæй фыддæр у. Фæлæ тыхст адæймаг йæ аууоныл дæр фæхæцы. Фыссæгæн ахуыргæнæджы куысты фæстæ цахæмфæнды редакцийы куыст трамплины хуызæн у. Кæд, бынтон ницы, уæд ын ныфсы хос уæддæр вæййы. Æмæ нæ фæрæдыд. Иу азы фæстæ йæ куыст аивта Дзæуджыхъæумæ. Республикæйы радиойы фыццаг куыста уацхæссæгæй, стæй ссис редактор.

Уыцы куыстытæ адæймаджы цæсты ахадынц. Иуран нæ бадыс. Æрвылбон адæм хъусынц де ‘рмæджытæм. Дæ мыздæй уæлдай дын – гонорар… Къапеччытæ дæр фестæнт. Фæлæ уыдон журналисты хъуыддæгтæм хауынц. Фыссæгæн сты удмарæн. Йæ сæйраг, литературон куыстæй йæ кæнынц иппæрд. Æмæ уыдæттæ Æхсарæн амонын нæ хъуыд. Йæ зæрдæ æппынæдзух дзырдта йæ ахуыримæ. 1967-æм азы 30-аздзыд лæппу-

---

[1] А й т м а т о в  Ч и н г и з. Подрываются ли основы?.. // К о л л е к т и в  а в т о р о в. Если по совести. – М., 1988. – 5 ф.

лæг йæ куыстæй, йæ бинонтæй йæхи атыдта, ацыд Мæскуымæ æмæ ахуыр кæнын райдыдта ССР Цæдисы Фысджытæ цæдисы М. Горькийы номыл Литературон институты дыууæазон уæлдæр литературон курсыты.

Хъодзайы-фырты ном уæдмæ æнæхъæн Ирыстоныл айхъуыстис. 1965-æм азы рухс федта йе ‘мдзæвгæты чиныг «Æхсар», 1967-æм азы – уацау «Ныббар мын, Дзерассæ», рауагъдады уыд йæ сабитæнфыст æмдзæвгæтæ æмæ радзырдты чиныджы къухфыст «Абеты куывд». 1966-æм азы йæ айстой ССР Цæдисы Фысджыты цæдисмæ. Æвзонг поэты курдиатыл йæ цæст æрæвæрдта Джусойты Нафи.[1] Уыцы хъуыды загъта Тыджыты Юри дæр.[2]

Нафийы зæрдæмæ фæцыд, æвзонг поэты æмдзæвгæты тæвд туг кæй фыхтис, фæйнæрдæм цæвæнтæ кæй кодта, лирикон хъайтар ныллæгæй бæрзондмæ схизыныл кæй хъардта йæ уд, уыцы хъуыддаг.  Йæ уац уымæн рахуыдта «Æхсарджын сагъæстæ». Æмæ, æцæг, уыцы удыхъæд ирдæй зыны Æхсары уацмысты: «Нæ, æз æнцойдзинад нæ курын, / мæнæн мæ фæндаг у æндæр./ Æмæ кæд хаттæй-хатт фæцудын, / уæддæр æдых, мыййаг, нæ дæн».

Поэт йæ зын куысты æрмæстдæр йæхæдæг фæлæудзæнис йæхи æнцой, æрмæсдæр йæхæдæг нæ бауаддзæнис йæхи фæкæлын. Æмæ уыдæттæ Æхсарæн амонын нæ хъуыд. Уæлдæр литературон курсытæм уымæн ацыдис. Æмæ йын уым фадат фæци уырыссаг æмæ фæсарæйнаг аив литературæйы сусæгдзинæдтыл лæмбынæг ахуыр кæнынæн. Лæгæй-лæгмæ æмбæлдис уырыссаг литературæйы удæгас классиктимæ. Ахуыр кодта сæ фæлтæрддзинадыл. Семæ уынаффæ кодта, литературæрæйы бирæ æрвылбонон æмæ æнусон проблемæтæ куыд скъуыддзаггæнгæ сты, уыдæттыл. Михаил Синельников уымæн зæгъы: «По моему ощущению и в свои годы Ахсар Кодзати не перестает интенсивно учиться и много читать, хотя систематическое образование завершил давно – на Высших литературных курсах в Литинституте. В ту пору семинаром поэзии руководил Александр Межиров, виднейший поэт и не менее одаренный

[1] Д ж у с о й т ы  Н а ф и. Æхсарджын сагъæстæ / Рæстдзинад, 1965. – 4 сентябрь.
[2] Т ы д ж ы т ы  Ю р и. Æхсар // Мах дуг, 1965. – № 11. – 84 – 85 ф.

наставник поэтов».[1] Æмæ йæм уыцы кой æнæнхъæлæджы не 'рхаудта. Дарддæр фæбæлвырддæр кодта йæ ныхас: «Одним из тех, к которым Александр Петрович относился с явно ощутимой нежной любовью, был молодой осетин Кодзати, отличавшийся и несомненным природным даром, и врожденной культурой, и уже приобретенной эрудицией, и широким кругозором, и стремлением еще расширить кругозор…».[2] Æмæ йын уыдон æнæмæнг æххуыс сты йе 'рвылбонон удуæлдай, фæлæ æвæджиаг куысты.

Æхсар 1969-æм азы Уæлдæр литературон курсытæ каст фæци, фæстæмæ 'рыздæхт, кусын райдыдта «Мах дуджы». Царды дæр, литературæйы дæр рæстдзинады сæрыл æнæбарон кæй у, уый тыххæй йыл уæддæр разамынадæй иу æмæ дыууæ 'фхæрды нæ аныдзæвд. Уæддæр йæ сæрмæ никуы бахаста: «Сабыр уæрыкк дыууæ мады бададта, галиу уæрыккæн йæхи мад дæр æнæдадæй баззад»-ы принципмæ гæсгæ цæрын æмæ кусын. Бирæ ныхдурты сæрты хизгæйæ, ссис журналы сæйраг редактор.[3] Ныры фæлурс журналты 'хсæн Æхсар фесгуыхт: «Мах дуг», Хуыцауæн арфæ, къæссавæлдæхт фæци хорзæрдæм. Адæм æй кæрæдзи къухæй раскъæф-баскъæф кæнынц, æппæлынц кæрæдзийæн: «Мæнæ-ма æркæс, цы диссæгтæ дзы ис!..» Ахæм хæрзæгъдау журналы исты ныммыхуыр кæнын алкæмæн дæр ном у».[4]

Хъодзаты Æхсар уæддæр сæйраджы-сæйраг у поэт. Æмæ, стыр зæрдæйы хицау адæймаг, Ирыстоны хъæбул æмæ ирондзинадыл тохгæнæг кæй у, йæ уыцы миниуджытæ йын агурын хъæуы йе сфæлдыстады. Уым сты йæ уд дæр, йæ лæджыхъæд дæр, йæ цæстæнгас дæр. Æмæ йын уыдонмæ гæсгæ ис аргъгæнæн. «Хъодзаты Æхсар йæ фыдызæхх цас уарзы, уый тыххæй ард нæ хæры, зæххыл цард алæмæты хæзна кæй у, йæ бахъахъхъæнын та – алы адæймагæн дæр йе стырдæр хæс, уый тыххæй лозунгтæй нæ дзуры: йæ поэзийы алы тихалæг, алы удгоймаг дæр у рухс æмæ амондыл тохгæнæг æмæ, уыдонимæ йæхи иу бинонтау æнкъаргæйæ, уымæн куры зæрдæбынæй:

---

[1] С и н е л ь н и к о в  М и х а и л. Воспаряющая песня / Литературная Россия, 2012. – 3 июль.
[2] Уый дæр уым.
[3] Б и б о е в а  И. Г., К а з и т ы  М. Р. Писатели Осетии. – Владикавказ, 2015. – 422 ф.
[4] Г æ б æ р а т ы  Н и к ъ а л а. «Ирон хæзна»-йы тыххæй // Мах дуг», 2002. – № 9. – 131 – 132 ф.

«Хур, æркæс нæм, бафсæдон дæ хуртæй»,[1] – зæгъы Коцты Лизæ. Къадзаты Станиславæн та у «Рæстдзинады æхсонау», «аргъæутты зынг маргъ»: «Йæ фæрцы æз Сæрибарыл æууæндын, Йæ дзырд – Цыкурайы фæрдыг».[2]

Æхсар аивадон уацмыстæ фыссын раджы райдыдта. Уæд ма скъолайы ахуыр кодта. 1954-æм азæй йын зынын райдыдтой республикон газеттæ æмæ журналтæ «Мах дуг» æмæ «Фидиуæджы». Йæ чингуытæ мыхуыр цыдысты сæ кæрæдзийы фæдыл: «Æрыгон фæлтæр» /1959 – æвзонг поэтты æмбырдгонд/, «Æхсар» /1965/, «Ныббар мын, Дзерассæ» /1967/, «Абеты куывд» /1968/, «Адæмы хъæр» /1969/, «Сау æхсон» /1973/ «Удæвдз» /1978/, «Рухс» /1987/, «Къостайы хæдзар» /1991/, «Хуыцауы бон» /1998/ æмæ а. д.

Бирæ йæ нæ бахъуыд Ирыстоны арæнтæй ахизынæн. Уырыссаг æвзагмæ тæлмацæй йын мыхуыр цыдысты суанг зынгæ газеттæ «Литературная Газета» æмæ «Литературная Россия»-йы, журналтæ «Дон», «Октябрь», «Дружба народов» æмæ æндæр мыхуыры фæрæзты. Уырыссаг чиныгкæсæджы йæм бирæ æнхъæлмæ кæсын нæ бахъуыд. Сæ хъус æм æрдардтой Мæскуыйы рауагъдадтæ, уагътой йын йæ чингуытæ: «Тень орла» /1969/, «Катится арба дню навстречу» /1981/, «Яблоко нартов» /1974/, «Кремень» /1985/… Дзæвгар уацмыстæ йын тæлмац æмæ мыхуыр æрцыдысты æндæр адæмты æвзæгтыл. Уымæн æмæ сæ йæ Фыдызæхх æмæ йæ раттæг адæмы тыххæй зыны сæ авторы уды цин æмæ хъынцъым.

Æртыккаг чиныджы редактор авторы систа бæрзонд – зындгонд сомихаг поэт Паруйр Севак æмæ æхсайæмазонты тæккæ бæрзæндмæ: «Имя молодого осетинского поэта Ахсара Кодзати можно поставить в один ряд с П. Севаком, А. Вознесенским, О. Сулейменовым – представителями нового стилистического направления, смело экспериментирующего со стихом».[3] Æрмæст йæ чингуыты нæмттæ дæр символикон æгъдауæй дзурæг сты, дзырд сæ цæуыл цæуы, йæ зæрдæ цæуыл рисы, уыдæттыл.

---

[1] К о ц т ы  Л и з æ. Царддæттæг рухс / Рæстдзинад, 1987. – 1 июль.
[2] К ъ а д з а т ы  С т а н и с л а в. Хъодзаты Æхсарæн / Рæстдзинад, 2007. – 3 июль.
[3] К у з н е ц о в  Ю. Послесловие // К о д з а т и  А х с а р. Яблоко нартов. – М., 1974. – Цъары 4 ф.

***

Райгуыræн бæстæ мады ад кæны. Йæ рæвдыд, йæ хъарм ын чи банкъары, уый зæрдæйы ихтæ æртайынц, базайынц ыл базыртæ. Уарзты базыртæ. Уыдон, базыртæ, адæймаджы тæхыныл фæдомынц. Раст цыма Ф. Тютчевы тыхдымгæмæ сидæг сыфтæртæ сты: «Летите, летите! Мы с вами летим!»[1]

Нæртон Сосланау, дурæйгуырд чи у, «дуртæ æвгъæдгæсау лæууыдысты» кæмæн, йæ фынг, йæ къæсæр дурæй чи скодта, зынг дурæй чи исы, уый йæ царды фæтк йæхæдæг æвæры. Нæдæр æй балхæнæн ис, нæдæр – фæтæрсын гæнæн. Йæ уарзт дæр дурынвидар у. Уымæн æмæ дуртæй цæуы. Æхсары лирикон хъайтар у раст ахæм: «Нæй зæрдæйæн къуындæг джиппы æвæрæн, / Нæу зарæгæн æрдзывæткæй лæвæрд / æндзыг уæвын. Урсдуры фырт Сосланау / æнæсæрыдæй баззайдзæн йæ уæраг» («Хæххон лæг»).

Æнæсæрыдæй уæраг баззайын та нысан кæны æнæбонымгъуыд мæлæт. Нæй дзы ирвæзт. Хъæуы хи фыдбылызæй хизын: «Гуыр-гуыргæнгæ кæмдæр фæсвæдты тулы / Балсæджы цалх». Æмæ дзы нæй ирвæзæн, æнæсæрыдæй кæй уæраг баззайа, уымæн. Уæлдай нæу – адæймаг уа æви, адæймаджы адæймаг чи кæны, уыцы аивадон уацмыс. Æхсар йæ зæрдæ уый тыххæй не ‘вæры къуындæг джиппы, æмæ нæ фæци йæ «зарæгæн æрдзыфæткæй лæвæрд æндзыг уæвын». Уырыссаг æвзагыл ын йæ фыццаг чиныджы тыххæй газет «Литературная Россия» уымæн дзырдта: «Язык поэта – ритм его сердца, для Ахсара Кодзати это мелодия, порождающая песню».[2]

Уый деклоративон ныхас нæу. Царды фæтк у. Карз æмæ æгъатыр царды фæтк. Уымæй дæр – цас æй æнæазымдæрæй æххæст кæнай, уый бæрц ахæм зарæг зындæр сисæн кæны. Фæлæ Æхсар, зынтæй чи тæрсы, ахæм поэт нæу. Хицау у йæ дзырдæн. «Дзырд уæй чи кæны, æлхæнгæ йе йæ чи куры æфстау», уыдон йе ‘мбæлццæтæ не сты. Худы сыл æлгъгæнгæ, зæд æмæ сын Хуыцау кæй нæй, уый тыххæй /«Дзырд»/. Дзырды хъуамæ уæз уа. Уæлдайдæр æй, удмæ иууыл æвваxсдæр чи у – Фыдыбæстæ, уый тыххæй куы

---

[1] Т ю т ч е в Ф. И. Сочин. в 2 т. Т. 1. – М., 1984. – 67 ф.
[2] Литературная Россия, 1969. – 12 сентябрь.

дзурай, уæд. Æмæ Ирыстоны тыххæй куы нывæнды ныхас поэт, уæд фæтырны йæ дзырдты йæ цин, йæ маст, йæ рыст, йæ тыхст, йæ бæллицтæ æвæрынмæ. «В могучем хоре наших поэтов голос Ахсара Кодзати неповторим, своеобразен»,[1] – зæгъы О. Михайлова. Къадзаты Станиславмæ гæсгæ та: «Кæд у нæ тызмæг дуг Балсæджы цалхау, Æхсар та уæд – Æхсары кард».[2] Дзæнгæлтæ куыд кæна, афтæ.

Уацмыс ахæм хуызы фæлдисын бæллицы хуызæн у. Фæлæ Æхсарæн Хуыцауæй уый бæрц курдиат ис лæвæрд, æмæ уыцы фарн æфты йæ къухы фыдæлты уæзæджы уарзтæй: «Мæ риуы ссардтон уды ‘фсон хъуытаз / æрвызгъæрæй: ныггуыр-гуыр кæнынц зæйтæ. / Сæ дзинг-цъыллингæй хуртæ æмæ мæйтæ / æрцарынц мæн. Фæзæгъын та: фæраз»!

Дæ авдæнузæг чи у, йæ къæйтæ дын æнцæйттæ кæмæн сты, уый цинæй диссаг нæу, дæ риуы уды æфсон хъуытаз арай. Йæ зæллангмæ цы зæйтæ ныггуыр-гуыр кæной, уыдон дзинг-цъыллингæй цы хуртæ æмæ мæйтæ кæсой, уыдон дæ æрцæрдзысты. Уæлдай амонд у, уыцы цины хабæрттæ дæ царды асиныл уæлæмæ куы хæссой, бæрзондæй бæрзонддæр дæ куы исой дæ уæларвон фысыммæ. Æмæ Æхсармæ уынæм уый: «Æвæдвæндаг… Нæргæ арвы цæхæртæ…», / «Уыны мæ цæст уæлдунеты къæсæртæ. / Хуыцау! Мæ фысым! Де уазæг – мæ сæр!»[3] («Хуыцауы къæсæр»).

Размæ цæуын, бæрзондмæ хизын йæ бон æрмæстдæр у, уæлдунейы къæсæртæ чи уыны, ахæм адæймагæн. Æрмæстдæр ахæм адæймаджы фæдыл ис цæуæн. Адæмæн раст фæндаг æрмæстдæр ахæм адæймаг фæамоны. Æмæ нæ уырны, адæймаджы бон саразын кæй нæу, ахæм цыдæр кæй ракурдзæни дзыллæйæн, цæмæй хуыздæр уына йæ развæндаг. Уымæн æмæ, рагон бердзенаг философ-материалист Эпикуры хъуыдымæ гæсгæ: «Глупо просить у богов то, что человек способен сам себе доставить».[4]

Хъодзаты Æхсары лирикон хъайтары хъæлæс нæ фыдæлты ивгъуыды æнæмсæр тохты къæс-къæсы ахсæм, абоны «хаосы» (поэт ацы дзырдæй арæх

---

[1] М и х а й л о в а О. Слово улыбнулось как ребенок / Социалистическая Осетия, 1988. – 6 октябрь.
[2] К ъ а д з а т ы С т а н и с л а в. Хъодзаты Æхсарæн / Рæстдзинад, 2007. – 3 июль.
[3] Х ъ о д з а т ы Æ х с а р. Хуыцауы бон. – Дзæуджыхъæу, 1998. – 13 ф.
[4] Материалисты Древней Греции. – М., 1955. – 223 ф.

пайда кæны) йæ хъусæм æви ныл йæ зæлланг фидæнæй æмбæла – у фæндагамонæг. Чи зоны, алы хатт пæр-пæргæнаг базыртæсадзæг нæ разыны, фæлæ уый хыгъд вæййы æгъатыр царды карз фæндагамонæг.

Карз вæййы рæстæджы дудгæбæттæй. Æмæ дæ фæнда æви нæ, хъæуынц дæ æви дæ нæ хъæуынц, уæддæр нæй сæ иувæрсты ахизæн поэтæн. Уымæн æмæ Поэт лæгъзвæндæгтæ нæ агуры. Нæ сæ агуры Æхсар дæр: «Сæрсæфæнтæ… Кæлæнтæ… / Тъымы-тъыматæ… Тар… / Нæ рæзæнтæ – дæрæнтæ, / Нæ удты фæллой – сар. / Хъаймæттæ ‘мæ лæсæнтæ… / Нæ ивы æрдз йæ фæтк: / йæ зæйуæтты нæ сæнттæн / æрбайсæфы сæ фæд».

Ахæм хъаймæты хъæууаттæ æмæ мæсгуытæ нæ, фæлæ дур-дурыл дæр куыд баззайы, уый у диссаг. Ноджы диссагдæр – ирон уд уыцы фыдæвзарæнты дæр кæй нæ мæлы. Мæлгæ нæ, йæ табуйаг миниуджытæ кæй нæ сафы. Стæй сафгæ дæр нæ, фæлæ йын зæйхафт къæйтыл дæр, бæласы тауау, билцъ кæй уадзынц. Ирон уды табуйаг миниуджытæ.

Стæй æрмæст зæйхафт къæйтыл нæ, фæлæ сæ уидæгтæ уадзынц нæ поэты зæрдæйы дæр. Уый у хъуыддаг. Уымæй дæр – бæллиццаг хъуыддаг суанг йе ‘взонджы бонтæй. Нафи уымæн зæгъы: «Иноходца и в жеребенке можно угадать, говорит народная пословица. В Кодзати нетрудно было узнать поэта и по первым публикациям».[1] Фæлæ Æхсар æхсарджын цæмæй у, уыдон тыххæй дæр байхъусæм Нафийæн йæхимæ: «Но те особенности его стихов, которые наиболее мне близки, ярко и зримо проявились лишь в его зрелых произведениях. Это – мужество интонации, благородная простота стиля и внутреннее достоинство поэтического характера. И это уже не случайные свойства, а именно черты характера, которые нельзя стереть»[2] («Хъæууат»):

*Æвзарты хуызы рухсмæ*
*сæнтсау хуынчъытæй Цин*
*ысбыры: тох æнусмæ!*

---

[1] Д ж у с о й т ы  Н а ф и. Мужество и достоинство таланта // К о д з а т и  А х с а р. Яблоко нартов. – М., 1974. – 4 ф.
[2] Уый дæр уым.

*Мæлæт дæр, Цард дæр – хин.*

*...Дзырд-дзындзытæ, æргъæутæ –*
*уæлдунетæм æмхиц.*
*Дыууæ мын дзы – хуыцæуттæ*
*кæддæрау: Билцъ, Бæллиц.* [1]

Бæллиц билцъ цы зæрдæ æмæ бæстæйы уадзы, уыдонæн тас нæу. Уымæн æмæ, бæллиц у æнусон. Æнусон идеал. Уидæгтæ уадза, уымæй хуыздæр цы ис. Поэтæн уый у фæндаджы, царды стъалы дæр. Нæ фыдæлты – «аллойнаг арв уыди парахат, ирд». Йæ фыдæлтæй сæрыстыр чи у, уымæн мæйдар æхсæвы маякы хуызæн сты. Максим Горькийы Данкойау[2] рухс йæ къухы ис.[3]

Æхсары лирикон хъайтар сæрыстыр у йæ фыдæлтæй, фæлæ нæргæ скифтæ-сарматтæ-алантæ сæ фæстæ хъомысджын паддзахад кæй нæ ныууагътой, адæмы хæстыты сæ удтæ кæй уæлдай кодтой, нæ кæддæры парахат, ирд, цъæх арвæй ма сæ фæс-фæстагæттæн æрмæст чъылбысы йас кæй баззад, кæй «ныггуылмыз», уый фыдæлтæн нæ, йæхицæн дæр нæ бары – цыма нæ уыцы фыдæлтæн æвзаргæйæ уыд. Йæ уд аивады хуызы хъары, ныртæккæ Ир цы тæссаг уавæры ис, фæйнæрдыгæй нæм нæ сыхæгтæ куыд лæбурынц, уымæй нын фервæзæн куыд и, уый ссарынил. Æмæ æрцыд бæлвырд хъуыдымæ, цæмæй «аллонты цот æрсагъæс кæнæм», «нæ хæхтæй нын ныллæгдæр уæвæн нæй» («Фæдисы сонет»):

*Хъæуы ЛÆГТÆ, ЛÆГАУ ЛÆГТÆ, СÆРБОС,*
*цæмæй ысласæм Иры дзыхъæй Иры.*
*Æндæр нæ зонын ирвæзынæн хос.*[4]

---

[1] Х ъ о д з а т ы Æ х с а р. Хуыцауы бон. – Дзæуджыхъæу, 1998. – 29 ф.
[2] Г о р ь к и й М. Собр. соч. в 16 т. Т. 1. – М., 1979. – 68 ф.
[3] А б а й т ы Э. Царддæттæг рухс / Молодой коммунист, 1988. – 24 сентябрь.
[4] Х ъ о д з а т ы Æ х с а р. Хуыцауы бон. – Дзæуджыхъæу, 1998. – 33 ф.

Уыцы сæрбос Къоста дæр агуырдта – «Фезмæл-ма, фезмæл, нæ фыййау, нæ фæстæ»[1] /«Додой»/, фæлæ æнамонддзинад иунæгæй не 'рцæуы: раздзоджы номæй нын нæ комдзаг нæ комæй чи скъæфынц, уыдон – æнæнымæц, сæрбос та нæй. Кæйдæрты хæстыты скъуыхæм æрмæстдæр: «Кард бæрзонд фæхæссы ирон Æмæ ирон сæрæн – дзæхст»[2] («Рагон Ир»). Æмæ Æхсары лирикон хъайтар уымæ дæр бæллы, куы уаид трилуанты хицау, цæмæй нæ бæстæйæн балхæна дзæнæт, нæ хъæууæттæ «бауддзыд уой, цард дзы куыд ауадза йæ арф уидаг æнусмæ», цъырцъырæгдон куыннæ суа («Цъырцъыраджы зарæг»). Уæд нæ бæстыхæйттæ скаликкой сæ хуыз æмæ сæ нæрид «фæндыры цагъд, ирон зарæг, нæртон дзырд…»

Фæлæ æрмæст ууыл нæ фæуы йæ рухс бæллиц. Уыдон нын кæддæр уыдысты нæ рагфыдæлты дуджы, стæй сæ фесæфтам. Фесæфтам сæ, фарны фæндагыл лæуд кæй нæ фестæм, куыд æмбæлы, ахæм раздзог нын кæй никуы уыдис, уый тыххæй: «Трилуаты хицау, гъæй-джиди, куы уаин, / уæд балхæнин нæ дзыллæйæн фыййау». Удæн æй нæ хъæуынц. Фæлтау сæ байуарид нæ цъиудуцтыл – «æфсис дзы куыд базоной», мафиозтæн сæ калид «парахатæй – ыссивгæ ут, ыскъæфут» сæ, цæмæй сын тъымы-тъыматæм уа фагæй уæлдай. Лирикон хъайтар сын уыцы трилуантæ гæртамы хуызы калид: «æрмæст уæ курын, ма цæгъдут кæрæдзи – кæны нæ ир мыггагыскъуыд, æвæд!..» – кæд нарт «фыдвæдæй æвæд хуыздæр у»,[3] – дзырдтой, уæддæр.

Ахæм хъуыдымæ уымæн æрцыд, æмæ нæ худинагæн нæ хæцæнгарз нæхи ныхмæ хуыздæр æхсы. Нæ кæрæдзийæн стыр комдзаг нæ барæм – ды мæнæй хуыздæр цæмæй дæ, зæгъгæ. Æмæ мыггагскъуыд кæнæм рагæй-æрæгмæ. Поэты уымæн æвдæрзы уыцы кæуинæггаг хабар. «Ведь поэт никогда не пойдет на сделку с совестью».[4] Фæлæ, трилуанты хицау куы уаид, уæд уыдоныл, уыцы хъуыддæгтыл нæ банцаиккой нæ бæллицтæ. Уыдон ноджы дарддæр æмæ уæрæхдæр цæуынц. Стæй æргом æмæ реалистонæй: «Аллонты

---

[1] К ъ о с т а. Ирон фæндыр. – Дзæуджыхъæу, 2009. – 52 ф.
[2] П л и т ы  Г р и с. Рагон Ир / Рæстдзинад, 1968. – 8 август.
[3] Нарты кадджытæ. – Дзæуджыхъæу, 1975. – 348 ф.
[4] Д ж у с о й т ы  Н а ф и, К а з и т ы  М е л и т о н, Б у л к а т ы  И г о р ь. Убит поэт Шамиль Булкаты / Литературная Газета, 2011. – № 22.

‘взаг, нæ фыдæлты мæсгуытау, / нызгъæлæнтæ, ныддургæйттæ, ныддæрæн. / Йæ дзырдтæ йын æруидзын кæнин æз, / уæнггай, мыргай, гæбазгай сæ ныхасин, / æмæ сæ ногæй рауаид мæсыг, / уæлæрвтæм уадзгæ, кувæндонау райдзаст». Поэт трилуанты хицау куы уаиккой, уæд Ир басæттид дунейы зæрдæ аивадæй – Къостайæн, йæхи загъдау, æгас дуне дæр фестид йæ кувæндон, йæ Фыдыбæстæ – арв…

Æмдзæвгæ цæуы рæзгæ, рæзгæ, рæзгæ æмæ схизы йæ иууыл бæрзонддæр, цымыдисондæр бынатмæ: «Трилуанты хицау, гъæй-джиди, куы уаин, – / мæ гыццыл Ирæн балхæнин ыстыр кад…» («Сæнттæ»):

*Фæлæ мæм нæй трилуантæ, æмæ ир*
*сæ Иры дзыхъхъы – дзыхъхъылæуд, æнæ хай.*
*Фæлæ мæм нæй трилуантæ æмæ зонын*
*мæ куыдзы бон…*[1]

Цы у уый? Трилуантæ кæмæ ис æмæ Иры дзыхъхъæй чи нæ сисы, кад, ном, сæрибардзинад ын чи не ‘лхæны, уыдонæн поэты уайдзæф æви лирикон хъайтары æдыхæвдисæг? Æмæ уæд Плиты Грис поэтæн цæмæн дзырдта: «Ды дæ дæхи бæрзонддæр бардуаг»?[2] А. Пушкинæй йæ систа уæлдæр: «Ты царь».[3]

Автор цы фарны хъуыддæгтæ нымайы, уыдон трилуантæй æлхæнгæ не сты. Уыдон нацийы удварнæй цæуынц. Нæ фыдæлтæй хъуамæ сæрыстыр уæм, махмæ сæ чи æрхæццæ кодта. Фæлæ нæ хорзæй хорз зæгъынхъом не стæм, дунейы дисы цæмæй бафтауиккам, уый равдисынил нæ удтæ нæ хъарæм, нæ мыггаг фылдæр кæныны бæсты нæ хуыздæртæм топпы кæсæны кæсæм: «Хур бон, арвы гæрахау, Ирыстонил сæмбæлд уæззау цæф – ирон дзырдаивад, нывæфтыд литературæ æмæ литературæзонадыл тугдзых лæгмары къухæй æрцыдис стыр зиан. 2011-æм азы зæрдæвæрæны мæйы 26-æм бон не ‘хсæнæй 71-аздзыдæй фæхъуыд ирон адæмы ныфс, Ирыстоны

[1] Х ъ о д з а т ы  Æ х с а р. Хуыцауы бон. – Дзæуджыхъæу, 1998. – 38 – 40 ф.
[2] П л и т ы  Г р и с. Æвзæрст уацмыстæ 2 т. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 1973. – 303 ф.
[3] П у ш к и н  А. С. Собр. соч. в 10 т. Т. 2. – М., 1974. – 225 ф.

астæуцæджындзтæй иу – зынгæ ирон поэт, прозаик, драматург, критик æмæ литературæиртасæг, дæсгай чингуыты автор Джыккайты Шамил».[1]

Æцæгæй Æхсары лирикон хъайтармæ нæй трилуантæ æмæ хъуамæ хæца йæ дзыхыл, зоны йæ «куыдзы бон»? Æмæ уæд нæ Иры дудаг фарстытыл ставд нымадæй не ‘рзылдаид. Сæ «куыдзы бон», цæрæнбонты Иры трилуантæ чи фессывтой æмæ ссивынц, чи фескъæфтой æмæ скъæфынц сæ рæбынтæм, сæ бындартæн тъымы-тъымайы фаг чи фæчыссæтæ кодтой æмæ кæнынц, сæ фырзыдæй сыл кæрæдзи чи цагътой æмæ цæгъдынц, Иры мыггагыскъуыд чи кæнынц, уыдон нæ зонынц. Поэты уайдзæф уыцы цъиудуц мафиозтæн у. Фæлæ, – табу – Хуыцауæн, – царды дæгъæлтæ цасфæнды кæд фæраскъæф-баскъæф кæнынц, уæддæр нæ цардаразæг, нæ Фыдыбæстæйы хъысмæт скъуыддзаггæнæг уыдон никуы свæййынц.

Фыдыбæстæ аразджытæ вæййынц, сæ «куыдзы бон» чи фæзонынц, сæ цард ын нывондæн чи фæхæссынц, кадгæнджытæ йын чи басгуыхынц, йæ уыцы сæрхъызойтæ. Райгуырæн бæстæйæн йе ‘взæр дæр къухы уырзтыл хæссинаг у, йæ хорз та цы уыдзæнис! Поэт ног æмæ ногæй уымæн æрыздæхы Фыдыбæстæйы хъысмæтмæ. «Ир цæрыны аккаг у æмæ æнусты цæрдзæн».[2]

Мæ дзырдæн æвдисæн, йæ чиныг «Удæвдз»-ы тыххæй Ходы Камалы хъуыды: «Æхсары æмдзæвгæтæн сæ фидауцдæр æмæ сæ хъуыдыйы арф дæр зæрдыл уымæн æмбæлынц, æмæ ирон зæххимæ, ирон удыхъæдимæ æмбаст, æмæхсыст кæй сты. Йæ аивадон гæнæнтыл, йæ хъуыдыкæнынады фæткыл бæрæг дары адæмон сфæлдыстады цæрдхъом æндæвдад. Фæлæ уыцы æндæвдад нæу формалон, нæу æддаг æууæл: Хъодзайы-фырты хуыздæр æмдзæвгæтæ улæфынц ирон адæмы Ивгъуыд, Абон æмæ Сомыл сагъæсæй…»[3] Поэтæн уыцы сагъæс цæуы йæ адæмы, йæ Фыдыбæстæйы хъысмæтæй. Райгуырæн бæстæ цæуыл райы, уый – йæ цин, æрхæндæг цæуыл у, уый – йæ сагъæсы сæр. Уырдыгæй гуырынц йæ уацмысты фылдæр хай. Ирыстонимæ æрмæст хъысмæтæй баст нæу, фæлæ удæй дæр.

---

[1] Хъазиты Мелитон. Джыккайты Шамил // Авторты коллектив. Арв. Цæссыг. Стъалы… – Дзæуджыхъæу, 2012. – 30 ф.
[2] Мамсыраты Дæбе. Уацмыстæ 6 т. Т. 5. – Дзæуджыхъæу, 1970. – 291 ф.
[3] Ходы Камал. Ног æнтыст // Мах дуг, 1997. – №4 . – 111 – 112 ф.

Чи зоны, растдæр уаид, афтæ куы зæгъæм: Хъодзаты Æхсар у Ирыстоны туг æмæ стæгæй? Уымæн æмæ йын Ирыстонæй ницы хуызы ис фæхицæнгæнæн. Кæдæмфæнды цæуа, цахæмфæнды темæтæ æвзара, уæддæр æй ирон адæм æмæ Ирыстонил сагъæс ногæй здахынц сæхимæ. Камал зæгъы: «Цард йæ диалектикон æмтохы, йæ æнæкæрон алывæрсыгдзинады уынын æмæ æнкъарын у Хъодзаты Æхсары поэзийы цæрæццагдзинады рахæцæнтæй иу…»[1] – йæ тых раст уыцы «диалектикон æмтохы» февдисы алыгъуызонæй. Йæхимæ чиныгкæсæджы цæстæнгас æдзух уымæн æлвасы.

Æхсары сфæлдыстадæн аргъгæнджытæ фæнысан кæнынц йæ сæйраг æртæ темæйы – Фыдыбæстæ, Рæстдзинад, уарзт. Фыдыбæстæйы уарзт æм æрцыд йæ фыццаг уацмыстимæ рæсугъдæй, тыхджынæй, æнæлазæй. Иу уацмысæй иннæйы кодта зæрдæскъæфдæр: «Æнæдæу æз – æнæкæрддзæм æхсаргард, Ды – ‘лвæст æрдын, æз – фехсынæввонг фат» («Ныййарæг зæхх»).

Адæймаг йæхи æнæ йæ ныййарæг зæхх æнæкæрддзæм æхсаргардыл куы нымайа, уæд уый бирæ цæуылдæрты дзурæг у. Сæйраджы-сæйраг нын æргом кæны, уыцы адæймагæн æнæ йæ Фыдызæхх йæ бон кæй нæу цæрын, йæ цæрайæ кæй цæры, йæ хъуыддæгтыл тохгæнгæйæ йын æппынæдзух йæхи нывондæн кæй хæссы. Фæлæ мардæрцыд у, поэт цы проблемæтæй риссы, уыдон, кæмæ хауынц, уыцы бынатылæгты Н. Некрасовы «Рохгонд хъæу»-ы «баринтау» кæй не ‘ндавынц æмæ иу хицауæй иннæмæ кæй хизынц.[2]

Поэт ын йæ сæр нывондæн хæссы, фæлæ уыимæ иумæ реалистонæй цы дзуры, уый – йæ зæрдæйы арфæй. Æцæгæлон ын у декларативондзинад. Йæ дзырдтæ зæрдæйы арфæй кæй цæуынц, зæрдæйыл уымæн æмбæлынц. Ирыстоны мысгæйæ куыд риссы, уый та æмбары йæ иунæг уд æрмæст:

*Куыд адджын у мæ рагон æвзаг! Ис нын*
*æвзыгъд кæстæртæ, саг-сырдтау – æлвæст.*
*Æфсымæртæ! Къостайы дзырдæй – исджын!*

---

[1] Уый дæр уым.
[2] Н е к р а с о в Н. А. Пол. содр. соч. и писем в 15 т. Т. 1. – Ленинград, 1981. – 180 ф.

*Тыхæй-æхсарæй – алцæмæй æххæст!*

Поэт кæд бирæ æмдзæвгæты фæсагъæс кæны, ирон адæм зæххы алы кæрæтты кæй ныппырх сты, нæ фæд алы рæтты кæй баззад, афтæмæй нæхицæн фидар паддзахад бавæрын нæ áîí êæй нæ бацис, уæддæр нæ фыдæлтæй се ‘хсар, сæ лæджыхъæды тыххæй сæрыстыр у. Нæ иу паддзахад – «Царство аланов (mamlakat al-Lan) граничит с дагестанскими аварцами (al-Sarir). Его царь (malikha) носит титул K. rk. ndag, а его столица (dar mamlakat al-Lan) называется Магас (*Magas), что означает (al-dubbanah) – «муха».[1] Фæлæ нын сæ 1239 – 40-æм азты: «Аланы и их столица *Магас завоеваны монголами».[2] Ныр та нын сæ хъулгъа исынц æнæ хæстæй. Сæхи фыдæлты сæ сæрмæ нал хæссынц, сæхи тыхæй хонынц алантæ, сæ сæйраг сахарыл сæвæрттой нæ сахары ном – Магас, Дайраны дуæрттæ[3] символикон æгъдауæй бахастой сæ къæсæрмæ, фæлæ сæ чи фæсырх уа, ахæм сæм ничи зыны. Уыцы хъуыддæгтæ комкоммæ кæмæ хауынц, нæ уыцы «хицæуттæ æмæ ахуыргæндтæ» та сæ дзыхты дон бакодтой.

Æмæ нæ фыдæлты кæддæры дардыл авналæнтæй поэт уæддæр уа буц: «Исследователи не исключают, что остатки сарматского и аланского населения могли войти в состав готской державы Германариха, которая нанесла тяжелое поражение Риму и может даже претендовать на роль предшественницы Киевской Руси»,[4] – зæгъы Туаллагты Алан.[5] Æмæ кæдæмыты не ‘ххæстысты! Поэт уымæн у фæндвидар: «У арф дæ уидаг. Африкаг ызмис ын / фæадджын и. Сыбырмæ дæр æххæст… / Æз ног дугмæ къæмдзæстыгæй нæ хизын: / дæ нæртон хуынтæй – адæмтæ æфсæст»!

*Кæрды дæ зонд. Æгас дуне дæ хоны*

*«куырыхон Ир». Ды йе ‘мсæр дæ тæрхоны.*

---

[1] А л е м а н ь А г у с т и. Аланы в древних и средневековых письменных источниках. – М., 2003. – 347 ф.

[2] Уый дæр уым, 572 ф.

[3] Уый дæр уым, 347 ф.

[4] П е т р у х и н В. Я., Р а е в с к и й Д. С. Очерки истории народов России в древности и раннем средневековье. – М., 1998.

[5] Т у а л л а г о в А. А. Меч и фандир. – Владикавказ, 2011. – 158 ф.

*Нæу дзыхъхъылæуд аллонты бындар. Нæу!*

Фæлæ уымæй хъæбулы зæрдæйыл цас хур кæса! Уый йæ мад хъæуы. Секъайы «Арагуийы æлдар Нугзар»-ы хъайтар Хъызмыдæйæн йæ бонкалд æлдар йæ куыдзы хъæвдынæн дзидзи кæй дарын кодта, уымæй йæ хъæбулы хъул сах нæ бадт.[1] Фæлæ уыдонæн се 'мбисонд – сæхи. Поэт Ирыстоны ивгъуыд цæмæн мысы, цæмæн риссы, уый æргом кæны æмдзæвгæйы кæрон: «… Мæнæй ды дард дæ. У æнæ дæу тынг зын. … Цæрын дæ дзыхъхъы, Ир, æмæ дæ мысын. Дæ сау дзыхъхъы æрымысыдтæн дæу!» («Мæ Ирыстон»).

Уацмыс нæдæр куывды фæхъæртæй фæуд кæны, нæдæр стыр патриотон сидтæй, фæлæ нæ æппары сагъæсы, цæмæй Иры дзыхъхъ уæддæр мауал фесафæм. Цæмæй дзыхъхъæй схизын æмæ дунемæ акæсын бауа нæ бон.

Æхсармæ уыцы æнкъарæн – Ирыстоны æгæрон уарзтæй уарзыны æнкъарæн иу чиныгæй хизы иннæмæ.[2] Поэтæн Ирыстоны дыууæ хайæ уæлдай нæй. Сæ иу ын цы у, иннæ дæр – уый. Сæ иуыл куыд риссы, иннæйыл дæр – афтæ. Сæ иуы куыд уарзы, иннæйы дæр – афтæ. Ирыстоны æцæг патриот æмæ стыр адæймаг, стыр фыссæг Гафезы дзырдтæ – «О дыууæ Иры, хъауджыдæр уæ нæй», эпиграммæйæн æрхæсгæйæ, уымæн ныффыста æмдзæвгæ «Дыууæ Иры»: «Мæ иу цонг ам ис, иннæ та – Цæгаты. / Дыууæ Иры, мæ сау дыууæ цæсты, / æнæ сымах æз боны рухс нæ хатын…»

*О хæхтæ, æз сæрыстыр дæн сымахау,*
*сымахау мæм цыдæр нæртон тых и.*
*Дыууæ Иры – дыууæ базыры.*
*Маргъау*
*æнусты сæрты амондмæ тæхын.*[3]

Кавказы хæхтыл Ирыстоны дыууæ хайы – Цæгат æмæ Хуссар, хордзенау, ауыгъд кæй сты, уый поэттæм адæймаджы дыууæ къухы, дыууæ цæсты,

[1] Г æ д и а т ы С е к ъ а. Равзаргæ уацмыстæ. – Цхинвал, 1979. – 224 – 236 ф.
[2] Х о з и т ы Б а р и с. Поэзийы рухс / Молодой коммунист, 1988. – 24 сентябрь.
[3] Х ъ о д з а т ы Æ х с а р, Æхсар. – Дзæуджыхъæу, 1965. – 9 ф.

дыууæ базыры, мады риутæ æмæ æндæр ахæм абарстытæ нæ литературæйы ног нал сты. «Нæ хох – фæндаггон, стыр хордзентæ – йе ‘ккой, Сæ иу нын – Хуссар, иннæ та Цæгат у!»[1] («Ирыстонæн»), – дзырдта Хъайтыхъты Геор. Кокайты Тотрадз уыцы поэтикон амалæй ныффыста æнæхъæн æмдзæвгæ.[2] Уыцы формæ нæ ирон поэзийæн ссис схемæ. Уæддæр сæ дзурджытæм хицæуттæй арфæтæ нæ хауд. Ноджы «Æрджынарæгæй Згъудеры къуыбыртæм фæндыры тагау» дæ уд нывæзт куы уыдаид æмæ сыл иугъуызон куы рыстаид, уый нæхицæй дæр кæйдæрты зæрдæтæм нæ цыд. Ныртæккæ нын уыйбæрц «нæ» дзурæг нал ис, уæддæр абон дыууæ Иры дыууæ æвзæр файнусты цард кæнæм – алчи нæ у йæхицæн. Бирæтæн нæ йæ хъуыдыйы кæрон дæр нæй, хордзены рифтæгтæй иуæй афтид куы абадай, уæд иннæмæн дæр æнæрхаугæ нæй. Цæргæс цæргæс у, фæлæ уый дæр иу базырæй нæ тæхы. Æмæ диссаг нæу, поэтæн йæ дыууæ базырыл – дыууæ Иры хъысмæтыл фæрчытæ кæй хауы йе ‘нкъараг зæрдæ: «Уыдтæн цæргæс. Æппæлыдтæн-иу: «Ис мын / дыууæ базыры стæхынмæ цæттæ сты». / Ныр сæм æркæс: сæ дыууæ дæр цæфтæ сты, / æмæ сæ, оххай, нал фæразын исын» («Уыдтæн цæргæс»). Адæмыл ахæм рæстæджытæ куы ныккæнынц, уæд, чи чи, фæлæ поэты зæрдæйæн æнцой нæй. Хъуамæ тæлфа, судза, рухс кæна. Йæ ахæм зæрдæйы хъуырдухæнтæй райгуырд æмдзæвгæ «Хъассым». Поэт нын информацийы хуызы зæгъы: «Ме ‘рвад Хъассым æрыгонæй афтыд æцæгæлон бæстæм… Зæрыбонты ма æрбафтыди фыдæлты уæзæгмæ… Касти нæ хæцæн мæсгуытæм, рох зæппæдзтæм. Йæ цæссыг лæдæрст, афтæ-иу сыл йæ арм авæрдта. Фæсарæнтæм куы аздæхт, уæд ын пластмассæ цъарыл фыстæй арвыстон аст ирон зарæджы, семæ – Къостайы «Æнæ хай» дæр. Цалдæр боны фæстæ райстон фыстæг. Уыди дзы ахæм ныхæстæ: «Стыр бузныг, Æхсар, зарджыты тыххæй. Иумæ дæр дзы кæронмæ байхъусын мæ бон нæу – цæстытæ донæй айдзаг вæййынц…»[3]

---

[1] Хъайтыхъты Геор. Æвзæрст уацмыстæ 2 т. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 1975. – 88 ф.
[2] Кокайты Тотрадз. Ирыстон // Авторты коллектив. Тугæйдзаг цыппурс. – Дзæуджыхъæу, 1997. – 174 ф.
[3] Хъодзаты Æхсар. Рухс. – Дзæуджыхъæу, 1987. – 59 ф.

Хуыцау кæуыл ауды, уыдонæн сæ хæтæнтæ сæрибар вæййынц. А. К. Толстой йæ Фыдыбæстæйы цинæй уымæн ныхъхъæр кодта: «Гой ты, родина моя! Гой ты, бор дремучий!»[1] Фыдыбæстæйы уарзтæй йæ цæстытæ донæй кæмæн едзаг кодтой, уый уды фарн нырризын кодта поэты зæрдæ. Нырризын æй кодта, ирон адæм «къордтæ, дихтæ»[2] кæй баистæм; «иугай ныййистæм»,[3] афтæмæй ныл иу фæхæцæг кæй нæй, уый тыххæй. Йæ драматизм, йæ царды рæстдзинад æмæ афыстæй æмдзæвгæ ризын кæны мах зæрдæтæ дæр:

*«Мæ Иры фæсивæд!..»*
*Мæ зæрдæ мын судзин ыссардта.*
*Мæ фæдыл та бафтыд*
*мæ хæхты, мæ фыдæлты ард.*
*«Дæ цæстыты сыгæй…»*
*Мæ зæрдæ мын судзин ыскъахта,*
*гæрзытæ дзы уадзы…*
*«Æнæ хай фæуыдзæн мæ мард!..»*[4]

Уыцы удхæрттæй фæлидзыны тыххæй сæфтой сæ сæртæ æндæр бæстæм хуыздæр цардæнхъæл. Фæлæ Фыдыбæстæ кæмæн нæй, мадæлон æвзаг кæмæн нæй, уымæн ницы ис. Мамсыраты Мурат Турчы цæрæг адæмæй иу хайæ уымæн зæгъы, зæгъгæ, сæм «ис, тæргай зондыл хæст чи у, ахæмтæ дæр: «Æз кæйдæр бæсты мæ хъæстæ нæ уадзын. Нæ мæ фæнды, æз мæ хистæрты мæрдтæ куыд æлгъитын, афтæ искуы мæ зæнæг дæр мæ мард æлгъита, уый».[5] Фыддæр ма цы уа? Поэт Фыдыбæсты уарзт йæхæдæг, æвæццæгæн, æвзонг лæппуйæ куы фæхауæггаг йæ фыдæлты зæххæй, уæд банкъардта. Бæрæг у æмдзæвгæйæ, æнæ фыдæлты зæхх зæрдæйæн æнцойдзинад арæн нæй. Зарæг, æцæг зарæг, æнцой цард дæр æнæ уый æмгæрон не ‘рцæудзæнис. Поэт йæ

[1] Т о л с т о й  А. К. Биб. рус. лит. – М., 1988. – 322 ф.
[2] М а м с ы р а т ы  Т е м ы р б о л а т. Ирон зарджытæ. – Дзæуджыхъæу, 1982. – 21 ф.
[3] К ъ о с т а. Ирон фæндыр. – Дзæуджыхъæу, 2009. – 52 ф.
[4] Х ъ о д з а т ы  Æ х с а р. Рухс. – Дзæуджыхъæу, 1987. – 59-60 ф.
[5] М а м с ы р а т ы  М у р а т. Æцæгæлон бæстæ. – Дзæуджыхъæу, 1992. – 15 – 16 ф.

хъайтары номæй уымæн хъæрзы: «Мæ Иры дзыхъхъ, / оххай, / мæхи ма / фæсмоны быгъдæг рындзæй фехсын». Æхсарæн суанг йæ фыццаг æмдзæвгæтæй фæбæрæг, йæ уацмыст стыр уа æви чысыл, уæддæр æй куыд фæрæзын кæны, стæй йын æнæнхъæлæджы ацаразы ахæм кæрон, æмæ æнæхъæн уацмысы уый сисы бæрзонд. Нæ æхсайæмазонтæн уый ссис иумæйаг аивадон хорз фæрæз. Æхсарæн хорз æмæ æвзæр сæ кæрæдзийæ иртасын Хуыцауæй лæвæрд у: «Æвзæр фыст уацмыс æнцон базонæн у, йæ гакк – йæ уæлæ, фæлæ рæстæмбис æмвæзадыл фыстытæ æвæлтæрд кæсджыты сæ фæдыл асайынц, галиу ын кæнынц йæ эстетикон æнкъарынад».[1] Уыцы æмбарынад æй кодта аивадон фæрæзтæ агурынмæ.

Се «‘хсæн нарæг къул æрмæст», æндæр – фæрсæй-фæрстæм сæ уæттæ цы чызгимæ сты, уымæн зæгъы, иу институты ахуыр кæнынц, иу æмдзæрæны цæрынц… Стæй кæронæй: «Ехх, нæ риуты ма куы судзид Иу уарзондзинад» («Сты фæрсæй-фæрстæм нæ уæттæ»). Кæнæ – зæрватыкк доны сæрмæ йæ зæрдæйы дзæбæхæн тæхы. Доны йын нæй фæцæрæн, фæлæ йæ уарзы, йæ базыр ыл хъазгæйæ асæрфы æмæ та атæхы дарддæр. Чиныгкæсæг ахъуыды кæны: æмæ уым поэзийы аккаг цы ис, поэт цæмæн кæны йæ кой? Фæлæ нæ фарстæн дзупп райсæм æмдзæвгæйы фæстаг дыууæ рæнхъæй: «Чи зоны, дæ зæрдæйы дзæбæхæн Уыцы маргъау ды тæхыс мæ рæзты» («Зæрватыкк»).

Афтæмæй базонæм, уарзондзинад «мæ уд дæ нывонд, мæ сæр дæ фæхъхъау, мæ зæрдæ мын сæфтау æмæ йæ ахæр»,[2] – зæгъынæй нæу. Лирикон хъайтар кæмæ дзуры «дæ», уый йæ æрмæстдæр, зæрватыккау, мæстæй мары.

Уыцы аивадон амалæй Æхсар йе сфæлдыстадон фæндаджы райдианæй арæхстджынæй кæй пайда кæны. «Хъассым» дæр. Ноджы у фæлгонцон.

***

М. Андроникашвили се ‘взагыл йæ чиныг «Очерктæ ирайнаг-гуырдзиаг æвзæгты æмахастыты тыххæй»-йы загъта, зæгъгæ, «ирон æвзаджы лексикон

[1] Х ъ о д з а т ы Æ х с а р. Дымгæ æмæ зыгуымдон. – Дзæуджыхъæу, 2011. – 187 ф.
[2] Г æ д и а т ы С е к ъ а. Уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 1981. – 166 ф.

сконд гуырдзиаг ӕвзагмӕ афтӕ барджынӕй бафсӕрста, ӕмӕ йын аивта йӕхи лексикон сконд, ӕмхъӕлӕсонты артикуляцийы фӕрцы йӕ адард кодта ибераг-кавказаг ӕвзӕгтӕй».[1] Ӕмӕ уыцы тыхджын ӕмӕ рӕсугъд ӕвзагӕй, чи йын ницы зонынц, уыдон ахизынц нӕ фыдбоны сыхӕгты ӕвзагмӕ.

Ирӕттӕ нӕ иу хъӕздыг ирон ӕвзагӕй разы не стӕм. Алчи нӕ йӕхи мӕсыгӕй фӕхӕцы ӕмӕ, къӕлыуа фыркъайӕ уӕлдай, нӕ кӕрӕдзийыл нӕ хӕцӕм. Дзасохты Музайеры загъдау: «Кӕйдӕр дзырдтыл кӕнӕм хӕлӕф, Ӕрцахсӕм тъепа, суадзӕм кӕф»[2] («Мадӕлон ӕвзаг»). Ӕмӕ уыцы хъуыддаг поэтӕн нӕ дӕтты удӕнцой. Ӕвдӕрзы йӕ уыцы стыр маст: «Уӕддӕр цӕмӕ цӕуы нӕ фӕстаг / ӕмӕ кӕдӕм хилӕм нывӕндтау?» «Фыды фарн фидийы – фӕуӕййаг. / Нӕ монцтыл сау пъӕззы ныффӕтъӕн. / Ӕви нын удты бӕсты Уӕллаг / нӕ риуты сау дуртӕ нывӕрдта».

Ӕмӕ, бӕргӕ, Джыккайты Шамил не 'взаджы фидӕныл ӕууӕндгӕйӕ бӕллыд: «Тӕхуды, уымӕй чи баназдзӕн фаг!.. Нырма дӕ удӕвдз къӕбицы ӕвӕрд у, Нырма дӕуӕй нӕ Уацамонгӕ – дзаг»[3] («Дзӕмдзӕмы суадон тар ӕнусты ды…»). Фӕлӕ поэтӕн йӕ зӕрдӕ риссы, нӕ сӕртӕ кӕй рох кӕнӕм, афтӕмӕй искӕмӕн артгӕнӕг кӕй акӕнӕм нӕхи, ууыл («Нырыккон Ир»):

*Ӕппарӕм искӕй артмӕ 'ндзарӕн,*
*ныууадзӕм хи къона та зинтӕн.*
*Куы кард кӕрӕдзи хурхмӕ дарӕм,*
*нӕ дин – хӕрзиуджытӕ 'мӕ цинтӕ.*

*Нӕ куыст у ком ивазын. Зивӕг –*
*нӕ Хуыцау. Алкӕмӕн – йӕхи 'взаг.*[4]

Алы адӕмӕн дӕр вӕййы йӕхи удыхъӕд, йӕхи зондахаст, йӕхи цӕсгом. Мах, ирон адӕм, нӕхицӕй, стӕй ӕцӕгӕлӕттӕй ӕппӕлынмӕ цас рӕвдз стӕм:

[1] А н д р о н и к а ш в и л и М. Очерктӕ ирайнаг-гуырдзиаг ӕвзӕгты ӕмахастыты тыххӕй (гуырдзиагау). – Тбилис, 1966. – 57 ф.
[2] Д з а с о х т ы М у з а ф е р. Уыцы боны фарн. – Дзӕуджыхъӕу, 1996. – 19 ф.
[3] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Ӕхсӕвы ӕртытӕ. – Дзӕуджыхъӕу, 1990. – 17 ф.
[4] Х ъ о д з а т ы Ӕ х с а р. Къостайы хӕдзар. - Дзӕуджыхъӕу, 1991. – 126 ф.

«Дуне махæн у нæ бæстæ, Дуне уарзæм-иу, – зæгъынц…»[1] («Хъарæг»), афтæ не ‘взаг нæ тасы, нæ фарсмæ не ‘ргъом дæр чи фæхæссы, уымæй, цы у, уый зæгъынмæ. Суанг сæ бабын кæнæм æмæ сыл стæй фæдзыназæм. Цæмæдæр гæсгæ нæм афтæ фæкæсы: чи цы у, стыр, кады лæгтæй уый куы раргом уа, адæм æй куы базоной, уæд нæхи дæлдæр кæнæм. Афтæмæй, Къостайы загъдау: «Нæу сусæг хорзæн йе ‘цæг ном, Налатæн та – йæ фæсномыг»[2] («Æхсины лæг»). Уæддæр нæ алчи арт фендзары йæхи гуылы бын.

Уыцы хъуыддаг хорз зоны Æхсар. Фæлæ зонын иу у, уæрдон раст фæдыл аразын – æндæр. Æмæ бæргæ «нæртон лæджы дзырд Хуыцаумæ хъуысы»,[3] фæлæ алцæмæн дæр рæстæг ис. Æмæ уыцы «рæстæг» æрæгмæ кæй цæуы, ууыл дзыназы поэты зæрдæ. Алчи нæ йæхи зарæг кæй зары, ууыл у йæ рис. Фæдзæхсы нæ, цæмæй аппарæм, рагæй нæм фесафинаг чи у, уыцы ахуыр. Æркæсæм нæ иумæйаг стыр хъуыддагмæ. Адæм кæй номæй стæм, уымæ: «Нæу абон Иры дзыхъ æнкъард, / у дзаг нæ Иры дзыхъ æрттывдæй, / ысрухс и Иры дзыхъ æртытæй: / æндзары алчи хи гуылы бын арт» («Æртытæ»).

Поэт спайда кодта, йæ зæрдæ царды хъæнтæй куы стыхсы, уæд арæх цы поэтикон амалмæ æрцæуы, уымæй – иронийæ. Поэты арæх бахъæуы царды хъæнтыл, чи дзы не ‘рхауы, уыцы тугцæссыгæй кæуыны сæр. Хадзы-Мурат загъта: «У Ахсара, трагического поэта, как ни странно, много смеха, особенно в последние годы. Смех его выполняет двоякую функцию: с одной стороны, по-сырдоновски (Сырдон ведь тоже был трагическим поэтом!) мстить всему, что не достойно жизни и человека, мстить тем, кто подл и двуличен, живет по принципу двойного сознания, двойной морали, мстить нравственно-эстетически, с другой – спасаться от нервно-психологического истощения, безумия, преодолевать трагедию, чтобы не стать ее жертвой».[4]

Арты фæлгонц дæр æнæнхъæлæджы нæ райста. Арт адæймаджы буар æмæ зæрдæ куыд тавы, афтæ судзы, æртхутæг кæны, бынсæфты ном æвæры, цæмæ æхxæссы, уыдоныл иууылдæр. Æмæ йын поэт ам радта фæлгонцон

---

[1] Г æ д и а т ы  С е к ъ а. Равзаргæ уацмыстæ. – Цхинвал, 1979. – 18 ф.
[2] К ъ о с т а. Ирон фæндыр. – Дзæуджыхъæу, 1984. – 127 ф.
[3] Ирон æмбисæндтæ. – Дзæуджыхъæу, 1976. – 6 ф.
[4] Д з у ц ц а т ы  Х а д з ы-М у р а т. Уынгæгбоны сагъæс. – Дзæуджыхъæу, 2010. – 245 – 246 ф.

нысаниуæг. Алчи йæхи гуылы бын кæм фендзары арт, уым иуы иннæмæ нæ февдæлы, нæ йæ фæуыны. Æхсар дæр йæ Фыдыбæстæ, йæ адæмы тыххæй йе сфæлдыстады фæдисы къахыл куыд лæууы, уый фенын нæ алкæй нæ фæнды. Джусойты Нафи та зæгъы: «Порой бывает так, что литератор десятилетиями печатает одну книгу за другой, но поэтом так и не становится – никто его не признает, никто и не отрицает. Читательское и критическое равнодушие становится его самой жестокой казнью. Кодзати миновала эта участь. Первые его опубликованные стихи вызвали споры и толки: одни шумно приветствовали их, другие, напротив, укоряли автора за пристрастие к верлибру и стремление не походит на предшественников. Не было только равнодушных. Шли годы, и время показало правоту тех, кто увидел в молодом стихотворце талантливого и самобытного поэта».[1]

Поэзи адæмон зарæг нæу – æз куыд хъæр кæнон, афтæ мын хъырн, зæгъгæ. Нæдæр æфсæддæтты æмкъахист у. Мах аивады кусджытæй фылдæр хатт афтæ фæдомæм. Аивады кусæджы зондахаст æмæ уагыл æндавын цыд нæ ивгъуыд цардæвæрдæй. О. Сулейменов зæгъы: «Интересы государства всегда были выше интересов народа и личности».[2]

Фæлæ æргом æмæ лæджыхъæдджын ныхас, царды рæстдзинад бæрзонд поэтикон дзырдæй æвдисын, фæлтæртæн ивгъуыд, абон æмæ райсомы охыл сæ удты æвæрæнтæ æргом кæнын Æхсары уацмысты сæ рахæцæн сты, йæ зæрдæ сыл никуы сивта. Йæ чиныг «Яблоко нартов»-ы йæ æнæнхъæлæджы нæ абарстæуыд П. Севак, А. Вознесенски æмæ О. Сулейменовимæ.

Паруир Севак кæд æвзонгæй фæхъуыд, уæддæр раджы ссис сомихаг литературæйы классик. Андрей Вознесенский æмæ Олжас Сулейменовы дæр стыр поэттæй цæрæнбонты фæупп-упп кодтой. Стæй æрмæст уырыссаг æмæ казахаг литературон критиктæ нæ. Хъыгагæн, ирон фыссæгмæ йæ удæгасæй нæ, йæ адзалы фæстæ дæр æмбæлон кад никуы æрхауы.

---

[1] Д ж у с о й т ы Н а ф и. Мужество и достоинство таланта // К о д з а т и А х с а р. Яблоко нартов – М., 1974. – 3 – 4 ф.
[2] С у л е й м е н о в О. О. Выступление на съезде народных депутатов СССР // К о л л е к т и в а в т о р о в. Слово писателя. – М., 1989. – 147 ф.

Фælæ Хъодзаты Æхсар номы тыххæй никуы ницы арæзта æмæ аразы.[1] Фыдыбæстæ, раттæг адæм æмæ мадæлон æвзаджы уарзт йæ мады дзидзийы хъуырттимæ бададта. Йæхи тыхæй куы фæнда йæ аппарын, уæддæр уый йæ бон нæ бауыдзæнис. Адæймагæн йæ туг куы раивай, уæддæр зæрдæ кæндзæнис йæхион. Нæ поэтæн йе 'нусон фарстæй нæй йæхи фæиппæрдгæнæн: «О Кадæг, Кадæг, де скондæн зæххыл / нæма фенди. Æз хохаг дæн, цымыдис, / дæ уæрагмæ дæр не 'ххæссын. Зæгъ мын, / дæ хæтæнты, дæ цæуæнты цы уыдис?» («Дыууадæстæнон»).

Ирон кадæг йæ хæтæнты, йæ цæуæнты цы федта, уыдон куы зоникkам, хатдзæгтæ аразын сæ куы уаид нæ бон, уæд, нæ фыдæлты зæххыл цы адæмтæ цæрынц, уыдонæн нæ бон уыдаид бæлвырд кæнын, мах нæ, фæлæ нæ монголтæ куы ныддæрæн кодтой, уæд уыдон кæй æрцыдысты не 'ввонг бынтæм æмæ нын абон дæр нæ рухс кувæндæттæй кæй хынджылæг кæнынц. Афтæмæй: «Остатки крепостей, сторожевых башен, замков, укреплений являются немыми свидетелями борбы народа против иноземных захватчиков».[2] Фæлæ нæ зонæм, стæй нæдæр тырнæм, ирон Кадæгæн йæ хæтæнты, йæ цæуæнты цы уыдис, уый базонынмæ. Секъа загъта: «Мах фæкуыстам цыдæртæ, сау бындз галæн æмбалау…»[3] Уымæн ныл кæны фыдаз. «Сырхзынг цалхау» нын уымæн «рафæлдæхти хур», тайы ныл «арв йæ абухгæ цæхæры», «хуыскъ бæлæстау куы бахуыскъ ысты дæттæ», «куы 'мбæхстысты æмуд аууæтты адæм», уæд поэты лирикон хъайтар æнæнхъæлæджы не 'рæвнæлдта цъай къахынмæ: «Афтæ арф ныкъкъахтон, / æмæ мæм хур дæр нал æххæссыд. / Хуыр / хъыррыстгæнгæ мæ мæцъисы цæлхъытæй / цъæх фæздæг уагъта».

*Агуырдтон фæндаг,*

*æнхъæлмæ кастæн доны цæстмæ.*

*Афтæ*

[1] К о д з а т и А х с а р. Бычье сало / Отечество. Свободный взгляд, 2009. – 17 сентябрь.
[2] Т е п л и ц к и й И. З., Ц а г а е в Н. Д. Памятники материальной культуры Северной Осетии. – Владикавказ, 1963. – 3 ф.
[3] Г æ д и а т ы С е к ъ а. Азау. – Дзæуджыхъæу, 1981. – 55 ф.

*дзæгъæл фæндаггон рухсы цъыртт фæмысы*
*æдзæрæг ран сыгъдонæнгæс мæйдары.*
*Æз къахтон.*
*Туг мæ ныхбынты фæбадт,*
*мæ ихсыд уырзтæй хъардта.*

Куыы фембæхсынц «æнуд аууæтты адæм», уæддæр, йæ адæмы тыххæй йæ уд нывондæн чи хæссы, фервæзыны хос сын чи агуры, уый алы зынтæн дæр фæбыхсы. Æхсар сын йæхæдæг цы хорз ракæна, æндæры бон уый кæй нæ бауыдзæнис, уыдæтты йын амонын нæ хъæуы. Шамил загъта: «Цæвиттойнаг у æмдзæвгæ «Цъайкъахæг». Уацмысы уынæм бæлвырд архайд – æнтæф заман сыгъд быдыры цъай къахын. Уыцы архайд афтæ хуызджын нывæст у, æмæ йын чиныгкæсæг йæхи нуæрттæй æнкъары йæ уæз. Йæ динамизм у æндон цъæтау. Цъайы арфы фæстаг дуры бынæй фемæхст сатæг дон – царды хос. Символон у ацы нывы мидис – ирд, парахат, ахадгæ. Уый бæрзонд кæны æнувыд куысты нысан – цард æмæ фарны сæраппонд. Ам бæлвырдæй зыны авторы этикон зондахаст, йе сфæлдыстады гуманистон бындур».[1]

Уацмысы уынæм цардаразæджы æнусон фæлгонц. Цъайкъахæг у царддæттæг, адæмæн сæ царды бонтæ чи дарддæр кæны, уыцы адæймаг. Йæ ныхты бынтæй рахъардта йæ туг, уæддæр æм ис уацмысы авторы ‘хсарæй, йæ удвидарæй æмæ уымæн нæ мæлы йæ ныфс. Цалынмæ, «бынæй сау дон фемæхст, цыма арт», уый не сфæлдæхта, уæдмæ уымæн не ссардта удæнцой. Уымæн æмæ зыдта, уый кæй уыдис «Кæддæр æврæгътыл арвы рындзыл чи хатт, / кæй-иу систа йæ зæрин сытыл хур, / къæвда-сахайæ чи æрхауди хуымтыл, / кæй ныффæрсыгъта мин сасирæй зæхх», – уыцы дон та ног æмæ ногæй кæй дæттдзæнис цард.

Автор цъайкъахæг æмæ поэты куыст йæ мидсагъæсты кæй иу кæны, уый дызæрдыггаг нæу. Йæ композицион арæзты йын уынæм, фыдаз куыд скодта,

---
[1] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Поэзийы фарн // А в т о р т ы к о л л е к т и в. Критикон уацтæ. – Дзæуджыхъæу, 1990. – 69 ф.

сусæны мæйы «зæххыл / сырхзынг цалхау куы рафæлдæхти хур, / куы тади арв йæ абухгæ цæхæры / æмæ бæзджынæй быдыртыл куы тагъд, / куы бадзæгæрæг зайæгхал уæлхъæдæй, / хуыскъ бæлæстау куы бахус ысты дæттæ, / фырдойныйæ куы арæдыфсттæ зæх». Æмæ адæм сæхи аууæттæм куы ‘ппæрстой, уæд лирикон хъайтар та ныллæууыд цъай къахыныл, цæмæй æнæ донæй ма аскъуыйа цард. Адæм зæгъынц: «Дон цæрæнбонты агургæ цæуы, фæлæ кæй æмæ цы, уый никæмæн дзуры».[1] Йе ‘вæрæнтæн кæрон нæй.

Уавæр афысгæйæ автор ахизы архайдмæ. Цæмæй цард зæххыл уылæнтæ кæна, уый тыххæй уацмысы дыккаг хайы уынæм лирикон хъайтары тухæнтæ: йæ фыдæбойнаг куысты туг йæ «ныхбынты фæбадт», йæ «ихсыд уырзтæй хъардта». Æмæ уацмысы æртыккаг хайы символиконæй фенæм, йæ куысты фæстæ йæ куыд барæвдауы цард йæхæдæг: «Хæстулæфтгæнгæ сæфтыдтон фæстаг дур. Йæ бынæй сау дон фемæхст, цыма арт…» («Цъайкъахæг»):

*…æмæ дзы зынд тымбыл тыхтытæй арв*
*зæлдаг хæцъилау – фаринтæ, пырхытæ:*
*кæд партæ кодтой цæстытæ фырцинæй,*
*кæд разылди фырфæлладæй мæ сæр…*
*Сыгъд цæссыгтæй, цæхджын хидæй хъæстæ дон*
*мæ дзыхмæ систон армыдзыхъхъы æз.* [2]

Æмæ уый уыдис æппæтæй сæйрагдæр. Йæ зæрдæйы фæндиаг уымæн сулæфыд: «Худæнт мыл-иу хъалтæ…». Уымæн æмæ аразæг, фæлдисæг ницæмæ фæдары хъалтæ æмæ хъалхуызты худын. Нæ дæр æй уыдонмæ кæсын æмæ хъусынмæ æвдæлы. Йæ фæндагыл фæцæуы фидарæй. Дзуццаты Хадзы-Мурат загъта: «Шестидесятник, тогда, в 60-е годы и позже, осуждая многое в системе, бичуя одних вождей тиранов, в то же время сохранял веру в систему, веру в других вождей-тиранов. Оставалось много иллюзорного,

[1] Хъазиты Мелитон. Ирон хæзна. 1 т. – Цхинвал – Дзæуджыхъæу, 2013. – 143 ф.
[2] Хъодзаты Æхсар. Рухс. - Дзæуджыхъæу, 1987. – 48 ф.

романтического, идеалистически-утопического. Так же, как и у его собратьев – рано ушедших Хазби Дзаболова и Георгия Бестаути. Он их пережил, но оказался ли счастливее их – сказать трудно».[1]

Адæймаг йæ хуыздæр хæлæрттæй афтид куы абады, уæд цас амондджын вæййы, уый Æхсарæн йæхицæй хуыздæр ничи зоны. Дзаболаты Хазбийæ зæгъы: «…Хуыздæрæнхъæл цы ‘мгарæй уыдтæн, – / оххай, / фæсайдта мæ… / Хæкъуырццæй ма кæуын…»[2] («Дзаболаты Хазбийы мысгæйæ»). Бестауты Гиуæргийæ афтæ: «Лæгæй чи фæцæры, уый мæлгæ дæр лæгæй акæны» («Æлвæст æхсаргардау»).[3] Хадзы-Мурат Æхсарæй афтæ: «Одно ясно: он постепенно шел все дальше и глубже к себе, к своей человеческой и художнической сути, подвергал «переоценке» многое, прежде всего, свою Осетию, свой народ, а также воздвигнутые литературные авторитеты, своих сверстников-собратьев: от некоторых отвернулся, с некоторыми переругался».[4] Уæддæр баззадис цъайкъахæгау, куыд уыдис, афтæмæй – адæмæн, йæ Фыдыбæстæйæн лæггадгæнæгæй. Йæ уацмысты поэтикæ та, ацы уацмысæй куыд уынæм, афтæ йæ кары рæзтимæ кæны хъæздыгдæр, аивдæр, поэтикондæр. Афтæмæй йæ дзуринæгтæ сты зæрдæмæдзæугæдæр. Удисын кæд æнцон нæу, уæддæр ын поэт зоны хос – уый адзалæн у мадзал. Уыйфæстæ алы фыдтæн дæр æрцæуы кæрон. Хъуыддæгтæ, зæрдæмарæнтæ уый размæ вæййынц. Йæ уд исынмæ чи фæтагъд кæны, уымæн уый тыххæй фæдзæхсы, цæмæй раздæр сиса, нырма ахсджиагдæр исинæгтæ чи сты, уыдон. Зæгъæм, рынчынæн – йæ утæхсæн, йæ хæлæг, йæ тыхтона, йæ хахуыртæ… Ныфсфидарæй зæгъы: «Йæ гамхуд сис, гадзрахат чи у, уымæн; / йæ рифтаджы бын чи нал у цæуынæн, – / йæ уаргъ ын сис – дæ фæлмæн зæрдæ ‘вдис; / цагъары ‘фсондз, цагъары къæлæт ис! / Фыдгул бырсы дæ бæстæмæ: фæдис! – / дæ маст дзы ис, дæ уды бартæ хиз» («Уд исыны зарæг»).

*Дæ уд исынмæ ма тагъ кæ, мæ лымæн, –*

---

[1] Дзуццаты Хадзы-Мурат. Уынгæгбоны сагъæстæ. – Дзæуджыхъæу, 2010. – 244 ф.
[2] Хъодзаты Æхсар. Рухс. – Дзæуджыхъæу, 1987. – 46 ф.
[3] Хъодзаты Æхсар. Дымгæ æмæ зыгуымдон. – Дзæуджыхъæу, 2011. – 185 ф.
[4] Дзуццаты Хадзы-Мурат. Уынгæгбоны сагъæстæ. – Дзæуджыхъæу, 2010. – 244 ф.

*уыдзæни ма хуыздæр фадат мæлынæн.*

*Дæ уды разæй исинæгтæ ис:*

*куывд и дæ хъæуы – кады нуазæн сис,*

*дæ зарæг сис, куыд кæной адæм дис;*

*уæлæмæ ис дæ Иры ном – дæ ис.*[1]

Æхсары поэзи уыцы хæрзиуджытæ кæныны къахыл лæуд у сæрысуангæй. Нæ тæрхонмæ хæссы йæ уды дзуринæгтæ. Хадзы-Мурат дзы уымæн зæгъы: «Он пишет для себя и от себя».[2] Ахæм аивад удæн уæлдай æхцондзинад хæссы, уый тыххæй йын уæлдай стырдæр аргъ ис. Æмæ диссагдæр уыдаид, нæ поэт Ирыстоны кады лæгтæм, сыгъдæг удтау куынæ кувид. Æмæ йæм уыцы хъуыддаг тых кæнгæ, тыхуæздандзинад нæу. Йæ уды рæбынæй тæдзы. Нæ кад, нæ намыс, нæ цæсгом Къостайы уарзгæйæ, – зæгъин, зыр-зыргæнгæйæ, – цы бирæ зырнæйзылд æмдзæвгæты райгуырдысты йæ зæрдæйы арфæй, уыдон сæхæдæг æнæхъæн чиныг уаиккой. Йæ чингуытæй иуы аудгæйæ уый номæй схуыдта – «Къостайы хæдзар». Ном ын цы ‘мдзæвгæйы тыххæй радта, уымæн эпиграммæйæн æрхаста Хуыгаты Сергейы уацмыс «Къостайы хæдзар»-æй: «…уыцы хæдзар, Къостайы хæдзар, – Æз йæ рæзты цæссыгкалгæ ‘рцæуын…»[3] «Æнцой нæ зыдта: бонæй уа, æхсæвæй / йæ уарзты хурæй арæзта хæдзар. / Уыдаид хъуамæ бонвæрнон йæ цар, / йæ бын – цъæх авг, йæ къултæ та – æргъæуæй».

Нæ сæрхъызойæн уыцы хæдзар уыд «йæ ис æмæ йæ низ». Фæлæ йын нæ бантыст йæ «Хæдзар» кæронмæ саразын. «Йæ уд цырагъау Иры дзыхъхъы батад», «Йæ хæдзар, охх, æрдæгарæзтæй баззад». Фæлæ нын уæддæр кувæндон у, аргъуан. Æмæ нæм поэт сиды, цæмæй йын йæ хæдзар ма факæнæм хæдзаруат, йæ хъуыддаг ын акæнæм дарддæр, «бахсидæм ын ахæм рæхыс», «сæрмæттаг арвæй чи ‘рæхæсса махмæ».

---

[1] Х ъ о д з а т ы  Æ х с а р. Къостайы хæдзар. – Дзæуджыхъæу, 1991. – 128 ф.
[2] Д з у ц ц а т ы  Х а д з ы-М у р а т. Уынгæгбоны сагъæстæ. – Дзæуджыхъæу, 2010. – 245 ф.
[3] Х у ы г а т ы  С е р г е й. Хуры рæгъ. – Дзæуджыхъæу, 2008. – 16 ф.

*Нæхицæн, цæй, æнусмæ скæнæм ном:*
*кæд ацы хæхты нал фаг кæна дуртæ,*
*уæд фестын кæнæм урс дуртæ нæ удтæ,*
*æндон къултæ сæ бавæрæм æнгом.* [1]

Афтæмæй поэты бон баци, Къостайæн æрдæгаразтæй цы «Хæдзар» баззад, абон, – хæйрæг йæ зонæг – чи дзы хъарм кæны йæхи, – уый хъысмæт комкоммæ дæр æмæ символикон æгъдауæй дæр равдисын. Уымæн ын ис быдур: «Йæ фыдæй йын Лабæйы баззадис зæхх. Уый ауæй кодта, Дзæуджыхъæуы зæхх балхæдта æмæ дзы хæдзар кæнын райдыдта.

Йæ низ тыхджындæр кодта, йæ хæдзар ауæй кодта æмæ йæ æрвадæлтæ аластой сæхимæ – Лабæмæ…»[2] Дурты скъуыдты чи ʻмбæхста йæ хъæстæ, æрмæстдæр фидæны ныфсæй чи цард, хъысмæтæй æлгъыст уыцы адæмæн, хъуамæ, гæдыйау, авд уды уа, цæмæй айнæджы бæгънæг цъæх фахсы дæр цæра йæ уидаг, суадза тау. Фæлæ тау суадзынæн æрмæст апп фаг нæу. Хъæуы йын стыр ныфс. «Хъысмæтæй æлгъыст адæм» уыцы ныфс фæисынц сæ хуыздæртæй. Æмæ, «къæйтыл мыггагыскъуыд» чи кодта, нæ ирæттæн уыцы стыр ныфс фыццаджы-фыццаг уыд æмæ у нæ сæрхъызой Къоста: «Райгуырд Нары нæрæмон гуырд, / бахсыст арты йæ нæртон дзырд, / ныр Хуыцауæй дæр нал тæрсæм. / Ой, мæ тохы зард-алмаси, / ласы кæлмытæн се ʻвзæгтæ, / стъæлфынц йе скойæ не знæгтæ». Фæлæ, хорз æфсин йæ къæбицы дзадджындæртæ уазæгæн куыд февæры, афтæ Æхсар йæ ахадæндæр зæгъинæгтыл ауды кæронмæ. Цæмæй нын уыцы иу ныццæфæй нæ зæрдæты сгуыпп кæна поэзийы арт. Æмæ йæ сфæйлауын кæны («Къостайы зарæг»):

*Ахъæр дунейыл Иры ном,*
*ир дæр дзыхъхъылæуд нал ысты,*
*систы хайджын йæ намысæй.*

---

[1] Х ъ о д з а т ы  Æ х с а р. Къостайы хæдзар. – Дзæуджыхъæу, 1991. – 189 – 190 ф.
[2] К ъ у б а л т ы  А л ы к с а н д р. Уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 1978. – 180 ф.

*Ой, ныззарæм сæрыстырæй:*
*ды нæ удтæн ныфсы хос дæ,*
*ой, гыццыл Иры стыр Къоста!*[1]

Поэт райы, Къостайæн йæ «уынг æхсаргардау æлвæст» кæй у, æмæ «æнустæн се ‘хсæнты» кæй лæгæрды, уый. Йæ удæгасæй дæр «Къоста йæ хъару æмбæрста æмæ искæй ныхасмæ хъусæг нæ уыд»,[2] – дзырдта Къубалты Алыксандр.  Къостайы номимæ цыдæриддæр баст сты, уыдонæн сæрмагонд, æнæлаз бынат ис Æхсары зæрдæйы. Уарзы йæ зæххон æмæ уæларвон уарзтæй. Рухс ын кæны йæ уд æмæ йæ уарзын кæны махæн дæр. Цæмæй Къостайы номæй сыгъдæг æмæ рухс кæной нæ удтæ. Цæмæй нæ Къостайы ном разæнгард кæна суинаг дугмæ. Уымæн æмæ Гаглойты Рутены загъдау: «Нæ цины, нæ хъыджы боны нæ астæу бады Къоста».[3]

Æхсары зæрдæуаг Къостайы тыххæй, поэзийы æвæджиаг нысаниуæг кæмæн ис, ахæм у. Æмæ нын Хъодзайы-фырт йæ лæджыхъæдджын æмæ сыгъдæг поэзийæ нæ зæрдæтæм тадзы аивады арты æртæхтæ. Къостайы бæрзонд уынгыл цæугæйæ нæ хъал кæны нæ сым-сымгæнаг фынæйæ: «Цæуын тыхулæфтгæнгæ хæрды, / хæссын дæ къуылдымыл мæ цæст. / Цыма пыллыстæгæй у – аргъуан / урс дары, рæууат æмæ рох. / Ды махæн диссаг дæ, ды – аргъау… / Цæры дæ фарны хъæр, дæ тох…»

«Ирон фæндыр»-ы хъазт арвмæ дæр хъуысы».[4] Къоста нæ, ироны уындæй, нæ разагъды фыдæлтæй кæйдæриддæр «фарны хъæр» æмæ тохмæ сидт зæлынц – Темырболат, Секъа, Елбыздыхъо, Едзион Фослæнбег, Цомахъ, Илас Æрнигон, Нигер, Калоты Хазби, уыдонæй райдайгæйæ, æмфынг кæимæ уыд – Гафез, Дзесты Куыдзæг, Дзаболаты Хазби, Бестауты Гиуæрги, Булкъаты Михал, Дзуццаты Хадзы-Мурат, Гуыцмæзты Алеш… Ирыстоны бирæ, бирæ æндæр разагъды лæгты сагъæс æрцард Æхсары уды. Уырдыгæй,

[1] Х ъ о д з а т ы  Æ х с а р. Рухс. – Дзæуджыхъæу, 1987. – 192 ф.
[2] К ъ у б а л т ы  А л ы к с а н д р. Уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 1978. – 279 ф.
[3] Г а г л о й т ы  Р у т е н. Къостайы цырты тыххæй / Æфсир, 1910. – 11 апрель.
[4] Т ы б ы л т ы  А л ы к с а н д р. Уацмысты æмбырдгонд. – Цхинвал, 1988. – 13 ф.

хæххон суадонау, абузы поэзийы суадон: «Фæзæгъын æз фыды номау æхцонæй, / нæхи Уасо, нæ уаз хистæр, дæ ном»… / «Дæу нарт сæхимæ се ‘мсæр лæгæй райстой, / æмæ дæ хонæм буц номæй: Нæртон». Поэт афтæ дзуры æвзагзонынадæй дунейы зындгонд нæртон лæг Абайты Васойæ. Дзуры йæм, стыр лæг стыр лæгмæ куыд фæдзуры, афтæ нæ, «фыды номау æхцонæй». Афтæ æмдзæвгæйы фыццаг рæнхъæй ахсы чиныгкæсæджы. Уый фæстæ нын аивадон хуызы æрнымайы фарны лæджы фарны хъуыддæгтæ – скифтæ æмæ йæ алантимæ «сæ кады хохмæ се ‘мхуызон» куыд хызти, «Сырдоны хин, Сатанайы кæлæн» æй «лæгæвзарæнты, карз тохты» куыд хызта. Академик О. Н. Трубачев ын йæ «Ирон æвзаджы историон-этимологон дзырдуат»-æй æнæнхъæлæджы нæ загъта: «древняя история не знала другого такого примера».[1] Æмæ дзы сæрыстыр у Æхсар: «Нарты хур дæ хи хъæбулау тавта», «Нæртон дунейы аныгъуылдтæ», «сдæ дæхæдæг дæр нæртон». Уымæн зæгъы: «Нæ Иры фарон, фарны лæг, – дæ авдæн, / нæ Иры фидæн, фарны лæг, – дæ бадæн» («Фарны лæг»). Поэтæн Иры фарны лæгты – хъайтарты сагъæс дæр нæ дæтты удæнцой.

Елбыздыхъойы «Амыран»-ы Теса уайдзæф кæй æппары Бесæмæ, Амыраны суæгъд кæнынил йæ уд кæй хъары, уый тыххæй: «Дæ митæ дæ зæрде адæмы тыххæй сты, æмæ дæ курынц адæм: ныууадз сæ!.. Акæс, акæс æмæ фен дæу руаджы адæмы сæфт»,[2] – ууыл Æхсары сонет «Титан II» агайы зæрдæйы уидæгтæ: «Разы у йæ хъысмæты фыдохыл», / «Тæригъæддаг! Йæ аххос циу æниу? – / Æвзоны йын хæлæджы ‘вдиу йæ риу. / Йæ аххос циу? – Хæссы йæ уд йæ армы. / Титанæн та йæ удхары – йæ уарзт. / Уый зæхмæ нæ – зæхх уымæ ‘рцыди баст: / хæссы йæ йе ‘ккой ауал азы фарнмæ».

Зæрдæ агайы, поэт ССР Цæдисы адæмон артисткæ Адырхаты Светланæйæн цы æмдзæвгæ ныффыста – «Кафæг чызг», уый. Цыма дзы нæхæдæг уынæм, Глюкы мелоди сæлфынæгау куыд ризы, «чызджы цур уадындз зæрин зæлтæ згъалы» æмæ цæуынц хуры æлвæст тыныл:

[1] Г у р и е в Т. А. Василий Иванович Абаев. – Владикавказ, 2000. – 31 ф.
[2] Б р ы т ъ и а т ы Е л б ы з д ы х ъ о. Уацмыстæ 2 т. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 1981. – 250 ф.

*Талынг, фынæй цардæй арвмæ ыстахтæ,*
*удхæрæн фидыц! Ныр стъалыйы 'ртах дæ.*

*Арф цады аззади де 'рттывд, дæ тæмæн.*
*Арвмæ нæ сайы дæ худын, дæ кæлæн…*

*Залы – дыуучæ уды: чызг æмæ уадындз;*
*стъалыйæ стъалымæ цины тын уафынц.*[1]

Поэтæн йæ курдиаты, ассонас æмæ аллитераци, ахадгæ рифмæты фæрцы йæ бон бацис кафтаивады алæмæттаг хуыз афыссын, адæймаджы удимæ сын иумæйагæй цы ис, уый равдисын. Сфæлдыста æцæг аивад.

Фæлæ уый афтæ нæ амоны, хорз чи кæны, уый алкæмæн дæр æмæ алцæмæн дæр хъæбыстæ æмæ батыл у. Куыд загътам, афтæмæй, Хъодзайы-фыртæн æнæуынон сты цурон, кад æмæ мулкылмард, ницæйаг адæм. Фæхауы сæ йæ уд. Къостамæ, уызын сагыл куыд бары йæхи, афтæ.[2] Æхсармæ та сæтæлæг галмæ сывæзта йæ сытæ: «Мæхиау дыл сыкъатæ зайы – галæн // сæтæлæг загъта. – Сбæззис мын æмбалæн» («Сæтæлæг»).[3]

***

Загътам, нæ нæргæ фыдæлтæ скифтæ – сæрмæттæ – алантæ нын сæхийау нæргæ паддзахад кæй нæ ныууагътой. Афтæмæй сæ авналæнтæ æмæ сæ цæрæнтæ дардыл уыдысты. «Со времени Геродота античные писатели помещают сарматов и савроматов к востоку от р. Дона, – зæгъы историк Уанеты Захар. – В археологической науке держался взгляд, согласно которому формирование ранних сарматских племен генетически связывается с носителями андроновской культуры эпохи бронзы (II и начало I

---

[1] Х ъ о д з а т ы Æ х с а р. Рухс. – Дзæуджыхъæу, 1987. – 191 ф.
[2] К ъ о с т а. Ирон фæндыр. – Дзæуджыхъæу, 2009. – 168 ф.
[3] Х ъ о д з а т ы Æ х с а р. Рухс. – Дзæуджыхъæу, 2087. – 207 ф.

тысячелетия до н. э.), памятники которой обнаружены во многих местах Сибири (на Енисее, в Западной Сибири, Казахстане, Киргизии и до Памира).[1]

З. Чъичъинадзе йæ чиныг «История Осетии по грузинским источникам» райдайы: «По Вахушти[2] осетинские владения в горной местности назывались Кавказом, а на плоскости «оси».[3] Фæлæ сæ фесæфтой нæ рагфыдæлтæ. Нæхæдæг дæр, ома, арвы дуæрттæ кæнæм, нæхи цæргæстæ æнхъæлæй фаджысы рагъыл нæмыгæнхъæл быгъдулæг куы фæкæнæм, уыдæттæ поэт йæхицæн дæр нæ бары. Йæ уд куы стыхсы Иры дзыхъхъы, уæд фырадæргæй йе 'гæрон маст ныккалы фыдæлтыл дæр, йе 'мдугонтыл дæр, йæхиуыл дæр:

*Æнамонд ир, æнæфæныкæй хъалтæ,*
*йæхи хъæбулты чи хæры дзæргъау!*
*Æрдзæ азты фæхъæр кодтат: «Æгъдау!»*
*Быны номыл уæ байзæттæгтæн хал дæр*

*нæ баззади, – нывондæн хастат галтæ.*
*Æрмæст уæ нæ, нæ фехъуыста Хуыцау.*
*Уæ фарн, уæ зонд нын бакодтат æвгъау,*
*æмæ нæм нæй Хеопстæ,[4] Тадж-Махалтæ.[5]*

Иу уый, æмæ Ир нæ хæры йæ хъæбулты, уымæй дæр – дзæргъау. Акулæйы лæппынтæ сæ мады хуылфы куыддæр равзæрынц, афтæ сæ фыццаг койаг вæййы, чи сæ кæй аныхъуыра, уый. Баззайы ма дзы æрмæстдæр иу. Фæлæ уым сæ мад ницы азымджын у. Се 'рдзы конд у афтæ, æмæ йæ сæхæдæг нæ хатынц. Æрмæстдæр æнкъарынц – тыхджындæрæн у цæргæйæ.

Æндæр хабар у, ирон иронмæ, «нæ, мæнæн фылдæр уа»; «нæ, æз лæгдæр уон»-ы тыххæй йæ къух куы сисы; ирон ироны, кæм æмбæлы, ахæм бынаты

[1] В а н е е в З. Н. Избранные работы по истории осетинского народа. Т. 1. – Цхинвал, 1989. – 112 – 113 ф.
[2] В а х у ш т и (Б а г р а т и о н) (1696 – 1784) – зындгонд историк, географ æмæ лексикограф (авт.).
[3] Ч и ч и н а д з е З. История Осетии по грузинским источникам. – Цхинвал, 1993. – 15 ф.
[4] Египеты фараон Хеопсы ирууыл стырдæр æнцойбынат-пирамидæ (авт.).
[5] Инд. архитектурон цыртдзæвæн султан Шах-Джахан æмæ йе 'мкъай Мумтаз-Махалæн (авт.).

кæй нæ февæры. Къостайы «зæйы сæфтæн рад»-ау[1] нын уый фыдæлтæй баззад æмæ дзы абон дæр нæ бон нæу фервæзын. Уæдæ нын бынтæ нæ ныууагътой нæ фыдæлтæ, уый дæр бынтон раст нæу. Æгæрыстæмæй, нæ ферох ивгъуыд æнусы 20-æм æнусы нæ геноциды тыххæй Чермены фæдзæхст: «Æссæдзæм аз махæй Кæмæй фæуа рохы, Уый не 'хсæн æлгъыст уæд фæлтау»[2] («1920-æм АЗ»). Æмæ та йæ нæ сæр баййафы ногæй.

Дард цæмæн цæуæм – фондзыссæдз азы размæ дæр Млетæй фалæмæ Ирыстон уыдис, фæлæ йæ дæлæ нæ фыдбоны сыхæгтæ комдзагæй, комгай аныхъуырдтой æмæ комхæлиуæй слæууыдысты Дзæуджыхъæуы къæсæрыл. Нæ цæстыты раз фæхæрынц Ирыстоны Хуссар хай, æмæ нæм нæ туг, не стæг къæппдзыхæй кæсынц алы кæмттæй. Ам дæр фыдæлтæ сты аххосджын?

Гакк-гуччы лæппын дæр куыддæр хъузгæй рахауы, афтæ хæрз лопъойæ йæ фыц积аг кой свæййы йæ кæнгæ ныййарджыты рæвдуæттæ кæнæ æнахъом лæппынты сæ ахæстонæй федде кæнын, цæмæй ахстонæй, ныййарæгæй иууылдæр уымæн баззайой. Æнамонд ныййарджытæн сæ зæрдæ кæй нæ тæры йæ ныммарын, уый сæхи аххос у? Чи зоны, фæлæ уыдонæн гакк-гуччы зæрдæ нæй. Уæллаг нæ куыдæй сфæлдыста, ууыл алкæмæн йæ бон йæ къух сисын нæу. Адæймагæн йæ туджы цы уа, уый æнустæм вæййы.

Уæдæ, египетаг Хеопстæ æнæ индиаг Тадж-Махалтæй Нарты кадджытæ мæнæн фенддагдæр сты. Стæй Цæгат Кавказы алайнаг кувæндæттæ æнæхицауæй мингай азты куы лæууынц, уæд, æцæг, нæ тулгæ уæрдæтты цардыстæм? Нæ фыдгултæ-иу нæм нæ исбон исынмæ, нæ туг-стæг бардузынмæ лæбурдтой. Цы нын зиан кодтой, уый адæмы мæрдтæй нæ нымадтой, фæлæ нын цал фидар, цал галуан ныппырх кодтой, уыдонæй. Сæ гадзрахатæн нæ зындис кæрон: «…кипчаки оставили их (алан). Тогда татары напали на алан, произвели между ними избиение, бесчинствовали, грабили, забрали пленных…»[3]

[1] К ъ о с т а. Ирон фæндыр. – Дзæуджыхъæу, 2009. – 232 ф.
[2] Б е д ж ы з а т ы Ч е р м е н. Æвзæрст уацмыстæ. – Сталинир, 1958. – 508 ф.
[3] Т и з е н г а у з е н В. Сборник материалов, относящихся к истории Золотой Орды. Т. 1. – Спб, 1884. –25 ф.

Ау, уæртæ нын хъулгъа нæ фыдæлты номдзыд сахар Магасы бындурыл сæ цард аразынмæ кæй æрæвнæлдтой, аразгæ дæр æй кæй кæнынц æмæ сæм комхæлиуæй кæй кæсæм, уый дæр нæ фыдæлты аххос у? Уыдæттæ иуулдæр хорз зоны нæ поэт. Фæлæ истори æмæ царды æнæрæстдзинадæй куы сфæлмæцы стъæлфт уд, уæд йæ маст анхъæвзы йæ фыдбонты рафтæг æмæ худинаджы бæсты мæлæт ссарæг фыдæлтæм дæр («Цъæхахст»):

*Уæ дард быдыртæ – дзыхъхъы лæуд, æгад…*
*Фырадæргæй ма дзырд дзырдыл ныхасын:*
*о, ма фæуа нæ фæдыл æфтыд ард!* [1]

Уым, æрмæстдæр уым – дзырд дзырдыл æфтауыны ис цъыссымæй нæхи раласыны, Ирыстоны дзыхъхъæй сирвæзыны сæйрагдæр хостæй иу, фæлæ йæ, фыдæлгъыстау, нæ ахсы нæ зонд. Фыццаджы-фыццаг уый тыххæй суæлæнгай вæййы поэты уд. Не 'мрæстæгон Галазты Руслан æй афтæ загъта: «Стих Ахсара Кодзати напряжен, внутренне сдержан (что, впрочем, свойственно характеру осетина, рожденного в суровых горах Северного Кавказа), и особенно все это ощутимо, когда строки А. Кодзати обращены к родному Иру, его исторической судьбе, к великому осетинскому поэту Коста Хетагурову».[2] Æммыст, Русланы бафæрс: «Кавказæн йæ Хуссары æндæр ирæттæ цæрынц?» Уыцы дих дæр нæ фыдæлты аххос у? Æмæ поэт йæ зæрдæйы хъынцъым тыхстæй ралæмары амад дуры æнгæс дзырдтæй («Гыццыл адæмы стыр лæгæн йæ хъыг»): гыццыл адæмы стыр лæг йæ хъазуатæй «самадта мæсыг:йæ бæстæгтæн йæ уды фæллой баззад».

*Йæ мидæг и цыкурайы фæрдыг.*
*Гыццыл адæм та – куырм æмæ æвадат,*
*хæрдæн ын – дуртæ, дойныйæн цæссыг,*

---

[1] Х ъ о д з а т ы  Æ х с а р. Къостайы хæдзар. – Дзæуджыхъæу, 1991. – 151 ф.
[2] Г а л а з о в  Р у с л а н. Корни и ветви / Литературная Россия, 1985. – 9 август.

*тæрынц æй сæфтмæ Тых æмæ Гадзрахат.*[1]

Ахæм зæрдæуаг адæймагæн нæ дæтты удæнцой. Æркæны йæ поэтикон æррадзинадмæ. Ноджы уыцы удæнкъарæн Фыдыбæстæ, радтæг адæмы тыххæй куы вæййы, уæд йæ пырх кæуыл акалдзæнис, уый йæхæдæг дæр нæ фæзоны. Æхсар-поэтимæ уыцы «поэтикон æррадзинад» æмдзæрин у, æмæ кæд йæ мæстæй хатт йæхиуыл дæр нæ бацауæрды, уæддæр уыцы хъизæмæрттæй райгуыры зынбыхсæн, фæлæ, æгæрыстæмæй, вулканау чи срæмудзы, ахæм æцæг поэзи. Бицъойты Эммæ дзы йæ рæстæджы уымæн загъта: «Говоря о соотношении традиций и новаторства в современной осетинской литературе, можно смело утверждать, что обостренное гражданское чувство, являясь одной из отличительных особенностях всей советской литературы, всегда было свойственно лучшим произведениям осетинских поэтов, и в том числе Ахсару Кодзати».[2]

Поэт ууыл архайы æппынæдзух. Аланты фæтæг Борæ Тимуры æфсæдты ныхмæ тохы састы бынаты куы баззайы æмæ аланты паддзахад куы бабын вæййы, уæд поэт фæтæджы номæй уымæн зæгъы: «Цæмæй тарстысты нартæ, уый æрцыд: / фыдвæд – нæ хай; иу иннæйы æвзоны»; «Хæлæг – нæ бæллæх, ингæнмæ нæ ссоны». Отелло дунейæн куыд фæстаг хæрзбон кæны,[3] уыйау Борæ дæр  хæрзбон кæны, йæ сæр нывондæн кæмæн хаста, уыцы Аланыстонæн, «фыдæлты тох, нæ фарны ‘взаг, нæ цыт»-æн. Æмæ дзы хатæм авторæн йæхи рыст, йæхи уайдзæф («Борæйы фастаг ныхас»):

*Ныгуылы дыл, мæ сæфты зæхх, дыдзыхур.*
*Хæрдмæ  нæ суры урс хæхтæм тыхы дур.*
*Кæй уыдзысты дæ ивгъуыд бон, дæ сом?*

*Æлгъыст дæн æз: мæ хæлд зæрдæйы тарфæй*

---

[1] Х ъ о д з а т ы  Æ х с а р. Къостайы хæдзар. – Дзæуджыхъæу, 1991. – 150 ф.
[2] Б и ц о е в а  Э м м а. Ахсар – значит «отважный» / Литературная Россия, 1975. – 25 апрель.
[3] Ш е к с п и р  У и л ь я м. Уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 1980. – 147 ф.

*куыдзбындарау дзæгъæлæй ниуы арвмæ*

*дæ ном.* [1]

Сонетæн æнæнхъæлæджы, прозæйон кæрон кæй ис, уым банысан кæнын æмбæлы, поэт ирон æвзагыл кæй фæлдисы бирæ аив сонеттæ. Токаты Алихан нæ мадæлон æвзагыл йæ «Цыкурайы фæрдыг»-æй[2] сонеты дунемæ æргъæу дуар бакодта, Æхсар та уыцы дзæнæты къуымы рухс цырæгътæ судзы. Сонет æрмæст цыппæрдæсрæнхъон чи æнхъæлы, бирæ сонеттæ фыссыныл йæ уд чи хъары, ахæмтæ нæм цъус нæ уыд æмæ нæй, фæлæ, хъуыддаг уый у, нæ поэт ирон сонеты хуыз кæй фæхъæздыгдæр кодта æмæ хъæздыгдæр кæны. Цахæм хуызы сонеттæ нæ ныффыста – классикон сонет, фæлдæхт сонет, сонет уæлæфтауæнимæ, урс сонет, къахыр сонет… Ам йæ кæрон – прозæйæ.

Æниу, йæ уыцы фæндаг – сонеттæ фæлдисын нæ цæуы алкæй зæрдæмæ. Дзуццайы-фырт дзырдта: «С какого-то момента он пристрастился к сонету. Лично я к сонету не питаю симпатии: почему-то строгость, каноничность, жесткость и незыблемость его формы мне напоминает тоталитарную систему, в которой нам вольно или невольно приходилось жить – жить как бы в сонете, в его догматике и несвободе».[3] Адæймаг цытæ æрымысы!

Фæлæ Æхсар сонеты йæхи сæрибарæй кæй хаты, ууыл Хадзы-Мурат дæр æнæсразы нæ фæци: «В нем, в сонете, Ахсар выражал свою «несонетную», несистемную, недозволенную правду. Он в сонете противостоял сонету».[4]

Сонет куыд аразгæ у, уымæн йæхи фæткойтæ ис, æмæ сæ Æхсар нæ халы, фæлæ йæ хатт йæ поэтикон зæрдæ ахæссы «тæссармæ» – эксперименты хуызы сонеты æрдзы кондмæ фæныхилы, æмæ формæйы хуызы фæраст вæййы йæ хъуыддаг. Афтæ рауадис раст уыцы сонеты прозæйон кæрон. Æмæ уый дæр цæуы поэтикон «æррадзинадæй». Фæлæ уымæй йæ арæхстæй, йæ фæлтæрддзинады фæрцы уацмыс формæйы фæрцы хъæздыгдæр цы фæкæны, æндæр ыл цаудырдæм нæ фæзыны.

[1] Хъодзаты Æхсар. Къостайы хæдзар. – Дзæуджыхъæу, 1991. – 146 ф.
[2] Токаты Алихан. Уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 2004. – 5 ф.
[3] Дзуццати Хаджи-Мурат. Уынгæгбоны сагъæстæ. – Дзæуджыхъæу, 2010. – 245 ф.
[4] Уый дæр уым.

Поэт зæгъы: «Поэты ном чи хæсса, ахæм адæймагæй мацы рисса, афтæмæй нывыл исты ныффысса, уымæн уæвæн ницы хуызы ис».[1] Уæлдай нæу, поэт кæй фæнды номæй дзурæд, – Борæйы æви сирийаг лæппу Исамы, – уæддæр дзы уынæм Æхсар-поэтæн йæхи уды судзгæ рис. Сагъæс кæны йæ хъайтаримæ. Мах дæр риссæм йемæ. Фæфæнды нæ ирон адæм æмæ Ирыстоны сиу кæнын. Бæрзонд сæ æвæрын. Нæ адæмы дæр. Нæ Фыдыбæстæ дæр. Хаджеты Таймуразы загъдау: «Мæ Ир цы у, гъеуымæй у дзæнæт. Хъæбулы уарзт куы нымаиккой азтæй, – Нæ мын уаид уæд а зæххыл мæлæт!»[2] Хуыцæуттау сæм уымæн кувы Æхсар («Исам»):

*Дзырдта нæ кæстæр, не 'фсымæр Исам:*
*«Чырыстийау мын байтыгъто мæ бæстæ,*
*йæ иу цонг – уым, йæ иннæ цонг та – ам...»*
*Куыдта Исам, йæ цæстысыг æмбæхста.* [3]

Кæйдæр бæстæ удрæвдауæг нæу. Туркмæ XIX-æм æнусы цы ирон пысылмонтæ алыгъдысты, уыдон фæсмонгонд уымæн фесты. «Лидзæг адæмы цы зæххытыл æрцæрын кодтой, уыдон куы федта Дудар (Хъаныхъуаты Иналы фыд – Хъ. М.), уæд æй схуыдта куыдзы бæстæ».[4]

Ирон нæлгоймагæй цæссыг хуымæтæджы нæ хауы. Хадзы-Мурат мæрдтæм дæр иронау цы Отеллойы богътæ хъусынмæ бæллыдис,[5] уый загъта: «Сенатмæ... куы фыссат, бавдисут мæ уæд, Цы уыдтæн, уымæй: ма-иу сисут м' азым»,[6] «...мæ цæстытæ кæд ахуыр Нæ уыдысты цæстысыгтыл, уæддæр, Аравиаг бæлæсты донау, ныр Тæдзынджытæй кæй ызгъæлынц сæ сыгтæ».[7] Исамы фыдохмæ дур дæр æрæппардзæн цæссыг.

---

[1] Х ъ о д з а т ы  Æ х с а р. Афæдзы фæллой // А в т о р т ы  к о л л е к т и в. Критикон уацтæ. – Дзæуджыхъæу, 1990. – 26 ф.
[2] Х а д ж е т ы  Т а й м у р а з. Уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 2010. – 398 ф.
[3] Х ъ о д з а т ы  Æ х с а р. Къостайы хæдзар. – Дзæуджыхъæу, 1991. – 51 ф.
[4] К а л о т ы  Г. Ирон литературæ XIX-æм æнусы (Хрестомати). – Дзæуджыхъæу, 1982. – 65 ф.
[5] Д з у ц ц а т ы  Х а д з ы-М у р а т. Биографи. – Цхинвал, 1990. – 25 ф.
[6] Ш е к с п и р  У и л ь я м. Уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 1980. – 147 ф.
[7] Ирон æвзагмæ йæ раивта Плиты Грис.

Поэты зæрдæйы «фыдæх» («бунт») цæуы царды, рæстæджы æнæрæстдзинадæй. Уыдон ын нæ дæттынц удæнцой. Уыдон æй ныккæрзын, ныдздзыназын кæнынц. Æмæ «феххæлы» суанг не ʻврæгътыл бадæг уæларвон зæдтæм дæр («Сыгъдæг Георгийы хуызтæм кæсгæйæ»). Æнæ удæнцой адæймагæн нæй цæрæн. Æмæ уæд йæ зæрдæйæ фегуырынц «Аль Мааримæ гæсгæ»-йы хуызæн дурæйлæмæрст æмдзæвгæтæ: «Нæ фыдæх нын нæ фæразы хæрæг. / Нæ сафджытæ – Кæрæф æмæ Хæлæг»:

*Адамы зæнæг бакастæй – дуду.*
*Æз та æрдхордæн равзардзынæн Дур:*

*уый комдзог нæу, нæ ауæй кæндзæн дæу,*
*нæ зоны сайын, ардауæг дæр нæу.*[1]

Иугæр поэт æрдхордæн дур æвзары, ома уый мыл нæ рацæудзæн комдзог, нæ мæ ныууæй кæндзæнис, уæд ахæм фыддуджы, уæййаг дуджы тынгдæр фæхъæуы æцæг лæгау-лæгты сæр. Дунейы царды цалх лæгау-лæгтæ фæзилынц рæстæрдæм. Зæды хуызæн Гафез афтæ кæмæй загъта: «Мæ хорз фыдæл! Æз расыг дæн дæ цинæй…»,[2] – уыдонæн Æхсар историйы хæтæнты агуры сæ фæдтæ, цæмæй сæм исæм нæхи, уæм нæ Фыдыбæстæйы аккаг хъæбултæ. Æндæра нæ фыдбойнаг дуджы, Джыккайты Шамилы загъдау: «Æнæхин хины хызы бафты…»[3] Уый та сæрмæхæссинаг нæу. Поэт уымæн дзуры: «Бахъахъхъæн Хуыцауы, æмæ Хуыцау дæр хъахъхъæндзæни дæу».[4]

*******

Ирыстоны фарны лæгтæн Ирыстоныл сагъæсимæ сæ удтæй никуы æфтыд нæ мадæлон æвзаг, ирон æвзаджы фидæныл катай. Иры ʻвзаджы фидæны тыххæй æгæрон уыдис Гæдиаты Секъайы хъынцъым. Бирæтæ нæ

[1] Х ъ о д з а т ы Æ х с а р. Хуыцауы бон. – Дзæуджыхъæу, 1998. – 54 ф.
[2] Г а ф е з. Фыды артдзæст. – Цхинвал, 1983. – 8 ф.
[3] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Намыс. – Дзæуджыхъæу, 2010. – 61 ф.
[4] Х ъ о д з а т ы Æ х с а р. Бындзæфхад. – Дзæуджыхъæу, 2007. – 6 ф.

ирон дзыллæйы фарныл нæ къух кæй фæисæм, гуырдзиæгтæ, уырыссæгтæ, тæтæйрæгтæ, кæсгонтæ æмæ æндæр кæуылдæрты кæй фæфыссæм нæхи, уый йæ мардта удхарæй («Тæхуды»).[1] «Иры фæсивæдæн» уайдзæфгæнгæ уымæн дзырдта: «Иу уæ лæгау куыннæ тæрсы Фесæфынæй Иры 'взагæн».[2]

Нæ литературæйы классиктæ иууылдæр тынг хорз зыдтой, не 'взаг куынæ уа, уæд нæхæдæг, куыд иу адæм, афтæ нал уыдзыстæм. Æнæмадæлон æвзаг Фыдбæстæ у, Къостайы Сидзæргæс йæ сидзæртæн се стонг байрох кæныны æнхъæл дуртæ куыд фыхта, афтæ. Фыдыбæстæ æмæ мадæлон æвзаг нацийæн сты, адæймаджы сæр æмæ зæрдæйы хуызæн. Сæ иу æй куыд хъæуы, иннæ дæр – афтæ. Æцæгæлон æвзагыл куы фæдзурæм æмæ фæфыссæм, уæд нæ удæн раргом кæнæм æрмæстдæр йæ дæсæм хай, кæнæ нoджы къаддæр. Зæрдæйы арф æвæрæнтæ æрмæстдæр мадæлон æвзагыл дзургæ сты.

Æмæ, уæдæ, диссаг нæу, Ирыстоны разагъды лæгтимæ Хъодзаты Æхсарæн йе 'взонджы бонтæй фæстæмæ Фыдыбæстæйыл сагъæс æмæ мадæлон æвзаджы фидæныл сагъæс æддæг-мидæг кæй ацыдысты, удæнцой йын кæй никуы дæттынц, уый. Цæргæ-цæрæнбонты нын æрцæуæг хæддзуйæ, фыдбоны сыхагæй нæ Фыдыбæсты арæнтæ куыд къуындæджытæ кодтой æмæ кæнынц, не 'взаг дæр – афтæ. Æвзаг кæмæн нæй, уымæн Фыдыбæстæ нæй, æмæ йын æнцон байсæн у. Махæн, советон дуджы бирæ национ æвзæгтæ дидинæг куы 'фтыдтой, уæд нæ мадæлон æвзагыл чидæртæ нæхи æххуысæй цъутта æвæрдтой. Цæгат хайы нын, зонгæ-зонын, Мичурины талатау, не 'взаг уырыссаг æвзагæй дзуарсæ кодтой, Хуссар хайы – нæ фыдбоны сыхæгты æвзагæй: «Чидæртæ тынг архайдтой Хуссар Ирæй хицæн адæм саразыныл. Æгæрыстæмæй, паспортты дæр фыстой «Хуссар ирыстойнаг адæм». Æмæ ма ныр дæр газетты хаттæй-хатт фæзыны: «Цæгат-ирыстойнаг литературæ», «Цæгат-ирыстойнаг поэт æмæ æнд.»,[3] – 1966-æм азы фыста Нафи. Æвзаджы проблемæ нæй, уæд Фыдыбæстæйы проблемæ нал

---

[1] Г æ д и а т ы  С е к ъ а. Равзаргæ уацмыстæ. – Цхинвал, 1979. – 194 ф.
[2] Уый дæр уым, 193 ф.
[3] Д ж у с о й т ы  Н а ф и. Ирон аив дзырды сæрвæлтау. – Цхинвал, 1966. – 15 ф.

ис. Васо уымæн загъта: «Нæй æвзаг – нæй адæм».[1] Уыцы «адæм» æцæгæлон ахсæнты æнцондæрæй батайдзысты. Ныр дæр нын Соросы доллардзаутæ уымæн хъарынц нoджы иу литературон æвзаг. Уæддæр нæ Хуыцауы хорзæх уыд – ирон адæмы фылдæр хай хъæуты цардысты, æмæ уыдон фæрцы нæ бон бавæрын баци нæ тасаг, зæлланггæнаг, фæлæ дурæйлæмæрст ирон æвзаг.

Ныр кæд уавæртæ фæивтой – не ‘взаджы хъысмæт бирæ бæрцæй нæ къухы ис, уæддæр хъуыддаг федæргъуызон: нæ адæмы фылдæр хай сахартæм раивгъуыдтой, нæ уынгæг кæмтты райдиантæм дæр барджынæй баххæст нæ цæгаттаг сыхæгты æвзаг, æмæ нын нæ мадæлон æвзагыл суанг дуканийы хиауындзæн бæндæр райсын дæр фæзын вæййы, кæд Ирыстоны дыууæ хайы ирон æвзаг паддзахадон æвзагыл нымад у, уæддæр.

Ууыл нæ поэт фæдисгæнгæ фæдзуры: «Ирыстоны ирон æвзаг цæмæй паддзахадон суа, уымæн бирæ цæлхдуртæ уыдзæни нæхи ‘хсæн дæр… Мæ фæлтæр æстæм къласы онг æппæт предметтæ дæр ахуыр кодта (æрдззонæн, арифметикæ, алгебрæ, геометри, ботаникæ, зоологи æмæ а. д.), иронау кæм уыдысты, ахæм скъолайы. Уый нæ ницы бахъыгдæрдта уырыссаг æвзаг базоныны æмæ уæлдæр скъолатæм бахауыны хъуыддаджы. Мæнмæ гæсгæ нæ раздахын хъæуы ахуыры уæдыккон системæ. Уый æнцонæй æмæ æвиппайды нæ бафтдзæн къухы, ныййарджытæй дæр бирæтæ уыдзысты йæ ныхмæ. Фæлæ, æнцоны фæдыл куы ацæуæм, уæд æппындæр никуы ницы сараздзыстæм».[2] Æмæ уыдæттыл ныртæккæ цасфæнды дзур. Уымæй дæм комкоммæ азым ничи æрхæсдзæнис. Уый нæ, бирæтæ нæ уыцы проблемæтыл, гæды цæссыгтæ æрæппаргæйæ, æвзæрстыты рæстæджы хъæлæстæ дæр бакусынц. Фæлæ мадæлон æвзаджы сæрыл тохгæнджытæй уæд бынæты лæгтæ сæхицæн знæгтæ кодтой. Гафез æнæ ирон зарæг йæхи «рæуæг сис», «хъæмпы хал» куы хуыдта, ирон зарæгимæ та – «цæрдхъом æмæ зæд»; афтæ йын куы дзырдта: «Ды дæ мæ цард, / мæ сулæфт æмæ зонд, / Мæ бæллицтæ, / мæ сагъæстæ, / мæ кайын, / Мæ удыхъæд, / мæ рисс / æмæ

[1] А б а е в  В а с о. Письма. – Цхинвал, 2008. – 4 ф.
[2] М а л и т ы  Х а с а н,  Ч е р ч е с т ы  Х ъ а с б о л а т. Не стырдæр хæзна – нæ мадæлон æвзаг / Рæстдзинад, 1989. – 29 апрель.

мæ конд»,[1] – уæд ыл «уæллæгтæм» йæ «национализмы» тыххæй цъыфкалæн чи кодтой, уыдонæн «демократты» дуджы мадæлон æвзаг се сфæлдыстады «рахæцæн» разынд. Фæлæ Хъодзаты Æхсар, ирон поэт æмæ æхсæнадон кусæг, нæ мадæлон æвзаджы ахъаззагдæр сæрхъызойтæй иу уæд ссис. Удæнцой цæмæй иста æмæ исы, уыдонмæ хаудта æмæ хауы йæ мадæлон æвзаджы æрттивгæйæ уынын.[2] Æвзаг дзыллæйы æвæджиаг амонд у. Æхсар – æвзаджы рæзты сæрыл удуæлдай тохгæнæг. Никуы дæр æй сусæг кодта. Ирон, рагон кадæджы номæй уымæн зæгъы: «Ныр кæд фæстаг туджы æртахау / зæфцæй ирон дзырдтæ кæлой, / кæд ме ʻвзаг нал æмбарой хæхтæ, мæнæн уæд ралæууыд кæрон». Ирон дзырдтæ йын сты хæстон æртытæ. Фæлтæртæм уыдон хæссынц нæ абоны сагъæс, цæмæй ма кæнæм сæргой («Мæн зарæгау фыссы Ирыстон»):

*Нæ уын и хай зæрдæтæй, бонтæй*
*æмæ ныууынæргъут мæныл.*
*Фæстаг хъæрау хæстоны былтыл*
*æмбæлы зарæгæн мæлын.*[3]

Æхсар ирон æвзаджы æцæг дæсны у. Йæ удмæ йын чи ʻвналы, йæ рæсугъд ын чи ʻргом кæны, ахæм. Хуыцауæй лæвар ын у æвзаджы æвæрæнтæм ныххæссын, дзырдтæн сæ тъыбар-тъыбургæнаг тигътæ фенын. Стæй, йæ хъуыды адæммæ куыд фæхæццæ уа, сæ зæрдæтæ сын куыд батæлфын кæна, уый тыххæй йын ссары йæхи хуыз.[4] Ацы уацмысы ирон æвзаджы хъынцъым æмæ ирон кадæджы катай (цæмæй не сты иу?) уымæн баиу кодта, сæ иу иннæйы кæй ивы, сæ иу иннæйы дзыхæй уымæн дзуры.

Уый нын æргом кæны фыддуг æмæ уæды æвзонг поэты курдиат. Фæлæ сæ дыууæ дæр поэты удæн никуы лæвæрдта æнцой. Ирон дзырд кæд сæрмæттæ, скифтæ сæ фæттæй, «сæ бæхты цæфхæдтæн сæ цъæхснаг

[1] Г а ф е з. Фыды артдзæст. – Цхинвал, 1983. – 142 – 143 ф.
[2] А б а й т ы Э д у а р д. Поэт-тохгæнæг / Рæстдзинад, 2000. – 22 декабрь.
[3] Х ъ о д з а т ы Æ х с а р. Рухс. – Дзæуджыхъæу, 1987. – 9-10 ф.
[4] Б у л к а т ы М и х а л. Мерить все высокой мерой // Литературная Осетия, 1986. – № 67. – 118 – 120 ф.

цæхæртæй» фыстой, уæддæр удæнцой, сæрибар никуы уыд. Ирон дзырд йæ базыртæ йæ зæрдæйы фæндиаг никуы айтынг кодта. Имам Шамилы хъуыдымæ гæсгæ, кæд: «Ацы æвзаг растдæр у царды хъуыддæгты зонджын уынаффæтæ хæссынæн»,[1] – уæддæр æм нæ хъус, куыд æмбæлы, афтæ кæй нæ дарæм, рæстмæ йыл кæй нæ аудæм, уый поэты æппары катайы.

Ныртæккæ модæйы ис, æгæрыстæмæй, къуымон ныхасыздæхтытыл зарын, уроктæ уадзын, лекцитæ кæсын, радио кæнæ телеуынынады дзурын… Стæй дæ сæр ныхъхъил кæн æмæ æппæл: «Æз ирон дæн! Мæхи æвзагыл!..» – дам, афтæ æмæ уфтæ бакодтон. Зæгъгæ, мæ къуымон ныхасыздæхтæй «литературон æвзаг» аразын. Сæ зонд нæ ахсы, Къоста цæмæн загъта: «Если я пишу то или другое слово так, а не иначе, то я пишу сознательно, я над ним долго ломал голову…»[2] Ииуылдæр Къостатæ «фестадыстæм» – «Мæгуыр лæг хъазты – симдамонæг».[3] Ферох сæ, Къоста цы литературон æвзаг равзæрста, иннæ ныхасыздæхтытыл раст дзурæн кæй нæй «Сидзæргæс»-æн дæр.

Æмæ кæд «ацы бæстæ у топпыхос æгасæй»,[4] «чидæртæ» нæ нывæфтыд дзырдæн цыфæнды тыхмитæ куы кæной, уæддæр «цы удвидар басгуыхт нæ дзырды фарн, уастæн!» – мæлæн кæмæн нæй, цыма Церечы згъæры тыхт у: «Фыстой йæ сæрмæттæ, уæд скифтæ сæ фæттæй, / сæ бæхты цæфхæдтæн сæ цъæхснаг цæхæртæй»:

*…Æвæрттой йыл цъутта æрцæуæг хæддзутæ,*
*цыфыддæр фыдгултæ: агуыр уа, фыдгунтæ.*

*Рæхуыстой йæ арцæй, фæлвæрдтой йæ артæй,*
*æхстой йæ мæнгардæй гадзрахаты кардæй.*

*Æппæрстой йæ хъоргъы – куыд баззайа рохы.*
*Йæ цот æй фыдохы ныууагътой-иу рохы.*

---

[1] ЦИЗИИ. Ф 1, ОП 1. 39 хъ.
[2] Х е т а г у р о в К о с т а. Собр. соч. в 3 т. Т. 3. – М., 1974. – 275 ф.
[3] Ирон æмбисæндтæ. – Дзæуджыхъæу, 1976. – 105 ф.
[4] Б а р а х ъ т ы Г и н о. Уæлладжыры кадæг. – Дзæуджыхъæу, 1975. – 338 ф.

Йæ мадæлон æвзагæн ахæм митæ чи кæны, уымæ Багъæраты Созыры номæй хъæуы бадзурын: «Ниммæ уагътæ, уæ кувдмæ дæр нæ цæун, Уæ минаси æнæ ‘фхæрдæй нæ фæуун»[1] («Кувдгæнгутæ»). Дæ лæджыхъæд, дæ сæрыстыр, дæ нацийы ном – де ‘взаг дын цъыфмæ куы æппæрстæуа, уæд адæймагæн уымæй æфхæрддæр цы ис саразæн. Дæ туг, де стæг æй куы араза, уæддæр. Æхсар буц у, не ‘взаг марын кæй нæ комы, уымæй («Ирон дзырд»):

*Уый ме ‘лгъыст, мæ ард у, мæ денджыз, мæ арв у.*
*Хъæуы мæ йæ арфæ йæ фæтæн, йæ арфы.*

*Куысты уа, фæдисы – мæ монц мын, мæ рис мын*
*æвзæгты цæдисы бæрзонд фарнмæ сисы.*[2]

«Æвзаджы гæнæнтæ æрвгæрæттæй хизынц»,[3] – зæгъы ирон æмбисонд. Нæ мадæлон æвзагæн йæ фарн йæ разæй цæуы. Не зныгтæ нын æй цæргæ-цæрæнбонты сыскъуыныныммæ, мæрдырох ыл бафтауынмæ уымæн хъавынц. Зонынц, нæ монон културæйы бындур – нæ мадæлон æвзаг нын сæ цъыф къæхты бын куы ныххурх кæной, уæд нæ стондзысты зæххы цъарæй. Фæлæ, – табу – Хуыцауæн, – никуы сын бантысдзæн уый цæрынæй-хæрынмæ.

Æмæ кæд уацмыс йæ ритм, йæ историон цаутæй зæрдыл æрлæууын кæны Дзуццаты Хадзы-Мураты æмдзæвгæ «Ме ‘взаг», уæддæр уыдон фылдæр цæуынц историон цаутæй. В. А. Кузнецов зæгъы: «Наступил XIII век – время тяжких потрясений для многих народов Азии и Европы. Вновь на много столетий вперед решались их судьбы на полях сражений».[4] Нæ сын уыд кæрон: «Аланы Северного Кавказа были первым европейским народом, столкнувшимся с татаро-монголами буквально на пороге Европы и оказавшим им сопротивление. Аланы потерпели поражение, но еще не были

[1] Б а г ъ æ р а т и С о з у р. Зæрди дуар. – Дзæуджыхъæу, 1949. – 87 – 88 ф.
[2] Х ъ о д з а т ы Æ х с а р. Ирон дзырд // А в т о р т ы к о л л е к т и в. Æрттигъ. – Дзæуджыхъæу, 1983.–35 ф.
[3] Х ъ а з и т ы М е л и т о н. Ирон хæзна. 1 чиныг. – Цхинвал – Дзæуджыхъæу, 2013. – 75 ф.
[4] К у з н е ц о в В. А. Очерки истории алан. - Владикавказ, 1984. – 253 ф.

покорены…»[1] Ӕмæ уыцы фыддуг æвдисын поэтты æркæны æнгæс нывтæм: «Чи дыл нæ фæлвæрдта тых, / чи дæ нæ мардта! / Атиллæ дæ сонтæй / тæхгæ бæхыл тардта, / дæ къухтæ дын цавта, / дæ къæхтæ дын цавта, / фæлæ дын дæ зæрдæ / йæ кардæй, йæ арцæй нæ ардта! / Дæ фæдыл зылдысты / Тимуры æфсæдтæ, / сæ къæхты бын ссæстой / дæ фæндтæ, дæ фæдтæ…»[2]

Фæлæ курдиат æмæ поэтикон фæлтæрддзинады ныхмæ хæхтæ дæр æдых сты – Ӕхсарæн нывæфтыд дзырд æмæ алыхуызон мидрифмæты фæрцы йæ бон бацис Хадзы-Мураты æндæвдадæй йæхи атонын.

Ӕцæг, ахæм хъуыдыйыл, – ирон æвзаджы комкоммæ куы марынц, фæлæ уый марын куынæ комы, – уый размæ дæр æмбæлдыстæм ирон поэзийы комкоммæ дæр æмæ фæрсаг хуызты дæр. Фæлæ: «Нæ мæлы цард… Ӕмдзæвгæты лæгуарзондзинад – хæрамыл, цард – мæлæтыл, æхсар – тæппудыл, рухс – талынгыл уæлахиз кæнынц иунæг рæстдзинады, цардон-аивадон рæстдзинады бындурыл»,[3] – дзырдта Ӕлборты Хадзы-Умар. Ӕмæ кæд «зæрдæбын, публицистон манерæйæ фыст у æмдзæвгæ»,[4] – уæддæр ацы дыууæ уацмысæн, сæ афыстау, сæ идейæтæ дæр сты æндæр æмæ æндæртæ.

Ӕхсар нымайы, ома, кæд æй мардтой, уæддæр ирон дзырд нæ басаст, куырыхон, номдзыд уыд, «тыхы бон хæстон уыд», «буц уыд фæрдыгау», «Къостайы цæстытæй æрттывта æрвыгау», «Куысты уа, фæдисы – мæ монц мын, мæ рис мын æвзæгты цæдисы бæрзонд фарнмæ сисы». Уыдон сты æрвнæрдæй хи бахизыны амæлттæ. Плиты Грис йæ рæстæджы Гафезмæ фыста: «Цы чысыл папитæ фæкодтон, уыдон дæр мын, зæгъын, дзырдтаг куы скодтой чъизиуд адæм, – цы ма мæ уд хæрон æбузын, æдзæстуарзонты тыххæй? Хаттæй-хатт ахæм æнтъыснæджы дзæмбыты бафтын – мæ къух мæхимæ райсынил свæййын. Фæлæ, райгæ чи кæндзæн, уыдонил куы ахъуыды кæнын, уæд та мæхи баиргъæвын, мæхи ныффидар кæнын».[5] Зындгонд поэт уыцы уавæры кæм уыдис, уым æвзонг поэттыл цы бон

[1] Уый дæр уым, 255 ф.
[2] Д з у ц ц а т ы Х а д з ы-М у р а т. Биографи. – Цхинвал, 1990. – 23 – 24 ф.
[3] Ӕ л б о р т ы Х а д з ы-У м а р. Уидæгтæ æмæ къабæзтау. – Цхинвал, 1985. – 241 ф.
[4] Ӕ л б о р т ы Х а д з ы-У м а р. Уидæгтæ æмæ къабæзтау. – Цхинвал, 1985. – 246 ф.
[5] П л и т ы Г р и с. Фыстæджытæ. – Дзæуджыхъæу, 2013. – 30 ф.

уыдаид?!. Развæлгъау куыннæ хъуамæ хъуыды кодтаиккой, сæхи куыд бахъахъхъæной, ууыл? Библийы дзырдæуы: «Храни меня, как зеницу ока».[1] Фæлæ Æхсарæн йе ‘цæг катай у, ирон дзырдыл – «Йæ цот æй фыдохы ныууагътой-иу рохы»-йыл уыйбæрц нæ, фæлæ йæ абон дæр кæй рох кæнæм, ууыл. Æмæ поэты сфæлдыстады уыцы хъуыды цæуы тыхджындæргæнгæйæ: «Мæлын хæлæгæй стыр адæмы цотмæ, / æрдзæ бонцауæй чи бары йæ зæхх. / О, не ‘взагмæ цы зæд фæци фыдæх? – / тыхтæ-фыдтæй нын ахады Елхотмæ». Фæлæ Æхсар-поэты «хæлæг» – уымæн цæмæн ис, мæнæн цæмæннæ исыл нæу. «Хæлæг мæлæт у»,[2] – зæгъы ирон æмбисонд. Кæмæн ис, «æрдзы бонцауæй чи бары йæ зæхх», уый уавæры куы уаид йæхæдæг дæр, афтæ йæ фæнды, æмæ уый у хъуыддаг. Уымæн æмæ, уыцы «бонджынтæн» сæ сусутæ дæр æрвдунейы æнхъæвзынц, уымæн – поэтæн та, æгæрыстæмæй, йæ хъæр дæр æрмæст «æдзæрæг кæмттæ сфæзмынц». Едзаг кæмттæ ма кæм ис. Æвзаг, стыр адæмы æвзаг кæм цæвæнтæ кæны, уым чысыл адæм куыд хъуамæ уой? Куыб бахъахъхъæной се ‘взаг æмæ сæ туг, цæмæй барелгæсаг, сыгъзæрин куы феста, уæддæр ма ‘рбайсæфа кæфы ахсæны? Уыцы армыдзаг адæмы поэты куыд хъуамæ æндава æвæлмон æмæ хъал зарджытæм?!. Куыннæ хъуамæ дзыназа йæ зæрдæйы арфæй, кæд ын зæрдæ ис, уæд? Фæлæ Джыккайты Шамилы загъдау: «Поэтикон сфæлдыстад та нæ быхсы талф-тулф кæнын».[3] Æмæ Æхсар хъуыды кæны бадт зондæй: «Мæ гыццыл Ир… Куыд ысхизон дæ дзыхъхъæй?..»

*Цы бон мыл и? – Нæ, не схæцын быцæуыл.*
*Фæлæ мæ кард йæ кæрддзæмы нæ цæуы.*
*Æлвæстæй йæ мæ астæуыл хæссын*
*æмæ тæрсын.*
*Мæхицæн дзы тæрсын.* [4]

---

[1] Псал., 16, 8.
[2] Ирон æмбисæндтæ. – Дзæуджыхъæу, 1976. – 94 ф.
[3] Д ж ы к к а й т ы  Ш а м и л. Ныхасы фарн. – Дзæуджыхъæу, 1996. – 169 ф.
[4] Х ъ о д з а т ы  Æ х с а р. Рухс. – Дзæуджыхъæу, 1987. – 235 ф.

«Кард йæ кæрддзæмы нæ цæуы» диссаг нæу. Нæдæр, лирикон хъайтар дзы йæхицæн кæй тæрсы, уый у æнæрцæугæ хабар, кæд æмдзæвгæ балхынцъ кæнынæн хъуыды æнæнхъæлæджы æмæ рæсугъд загъд у, уæддæр. Диссаг уый у, ды уыргхæлд цæй охыл кæныс, уый тыххæй дæм дæ туг, де стæг куы дзура: «Иронау цы давы, иронау дæ фыст?», «Нымад ысты Ирæн йæ бонтæ…» («Чынди мын тæрхæттæ…»). Æмæ ахæм тæрхонгæнджытæ цъус кæй не сты, уый тыххæй сын адæймаджы цæст бауарздзæнис Ходы Камалы æлгъыст: «Æвзæр уæвгæйæ, Намысы мæсыгыл Бæхбадт кæнынмæ чи хъавы æдзух – Дæ фæндæй-иу ыл сисæд Ир йæ къух – Æнæ бавæрдæй баззайæд йæ сынтыл!» («Гаджидау»),[1] – кæд, лыстæг баргæйæ, уыцы ницæйæгтæ, æлгъысты нæ, скойы аккаг дæр не сты, уæддæр.

Æрбадавæггаг ныхас дур халы. Иугæр лирикон хъайтары кæстæрты, йæ цоты нæ «хъæуы се ‘взаг, сæ дзырд…» – уæд йæхи ныфсыл дæр бады къæм: «Æз Ирæн – йæ хъæбул, йæ зиууон, / мæнгдзурæгмæ хъусын æнцад. / Нæй ахæмæн тугхæстæг, хион, / Нæдæр ын фыдызæхх и, мад…» Фæлæ тугхæстæг, фыдызæхх кæмæн нæй, чи сæ нæ уарзы, табу сын чи нæ кæны, уый разы куыд ис лæмæгъ уæвæн? Гафез кæд мады, хæстæг-хионы уарзтæй æнæхай фæцис ивгъуыд æнусы фыдæвзарæнты, уæддæр йæ ныфс нæ асаст: «Æрмæст мæ рæвдыдта, æрмæст мæ зыдта Мæ бæстæ, – мæн тынг бирæ уарзта, Æмæ мæ æдзухдæр уый мастæй хызта, –Мæн, мадау, йæ хъæбысы хаста».[2]

Мад, мадæлон æвзаг, Фыдыбæстæ – уыдон поэтæн уыдысты æмхуызон адджын. Кодтой йын ивддзæгтæ. Кæддæриддæр сæ уыдис сæрыстыр. Æмæ ахæм бынаты ‘вæрд сты Æхсары зæрдæйы дæр. Поэт скæрды фæндвидарæй: «Ирон æвзаг – ме ‘ууæнк, о, ме ‘рдын, / ирон дзырд – мæ мадзал, мæ фат» [3] («Цыди мын тæрхæттæ: «Иронау…»). Æхсарджынæй фатæй æхсын куы зонай, уæд мысыныл æнæмæнг сæмбæлдзæн. Афтæмæй адзалæй скæнæн ис мадзал. Æхсар æхсарджын дæр у, фатæй æхсын дæр зоны. Йæ кæддæры æрдхорд Джыккайты Шамилмæ æнæнхъæлæджы нæ дзырдта: «Ды

[1] Х о д ы  К а м а л. Уацмыстæ 3 т. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 2009. – 341 ф.
[2] Г а ф е з. Уацмыстæ. – Сталинир, 1955. – 21 ф.
[3] Х ъ о д з а т ы  Æ х с а р. Рухс. – Дзæуджыхъæу, 1987. – 236 ф.

райдыдтай «Æфсарм»-æй,[1] æз – «Æхсар»-æй:[2] / дыууæ арды – нæ ныфс æмæ нæ тых. / Тыгъд базыртау сæрыстырæй, æмбарæй / сæуæхсидырдæм сарæзтам нæ ных».[3] Йæ дзырдтæ-фæттæ куыд фехса, уый йын амонын нæ хъæуы. Уæлдайдæр, Фыдыбæстæ, Рæстдзинад, Мадæлон æвзаджы тыххæй. Æмæ дзырдтæ æмбæлынц адæймаджы зæрдæйыл. Йæ фыдæлты зæхх, йæ адæм, йе 'взаг зынаргъ кæмæн сты, уый сæ йæ уæцъæфы тыххæй никуы ныууæй кæндзæнис: «Ехх, ирон æвзаг… Йæ дзырдтæ / сты хæзна дуртæ мæнæн», / «Сдæн æз уый фæрцы хæдзарон – / ис мын абон, фидæн ис». Ахæм адæймагæн фæцудæн нæй. Æгæрыстæмæй, куы 'рхауа, уæддæр та йæ фæстæмæ сисдзæнис йæ ныфс. Поэт æууæнды нæ дурæйлæмæрст ирон дзырды абон æмæ фидæныл. Хъусы Васойы «Фæдис хъæр: не 'взаг бахъахъхъæнæм, бавæрæм!»[4] – нæ адæммæ. Уырны йæ, не 'взаг нæ фыдæлты – скифты, аланты сæрты, Сырдоны цæссыгты кæй бахсыст, кæй нæ йын ис фесæфæн. Æмæ йын æууæндæм ын йæ поэтикон къæскъæсгæнаг дзырдыл: «Ехх, ирон æвзаг, кæмæн дæ!.. / Дæу цы тых радта мæнæн!» Уый поэт рæсугъддзинады тыххæй нæ дзуры, фæлæ рæстдзинады охыл. Камал уымæн зæгъы Ирыстонæн: «Æцæгæлонау де 'взагмæ куы кæсон, Мыййаг, куы суа мæ зæрдæйæн æддæссонд, Æз хъулон уарзт куынæ кæнон дæ хæхтæ – Йæхимæ мæ нæ райсдзæни дæ зæхх дæр»[5] («Ирыстонмæ»). Æмæ уæд, ирон æвзаджы фидæныл чи не 'ууæнды, уымæ Æхсар-поэт куыд хъуамæ фæлæууа æнæбауайдзæфгæнгæ. Æмæ сæм сиды раст фæндагмæ: «…хуртæ уидз, кæн сæ æмбырдтæ, / Ир, дæ Къонамæ сæ хæсс!..» («Ехх, ирон æвзаг…»).

«Дзырд» æрмæст «предметы кæнæ исты фæзынды ном мырты фæрцы чи æвдисы, ныхасы уыцы хицæн иуæг»[6] нæу. Ис ын уд. Зоны худын æмæ кæуын. Йæ бон у хурау тавын, ихау хойын. Фæлæ алкæй бон нæу уыцы хурты-дзырдты Æхсары хуызæн уидзын. Алчи нæ йæ кæстæрмæ не 'взагыл

---

[1] Д ж ы к к а й т ы  Ш а м и л. Æфсарм (фыццаг поэтикон æмбырдгонд). – Дзæуджыхъæу, 1964. – 3 – 63 ф.
[2] Х ъ о д з а т ы  Æ х с а р. Æхсар (фыццаг поэтикон æмбырдгонд). – Дзæуджыхъæу, 1965. – 3 – 86 ф.
[3] Х ъ о д з а т ы  Æ х с а р. Рухс. – Дзæуджыхъæу, 1987. – 236 ф.
[4] А б а й т ы  В а с о. Письма. – Цхинвал, 2008. – 4 ф.
[5] Х о д ы  К а м а л. Уацмыстæ 3 т. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 2009. – 27 ф.
[6] Ирон æвзаджы æмбарынгæнæн дзырдуат 4 т. Т. 2. – М., 2010. – 301 ф.

куы дзурид, цы бынаты æвæрыны аккаг нын у, уым æй куы æвæрид, уæд Ирыстоны æмæ уыимæ нæхи кад дæр цыбыр рæстæджы сбадид йæ гаччы.

Æхсар нæ адæм, нæ литературæйæн бирæ хæрзты бацыд æмæ цæуы. Сæ иу, куыд загътам, афтæмæй – ирон сонет тематикон æгъдауæй, формæйæ кæй фæхъæздыгдæр кодта, уый. Зæгъæн ис, йæ бирæ æмдзæвгæтау, йæ сонеттæ ратæдзынц йæ зæрдæйы арфæй. Зæрдæ сæ чи агайы, уыдонæй иу – «Советон ирон дзырдæн». Æмæ аив нæ уаид йæ иувæрсты ахизын:

*Ирон æвзаг! Мæ зынджы хай, мæ арт!*
*Æрттив, æхсид æнусбонтæм æдасæй.*
*Дæ цæрайæ, дæ рухс æмæ дæ тавсæй*
*цæрдзынæн æз æмæ хæрдзынæн ард.*[1]

Ирон æвзаг нæ поэтæн, царды дæр, поэзийы дæр йæ рæзæнтæ, йæ ис кæй у, уый дызæрдыггаг нæу, цæргæ цæрæнбонты йыл къух кæй нæ сисдзæнис, уый нын дызæрдыггаг куыд нæ у, афтæ. Йæ уацмысы æнтыст Ходы Камалы хъуыдымæ гæсгæ вæййы: «Æхсар предметæн, фæзындæн, историон цауæн ацахсы канд йæ миниуджытæ нæ, фæлæ йæ социалон-психологон апп; мидис æмæ æддаг бакастæн нал вæййы кæрæдзийæ фæхицæнгæнæн, – æмгуыст фæкæнынц сæйраг ныхасы сæрвæлтау: чиныгкæсæджы бафтауынц хъуыдытыл æмæ æнкъарæнтыл».[2] Иу æмдзæвгæйы Къостайы номæй зæгъы: «Æз зарыдтæн – нæ агуырдтон хæрзиуæг, / Нæдæр – цыт, ном… / Æз зардзынæн уæд дæр, / иронау ма куы дзура ‘рмæстдæр иу лæг, / кæд уыцы иу мæхæдæг уон, / уæддæр!» («Къоста»). Дзургæ кæд Къостайы номæй кæны, уæддæр Æхсар-поэтæн уый у йæхи æвæджиаг æмæ раст хъуыды. Брытъиаты Елбыздыхъо загъта: «Адæммæ сæхи ‘взагæй куы сдзурай, сæхи ‘гъдау сын дæ ныхæстæн бынæвæрæн куы кæнай, уæд дæ бамбардзысты».[3] Афтæ чи нæ кæрды, уый йæ мадæлон æвзаджы хъуырыл хæцы.

[1] Х ъ о д з а т ы Æ х с а р. Советон ирон дзырдæн // Мах дуг, 1998. – №5. – 81 ф.
[2] Х о д ы К а м а л. Ног æнтыст // А в т о р т ы к о л л е к т и в. КАМАЛ. – Дзæуджыхъæу, 2014. – 51 ф.
[3] Б ры т ъ и а т ы Е л б ы з д ы х ъ о. Уацмыстæ 2 т. Т. 2. – Дзæуджыхъæу, 1982. – 92 ф.

***

Мах, хъыгагæн, никуы фæтагъд кæнæм нæ аразинаг рæстæгыл сæххæст кæнынмæ. Рæстæг рацæудзæнис Хъодзаты Æхсары поэтикон уынынады, уæлдайдæр, йæ фæлгонцон уынынады тыххæй нæ ахуыргæндтæ сæрмагонд зонадон куыстытæ куы фыссой. Уый аккаг у поэт. Йе сфæлдыстадыл ын чи фæдзуры, уыдон ацы хъуыды æнæнхъæлæджы нæ банысан кæнынц. Нафийæн афтæ зæгъы: «В его стихах щедро разбросаны неожиданные образные детали. Однако они никогда не являются просто «буйством глаз». Они пронизаны, словно капли росы, светом поэтического настроения».[1]

Йæ уыцы поэтикон миниуæг цæуы йе сфæлдыстады райдианæй. Уæлдай ирд æмæ ахсджиагдæрæй разыны, Ирыстоны алæмæттаг æрдзыл цы бирæ алыхуызон, аивадон æгъдауæй æххæст æмдзæвгæтæ сфæлдисы, уыдоны: «Сагдары дон мадардæй / касти цъити-саггомæй. / Фефсæрмдзæстыг, адæргæй / хи нывзылдта сау коммæ». Алыгъуызон нывтæ, сатæг æхсæртау, къæрццгæнгæ згъæлынц, Сагдары донæн йæхийау, æхцон æмæ рог ритмимæ. Зæрдæ сæ райы. Хъус сæ улæфы. Тедеты Георги дзырдта: «Читатель не может не заметить и не оценить по достоинству редкой метафоричности и музыкальности языка поэта, всегда добивающегося предельной выразительности».[2] Поэт æрмæст æрдзыл нæ дзуры, фæлæ каконы къутæры æнкъард кастыл, «Ацабийы суадон цыдæр» кæй фембæхсы... Лев Озеров загъта: «Творческий кругозор Ахсара Кодзати очень широк. Родное селение и судьба Ван-Гога, нартские сказания и мир детства, родник Ацаби и дума студента…»[3] Йæ уыцы алыварсон курдиаты фæрцы цæуы поэты сфæлдыстад йе ‘мсисон Тедеты Ефимы, стæй йæ бирæ чиныгкæсджыты зæрдæтæм.[4]

Йæ поэтикон цæстæнгас дардыл у «Сагдары дон»-ы дæр. Ноджы ма поэты идеал – диссаджы рæсугъд чызг куы ферттивы уыцы идиллон æрдзы

[1] Д ж у с о й т ы Н а ф и. Мужество и достоинство таланта // К о д з а т и А х с а р. Яблоко нартов. – М., 1974. – 1974. – 5 ф.
[2] Т е д е е в Г. Мужественная поэзия / Социалистическая Осетия, 1986. – 26 июнь.
[3] О з е р о в Л е в. Без пяти минут / Литературная Россия, 1972. – 25 август.
[4] Т е д е т ы Е ф и м. Йæ курдиат – йæ тыхы мидæг / Рæстдзинад, 2007. – 30 август.

хъæбысы, уæд адæймагæн ницыуал хуызы бавæййы йæ бон йæхи уыцы дзæнæты дунейæ атонын: «Бады иу чызг мадардæй – / цъитихуыз дæллагхъуыртæ… / Сау дзыккуты сау артæй / сурс ысты дзæнхъа дуртæ».

Æцæг, «диссагдæр цы фендæуыд?» Æмæ кæд Къадзаты Станиславы æмдзæвгæ «Хъодзаты Æхсар» масты охыл фыст у, уæддæр ын «Йæ Дзырд – Цыкурайы фæрдыг»[1] кæй хоны, уымæй нæ рæдийы.

Æмдзæвгæ уыцы цыкуратæй конд рæсугъд нывтæй куы фæуыдаид, уæд æрмæстдæр уаид фæлгонцты афыст. Фæлæ, Джыккайты Шамил куыд загъта: «Стыр лæг йæхицæй никуы ныббуц вæййы, цас ын фылдæр æнтысы, уыйас ноджы фылдæр домы йæхицæй».[2] Æмæ поэты курдиат бакодта йæхион – уацмысы систа бæрзондмæ, ссардта йын йæхи аккаг кæрон, балхынцъ æй кодта æмæ йæ нал æруагъта дæлæмæ æрхауын: «Сагдары дон цингæнгæ / ‘хсадта къæйты мил фæрстæ. / Хинайæг æхсинæгмæ / æрдзы ныббæгъæтт мин цæстæй… / Ацы фын кæдыккон у! / Агурын æй – нал арын. / Охх, йæ сæфт зæдыскондыл / Сагдары дон сау дары…» («Сагдары дон»).

Афтæмæй Æхсар чиныгкæсджытæн балæвар кодта, стыр поэтæн чи ‘мбæлы, нæ поэзийы фарсылхæцгæ чи басгуыхт, ахæм нывæфтыд уацмыс. Ноджы йæ баххæст кæны ритмикæйы, рифмæйы, зæрдæйы уагæй. Афтæмæй йæм æрдзыл цас æмæ цас ис ахæм æмдзæвгæтæ. Сæ иу – «Фæззæг»:

*Чындзæхсæв, цинтæ, фарны кæйттæ – бирæ:*
*хъæуи-хъæу зилы бур фæззæг-хуындзау*
*æмæ хæссы мыдычыргъæдтæ Ирæн…*

*Цыдæр мæ ‘мбæхсы, уазал мигъ, дæ сау.*
*Цы у, цымæ, цæмæй кæныс æртхъирæн?*
*Дæ карз уылæнтæм – бæлцифтонг мæ нау…*[3]

---

[1] К ъ а д з а т ы  С т а н и с л а в. Хъодзаты Æхсар / Рæстдзинад, 2007. – 03 июль.
[2] Д ж ы к к а й т ы  Ш а м и л. Ныхасы фарн. – Дзæуджыхъæу, 1996. – 271 ф.
[3] Х ъ о д з а т ы  Æ х с а р. Фæззæг //А в т о р ы  к о л л е к т и в. Æрттигъ. – Дзæуджыхъæу, 1983. – 81 ф.

Ӕрдз ахæм диссаг у æмæ дзы «мæй дæр фены цады бын йæхи».[1] Уыцы алæмæт дисы куыннæ хъуамæ æфтауа поэты! Ӕхсары та æркодта дымгæйы бардуаг Галæгоныл гимн сфæлдисынмæ. Афтæмæй «уæларвы цъæхæй, хуры рухсæй цух» у, «уæзвад уарынтæм удæсы» йæ къæс æмæ кæны æмхасæнтæ йæ къухтæм. Уæддæр, Бестауты Гиуæргийæн ног фæлдисæг знæт фæдисон Уадтымыгъ куыд адджын у, Гæдиаты Секъамæ «Урссæр, сауцæсгомджын хæхтæ, Къултæ, хъæдтæ ‘мæ нæ дæттæ Зæрдыл, сау чызгау» куыд лæууынц[2] («Хъарæг»), уыйау уый та уадтымыгъæн ард куыд хæры: «Чызгау дæ судзгæ уарзтæй уарзын»,[3] – афтæ Ӕхсарæн Галæгоны «нæргæ хъæлæс – зарджыты рæсугъддæр»: «Ӕнæ дæу зæхх æндзыг вæййы, æфсырд, / æнæ дæу бæстæ сæвæры цъæх хъуына, / нæхимæ дæр нæ фæхъуысы нæ дзырд. / Кæрдæг, бæлас – бындзарæй сæ нынкъус, / дæ дымгæ, уадз, йæ бæттæнтæ ыскъуына! / Ысуадз йæ бынæй талынг арвæн рухс!» («Гимн Галæгонæн»).

Поэты сфæлдыстады цардуагон-философон ахаст ацы сонеты дæр разындис ирдæй. Бæлвырдæй дзы зыны, поэт царды ноггæнæг мадзалыл, Бестауты Гиуæргиау, кæй нымайы æрдзон æгъатыр тох, кæд æй Галæгоны дымгæйы хуызы æвдисы, уæддæр. Ӕмæ поэтæн, æмдзæвгæйы куыд уынæм, афтæмæй уыцы хъуыддаджы стыр æххуыс кæны сидæн хъæр.

Поэты цæстæнгас æрдзы кæцыдæр хуыз, ныв кæй у, æрмæст уый тыххæй нæ фездахы йæхимæ. Ӕрдз иууылдæр йæ алы хуызивæнтимæ æмткæй хорз у. Уæлдайдæр, рæсугъд куы вæййы, уæд. Фæлæ дзы Ӕхсар ссары ноджы цыдæр ахæм, цинып кæнæ сагъæсыл чи бафтауы адæймаджы. Михаил Луконин рæстагæй æууæндыд: «Жизнь бесконечную дарит людям солнце».[4] Ӕмæ диссаг нæу, Ӕхсары зынг хуры бын йæ тыхы, йе ‘гæрон фæллойы фæрцы кæй уырны, цыфæнды сау мигътыл дæр кæй фæуализ уыдзæнис, уый. Уыцы хъуыддаг уацмысы скæны цардхъом, зæрдæмæдзæугæ æмæ зæрдæскъæфдæр. Афтæмæй æрмæст поэт æмæ йæ уацмыс нæ рамбулынц, фæлæ чиныгкæсæг дæр. Ӕрдзы рæсугъддзинадимæ кæнæ та фыддзинадимæ райсы уды хæлц:

[1] Т о к а т ы  А л и х а н. Уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 2004. – 9 ф.
[2] Г æ д и а т ы  С е к ъ а. Равзаргæ уацмыстæ. – Цхинвал, 1979. – 18 ф.
[3] Б е с т а у т ы  Г и у æ р г и. Уацмыстæ 3 т. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 2003. – 18 – 22 ф.
[4] Л у к о н и н  М и х а и л. Собр. соч. в 3 т. Т. 1. – М., 1978. – 388 ф.

реалистон нывтæ йæ бафтауынц реалистон хъуыдытыл: «Уынгты цæуынц / миты тъыфылтæ ‘мæ бонтæ, / балеринæтау зилдух кæнынц, / цыма стъалыты стъæлфæнтæ згъæлынц, / æмæ хъуысы сæ зæлланг». Поэт нын зымæгон митуард нывкæны йæхирдыгонау. Фæлæ Æхсар, Æхсар нæ уаид, ууыл куы æрлæууид, æрдз равдисынæй дарддæр куынæ акъахдзæф кæнид. Сергей Орловы хъуыдымæ гæсгæ: «Мир больших чувств, сопряженных с большими событиями времени, непреложная верность избранным принципам раскрываются в поэзии чистой, правдивой и страстной».[1] Фенæм, Æхсары рæстаг æмæ нæрæмон поэзийы æрдзы нывкуыд ахизы философимæ: «Миты тъыфылтæ ‘мæ бонтæ / нæ цæсты цур тайынц...», / Миты тъыфылтæ, / бонтæ, / æз / æмæ сагъæс / рæстæджы уынгты цæуæм…» («Уынгты цæуынц…»).

Фæлгонцон уынынад, дзырдты хъуытазхъæлæсæй æвзарын, сæ кæрæдзийыл сæ нуаргай бæттын поэты къух бирæ бæрцæй фæаразы, уæлдайдæр, зæрдæзæгъгæ хъуыддагыл куы фæдзуры, адæймаджы уды рæбынтæм ныккæсгæйæ, уæд. Уыцы миниуæг Æхсарæн йæ уды ис. Ирдæй равдыста, æмбисондау цыбыр чи уыд, афтæмæй куы «æртади хохыл сау цъити æртахгай», зына-нæзына стъалытæ зыр-зыр, катайыл куы фесты, уæд сæуæхсид йæ фæдыл бон куыд расайдта («Хурхæтæн»):

*Ыссæуы хур йæ сырх бæхыл сындæг,*
*йæ бонæй уа, цъæх арвы рындз – йæ хæтæн.*
*Уыд ацы ‘хсæв сæ къабæзтæн уынгæг*
*Нæ хæхтæн.*

*О ивылд Терчы абухгæ хъæлæс,*
*дæуау мæ сом, мæ ивгъуыд уæд æнусон.*
*Сæуæхсидимæ сусхъæдæй лæдæрс,*
*æлутон.*

---

[1] О р л о в  С е р г е й. Вступительная статья // Д у д и н  М и х а и л  А л е к с а н д р о в и ч. Стихотворения. Поэмы. – Ленинград, 1970. – 14 ф.

Ӕрдзы диссаджы хуызивӕнтӕ хурхӕтӕнӕй поэтыл цы базыртӕ садзынц, уыдон йӕ поэтикон арӕхстӕй ахизынц чиныгкӕсӕгмӕ дӕр. Ӕфтауынц нӕ зӕрдӕзӕгъгӕ рӕсугъд ӕнкъарӕнтӕ ӕмӕ цӕрыны монцыл.

Поэт ӕмдзӕвгӕйы классикон формӕмӕ уыцы иу рӕстӕджы сӕрибарӕй пайда кӕны поэзийы зын формӕ – верлибрӕй. Бӕлвырд-бӕрӕгӕй дзургӕйӕ та: «Ахсар писал свободным стихом (верлибром), белым стихом, классическим стихом, иногда даже лесенкой. Писал одиноково мастерски, одиноково виртуозно»,[1] – дзырдта Хадзы-Мурат. Ӕхсар йӕ хъуыдытӕ нывӕндынмӕ дӕсны кӕй у, уый йын аразы йӕ къух, цы ныффӕнд кӕны, уый рухсмӕ рахӕссынӕн. Йӕ метафорӕтӕ, фӕлгондзтӕ хатт вӕййынц вазыгджын, фӕлӕ ирд, зырнӕйзылды хуызӕн. Фылдӕр хатт ӕм фӕцӕуынц адӕмон сфӕлдыстадӕй, фӕлӕ сӕ уд бацӕуы поэты комы тӕфӕй. Уый дзурӕг у авторы цырддзаст поэтикон уынынад ӕмӕ хъуыдыйыл. Хатт ӕрцахсы ахадгӕ деталь, ӕмӕ йӕ уацмыс ӕнӕхъӕнӕй сбӕтты уыимӕ. Свӕййы йын, ӕмдзӕвгӕ чи фӕуромы, ахӕм зӕгӕлы хуызӕн. Чиныгкӕсӕг ӕвиппайды нӕ фӕхаты, уацмыс афтӕ арф цӕй тыххӕй ныххауд йӕ зӕрдӕйы. Бицъойты Эммӕмӕ гӕсгӕ йӕм «практически нет пустопорожних «стишат», которые «ни о чем» и которые только демострируют технику стихосложения. Его стихи очень емки по содержанию и интересны по форме».[2] «Бӕлӕстыл иу сыфтӕр нал ис хӕснагӕн – / мыггагыскъуыд фесты», «Сӕрды бызгъуыртыл / урс зымӕг бафтыдта урс арт», «Хӕлуарӕджы скъуыд тыныл дзедзырой систа / мыдыбындзы базыры саст»[3] («Бӕлӕстыл иу сыфтӕр нал ис хӕснагӕн»).

Ацы ӕмдзӕвгӕйы фыццаг аст рӕнхъы, ӕнкъард нывтӕй дарддӕр ницы уадиссаг дӕттынц уацмысӕн. Адӕймаг сӕ зивӕггӕнгӕ кӕсы. Фӕлӕ дыууӕ фӕстаг рӕнхъы цы фӕлгонц ис, уый базмӕлын кӕны чиныгкӕсӕджы зӕрдӕ ӕмӕ хъуыды, бафтауы сӕ зымӕгон равгыл. Зӕрдыл ӕрбалӕууынц М. Лермонтовы рӕнхъытӕ: «Увы, – он счастия не ишет И не от счастия бежит!»

---

[1] Д з у ц ц а т ы Х а д з ы-М у р а т. Уынгӕгбоны сагъӕстӕ. – Дзӕуджыхъӕу, 2010. – 245 ф.
[2] Б и ц о е в а Э м м а. Ахсар – значит «отважный» / Литературная Россия, 1975. – 25 апрель.
[3] Х ъ о д з а т ы Ӕ х с а р. Рухс. – Дзӕуджыхъӕу, 1987. – 39 – 40 ф.

(«Парус»).[1] Уый тыххæй дын дзырдаивады дунемæ хъуамæ дæхи цæстæнгас уа. Æмæ поэт ссары, афтæ ахадгæ, ахæм тых кæмæ ис, уыцы деталтæ.

Æхсарæн уыцы миниуæг характерон у йе сфæлдыстадæн. «В стихах его чувствуется душа поэта, беспокойная душа, находящаяся в постоянном процессе познания мира и времени, и поэтому имеющая «как благодать» великое чувство сочувствия», – зæгъы Фидараты А. – «Именно это чувство и отличает прежде всего подлинную поэзию от заурядного сочинительства приблизительных картин жизни из обкатанных понятий».[2] Йæ адæмы цæрайæ чи цæра, йæ сæр сын нывондæн чи хæсса, уыцы фыссæджы никæцы фыдтæ асæтдзысты. «Антикон философ Сенека фыста», – дзырдта Шамил, – «Сократы алыварс уыд дæс æмæ ссæдз залымы, фæлæ йын нæ басастой йæ лæгдзинад».[3] Адæймаджы хъаруйæн кæрон нæй. Адæймаджы бон у зæххы сой сæнцъирын, мигътæ æрдуцын, уæлæрвты тæхын, йæ уд йæ куыстæн куы уæлдай кæна, уæд. Æхсар у, йæ уд йæ аивадæн чи нывонд кæны, уыдонæй.

***

Фыссæг хъуамæ цырддзаст уа. Мацы хъуамæ ирвæза йæ цæстæнгасæй. Йæ дуджы судзаг æмæ дудаг проблемæтыл дзырдзæгъынхъом фысджытæ адæмы зæрдæтæм фæндаг ссарынц уайтагъд. Ирон поэзийы уыдонæй иу у Æхсар. Чиныгкæсджыты зонгæ кæны, Тыбылты Алыксандр цæйау загъта «Æфхæрдты Хæсанæ»-йæ: «…куыд хъæздыг æмæ тыхджын у ирон æвзаг. Базондзысты, цы стыр фадæттæ дæтты ирон æвзаг дæсны поэтæн».[4]

Тыхфыст кæны, зæгъгæ, дзы никæцы уацмысæй зæгъдзынæ. Æхсарæн Ирыстоны цинтæ æмæ мæстытæ цæуынц йæ зæрдæйыл. Цыма Цæрукъаты Алыксандры рагон хæзна – хъисфæндр ис йæ къухы: «у ифтыгъд æмæ арæзт, Йæ мидæг – зард æмæ æмдзæгъд».[5] Уыцы ирон фæндыр цæгъды нæ рæстæджы кæуинаггаг хабæрттæ дæр. Уый тыххæй поэт æфхæрд цъус не

[1] Л е р м о н т о в М. Ю. Собр. соч. в 4 т. Т. 1. – Ленинград, 1979. – 347 ф.
[2] Ф и д а р о в а А А. Свет Ахсара Кодзати / Молодой коммунист, 1988. – 9 июль.
[3] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Ныхасы фарн. – Дзæуджыхъæу, 1996. – 279 ф.
[4] Т ы б ы л т ы А л ы к с а н д р. Уацмысты æмбырдгонд. – Цхинвал, 1988. – 107 ф.
[5] Ц æ р у к ъ а т ы А л ы к с а н д р. Цыма лæууын æз кувæндоныт раз. – Дзæуджыхъæу, 1968. – 10 ф.

‘ййæфта: «дыууæ уацмысы («Уæдæ цы ‘нкъард дæ, рæстæг!» æмæ «Дыууæдæстæнон») фыццаг хатт куы рацыдысты (1969 азы), уæд сыл вулгарон критиктæ сæхи андзæрстой æмæ сыл, «антисоветон», зæгъгæ, ахæм ном аныхæстой, сæ авторы та рахуыдтой хахуыргæнæг: социалистон хуры бын дидинæг чи калы, уыцы Ирыстоны æвзаг æмæ культурæйы сæфтыл, дам, хъарджытæ кæны, нæ амондджын дуг, дам, нын сау ахорæнтæй самæзта. Уыйадыл ацы фыстытæ 22 азæй фылдæр фæцардысты хъодыгондæй».[1]

Дзуццаты Хадзы-Мурат дзырдта: «Мах поэзи кæсæм аивадон амæлтты тыххæй нæ (ома, стилы фæзындтæ-фæлгонцты тыххæй нæ), фæлæ хъуыды-æнкъарæны фæлгонцы тыххæй».[2] «Хъуыды-æнкъарæны фæлгонцтæ» кæм уыдысты, уыцы уацмыстæ та нæ литературæйы «богътæ» истой сæ сытыл.

Æхсары «критикты» зæрдæмæ нæ цыд поэты æргом ныхас: «Уæдæ, цы ‘нкъард чиныг дæ, рæстæг! / Фæзæрдæцъæх дæн бонтæй æз. / Цæуынц сæлфынæгау мæ рæзты, / мæнæй цагъарау домынц хæс».

Шамил дзырдта: «Хъодзайы-фырт поэт у – ис æм æфсарм æмæ æхсар. «Вариацитæ ирон адæмон зарджыты темæтыл», зæгъгæ, уыцы циклы поэт зæгъы карз æцæгдзинад: «Ой, размæ цæуин – размæ мæ нæ уадзынц, Хъæмæ здæхин – нæ мæ уадзы мæ намыс».[3] Æмæ цыд размæ, æййæфта æфхæрд. Фæлæ нæ басаст, нæ фæтасыд, нæ аивта. Цоппайы дæр уый æвронгæй каст йæ алыварсмæ, лæмбынæг æвзæрста царды хуызтæ, цоппайгæнджыты æууæлтæ, дзырдта сæ æргом æмæ хъæрæй, кæм – комкоммæ, кæм – дæлгоммæ ныхасæй, мыхуыры Церберты сайынæн. Уый рæстæджы гакк у. Фæлæ хъуыдыгæнæг адæймаг цыфæнды пæлæзы дæр базоны, чи æмæ дзы цы ис, уый».[4] Æхсар æмдзæвгæйы кæрон уымæн зæгъы: «Нырма нæ ныууагътой сæ кæнон / тыхми, хæлæг æмæ фыдæх, / лæгмартæн не ‘рцыди сæ кæрон, / тыхы цур аххосджын – æдых». Æмæ нæ бæргæ Уалыты Лаврент фæдзæхсы:

---

[1] Хъодзаты Æхсар. Къостайы хæдзар. – Дзæуджыхъæу, 1991. – 194 ф.
[2] Дзуццаты Хадзы-Мурат. Рæстæг æмæ литературæ. – Цхинвал, 1985. – 162 ф.
[3] Реминисценци Бекуызарты Саукуыдзы зарæгæй (Авт.) // Ирон адæмон сфæлдыстад 2 т. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 2007. – 579 ф.
[4] Джыккайты Шамил. Поэзийы фарн // Авторты коллектив. Критикон уацтæ. – Дзæуджыхъæу, 1990. – 58 ф.

«Цы лæг агуры иунæгæй Рæстдзинад, Уый æррадонмæ ма кæнæд фæстиат!»[1] – фæлæ Рæстдзинад кæддæриддар иунæджытæ агуырдтой. Æндæр хабар у, фарсхæцджытæ сын чи разыны. Рæстæг уыцы иугъуызон кæй цæуы æмæ кæй фæлхатт кæны – «тыхми – хæлæг æмæ фыдæх», сæ кæнон кæй нæ уадзынц – «лæгмартæн не ‘рцыди сæ кæрон» æмæ «тыхы цур аххосджын – æдых» кæй у, лирикон хъайтары «зæрдæйыл цъыфкъахæй» уымæн уадзынц сæ фæд.

Царды алы ахсджиаг проблемæйы тыххæй дæр Æхсар кæддæриддæр зæгъы йæ уæзгæ ныхас. Куы федта, нæ фыдбоны сыхæгтæ нæм æрбабырстой, фæстæдæр УФ Президентон клуб «Доверие»-йы Координацион Советы Сæрдар, отставкæйы инæлар-майор, техникон зонæдты доктор, М. А. Шолоховы номыл Дунеон премийы лауреат, ФЦ Сæрдары хæдивæг Н. Д Тараканов «безумное нападение Грузии на Цхинвал»[2] кæй схондзæнис, уым ын йе ‘мирон адæмы куыд цæгъдынц æмæ нын æххуысгæнæг куынæ ис нæ паддзахадæрдыгæй, уæд æй нал бафарста йæ маст. Ныффыста хъаст Советон Цæдисы бæстæсафæг президент Горбачевмæ. «Къопи: Хуыцаумæ».[3]

Поэт нæ уæды фыдбоны Президенты зæрдыл иронийы хуызы лæууын кæны хæстæг Хурæскæсæны туг нал кæлы, æмæ уым йæ фыдæбон дæр ис, уый хорз хъуыддаг кæй у, фæлæ йæ кæй хъæуы йæхи адæммæ æркæсын: «Ныр нæ зæрдæты ныфсы стъæлфæнтæ фæзынди: æвæццæгæн дæ, æппынфæстаг, равдæлдзæн æмæ де ‘ргом раздыхдзынæ æртæ мæймæ æввахс æцæгæлон зæххыл нæ, фæлæ ам, дæхи бæстæйы цы æвирхъау хæст цæуы, уымæ. Бацарæфтыд сты дæсгай адæймæгтæ, уыдонимæ сабитæ, сылгоймæгтæ, зæрæдтæ, сæдæгай хæдзæрттæ бынысыгъд бачынди, хъæутæ гæныстон фесты, историйы æмæ культурæйы хæзнатæй ма баззад хæлддзæгтæ, незамантæй нырмæ фæрсæй-фæрстæм сабырæй, кæрæдзи ‘мбаргæйæ чи царди, социалон-экономикон, культурон бастдзинæдтæ кæй æхсæн уыд, кæрæдзийæн тугхæстæг чи сты, уыцы дыууæ адæмы зæрдæты

[1] У а л ы т ы  Л а в р е н т. Зарæджы фарн. – Дзæуджыхъæу, 2012. – 261 ф.
[2] Т а р а к а н о в  Н и к о л а й  Д м и т р и е в и ч. Выступление // К о л л е к т и в  а в т о р о в. Цхинвал: хроника грузинской агрессии. – М., 2008. – 11 ф.
[3] К о д з а т и  А х с а р. Президенту Советского Союза М. С. Горбачеву. Копия: Богу / Литературная Россия, 1991. – 2 январь.

æнусмæ байтыдæуыд фыдæхы маргхъæстæ мыггæгтæ. Уыцы бæллæхтæ иууылдæр рацыдысты Гуырдзыйы ныры хицауады къухæй. Фæлæ йын абоны онг макæ зæгъæг нæй. Æмæ бафæрсын аипп ма уæд, Михаил Сергейы фырт: цас туг æмæ цæссыгтæ ма хъуамæ ныккæла Ир æмæ Гуырдзыйы хъизæмайраг зæххыл, цæмæй æбуалгъ фыдракæндтæн кæрон счындæуа?!»[1]

Фæлæ Гамсахурдиатæ, Гарбачевтæ, Саакъашвилитæн адæмы тугæй бафсис никуы уыдис. Æмæ Æхсар йæ фыстæджы дарддæр фыссы: «…ныртæккæ хъуыддæгты ахсджиагдæр у æвæстиатæй хæст бауромын, фыдæхы арт ахуыссын кæнын. Уый та æрмæст паддзахады раздзоджы бон у. О, фæлæ ды нæ тагъд кæныс, адæм та раздæрау Хуыцауы рæстæй сæфынц».[2]

Ныр дæр ма нæм бирæтæ, – æрмæст поэттæй нæ зæгъын, – паддзахады разамонæджы номыл нæ, фæлæ сæ зæрдæтæм ныддзурын дæр нæ бауæнддзысты ахæм ныхæстæ, уый та советон дуджы сдзурын кодтой йæ адæмы рыст, йæ адæмы хъизæмайраг бонтæ: «Нæ тугæй не знаг нал зоны æфсис», «Цыдæриддæр зæххон хицауæй ис – Премьер уа, Президент уа, гъе сæрдар – хъæр сæм кæнæм хъæлæсыдзаг, «фæдис!» – Нæ нæ хъусынц… О, додой æмæ сар!..» («Удаисты тел Хуыцаумæ»). Додойаг, сæйраг дуджы цæрæм, хъæбултæ ныййарджыты нæ, ныййарджытæ хъæбулты кæй ныгæнынц, дзуæртты дуртæ «нæууыл дæрæнтæ, фæзгъæртæ» кæй сты, «ингæнтæй мæрдтæ уæлæмæ хизын кæй райдыдтой, уымæн фесты «æлгъыстаг нæ сæртæ» (фæлдæхт сонет «Дзау»). Поэтмæ диссаг кæсы, Хуыцау нын кæй балæвар кодта аллонтæн хæрзиуæджы хуызы, уымæ куыд уадзы ныхилын «æвдиу-лæджы»: «Дзуары дур нæууыл – дæрæнтæ, фæзгъæртæ. / Дзурын мæхицæн: «Цы диссаг уа, ау: / фаззон ныхæстæ – Хуыцау æмæ Дзау – / уарзон æмхæстæй… О, ма мæ сай, зæрдæ».

*Тугæрхæм къæйтыл – зырзыргæнгæ, сау.*

*Схъомпал и уæлмæрд дæр. Ингæйтæй мæрдтæ*

---

[1] Уый дæр уым.
[2] Уый дæр уым

*хизынц уæлæмæ. Æлгъыстаг сæ сæртæ.*
*Додой нæ сæртæ… О Дзау, о Хуыцау…*[1]

Поэтæн хорз зындгонд уыдис, уыцы фыддуджы Ирыстоны хуссар хайы Къуыдаргомы цы фыдбоны зæххæнкъуыст уыдис, уый Дзауы цы дæрæн ныккодта, уæлмæрдтæ дæр куыд лæбырдысты. Уыцы катай, адæмы æмæ йæ алæмæтон æрдзы сæфт æркодтой уыцы фæлдæхт сонет сфæлдисынмæ. Æмæ æнамонды хъуыддаг агайы чиныгкæсджыты зæрдæтæ. Уымæн ын уæлдай æххуыс кæнынц цыбыр кæнæ æнæфæуд хъуыдыйæдтæ, цъæлрæнхъытæ, æнæуд предмедтæ, мæрдты удджын кæнын. Елбыздыхъо йæ хъайтар Кассайы номæй зæгъы: «Два врага действуют разно».[2] Сонеты бын, уæд нæ фыдбоны сыхæгты «æфсæрмæй» æнцад чи бадт, уыйфæстæ сæм йæ тымбыл къух чи тилы, иу ахæм фыссæг бафыста йæ хъуыды: «P. S. Зæрдæ куы фæриссы, уæд фæлдæхт сонетыл нæ фæхъуыды кæнынц…»[3] Йæ адæм, йæ Фыдыбæсты сæфтыл йæ зæрдæ кæмæн судзы, уый йæ зæрдæрыст не ‘ндавы, фæлæ сын цы хуыздæр раттыныл хъары йæ уд. Æхсар уымæ тырныдта. Æмæ бафтыд йæ къухы, фæсхæст æртхъирæнтæгæнæгæй уæлдай.

«Война – это возврат к эпохе дикости, наследие нашего кровавого прошлого»,[4] – дзырдта Хъаныхъуаты Инал. Æмæ хъæддæгтæн хъæддаг митæ кæнын диссаг нæу. Махæн та, Елбыздыхъойы хъайтар Хъæссæйы загъдау: «Хæст, нæ мады æхсыримæ цы хъуыддаг бадаттам, уый куы у!»[5] – уæд нæм нæ мæрдтæ фæзынынц æххуысмæ. Æмæ Æхсар дзуры Алыккаты, Калоты æмæ Дзаболаты æртæ Хазбимæ. Хъаст кæны, зарыны бæсты йæ кæуындзæг кæй мары. Æмæ йын куынæ уа кæуын хъæлæс, кæд царды фыдсчъилтыл фæкæлæг æртæ Хазбийæн «иу царды бæрц не сты» се «‘ртæ царды». Йæ риуæй уымæн «хъуысы зарæджы ‘фсон хъарæг» («Хъæр мæрдтæм»):

---

[1] Х ъ о д з а т ы Æ х с а р. Дзау // А в т о р ы к о л л е к т и в. Тугæйдзаг цыппурс. – Дзæуджыхъæу, 1997. – 19 ф.
[2] Б р ы т ъ и а т ы Е л б ы з д ы х ъ о. Уацмыстæ 2 т. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 1981. – 284 ф.
[3] Авторы архивæй.
[4] К а н у к о в И н а л. В осетинском ауле. – Владикавказ, 1985. – 431 ф.
[5] Б р ы т ъ и а т ы Е л б ы з д ы х ъ о. Уацмыстæ 2 т. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 1981. – 107 ф.

«Ой, Хазби!» – æрфæнды мæ ныззарын,
фæлæ галау райхъуысы мæ богъ.
«О, Хазби!..» Кæнæм сымахау тох,
агурæм рæстдзинад, фæлæ н‘ арæм.

Агурæм æвдадзы хос – нæ арæм,
агурæм гæнæн æмæ амал,
агурæм адзалæн дæр мадзал…

Ой, Хазбитæ! Сыстут æмæ – ЗАРÆМ![1]

Уыйфæстæ – мæрдтæм æххуысмæ сидын нæм фæцæй кодта схемæйы хуызы, ссæдзазон гуырдзиаг-ирон хæстæн 2008-æм азы кæрон куынæ æрцыдаид, уæд. Æмæ дзы къухмæрайсинаг æмдзæвгæтæ дæр ис. Зæгъæм, Дзуццаты Хадзы-Мураты «Уой, Хазби…»[2]

Нæ фыдбоны сыхæгтæн нæ сæ зæрды бындзагъд ныккæнын уыдис æмæ дзырдтой алырдыгæй: «Пришедшие к власти в Грузии так называемые «демократы» приступили к воплощению своих националистических и шовинистических планов»,[3] – нæ «зындгондтæ» цъуттавæрдæй лæууыдысты. Поэт та куыдта зды цæссыгтæй: «Мæн сурынц Азар æмæ Сар, / мæ зæрдæ ссыхырна сæ фæттæй, / фæлæ Хуыцауæй æмæ зæдтæй / мæнæн нæй амæлынæн бар», «Замантæ нæ, фæлæ замана…» («Абон»). Иры уыцы судзаг хъæдгæмттæ йын нæ дæттынц æнцой. Секъайау, Ирыстон – йæ уд, йæ зæрдæ.[4] Уæлион царды йæ зæрдæ куы никæуыл фæдары, уæд фæмысы йæ цардцух, йæ кæддæры ныфсыты («Диптих Бестауты Гиуæргийы номыл»):

*Мæныл йæ бæллæх сæвæрдта Хуыцау:*
*чындæуы мын мæ Иры бæстæ сатар,*

[1] Х ъ о д з а т ы  Æ х с а р. Зынджы бардуаг. – Дзæуджыхъæу, 2003. – 370 ф.
[2] Д з у ц ц а т ы  Х а д з ы-М у р а т. Дыууæ дуджы астæу. – Дзæуджыхъæу, 2000. – 10 ф.
[3] Литературная Россия, 1991. – 17 май.
[4] Г æ д и а т ы  С е к ъ а. Азау. – Дзæуджыхъæу, 1981. – 74 ф.

*тæхынц йæ сæрмæ, сау халæттæ, сау,*
*æмæ кæнынц йæ байуарыныл базар.*

*Куыйдзых замантæ, тугзæйтæ, цæхæр…*
*Быындзыд æвдиутæ, дзиглотæ – цæй адæм!..*
*Дæуæн æнцон у, фесæфтай дæ сæр*
*æцæг дунемæ, хур-дзæнæт – дæ бадæн.*
*Ды дур дæ, фæлæ хъусын æз дæ хъæр,*
*дæ удаист хъæр… а зæххы æрратæм.*[1]

Уыцы бæллæх «Иры бæстæ сатар» кæй кæны, йæ сæрты сау халæттæ кæй тæхынц, байуарынмæ йæ кæй хъавынц, цæмæй йæ æнцондæрæй аныхъуырой, поэтæн уыцы судзаггаг маст нæ дæтты æнцой. Фæлæ æррайæн йæ ном йæ уæлæ ис. Уыдонмæ сæ галиу зонды фæдыл цæуын хуыздæр кæсы. Нæдæр сæм удæгæсты хъæр хъуысы, нæдæр – мæрдты.

Æргъæуæй, дзындздурæй аргъуан чи арæзта, стъалытæ, хурæй нын хорз уацтæ чи хъуамæ хастаид, хæрамæй хызт чи уыд, «йæ цинтæ, йæ уарзт та – æхсинæджы пæррæст, æхсинæджы хъазтау» кæмæн зынд, уый хъуамæ «кастаид зæдтимæ Уазайæ», фæлæ дуг ныззылд цæхгæр. Хуссар Ирыстонæй Сыгъдæг быдыр саразын раздæры Советон Цæдисы тугмондаг бодзтæй кæй цыд, уымæн æвдисæн – уæд Цæдисы мидхъуыддæгты æфсæдтæн Хуссар Ирыстоны цы хæстон хай уыдис, уый командæгæнæг, мæнгард инæлар-майор Генрих Малюшкин: «…5 января я получил шифротелеграмму из Москвы, в которой отдавался приказ пропустить грузинскую милицию в Цхинвал и Джавский район, никаких препятствий ей не чинить».[2] Сергей Чупринин фæсреволюцийон дугæй куыд загъта: «Время неслось так, что каждый день по наполненности событиями был равен, как минимум, году».[3] Фæлæ сыл

[1] Х ъ о д з а т ы Æ х с а р. Диптих Бестауты Гиуæргийы номыл // А в т о р т ы к о л л е к т и в. Тугæйдзаг цыппурс. – Дзæуджыхъæу, 1997. – 18 ф.
[2] М а л ю ш к и н Г е н р и х. Так это началось / День, 1991. – № 12.
[3] Ч у п р и н и н С е р г е й. Прямая речь // К о л л е к т и в а в т о р о в. Слушайте, товарищи потомки… – М., 1987. – 6 ф.

зæрдæ ницæмæй лæууыд. Ирыстонæн, уæлдайдæр, йæ Хуссарæн ивгъуыд æнусы 90-æм азæй 2008-æм азмæйы рæстæг нæ фыдбоны сыхæгты азарæй ииуылдæр уыдис тугамæхст. Уæддæр поэты уырны, хæстæмхиц æмæ саузæрдæты цы марг ис, уый сын Хуыцау куы фесафид, уæд зæххыл цæрын уаид æнцондæр. Фæлæ адæмæй рох у нæ эрæйы агъоммæйы VI-æм æнусы скифаг куырыхон Анахарсисы фæдзæхст: «Следуй богу».[1]

***

Зæххы цъарыл, тыхджын æмæ сыгъдæг уарзтæй уарзын йæ бон кæмæн у, уымæй амондджындæр адæймаг нæй. Царды ратæдзæн уарзтæй у, кæд, хъæддаг æхсинæгау, адæймаджы уæхскыл æвиппайд нæ абады, уæддæр. Бестау уарзон чызгæй уымæн дзырдта: «Цардвæндагыл дæу йæ дзыхы хаста Калм, æрвгъуыз цыкурайы фæрдыгау».[2] Æниу, цардвæндаг йæхæдæг дæр уарзтыл лæууы. Уарзт кæй уды нæ тæлфы, уыцы адæймаг хъæды халонæй мæгуырдæр у. Уарзын чи нæ зоны, уымæн нæй фыдызæхх, ныййарæг мад, мадæлон æвзаг… уарзон адæймаг. Йе ‘рдзон монцтæй цы хъæстæ ныууадза, уымæ дæр никуы æрхъарм уыдзæн йæ зæрдæ. Зæххыл адæймаджы уд цы рæвдауы, уыдон иууылдæр уарзтæй цæуынц. Æхсары æмдзæвгæ «Æрттигъ»-ы, поэт мысан кæмæн у, йæхæдæг дзуары хуылфы мысайнагæн кæй февæры, уый æнæнхъæлæджы нæ фæуд кæны афтæ: «Æрттив… Æртæ арты, æрвонтæ. / Æрттигъ… Æртæ арды, нæртонтæ: / Фыдызæхх, Уарзт æмæ Рæстдзинад. / Рæстдзинад, / Уарзт / æмæ Фыдызæхх».

Уыдон кæй зæрдæйы нæ цæрынц, уымæн фидæн нæй. Рæстæг æй скæны зæххæмвæз. Цæмæй адæймагæн фидæн уа, уый тыххæй йæ нæ хъæуы йæ ивгъуыдыл къух ауадзын. Ма дзы хъуамæ рох кæна, фидæн ивгъуыд æмæ абонæй аразгæ кæй у. Æмæ уыцы хъуыды поэт нoджы бæлвырддæрæй загъта æндæр æмдзæвгæ «Сосланы ныхас мæрдтыбæсты дуаргæс Аминонимæ»-йы:

---

[1] К о з а е в А. И. Анахарсис. – Цхинвал, 1982. – 117 ф.
[2] Б е с т а у т ы Г и у æ р г и. Уацмыстæ 3 т. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 2003. – 264 ф.

*– Кæдæм ивылынц утæппæт дзыллæтæ?*

*– Зындонмæ – иутæ, иннæтæ – дзæнæтмæ.*

*– Цы у зындон та?*

*– Рохуаты зæхх – Ивгъуыд.*

*– Дзæнæт та уæд?*

*– Цæрæццаг дуне – Фидæн.*

*Тæппуд, æгуыдзæг чи уыд,*

*йæ бынат уымæн – Ивгъуыд.*

*Æхсарджыны та Фидæн*

*йæ рухс дыргъдонмæ ‘рвитдзæн.*[1]

Дызæрдыггæнæн нæй, поэтæн йæ идеалтæ кæй сты, Фыдызæхх, Рæстдзинад æмæ Уарзт йæ уды дидин кæмæн æфтауынц, уыцы адæм. Фидарæй йæ уырны, уыцы æртæ стыр хорзæхæй хайджын чи уа, уымæн, æгæрыстæмæй, мæрдты бæсты дæр тас никуы уыдзæнис мæгуырæй. Æмæ нын æй æвдисы нывæфтыд дзырды фæрцы. Стæй зонгæ-зонын реминисценцийы фæрцы дæр, суанг æй фольклорон сюжеттæм цæуыны сæр æмæ фæсномыг ныхас куы бахъæуы, уæд дæр. Æниу, Рæстдзинад дæр, Фыдызæхх дæр уарзтæй цæуынц. Алексей Кольцовы зæрдæйы цахæм уарзт хъуамæ тæлфыдаид, цæмæй ныззарыдаид: «Ах ты, степь моя, Степь привольная, Широка ты, степь, Пораскинулась»?!.[2] Æмæ диссаг уаид, уарзт, уæлдайдæр, удæн æхцон сылгоймаджы уарзт куыннæ уаид поэты уæлтæмæн.

Æхсармæ интимон темæ йæ фыццаг аивадон уацмыстимæ æрцыд. Чи зоны, фылдæр хатт куыд вæййы – аивад æм æрцыд уарзтимæ? Фæлæ йæ поэзийы уарзт у сыгъдæг, тыхджын æмæ æнусон. Дзуры йыл, хæдæфсæрм ироныл куыд æмбæлы – хиуылхæцгæ, къæмдзæстыгæй. Гаджиты Георги дзырдта: «Дæ тугвæллойы, дæ фысты дæ зæрдæ равдис, чиныгкæсæгыл дæ фæндтæ, дæ сагъæстæ базырджынæй æмбæлын кæн – цыма уа уымæй

[1] Хъодзаты Æхсар. Сосланы ныхас мæрдтыбæсты дуаргæс Аминонимæ // Авторты коллектив. Æрттигъ. – Дзæуджыхъæу, 1983. – 10 ф.

[2] Кольцов Алексей. Стихотворения. – М., 2011. – 112 ф.

бæллиццагдæр æмæ арфæйагдæр хъуыддаг».[1] Уым Æхсар никæмæ бахæлæг кæндзæн. Æгæрыстæмæй, интимон темæйыл фыст æмдзæвгæты дæр. Мæнæ йе 'взонджы бонты фыст æмдзæвгæтæй иу, кæд æй стилистикон æгъдауæй кæмдæрты фæивта, уæддæр. Сæйраг дзы у, иу фарст: «Искæй уарзыс?»-æн йæ бон дзуапп раттын кæй нæу («Искæй уарзыс?..»).

*«Искæй уарзыс?» – бафæрсынц мæ арæх.*
*Уæ мæ бон, цы дзуапп сын ратта уд?*
*Охха-гъе, куыд æгомыг дæ, айнæг,*
*Урс цъититæ, исты ма зæгъут.*[2]

Æмдзæвгæйы формæ ног нæу, уæддæр æргомæй уынæм, сау зæхх, пыхцылдзыкку быдыр, тархъæд, бæлæсты фидауц бæрз, айнæг, урс цъититимæ йæ бон ныхас кæнын кæмæн у, се 'взаг сын чи зоны, уыцы æвзонг адæймагæн йæ сыгъдæг уарзтыл дзурын кæй фæзын. Куы йæ фарстæуы: «Искæй уарзыс?» – уæд цыма фыræфсæрмæй нæ цæстыты раз ныззылынмылынтæ вæййы. Юлия Жадовская цæмæн фыста: «Я все еще его, безумная, люблю! Отрада тихая мне душу проникает, И радость ясная на сердце низлетает, Когда я за него создателя молю»,[3] – уый чиныгкæсæг хаты – сылгоймаг нæлгоймагимæ абаргæйæ бирæ хиуылхæцгæдæр у. Ирон æмбисонд зæгъы: «Чызджы дзыхыл – æгънæг хуыд».[4] Фæлæ Хъодзайы-фырт нæ хизы ирон хæдæфсармы сæрты. Уарзт уарзт у, Елбыздыхъойы загъдау: «зонды коммæ нал фæкæсы»,[5] – фæлæ уарзт адæймаджы цыфæнды куырм кæна, уæддæр æфсарм æмæ намысыл къухисæн нæй.

Бестауты Гиуæрги дзырдта: «Беджызаты Чермены таурæгъ-новеллæйы персонаж – Барсæгаты… сыгъдамонд чындз Цæрæхоны рæстдзинад æнус-

---

[1] Г а д ж и т ы Г е о р г и. Уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 2012. – 193 ф.
[2] Х ъ о д з а т ы Æ х с а р. Искæй уарзыс?... // А в т о р т ы к о л л е к т и в. Æрыгон фæлтæр. – Дзæуджыхъæу, 1959. – 23 ф.
[3] Ж а д о в с к а я Юлия. Я все еще его, безумеая, люблю! // К о л л е к т и в а в т о р о в. Царицы муз. – М., 1989. – 145 ф.
[4] Ирон æмбисæндтæ. – Дзæуджыхъæу, 1976. – 29 ф.
[5] Б р ы т ъ и а т ы Е л б ы з д ы х ъ о. Уацмыстæ 2 т. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 1981. – 155 ф.

ænus abuxы фырнымд æгъдæутты ныхмæ»,[1] – уæддæр фыдæлты фарн домы йæхион. Уыцы æфсæрмдзæстыг æнкъарæн Æхсары поэзийы уарзтæн йæхийау кæны рæсугъд æмæ æппæтхъом: «Мæ сыхаджы мын ахастой. / Цы чындæуа, ныр, цы?/ Мæ цин æмæ мæ сыхаг чызг / фæцыдысты чындзы. / Æрвылрайсом сæ рудзынгæй / мæнмæ сæуæхсид худт. / Бæлæттау-иу æм тахтысты / мæ цæстытæ, мæ уд». Фæлæ уыцы бæлæттæн хуымæтæджы бæлæттæ схонæн нæ уыд: «Сæ нæмттæ та мæ бæлæттæн: / Æууæнк, Ныфс æмæ Уарзт. / Æнхъæлцауæй йæм кастысты, / фæлæ æхгæд уыд уат». Æууæнк, Ныфс æмæ Уарзт тахтысты æнхъæлцауæй, фæлæ уаты дуар бахойынæн не систы. Æмæ фесты фыдæнхъæл («Мæ сыхаджы мын ахастой»):

*Æрвылрайсом сырх сæуæхсид*
*нæ рæзты заргæ цыд.*
*Йæ дурыны уæззау суадон*
*мæ зæрдæйау тæлфыд.*

*Зæдтау мæ сæрты тахтысты*
*йæ мидбылхудт, йæ уынд...*
*Мæ сыхаджы мын ахастой.*
*Ныр нал фидауы уынг.* [2]

Æмдзæвгæйы лирикон хъайтарæй иунæг хатт ирвæзгæ дæр не скодта, йæ сыхаг чызджы уарзгæ кæй кодта. Уымæй дæр, стыр уарзтæй. Секъа загъта: «…уарзоны тыххæй мæлæт лæгæн дæтты дзæнæт»,[3] – фæлæ Æхсары лирикон хъайтар байгомыг. Æмæ чындзы куы фæцыд чызг, уæд «нал фидауы уынг».

Поэт цы зæрдæйæ фæдзуры, йæ уацмыс снывæнды ахæм ритмикæйыл. Уый, уæнгтыл сæхиуыл карст дарæс куыд абада, уый хуызæн у. Уый кæны уацмысы чиныгкæсæджы цæсты ахадæндæр («Фæцæуыс ды…»):

---

[1] Б е с т а у т ы  Г и у æ р г и. Уацмыстæ 3 т. Т. 3. – Дзæуджыхъæу, 2004. – 292 – 293 ф.
[2] Х ъ о д з а т ы  Æ х с а р. Рухс. – Дзæуджыхъæу, 1987. – 33-34 ф.
[3] Г æ д и а т ы  С е к ъ а. Азау. – Дзæуджыхъæу, 1981. – 345 ф.

*Фæцæуыс ды. Æз та цы уон? –*
*Мæ уды рис фæдывæр.*
*Уæззаугай хохы фæстæ бон*
*æрныгуылди, фæцыдæр:*
*æмбалæн м‘ ауууоны уыдтон –*
*ныр мæ ныууагъта уый дæр.*[1]

Бестауты Гиуæргийы лирикон хъайтар «урс дыууæ фæлмæн къахы» «зæххыл нæ», йæ зæрдæйыл цæуын кæны: «Чи зоны, фæкъул ын уа уæд та Пух былтæй сыгъзæрин мидбылхудт»[2] («Урс къæхтæ»). Ходы Камалмæ хæлæг кæны йæхимæ – «Ахæм чызг кæй уарзы»[3] («Æз хæлæг кæнын мæхимæ»). Хетæгкаты Къостайы интимон темæйыл фыст æмдзæвгæ «Хæрзбон!..» та у шедевр. Лирикон хъайтар йæхи сифтонг кодта «хызынæй, лæдзæгæй, æрчъитæй», скодта «уæрдæхæй дзыхъхъыннæуæг рон» æмæ хæрзбон зæгъы, кæй уындæй не ‘фсæды, йæ уыцы уарзон чызгæн. Уымæн æмæ йын рагæй дзырдта йæ цæстæнгас – чызджы цæстæнгас «ацу»: «Рагæй дæ кодтон мæ уындæй тæрсын». Ныр дзы ацæудзæнис, цæмæй йын ракæна хорз æмæ чызг сулæфа: «Райсом мæ цæстæнгас ферох кæндзынæ, Ферох кæндзынæ иннæбон мæ ном». Уарзæгой удæн уыцы хорздзинад аразын у йæ бон йæ уарзон чызгæн æмæ йæ аразы. Фæлæ ууыл дæр нæ лæууы: «Чи зоны, искуы æрыфта дæ зæрдыл / Иунæджы сагъæс, мæгуыры бæллын»:

*Ма-иу фæтæрс, чызгай! Ахæм фыдфынтæ*
*Дардæй дын амонд хæсдзысты уæддæр, –*
*Исчи та исы йæхимæ дæ рынтæ,*
*Исчи дын хъары ныводæн йæ сæр…*[4]

---

[1] Х ъ о д з а т ы Æ х с а р. Рухс. – Дзæуджыхъæу, 1987. – 168 ф.
[2] Б е с т а у т ы Г и у æ р г и. Æрвнæрд. – Цхинвал, 2003. – 28 ф.
[3] Х о д ы К а м а л. Уацмыстæ 3 т. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 2009. – 13 ф.
[4] К ъ о с т а. Ирон фæндыр. – Дзæуджыхъæу, 2009. – 26 – 28 ф.

Зоны, искуы уазал æхсæвы фæндагыл мæлдзæн, фæлæ йæ афтæ фæнды, цæмæй уарзон чызгæн æрхæсса йæ сæр нывондæн – айса йын йæ рынтæ, йемæ ахæсса сæ фыдбылыз. Сæрнывонды фæндагыл цæуы, урс уæрыккау, ноджы йæ зæрдæ æхсайы йæ уарзон чызгмæ: «Ма фæфæсмон кæ!..»

Уый у уарзт! Уый у аивадон уацмыс! Уым ис нывæфтыд дзырды тых! Æви алцы дæр Уæлладжы фæндонæй цæуы? Францы король Людовик XV-æмы уарзон Жанна-Антуанетта Пуассоны тыххæй кæсæм: «Среди пансионерок будущей маркизы де Пампадур была некая мадам Лебон, гадалка на картах, которая предсказала девятилетней Жанне, что она будет любовницей Людовика XV».[1] Æмæ сæххæст йæ ныхас.

Адæймаг куыд хъуамæ хъуыды кæна: æппæт дæр ныхыфыстæй цæуы æви æппæт дæр царды уавæртæй аразгæ вæййы? Чи зоны дунейы сусæгтæ, чи раттдзæнис дзуапп уыцы фарстæн? Сæхи æппæтхъом æмæ æппæтзонæг чи фенхъæлынц, уыдон дæр иу бон бацæуынц кувæндæттæм æмæ бар-æнæбары фæуадзынц сæ тæригъæдтæ. Уымæн æмæ уæларвон сусæгтæ базонын никæй бон баци. Уæларвон сусæгтæ æмæ уарзт æххæстæй нæй райхалæн. Æгæрыстæмæй, «уарзондзинад фæуæлахиз вæййы мæлæтыл, басæтты йын йæ тых æмæ йе ‘хсар».[2] Æхсары лирикон хъайтар йæ уарзон чызгыл нæ ивы йæ зæрдæ, кæд йæ чындзы цæуæн бон фыццаг мит ныууары тъыфылтæй, уæззауæй æмæ йæ цалдæр хатты фæлхат кæны йæ зæрдæйы равг хуыздæр равдисыны тыххæй, уæддæр. Йæ уарзон чызг чындзы куы фæцæуы, уæддæр ын æвзæрæй ницы уарзы лæппуйы цæст нæдæр хъазгæйæ, нæдæр уарзгæйæ. Кувы йæ амондæн æмæ хъуыддаг уый у («Дæ чындзы цæуæн бон»):

*Дæ чындзы цæуæн бон мæ дзурæн дзых бахуыд,*
*мæ цъæхахст мæ риуы цъæх æвзарау басыд.*
*Дæ чындзы цæуæн бон, фæдæлдон мæ фæндон,*
*мæ бæллиц, мæ цинып æз цъутта нывæрдтон.*

[1] М у р о м о в И. А. Сто великих любовниц. – М., 2000. – 30 ф.
[2] Н и г е р. Уацм. æххæст æмб. 3 т. Т. 3. – Дзæуджыхъæу, 1968. – 462 ф.

*Фыдбоны сынтытæ нæ уагътой сæ кæнон,*
*сæ цъах-цъæхæй байдзаг хъуынтъыз арв – æгæрон.*
*Æз загътон цæрæнбон дæ чындзы цæуæнбон,*
*дæ амонд, дæ фарны, мæ уарзты цæрæнбон.*[1]

Æууæндæм ын йе ‘ргом æмæ сыгъдæгзæрдæ куывдыл. Уымæн æмæ, поэзийыл ма æууæндай, зæрдæ куы уа, уæд дзы дойнаг дуры дæр дидинæг ма æфтауын кæна, уый гæнæн нæй. Андрей Турков зæгъы: «Ахсар Кодзати в стихах о родном селе, в пейзаже которого, рисуемом поэтом, элегические ноты начинают перерастать в набатный звон…»[2] Уый уæлдай нæу, – интимон темæйыл фыссы, Фыдыхæххыл, ныййарæгыл, мадæлон æвзагыл, æрдзыл, царды кæлæнтыл, – йæ уацмысы бавæры йæ уд, байсæры йæ зонды куырдадзы, чиныгкæсджыты размæ йæ рахæссы афтæмæй. Йе сфæлдыстады сæйраг хорздзинад у, аивадон уацмыс аивадон уацмысы тыххæй кæй нæ фыссы, фæлæ йæ кæцыфæнды цыбыр æмдзæвгæйы дæр рæстæджы цæсгом, стæй уыимæ йæ зæрдæйы цин æмæ хъынцъым равдисынмæ кæй фæтырны.

Поэт «Дæ чындзы цæуæн бон»-æн цы ритм æрцахста, уый дзурæг у уацмысы хъуыдыйыл дæр, йæ нысаниуæгыл дæр æмæ удыл дæр. Уыцы ритм дзуры æппæтыл. А. Блок загъта: «Знание *своего* ритма – для художника самый надежный щит от всякой хулы и похвалы».[3] Æхсар у æцæг поэт. Фæлдисы æцæг поэзи. Хæдарцаты А. зæгъы: «…полюбился он читателю росинкой, которая хочет жить, давая жизнь, белоствольными березками, которые светят в темном лесу, и улыбкой, которую невозможно сдержать».[4]

Зæрдæйы хъустæ кæмæн нæй, уый Æхсары поэзи йæ зонды цæстæй уæддæр ма ахса, уый бауырнинаг нæу. Уымæйдæр, Æхсары поэзи иуран нæ лæууы, æппынæдзух кæны змæлгæ, суадонау у уæлейæисгæ, бынæйахадгæ. Мах, ирон адæм, сæрыстыр хъуамæ уæм, Хъодзаты Æхсары хуызæн, Хуыцауы комулæфт кæмæ хæццæ кæны, ахæм поэттæ нæм кæй ис.

[1] Х ъ о д з а т ы Æ х с а р. Рухс. – Дзæуджыхъæу, 1987. – 167 – 168 ф.
[2] Т у р к о в А н д р е й. Заглянув в соседский дом / Литературная Россия, 1988. – 21 октября.
[3] Б л о к А л е к с а д р. Собр. соч. в 6 т. Т. 4. – Ленинград, 1982. – 129 ф.
[4] Х а д а р ц е в а А. Чтобы служить народу / Социалистическая Осетия, 1970. – 4 октябрь.

## СПАЙДАГОНД ЛИТЕРАТУРÆ

1. А б а е в В а с о. Письма. – Цхинвал, 2008;
2. А б а й т ы Э д у а р д. Поэт-тохгæнæг / Рæстдзинад, 2000. – 22 декабрь;
3. А б а й т ы Э. Царддæттæг рухс / Молодой коммунист, 1988. –24 сентябрь;
4. А в т о р т ы к о л л е к т и в. Æрыгон фæлтæр. – Дзæуджыхъæу, 1959;
5. А й т м а т о в Ч и н г и з. Подрываются ли основы?.. // К о л л е к т и в а в т о р о в. Если по совести. – М., 1988;
6. А л е м а н ь А г у с т и. Аланы в древних и средневековых письменных источниках. – М., 2003;
7. А н д р о н и к а ш в и л и М. Очерктæ ирайнаг-гуырдзиаг æвзæгты æмахастыты тыххæй (гуырдзиагау). – Тбилис, 1966;
8. А р д а с е н т ы Х а д з ы б а т ы р. Цард æмæ поэзи. – Дзæуджыхъæу, 1962;
9. Авторы архивæй;
10. Æ л б о р т ы Х а д з ы-У м а р. Уидæгтæ æмæ къабæзтау. – Цхинвал, 1985;
11. Б а г ъ æ р а т и С о з у р. Зæрди дуар. – Дзæуджыхъæу, 1949;
12. Б а р а х ъ т ы Г и н о. Уæлладжыры кадæг. – Дзæуджыхъæу, 1975;
13. Б е д ж ы з а т ы Ч е р м е н. Æвзæрст уацмыстæ. – Сталинир, 1958;
14. Б е с т а у т ы Г и у æ р г и. Уацмыстæ 3 т. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 2003;
15. Б е с т а у т ы Г и у æ р г и. Æрвнæрд. – Цхинвал, 2003;
16. Б е с т а у т ы Г и у æ р г и. Уацмыстæ 3 т. Т. 3. – Дзæуджыхъæу, 2004;
17. Б и б о е в а И. Г. и К а з и т ы М. Р. Писатели Осетии. – Владикавказ, 2015;
18. Б и ц о е в а Э м м а. Ахсар – значит «отважный» / Литературная Россия, 1975. – 25 апрель;
19. Б л о к А л е к с а д р. Собр. соч. в 6 т. Т. 4. – Ленинград, 1982;
20. Б р ы т ъ и а т ы Е л б ы з д ы х ъ о. Уацмыстæ 2 т. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 1981;
21. Б ры т ъ и а т ы Е л б ы з д ы х ъ о. Уацмыстæ 2 т. Т. 2. – Дзæуджыхъæу, 1982;
22. Б у л к а т ы М и х а л. Мерить все высокой мерой // Литературная Осетия, 1986. – № 67;
23. В а н е е в З. Н. Избранные работы по истории осетинского народа. Т. 1. – Цхинвал, 1989;
24. В а х у ш т и (Б а г р а т и о н) (1696 – 1784) – зындгонд историк, географ æмæ лексикограф (авт.);
25. Г æ б æ р а т ы Н и к ъ а л а. «Ирон хæзна»-йы тыххæй // Мах дуг», 2002. – № 9;
26. Г æ д и а т ы С е к ъ а. Равзаргæ уацмыстæ. – Цхинвал, 1979;
27. Г æ д и а т ы С е к ъ а. Азау. – Дзæуджыхъæу, 1981;

28. Г а г л о й т ы  Р у т е н. Къостайы цырты тыххæй / Æфсир, 1910. – 11 апрель;
29. Г а д ж и т ы  Г е о р г и. Уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 2012;
30. Г а л а з о в  Р у с л а н. Корни и ветви / Литературная Россия, 1985. – 9 август;
31. Г а ф е з. Уацмыстæ. – Сталинир, 1955;
32. Г а ф е з. Фыды артдзæст. – Цхинвал, 1983;
33. Г о р ь к и й  М. Собр. соч. в 16 т. Т. 1. – М., 1979;
34. Г р и б а ч е в  Н. М. Человек с большой буквы // К о л л е к т и в  а в т о р о в. Мятежная лира горца. – Владикавказ, 1091;
35. Г у р и е в  Т. А. Василий Иванович Абаев. – Владикавказ, 2000;
36. Д ж у с о й т ы  Н а ф и,  К а з и т ы  М е л и т о н,  Б у л к а т ы  И г о р ь. Убит поэт Шамиль Булкаты / Литературная Газета, 2011. – № 22;
37. Д ж у с о й т ы  Н а ф и. Æхсарджын сагъæстæ / Рæстдзинад, 1965. – 4 сентябрь;
38. Д ж у с о й т ы  Н а ф и. Ирон аив дзырды сæрвæлтау. – Цхинвал, 1966;
39. Д ж у с о й т ы  Н а ф и. Иры хур ыскасти Нарæй. – Дзæуджыхъæу, 2009;
40. Д ж у с о й т ы  Н а ф и. Мужество и достоинство таланта // К о д з а т и  А х с а р. Яблоко нартов. – М., 1974;
41. Д ж у с о й т ы  Н а ф и. Нигер. – Дзæуджыхъæу, 1990;
42. Д ж у с о й т ы  Н а ф и. Поэт перед распутием / Южная Осетия, 1997. – 16 июль;
43. Д ж ы к к а й т ы  Ш а м и л. Æфсарм. – Дзæуджыхъæу, 1964;
44. Д ж ы к к а й т ы  Ш а м и л. Æхсæвы æртытæ. – Дзæуджыхъæу, 1990;
45. Д ж ы к к а й т ы  Ш а м и л. Намыс. – Дзæуджыхъæу, 2010;
46. Д ж ы к к а й т ы  Ш а м и л. Ныхасы фарн. – Дзæуджыхъæу, 1996;
47. Д ж ы к к а й т ы  Ш а м и л. Поэзийы фарн // А в т о р т ы  к о л л е к т и в. Критикон уацтæ. – Дзæуджыхъæу, 1990;
48. Д з а с о х т ы  М у з а ф е р. Уыцы боны фарн. – Дзæуджыхъæу, 1996;
49. Д з у ц ц а т и  Х а д ж и-М у р а т. Уынгæгбоны сагъæстæ. – Дзæуджыхъæу, 2010;
50. Д з у ц ц а т ы  Х а д з ы-М у р а т. Биографи. – Цхинвал, 1990;
51. Д з у ц ц а т ы  Х а д з ы-М у р а т. Дыууæ дуджы астæу. – Дзæуджыхъæу, 2000;
52. Д з у ц ц а т ы  Х а д з ы-М у р а т. Рæстæг æмæ литературæ. – Цхинвал, 1985;
53. Ж а д о в с к а я  Юлия. Я все еще его, безумная, люблю! // К о л л е к т и в  а в т о р о в. Царицы муз. – М., 1989;
54. Ирон æвзаджы æмбарынгæнæн дзырдуат 4 т. Т. 2. – М., 2010;
55. Ирон æмбисæндтæ. – Дзæуджыхъæу, 1976;
56. К а л о т ы  Г. Ирон литературæ XIX-æм æнусы (Хрестомати). – Дзæуджыхъæу, 1982;
57. К а н у к о в  И н а л. В осетинском ауле. – Владикавказ, 1985;
58. К о д з а т и  А х с а р. Президенту Советского Союза М. С. Горбачеву. Копия: Богу / Литературная Россия, 1991. – 2 январь;

59. К о з а е в А. И. Анахарсис. – Цхинвал, 1982;
60. К о к а й т ы Т о т р а д з. Ирыстон // А в т о р т ы к о л л е к т и в. Тугæйдзаг цыппурс. – Дзæуджыхъæу, 1997;
61. К о л ь ц о в А л е к с е й. Стихотворения. – М., 2011;
62. К о ц т ы Л и з æ. Царддæттæг рухс / Рæстдзинад, 1987. – 1 июль;
63. К у з н е ц о в В. А. Очерки истории алан. – Владикавказ, 1984;
64. К у з н е ц о в Ю. Послесловие // К о д з а т и А х с а р. Яблоко нартов. – М., 1974;
65. К ъ а д з а т ы С т а н и с л а в. Хъодзаты Æхсар / Рæстдзинад, 2007. – 3 июль;
66. К ъ о с т а. Ирон фæндыр. – Дзæуджыхъæу, 1974;
67. К ъ о с т а. Ирон фæндыр. – Дзæуджыхъæу, 1984;
68. К ъ о с т а. Ирон фæндыр. – Дзæуджыхъæу, 2009;
69. К ъ у б а л т ы А л ы к с а н д р. Уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 1978;
70. Л е р м о н т о в М. Ю. Собр. соч. в 4 т. Т. 1. – Ленинград, 1979;
71. Л у к о н и н М и х а и л. Собр. соч. в 3 т. Т. 1. – М., 1978;
72. Литературная Россия, 1969. – 12 сентябрь;
73. Литературная Россия, 1991. – 17 май;
74. М а к а р е н к о А. С. Собр. соч. в 4 т. Т. 4. – М., 1987;
75. м а л и т ы Х а с а н, Ч е р ч е с т ы Х ъ а с б о л а т. Не стырдæр хæзна – нæ мадæлон æвзаг / Рæстдзинад, 1989. – 29 апрель;
76. М а л ю ш к и н Г е н р и х. Так это началось / День, 1991. – № 12;
77. М а м и а т ы И з е т æ. Фæцæуы, Ир, дæ намысы зæд дард / А в т о р т ы к о л л е к т и в. Арв. Цæссыг. Стъалы… – Дзæуджыхъæу, 2012;
78. М а м с ы р а т ы М у р а т. Æцæгæлон бæстæ. – Дзæуджыхъæу, 1992;
79. М а м с ы р а т ы Т е м ы р б о л а т. Ирон зарджытæ. – Дзæуджыхъæу, 1982;
80. М и х а й л о в а О. Слово улыбнулось как ребенок / Социалистическая Осетия, 1988. – 6 октябрь;
81. М у р о м о в И. А. Сто великих любовниц. – М., 2000;
82. Материалисты Древней Греции. – М., 1955;
83. Н е к р а с о в Н. А. Пол. содр. соч. и писем в 15 т. Т. 1. – Ленинград, 1981;
84. Н и г е р. Уацм. æххæст æмб. 3 т. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 1966;
85. Н и г е р. Уацм. æххæст æмб. 3 т. Т. 3. – Дзæуджыхъæу, 1968;
86. Нарты кадджытæ. – Дзæуджыхъæу, 1975;
87. О з е р о в Л е в. Без пяти минут / Литературная Россия, 1972. – 25 август;
88. О р л о в С е р г е й. Вступительная статья // Д у д и н М и х а и л А л е к с а н д р о в и ч. Стихотворения. Поэмы. – Ленинград, 1970;
89. П е т р у х и н В. Я., Р а е в с к и й Д. С. Очерки истории народов России в древности и раннем средневековье. – М., 1998;
90. П л и т ы Г р и с. Æвзæрст уацмыстæ 2 т. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 1973;
91. П л и т ы Г р и с. Рагон Ир / Рæстдзинад, 1968. – 8 август;
92. П л и т ы Г р и с. Фыстæджытæ. – Дзæуджыхъæу, 2013;
93. П у ш к и н А. С. Собр. соч. в 10 т. Т. 2. – М., 1974;

94. Псал., 16, 8;
95. С а л æ г а т ы  З о я. Ирон адæмон сфæлдыстад 2 т. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 2007;
96. С а н а т ы  У а р и // К о л л е к т и в  а в т о р о в. Писатели Северной Осетии. – Владикавказ, 1992;
97. С и н е л ь н и к о в  М и х а и л. Воспаряющая песня / Литературная Россия, 2012. – 27 июня – 3 июля;
98. С у л е й м е н о в  О. О. Выступление на съезде народных депутатов СССР // К о л л е к т и в  а в т о р о в. Слово писателя. – М., 1989;
99. Т а р а к а н о в  Н и к о л а й  Д м и т р и е в и ч. Выступление // К о л л е к т и в  а в т о р о в. Цхинвал: хроника грузинской агрессии. – М., 2008;
100. Т е д е е в  Г. Мужественная поэзия / Социалистическая Осетия, 1986. – 26 июнь;
101. Т е д е т ы  Е ф и м. Йæ курдиат – йæ тыхы мидæг / Рæстдзинад, 2007. – 30 август;
102. Т е п л и ц к и й  И. З., Ц а г а е в  Н. Д. памятники материальной культуры Северной Осетии. – Владикавказ, 1963;
103. Т и з е н г а у з е н  В. Сборник материалов, относящихся к истории Золотой Орды. Т. 1. – Спб, 1884;
104. Т и х о н о в  Н. С. Слово о Коста Хетагурове // К о л л е к т и в  а в т о р о в. Осетия в русской литературе. – Владикавказ, 1963;
105. Т о к а т ы  А л и х а н. Уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 2004;
106. Т о л с т о й  А. К. Биб. рус. лит. – М., 1988;
107. Т у а л л а г о в  А. А. Меч и фандир. – Владикавказ, 2011;
108. Т у р к о в  А н д р е й. Заглянув в соседский дом / Литературная Россия, 1988. – 21 октября;
109. Т ы б ы л т ы  А л ы к с а н д р. Уацмысты æмбырдгонд. – Цхинвал, 1988;
110. Т ы д ж ы т ы  Ю р и. Æхсар // Мах дуг, 1965. – № 11;
111. Т ю т ч е в  Ф. И. Сочин. в 2 т. Т. 1. – М., 1984;
112. У а л ы т ы  Л а в р е н т. Зарæджы фарн. – Дзæуджыхъæу, 2012;
113. Ф и д а р о в а  А. А. Свет Ахсара Кодзати / Молодой коммунист, 1988. – 9 июль;
114. Х а д а р ц е в а  А. Чтобы служить народу / Социалистическая Осетия, 1970. – 4 октябрь;
115. Х а д ж е т ы  Т а й м у р а з. Уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 2010;
116. Х е т а г у р о в  К о с т а. Собр. соч. в 3 т. Т. 3. – М., 1974;
117. Х о д ы  К а м а л. Ног æнтыст // А в т о р т ы  к о л л е к т и в. КАМАЛ. – Дзæуджыхъæу, 2014;
118. Х о д ы  К а м а л. Уацмыстæ 3 т. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 2009;
119. Х о з и т ы  Б а р и с. Поэзийы рухс / Молодой коммунист, 1988. – 24 сентябрь;
120. Х у ы г а т ы  С е р г е й. Хуры рæгъ. – Дзæуджыхъæу, 2008;
121. Х ъ а з и т ы  М е л и т о н. Джыккайты Шамил // А в т о р т ы  к о л л е к т и в. Арв. Цæссыг. Стъалы… – Дзæуджыхъæу, 2012;

122. Х ъ а з и т ы М е л и т о н. Ирон хæзна. 1 т. – Цхинвал – Дзæуджыхъæу, 2013;
123. Х ъ а й т ы х ъ т ы Г е о р. Ævзæрст уацмыстæ 2 т. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 1975;
124. Х ъ о д з а т ы Æ х с а р, Х о д ы К а м а л. Иры фыццаг зарæггæнæг // М а м с ы р а т ы Т е м ы р б о л а т. Ирон зарджытæ. – Дзæуджыхъæу, 1982;
125. Х ъ о д з а т ы Æ х с а р, Æхсар. – Дзæуджыхъæу, 1965;
126. Х ъ о д з а т ы Æ х с а р. Афæдзы фæллой // А в т о р т ы к о л л е к т и в. Критикон уацтæ. – Дзæуджыхъæу, 1990;
127. Х ъ о д з а т ы Æ х с а р. Бындзæфхад. – Дзæуджыхъæу, 2007;
128. Х ъ о д з а т ы Æ х с а р. Дзау // А в т о р ы к о л л е к т и в. Тугæйдзаг цыппурс. – Дзæуджыхъæу, 1997;
129. Х ъ о д з а т ы Æ х с а р. Диптих Бестауты Гиуæргийы номыл // А в т о р т ы к о л л е к т и в. Тугæйдзаг цыппурс. – Дзæуджыхъæу, 1997;
130. Х ъ о д з а т ы Æ х с а р. Дымгæ æмæ зыгуымдон. – Дзæуджыхъæу, 2011;
131. Х ъ о д з а т ы Æ х с а р. Зынджы бардуаг. – Дзæуджыхъæу, 2003;
132. Х ъ о д з а т ы Æ х с а р. Ирон дзырд // А в т о р т ы к о л л е к т и в. Æрттигъ. – Дзæуджыхъæу, 1983;
133. Х ъ о д з а т ы Æ х с а р. Искæй уарзыс?... // А в т о р т ы к о л л е к т и в. Æрыгон фæлтæр. – Дзæуджыхъæу, 1959;
134. Х ъ о д з а т ы Æ х с а р. Къостайы хæдзар. - Дзæуджыхъæу, 1991;
135. Х ъ о д з а т ы Æ х с а р. Рухс. – Дзæуджыхъæу, 1987;
136. Х ъ о д з а т ы Æ х с а р. Советон ирон дзырдæн // Мах дуг, 1998. – №5;
137. Х ъ о д з а т ы Æ х с а р. Сосланы ныхас мæрдтыбæсты дуаргæс Аминонимæ // А в т о р т ы к о л л е к т и в. Æрттигъ. – Дзæуджыхъæу, 1983;
138. Х ъ о д з а т ы Æ х с а р. Фæззæг //А в т о р ы к о л л е к т и в. Æрттигъ. – Дзæуджыхъæу, 1983;
139. Х ъ о д з а т ы Æ х с а р. Хуыцауы бон. – Дзæуджыхъæу, 1998;
140. Х ъ у ы л а т ы С о з ы р ы х ъ о. Ævзæрст уацмыстæ. – Сталинир, 1957;
141. Ц æ р у к ъ а т ы А л ы к с а н д р. Цыма лæууын æз кувæндоны раз. – Дзæуджыхъæу, 1968;
142. ЦИЗИИ. Ф 1, ОП 1. 39 хъ;
143. Ч и ч и н а д з е З. История Осетии по грузинским источникам. – Цхинвал, 1993;
144. Ч у п р и н и н С е р г е й. Прямая речь // К о л л е к т и в а в т о р о в. Слушайте, товарищи потомки… – М., 1987;
145. Ш е к с п и р У и л ь я м. Уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 1980.

Ц ы п п æ р æ м   с æ р

## РОМАНТИКÆ – ЙÆ УД, ЙÆ ДЗÆЦЦ

### Фыды фарн мæрдтæм нæ цæуы. Ссæсты бынатмæ хи ма уадзын. Рухсы тынтæ ахсгæйæ. Зæрдæагайæг темæтæ. Интимон базыртыл тæхгæйæ. Номы лæгтæн – номы кад. Прозæ æмæ драматургийы фæлгæтты

Аивад удуæлдæйттæ домы. Аивадфæлдисæг аивадмæ йæхи тыхджын æмæ аив зæгъинæгтимæ куынæ æрбацæуа, йæхи æрмдзæф æмæ йын хъæлæс куынæ уа, уæд йæ фыдæбон Хуыцауы дзæгъæлы вæййы. Фæлæ, аивадмæ фыццаг къахдзæф чи ‘рбакæны, уымæн йæхи зæгъинæгтæ куы уа, йæ хъæлæс куы никæй хъæлæсимæ ивддзаг кæна æмæ йæ дзырд адæммæ куы фехъуыса, уæлдайдæр, йæ фыццаг сныхасæй, уæд уый зæрдæзæгъгæ амонд у.

Раст ахæм дзырдаивады фарнæй фæцис хайджын зынгæ ирон фыссæг – поэт, прозаик, драматург æмæ тæлмацгæнæг Малиты Васо. «Йæ удыхъæды уыцы æууæл ын йæ фыд – ирон литературæйы классик Малиты Геуæргийæ баззад».[1] «Дзырдаивады фарнæй – хайджын, рæвдыд дзырдæй – æнæхай», – ахæм æмбисонд нын, мæгуыры дзæкъулау, фыдæлтæй баззад. Кæд йе сфæлдыстадон фæндаджы райдайæны нæ дзырддзæугæ фысджытæй сæ иу – Джусойты Нафийы рæвдыд ныхасæй хайджын фæцис,[2] ныр дæр бынтон рохуаты нæ аззайы, уæддæр уый æмткæй сисгæйæ афтæ у. Йæ фыццаг чиныгыл ын фыста: «Йæ дзырд – æфсæрмдзæстыг æмæ уæздан, поэтикон темперамент æмæ нывгæнæджы фантазийæ – æххæст, хъуыдытæ – æлвæст, æрдынбосау, йæ дзырдтæ – уырзæвзæрст, йæ ныхасы æвæрæнтæ – хъæздыг æмæ хуызджын, æнкъарæнтæ – тыхджын. Æппæт уыдон æцæг курдиаты миниуджытæ сты, зæрдæ кæмæй барухс уа, ахæм миниуджытæ».[3]

---

[1] Р е д а к ц и о н   у а ц. Мæ Ирыстон! Дæ номæй бонджын дæн… / Рæстдзинад, 2013. – 19 февраль.
[2] Д ж у с о й т ы   Н а ф и. Ирон аив дзырды сæрвæлтау. – Цхинвал, 1966. – 257 – 260 ф.
[3] Д ж у с о й т ы   Н а ф и. Балц ирон аив дзырды дунемæ. – Цхинвал, 2014. – 369 ф.

Васо йæхæдæг хаттæй-хатт æмгæртты рæгъы сæрыстыр, буцхуызæй æппæлыны хуызы фæдзуры: «Бестауты Гиуæрги мын Хуссарæй йæ чиныг æрæрвыста ахæм фыстимæ – «Хох-поэт Малиты Васойæн».[1]

Нафи дæр, Бестау дæр, раппæлын кæм фæхъæуы, уым дæр, зæгъæн ис, дзырдыл уæлæхох никуы уыдысты. Сур æппæлд сæ дымгæйы бæрны никуы ничи бакодта. Васойы ахæм бынаты æнæнхъæлæджы нæ авæрдтой. Тымыгъы риуыгъæнты чи бахауы, йæ цæвæнтæ йын уый фæзоны. Фæлтæрд фысджытæ, – кæд Гиуæрги Васойæ бæрцæй æхсæз азы хистæр уыдис, уæддæр, – æвзонг поэты фыццаг фæлварæнтæй федтой, йæ зæрдæйы цы цæхæр уыдис, йæ удæн ын æнцой цы дзуринæгтæ нæ лæвæрдтой æмæ йе сфæлдыстадон фæндаг кæцырдæм зылдис, æппæт уыдæттæ. Уыдон фæрцы сæ рантыстысты уыцы стыр ныхæстæ. Æмæ сæ Малийы-фырт нæ фæкодта мæнгæнхъæл. Хуыгаты Сергей зæгъы: «Васойы æрмдзæф никæй æрмдзæфимæ хæццæ кæны – у хæдбындур. Хæдбындур у удæй дæр æмæ йе ‘ддаг бакастæй дæр».[2] Ахæм хæдбындур у æмæ, Бараттаты[3] (Бараташвили) Никъолозау, йæ бон у зæгъа æнæкъæмдзæстыгæй: «Тæх æнæфæцудгæ, ме ‘фсургъ, тæх дæ хивæнд тахтæй ды Æмæ дымгæйы бар бакæн ме знæт саууылæн хъуыды!»[4] Уæддæр æй ирон литературон критикæйæ иуæй-иу поэтгæнттимæ абаргæйæ уа стыр амонд нæ фæцис – йæ койгæнæг уадиссаг ничи ис, кæд æнæраны æппæлдтытæ

[1] А в т о р ы ар х и в æ й.

[2] Х у ы г а т ы С е р г е й. Сæрмагонд æрмдзæф / Рæстдзинад, 2008. – 14 февраль.

[3] Б е с т а у т ы Г и у æ р г и. Тæхгæ стъалы – поэзийы арвыл: «Бараташвилийы сфæлдыстад æнгом баст у нæ адæмы цардимæ. Поэт йæхæдæг æввахс зонгæ уыд Ирыстонимæ. Арæх æфтыд Чысанмæ, йæ хо Ерыстауты чындз уыдис. Йæ иу фыстæджы чысаныл дзургæйæ зæгъы ирон дзырд «Кизга», ома «чызг». Æндæр ран йæ мады ‘фсымæр Орбелиани Захармæ фыссы, зæгъгæ, дам, уыдыстæм Алевы (ома, Алеуы – Хъ. М.). диссаджы дзуарыбон, дам, дзы уыд. Ахалгорæй (ныры Ленингор) дыууадæс версты мидæгдæр бæрзонд хохыл. Нæхи сылгоймæгтимæ иумæ, дам, «иронау заргæ сфардæг стæм кувынмæ» // Б а р а т а ш в и л и Н и к ъ о л о з. Уацмыстæ. – Цхинвал, 1968. – 12 ф. Уыдон тыххæй фыссы Дзуццаты Хадзы-Мурат дæр // Рæстæг æмæ литературæ. – Цхинвал, 1985. – 310 – 314 ф. Уыцы дуджы гуырдзы ирæтты иууылдæр «швилитæ» кæнæ «дзетæ» фыстой: Тогойтæ – Тогошвили, Абайтæ – Абашидзе, Бараттæ – Бараташвили. Уырыссæгтæ та нын нæ мыггæгтæн сæхи æвзаджы кæрæттæ лæвæрттой: Тогойтæ – Тогоев, Абайтæ – Абаев, Бараттæ – Баратов (Баратаев). Никъолозæн ахæм æмдзæвгæ дæр ис: «Къняз Баратаевы нуазæныл фыст» (Йæ ацы чиныджы 55-æм фарсыл». Мах дæр сын сæ мыггæгтæ арæзтам нæхирдыгонау: «Абхадзы (инæлар Абхазовы бæсты – Хъ. М.) чиныгæй разы стут?» // Брытъиаты Елбыздыхъо. Уацмыстæ 2 т. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 1981. – 82 ф.; Мачабелтæ (ома, Мачабелитæ – Хъ. М.) цы тæрхондоны сæр æрлæууыдысты, уымæй ницы хорздзинад рацыдаид ирон кусæг адæмæн // Т ы б ы л т ы А л ы к с а н д р. Уацмысты æмбырдгонд. – Цхинвал, 1988. – 277 ф.; «Цицийы-фырты (ома, Цицишвилийы – Хъ. М.) дуг». Æмæ диссаг макæмæ хъуамæ кæса, нæхи сылгоймæгтимæ иумæ, дам, «иронау заргæ сфардæг стæм кувынмæ» чи загъта, уый дæр «швили» кæй фыстаиккой, уый. Нæхи сылгоймæгтимæ иумæ «иронау заргæ сфардæг стæм кувынмæ» Бараттаты загътаид.

[4] Б а р а т а ш в и л и Н и к ъ о л о з. Уацмыстæ. – Цхинвал, 1968. – 53 ф.

сærзилæн хосæй дарддæр ницы пайда сты æмæ аивады кусæгæн хъыгдарынæй уæлдай æнтыст нæ хæссынц, уæддæр.

Æниу, Васойы сфæлдыстадон фæндаджы райдайæны поэты фыццаг уацмыстæн хорз аргъ счындæуыд. Æмæ уымæн уыдис фидар бындур. Уый уыд йæ фыццаг чиныг, бæрцæй ссæдз æмдзæвгæ æмæ дыууæ чысыл кадæджы кæмæ бахаста, уыцы чиныг «Фат æмæ æрдын».[1] Уымæн æмæ, уыцы чиныгæй фæбæрæг, поэт кæй тæхы поэтикон хæтæнты. Йæ дзырд у бæрзонд хъуыддæгтыл, бирæ адæймаджы хъуыды æххæсгæ дæр кæдæм нæ кæны, ахæм бæрзæндтыл. Æмæ уыцы аив дзырд рухс уыны сæрыстыр, романтикон хъæлæсы уагæй. Раст йæ фыд куыд дзырдта: «Песня – стон…»[2] – афтæ улæфы зæрдæйы арфæй æмæ рæвдауы чиныгкæсæджы зæрдæ. «Мæ рагбонтæ мæм аргъауау кæсынц…»-ы йæ цард, йæ хъуыддæгтæ йæхицæн æнæрцæугæ, алæмæтон диссæгтæ авæрынц йæ разы:

*Мæ рагбонтæ мæм аргъауау кæсынц…*
*Цыма кæй дардта æрдз ныронг æмбæхстæй,*
*Гъе, ахæм, ахæм диссаджы хъæлæстæй*
*Фæсхæхтæ ‘мæ фæсденджызтæй зæлынц.*[3]

Поэты аив дзырд, æрдз æмбæхстæй кæй дардта, уыцы диссаджы зæлтæ æмæ дзуринæгтæ куы фехъусы æмæ сæ зæххон мæлинаг удты тæрхонмæ куы рахæссы, чиныгкæсæджы зæрдæ уæд базмæлын кæны. Йæ хæдбындур уацмыстæй йын Хуыгаты Сергей уымæн зæгъы: «Афтæ зыны, цыма сыл автор æппындæр фыдæбон нæ кæны, цы фыссы, уыдоныл, мæнæ сфæлдыстадон хъизæмар кæй хонынц, уымæн дзы цыма йæ кой дæр нæ вæййы. Кæмдæр цыма цæттæ вæййынц, æрдзон цыма сты æмæ сыл афтæмæй кæмдæр бамбæлы Васо».[4] Стыр фыдæбон, стыр хъизæмæрттæй кæй райгуырынц, автор сæ зæрингуырдау зæлгай кæй сæрттивын кæны, уый

---

[1] М а л и т ы  В а с о. Фат æмæ æрдын. – Дзæуджыхъæу, 1963. – 3 – 56 ф.
[2] М а л и т и  Г е о р г и. Ирæф. – Дзæуджыхъæу, 1986. – 249 ф.
[3] М а л и т ы  В а с о. Мусонг. – Дзæуджыхъæу, 2000. – 20 ф.
[4] Х у ы г а т ы  С е р г е й. Сæрмагонд æрмдзæф / Рæстдзинад, 2008. – 14 февраль.

тыххæй нæм афтæ кæсы, цыма йæ поэзийы алы фезмæлд дæр æрдзон у. Васо æрдзæй ирон поэзийы цин æмæ сæрыстырæн кæй рантыст, уыцы хъуыддаг фæбæрæг йæ фыццаг рухсхæссæг чиныг «Фат æмæ æрдын»-æй.

***

Малиты Геуæргийы фырт Васо райгуырд 1938-æм азы æртхъирæны мæйы 14-æм бон Ирыстоны цæгат хайы Мостыздæхы. Йæ сабибонтæ æрвыста йæ райгуырæн хъæуы. Фæлæ фыдхæсты æбуалгъ хабæрттæ телтыл кæм ниудтой, «æбуалгъ фыстæй гæххæтт» кæм æмпылдтытæ кодта, уым цардæй сидзæр сабимæ цы æрхаудтаид? Фæстæдæр зæрдæрисгæйæ уымæн æрымысыд: «Æз та куыдтон нæ хæлд хæдзары стонгæй».

Уæды дуджы адæмы цæттæ мæлæтæй ирвæзын кодта иу хабар – се ‘ппæт дæр сæйраджы уыдысты æмхуызон уавæрты: мæгуыр, стонг, бæгънæг. Фæлæ мæгуырты æхсæн дæр вæййы ноджы мæгуырдæртæ. «Хæлд хæдзары» æнæнхъæлæджы нæ мард стонгæй – фидæны поэтæн йæ поэт фыды «ды махæй цæмæн дæ хуыздæры» тыххæй раджы, культы рæстæджы æрцахстой. Сыбыры бабын.[1] Уымæй сын фыдбоны бынатылæгтæ фехæлдтой сæ хъарм хæдзар. Поэт уыцы хæлд хæдзары куыдта стонг, æфхæрдæй. Елбыздыхъо загъта: «Бирæ бадай, чысыл – дæ нывæй никуыдæм аирвæздзынæ».[2]

Уæддæр сæйраг уд у. Уд куы уа, уæд æй змæлын, цæрын хъæуы. Васойæн скъоламæ цæуыны рæстæг куы æрхæццæ, уæд ахуыр кæнын райдыдта сæхи хъæуы астæуккаг скъолайы. «Адæмы знаджы» фыртæн адæмы ‘хсæн цæрын уæды заманы æнцон нæ уыдис, кæд, фырт фыды тыххæй нæ дзуапп кæны, дзырдтой паддзахады æмвæзыл, уæддæр. Сæ алы фезмæлдмæ сын суанг æгомыг дуртæ дæр джыгъгъхитт цæстæй кастысты, сæ алы къахдзæф сын «быны къæрццхъустæ» баргæ кодтой, фæлæ быхсын уыдис сæ иууыл хуыздæр хос.

[1] Б и б о е в а  И. Г., К а з и т ы  М. Р. Писатели Осетии. – Владикавказ, 2015. – 84 ф.
[2] Б р ы т ъ и а т ы  Е л б ы з д ы х ъ о. Уацмыстæ 2 т. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 1981. – 128 ф.

«Лæг кард лæджы хурхмæ кæм дары»,[1] – уым ыл æрдз дæр цæуы гадзрахатæй. Адæймаг хъуыдыты ныдздзæгъæлтæ вæййы, Фыдыбæстæйон хæсты фæстæ арвæй æртах цæмæннæ уал хауд? «Зæхх тæссаг арвæрттывдау къæдзтæ-мæдзтæй ныскъуыдтæ»… «Туг цы зæххыл æрхауа, уый авд азы хор нал ратдзæн, – дзырдтой зæронд лæгтæ».[2] Æмæ лирикон хъайтар къæвдайæ фыдæнхъæл куы фæцис, йæ мады судзгæ цæссыгты æрцыдимæ йæ дзыхыдзаг куы ныккуыдта, уæд ын, хæстæй чи æрыздæхт, Ирыстоны номдзыд поэттæй йын чи бавæрдта ныфс: «Кæугæ ма кæн, мæ гыццыл æрдхорд. Уарын уыдзæн. Уыдзæн кæрдзын дæр. Ног чингуытимæ уайдзынæ скъоламæ. Тыхсгæ ма кæн. Алцы дæр уыдзæн. Æз дын дæ фыды хорз хъуыды кæнын»,[3] – уый куырыхон ныхас Хуыцауы фæндонау кæй сæххæст, уымæй адæймаджы зæрдæ ныррухс вæййы, лирикон хъайтар цалдæр азы фæстæ йæ фыццаг æмдзæвгæтимæ куы ссыд горæтмæ Ирыстоны номдзыд поэты агурæг: «Мæ хызыны кæрдзыны къæбæр æмæ цыхты къæрттимæ уыди йæ чиныг»,[4] – кæд ын йæ фенын удæгасæй нал бантыст, уæддæр.

Васо ахæм уавæрты каст фæцис астæуккаг скъола. 1957-æм азы йæ ахуыр адарддæр кодта Хетæгкаты Къостайы номыл Цæгат Ирыстоны паддзахадон педагогон институты филологон факультеты æмæ уый дæр æнтысгæйæ каст фæцис 1961-æм азы.

Уæдмæ йæ уацмыстæ периодикон мыхуыры арæхæй-арæхдæр кæй зындысты, аивады кусджытæ дзы фидæны зынгæ фыссæгæй ныфс кæй æвæрдтой, уый тыххæй йæ институты фæстæ кусынмæ айстой республикæйон газет «Рæстдзинад»-ы редакцимæ литературон кусæгæй. Стæй та куыста телеуынынады студийы редакторæй.

Йæ куысты хъуыддæгтæ æвзæр нæ цыдысты, фæлæ фидæны фыссæг уыцы куыстытæй йæ мидзæрдæйы нæ уыд разы. Йæ хъалы дæр, йæ сæнтты дæр йæ зæрдæ æппынæдзух аив литературæимæ дзырдта. Уый бирæ æмæ

[1] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Цæф сæгуыты маст. – Дзæуджыхъæу, 1969. – 19 ф.
[2] М а л и т ы В а с о. Фыццаг фембæлд кæнæ Ирыстоны номдзыд поэт // А в т о р т ы к о л л е к т и в. Поэзийы бон. – Дзæуджыхъæу, 1964. – 67 ф.
[3] Уый дæр уым, 68 ф.
[4] Уый дæр уым, 69 ф.

алыхуызон сусæгдзинæдтæ зæрдæйы фæндиаг сахуыр кæнынæн та æппынæдзух кусын, фыдæбон кæнын, размæ тырнын хъæуы.

М. Заверин дзырдта: «Порой большие литературные споры, словно невзначай, заденут какое-нибудь конкретное, часто и не самое характерное и не самое значительное для упомянутого писателя произведение, и тогда вдруг с особой ясностью начинаешь видеть за «чистой теорией» серьезность и широту выдвигаемых жизнью и литературой проблем, даже если до сего они казались излишне умозрительными».[1] Цæмæй адæймаг ахæм рæстæджы царды æмдзу кæна, уый тыххæй иууыл хуыздæр хос у ахуыр кæнын – æппæт зонын, цæмæй ныхкъуырд макæй раз уай.

Æмæ 1969-æм азы Малийы-фырт рæстæгмæ ныууагъта, йæхи кæмæй дардта, уыцы куыст, йæ хиуæттæ, йе 'мгæртты æмæ ацыд уæды æгæрон Советон Цæдисы столицæ Мæскуымæ. Ахуыр кæнын райдыдта М. Горькийы номыл Литературон институты Уæлдæр дыууæазон литературон курсыты. Уым ын хорз фадат фæзынд уырыссаг æмæ дунейон литературæйы классикты фæлтæрддзинад зынгæ фысджыты æххуысæй – йæ ахуыргæнджыты фæрцы базонынæн. Зонгæ дæр дзы дзæвгар бакодта, фæхъæздыгдæр, фæарфдæр сты йæ уацмысты поэтикæ æмæ поэтикон авналæнтæ. Нафи йæм цæмæ сидт, уый сæххæст – «уæхскуæзæй куысты йæ уонг йæ гаччы» сбадт, йæ «поэтикон нуæрттæ сфидар» сты, «æрдзæй йæм цы хъару фæцис, уый райтынг, тæхгæ цæргæсы базыртау», афтæмæй цæттæ поэтæй институт æнтысгæйæ каст фæцис 1970-æм азы æмæ æрыздæхт фæстæмæ йæ раттæг Ирыстонмæ. Елбыздыхъо цæйау загъта: «Райгуырæн бæстæйы сæрыл амæлынæй хуыздæр мах куы ницæмæ бæллæм».[2] Æмæ йæ Фыдыбæстæйы уарзтæй сыгъд йæ зæрдæ, уагъта цъæх пилон.

Уæдмæ бацис цалдæр чиныджы автор æмæ кусын райдыдта чингуыты рауагъдад «Ир»-ы хистæр редакторæй. Стæй та уыд чиныгуарзджыты Цæгат Ирыстоны республикон æхсæнады сæрдар.

---

[1] З а в е р и н М. Искания и принципы. – Тбилис, 1962. – 26 ф.
[2] Б р ы т ъ и а т ы Е л б ы з д ы х ъ о. Уацмыстæ 2 т. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 1981. – 83 ф.

Йæ уацмыстæн чиныгкæсджыты цæсты хорз æнтыст кæй уыдис, фысджыты ‘хсæн йæ ныхас кæй карста, алы хатт дæр æмуынаффæмæ семæ цæттæ кæй уыдис, адæмæн уарзон кæй разынд, уый тыххæй йыл дзырдаивады дæснытæ бафтыдтой се ‘ууæнк æмæ йæ 1987-æм азы равзæрстой Цæгат Ирыстоны Фысджыты цæдисы сæрдарæй. Уыцы рæстæджы, цæмæй нæм Ирыстоны цæгат хайы, Дзæуджыхъæуы, дыгурон диалектыл аив-литературон æмæ æхсæнадон-политикон журнал «Ирæф» цæуын райдыдтаид, ууыл бирæ тых бахардз кодта Малийы-фырт æмæ йын йæ рауадзын бантыст. Йæ тæккæ райдайæны – 1991-æм азы слæууыд йæ сæргъ. Уæдæй фæстæмæ кусы журнал «Ирæф»-ы сæйраг редакторæй.

Æмæ уыдæттæ иууылдæр тынг хорз сты, фæлæ Тыбылты Алыксандр цæйау дзырдта: «Æнцон нæу ирон чингуытæ рауадзын, æнцон нæу ахуыргæнджытæ бацæттæ кæнын, фæлæ æндæр фæрæз нæй. Нæ уд хъуамæ раттæм æмæ, æппын мæгуыр, ацы дыууæ-æртæ азы дæргъы нæ хъæуккон скъолаты ирон æвзагыл ныллæууын кæнæм»,[1] – уæлдайдæр, фыссæгæн йе сфæлдыстады тæккæ тæмæны, фæлæ дæ адæмы куы уарзай, уæд сын лæггад кæнын дæр хъуамæ фæразай. Токаты Алихан дзырдта: «Рох мæ нæ кæны мæ райгуырæн бæстæ».[2] Æмæ уый у æцæг фыссæджы, æцæг патриоты хъуыды. Алчи дæр нæ хъуамæ Кочысаты Мухарбегау æгæрон уарзтæй уарзид йæ Райгуырæн бæстæ: «Фыдыбæстæ, дæуæй мæнæн зынаргъдæр, адджындæр нæ уыдис æмæ нæй».[3] Поэты алы хатт дæр уыцы уарзт фæисы бæрзонд. Уыцы уарзт æй фæхæссы размæ. Æмæ уыдон хорз сты, фæлæ Васо йæ цард æмæ йæ куысты иу бæрзæндæй иннæмæ кæй хызт, алы ран дæр ын зæрдæзæгъгæ æнтыст кæй уыд, уый æнæхъæнæй баст у йæ аивадон-литературон куыстимæ. Иугæр уым фесгуыхынц йæ нывæфтыд уацмыстæ, уæд уый нысан кæны, фыссæг фидарæй кæй лæууы йе сфæлдыстадон куысты сæргъ æмæ йе ‘ппæт аразинаг, ахсджиаг хъуыддæгтæн кæй нæй къуылымпыгæнæн. Афтæмæй йæ дыууæ куыстæй иуы æнтыст æнæмæнг баст вæййы иннæйыл.

---

[1] Т ы б ы л т ы  А л ы к с а н д р. Уацмысты æмбырдгонд. – Цхинвал, 1988. – 15 ф.
[2] Т о к а т ы  А л и х а н. Уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 1973. – 73 ф.
[3] К о ч ы с а т ы  М у х а р б е г. Уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 1977. – 73 ф.

Дзæвгар сты Малийы-фырты æнтыстытæ. Йæ дыккаг чиныг «Мæйрухс æхсæвты»[1] йæ курдиат равдыста прозæйы жанры. Цы нымад новеллæтæ йæм бахаста, уыдоны бафæлвæрдта алыхуызон адæймæгты удыхъæдтæ равдисыныл. Уацау «Кæйдæр тетрадæй»-ы сныв кодта йе 'мдугонты цард, афтæмæй, йæ разы цы хæс æвæрдта, уый сæххæст кæнын бафтыд йæ къухы.

Прозæйы хорз æнтыст уыдис йæ уацаутæ æмæ радзырдты чиныг «Гуыйман»-æн.[2] Чиныгкæсджытæ уæлдай æхсызгондæрæй сæмбæлдысты йæ роман «Сурмейы хæдзар»-ыл.[3] Хорз æнтыст уыдис йæ пьесæтæм гæсгæ Цæгат Ирыстоны ирон драмтеатры цы спектаклтæ сæвæрдтой – «Калм æмæ хъисфæндыр», «Саст бандон», йæ пьесæты чингуытæ «Ацырухс»,[4] «Уадзимистæ»-йæн[5]… Фæлæ Васо фыццаджы-фыццаг у поэт. Йæ поэтикон дзырд адæммæ тынгдæр хъуысы. Æмæ æхсайæм азты цы стыр кадджытæ сфæлдыста – «Пэя», «Æнусæй æнусмæ» æмæ «Рохсанæ»,[6] уыдон ын бирæ фæуæрæхдæр кодтой йе сфæлдыстад. Йæ цæст æрæвæрдта йе 'мдугонты цардыл, се 'рвылбонон хъуыддæгтæ æмæ бæллицтыл æмæ сæ ныррухс кодта фыдæлтыккон ирон сылыстæг Рохсанæйы фарнæй.

Хиуарзон, эгоист адæймаджы æгæрон уарзтæй бауарзын стыр трагедийыл куыд фæвæййы, уый тыххæй иу æмæ дыууæ уацмысыл нæй сæмбæлæн, фæлæ Васо «Пэя»-йы уыцы фарстмæ бацыд йæхиæрдыгонау, равдыста йæ йæхимæ гæсгæ, ирон романтикон туджы цæф æмæ зæрдæйы абухæнтæ хынцгæйæ, æмæ адæймаджы зæрдæ тынгдæр уымæн æлхæны.

Ныртæккæ цард куы фæфæлдæхт, адæмæ се знæгтæ социализмыл сæ кух тыхæй куы сисын кодтой, уæд Ленин æмæ йæ хъуыддæгтæн кад нал ис. Адæмы цардхалджытæ йын тæрсынц йæ ахуырады идейæтæй æмæ йыл, кæд сæ бон æххæстæй нæ цæуы, уæддæр ыл адæмæн фæлдахын кæнынц дур. Афтæмæй советон дуджы алы поэт дæр йæ хæсыл нымадта Ленин æмæ йе 'нусон идейæтыл зарын. 1935 азы фыст Епхиты Тæтæри йæ поэмæ «Ленин»-

[1] М а л и т ы  В а с о. Мæйрухс æхсæвтæ. – Дзæуджыхъæу, 1965. – 136 ф.
[2] М а л и т ы  В а с о. Гуыйман. – Дзæуджыхъæу, 1977. – 264 ф.
[3] М а л и т ы  В а с о. Сурмейы хæдзар. – Дзæуджыхъæу, 1974. – 358 ф.
[4] М а л и т ы  В а с о. Ацырухс. – Дзæуджыхъæу, 1983. – 278 ф.
[5] М а л и т ы  В а с о. Уадзимистæ. – Дзæуджыхъæу, 2008. – 383 ф.
[6] М а л и т ы  В а с о. Рохсанæ. – Дзæуджыхъæу, 1970. – 94 ф.

ы[1] «сæйраджыдæр йе ‘ргом скодта, Ленинæн нæ бæстæйы æмæ сæрмагондæй Ирыстоны царды цы ахадындзинад уыдис, уымæ».[2] Уæддæр Ленинып Васойы егъау кадæг «Æнусæй æнусмæ»-йæн йæхи нысаниуæг ис ирон ленинианæйы. Кæд Ленинып дзурæг раздæры поэмæты традици бирæ бæрцæй дарддæр кæны, кæд дзы зыны патетикон зæрдæйы уаг, бирæ дзы ис романтикон, уæлмонц бынæттæ, риторикон фæхъæртæ, уæддæр дзы, Дзуццаты Хадзы-Мураты загъдау, «сæйраг у поэтæн йæхи сæрмагонд поэтикон уынынад æмæ æнкъарынад».[3] Æмæ уыдон Васойы уацмысты вæййынц алы хатт дæр. Уæлдайдæр, йæ кадæг «Рохсанæ»-йы куыд сты æмæ кадæг комкоммæ йæ номы хиæдтæ – рухс, уарзт, фарнхæссæг куыд у, афтæ. Фæлæ Васо уæддæр æмæ уæддæр ссис æмæ у нæ ирон æлвæст, зæлланггæнаг æмæ аивамад æмдзæвгæйы æцæг дæсны.

***

Ацы дунейыл æнæбындур ницы ис. Васомæ дзырдаивады тых æнæнхъæлæджы не ‘рхаудта. Йæ фыд Малиты Геуæрги дыгурон диалектыл поэзийы зæрингуырд уыдис. Куырыхон Абайты Васо загъта: «Именно Малиев, и только он, сумел раскрыть и показать во всей полноте, какие красоты ритма, напевности, свободного и плавного течения таит в себе дигорская речь».[4] Аивадон дзырды фæрцы йæ ноджы бæрзонддæр систа Дзуццаты Хадзы-Мурат. Равдыста нын æй, йæхи уд æй куыд иста, йæхиуыл куыд æндæвта, афтæмæй: «Малиты Геуæргийы поэзи у Дзирасгæ-суадоны хуызæн. Цыма йæм армæй æвнæлд нæй, цыма йæ фысгæ дæр æмæ йыл кусгæ дæр нæ кодта, фæлæ йæ уды бынæй абузта – йæхибарæй, йæхигъæдæй, Дзирасгæ зæххы бынæй куыд сыр-сыр кæны, афтæ. Æмæ дзы чи нуазы, уымæн фæтынг кæны йæ туг, сафы йын йæ низ – царды æнахъинон зынтæн быхса æмæ фæраза. Ай-гъай, æгас дуне куы басгарай, уæд дзы диссаджы алæмæт суадæттæ разындзæн, фæлæ дзы уæддæр Дзирасгæйæн æмбал нæй.

[1] Е п х и т ы  Т æ т æ р и. Уацмыстæ 3 т. Т. 1. – 1961 – 105 – 117 ф.
[2] Д з у ц ц а т ы  Х а д з ы-М у р а т. Удæгастæй удæгасдæр. – Цхинвал, 1969. – 29 ф.
[3] Уый дæр уым, 71 ф.
[4] А б а е в  В. И. Избранные труды. – Владикавказ, 1990. – 564 ф.

Нæй йын æмбал, уымæн æмæ æмбал нæй Геуæргийы поэзийæн, уымæн æмæ у Геуæргийæн æрмæст йæхи хуызæн, йæхи дыгурон поэзи».[1]

Дыргъ йæ бындзæфхадæй дæрддзæф нæ хауы. Геуæргийæн йæхи хуызæн курдиатджын æмæ йæхи хуызæн хæдбындур поэт разынд йæ фырт Васо. Æгæрыстæмæй, уазæгæн дæр кæд, Васо саби куы уыд, уæд «не 'рхастаид фысым ирон фынгмæ цæхтон æмæ кæрдзын», «фæллад сæгуыт йæ цæф лæппыны» тарстæй сдæрдта, уыцы фыддуджы, фыдрæстæджы цардис æмæ йæ «фыды стыр балцы кæрон цæф салдатау», царды уæз йæ уæхсчытыл æрæнцад, уæддæр ын, йæ фыды фæзмгæйæ, нæ уыдис йæхи ауадзæн, лæмæгъ уæвыны бар. Æмæ ахæм стыр ныфсджын, фæндвидар, уæнгвидар лæппу æхсарджынæй куы дзуры: «Мæ фыд! Мæ фыд! Сæрибар зæххыл фидар / Лæууын дæуæн цырты дуры бæсты» («Мæ фыдмæ»), – уæд нæ уырны йæ хъæбатыр ныхас, йæ дзырдтæ дуры гуыбынæй лæмарæгау кæй исы. Афтæ кæй у, уый нæ иууыл тынгдæр бауырныдта поэты хæдхуыз æмæ хæдбындур, арф хъуыдыджын æмæ æхсарджын чиныг «Фат æмæ æрдын»-æй.[2]

Чиныджы уыцы ном дæр æм хуымæтæджы не 'рцыд. Йæ поэтикон дунемæ кæсгæйæ, йæ фыды фат æмæ фæндыр «цъæх арвгæроны фæстæ, æргъæу лæгæты, сау хохы рæбын, лæзæрынц рагæй» æнафоны зынгхуыст поэты «фæстæ æнæ кæрæдзи фат æмæ æрдын». Фæлæ, зæххыл цыдæриддæр удджынæй, æнæудæй ис, уыдонæй цардæн уæлдайаг никæцы у, адæймаг ыл æвзæрдзинадæй цы аразы, уымæй дарддæр. Калоты Хазби уымæн фæхъæр кодта: «Æллах, цæй тæригъæд у зæхх!..».[3] Цæмæй уыцы тæригъæд зæххыл ма уылæн кæна, зæххыл цъæх арт ма ирвæза, Васо йæ æдзард фыды фат æмæ æрдын уымæн æрбайста. Лæппу йæ фыды фарн мæрдтæм кæй нæ бауагъта, йæ фæндаг ын ныфсджынæй кæй адарддæр кодта, уый тыххæй йæм æрхауы йæ кой арæх. Афтæ у, йæ зæрдæйы арфæй чи стыдта, царды æгъатыр рæстдзинад стъалыйау кæм æрттивы, философон сагъæсыл нæ чи æфтауы, асæй чысыл чи у, хъуыдыйæ стыр, уыцы æмдзæвгæ («Дыууæ барæджы…»):

---

[1] Д з у ц ц а т ы  Х а д з ы-М у р а т. Уынгæгбоны сагъæстæ. – Дзæуджыхъæу, 2010. – 142 ф.
[2] Ц æ р у к ъ а т ы  А л ы к с а н д р. Хурыскастыл / Рæстдзинад, 1965. – 29 декабрь.
[3] К а л о т ы  Х а з б и. Уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 1976. – 79 ф.

*Дыуухæ барæджы*

*Ærбацæуынц*

*Æхсинты комы.*

*Сæ иу мæ фыд у,*

*Иннæ та –*

*Мæ фыды фыд.*

*Фæрсы мæ фырты фырт*

*Мæ фырты:*

*«Адон чердыгон сты,*

*Цавæр ‘взагыл дзурынц?»*[1]

Цыма, чысыл этюд у, æрмæстдæр – нывафысты æнгæс, фæлæ йæ мидисæй арауы зæрдæ, æфтауы нæ мадæлон æвзаджы хъысмæты тыххæй сагъæс æмæ катайыл: «Цы уыдзæн нæ фидæн, нæ фæстаг?»[2] («Ракæс»). Уымæй дæр дзы иунæг дзырдыл дидактикæйæ нæ фæдызæрдыг уыдзынæ.

Нæ фæрæдыд Васо, йæ фыды фат æмæ æрдын ныфсджынæй кæй æрбайста, рохæн сæ кæй нæ радта, уыцы фарны хъуыддагæй. Æцæг фыртæн куыд æмбæлы, афтæ адарддæр кодта йæ фыды фарн. Стæй йæ адарддæр кодта тæмæнкалгæйæ, сæрыстыр æмæ хъуыддагзонгæйæ. Йæ фыды фат æмæ æрдынмæ не ‘руагъта худинаджы гакк. Уый нæ, фæлæ сæ афтæ сæрттивын кодта, афтæ сæ нылвæста æмæ сын радта ног аивадон цард. Равдыста сæ ноджы тæмæнкалгæдæрæй, ноджы алæмæтондæрæй. Геуæргийæн цы нæ бантыст зæгъын, уыдон йæ фырт адæмы рæгъмæ хæссы мæлгъæвзагæй, поэтиконæй. Æмæ уый дзурæг у, фыды фарн мæрдтæм куынæ бацæуы, фæстагæттæн куы баззайы, уæд уый куыд æвæджийаг хабар разыны, ууыл.

Уымæн æндæр гæнæн нæй, «зæрдæйы уæлæ хуыд»[3] чи у, уыцы райгуырæн бæстæ æмæ радтæг адæмы адæймаг æгæрон уарзтæй куы уарза,

[1] М а л и т ы  В а с о. Мусонг. – Дзæуджыхъæу, 2000. – 94 ф.
[2] К ъ о с т а. Ирон фæндыр. – Дзæуджыхъæу, 1951. – 40 ф.
[3] М а м с ы р а т ы  Т е м ы р б о л а т. Ирон зарджытæ. – Дзæуджыхъæу, 1985. – 22 ф.

уæд. Васо суанг нæ рагфыдæлтæ – скифтæм дæр уый тыххæй ахæццæ вæййы. Æнцой нæ зоны Ирыстоны уарзтæй. У дзы сæрыстыр æмæ буц. Къаддæр сæрыстыр нæу, ацы дзæнæты къуым нын чи ныууагъта, уыдонæй:

*Ирыстон –*
*Уый аргъау у нарты æвзагыл,*
*Ирыстон –*
*Уый сабийæ бадти*
*Сыгъзæрин фын – сагыл.*
*Ирыстон йæ арцæй хуыцауы фæнд ивта.*
*Цыдысты æнæнысан стæры*
*Æнæхæдзар скифтæ.*

Ирыстонæй æппæлæн, рæвдауæн æмæ кадгæнæг дзырдтæй улæфы адæймаг. Нæ сæртæ сисæм бæрзонд нæ Фыдыбæстæйы кады номмæ. Фæлæ «æнкъард» æрмæст «Ирыстоны астæуккаг æнусты истори»,[1] – нæу, æмткæй нæ истори у катайаг æмæ тугæвдылд. Алчи дæр йæхи тыхджындæрмæ æууындзы, ууыл фæуæлахиз уæвынæй фæхъавы йæхицæн кад æмæ ном скæнынмæ. Æндæра, «многочисленность алано-осетинского населения подтверждается их активностью как на Кавказе, так и на Балканах – на границе Римской империи в начале н. э.»[2]

Нæ фыдæлтæ – скифты царды дæр кæд бирæ амондджын, бæллиццаг уæлахизтæ æмæ æнтыстытæ уыдис, се знæгтыл æппынæдзух кæд æгъатырæй лæгæрстой, уæддæр къаддæр нæ уыдысты сæ кæуинаггаг бонтæ. Æмæ нын поэт иунæг дзырд «æнæхæдзар»-æй ныццæвы нæ зæрдæ, нырризын нæ кæны къæхтыбынмæ: аргъæутты диссæгтæм кæй цард бахаудта, фæсфæстагæттæн цæвиттойнагæй чи баззадысты сæ лæджыхъæдæй, уыцы хъæбатыр, æнæмсæр адæм куыд уыдысты «æнæхæдзар»?

---

[1] Г æ д и а т ы Ц о м а х ъ. Уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 1951. – 426 ф.
[2] Т о г о ш в и л и Г. Д. Избранные труды по кавказоведению. Т. 2. – Владикавказ, 2014. – 225 ф.

*Ӕнæхæдзар скифтæ!*
*Кæд тохы уæ зæрдæ*
*Фæстагоныл сивта?*
*Цы баззад уæ фæдыл?*
*Адзалы уынæр æмæ мифтæ.*
*Ӕрвгæрон æнцайы*
*Уæ сæры къуыдыртыл.*
*Ӕгæрон быдыртыл*
*Кæйдæр ауон уайы.*
*Уый скифты æртхутæг*
*Йæхицæн нæ ары бынат.*

Йæхицæн куыд ардтаид бынат, Секъа дæр ма куы дзырдта: «Кæд историйы дзырдыл æууæндæм, уæд дыууадæсæм фæлтæры, цæвиттон, авдфондзыссæдз азы размæ ирон адæм уыдысты дыууæ милуаны».[1]

Афтæмæй, кæддæр æндон цæхæр кæй бæхты къæхты бынтæ калдтой, хуыцæуттæ сæ фыдгулты сæры цармæй худтаг кæмæн лæвæрдтой, сæ мард-иу сыгъзæрин фæлысты кæмæн æвæрдтой, цæмæй «Зæххы æмуæз обæутты бын Ныббæттой алæмæты згъæр æмæ фын», уыдонæн уыдис алцы дæр – «…æгад нæ сæрмæ нæ хæссæм»[2] («Скифтæ»).

*Нæ сæм уыд æрмæстдæр*
*Сæ мæрдтæн цыртдзæвæн,*
*Ӕгæстæн – къæсæр.*
*Цыдысты, цæмæй-иу сæ фæдыл*
*Фыдбылыз цæуа,*
*Фыдæлтæ æрмæстдæр гъе уымæн уыдысты,*

[1] Г æ д и а т ы  С е к ъ а. Азау. – Дзæуджыхъæу, 1981. – 386 ф.
[2] М а м с ы р а т ы  Т е м ы р б о л а т. Ирон зарджытæ. – Дзæуджыхъæу, 1985. – 22 ф.

*Цæмæй-иу хъæбатырæй амæлæн уа!*[1]

Поэт сæм æмдзæвгæйы кæрон абоны цæстæнгасæй сæ æфсæддон балцытæ ныууадзынмæ, сæ цирхъытæй гутæттæ скæнынмæ, чиныджы фæндагыл ныллæууынмæ, æндæр цардмæ кæй сиды, уый уæлæрвтыл цæрджыты зæххон цардмæ хонæгау у. Поэт бацархайдта дзæнæттæгтæн, стыр бынтæ, фарны хъуыддæгтæ, дардыл фæстагæттæ куыд ныууагътаиккой, уыдæттæ бацамонынprecisely: «Ис Рим, Ис Элладæ!» – фæлæ уыдон дæр сæхи фарнæй цардысты æмæ нæ фыдæлтæй сæ «фæстæ нæ баззад фæстагæттæн мулк», уый бынтон уыдон аххос нæ уыд. Нæ фыдæлты зондæй нын Елбыздыхъойы зонджын хъуыды рохгæнгæйæ нæу: «Иу куы сæрра уа, уæд иннæ та йæхи æмбаргæдæр дара хъуамæ».[2] Скифтæн сæ цард тыхы дугыл куынæ цыдаид, уæд йæ бæрзæй барвæндонæй карды бынмæ ничи дары. Фæрнион загъта: «Цæрын цы лæг зона, фæлæ мæлын чи нæ базона, уый сау капеччы аргъ нæу».[3] Васойæн историон темæ æнæнхъæлæджы не ссис уарзон æмæ аивадон хæтæнты цæуыны, хъару æвдисыны аивад. Уæлдай нæу, радтæг адæм æви аивадыл дзы рацæуа исчи гадзрахатæй – алы хатт дæр æм æмбылды кæны азымджын, паддзах уа æви цагъайраг. Мулкыл йæ ном чи ивы, уыцы поэт æм ары карздæр тæрхæтты иууыл карздæр:

*Æрцахстой йæ. Æрбакæнынц æй хуыртыл.*
*Æххормаг фæзы адæмы æхсæн*
*Поэзи бадт мæгуыргуры бызгъуырты –*
*Омаримæ сындæггай нозтой сæн.*

*Кæсы сæм ахст æрхæндæгæй,*
*Цыма æппæты растдæр трибунал*
*Ныртæккæ уымæн сисын кæндзæн барæй*

[1] М а л и т ы  В а с о. Рохсанæ. – Дзæуджыхъæу, 1970. – 41 – 44 ф.
[2] Б р ы т ъ и а т ы  Е л б ы з д ы х ъ о. Уацмыстæ 2 т. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 1981. – 232 ф.
[3] Ф æ р н и о н. Уацмыстæ. – Цхинвал, 1959. – 178 ф.

*Хъысмæты ‘взæрст æнамонддæры хал.*

Æмæ äàбäääæр уынæм, аивадыл йæ къух чи систа, йæ уды æхцонæн Хуыцауы лæвæрд хæзнайыл йæ арм чи ауагъта, уыцы ницæйаджы хъысмæт поэзийы тæрхоны. Сослан Цæразон уымæн загъта: «Цард-адзал æмхуызон дасы, не ‘взары паддзах, æлдар…», «Нæй йын балхæнæн æхцайæ, цасфæнды дæ уд фæхъар».[1] Хъысмæтæй нын хайгонд цы ис, уымæй фæлидзæн нæй. Къубалты Алыкмандр нæ уымæн фæдзæхсы: «Хæц, ирон, дæ зæххыл фидар», «Хæхты райгуырдтæ ды цардæн, Хæхты ссардзынæ ингæн».[2]

Хъысмæты гаккыл йæхи чи атигъ кæны, хуыздæр, æввонгдæр царды фæдыл чи адугъ кæны, уымæ Уæлладжы армæй фенхъæлмæ кæсы, йæхи уд нæ, фæлæ адæмы зæрдæ дæр кæмæй ныккæрзы, æнустæм кæуинаггаг кæмæй фæвæййы, ахæм карз тæрхон. Æмæ Васо зæгъы фыдæнхъæл фæуæг, æгъатыр тæрхоны бахауæг поэтæй («Тæрхон»):

*Цæуы фæндаг дыууæ дихæй фыдæхмæ:*
*Уыны сæ Иу, Дыккаг куырм у бынтон.*
*Кæцыйыл цыд, цæмæн æмæ цы бон?*
*Æртæ фарсты – æртæ цæссыджы зæхмæ*
*Æрæппæрста Омар. Æххормаг фæз*
*Нынкъуысыди уынæргъæ, стæй ныссабыр,*
*Цыма йыл стонгæй никуы кафыд дзабыр,*
*Цыма йыл никуы счындæуыд ныхас.*
*Зæгъы поэзи ахст лæгæн: – Дæ аххос*
*Дæуæн дæ царды аргъæй сси фылдæр.*
*Фæлыгътæ дард Мæгуыр Сыхæй кæддæр,*
*Дæ сагъд тала Æххормаг Фæзы бахус.*[3]

---

[1] Ц æ р а з о н  С о с л а н. Алгъуызы кадæг. – Цхинвал, 2016. – 83 ф.
[2] К ъ у б а л т ы  А л ы к с а н д р. Уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 1978. – 195 ф.
[3] М а л и т ы  В а с о. Мусонг. – Дзæуджыхъæу, 2000. – 66 ф.

Йæ фыдæлы фæдыл йæ къух чи исы, уый дуджы карз тæрхонæй нæ ирвæзы. Кæддæры «Поэтæн ссардтой райсомæй йæ мард Бæрзонд Галуанæй Халагъуды астæу. – Æнæууæнк уыд æвзæр куыдзы хуызæн! – Дзырдтой мæгуыртæ æмæ хъалтæ». Уæддæр цард йæхион домы. Елбыздыхъо дзырдта: «…цалынмæ нæ зонд нæхимæ ис, цалынмæ нæма сдзæгъæл стæм, уалынмæ, нæ фæстаг бонты рæсугъд æмæ кадджын цæмæй уæм, уый мæт бакæнæм…»[1] – æмæ уыцы хъуыдыйыл лæуд у Малийы-фырт дæр.

Поэты уыцы раст фæндаг нæ абоны царды бафæзминаг хъуамæ уаид алкæмæн дæр – цард аразын кад æмæ фарны хъуыддаг у æмæ йæ нæ Фыдыбæстæ, нæ адæмы амонды тыххæй макуы хъуамæ рох кæнæм. Уымæн æмæ дыууæ царды ничи кæны. Калоты цардцух Хазби йæм уымæн бæллыд: «Цæй зынаргъ у цард, сыгъзæрин хæхтæй дæр æй куынæ балхæндзæн лæг».[2]

Цард фыдлæгты фыддæрадæн сабырады фарс кæй у, рухс фидæнмæ кæй тырны, поэт уымæн хаты зæхкусæгмæ: «Сахуыр мæ кæн, о хуымгæнæг, хоры кæндыл зарын…» – зæгъы Васо æмæ нæ уырны йæ ныхас, уымæн æмæ, зайæгхалæн йæ уидæгтæй куыннæ ис фæлидзæн, цæргæсæн æнæ арвы цъæх дунейы цард царды æнгæс куыд нæу, афтæ зæхкусæг дæр æнæ зæхх йæхицæн никуы ссардзæнис бынат æмæ зæрдæнцой. Секъа нын йæ рæдау зæрдæйæ амыдта: «Зæхх æфсæрмы бафтау, халсар, алы хор дзы байтау»,[3] – æмæ уæд цард райсдзæнис йе ‘цæг хуыз. Зæхх, чи йæ кусы, уый къухты хуыз исы, чи йыл цы зæрдæйæ ауды, уыцы зæрдæ йæм дары. Цард аразын кæй фæнды, уый хъуамæ тала ныссадза, саби схъомыл кæна, хæдзар скæна… Фæлæ уыдон иууылдæр баст сты «хоры гага ауæдзы ныппарын» зонынимæ. Хоры гагайæн цард раттын кæй бон нæу, уый цард саразын никуы базондзæнис. Зайæгхалæй Хуыцауы скувинагмæ иууылдæр хоры гагайыл баст сты. Уыдзæнис хоры гага – уыдзæнис цард, нæ уыдзæнис хоры гага – нæ уыдзæнис цард. Æввонгæй йæ ничи дæтты. Гафез йæ фыццаг роман «Уæ

[1] Б р ы т ъ и а т ы  Е л б ы з д ы х ъ о. Уацмыстæ 2 т. Т. 2. – Дзæуджыхъæу, 1982. – 87 ф.
[2] К а л о т ы  Х а з б и. Фыстæджытæ // Мах дуг, 1978. – № 1. – 105 – 107 ф.
[3] Г æ д и а т ы  С е к ъ а. Азау. – Дзæуджыхъæу, 1981. – 304 ф.

бонтæ хорз, адæм!»[1] зæрдæйы дзæбæхы тыххæй нæ рахуыдта афтæ. Равдыста нын, зæххыл чи куыд ауды, афтæ йыл кæй аудынц зæхх дæр æмæ йæ хуыцауы хай – адæм дæр.

Васойы æмдзæвгæйы лирикон хъайтар хуымгæнæгæн хатыркурæгау уымæн зæгъы: «Саулæппумæ азымхæсгæ тарæрфыгæй ма кæс. Рагвæззæджы рагуазæлттау – сонт зæрдæйы сагъæс», – æмæ йыл сонты бонты æрцыдис рæдыд; «æнæсгæрст, мигъæмбæрзт бæрзæндтæ» агуырдта кадæнхъæлæй йæ сæнтты æмæ йæ уыцы «сонты бонты зилдух горæтмæ фæхаста». Фæлæ: «Амонд махæй хъулау хъазы, – у мæнгард æмæ фæлывд…».[2] Æнæ уидæгтæй амонд – «æнæсгæрст, мигъæмбæрзт бæрзæндтæ» нæй ссарæн. Уымæн та «аныгъуылди райгуырæн хъæу арвгæроны фæстæ»; рагуалдзæджы нал хуымонты зарæг хъуыста быдыры, нал зады нæмыг æппæрста куыройы фæлгуыры æмæ афтæмæй бæрзæндтæм схизын куыд бауыдаид йæ бон. Æгæрыстæмæй, цыртæвæрæн кæм нæй, уым диссаджы цырт дæр нæ фидауы. Стæхынæн æрмæст базыртæ фаг не сты – базырджын йæхи кæцæй фесхойа, уый дæр фæхъæуы. Уалыты Лаврет дзы уымæн зæгъы: «Поэзи у йæ зæрдæ, йæ хъуыдыты æмæ йæ уды рæсугъддзинад».[3]

Уацмысы лирикон хъайтар æрдæгфæндагæй раздæхт фæстæмæ. Фидарæй базыдта, «арвы цъæхы ничи тæхы цæргæстæй фæстæмæ». Ууыл та нырма æмбæлы царды бындурыл фидарæй фæхæст уæвын – «хоры гага ауæдзы æппарын», куыд æмбæлы, афтæ базонын.

Уый æнцон хъуыддаг нæу. Фыссæг йæхи æмæ йæ уацмысты тыххæй афтæ зæгъы: «Мæн фæндыд нæ адæмы сыгъдæг уд равдисын. Сыгъдæг удæн та уæвæн нæй, хъизæмар кæнын, искæй рисæй риссын куы нæ зона, уæд».[4]

Васойæн йæхи уды рис куыд хизы йæ хъайтартæм, иу сагъæсæй кæй риссынц, уый, йæ уацмыстæ йын лæмбынæг чи кæса, уыдон æнæмæнг фæхатдзысты. Къостайæн «Нæ дзыллæйы зæрдæ» уыд йæ «хуымгæнды

[1] Г а ф е з. Уæ бонтæ хорз, адæм! – Цхинвал, 1966. – 330 ф.
[2] Ц æ р а з о н  С о с л а н. Алгъуызы кадæг. – Цхинвал, 2016. – 83 ф.
[3] У а л ы т ы  Л а в р е н т. Йæ дзырдтæ стъалытау судзынц / Рæстдзинад, 2008. – 14 февраль.
[4] М а л и т ы  В а с о. Авторæй // М а л и т ы  В а с о. Сурмейы хæдзар. – Дзæуджыхъæу, 1992. – 525 ф.

хай»,[1] Секъа: «Кæмæн-иу – дондзау, Кæмæн – сугсæттæг, Кæмæн – æргъомдзау, Кæмæн – дурдæттæг».[2] Æмæ Васойæн йæ «хуымгæнд» йæ адæмы, нæ ирон фæллойгæнæг дзыллæйы удуæлдай цард кæй ссис, уым æнæрцæугæ диссагæй ницы ис. Уый поэтæн йæхи равзæрст у. Дон йæ зæронд фæд куыд агуры, афтæ адæймаг та здæхы йæ уидæгтæм æмæ йæ Малийы-фырт æрцахста æвзонджы бонты. Фæлæ уал бæрцæй – дыууæ дзырды поэты афоризмты тыххæй. Арæх сыл ис сæмбæлæн йе сфæлдыстады. Æмдзæвгæ «Мæ фыдмæ»-йы кæсæм: «Лæджы йæ фынтæ удхарæй куы марой, Йæ къæсæрмæ фыдбылыз лæууы уæд»; «Нырриуыгъы æбæрæг азым зæрдæ»… Ныр та ацы сонеты дæр: «Арвы цъæхы ничи тæхы цæргæстæй фæстæмæ». Уый у рæсугъд, ахадгæ хъуыды цыбыр æмæ аив фæлгæты зæгъын, стæй нывæфтыд уацмысмæ рухсы цъыртт бахæссыны диссаджы амал. Æмæ йæ куыд уынæм, афтæмæй сæ Васойы уацмыстæм ныккæсы хуры рухс.

Æмæ нæм иугæр æмдзæфгæйы хуыз – сонеты кой æрхаудта, уæд нæ зæрдыл æрлæууын кæнæм, æмдзæвгæйы уыцы формæ ирон поэзимæ æппæты фыццаг кæд Токаты Алихан æрбахаста æмæ нырыккон ирон литературæйы аккаг бынат бацахста, уæддæр ирон поэзийы йæ райтынггæнджытæй иу Малийы-фырт кæй у. Уымæй дæр æй, бирæтау, сонет сонеты тыххæй худинаггаджы тъæпæнтæ нæ акæны, фæлæ йын радты йæ рагон дзырдфидыц. Æмæ йæ ацы æмдзæвгæ «Сахуыр мæ кæн, о хуымгæнæг, хоры кæндыл зарын…» сонеты аив тигътыл конд кæй у, уымæ гæсгæ дзы нæй уæлдай бынæттæ, æнæхъуаджы афыстытæ. Йæ бæрц, хъуыдыджын ныхасæй, йæ афыстæй æлхæны чиныгкæсæджы зæрдæ. Йæ дзырд у йæ хоры гага, йæ адæмы зæрдæ – ауæдз æмæ поэт уыцы хоры гага ауæдзмæ æппарын тынг хорз кæй базыдта, йæ хойраджы царддæттæг тауинаг алы хатт дæр уый охыл хорз тыллæг кæй радты, уый бæрæгæй зыны ацы уацмысæй дæр. Козаты Хазбийæн уыцы хъуыддаг балхæдта йæ зæрдæ æмæ йæ уый тыххæй схуыдта йæ рæстæджы аккаг фыссæг.[3]

---

[1] К ъ о с т а. Ирон фæндыр. – Дзæуджыхъæу, 1951. – 23 ф.
[2] Г æ д и а т ы  С е к ъ а. Равзаргæ уацмыстæ. – Цхинвал, 1979. – 26 ф.
[3] К о з а т ы  Х а з б и. Рæстæджы домæн. – Цхинвал, 1986. – 37–63 ф.

Фæлæ нæм иугæр сонеты кой æрхаудта, уæд æнæбанысангæнгæ нæй, Васо дæсны кæй разындис сонетты быд фыссынмæ дæр. Сонет бирæтæ æрмæстдæр хуымæтæджы цыппæрдæсрæнхъон кæй фенхъæлынц,[1] уым сæ фæсайы сæ фын. Нал ын фæдарынц сæ хъус нал дæр йæ ритмикæмæ, нал – йæ хъуыдымæ, нал – йæ архитектурон скондмæ, нал – йæ архитектоникæмæ.

Фæлæ сонеты быд та ноджы зындæр фыссæн у. Уым æнæмæнгæй хъуамæ уа фынддæс сонеты. Фыццаг сонетæй фæстæмæ дзы алы радон сонет дæр хъуамæ райдайа, йæ размæ цы сонет ис, уый фæстаг рæнхъæй. Фæстаг сонет та хъуамæ арæзт уа, йæ размæ цы сонеттæ ис, уыдон фыццаг рæнхъытæй, – сæ кæрæдзийы фæдыл æнæфæивгæйæ куыд цæуой, афтæ, æмæ иумæйагæй, иннæ сонеттау, дзуапп дæттой сонеты домæнтæн.[2]

Сонет йæхæдæг дæр, сонеты быд дæр, куыд уынæм, афтæмæй æнцон фыссæн не сты, сонеттæн сæхицæй сæ фæзмæнтæ уый тыххæй кæнынц фылдæрæй-фылдæр. Фæлæ уæддæр поэзийы ацы хуыз дзырдаивады бирæ фæлтæрд дæсныты къухы свæййы тасаг, хъуытазхъæлæс æмæ адæймаджы удыл æнæуынгæ базыртæфтауæг æвæджиаг тых, кæд æй «Пушкин «размер его стесненный»,[3] – хуыдта, уæддæр. Фæлæ поэзийы дæсныты уыцы зындзинад нæ тæрсын кæны. Фæкæс, æмæ куы – ам, куы – æндæр искуы сонет ныццæхæр калы. Æмæ йæ рухсæй фæхайджын вæййы Ирыстон. Æгæрыстæмæй, тæлмæцты руаджы дæр. Æрмæст У. Шекспиры сонеттæ нæм, æвзаргæйæ дзы чи раивта æмæ ныммыхуыр кодта, уыдоныл куынæ дзурæм, уæддæр сæ æнæхъæнæй ирон æвзагыл хицæн чингуытæй нырмæ сдзурын кодтой Гафез,[4] Кокайты Тотрадз[5] æмæ Дзасохты Музафер.[6]

Васойы сонеттæ, стæй йæ сонетты быдтæ «Фыды фарн»[7] æмæ «Сонетæ»[8] гæмæх зæххыл нæ фæзындысты, фæлæ, куыдфæнды куы феста,

---

[1] К в я т к о в с к и й А. Поэтический словарь. – М., 1966. – 275 ф.
[2] Т и м о ф е е в Л. И. и Т у р а е в С. В. Словарь литературоведческих терминов. – М., 1974. – 364 – 365 ф.
[3] Д з а с о х т ы М у з а ф е р. Тæлмацгæнæгæй // Ш е к с п и р У и л ь я м. Сонеттæ. – Дзæуджыхъæу, 2014. – 5 ф.
[4] Ш е к с п и р У и л ь я м. Сонеттæ (ирон æвзагмæ Гафезы ивд). – Цхинвал, 1984.
[5] Ш е к с п и р У и л ь я м. Сонеттæ (ирон æвзагмæ Кокайты Тотрадзы ивд). – Дзæуджыхъæу, 2001.
[6] Ш е к с п и р У и л ь я м. Сонеттæ (ирон æвзагмæ Дзасохты Музаферы ивд). – Дзæуджыхъæу, 2014.
[7] М а л и т ы В а с о. Рохсанæ. – Дзæуджыхъæу, 1970. – 19 – 30 ф.
[8] М а л и т ы В а с о. Мусонг. – Дзæуджыхъæу, 2000. – 4 – 11 ф.

уæддæр дзурынц сæ авторы курдиат æмæ ирон поэзийы æнтыстыл. Сонеты домæнтæн цас бæрцæй дæттынц дзуапп, уый тыххæй дзы æркæсæм «Сонетæ»-йы фæстаг сонетмæ:

*О, байхъус-ма, мæ цин, мæ бон, Сонетæ!*
*Мæ цардвæндагмæ акæсын мæ сæнтты,*
*Æмæ мын тых дæ рухс сурæт кæй дæтты,*
*Гъе уый тыххæй дын дзурдзысты сонеттæ.*
*О, ма схъыг у, мæ Сонетæ, хъус дарддæр:*
*Йæ фæдтæ ма мæ риуы арф ныууагъта*
*Мæ рагуалдзæг – мæ рагбæллицты ахстон.*
*О, сабидугæй ницы и зынаргъдæр.*
*Æмæ мæ цард йæ гуылфæнмæ куы сайдта,*
*Ды тавтай мæн дæ уды хъарм, дæ кастæй:*
*Мæ заринаг, мæ сагъæссаг, мæ катай!*
*Мæ хъысмæт мын дæ хъысмæтимæ сбастай.*
*Рынчын ыстæм нæ хъыг æмæ нæ уарзтæй.*
*Мæ цардмæ мын дыккаг уалдзæг æрхастай.*

Уацмысы формæ, йæ дихтæ, йæ ритмикæ, йæ рифмæтæ, æмткæй йæ архитектоникæ æххæстæй дзуапп дæтты сонетæн. Æмæ, афтæ куы уа уацмыс, уæд дзы цæмæннæ хъуамæ рухс кæна зæрдæ. Æнæуый та алчи йæхи барæнæй бары. Сылгоймаджы тыххæй стыр ныхас бирæтæм хъыг кæсы. Фæлæ уый æрмæстдæр у хъомыладыл дзурæг. Куырыхон Секъа загъта: «Иу хорз усæн йе 'нгуылдзы аргъ не сты иууыл… бæстæ».[1] Фæлæ уарзынæн зæрдæимæ зонд дæр фæхъæуы. Цæмæй йæ мацæуыл баивай, ахæссай йæ кæронмæ. Къоста уымæн загъта: «Где золото, там умирают волшебные грезы любви».[2] Æниу, æвæццæгæн, адæймаг куы фæзынд, уæдæй фæстæмæ архайы уарзт иууыл

[1] Г æ д и а т ы  С е к ъ а. Азау. – Дзæуджыхъæу. – 1981. – 57 ф.
[2] Х е т а г у р о в  К о с т а. Соб. соч. в 5 т. Т. 2. – М., 1959. – 159 ф.

рæсугъддæрæй сныв кæныныл, фæлæ йæ алы хуызтæ кæронмæ нæма раргом сты. Тыбылты Алыксандр нæ фæдзæхста: «Аргъ кæнут сылгоймагæн! Стыр кадыл æй дарут. Макуы басæттут уе ‘фсарм сылгоймаджы раз!»[1]

Æмæ Васойы лирикон хъайтармæ йæ уарзт Сонетæ дыккаг уалдзæг кæй æрхаста, уый чиныгкæсæджы æвæры уæлмонц, æхцон уылæнтыл. Уыцы зæрдæуаг уынæм сонетты быдæн йæ райдайæнæй йæ кæронмæ.

Васо ирон аив дзырды æцæг дæсны кæй у, уый, – табу – Хуыцауæн, – суанг йе ‘взонджы бонтæй фæстæмæ дызæрдыккаг никуы никæмæн уыдис, кæд ын хъулон митæ никуы кодтам, уæддæр. «Алкæмæн йе ‘гъдау йæ гакк у кæмдæриддæр».[2] «Мæ Ирыстон» нæ дзырдæн – ноджыдæр иу æвдисæн. Æмдзæвгæ хуры рухс тынтæй уафт кæй у, хуры тынтæй быд фæлгонцтæ дзы кæй тыбар-тыбур кæнынц æмæ нæ Фыдыбæстæ уыдон фæрцы дардмæ кæй зыны, уый уынæм хурæргом.

Йе ‘нтыстæй йæ сæр бæрзæндты чи нæ хæссы, йæхи уæлбикъон чи нæ хоны æмæ искæмæ уæлейæ дæлæмæ чи нæ кæсы, уымæ фарндæттæг алы хатт дæр, алы рæстæджы дæр рæдау вæййы. Хозиты Яков загъта: «Хуры цæст – нæ бæстæ, хуры тын – нæ мад».[3] Æмæ Васо афтæ куы дзуры Ирыстонмæ: «Æз та цы зарон уæгъды? Æз дæн мæгуыр Фæсусхъæлæс фæндаггон»; «Æз дæн, мæ Ир, Дæ бæрзондæй дæлдæр», уæд уый æрмæст авторы уæздандзинады охыл нæу. Ис ын, поэтæн йæхимæ гæсгæ, фидар бындур:

*Нæ хаттæн æз*
*Нæ фыдæлты хæтæнты,*
*Сыгъзæрин саг*
*Лæгæтрæбын нæ фехстон.*
*Ныббар мын, Ир,*
*Мæ рæуныхас,*
*Мæ сæнттæ,*

[1] Т ы б ы л т ы  А л ы к с а н д р. Уацмысты æмбырдгонд. – Цхинвал, 1988. – 269 ф.
[2] К ъ о с т а. Ирон фæндыр. – Дзæуджыхъæу, 1951. – 107 ф.
[3] Х о з и т ы  Я к о в. Терчы зарджытæ. – Дзæуджыхъæу, 1982. – 116 ф.

*Фæлæ дын æз*

*Болатдзагъд фырт*

*Куы фестон,*

*Гъе, уæддæр зон:*

*Мæ цæсты сыг – дæ донæй,*

*Гъе, уæддæр зон:*

*Мæ хоры кæнд – дæ хуымæй,*

*Мæнмæ цы ис,*

*Хъæздыгдæр не сдæ уымæй,*

*Æз бонджын дæн*

*Дæхи ис æмæ бонæй.*

– уæд уый фыццаджы-фыццаг у, аивад хорз чи зоны, ахæм поэты хæдæфсарм æвдисæг миниуæг, стæй та – сæрныллæг чи у, уый дæр Ирыстоны фарныл фарн цæмæй æфтауа, ууыл дзурæг. Секъайы хъуыды уыд: «Хуыздæр у дæ бæстыл райгуырын, мæлын, Мæлæт у искæмæн тæбæгътæ сæрфын».[1] Васо нæ бæллы æмæ нæ цæуы искæй хъæздыг бынтæм. Лæгаулæджы цардæй цæры йæ лирикон хъайтар дæр.

Поэт хъæздыг æмæ амондджын у, Ирыстоны зарджытæ, хæхтæ, арвæрттывд æмæ æппæт æвæрæнтæй, алы ирон лæгау, хайджын кæй у, уымæй. Æмæ йæм йæ фыды уайдзæф никуы æрхаудзæнис: «Амонд нæ агурдтай, æндæра ‘и иссердтайсæ».[2] Йæ уарзæгой уд æууындзы, цæмæй йæ Фыдыбæстæйы бæллиццагæй, удæнцой дæттынæн цы ис, уыдонæй зæххы комулæфт дæр дзæгъæлы макуы фесæфа: «Дæ фæзты уымæл Хуры тын куы сисы, Уæд уый дæр, Ир, Мæ цæсты хаутыл Зайы, Дæ мит хæхбæсты Рагуалдзæг æртайы, Фæлæ йæ ды Мæ сæры хъуынты ссар, Куы урс кæна Æнафоны мæ сæр…» Фæлæ уыдон цы сты, æнæрцæугæ, æнæсæххæстгонд бæллицтæ. Æви æрмæстдæр романтикон хъæрныхас у? Кочысаты

---

[1] Г æ д и а т ы  С е к ъ а. Азау. – Дзæуджыхъæу, 1981. – 249 ф.
[2] М а л и т ы  Г и у æ р г и. Ирæф. – Дзæуджыхъæу, 1986. – 170 ф.

Мухарбеджы хъуыды уыд: «Цæргæс бæрæг вæййы йæ тахтæй, хъæбатыр гуырд – йæ цыдæй».[1] Нæ поэты хъуыды арф у. Уымæн æмæ тынг хорз зоны, нæ Фыдыбæстæйы йе «‘видигæ авналæнты арфы» фердæхыны фыдæй сыгъзæрин тала искуы куы бахус уа; æнафоны йæ «арвыл тæхгæ-тæхын æрттивгæ стъалы» куы ахуысса, уæд уымæй, мах бафæнды æви нæ, уæддæр, хъыгагæн, нæ раттæг Ирыстонæн, – Хуыцау бахизæд, – ныккæлдзæн йæхи дурæй йæ мæсыг. Фæлæ Мамсыраты Дæбейы загъдау: «Ныфс æмæ ‘хсар хъуаг не сты н‘ адæм».[2] Нæ мæсыг ныккалд никуы фендзæнис не знаг.

Уый иууыл стырдæр фыдты фыд уаид, æрмæст йæ койæ дæр зæрдæ уымæн баризы æмæ, поэты уды Ирыстонмæ цы æнувыд, æгæрон уарзт ис, уый уацмысы кæрон ардбахæрдау стыр сомыйæ уымæн æвдисы йæхи:

*Гъе уæд фæку, мæ Ирыстон!*
*Дæ цæссыг,*
*Дзæнхъа дурау,*
*Нæ зæрдæты ныххауæд,*
*Æмæ нын зæххыл*
*Удыбæстæ ма уæд,*
*Куы ныккæла*
*Дæхи дурæй*
Дæ мæсыг![3]

Уый дзурæг у, адæймаг Хуыцауы арфæйæ кæй у баст йæ Райгуырæн бæстæмæ, уымæй йын кæй нæ ис фæхицæнгæнæн. Куы фæхицæн уа тыхы аххосæй, уæд уый уыдзæн, стъалыбардзæй стъалы йæхи куы атона æмæ дунейы тыгъдады æбæрæгсæфт куы фæкæна, уый хуызæн. Поэт нæм аивады хуызы уымæн сиды Ирыстоны уарзынмæ, уый сæраппонд удыбæстæ арынмæ, нæ райгуырæн зæххыл дидинæг æфтауынмæ.

---

[1] К о ч ы с а т ы М у х а р б е г. Уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 1977. – 119 ф.
[2] М а м с ы р а т ы Д æ б е. Уацмыстæ 6 т. Т. 5. – Дзæуджыхъæу, 1970. – 280 ф.
[3] М а л и т ы В а с о. Мусонг. – Дзæуджыхъæу, 2000. – 15 – 17 ф.

Уый куынæ уа – адæймаг йæ Фыдыбæстæйы арф куынæ ауадза йæ уидæгтæ, уæд ын фидæн нæй: абон уа æви райсом, фелвасдзæнис æй тыхуад, фехсдзæнис æй, йæ хъæр, йæ кой нæ, фæлæ йæ фæд дæр æдзæмсæфт кæм æрбауа, ахæм ранмæ. Уымæн нын æгæр бирæ æмбисæндтæ дæр ис. Ирыстонæй æндæр бæстæтæм хуыздæр цардæнхъæл, сæ уидæгтæ зæххы арфдæр ауадзыны тыххæй цас адæм фæлыгъдысты! Бабын кодтой сæхи. Чи ма сæ баззад, уыдон дæр – цагъды уæлдæйттæ. Сæ адзал сæм кæцæй радзыназдзæн, уый бæрæг нæй. «Хаттæй-хатт цард нæ разы ахæм диссæгтæ æрæвæры, æмæ сыл бауæндын дæр зын вæййы»,[1] – загъта Коцойты Арсен.

Нафийы загъдау: «Æнæкæрон уарзондзинадæй, ныййарæг адæмы раз стыр хæсæй улæфы «Мæ Ирыстон»-ы алы рæнхъ дæр. Цæхæр темперамент хъазы уацмысы уæнгты».[2] Æмæ уыцы æгæрон уарзт поэтмæ цæуы Ирыстонæн йæхицæй. Поэтæй та хизы чиныгкæсæгмæ.

Йæ Фыдыбæстæ ахæм уарзтæй чи уарзы, уымæн ис уый номæй дзырды бар æмæ, сæрыстыр кæмæй стæм, нæ уыцы кады фыдæлтыл æхсарджын ныхас зæгъыны бар дæр. Васойау сыл бæрзонд æмдзæвгæтæ фæлдисын æмæ сæ чиныгкæсджыты тæрхонмæ ныфсджынæй, алыварсон æмæ æппæтхъомæй хæссыны бар дæр. Ахæм ныфсæй, ахæм хъуыдыимæ райгуырдысты Васойы бирæ уацмыстæ. Чиныгкæсæг сыл алы хатт дæр сæмбæлы зæрдæхæларæй, йæ зæрдæ æмæ сын йæ хъуыдыйы, куыд уынæм, афтæмæй ратты аккаг бынат.

«Нæ фыдæлты кадæг» раст ахæм æнкъарæнæй рантыст рухсмæ. Поэт йæ уацмысы темæйæн райста нæ фыдæлтæ, зæххыл фесафæн кæмæн уыд, фæлæ басæттæн кæмæн нæй, уыцы аланы удуæлдай тох цардыл арт æфтауæг, йæ цардсафæг хъуыдыйæ буц чи уыд – «Мæ къах цы ран æрлæууа, уым Зæхкусæг нал кæндзæни хуым», – уыцы æнæзæгъинаг Мамайы мæлæтхæссæг æрдонгты ныхмæ. Поэт буц у, нæ фыдæлтæ «лæгæн йæ бартыл» сæ цард кæй никуы æвгъау кодтой, удæй зынаргъдæрыл Сæрибар кæй нымадтой æмæ уый сæраппонд тыхы сæрыл хæст кæй уыдысты, уымæй.

---

[1] К о ц о й т ы  А р с е н. Æвзæрст уац. 2 т. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 1971. – 346 ф.
[2] Д ж у с о й т ы  Н а ф и. Балц ирон аив дзырды дунемæ 2 ч. 2 ч. – Цхинвал, 2014. – 370 ф.

Васо зæрдæрисгæйæ, фæлæ сæрыстырæй зæгъы: «Зæххыл цы стырдæр тох æрцыди, Гъе уым ирон туг дæр ныккалд», – фæлæ уый афтæ нæ амоны, поэт тугкалды фарс у. Алан тох кæнынц сæ удты сæрибарыл. Уыцы сæрибар сын сæхицæй зынаргъдæр у. Æнæ сæрибар нæ фыдæл алантæ цард цардыл нæ нымадтой. Уыцы сæрибары сæрыл кæй мæлынц сæ сахъ кæстæртæ, уымæй сæ туг-стæг сæ сæртæ бæрзæндты уымæн хæссынц.

Æмæ уыцы сæрибарыл зарын сæйраг ссис сæ фæдонтæн. Тыладтаты Чермен цæйнæфæлтау цагъары æфсондз хастаид, фæлтау стох кодта йæ мыггаджы хъалтимæ æмæ равзæрста кады мæлæт.[1]

Къостайы хъуыды ирд арвыл зæрин хуры уындæй æргомдæр у: «Свободу я больше, чем славу, любил…».[2] Æмæ ирон фысджытæй уыцы хъуыдыимæ чи нæ уыдис разы. Секъа фæндвидар уыд кæддæриддæр: «…цагъарæй сыгъзæрин дарæсы цæрыны бæсты сæрибарæй мæ къухтæй æлыг æмæ чъыр куы змæнтон, уый хуыздæр у».[3] Ирон æндæрхуызы цард цардыл никуы нымадта æмæ йæ нæдæр баныма йдзæнис. Адзалæй мадзал скæнынмæ нæ удтæ уымæн феууындзæм. Ходы Камал зæгъы: «Фæлдисы лæг йæхи къухтæй йæхи, / æмæ йæ туг, йæ зæрдæйы æхсарæй / æнæмæлæтæй баивы йæ цард. / Уæдæ кæлæд цæппузыртæй дæ хид, / цæмæй та ногæй царды ад æнкъарай, / цæмæй адзалæй саразай мадзал»[4] («Ныфсы сонет»).

«Нæ фыдæлты кадæджы» Мамай йæхи кæд дуне басæттæг хоны æмæ йæ ныфс ис аланы дæр бындзагъд скæнынæй, уæддæр ын удæнцой нæ дæтты иу хъуыддаг – мæлæты раз алчи дæр æдых у; уый дæр куы амæла, уæд искуы фесæфдзæнис йæ ном. «Хæстон лæгæн фæстæмæ йæ зæрдæ куы ‘хсайа, уæд йе ‘хсар сæткæ кæны»,[5] – дзырдта Брытъиаты Елбыздыхъо. Æмæ Мамай кадæггæнæгмæ уымæн хаты, цæмæй йыл ахæм кадæг скæна, адæм фæлтæрæй фæлтæрмæ кæй исой, йæ ном ын æнустæм цæрæццагæй чи ныууадза, æмæ сæ уымæн алайнаг туг-стæджы уды тугдадзинтæ êóû áàõúóûâûñòû, óæддæр йæ

[1] А д æ м о н с ф æ л д ы с т а д. Зарджытæ, таурæгътæ, æмбисæндтæ. – Цхинвал, 1977. – 47 – 49 ф.
[2] Х е т а г у р о в К о с т а. Соб. соч. в 5 т. Т. 2. – М., 1959. – 54 ф.
[3] Г æ д и а т ы С е к ъ а. Азау. – Дзæуджыхъæу, 1981. – 157 ф.
[4] Х о д ы К а м а л. Уацмыстæ 3 т. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 2009. – 225 ф.
[5] Б р ы т ъ и а т ы Е л б ы з д ы х ъ о. Уацмыстæ 2 т. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 1981. – 102 ф.

фænд нæ бафты йæ къухы. Уымæн æмæ йæм уыцы фæндыры зæлтæй хъуысы «фæлтæрты мастисæг цъæхахст».

*Тæрсы Мамай: «Уый циу, уæу-уæй!*
*Æбуалгъ нывтæ мæ цæстыл уайынц:*
*Алантæ, кæс, сæ бæхтыл уайынц,*
*Ныххауди туджы цады мæй.*
*Кæрон! Адзалы тас ыздыхсы*
*Дæлимоны æндæргау раст*
*Мæ зæрдæйыл, æмæ куы хъуысы*
*Фæлтæрты мастисæг цъæхахст.*
*Кæрон! Мæ фæнд фæбадт мæ хъуыры,*
*Мæ сæр цæмæ 'рхауди, цæмæ!*
*Кæрон! Къæскъæсгæнгæ лæбурынц*
*Аланты стæгдартæ мæнмæ.*
*Мæ зæрдæ мын æлвасы уазал,*
*Æви мæм зинты хъæр хъуысы?!*
*Уый циу? Уый циу? Æви мæ адзал*
*Æртахти зарæджы хуызы!»*

Нигер цыма ацы уацмысæй загъта: «Аив литературæйы хъуамæ алцы дæр уа аивтыл арæзт».[1] Кæсыс уацмыс æмæ, кæд нæ фыдæлты иууыл трагикондæр бонтыл дзурæг у, уæддæр дæ нæ фæнды, фæхицæн дзы уай. Æмæ уый хуымæтæджы нæу. Поэтæн йе 'нтыстытæй йæ сæр кæй никуы разылд, цардæн дæр, йе сфæлдыстадæн дæр кæддæриддæр æмбæлон аргъ кæй кодта, æппынæдзух йе сфæлдыстадон дæснйиад кæй дардта йæ хъус, йæ фæллойы сæйраг æнтыст цæуы уырдыгæй. Елбыздыхъо загъта: «Дунейы хæзнадон æнхъæлмæ кæсы мах хæзнатæм дæр!»[2] Æмæ цыма Васо нæ

[1] Н и г е р. Уацм. æххæст æмб. 3 т. Т. 3. – Дзæуджыхъæу, 1968. – 9 ф.
[2] Б р ы т ъ и а т ы  Е л б ы з д ы х ъ о. Уацмыстæ 2 т. Т. 2. – Дзæуджыхъæу, 1982. – 88 ф.

хæзнатæ цæттæ кодта. Ноджы зæгъы: «Иногда я слышу, как очень посредственные люди, считающие себя великими талантами, а то и гениями, говорят, что если бы им пришлось прожить заново, они бы ничего не изменили в своей жизни»,[1] – уыцы мæгуыртыл йæ мидбылхудгæ.

Æмæ æндæр цы кæна, хорз æмæ æвзæр сæ кæрæдзийæ чи нæ хицæн кæнынц, йе ‘взæр хорз кæмæ кæсы, уыцы хиппæлойтæн? Йæхимæ йæхицæй хуыздæр чи нæ кæсы, йæхи бæсты бикъ æмæ комы дæгъæл чи хоны, уый рынчын адæймаг у. Ахæмы бон никуы бауыдзæнис, романтик куы феста, уæддæр фæуалихизуæвæгæй фембылдуæвæг Мамайы зæрдæйы рис банкъарын æмæ йæ сныв кæнын:

*Æрцыди зондаби зæронд:*
*– О, тас дын нæу, мæ паддзах, зинтæй,*
*Фæлæ аланты тугдадзинтæй*
*Дæуæн цы фæндыр æрцыд конд,*
*Гъе уый æбуалгъ мыртæ сты уыдон…*
*Æнæуынгæ æмæ дывыдон*
*Зындоны арв кæсы дæумæ,*
*О, раздæх, курын дæ, хъæмæ.*
*Дæ ныхмæ сыстад Ныфс йæхæдæг*
*Алайнаг адæмы хуызы.*
*Сæттæн сын нæй! Уыныс дæхæдæг,*
*Мæлæты ‘ртхъирæнтау хъуысы*
*Сæ уды уидæгты зæлдар.*
*Цытджын паддзах! Дæ зæрдыл дар:*
*Тыхджын – сæ маст, тымыгъ – сæ бæхтæ,*
*Æмæ сæ хъахъхъæнынц сæ хæхтæ.*[2]

[1] З ы г и н а В. Поэт, сын поэта / Северная Осетия, 2008. – 14 февраль.
[2] М а л и т ы В а с о. Мусонг. – Дзæуджыхъæу, 2000. – 44 – 45 ф.

Ӕгъатыр Мамай ӕмӕ йӕ тугхор ӕфсад тыхджын сты, фӕлӕ аланы сӕрибары уарзт бирӕ тыхджындӕр у. Уый, уыцы сӕрибары уарзт, аланимӕ базмӕлын кодта айнӕгфарс хӕхты дӕр: «Тыхджын – сӕ маст, тымыгъ – сӕ бӕхтӕ, Ӕмӕ сӕ хъахъхъӕнынц сӕ хӕхтӕ». Елбыздыхъо загъта: «Под силой смелых стены рушатся!»[1] Афтӕмӕй поэты романтикон фӕндонӕй аланы хӕхтӕ дӕр свӕййынц удгоймӕгтӕ – тохгӕнджытӕ, фӕлӕ сын не знӕгты фыдӕнӕн нӕй басӕттӕн, амӕлӕн. Кӕнынц ӕнусон. Суанг ӕрыздӕхынц Мӕрдтыбӕстӕй дӕр ӕмӕ уымӕй кадӕг кӕны бирӕ ӕхцонзӕл, зӕрдӕскъӕф ӕмӕ цымыдисондӕр. Уӕлдайдӕр, Мамайы тугхормӕ уӕлейӕ дӕлӕмӕ кӕй кастысты, уый тыххӕй. Тугхор ӕфсадхоны фӕндон кӕй нӕ сӕххӕст, уый йӕхӕдӕг дзурӕг у аланы фӕуӕлахизыл ӕмӕ кадӕджы кӕрон поэт хӕхтӕн, цыма ӕцӕг удӕгас удтӕ сты, стыр бузныджы охыл кӕй дзуры, ома, уыцы фыддуджы «Нӕ фыдӕлты нымбӕхстат арф, Мамаймӕ кастыстуд дӕлӕмӕ», – уый ӕрмӕст хӕстон цау ӕмӕ романтикон фӕлгонцыл дзурӕг нӕу, фӕлӕ дзы ирдӕй зыны поэты ирд, аив амад дуры хуылфӕй зӕлӕг нывӕфтыд ныхас. Ӕмӕ йын уый йӕ уацмысты исы, сӕ афыст, сӕ арӕзтӕй сӕм ӕнӕ уый дӕр чи ‘мбӕлы, ахӕм бӕрзӕндмӕ. Йӕ рӕстӕджы А. Чехов фыста: «Сила и спасение народа в его интеллигенции, в той, которая честно мыслит, чувствует и умеет работать».[2] Васо ӕппынӕдзух Ирыстонӕн уыцы интеллигенийы ӕхсӕн кӕй уыд, ууыл дызӕрдыг нӕ хъӕуы.

Йӕхӕдӕг дӕр ӕй нӕ басусӕг кодта йӕ интервьюйы: «Мой главный герой – современный молодой человек, который хочет понять, в чем все-таки смысл жизни, ради чего он появился на свет, что движет человеческими поступками, как влияют на жизнь отдельного человека время и исторические обстоятельства».[3] Ӕмӕ уый кӕд ног, фыссинаг роман «Смерть Бона»-йӕ загъта, уӕддӕр, кӕцыфӕнды рӕстӕгыл дзурӕд, йӕ койаг сӕйраджы сты йӕ дуджы ахсджиагдӕр проблемӕтӕ. «Фӕстаг ӕмдзӕвгӕ» дӕр йӕ поэтикон аивтыл амад у раст ахӕм хуызы:

---

[1] Б р ы т ъ и а т ы  Е л б ы з д ы х ъ о. Уацмыстӕ 2 т. Т. 1. – Дзӕуджыхъӕу, 1981. – 293 ф.
[2] Ч е х о в  А. П. Записные книжки. – М., 2000. – 92 ф.
[3] З ы г и н а  В. Поэт, сын поэта / Северная Осетия, 2008. – 14 февраль.

*Ærmæst æм иунæг уый уыди –*
*Йæ бæх –*
*Йæ ардбахæрд, йæ кæлæн,*
*Йæ бæх –*
*Йæ мулк æмæ йæ дин,*
*Йæ бæх –*
*Йæ цард æмæ йæ мæлæн.*
*Нæ йын уыд аргъ,*
*Нæ йыл уыд саргъ,*
*Уыди æнæцæфхад йæ сæфтæг.*
*Фæндаг –*
*Цыбыр уыд æви даргъ –*
*Ærmæst æй уый æндæвта.*

Æмæ, бæргæ, Васойы фыд Геуæрги загъта: «Амонд нæ агуртай, æндæра ‘и иссердтайсæ», – фæлæ æцæгæй афтæ æнцон ссарæн нæу: «Ацы рæстæджы та амондджын чиу?»[1] Васо дæр æм уымæн ныггуыбыр.

Æмдзæвгæйæн æрмæст йæ романтикон дзырдыуаг, йæ фæлгонцон афыст нæ, фæлæ йæ композици дæр у цымыдисон æмæ, æрмæст поэзиуарзджытæн нæ, фæлæ поэттæн дæр бирæ цæмæйдæрты у бæллиццаг.

Нывдæттæгæн, цы йæм уыдис, уыдон – «фыдæх, æхца, æнцон амонд, мæнг сомы…» – уæрст куы фесты, уæд ма йæм баззад æрмæстдæр, «Нæ йын уыд аргъ. Нæ йын уыд саргъ, Уыди æнæцæфхад йæ сæфтæг» – ахæм бæх. Баззадис, йæ галиуы тыххæй йæ дарынмæ иунæг адæймаг дæр йæ ныфс кæй нæ хаста, уый охыл. Комгæ дæр æй куыд бакодтаиккой: «Адæймаг йæ зæрдæ исты хорздзинадыл куы дара, уæд æм ныфс дæр ис».[2] Уыцы бæх та – «Тæрсы йын йе ‘рра тугæй зæхх, Йæ рагъæй барджыты нынтъухы…»

---

[1] К ъ о с т а. Ирон фæндыр. – Дзæуджыхъæу, 1951. – 43 ф.
[2] Б о ц и т ы Б а р о н. Саст рæхыс. – Дзæуджыхъæу, 1973. – 261 ф.

Фæлæ йæ поэты лирикон хъайтар бакуымдта. Æвзаргæйæ йын нæ уыд. Стæйдæр æй куыннæ хъуамæ бакуымдтаид! Кæд ма чи федта ахæм?!

*О, уый цы бæх уыди, цы бæх!*
*Йæ разæй никæй уагъта дугъы.*
*Ныфс æмæ стъалыты æмбал –*
*Йæ идон скъуыдта…*

Æрмæст æй, хъыгагæн, номы дугъты уадзынæн нæ райста, мыййаг. «Хъысмæты стыр лæварæй не сси Хъæздыгдæр, Уарзондæр, Хуыздæр.» Номхæссæн бæхы йæ уды æмæ бæхæн йæхи фыдæнæн «смидæг кодта скъæты Йæ барæг – Сайд æмдзæгъдæй хъал». Цæй тыххæй йæ рауæлдай кодта сфæлдисæг, уым ын нæ радта йæ æнæфенддаджы хъару æмæ уæздандзинад бавзарыны бар.

Æмæ цыма ам фæвæййынц уацмысы хъуыды æмæ дыууæ уды трагеди дæр. Фæлæ, æцæг поэзийæн куыд æмбæлы, афтæ раст ам бæрц дзырдтæй разыны, æмдзæвгæйы шедевыры бæрзæндмæ чи сысхойы, Малиты Васойы сфæлдыстадæн хæстæг, хион чи у, уыцы поэтикон амал – уацмысы кæрон стыр, ирд æмæ æнæнхъæлæджы хъуыды нывæрын:

*Æз уыдтæн… уыцы,*
*Уыцы ‘взæр!*
*Мæ бæхы ном та хуынд Поэзи.*[1]

Æмæ, бæргæ, Нигер загъта: «Аив литературæ уарзы дзырдтæн сæ тæккæ рæсугъддæрты, сæ тæккæ аивдæрты»,[2] – фæлæ Васойы бон хуымæтæг ирон дзырдты сæрттивын кæнын афтæ баци æмæ уайтагъд хъыррыстгæнгæ

---

[1] М а л и т ы  В а с о. Мусонг. – Дзæуджыхъæу, 2000. – 82 – 83 ф.
[2] Н и г е р. Уацм. æххæст æмд. 3 т. Т. 3. – Дзæуджыхъæу, 1968. – 9 ф.

андæдзынц зæрдæйыл, кæд сæ бæллиццаг хъуыды нæ зæгъы, йæ курдиат дуарæхгæдæй куыд дардта лирикон хъайтар, уый кой кæны, уæддæр.

Уыцы дуджы тыххæй Малийы-фырт йæхæдæг афтæ зæгъы: «Зын уыди, лæджы бартыл, рæстдзинады сæрыл чи тох кодта, уыдонæн. Æхсæнады политикон системæ, æвирхъау репрессион аппарат бирæ мадзæлттæ зыдтой, цæмæй лæг йæ дзыхыл хæца; коммæ чи нæ касти, уыдонæн та – табуафси – ахæстон, психрынчындон».[1]

Уыдæттæн сæ кæрон кæдæм цыдис, уый тынг хорз базыдта Васо йæ сабибонтæй фæстæмæ йæ фыды цæвиттонæй. Ничи дæр ын литературон æхсæнады проблемæтæ бацамыдтаид: «Литературон царды дæр æнуд, æндзыг, æнæгъдау рæстæг йæхи бирæ хуызты равдыста. Курдиатджын фысджытæн улæфын зын уыди. Зæрдæхъæлдзæгæй, æфсæст æмæ æнæмæтæй цардысты, хицауадæн коммæгæс чи уыди, барвæндонæй сын лæггад чи кодта, уыцы «дзырды дæснытæ». Бынæттæ, титултæ, премитæ, хæрзиуджытæ, æппæлд, æмдзæгъд. Критикæ ивд æрцыди зæрдæхæссæн адджын ныхасæй, козбауы маргæй. Уыди ма æндæр критикæ дæр – лæджы рæстæй сафæг, сæрибарсæттæг, дзырдхæссæг».[2] Йæ «бæх» – Поэзийы йын уыцы æнæ поэтикон дуг æмæ адæймагыл барæй цъыфкалджытæ бакæнын кодтой скъæты. Аивад кæд, кæрдæгау, дуры гуыбын дæр схуынкъ кæндзæнис, уæддæр ыл рæстæгмæ тых кодтой фыд адæм æмæ дывыдон дуг.

«Фæстаг æмдзæвгæ»-йы кæрон – аивадон фæзилæн ирон поэзийы бынтон фыццаг нæу, фæлæ, ноджыдæр, Нигеры загъдау; «Поэзи, цы у, уымæй, æппæтæй дæр у дзырды дæснйад»,[3] – æмæ ам, ацы æмдзæвгæйы чиныгкæсæджы зæрдæ фыццаджы-фыццаг æлхæны фæлгонц; уый йын дæтты уæлдай тых, адæймаджы удмæ йæ кæны хæстæгдæр, æвзæрын нæм ласы, æнцонæй нæ чи никуы ферох уыдзæнис, нæ цин, нæ хъыджы дæр нæ хъуыдыйы рæбын чи лæудзæн, нæ фынты дæр-иу чи батæлфдзæнис, ахæм ирд æнкъарæн. Адæймаджы цардвæндагыл уымæн стыр нысаниуæг ис.

---

[1] М а л и т ы  В а с о. Ныстуан // А в т о р т ы  к о л л е к т и в. Критикон уацтæ. – Дзæуджыхъæу, 1990. – 4 ф.
[2] Уый дæр уым, 5 ф.
[3] Н и г е р. Уацм. æххæст æмд. 3 т. Т. 3. – Дзæуджыхъæу, 1968. – 388 ф.

Ахæм æмдзæвгæтæ кæй удæй æнтысынц, уымæй фылдæр, стæй бирæ фылдæр фæдомдæуы. Æмæ уыцы хъуыддаг Васойæн искæй амонын никуы хъуыд. Аивадмæ йын кæддæриддæр уыдис бæрнон ахаст. «Стыр Бæлас» ахæм бæрнон ахастæй куынæ райгуырдаид, уæд уыйбæрц нæ ахадид. Фæлæ æрмæст йæ номæй дæр бакъуыры чиныгкæсæджы зæрдæйы рæбынтæ. Уымæн ис йæхи традици: «…нæ чиныг, нæ зондæй хуыздæр нæм ницы и»,[1] – загъта Секъа. Йе ‘мбарынад нын традици сси. Æмæ уыцы хъуыдыйы иувæрсты нæй уазалзæрдæйæ ахизæн.

«Стыр Бæлас»-ыл æхсæв бонмæ «ниудта тыхы дымгæ», «Æхситт кодта Адзал-руймон Мин калмы Мин æвзагæй». Ахæм фыддуджы, тыхджынæн куыд æмбæлы, афтæ «Тох кодта уадимæ Пыхсбыны Стыр Бæлас».

*Къæс-къæс кодта*
*Стыр Бæласы зæнг,*
*Скъуыдысты уидæгтæ,*
*Фæлæ уæддæр*
*Нæ уагъта*
*Чысыл бæлæсты*
*Фæлдахын –*
*Йæ аууон сæ бакодта.*

Афтæмæй сæм нæ уагъта сæ удхæссæг, сæ марæджы. Хъороты Дауыты загъдау: «Зæрдæ кæсы мæсыгæй…».[2] Зæрдæ, цы аразы, уымæ тынгдæр тырны, цы уыдзæнис, уый йæ афтæ тынг не ‘ндавы, адæймаджы хæрзиуæджы охыл æй суанг сæрсæфæн былмæ куы фæтæры, уæддæр. Афтæ куынæ уаид, уæд чи зæгъид сæрбæрзондæй: «Æз агурын сæрибар æмæ йæ ссардзынæн»,[3] – Мамсыраты Дæбейы хъайтарау? Æмæ йæ хатгæ дæр нæ кæниккам, нæ удты

[1] Г æ д и а т ы  С е к ъ а. Азау. – Дзæуджыхъæу, 1981. – 10 ф.
[2] Х ъ о р о т ы  Д а у ы т. Ироны сагъæс. – Дзæуджыхъæу, 1960. – 215 ф.
[3] М а м с ы р а т ы  Д æ б е. Уацмыстæ 6 т. Т. 5. – Дзæуджыхъæу, 1970. – 23 ф.

æнæ хъинцъ, æнæ хъыллист куыд мæлид адæймаджы иууыл сæрыстырдæр æнкъарæн, уый-иу куынæ зониккам, уæд.

Васойы æмдзæвгæ «Стыр Бæлас» кæсгæйæ, зæрдыл æрбалæууы Гафезы «Тулдз». Уый дæр афтæ фидарæй ныллæууыд тыхдымгæйы ныхмæ: «Йæ цæнгтæ йын фыд дымгæ тоны, Фæлæ уæддæр лæууы хъæддых». Назау ын йæ сæрыл фæндаг нæ радта. Æмæ автор уацмысы кæрон зæгъы сæрыстырæй: «Нæ бон у, асæттæм, æндонау, Фæлæ нын, назау, тасæн нæй!»[1]

Зынгæ балхъайраг поэт Хъайсын Къулиев та зарыд, тыхдымгæйы ныхмæ, тулдз бæласау, æхсарджынæй чи фæлæууыд, уыцы æдых фæрвыл: «Могучий дуб гроза не повалила, Но выдержала бурю и ольха».[2] Уый дæр, зæгъы, æдых уæвгæйæ хъæбатырдзинад равдыста æмæ уый тыххæй æнæмæнг кады аккаг у. Фæлæ алцы тыхы, хæсты фæрцы нæ рæзы. Хъаныхъуаты Инал раджы загъта: «Нас соединяют три слова: третейский суд, свобода и мир».[3] Васо, иннæ поэттимæ абаргæйæ, йæ уацмысæн равзæрста æндæр фæндаг, царды бынат кæмæн ма хъуамæ уаид, фæлæ æцæгæй фылдæр хатт чи ‘рцæуы, уыцы фæндаг: «Уад йæ зæнгыл асаста Стыр Бæласы, Йæхæдæг та æрдæгмардæй, Тыхсастæй Фæлыгъд пыхсбынæй».

Фæлæ æмдзæвгæ ууыл куы фæуыдаид, уæд дзы нæ федтаиккам Малийы-фырты курдиат, йæ дæсныйад. Уымæн æмæ ахæм æвдзæвгætæ фыссынц йæхæдæг «дзырды дæснытæ» кæй хоны æмæ дзырды ад хатгæ дæр чи нæ кæнынц, чиныгкæсджытæм дзырды ад чи смамм кодтой, уыдон дæр. Йæхæдæг йе ‘мдзæвгæ систа, адæймаджы уд чи рæвдауы, ахæм бæрзæндмæ: «Хур райсом куы скаст, Уæд бындзыд-бытъыра бæлæстæ Кæрæдзийæн дзырдтой…» Дзырдтой, царды бынат кæмæн ма хъуамæ уаид, сæрмæхæссинаг чи нæу, фæлæ адæймаг йæхицæй раппæлыны охыл кæй фæаразы, ахæм хабар. Уый у, царды æдыхты сæрыл йæ уд нывондæн чи ‘рхæссы, уыдон нæмттæ чи айрох кæнынц æмæ сæхицæй чи феппæлынц, уыдонæн уайдзæф кæныны фæндаг. Кæд Тлатты Хох: «Ницыйæ æппындæр

---

[1] Г а ф е з. Уацмыстæ, 1955. – 139 ф.
[2] К у л и е в К а й с ы н. Собр. соч. в 3 т. Т. 1. – М., 1987 – 278 ф.
[3] К а н у к о в И н а л. В осетинском ауле. – Владикавказ, 1985. – 442 ф

ницы рауайдзæн»,[1] – загъта, уæддæр. Стыр Бæласы «бындзыд-батъара бæлæстæй» къаддæр нæ хъуыд цард, фæлæ йын «хурыцæст – рухсхæссæг», æппæтхъом æрдз цы хъомыс радтой, уыдон æрмæст йæхи уды тыххæй тыдтаид, уый не схаста йæ сæрмæ. Стыр тыхы хицауæн куыд æмбæлы, афтæ æнæдызæрдыгæй йæхи сæр рауæлдай кодта, фыддымгæйæ бахызта чысыл бæлæсты, фæлæ йæ уыдон, фылдæр хатт куыд вæййы царды, афтæ æмбаргæ дæр нæ бакодтой. Æмæ Секъа бæргæ раджы загъта: «Дæхи ма стау расыгау: фесæфдзынæ дæ дзыхæй хъæмпыхалы басыгъдау»,[2] – фæлæ-иу мæгуыр йæ бынат куы зонид, уæд мæгуыр дæр нæ уаид.

Тыхы дымгæ, Стыр Бæласæн цыфыддæр тых ракæнгæйæ, æрдæгмардæй куы фæлыгъд Пыхсбынæй, уæд «бындзыд-батъара бæлæстæ», сæхицæй æппæлгæ, сæ кæрæдзийæн сæрыстырæй дзырдтой:

*«Стыр Бæласы*
*Тыхджындæр хуыдтой махæй,*
*Фæлæ йæм кæсут –*
*Лæг рабæрæг вæййы*
*Зын сахат».* [3]

Уымæй дарддæр поэт æрцæугæ цауæн комментаритæ нæ кæны. Æмæ тынг хорз саразта. Чиныгкæсæгæн фадат ис йæхæдæг саргъ кæна, Стыр Бæласыл цы фыдбылыз сæмбæлд, уымæн йæ «туг-стæг» æрвадæл-бæлæстæ куыд аргъ кæнынц, йæ хъæбатырдзинад ын æмбаргæ дæр куыд нæ бакодтой æмæ уый нæ, фæлæ хъæбатыртæ сæхи куыд хонынц, уымæн. Афтæмæй поэты бон бацис, сгуыхт хъуыддагæн, æгæрыстæмæй, хъайтар йæ сæр нывондæн кæмæн æрхæссы, уыцы æбузын æхсæнадæн йæ бон куыннæ бавæййы æмбæлон аргъ скæнын. Æмæ æппæт уыдæттæ федтам авторы аив дзырды фæрцы эпикон уацмысы. Уыимæ уацмысы æвзаг æмбулы йæ

[1] Т л а т т ы  Х о х. Фын. – Владикавказ, 1911. – 11 ф.
[2] Г æ д и а т ы  С е к ъ а. Азау. – Дзæуджыхъæу, 1981. – 18 ф.
[3] М а л и т ы  В а с о. Æз мысын // А в т о р т ы  к о л л е к т и в. Æрттигъ. – Дзæуджыхъæу, 1983. – 195 ф.

хуымæтæгдзинад æмæ уыимæ иумæ йæ аивтæй. Тыбылты Алыксандр загъта, ома, цас «фыссæг дæсныдæр вæййы, уыййас æвзагæй дæр хуыздæр арæхсы: хъæздыг, рæсугъд æмæ æнцонæмбарæн вæййы йæ ныхас»,[1] – цыма развæлгъау Васойы сфæлдыстадимæ уыдис зонгæ.

Хъодзаты Æхсар зæгъы: «Хъуамæ æдзухдæр нæ зæрдыл дариккам, адæмы раз ныл стыр бæрн кæй ис, уый. Мах та сыгъдæг гæххæтт æмæ фыссæн сисмæ бавналæм хъæуа-нæхъæуайæ. Фыссæм, цыдæриддæр нæ сæры фегуыры, уый, мыхуыр кæнæм, цыдæриддæр фыссæм, уый. Ферох кæнæм адæмæн сæхи ныхас дæр: «Дæ дзуринаг авд хаты баууил æмæ йæ уый фæстæ зæгъ».[2] «Стыр бæлас» дзурæг у поэты æнтыстыл. Ахæм поэтикон уацмыстæ Васомæ цъус нæй. Уыдонимæ – «Дæуæн нæ уыди а зæххыл хæдзар», «Чындзы фæцыдтæ дард бæсты æндæрмæ», «Сыгъдæг æууæнк æмæ дызæрдыг» æмæ æн. Фыццаг æмдзæвгæ нæ æрцахсы йæ фыццаг рæнхъытæй:

*Дæуæн нæ уыди а зæххыл хæдзар,*
*Кæйдæр кæртæй дын рахæссынц дæ чырын,*
*Хъæбæр пъадосау фидар у лæгдзарм,*
*Æндæр дæуау кæй бон бауид фæцæрын?*

*Куыд райгонд дæ мæрдон фынæйæ, куыд!*
*Цыма пахуымпар стырдæр мидис ссардта*
*Æмæ зæххыл æцæгдзинад цы уыд,*
*Уый хъазæн хъулау суилын æввонг дардта.*

*Æрæнцади зæххы æмуæз хъуыды*
*Йæ тæссаг тарфы джип-уагъдæй дæ ныхыл.*
*Æппынфæстаг рæстдзинад ссардтай ды,*
*Гъе уымæн хæцыс ацы хатт дæ дзыхыл.*

[1] Т ы б ы л т ы  А л ы к с а н д р. Уацмысты æмбырдгонд. – Цхинвал, 1988. – 159 ф.
[2] Х ъ о д з а т ы  Æ х с а р. Афæдзы фæллой // А в т о р т ы  к о л л е к т и в. Критикон уацтæ. – Дзæуджыхъæу, 1990. – 23 ф.

Иугæр, йе ‘нусон фæндагыл чи араст, уыцы мæгуырæн а зæххыл нæй хæдзар, кæйдæр кæртæй (хæдзарæй нæ!) йын рахæссынц йæ чырын, уæд уайтагъд фæхатæм – мæгуырæг, æвæццæгæн, уæлæуыл цæйдæр тыххæй бахордта йæхи. Кæд, зæгъы, Къоста уый тыххæй дæр загъта: «Жизнь – обман, но смерть не льстива, – все мы будем «там».[1]

Æмæ йын нæ мидзæрдæйы чысыл цыма тæригъæд кæнын райдайæм. Фæлæ авторы ныхасæй – «Куыд райгонд дæ мæрдон фынæйæ, куыд!» – æнæфæхатгæ нæй, йæ ныхасы цыдæр дæлгоммæ хъуыды кæй уыдзæнис чидæр дæлгоммæ ныгæнинаджы тыххæй. Æмæ нын аив дзырды фæрцы цадæггай æргом кæны уыцы дæлгоммæныгæнинаджы æцæг цæсгом:

*Фæлæ дæ роцъо – чи уыди æнхъæл! –*
*(Æфцæгготы æмбæхст уыди уæлæуыл),*
*Ныр та дæ уды барджындæр æуувæлау*
*Зыны чырынæй – барджын æмæ схъæл.*

*Фæстаг гадзрахат бакодта дæ хæстæг;*
*Дæ къулбæрзæй дын сраст кодта, цæмæй*
*Цæуа йæхæдæг къулсæрæй дæ фæстæ,*
*Цыма зындæр у æгæстæн дæуæй.*

*Цыма æвиппайд бамбæрста: цы хъуаг сты,*
*Æрцæудзæн уый дæ мардимæ æвæрд.*
*«Мæлдзыджы дæр нæ бафхæрдтаид, ауыстæн,*
*О, ахæмтæн нæй цардамонд лæвæрд.»*

Епхиты Тæтæри загъта: «Гуырысходзинад кæм уа, уым цард нæй…».[2] Фæлæ йыл аивадон уацмыс аразæн ис. Æмæ ацы аив арæзт рæнхъытæ

[1] Х е т а г у р о в К. Л. Собр. соч. в 5 т. Т. 2. – М., 1959. – 172 ф.
[2] Е п х и т ы Т æ т æ р и. Уацмыстæ 3 т. Т. 3. – Дзæуджыхъæу, 1961. – 249 ф.

кæсгæйæ чиныгкæсæг æнæмæнг фæдызæрдыг уыдзæн: йæ хæстæг ын йæ къул бæрзæй кæй сраст кодта, уымæй цæмæн бакодта гадзрахат; стæй цæмæн цæуа къулсæрæй йæ фæстæ, уæлдайдæр – цыма зындæр у уымæй æгæстæн? Уæдæ Секъа цæмæн загъта: «Адæмы цард чи уарзы, уый нæ уыдзæн ныгъуылдау»?[1] Кæм ис автор æмæ уацмысы сусæг хъуыды?

Цыфæнды чиныгкæсæг дæр бамбардзæнис, йæ фæстаг фæндагыл чи араст, уыцы адæймагæн адæмы хъуагдзинæдты раз йæ роцъо æфцæгготы æмбæхст цæмæн уыдис уæлæуыл, йæ бæрзæй цæмæн хаста къулæй. «Ахæмтæн нæй цардамонд лæвæрд», «Цыбырдзырдæй, йæ цæсты дæ æдылы», – æмæ ноджы – йæ хæстæг йæ фæстæ цæмæн цæуы сæркъулæй? Æви йын ирон уæвгæйæ Къубалты Алыксандры фæдзæхст: «…хæхты райгуырдтæ ды цардæн, хæхты ссардзынæ ингæн»,[2] – фарнæн нæу?

Фæлæ уацмысы кæрон раргом вæййы æппæт дæр – мæгуыр мæгуыры дард хæстæг, йæ уæлион царды йæ цæст балæууæндон саразын кæмæн нæ бауарзта, ууыл цæмæн «рыст», йæ фæдыл цæмæн цыд къулбæрзæйæ. Суанг автор йæхи дæр æфхæры («Дæуæн нæ уыди а зæххыл хæдзар»):

*Æрæджыиау фæсмоны рис æртыхсти*
*Мæ зæрдæйыл цъæхснаг уисы цæфау:*
*Æз дæр хуыдтон «æгуыдзæг» дæу дæ тыхсты,*
*Æвæрдтон дыл зынæрвæссонæй фау.*

*Æнæбонты Рæстдзинад мыл фæтæргай, –*
*Æхxуысы бæсты йемæ кодтон хыл.*
*Дæ дард хæстæг йæ машинæ сынддæггай,*
*Тæры фæллад мæрддзыгойы фæдыл.*

*Æваст цæмæйдæр фестъæлфыд мæ зæрдæ,*

---
[1] Г æ д и а т ы  С е к ъ а. Азау. – Дзæуджыхъæу, 1981. – 18 ф.
[2] К ъ у б а л т ы  А л ы к с а н д р. Уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 1978. – 195 ф.

*Тæссаг хъуыдыйæ барызти мæ буар:*
*Дæуæн кæм нæ уыд а зæххыл хæдзар,*
*Куы скæна уым дæ дард хæстæг цъæхсæртæ.*[1]

Брытъиаты Елбыздыхъо нын, æвзонг уыдис, афтæмæй раджы амыдта: «Цалынмæ нæ зонд нæхимæ ис, цалынмæ нæма сдзæгъæл стæм, уалынмæ, нæ фæстаг бонты рæсугъд æмæ кадджын цæмæй уæм, уый мæт бакæнæм…»[2] Мах та æрмæстдæр фæкæнæм не 'нæфсис монцты мæт. Афтæ нæм фæкæсы, адæм къуырма сты, фæлæ… Царды цинтæ æмæ хъыгтæн нæй бамбæхсæн фыссæджы къæрцхъус æмæ æппæтуынаг цæстæнгасæй. Йæ цæрæнбонты къулбæрзæйæ чи фæцыд, уыцы мæгуыры дард хæстæджы кæнгæ мæрдон хуыз дæр нæ басусæг. Уый – аив литературæйы фæрцы. Аив литературæ адæймаджы зæрдæмæ цы ныдздзура, уымæн æмбал нæй. Брытъиаты Елбыздыхъо уымæн загъта: «Для воздействия на душу нужна литература».[3]

Адæймаджы зæрдæйыл иууыл тынгдæр чи фембæлынц, романтикон æврæгътæй йæ дæлæмæ чи нæ уал фæуадзынц, йæ зæрдæйы уидæгтæ йын чи нырризын кæнынц, уыдон сты, уарзты æгæрон тыгъдадмæ йæ цингæнгæ чи фæхæссынц, йæ удæнцой йын чи байсынц, уыцы уацмыстæ – уарзты алвæндæгтыл дзурæг уацмыстæ. Гæдиаты Цомахъ уарзондзинад æнæнхъæлæджы нæ нымадта амонды райдайæныл.[4]

Æмæ уыцы дзырдты рæстдзинад банкъарæн ис Малиты Васойы интимон темæйыл фыст уацмысты. Чиныгкæсæджы уд сæ кæны сыгъдæг, æфтауынц æй рухс фæндтыл, сидынц æм фидæн аразынмæ, æгæрыстæмæй, сайд амондыл нывæст куы вæййынц, лирикон хъайтар йæ уарзтæй фыдæнхъæл куы фæвæййы, уæддæр. Къостайы загъдау: «Наша награда – любовь!»[5] – Æмæ, уарзтæй æфсис чи фæзоны, ахæм адæймаг нæй ссарæн зæххы цъарыл. Васойы лирикон хъайтары уды джитæнтæ уымæн цæуынц:

[1] М а л и т ы  В а с о. Мусонг. – Дзæуджыхъæу, 2000. – 53 – 54 ф.
[2] Б р ы т ъ и а т ы  Е л б ы з д ы х ъ о. Уацмыстæ 2 т. Т. 2. – Дзæуджыхъæу, 1982. – 87 ф.
[3] Б р ы т ъ и а т ы  Е л б ы з д ы х ъ о. Уацмыстæ 2 т. Т. 2. – Дзæуджыхъæу, 1982. – 127 ф.
[4] Г æ д и а т ы  Ц о м а х ъ. Уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 1951. – 48 ф.
[5] Х е т а г у р о в  К. Л. Собр. соч. в 5 т. Т. 3. – М., 1960. – 165 ф.

*Чындзы фæцыдтæ дард бæсты æндæрмæ,*
*Æз та мысын нæ уалдзæг æмæ дзурын:*
*«Нæ зары дондзау донисæны сæрмæ,*
*Нæ зыны гогон донкæлæны дурыл…»*

Æмæ лирикон хъайтар бæргæ йæхи тыхфидар кæны, фæлæ: «Уарзондзинад кæм нæ уа, уым цард дæр никуы уыдзæн»,[1] – æмæ нæм уæддæр хъуысы йæ зæрдæйы сусæг уынæргъын:

*Æнкъард нæ дæн… Мæ тыхст æмæ зыны*
*Чызджы хуызы мæ Уарзондзинад хатгай*
*Æбæрæг фынты зилдухы фæзыны*
*Æмæ ныззары уалдзæджы æвзагæй,*
*Дыдзыуагъд ронгау бацæуы мæ сæры,*
*Куы фесты риуы рагбонты мысинаг,*
*Куы фесты маргъ, – йæ базырты пæр-пæры*
*Ысиу вæййынц гуырысхойы æрдиаг*
*Æмæ æнхъæлцау бонты дард уынæры*
*Дзæбæх кæй хатын, уыцы диссаг зарæг.*[2]
(«Чындзы фæцыдтæ дард бæсты æндæрмæ…»)

Йæ ивгъуыд уарзт чындзы кæмæн фæцыд дард бæсты æндæрмæ, уый куыннæ уыдзæнис æнкъард, фæлæ ивгъуыдæй дæр ронгау, – уадз, дыдзыуагъд дæр фестæд, – кæмæн бацæуы йæ сæры, уый Хуыцауы рафæлдисгæ куы уа, адæмы фыдæн куынæ райгуыра, уæд йæ сæфт уарзтæй дарддæр, уæдæ, æндæр цæуыл хъуамæ зара. Къоста загъта: «Любовь лишь знает тот, кто любить безнадежно».[3] Истæй охыл нæ, фæлæ æнæуарзгæ йæ

---

[1] Хъороты Дауыт. Ироны сагъæс. – Дзæуджыхъæу, 1960. – 171 ф.
[2] Малиты Васо. Мусонг. – Дзæуджыхъæу, 2000. – 22 ф.
[3] Хетагуров К. Л. Собр. соч. в 5 т. Т. 5. – М., 1961. – 15 ф.

бон кæмæн нал вæййы, уыцы уарзтæй стырдæр уарзт, зæххыл нæ, фæлæ уæлæрвты дæр нæй. Уымæн ыл зары Васо, уымæн æй кæны æвæджиаг.

Æмдзæвгæ уæлдай аивдæр, уæлдай уæларвондæр кæны, дард бæсты чындзы æндæрмæ фæцæуын; «уарзондзинад хатгай æбæрæг фынты зилдухы» хуызы кæй фæзыны, «уалдзæджы æвзагæй» кæй ныззары æмæ æндæр романтикон ахорæнтæй хайджын кæй у, уыцы хъуыддаг.

Куыд загътам, афтæмæй Васойы уацмысты æнтыстæн бирæ бæрцæй æххуыс кæны поэты равзаргæ уæлтæмæнон, поэты дзыхæй дидинджытæ куы фæкæлынц, ахæм интонаци. Адæймагмæ афтæ фæкæсы, цыма йыл уый фæрцы фæсагъдæуы базыртæ. Малийы-фырты уыцы удыл тайæг интимон æмдзæвгæтæм хауы, чиныгкæсджытæн уарзон чи ссис, æцæг амондимæ чи нæ фæуд кæны, уæддæр стыр æмæ сыгъдæг уарзтæй чи райгуырд, йæ уыцы уацмыс «Сыгъдæг æуузæнк æмæ дызæрдыг…»

*Сыгъдæг æуузæнк æмæ дызæрдыг –*
*Куыройы зилгæ фыдты ‘хсæн*
*Ныххауд дæ рагбæллиц – дæ фæрдыг,*
*Мыггагæн уагъд хоры хуызæн.*

*Æмæ мæгуыр лæджы хуымгæппæл*
*Куыд риссы карз ихы фæстæ,*
*Гъе афтæ де ‘взонг зæрдæ стæппал*
*Æнæном цин æмæ мæстæй.*

«Уарзондзинад йæ тых æвдисы алы хуызы: хæххон уддзæфау рæвдауы бæрзонд æмæ фидар бæласы сыфтæрты. Фæлæ уыцы сабыр уддзæф хаттæй-хатт фесты уаддымгæ æмæ уыцы бæласы йæ бындзæфхадæй дæр фелвасы æмæ йæ апырхытæ кæны! О, вæййы афтæ дæр…»[1] – дзырдта Епхиты Тæтæри. Æмæ ахæм рæстæджы диссаг куыд хъуамæ уа, уарзт алчи йæхи

[1] Е п х и т ы Т æ т æ р и. Уацмыстæ 3 т. Т. 2. – Дзæуджыхъæу, 1961. – 239 ф.

хуызы кæй æвдисы, йæхи зæрдæдзурæнтæй йæ кæй фæныв кæны, уый. Мамсыраты Дæбе загъта: «Уарзондзинад принципиалон æгъдауæй йæхиуæттæ кæны, хæхтæ æмæ къæдзæхтæ дæр æй нæ уромынц…».[1]

Цымыдисон у, Васо алы æмдзæвгæйы дæр хæдхуыз, хæдбындур æмæ уыимæ – темæйылдзурæг аивадон амæлттæ, уыцы нымæцы алыхуызон оригиналон абарстытæ æмæ эпитеттæ кæй ссары, уый. Ацы иунæг строфайы фæстаг дыууæ рæнхъы цы хуызы загъта: «Дæ уд – егъау хæзнаты дурын»; стæй йæм уый фаг нал фæкаст æмæ йæм бафтыдта, уыцы дурын – «мæнгвых æлыгау у тæссонд». Дурын æнæуый дæр тæссонд у, фæлæ мæнгвых куы уа, уæд дæрзæг æрмтты æхсæн дæр базгъæлæнтæ уыдзæнис. Æмæ Вассойы бон ахæм цыргъзонд эпитеттæ арын кæй уыд кæддæриддæр, уый дæр у йæ ирд курдиатыл дзурæг. Йе 'мдзæвгæты кæрæттæ ахæм поэтикæйы фæрцы тынгдæр уый тыххæй рарттивынц, адæймаджы зæрдæмæ рухс фæндаг уый тыххæй фæарынц. Æмæ æркæсæм ацы æмдзæвгæйы кæронмæ дæр:

*Цыфæнды стыр амæндты астæу*
*Куы уа чысыл хъыджы æрхъис,*
*Уæддæр æркъæдз вæййы дæ астæу,*
*Уæддæр фæтых вæййы дæ низ.*[2]

Хаттæй-хатт нын цард нæ разы цы «диссæгтæ æрæвæры, æмæ сыл бауугæндын дæр зын»[3] кæм вæййы, уым «чысыл хъыджы æрхъис»-æй куы æркъæдз уа æвзонг, уарзæгой уды астæу, уæд уый куыд уыдзæнис диссаг. Секъа æргом загъта: «…уарзондзинад, æцæгдзинад, сæрибардзинад сындзын худы бын æртасыд».[4] Фæлæ йын лæппуйы уарзæгой уд нæ аргъ кæны уымæй, нæ йæ фауы. Уый тыххæй йыл ауды ноджы тынгдæр. Йæ зæрдæ йæ уымæн хæссы ивгъуыдмæ, уарзтæмдзаг дунемæ. Фæлæ, хъылдымтæгæнгæ, йæ уарзт йæ къахы бырынкъæй хойгæ нæ. Нæдæр нырыккон «усгуртау», йе 'рбадæнтæ

[1] М а м с ы р а т ы Д æ б е. Уацмыстæ 6 т. Т. 1.- Дзæуджыхъæу, 1965. – 334 ф.
[2] М а л и т ы В а с о. Мусонг. – Дзæуджыхъæу, 2000. – 46 ф.
[3] К о ц о й т ы А р с е н. Æвзæрст уацмыстæ 2 т. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 1971. – 346 ф.
[4] Г æ д и а т ы С е к ъ а. Уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 1981. – 113 ф.

йæ зæвæттæй хойгæ, хъæр кæны: «Кæсут мæм, æз мæ уарзон чызгимæ къуыкъуыриццытæ кæнынмæ згъорын!» Нæ поэтмæ уарзт у, царды æцæгæй куыд хъуамæ уаид, афтæ – æвæджиаг. Уарзты, æгæрыстæмæй, æвзагæй дæр нæй раппар-баппаргæнæн, кæйдæр цæстмæ йæ мыдулгæнæн, чъизи бынаты йæ кой кæнæн. Уарзт æгъдауджын адæймаджы былалгъыл стъалытæй, мæйæ уæлдæр у. Секъайы загъдау: «Уарзондзинадæй лæг æрра кæны».[1] Æмæ уый йæ фондз æнгуылдзæй хуыздæр зоны Васойы лирикон хъайтар. Цыма нæ цæстыты раз цæуынц, телхъæдтыл ивæзт телтыл дунейы хабæрттæ – къуыззиттгæнгæ сыл тæхынц алыхуызон хабæрттæ:

*Бæндæныл кафæгау*
*Сæртæг чызджы чыр-чыр*
*Уайы телтыл,*
*Згъоры,*
*Стæй сгæпп кæны*
*Тилифоны хæтæлы хуынчъытæй*
*Æмæ хъыдзыгæнгæ*
*Смидæг вæййы*
*Хъæздыг хæзгулы хъусы.*

Уарзоны нæ, хæзгулы хъусы. Фæлæ нæ уый не ‘ндавы. Царды, хъыгагæн, æрвылбон дæр уынæм къахбай, фæлитой æмæ зæрдæмарæн митæ æмæ сæ фæлмæцы нæ уд. Къоста уымæн хъынцъым кодта: «Ах! Если бы увериться в том, что любовь не ищет взаимной награды!..»[2]

Уæййаг уарзт нæ не ‘лвасы йæхимæ æмæ цæуæм дарддæр:

*Телтыл*
*Хуыснæгау*

[1] Г æ д и а т ы  С е к ъ а. Азау. – Дзæуджыхъæу, 1981. – 192 ф.
[2] Х е т а г у р о в  К. Л. Собр. соч. в 5 т. Т. 2. – М., 1959. – 117 ф.

*Йæ гуыбыны цъарыл*

*Фæбыры*

*Гæртамдæттæджы дæлгоммæ дзырд.*

*Козбау ныхас*

*Куыдзау йæ къæдзил тилгæ*

*Хицауы къæхты бын*

*Æрфæлдæхы.*

Уый дæр, æрвыл бон цы уынæм, æрвылбон кæй хъусæм, нæ уд нæ хъуырмæ кæмæй ссис, уыцы хабар у. Дунейы сæфты хæстмæ цы æртæрдзæнис, уый – гæртам. Хъаныхъуаты Инал кæд загъта: «Деньги стали меркою моральных качеств человека!..»[1] Уымæй дæр – хæлд барæн. Гæртам раст бара, уый гæнæн нæй. Секъа уымæн дзырдта: «Растæн йе ‘фхæрд бирæ у».[2] Куыдзау йæ къæдзил тилгæ хицауы чъизи къæхты бын чи æрфæлдæхы, йæ рагъы нуæрттыл чи ратул-батул кæны, уымæн йæ худинаг расты æфхæрдæй дзæвгар хатты фылдæр у.

Гæртамисæг æмæ нæ гæртамдæттæг не ‘ндавынц æмæ цæуæм дарддæр:

*Цæуы Рæстдзинад телтыл,*

*Æрыгон профессор*

*Йæ кафедрæмæ куыд фæцæуы, афтæ.*

*Кæйдæр бæстæм бырсæг*

*Æнæхатыр салдатау*

*Бырсы бардзырд.*

*Лæууынц телыхъæдтæ,*

*Сæ уæхсчытæй ивазынц телты.*

*Телтыл дыууæрдæм кæнынц*

*Пресс-бюройы хъусынгæнинæгтæ.*

---

[1] К а н у к о в  И н а л. В осетинском ауле. – Владикавказ, 1985. – 227 ф.
[2] Г æ д и а т ы  С е к ъ а. Азау. – Дзæуджыхъæу, 1981. – 132 ф.

*Тас æмæ цин хæссынц адæмæн.*

*Телыхъæдтæ*

*Æппындæр*

*Нæ хъусынц*

*Сæ уæхсчытыл сыффыттгæнгæ чи тæхы,*

*Уыцы хабæрттæ.*

Æмæ сæ куыд хъусой, æрвылбон уыцы иухуызон, уыцы зæрдæриссæн хабæрттæй куы бафæлладысты сæ хъустæ, куы сæ фæхаудта сæ уд. Нал сæ фæнды цæстмæхъус былдауæнтæ, гæды митæ, хæлд хъуыддæгтæм хъусын. Уыдон семæ æрмæстдæр хæссынц маст. Уый, Беджызаты Чермены загъдау: «…маст у, царды фадæттæ адæмыл æмхуызон уæрст кæй не сты, уый».[1]

Цард адæмыл искуы æмхуызон æххæсдзæнис, уый дæр дызæрдыккаг у. Фæлæ, Васойы уацмыстыл куыд фæцахуыр стæм, афтæ ацы æмдзæвгæйы дæр кæронæй æрцыдис диссаг – ныкъкъуырмауæвæг телыхъæдтæ æмæ телтæ «æваст цæмæйдæр фестъæлфыдысты». Зæрдæ фестъæлфыд, йæ уидæгтæ фæндыры зæлтау ныддыз-дыз кодтой («Чи зоны, никуы дæ дунейыл»):

*Уый мæ фæдисхъæр атахт телтыл*

*Дæу агурæг, Рохсанæ!*

*Нæй дзуапп.*

*Чи зоны, уæхимæ нæ дæ.*

*Чи зоны, нæ дæ горæты дæр.*

*Чи зоны, никуы дæ а бæстыл.*

*Чи зоны, никуы дæ а дунейыл.*[2]

«Зарджытæ рæстæгимæ ивынц»,[3] – загъта Джимиты Гиуæрги. Æмæ адæймагмæ афтæ фæкæсы, цыма телыхъæдтæ сæ уæхсчытæй цы телты

[1] Б е д ж ы з а т ы Ч е р м е н. Æвзæрст уацмыстæ. – Сталинир, 1958. – 95 ф.
[2] М а л и т ы В а с о. Æз мысын // А в т о р т ы к о л л е к т и в. Æрттигъ. – Дзæуджыхъæу, 1983. –186–187 ф.
[3] Д ж и м и т ы Г и у æ р г и. Пьесæтæ. – Дзæуджыхъæу, 1958. – 244 ф.

ивазынц, уыдонмæ дæр Рохсанæйы зарæг æрхаста рæстæг, цæмæй удмарæн хъусинæгты бынат бацахса адæймаджы уарзт.

Фæлæ, чи у, чи зоны, сæхимæ дæр чи нæ ис, горæты дæр, а бæстыл дæр, чи зоны, а дунейыл дæр чи нæ ис, уыцы Рохсанæ? Бæрзонд у æви ныллæг? Бурдзалыг у æви саулагъз? Фыдхъуын у æви Рæсугъд? Автор иу сулæфтæй дæр куынæ кæны сæ кой, уæд нын нæ зæрдæтæ цæмæн фестъæлфын кæны?

Æви нæ уый бынтондæр ницæмæн хъæуы? «Æнæ уарзгæйæ цæрæн нæй».[1] Æмæ, æвæццæгæн, сæйраг уый у. Нæлгоймæгтæ сылгоймаджы номы иу скойæ уымæн фестъæлфæм. Зæххыл чи нæма ис, хъуыдыйы чи сæвзæрд, уый хъысмæт нæ уымæн схъиуын кæны. Æнæазым, æнæлаз кæй у, нæ цæстæнгас нын йæхимæ уымæн здахы. Æвиппайды нын йæ романтикон скойæ фесты уарзты идеал. Æмæ уый дзурæг у поэты æнтыстыл.

Цы ма ис цымыдисонæй ацы уацмысы?

1983-æм азы æртæ хæлар поэтæн – Хъодзаты Æхсар, Малиты Васо æмæ Ходы Камалæн, цæмæй рауагъдад «Ир»-æн, уыцы аз цы чингуытæ уагътой, уыдон нымæц планæй (!) ма фæфылдæр уыдаид (цыма нæм ахæм поэттæ бирæ уыд æмæ бирæ ис), уый тыххæй Хуыцауы æртæ цырагъау иу чиныг – «Æрттигъ» куы рауагътой, уæд уыцы азы ирон поэзийы фæллæйттыл дзургæйæ, Æхсар фыста Васойы æмдзæвгæтæй: «Уым поэты курдиат йæхи иу цасдæр равдыста ног хуызы: верлибрæй фыст философон миниатюрæйы жанры. Æмдзæвгæтæ сты ассоциативон, ис сын символон нысаниуæг».[2]

Къæрцхъус чиныгкæсæг æнæрахатгæ нæ фæуыдад уыцы хъуыддаг. Фæлæ, йæ верлибр дæр формæйæ, уæд нæм кæй фыстой æмæ фыссынц, уыдон хуызæн нæу. Рæнхъытæ цъæл кæны, уæдмæ верлибры поэтикон рæнхъытыл ахуыр куыд уыдыстæм, афтæ нæ, фæлæ, йæхи куыд фæнды æмæ, сæ чиныгкæсæджы зæрдæ æхцондæрæй куыд исы, афтæ.

Ирон литературон æхсæнад, суанг литературон критикæ, верлибрмæ Васойы ныфсджын къахдзæф федта æмæ йыл сæмбæлд разæнгардæй. Уый

---

[1] Плиты Харитон. Уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 1972. – 227 ф.
[2] Хъодзаты Æхсар. Афæдзы фæллой // Авторты коллектив. Критикон уацтæ. – Дзæуджыхъæу, 1990. – 25 ф.

æнæмæнг афтæ хъуамæ уыдаид. Литературæ чи æмбары, уымæн æвзонг фысджыты æвæрын традици у. Елбыздыхъо æнусы размæ куы загъта: «Таланты пусть появятся, мы, я надеюсь, их увидим и подобающе встретим».[1] Тыбылты Алыксандр, Фæрнионмæ чи хæлæг кодтой, йе ‘нтыстытæ кæй цæстытæ къахтой æмæ йæ ныгæнынмæ чи хъавыдысты, стæй йæ чи баныгæдтой, уыцы фысджыты, – растдæр уаид, куы зæгъиккам – фысджыты æмбæлццæтты, – уымæн фæдзæхста: «Лæппын фыссæджы дæ быны акæн, дæ къахæй йыл бацу æмæ йæ зæххы æмхуызон скæн, уымæй æнцондæр цы ис».[2] Фыссæджы сфæлдыстады аивады ног амалыл дæр æвзонг фыссæджы æрмдзæфау хъæуы баузæлын, цæмæй ногдзыд къуыпайау райхæла. Васойы сфæлдыстады верлибр рафидыдта. Фæлæ Малийы-фырт, ирон поэзиуарзджытæ йæ цы классикон формæйы бауарзтой, ууыл никуы суæлæхох, йæ къух ыл æнæбары уагъд никуы акодта. Йæ поэтикон сфæлдыстады сæйраг рахæцæн уый у. Поэтæн йæ зæрдæмæ хæстæг зындгонд адæймæгтыл цы æмдзæвгæтæ сфæлдыста: «Фыды фарн», «Уолт Уитмен», «Омар Хайямы фæстаг æхсæв», «Везуви», «Назым», «Мæ фыдмæ» æмæ дзæвгар æндæрты фылдæр хайау классикон формæйыл фыст у номарæн æмдзæвгæ «Тугъанты Махарбеджы нывтæм кæсгæйæ» дæр.

Æмдзæвгæ райдайы стыр нывгæнæджы сфæлдыстадæн иумæйаг аргъ кæнынæй, йæ алыхуызон диссаджы нывты нысаниуæгыл дзурынæй, цы æвæджиау бынтæ нын ныууагъта, сæрыстыр кæмæй стæм, уыдон аив дзырдæй бæрзонд исынæй:

*Дæ ныв – парахат æмæ бæрц,*
*Тых æмæ зонды стыр æмгуыстад,*
*Фæрæт, фæндыр æмæ æнгуырстуан,*
*Нæ рагон æрдз, нæ рагон æрдз.*
*Кæуы дæ кæттаг æмæ худы.*

---
[1] Б р ы т ъ и а т ы  Е л б ы з д ы х ъ о. Уацмыстæ 2 т. Т. 2. – Дзæуджыхъæу, 1982. – 125 ф.
[2] Т ы б ы л т ы  А л ы к с а н д р. Уацмысты æмбырдгонд. – Цхинвал, 1988. – 170 ф.

*Ӕнусон змæлдæн зынг дæтты.*
*Хæты хуымгæнæг дымгæ фурдыл*
*Ӕмæ æрра тыхæй сæтты,*
*Хуыснæгау чи нымбæхст йæ арты,*
*Гъе уыцы фын – мæрдон, уæззау…*
*Дæу дæр дæ хъысмæты зын тавы, –*
*Хæцы уым урсы ныхмæ сау*
*Ӕмæ дыл сау хъылма рæдзæхсы…*
*Йæ цъупмæ систа дæу æнус, –*
*Дæ бæллицтæ, дæ сæнтты рухс,*
*Дæ уарзт фæстагонæн фæдзæхсы.*

Махарбеджы ном æрмæст ирон хуызфыссынады нæ, фæлæ æмткæй ирон æхсæндзарды, æмткæй ирон аивады тынг бæрзонд у. Абайты Васо дзы загъта: «Он отрицательно относился ко всяким модернисткими направлениям, таким, как формализм, абстракционизм и тому подобное. Он говорил, что эти направления не понятны и не нужны народу. Народу нужно реалистическое искусство. Собственная идейно-эстетическая позиция Махарбека может быть сформулирована двумя словами: реализм, народность».[1] Йæ фырт Энвер мысыд: «Махарбек дважды написал воспоминания о Е. Бритаеве»;[2] «Особенно восхищался Махарбек созданным Г. Цаголовым образом крупного спекулянта-кулака Темболата».[3] Ирон адæмон нывгæнæг Санахъоты Барис æй хуыдта «Осетин с большой буквы».[4] Йæ курдиат æрмæст нывфыссынадыл нæ банцад. Йæ алыварсон курдиатимæ абон дæр никæй ис абарæн.[5]

---

[1] А б а е в  В а с о. Знаток и ясновидец // К о л л е к т и в  а в т о р о в. Махарбек Туганов. – Цхинвал, 1986. – 68 ф.
[2] Т у г а н о в  Э н в е р. О близких друзях отца // К о л л е к т и в  а в т о р о в. Махарбек Туганов. – Цхинвал, 1986. – 68 ф.
[3] Уый дæр уым, 71 – 72 ф.
[4] Уый дæр уым, 89 ф.
[5] Г и р е е в  Д а в л е т. Литературное наследие Махарбека Туганова // М а х а р б е к  Т у г а н о в. Литературное наследие. – Дзæуджыхъæу, 1977. – 5 – 14 ф.

Васо йæ æвдисы афтæ, цыма, поэт стыр нывгæнæджы æнæмæлгæ уацмыстыл хæссы йæ цæст, зилы сыл радгай, ныв сæ кæны дзырдаивадæй. Чиныгкæсæджы цæстытыл ауайынц «Цоппай», «Куыдзæппарæн къæдзæх», «Туджджынты бафидыд»... «Бæхфæлдисын»:

*Фæлæ куы амæлы лæгау лæг, –*
*Ирыстон сæнкъуысы кæугæ,*
*Уæззау тæфæрфæсмæ цæугæ,*
*Мæрдджынæн ницы кæны ‘вгъауаг.*
*Æрхæцы урсбоцъо зæронд*
*Хæрзмыггаг аласайы рохтыл,*
*Фæдзуры*
*Амæлæджы зонд,*
*Йæ цин,*
*Йæ лæгдзинад,*
*Йæ тохтыл.*
*«Фæндараст у, мæ хур, –*
*Зæгъы, –*
*Кæй цардтæ раст лæгæй зæххыл,*
*Гъеуымæн ацы хъыг – æвдисæн…*
*Бæх дын мæрдтыбæстæм фæлдисæм,*
*Бæлццон дæ ды…*
*Лæууæн дын нæй.*
*Дзæнæты мацы бадом, мацы,*
*Цы федтай маст æмæ зынæй,*
*Уый ферох кæн дæ фæстаг балцы…»*

Зæрдыл æрбалæууы Къостайы «Уæлмæрды».[1] Æнæуый дæр ныв уымæ гæсгæ æрцыдис арæзт æмæ Васойы æмдзæвгæимæ зæрдæ агайы тынгдæр.

[1] К ъ о с т а. Уæлмæрды. – Дзæуджыхъæу, 1951. – 73 – 83 ф.

Адæймаджы æууындзы сагъæсыл. Курдиатджын адæймаг алцæмæ дæр зæрдæргъæвд вæййы. Дзугаты Георгийæн Махарбег дзырдта: «Нæ абоны музыкалон аивады мах хъæуы, нæ адæмы зард æмæ кафты æууæлтæ лæмбынæг чи бамбара, ахæм курдиат, зæгъæм, нæ поэзийы Къоста куыд фæзынд, ахæм».[1] Кæуылты хъуыды кодта. Æмæ йын йæ нывтæ нымайгæ, уый равдисын баци Малийы-фырты бон. Уыдонимæ поэт алы нывæн дæр фæстейæ дæтты йæхи хатдзæгтæ:

1. «Цоппай»-æн –

*Фæлыгъд кæддæр тæргай уæ уд,*
*Æмæ йæ ныр уæ сæфты ссарут.*
*Цæмæй сæ зыны кафой адæм,*
*О, уымæн цас хъæуы хъару!*
*Æвæццæгæн,*
*Йæ бындур цардæн*
*Ныфс æмæ зарæгыл лæууы.*

2. «Куыдзæппарæн къæдзæх»-æн –

*Тæрсут,*
*Уæйгæнджытæ,*
*Тæппудтæ,*
*Мæнгард,*
*Къозбау,*
*Цъаммар сырдудтæ!*
*Кæд ма уæ фыдгæнд у æмбæхст,*
*Уæддæр уыны дзыллæты цæст,*
*Æмæ дзы лидзæн нæй.*

---

[1] Д з у г а т ы Г е о р г и. Æхсызгон изæр // К о л л е к т и в а в т о р о в. Махарбек Туганов. – Цхинвал, 1986. – 112 ф.

*Уæ фæстаг*
*Фæуыдзæн фидиссаг, уæууæй!*
*Æмæ уын фехсдзысты уæ хъæстæ*
*Тæссаг куыдзæппарæн былæй.*

Афтæ дарддæр æмдзæвгæйы, – ис æй схонæн чысыл кадæг, – алы хайы кæрон дæр поэт, дзырд цы цауыл цæуы, уымæн цыма дæтты йæхи хатдзæг. Æмæ йæ уый, фылдæр хатт куыд вæййы, афтæ хъыгдаргæ нæ кæны, фæлæ кæны зæрдæмæдзæугæдæр. Уымæн æмæ, Нигер куыд загъта: «Дзырд куы фæзæгъæм, уæд нæ хъуыдыйы, нæ цæсты раз æнæ исты æрбалæугæ нæй».[1] Уый вæййы нывæфтыд дзырды фæрцы. Æмæ уыцы нывæфтыд дзырдæй Васо цух кæй никуы уыдис, уый йын арæзта алы хатт дæр йæ къух. Кæд Секъа куыд загъта: «Йæ ныхасмæ хъуыста сау хъæдбыны сырд»,[2] – бынтон афтæ нæу, уæддæр Малийы-фырты нывæфтыд дзырд агурынмæ искуыдæм цæуыны сæр никуы бахъуыд. Ацы хатт дæр ссары, йæ уацмыс цахæм стыр хъуыдыйæ фæуа, уыцы амал. Æвæццæгæн, нæм бирæ нæ разындзæнис, Махарбеджы «Амыран» чи нæ федта, къæдзæхмæ рæхысбаст цы фольклорон хъайтар у, уый чи нæ зоны. Æмæ, Махарбеджы уацмыстыл кæу у поэты ныхас, уый охыл ацы хатт дæр йæ чысыл кадæгæн ссардта аккаг кæрон:

*Амран йæ сау рæхыстæ скъуыны,*
*Фæрчытæ хауы айнæг хох.*
*Æрмæстдæр тох!*
*Æрмæстдæр тох!*
*Бырсгæ!*
*Æндæр амонд нæ уыны!*[3]

---

[1] Н и г е р. Уацм. æххæст æмб. 3 т. Т. 3. – Дзæуджыхъæу, 1968. – 149 ф.
[2] Г æ д и а т ы  С е к ъ а. Азау. – Дзæуджыхъæу, 1981. – 51 ф.
[3] М а л и т ы  В а с о. Æз мысын // А в т о р т ы  к о л л е к т и в. Æрттигъ. – Дзæуджыхъæу, 1983.–160–166 ф.

А. Блочы «На поле Куликовом!»-æй[1] куынæ хъыгдарид – «И вечный бой!» – уæд уацмысы кæронæ хуыздæр цы хъуамæ æрхъуыды кæнай, уæлдайдæр æм романтикæйы тæваг куы хæццæ кæна, уæд. Æмæ, цæмæй уацмыс афтæ рауадаид, уый тыххæй йын автор æрымысыд диссаджы сюжет – стыр нывгæнæджы уацмысты хъуыдыйыл æнцойгæнгæйæ поэтикон æвзагæй нæ историйы бирæ тæссонд фæндæгтыл чиныгкæсæджы акæнын.

Афтæмæй историйы фæрцы фенæм нæ адæмы цард. Ахуыр нæ кæны æгъдауыл. Нæ адæм сæ уды хуыздæр миниуджытæ цы фарны бавæрдтой, уый уынæм поэтиконæй æмæ нæ Малийы-фырт разæнгард кæны, цыфæнды уавæрты дæр сæрибары сæрыл тохмæ.

Уацмысæн ис стыр зонадон, стæй хъомыладон нысаниуæг, уымæ гæсгæ йæхимæ уыцы иугъуызон здахы рæзгæ фæсивæды дæр æмæ хъомыл адæмы дæр. Дзырд дзы цы дзæвгар проблемæтыл цæуы, авторы бон дзы уыцы иу рæстæджы цас лыгкæнинаг фарстытæ æрæвæрын æмæ аскъуыддзаг кæнын бацис, уый алы дæсны фыссæджы къухы нæ бафты. Фæлæ курдиат хъæды тарфы дæр кæны йæхион. Афтæмæй, нывфыссынады дзуринæгтæ æмæ дзырдаивады хъомыс сиугæнгæйæ, Васойы бон бацис, формæйæ дæр æмæ мидисæй дæр оригиналон чи у, афтæмæй зæрдæйы рæбынтæ чи змæлын кæны, ахæм поэтикон уацмыс сфæлдисын, кæд йæ удæн зын уыдис, уæддæр. Хъаныхъуаты Инал ахæмты тыххæй загъта: «Произведения писателя – крепкий питательный бульон, а сам он – вываренное мясо».[2]

Ацы ныхас æппæлыны охыл нæу. Фыссæджы сфæлдыстад æппæлынæй ничи фæуæлвæндаг кæндзæнис, дæлæмæ йыл цы æрхæца, æндæр. Васо йæхæдæг афтæ зæгъы: «Æппæлæн ныхас кæддæриддæр æцæгæлон уыди кусæг лæджы удыхъæдæн».[3] Æз дæр дзы æппæлыны охыл нæ зæгъын, фæлæ Малийы-фырты бæрзонд цы уацмыстæ систой, нырыккон ирон нывæфтыд литературæйы историйы йæ ном фидарæй фыст кæй фæрцы æрцыдис, уыцы уацмыстæ цъус не сты: «Æрхуы барæг», «Мусонг», «Æз горæтæй хъæумæ

[1] Б л о к  А л е к с а н д р. Собр. соч. в 6 т. Т. 2. – Ленинград, 1980. – 85 ф.
[2] К а н у к о в  И н а л. В осетинском ауле. – Владикавказ, 1985. – 241 ф.
[3] М а л и т ы  В а с о. Рæстдзинады тæразыл // А в т о р т ы  к о л л е к т и в. Критикон уацтæ. – Дзæуджыхъæу, 1990. – 56 ф.

цыдтæн», «Иунæг нæу» æмæ æндæртæ. Сæ арф хъуыды, сæ хæдхуыз истори, романтикæ, символизмæй адæймаджы æфтауынц уæлмонц æнкъарæнтыл. Æвæццæгæн, Юрий Кузнецов оригиналы куы бакастаид Васойы поэзи, уæд нæ загътаид: «Я считаю, что 99% публикуемых сегодня стихотворений не являются поэзией».[1] Æмæ уыдæттæ йæ къухы бирæ бæрцæй æфтынц йæ поэтикон уынынады фæрцы («Лыгътæн Æхсинты комы…»):

*Лыгътæн Æхсинты коммæ, –*
*Сырдтой мæ сау манголтæ.*
*Мæ туг мæ фæрстæй калд,*
*Фæдæн зæрдæскъуыд…*
*Мæ фыдæлты тас*
*Баззади*
*Мæ гуырдзы, –*
*Мæ фыны мæм йæ хуынкъæй сбыры*
*Калмау.*[2]

Малийы-фырты поэзийы хъомыс бирæ бæрцæй разынд йæ кадджыты. Цигайнаг кадæг «Пэя», «Æнусæй æнусмæ» æмæ «Поэзды»-йыл автор цъус хъару нæ бахардз кодта. Фæндыдис æй цард алыварсонæй, йе ‘ппæт цинтæ æмæ хъыгтимæ сныв кæнын. Цигайнаг цард йæхирдыгонау равдисынмæ йæхи уымæн аппæрста. Ныфс æй уыд, сæрибар йæ царды нысан кæмæн у, уыдон цард ныв кæныны фæрцы йæ хъул сах кæй абаддзæнис.

Фæлæ алкæмæн йæ амонд йæ ныхыл фыст вæййы. Иннæ ахæм: «Сæребарæ нин нæ федауй, сæрæйбаст дæр нæ уарзæм»,[3] – куыд загъта Бæгъæраты Созыр. Афтæмæй царды романтикæйы фæдыл цæугæйæ фенæм, сыгъдæгзæрдæ, цард æмæ уарзтæмхиц, зæдæнвиц чызг Пэя куыд бауарзы, йæ дзыллæйæ хауæггаг чи фæци, ахæм хиуарзон, хи уды цинæн чи цард, уыцы

[1] Книжное обозрение, 1987. – № 40.
[2] М а л и т ы В а с о. Мусонг. – Дзæуджыхъæу, 2000. – 107 ф.
[3] Б а г ъ æ р а т и С о з у р. Зæрди дуар. – Дзæуджыхъæу, 1988. – 242 ф.

ләппуйы. Ӕмæ уым разынд сыгъдæг Пэяйы уды трагеди. Фæлæ хæрамы къах цыбыр у. Хиуарзон адæймаджы фæндаг дæрдты нæ зилы. Секъа уымæн загъта: «Халоны зарæг – фыдыусы хъарæг».[1] Хиуарзон адæймагыл дæр йæ хъысмæт зоны сайдæй рацæуын. Ӕмæ йæм æфхæрдæй баззайæг Пэя куы дзыназы: «Дæ зæдыл Ныккалд дæ сæгæй конд мæсыг. Ӕрмæст ма баззади дæ фæдыл Ӕртæхау Пеяйы цæссыг, Йæ фынты Романесмæ сиды», – уæд æм «кæцæйдæр дзуапп тæхы»:

*– О Пэя, д' амонд мæм æвзиды,*
*О Пэя, д' амонд мын зæгъы,*
*Цæмæй дзæгъæл дымгæйау ниугæ*
*Ӕнæ уæзæг, æнæ мыггаг,*
*Ӕнæфæндаг, æнæ æвзаг*
*Бæстæтыл зилон æмæ ниугæ*
*Мæ сау бонтæ нымайон æз,*
*Фæлæ, уæууæй! Фæуæн сын нал и!*
*Зæххыл мын нал баззади хæс.*
*Нæдæр зынг дæн, нæдæр – æвзалы,*
*Нæдæр – цæргæ, нæдæр – мæлгæ,*
*Нæдæр – кæугæ, нæдæр – бæлгæ,*
*Нæдæр – хъæлдзæг, нæдæр – æрхæндæг*
*Мæхицæй лидзын æз мæхæдæг,*
*Фæлæ кæдæм, кæдæм, кæдæм?!*
*Мæгуыр мæ бон! Цы раны дæн.*

Кæсыс, æмæ хъуыды кæныс – чызг æмæ ләппуйæ чи бахауд фыддæр дудгæбоны? Кæуыл сæ фылдæр дзыназа зæрдæ? Чи сæ æнамонддæр у? Фæлæ, чи кæй кой кæны – хи сæры æви искæй, ууыл куы ахъуыды кæнæм, уæд рахатдзыстæм æппæт дæр. Бæргæ, «мах йæ цагъартæ стæм цардæн,

[1] Г æ д и а т ы  С е к ъ а. Азау. – Дзæуджыхъæу, 1981. – 107 ф.

махæн нæй цæрæн фæрнæй…»,[1] – фæлæ йæ алчи нæ фембары рæстæгыл, фæсмонгонд уый тыххæй фæвæййæм, Васойы хиуырзон хъайтарау.

*О, ниугæ авддæлдзæх ныххауон,*
*Æз фестадтæн уæлæуыл ауон!*
*Æрцыд йæ карз æлгъыст æрдзæн,*
*Мæн ничи фервæзын кæндзæн,*
*Нæдæр æвзыгъд хæстоны уарт,*
*Нæдæр æндæр адæмы арт,*
*Нæдæр дæ уарзт, нæдæр дæ катай.*
*Дæуæн мæ ном фыдæх хæсдзæн.*
*Æмæ дзыназ! Мæ сусæг пъатæй*
*Дæ зæрдæ стæппæлттæ уыдзæн.*[2]

Токаты Алихан хъæр кодта: «Рухс, рухс! Раттут рухс адæмæн»,[3] – фæлæ, хъыгагæн, уыцы рухсмæ цæуын алкæй нæ фæфæнды. Æмæ нæ уый сафы. Æгæрыстæмæй, милуан адæймæгтæй ферох, дунейы пролетарон адæмы фætæг Владимир Ильич Ленин йæхи фæллойгæнæг адæмы сæрвæлтау кæй æрхаста нывондæн. Цæстфæливджыты ардыдæй йын йæ номыл фæлдахæм дур. Васо та йыл йæ рæстæджы ныффыста, ирон ленинианæйы зынгæ бынат чи ‘рцахста, ахæм кадæг «Æнусæй æнусмæ».[4] Дзуццаты Хадзы-Мурат æй ирон поэзийы схуыдта: «Ленины тыххæй поэмæты рæхысы ног идейон-аивадон цæг».[5] Кадæджы нæй фидар, цæлхзылд сюжет. «Йæ интонаци кæрæй-кæронмæ цæуы патетикон-романтикон уагыл. Малийы-фырт дæр сæйраджы фæлгъауы Ленины генийы æнахуыр стырдзинад. Тæтæрийы хъауджыдæр, Васойы поэмæйы композици холнологион æгъдауæй нæу фæд-фæдылон. Поэмæ у хицæн сæргæндтæй конд æмæ дзы

[1] Ц æ р а з о н  С о с л а н. Алгъуызы кадæг. – Цхинвал, 2016. – 66 – 83 ф.
[2] М а л и т ы  В а с о. Рохсанæ. – Дзæуджыхъæу, 1970. – 45 – 90 ф.
[3] Т о к а т ы  А л и х а н. Уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 1973. – 278 ф.
[4] М а л и т ы  В а с о. Æнусæй æнусмæ. – Дзæуджыхъæу, 1968. – 67 ф.
[5] Д з у ц ц а т ы  Х а д з ы-М у р а т. Удæгастæй удæгасдæр. – Цхинвал, 1969. – 66 ф.

алы сæргондæн дæр йæ бон у, уа сæрмагонд поэтикон уацмыс. Алы сæргонд дæр дзы у хицæн темæ æмæ уый фæдыл поэт æргом кæны йæ сагъæс, йе ‘нкъарæн, уыцы иу рæстæг æвналы ивгъуыдмæ, абонмæ æмæ соммæ»,[1] – йæ рæстæджы рæстагæй банысан кодта Хадзы-Мурат.

Малийы-фырты сфæлдыстады аккаг бынат бацахста йæ кадæг «Поэзды». Ам автор йæ уацмыс фæхайджын кодта лирикон-философон зæрдæуагæй. Æмæ раст бакодта. Уыцы поэтикон амал ын, йæ дзæвгар уацмысты куыд у, афтæ фадат радта, Хъодзаты Æхсары хъуыдымæ гæсгæ, цардмæ диалектикон хуызы ныккæсынæн.[2]

Васо æппынæдзух архайы, – æмæ уый йæ къухы бирæ бæрцæй æфтгæ дæр бакæны, – йæ хъайтарты зæрдæты рæбынтæм ныккæсынмæ. Ам дæр у афтæ. Æмæ нын равдисы, адæймаджы зæрдæйы цы бирæ алыхуызон ныхмæвæрдтæ ис, уыдон иу хай. Кадæг лæмбынæг чи кæса, уый æнæбамбаргæ нæ фæуыдзæн, æрвылбонон цардуагон лыстæг хъуыддæгты бæсты адæймаг дунемæ кæй хъуамæ кæса уæрæхдæр цæстæнгасæй. Мамсыраты Дæбе цæйау загъта: «Æвæццæгæн, адæймагæн йе ‘гъдау афтæ у: хæлæг дæр кæны, хæлæф дæр».[3] Хъуамæ уай хуыздæр равзарынæн. Æфсарм æмæ фарнæн кæй ницæмæй ис ивæн, адæймаджы ном сæрбæрзондæй кæй хъæуы хæссын, уыдоныл нæ ахуыр кæны поэт æцæг поэтикон дзырдæй:

*Уыди зæды хуызæн йæ сауты*
*Мæхи Рохсанæйæн йæ мард.*
*Æз та куыдтон,*
*Куыдтон мæ уаты,*
*Хæхбæстæй – дард,*
*Æмгæрттæй – дард.*
*Æмæ мæ уд цæссыгтæй сафтид,*
*Мæ ком хуыскъ адагау ныххус…*

[1] Уый дæр уым.
[2] Х ъ о д з а т ы Æ х с а р. Афæдзы фæллой // А в т о р т ы к о л л е к т и в. Критикон уацтæ. – Дзæуджыхъæу, 1990. – 25 ф.
[3] М а м с ы р а т ы Д æ б е. Уацмыстæ 6 т. Т. 4. – Дзæуджыхъæу, 1969. – 67 ф.

*Цыма фæуæгъд æрдынбос, афтæ*
*Æрлæмæгъ уд æмæ ныхъхъус.*
*Сыгъдæг Чырыстийау мæ байтыгъд,*
*Уæддæр тæфæрфæсы æгъдау*
*Дæумæ нæ фæкасти æвгъау –*
*Æвдадзы хос дзы скодтай уайтагъд:*
*«Дзыназ!» –*
*Дæ хъæлæс хъусын æз, –*
*Дзыназ!*
*Æнæвнæлд мулкау царди*
*Дæ конды де сгуыхты фæрæз –*
*Æнæбын хъыг –*
*Æнусон уарди!*
*Ныр ахæм хъару сси дæ хъыг,*
*Куы срухс кæны цырагъау алцы.*
*Хæсс æй сыгъзæринау дæ балцы,*
*Кæннод дæ удыл сбаддзæн рыг!»*[1]

Æнæкъæм Хуыцауы арфæйæ дарддæр ницы вæййы. Æмæ Хъодзайыфырт кадæджы аиппытæ рæстагæй банысан кодта: «Васойы поэмæйы ис лыстæг аиппытæ, стилистикон æмæ ‘ндæр къуыхцытæ, хатгай дзырдæй дзырды ‘хсæн сгуппар вæййынц æмхъæлæсон мыртæ, цавд дæр алкæд йæ бынаты нæ вæййы».[2] Уым æфхæрдæй ницы ис. Нигер амыдта: «Аив литературæ æмæ литературон критикæ цыдысты кæрæдзийы къухтыл хæцгæйæ».[3] Уый царды диалектикон закъон у. Æмæ Æхсары уыцы «азымтыл» фыссæджы сфæлдыстады ис æмбæлæн, фæлæ нæ йæ аив дзырд æмткæй сисгæйæ рухс фæндагыл кæй æфтауы, адæймаджы уд кæй сыгъдæг кæны, хъуыддаг уый у.

[1] М а л и т ы   В а с о. Мусонг. – Дзæуджыхъæу, 2000. – 164 ф.
[2] Х ъ о д з а т ы   Æ х с а р. Афæдзы фæллой // А в т о р т ы   к о л л е к т и в. Критикон уацтæ. – Дзæуджыхъæу, 1990. – 25 ф.
[3] Н и г е р. Уац. æххæст æмб. 3 т. Т. 3. – Дзæуджыхъæу, 1968. – 449 ф.

Васо æнæдызæрдыгæй аив дзырды дæсны у, литературæйы кæцыфæнды жанры: поэзи, прозæ, драматурги, литературон критикæ, тæлмац – йæ бон дзы бавæййы сæрибарæй аленк кæнын. Йæ поэзийæ къаддæр æнтыст нæй йæ прозæйæн. Уый уайтагъд фæбæрæг йе сфæлдыстадон куысты райдайæны йæ радзырдтæ æмæ уацауы чиныг «Мæйрухс æхсæвтæ»-йæ. Æмæ йæ банысан кодта… чи, чи æмæ Цæрукъаты Алыксандр.[1] Фæлæ йæ прозæйæ ирон нывæфтыд литературæйы фарсыл æцæгæй чи бахæцыд, уый разынд йæ гуырахстджын роман «Сурмейы хæдзар».

Роман райдайы, Васойæн йæ туджы куыд ныффидар – чиныгкæсæджы дисы æмæ уыцы иурæстæджы гуырысхойы бафтауынæй, цæмæй йæ æрцахса йæ фыццаг рæнхъытæй, ахæм диалогæй:

«– Нæ! – загъта Цæрæг.

– О! – загъта Бэлæ.

Дыууæ цæстæнгасы – дыууæ арцы цыргъ фындзы – кæрæдзийыл сæмбæлдысты æмæ лæууынц ныхбыцæуæй. Кæрæдзи фæлварынц. Æмæ æваст Цæрæджы зæрдыл æрбалæууыд йæ мад Сурмейы фæдзæхст: «Нæлгоймаджы алы ныхасæн дæр дзуапп чи дæтта, ахæм сылгоймагæй дæхи хъахъхъæ». Даргъ цæстыхаутæ кæрæдзимæ куыд хæстæгдæр кодтой, афтæ худæндзаст парахатдæрæй ивылд цæсгомыл, дон уæлбыл къанауы былтæй куыд акæлы æмæ бирæ къабæзтæй фæйнæрдæм куыд фæхæлиу вæййы, афтæ. Æххæст чи нæма бахус, ахæм тарбын морæ ахорæнау умæл æрттывд кодтой гагуытæ, сæ арфы æгæр æдзынæг, æгæр карз сыгъдысты дыууæ хæрзчысыл электронон цырагъы».[2]

Афтæ романы архайд – Сурмейы уæззау цардвæндаджы къуыбылой райдайы хæлын. Фенæм, уацмысы сæйраг хъайтары йæ ныхмæлæуджытæ, цыма, батæрынц къуыммæ, нал ын ис йæ къах атилæн, фæлæ йæм ахæм рæстæджы æххуысмæ фæзынынц, йæ мад Сурме кæддæриддæр кæуыл æууæндыд æмæ æнувыд кæуыл уыдис, йæ уыцы æмхъæуккæгтæ.

---

[1] Цæрукъаты Алыксандр. Хурыскастыл / Рæстдзинад, 1965. – 29 декабрь.
[2] Малиты Васо. Сурмейы хæдзар. – Дзæуджыхъæу, 1992. – 3 ф.

Фыдæлты уидæгтæй ма фæиппæрд уæвын, адæмы æхсæн фидар къабæзтæ ауадзын, дзыллæимæ «а» æмæ «о»-йæ цæрын, хи уды бæллицтыл иубæстон адæмы макуы ивын – Сурме кæддæриддæр ахуыр кодта йæ цоты æмæ йæм чи хъуыста, уыцы адæмы æмæ уым уыдис йæ амонд.

Чиныгкæсæг дзы, цæмæй байрайа, уый ары, фæлæ йæ æгъатыр царды æгъатыр хъуыддæгтæ æппарынц катайы. Бирæ цыдæртæ нын сты зондзонæн. Æфтауынц нæ фидæны хъуыдытыл. Æмæ кæд Хъамбердиаты Мысостмæ гæсгæ: «Ацы заманты нæуæндаг Не скæндзæн цæсгом»[1] («Чызгимæ ныхас»), – уæддæр æппæтæн дæр мадиуæг кæнын чи фæрæзта, уымæй автор райгондæй, сæрыстырæй уымæн зæгъы: «Сурмейы тыххæй ницы уал зæгъын… Чиныгкæсæг ын йæхæдæг аргъ кæнæд…»[2] Уый дзурæг у романы, стæй фыссæджы æнтыстыл.

Васойы сгуыхтыл дзурæг у йæ драматурги дæр. Рауагъта пьесæты чингуытæ «Ацырухс»[3] æмæ «Уадзимистæ»-йы иу хай пьесæтæй.[4] Йæ пьесæмæ гæсгæ æвæрд спектакль «Саст бандон»-ыл сценæмæкæсджытæ сæмбæлдысты зæрдиагæй. Уымæн æмæ дзы авторы бон бацис хурмæ ракалын, нæ дуджы адæм цæмæй тæрсынц æмæ тыхсынц, нæ царды уыцы стыр хъæнтæ – карьеризм, цурон ахаст, гæртæмттæ исын, намысыл къух исын, ирон фарн ницæмæ дарын æмæ æндæр æдзæсгом митæ.

Фыссæджы драматурги къуындæг нæу: «Хæрзбон, мæ сабидуг!», «Калм æмæ хъисфæндыр», «Саст бандон», «Ацырухс», «Темур-Аслахъ, «Цагъайраг»… дзурæг сты царды алыхуызон проблемæтыл. Сæйраджы сæ автор æвæры, адæймаг адæймаг цæмæй у, уыцы ахсджиаг фарстытæ.

«Темур-Аслахъ» драматург снывæста йæ фыд Геуæргийы æмном кадæгмæ гæсгæ. Фæлæ йæ Васо рауæрæх кодта, трагедийы домæнтæм куыд амонынц, афтæ. Равдыста нын, тыхгæнæг кæсгон æлдар Дзамболат ирæттæй куыд хъавыд хъалон райсын æмæ аласынмæ, фæлæ йæхи мард куыд фæцис ласинаг. Æмткæй сисгæйæ уацмыс дзуры, искæй фæсайын, йæ мулк ын дæхи

---

[1] Х ъ а м б е р д и а т ы  М ы с о с т. Уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 2002. – 68 ф.
[2] М а л и т ы  В а с о. Сурмейы хæдзар. – Дзæуджыхъæу, 1992. – 525 ф.
[3] М а л и т ы  В а с о. Ацырухс. – Дзæуджыхъæу, 1980. – 279 ф.
[4] М а л и т ы  В а с о. Уадзимистæ. – Дзæуджыхъæу, 2008. – 383 ф.

бакæнын адæмæн иуæрдыгæй дæр æмæ иннæрдыгæй дæр цас фыдтæ хæссы, цы бæллæхтæм æркæны дзыллæйы, уый.

Тыбылты Алыксандр дзырдта: «Художественная литература, в особенности оригинальная литература, в основном пользуется изобразительными средствами разговорного языка и поэтому легко воспринимается массой».[1] Стæй æрмæст Алыксандр нæ, нывæфтыд литературæйæн аргъ кæныны хæс йæхимæ чи иста æмæ исы, уый йын йе 'взагмæ стыр хъусдард ма здаха, уымæй йын ма аргъ кæна, уый гæнæн нæй. Нигеры йæхимæ æвзаджы хъуытазтæ цæгъдынæй цъус не 'ркæсын кодта Хъамбердиаты Мысост: «Мысосты поэзи цæппузыртау æнхъизы; Мысосты поэзи налхъуытау æрттивы, Мысосты поэзи хурау куы худы, хурау ныххуды, зæрдæмæ ныххизы æмæ дзы скæны йæхицæн фæндыр».[2]

Фыссæг йæ уацмыстæ æвзаджы кæлæнгæнæг зæлтæ æмæ æгæрон бирæ æвæрæнтæй дзадджын кæнынмæ куы арæхса, уæд уый нысан кæны, Хуыцауы комулæфт æм кæй хæццæ кæны. Уыцы хъуыддаджы Васо ирон поэзийы æхсайæмазонтау бирæ бæрцæй æмбулы. Зоны ирон дзырды хуылфмæ ныхъхъусын, йæ æвæджиаг зæлтæ йын æрцахсынмæ æмæ сæ йæ чиныгкæсджыты рæгъмæ рахæссынмæ, кæд уый, бирæтæм куыд кæсы, афтæ æнцон хъуыддаг нæу, уæддæр. Æмæ дзы уый тыххæй хъуамæ буц уæм. Цардзонæг, аразæг æмæ фæлдисæг поэт æнæнхъæлæджы нæ зæгъы:

*Цы уыди лæг, уый нал фестдзæн фæстæмæ,*
*Тæхудиаг æрдзы фæтк æмæ уагыл*
*Уæлахиз чи уа, ахæм дард фæндагыл*
*Дзæм-дзæмы донæй чи раздæхт фæстæмæ!*
*Кæд скурдиаты хъомыс нæй мæ дзырдты,*
*Уæддæр мæ фæндыр рухс фидæныл зары.*
*Тæхудиаг, куы базонид, йæ мырты*

[1] Т ы б ы л т ы А л ы к с а н д р. Уацмысты æмбырдгонд. – Цхинвал, 1988. – 93 ф.
[2] Н и г е р. Уацм. æххæст æмб. 3 т. Т. 3. – Дзæуджыхъæу, 1968. – 95 ф.

*Дæ адзалæн аккаг мадзал ыссарын.*

*Нæ фæзты ногæй дидинджытæ ‘рттивынц,*

*Æмæ тæхынц гæлæбутæ сæ сæрты.*

*Бæсты рæсугъд, дæ чызгон бонты фидыц*

*Уынын хæхбæсты уалдзæджы æуусæлты.*

*Уый нал у дæу, фæлæ æрдзон у ныр,*

*Мæнæн та фестад номхæссæн фæндыр.*[1]

(«Цы уыди лæг, уый нал фестдзæн фæстæмæ»)

Чи зæгъдзæнис, æппæт уыдон нæ бахсыстысты поэты зæрдæйы! Тыбылты Алыксандр загъта: «Стыр хæзна сты нарты каддж ытæ ирон адæмæн. Нæ ирон æвзаджы хъæздыг æмæ рæсугъддзинад уыдон хуызæн ничи бавæрдта».[2] Хуыцау кæуыл ауды, уый нарты каддж ытæй дæр, нæ адæмы парахат уды кондæй дæр, нæ алæмæтон æрдзæй дæр арæхсы æвæджиаг дзуринæгтæ, æрвон зæлтæ æмæ хуызтæ ахсынмæ. Уыдон хуыздæртæй у нæ поэт. Нигер Мысостæй цы загъта, уыцы хъуыды рахæссæн ис Малийы-фыртмæ: Æрдз æмæ Васойы æхсæн ис æххæст гармони.[3]

Æмæ уыцы хъуыддаг рахызт фыссæджы драматургимæ. Трагедийы куы уынæм, дыгурон цуанон Гудзуна зæйы бынæй цæттæ мæлæтæй куыд фервæзын кæны кæсгон цуанон Хачимы, лæгæты йæ сырды басæй куыд раздахы цæрдтæм, йæ фыды арæзт хъæууон хостæй йæ куыд фервæзын кæны; йæ рæстæджы Хачим та Гудзунайæн царддæттæг куыд разыны, уæд уыцы цаутæ кæсгæйæ рухс ныккæсы чиныгкæсæджы зæрдæмæ. Æмæ уый бирæ бæрцæй цæуы фыссæджы курдиат æмæ дзырдарæхстæй. Фæрнион загъта: «Адæймаг сфæлдыстады цъупп у, сфæлдыстады тæккæ бæрзонд у…»[4] Фæлæ аивады уыцы бæрзæндмæ схизын алкæмæн нæ бантысы. Уæлдайдæр, драматургийы. Тлатты Хох загъта: «Театр у нæ дыккаг скъола».[5] Ам уый ис.

[1] М а л и т ы  В а с о. Мусонг. – Дзæуджыхъæу, 2000. – 23 ф.
[2] Т ы б ы л т ы  А л ы к с а н д р. Уацмысты æмбырдгонд. – Цхинвал, 1988. – 237 ф.
[3] Н и г е р. Уацм. æххæст æмб. 3 т. Т. 3. – Дзæуджыхъæу, 1968. – 98 ф
[4] Ф æ р н и о н. Уацмыстæ. – Цхинвал, 1959. – 392 ф.
[5] Т л а т т ы  Х о х. Фын. – Дзæуджыхъæу, 1911. – 19 ф.

Нæ ирон адæмæн рагæйфæстæмæ нæ сæфт у, алчи нæ йæхи гуылы бын кæй фендзары, нæ, æз лæгдæр дæны тыххæй нæ кæрæдзийы фарсмæ кæй никуы балæууæм, нæ мæсгуытæй иугæйттæй кæй фæхæцæм, уыцы хъуыддаг. Куы йæ ‘мбæхсæм, уæд дзы цæргæ-цæрæнбонты никуы ссæрибар уыдзыстæм. Æвæццæгæн нæ йæ ныхмæ алкæй дæр карз тох кæнын хъæуы. Секъайы катай уыд: «Иннæ амондджын адæмтæ фæлтæрæй-фæлтæрмæ се ‘гъдæуттæ лыстæг луарынц, чи дзы нæ бæззы, уый æппарынц, чи дзы бæззы, ууыл æфтауынц, мах та рагæй-æрæгмæ уыцы æвзæр æгъдæуттæ сцыбыр кодтой; нæ историйæ фæстæмæ рæстæджы дæргъдзинады дыууæ милуанæй дыууæ фондзыссæдз минæй чысыл фылдæрмæ æрхаудтам».[1] Уымæн æмæ нæм нæхи бавæрыны хъуыды никуы уыдис. Нæ кæрæдзийы рис нæм рис никуы каст. Уый цы, нæ сæр куы фæсудзы, уæд нæ зæрдæ йе ‘дылыйæ кафгæ фæкæны, мæгуыр уа нæ бон.

Хъодзаты Æхсар не ‘мбæхсы уыцы хъуыддаг: «Ирæттæ хаттæй-хатт ракæнынц се знæгты кой, февдисынц сæм се ‘нæуынондзинад, уæдæ сыл æлгъитынæй дæр нæ бацауæрдынц. Гъе, фæлæ сæ ахæм сахат сæ цыфыддæр знаджы ном цæмæндæр ферох вæййы. Афтæмæй нын фыдæй-фыртмæ уымæй стырдæр бæллæхтæ ничи ракодта. Уыцы знаг чи у, зæгъгæ, мæ ахæм фæрсæг æнæмæнг уыдзæн æмæ уын æй æвиппайды зæгъын: ирон адæмы цыфыддæр знаг – ирæттæ сæхæдæг».[2] Нæ рагфыдæлты хиуарзон митæ нæ сæфтмæ куыд тардтой, ууыл фыст у Васойы трагеди «Цагъайраг». Фыссæджы фантази æмæ драмон курдиаты фæрцы уынæм, XIV-æм æнусы нæ сафæг тæтæр-манголты æфсад бирæ адæмты куы ныддæрæн кодтой, уæд куыд ныббырстой нæ фыдæлтæм дæр. Хъавыдысты нæ зæххы цъарæй сыстъигъынмæ. Афтæмæй алантæй 1310/23 азты Китайы монгойлаг импери Юаны службæ кодтой æртын мин хæстоны.[3] Гуырдзы та нæ 1314/46 азты ныддæрæн кодтой æмæ фæсырдтой нæ фыдæлты раздæры зæххæй – ныры Гуырдзыстонæй.[4]

---

[1] Г æ д и а т ы  С е к ъ а. Уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 1981. – 388 ф.

[2] Х ъ о д з а т ы  Æ х с а р. Сæйраг хæс / Рæстдзинад, 2016. – 11 февраль.

[3] А л е м а н ь  А г у с т и. Аланы. – М., 2003. – 574 ф.

[4] Уый дæр уым.

Уæдмæ, Васойы «Цагъайраджы» фæрсæй-фæрстæм иу паддзахады алантæй цардысты дыууæ знæмы, сæ цин дæр, сæ хъыг дæр иу кæмæн уыдысты æмæ сын уый тыххæй тыхгæнæг тых нæ ардта, фæлæ сæ хæтæнтыл нал бафидыдтой æмæ ныддих сты Уæллаг Ас-Хъабан æмæ Дæллаг Ас-Хъабаныл. Æмæ Туаты Дауыты куырыхон хъуыды: «Лæгдзинад, æвæццæгæн, уæздан, гъе, кæвдæсардæй нæу»-ы[1] рæстдзинад фенæм пьесæйы. Зæрдæйы рæбынтæ иууыл тынгдæр базмæлын кæны трагедийы кæрон. Ахсахъ-Темыры æфсадæй Цагъайраг цалдæр кæй амардта, уый тыххæй дыууæ æфхæрдæй – йæ цæстытæ йын скъахой æви йын йе 'взаг ралыг кæнойæ æвзары фыццаг. Фæлæ бардзырд æххæст кæнынмæ куы æрцыд, уæд ын базонæм йæ хин. Монгойлаг Фæсдзæуин ныххæр кæны: «Фæлæуут! Амæн йæ хин не 'мбарут? Цалынмæ йæ адæмæн æвзаг уа, уæдмæ сын сæфæн нæй. Сафинагæй та сафинаг сты, не 'фсадæй нын адонæй фылдæр никуы ничима ныццагъта! Йе 'взаг ын алыг кæнут æмæ уæд сæ мыггаг сыскъуыйдзæн!»[2]

Мах цух стæм, дидактикон амындтæй нæ, фæлæ уыцы амындтæ хурæргом аивады хуызы цы уацмысты феникклам, уыдонæй. Зынаргъ нын уымæн сты, нæ истори, нæ адæмы удыхъæд æмæ нын фарн чи æвдисынц, размæ, фидæнмæ нын фæндаг чи амонынц, уыцы цардæвдисæг чингуытæ. Ацы зондзонæн трагеди цы чиныджы ис, – «Уадзимистæ», – уый Хаджеты Таймураз фæрнджын чиныг уымæн рахуыдта.[3] Хорз куырой алцы дæр ссы. Васойæн йæ пьесæтæ дæр сты цыргъзонд. Зæрдыл æнцонæй куыд лæууой – фæуд кæнынц цымыдисон нотæтыл. Ацырухс рестораны директор Горгайы фæсайы, æхцаты чумæдан ын йæхицæн рахæссын кæны, къæппæджы йæ баппары æмæ уацмыс фæвæййы цымыдисон сценæйæ («Ацырухс»):

«А ц ы р у х с. Чумæдан æз хæсдзынæн.

Г о р г а. Æри, æри, уæззау у.

А ц ы р у х с. Ницы кæны. Æхца уæз нæ кæны. (*Уыцы рæстæг къæсæрæй æрбахизы Хазби.*) Хазби, джызæйлаг арахъхъæй лæмæгъдæр

---

[1] Т у а т ы Д а у ы т. Уацмыстæ 2 т. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 1969. – 112 ф.
[2] М а л и т и В а с о. Уадзимистæ. – 2008. – 159 ф.
[3] Х а д ж е т ы Т а й м у р а з. Чиныджы фарн // Мах дуг. – 1985. – № 1. – 77 ф..

разындтæ. Мæ хъуыддаг мын фæцæйхæлдтай. Мæ цуан фæрæстмæ арфæ мын ракæн!

Х а з б и. Уæдæ… Мæ ус-хæйрæг… сырд æрцахста? (*Йæ хъæбысы йæ кæны.*)

Г о р г а. Ау, дæ ныхæстæ… Уарзондзинады ныхæстæ… Куыд бакуымдта де ʻвзаг?

А ц ы р у х с. Раст, де ʻвзаг бæрзонд бæллицтæй хъазын куыд бакуымдта, афтæ. Хæст фæци æнæ туг ныккалдæй.

Г о р г а (*æрбадти пъолыл*). Мæнæ мæ чысыл чызг куыд фæхынджылæг кодта! Мæнæ мæхицæн мæ царды дæргъы ахæстон куыд фæцарæзтон!»[1]

Васойы аивадон дзырд алы хатт дæр уыдис уæзгæ, хъуыддагылдзурæг. Нигер загъта: «Алы дæсныйадæн дæр ис хицæн æрмæг. Зæгъæм, архитектурæйæн – дур, сыджыт æ. æнд., музыкæйæн – мыртæ. Аив литературæйæн та – д з ы р д т æ».[2] Æмæ Малиты Васо у дзырды æцæг дæсны. Уыцы хъуыды æнæдызæрдыгæй хауы йæ литературон-критикон уацтæм дæр. Кæддæриддæр йæ бон уыдис ирон нывæфтыд литературæйы иумæйаг рæзт æмæ къуыхцыты, стæй йæ разылæууæг хæсты тыххæй æмбæлон ныхас зæгъын. Иу кæнæ иннæ фыссæджы сфæлдыстады тыххæй йæ ныхас кæддæриддæр уыд конкретон æмæ хъуыддагыл дзурæг. Уымæн ирд æвдисæн сты йæ литературон-критикон уацтæ æмæ йæ литературæиртасæн куыстыты æмбырдгонд.[3] Фыдæлтæй фæстæмæ: «Хъазты фидауц – фæндырдзæгъдæг»,[4] – фыссæджы æнтыст – йæ курдиат. Ирон æвзагмæ æндæр адæмты фысджыты уацмыстæ аив тæлмац кæнын дæр уырдыгæй цæуы. Æрмæст дзырдтæ нæ фæхъæуы ивын, фæлæ сын семæ хъуамæ рахæссай сæ зæрдæйы уаг, сæ уд æмæ уый алы хатт дæр бацæуы Васойы бон. Калоты Хазби куыд загъта: «…хъуамæ ахорæнтæ уой буархуыз æмæ сæфой кæрæдзи мидæг. Се ʻхсæн хъуамæ ауæдзтæ ма уа».[5]

---

[1] М а л и т ы  В а с о. Ацырухс. – Дзæуджыхъæу, 1980. – 278 ф.
[2] Н и г е р. Уацм. æххæст æмб. 3 т. Т. 3. – Дзæуджыхъæу, 1968. – 9 ф.
[3] М а л и т ы  В а с о. Писатель и время. – Владикавказ, 1987.
[4] П л и т ы  Х а р и т о н. Уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 1972. – 369 ф.
[5] К а л о т ы  Х а з б и. Уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 1976. – 126 ф.

Малиты Васойы курдиат ӕрдзон у. Ӕппынӕдзух йӕхи фӕхызта тыхаразгӕ, ницӕуылдзурӕг ныхасӕй. Алы хатт дӕр фӕтырныдта чиныгкӕсджытимӕ бадт, хъуыддагон, фӕлгонцон ныхас кӕнынмӕ. Ӕмӕ уый, романтикон базыртыл тӕхгӕйӕ, йӕ къухы бафтыд йӕ курдиаты фӕрцы.

## СПАЙДАГОНД ЛИТЕРАТУРӔ


1. А б а е в В а с о. Знаток и ясновидец // К о л л е к т и в а в т о р о в. Махарбек Туганов. – Цхинвал, 1986;

2. А б а е в В. И. Избранные труды. – Владикавказ, 1990;

3. А в т о р ы ар х и в ӕ й;

4. А д ӕ м о н с ф ӕ л д ы с т а д. Зарджытӕ, таурӕгъты, ӕмбисӕндтӕ. – Цхинвал, 1977;

5. А л е м а н ь А г у с т и. Аланы. – М., 2003;

6. Б а г ъ ӕ р а т и С о з у р. Зӕрди дуар. – Дзӕуджыхъӕу, 1988;

7. Б а р а т а ш в и л и Н и к ъ о л о з. Уацмыстӕ. – Цхинвал, 1968;

8. Б е д ж ы з а т ы Ч е р м е н. Ӕвзӕрст уацмыстӕ. – Сталинир, 1958;

9. Б е с т а у т ы Г и у ӕ р г и. Тӕхгӕ стъалы – поэзийы арвыл // Б а р а т а ш в и л и Н и к ъ о л о з. Уацмыстӕ. – Цхинвал, 1968;

10. Б и б о е в а И. Г. и К а з и т ы М. Р. Писатели Осетии. – Владикавказ, 2015;

11. Б л о к А л е к с а н д р. Собр. соч. в 6 т. Т. 2. – Ленинград, 1980;

12. Б о ц и т ы Б а р о н. Саст рӕхыс. – Дзӕуджыхъӕу, 1973;

13. Б р ы т ъ и а т ы Е л б ы з д ы х ъ о. Уацмыстӕ 2 т. Т. 1. – Дзӕуджыхъӕу, 1981;

14. Б р ы т ъ и а т ы Е л б ы з д ы х ъ о. Уацмыстӕ 2 т. Т. 2. – Дзӕуджыхъӕу, 1982;

15. Г ӕ д и а т ы С е к ъ а. Равзаргӕ уацмыстӕ. – Цхинвал, 1979;

16. Г ӕ д и а т ы С е к ъ а. Уацмыстӕ. – Дзӕуджыхъӕу, 1981;

17. Г æ д и а т ы  Ц о м а х ъ. Уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 1951;
18. Г а ф е з. Уæ бонтæ хорз, адæм! – Цхинвал, 1966;
19. Г а ф е з. Уацмыстæ, 1955;
20. Г и р е е в  Д а в л е т. Литературное наследие Махарбека Туганова // М а х а р б е к  Т у г а н о в. Литературное наследие. – Дзæуджыхъæу, 1977;
21. Д ж и м и т ы  Г и у æ р г и. Пьесæтæ. – Дзæуджыхъæу, 1958;
22. Д ж у с о й т ы  Н а ф и. Ирон аив дзырды сæрвæлтау. – Цхинвал, 1966;
23. Д ж у с о й т ы  Н а ф и. Балц ирон аив дзырды дунемæ 2 ч. 2 ч. – Цхинвал, 2014;
24. Д ж ы к к а й т ы  Ш а м и л. Цæф сæгуыты маст. – Дзæуджыхъæу, 1969;
25. Д з а с о х т ы  М у з а ф е р. Тæлмацгæнæгæй // Ш е к с п и р  У и л ь я м. Сонеттæ. – Дзæуджыхъæу, 2014;
26. Д з у г а т ы  Г е о р г и. Æхсызгон изæр // К о л л е к т и в  а в т о р о в. Махарбек Туганов. – Цхинвал, 1986;
27. Д з у ц ц а т ы  Х а д з ы-М у р а т. Удæгæстæй удæгасдæр. – Цхинвал, 1969;
28. Д з у ц ц а т ы  Х а д з ы-М у р а т. Уынгæгбоны сагъæстæ. – Дзæуджыхъæу, 2010;
29. Е п х и т ы  Т æ т æ р и. Уацмыстæ 3 т. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 1961;
30. Е п х и т ы  Т æ т æ р и. Уацмыстæ 3 т. Т. 2. – Дзæуджыхъæу, 1961;
31. Е п х и т ы  Т æ т æ р и. Уацмыстæ 3 т. Т. 3. – Дзæуджыхъæу, 1961;
32. З а в е р и н  М. Искания и принципы. – Тбилис, 1962;
33. З ы г и н а  В. Поэт, сын поэта / Северная Осетия, 2008. – 14 февраль;
34. К а л о т ы  Х а з б и. Уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 1976;
35. К а л о т ы  Х а з б и. Фыстæджытæ // Мах дуг, 1978. – № 1;
36. К а н у к о в  И. В осетинском ауле. – Владикавказ, 1985;
37. К в я т к о в с к и й  А. Поэтический словарь. – М., 1966;
38. К о з а т ы  Х а з б и. Рæстæджы домæн. – Цхинвал, 1986;
39. К о ц о й т ы  А р с е н. Æвзæрст уацмыстæ 2 т. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 1971;

40. К о ч ы с а т ы  М у х а р б е г. Уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 1977;
41. К у л и е в  К а й с ы н. Собр. соч. в 3 т. Т. 1. – М., 1987;
42. К ъ о с т а. Ирон фæндыр. – Дзæуджыхъæу, 1951;
43. К ъ у б а л т ы  А л ы к с а н д р. Уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 1978;
44. Книжное обозрение, 1987. – № 40;
45. М а л и т и  Г е о р г и. Ирæф. – Дзæуджыхъæу, 1986;
46. М а л и т ы  В а с о. Æз мысын // А в т о р т ы  к о л л е к т и в. Æрттигъ. – Дзæуджыхъæу, 1983;
47. М а л и т ы  В а с о. Æз мысын // А в т о р т ы  к о л л е к т и в. Æрттигъ. – дзæуджыхъæу, 1983;
48. М а л и т ы  В а с о. Æнусæй æнусмæ. – Дзæуджыхъæу, 1968;
49. М а л и т ы  В а с о. Авторæй // М а л и т ы  В а с о. Сурмейы хæдзар. – Дзæуджыхъæу, 1992;
50. М а л и т ы  В а с о. Ацырухс. – Дзæуджыхъæу, 1980;
51. М а л и т ы  В а с о. Гуыйман. – Дзæуджыхъæу, 1977;
52. М а л и т ы  В а с о. Мæйрухс æхсæвтæ. – Дзæуджыхъæу, 1965;
53. М а л и т ы  В а с о. Мусонг. – Дзæуджыхъæу, 2000;
54. М а л и т ы  В а с о. Ныстуан // А в т о р т ы  к о л л е к т и в. Критикон уацтæ. – Дзæуджыхъæу, 1990;
55. М а л и т ы  В а с о. Писатель и время. – Владикавказ, 1987;
56. М а л и т ы  В а с о. Рæстдзинады тæразыл // А в т о р т ы  к о л л е к т и в. Критикон уацтæ. – Дзæуджыхъæу, 1990;
57. М а л и т ы  В а с о. Рохсанæ. – Дзæуджыхъæу, 1970;
58. М а л и т ы  В а с о. Сурмейы хæдзар. – Дзæуджыхъæу, 1992;
59. М а л и т ы  В а с о. Уадзимистæ. – Дзæуджыхъæу, 2008;
60. М а л и т ы  В а с о. Фат æмæ æрдын. – Дзæуджыхъæу, 1963;
61.М а л и т ы  В а с о. Фыццаг фембæлд кæнæ Ирыстоны номдзыд поэт // А в т о р т ы  к о л л е к т и в. Поэзийы бон. – Дзæуджыхъæу, 1964;
62. М а л и т ы  Г и у æ р г и. Ирæф. – Дзæуджыхъæу, 1986;
63. М а м с ы р а т ы  Д æ б е. Уацмыстæ 6 т. Т. 1.- Дзæуджыхъæу, 1965;

64. М а м с ы р а т ы  Т е м ы р б о л а т. Ирон зарджытæ. – Дзæуджыхъæу, 1985;

65. Н и г е р. Уацм. æххæст æмб. 3 т. Т. 3. – Дзæуджыхъæу, 1968;

66. П л и т ы  Х а р и т о н. Уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 1972;

67. Р е д а к ц и о н  у а ц. Мæ Ирыстон! Дæ номæй бонджын дæн… / Рæстдзинад, 2013. – 19 февраль;

68. Т и м о ф е е в  Л. И. и Т у р а е в  С. В. Словарь литературоведческих терминов. – М., 1974;

69. Т л а т т ы  Х о х. Фын. – Владикавказ, 1911;

70. Т о г о ш в и л и  Г. Д. Избранные труды по кавказоведению. Т. 2. – Владикавказ, 2014;

71. Т о к а т ы  А л и х а н. Уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 1973;

72. Т у а т ы  Д а у ы т. Уацмыстæ 2 т. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 1969;

73. Т у г а н о в  Э н в е р. О близких друзях отца // К о л л е к т и в  а в т о р о в. Махарбек Туганов. – Цхинвал, 1986;

74. Т ы б ы л т ы  А л ы к с а н д р. Уацмысты æмбырдгонд. – Цхинвал, 1988;

75. У а л ы т ы  Л а в р е н т. Йæ дзырдтæ стъалытау судзынц / Рæстдзинад, 2008. – 14 февраль;

76. Ф æ р н и о н. Уацмыстæ. – Цхинвал, 1959;

77. Х а д ж е т ы  Т а й м у р а з. Чиныджы фарн // Мах дуг. – 1985. – № 1;

78. Х е т а г у р о в  К о с т а. Соб. соч. в 5 т. Т. 2. – М., 1959;

79. Х о д ы  К а м а л. Уацмыстæ 3 т. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 2009;

80. Х о з и т ы  Я к о в. Терчы зарджытæ. – Дзæуджыхъæу, 1982;

81. Х у ы г а т ы  С е р г е й. Сæрмагонд æрмдзæф / Рæстдзинад, 2008. – 14 февраль;

82. Х ъ а з и т ы  М е л и т о н. Ирон хæзна. Цхинвал – Дзæуджыхъæу, 2013;

83. Х ъ а м б е р д и а т ы  М ы с о с т. Уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 2002;

84. Х ъ о д з а т ы  Æ х с а р. Афæдзы фæллой // А в т о р т ы  к о л л е к т и в. Критикон уацтæ. – Дзæуджыхъæу, 1990ф4

85. Х ъ о д з а т ы  Æ х с а р. Сæйраг хæс / Рæстдзинад, 2016. – 11 февраль;

86. Х ъ о р о т ы Д а у ы т. Ироны сагъæс. – Дзæуджыхъæу, 1960;
87. Ц æ р а з о н С о с л а н. Алгъуызы кадæг. – Цхинвал, 2016;
88. Ц æ р у к ъ а т ы А л ы к с а н д р. Хурыскастыл / Рæстдзинад, 1965. – 29 декабрь;
89. Ч е х о в А. П. Записные книжки. – М., 2000;
90. Ш е к с п и р У и л ь я м. Сонеттæ (ирон æвзагмæ Гафезы ивд). – Цхинвал, 1984;
91. Ш е к с п и р У и л ь я м. Сонеттæ (ирон æвзагмæ Дзасохты Музаферы ивд). – Дзæуджыхъæу, 2014;
92. Ш е к с п и р У и л ь я м. Сонеттæ (ирон æвзагмæ Кокайты Тотрадзы ивд). – Дзæуджыхъæу, 2001.

Ф æ н д з æ м   с æ р

## ДАРДМÆУЫНÆГ ПОЭТ

### Фыдыбæстæ Скифироны поэзийы æнцой. Æмбæстагон сагъæстæ. Сидзæры мысинæгтæ. Хæсты фæдтæ. Царды уылæнтыл

Ирон аив литературæмæ Скифирон (Тедеты Рюрик) æрбацыд ныфсхастæй, æнæрцæфæй, дзырдфæразонæй æмæ дзы йæ царды фæстаг уысммæ баззад загъдæмхиц фыссæг æмæ литературæиртасæгæй.[1] Кæмæ фæмæсты уыдаид, уый ныхмæ тох кодтаид алы хуызы дæр. Бирæтæ дзы уый тыххæй уыдтой се сæфт. Уымæн-иу сын йæхæдæг арæзта сæ къух. Æмæ Гафезмæ куы фæмæсты, йæ хæларадон фыстæджы тыххæй йыл куы хъаст кодта, ома, националист у, уæд Федырмæ Плиты Грис фыста: «Абон уынджы амбæлдтæн Хъайтухъовыл æмæ мын дæ хабæрттæ кодта, Федыры къуыммæ бахастой, зæгъгæ, за пропаганду национализма. Уыцы цъыфхор, дам, дæ письмо сбирæ кодта машинкæйыл æмæ йæ байуæрста, иугъуызон кæимæ хъуыды кæны, уыдонæн сегасæн дæр.[2] Стæй йæм уый дæр фаг нæ фæкаст: «Бæргæ хорз нæ уыдис, уыцы цъыфхоры уе ‘хсæнмæ – фысджыты цæдисмæ кæй райстат, уый, уæлдайдæр та йæ Къуыдайраг Нафи наукæты кандидат кæй скодта, уымæй».[3] Æмæ уыдæттæ йæ хъустыл куы ‘рцыдаиккой, уæд Грисæн дæр нæ ныббарстаид.

Йæхæдæг йæ хъысмæты тыххæй суанг йе сфæлдыстадон фæндаджы райдианы скарста: «Даргъ фæндæгтæн сæ уæлхъус лæууон, Ма сыл цæуон, Уый нæу мæ бон. Æз мæ алы фарс талынг уынон, Ма срухс кæнон, Уый нæу мæ бон» («Нæу мæ бон»).

---

[1] Д ж у с о й т ы   Н а ф и. Ирон литературæ 1970 – 1980 азты//Д ж у с о й т ы   Н а ф и, М а м и а т ы   И з е т æ, Х ъ а з и т ы   М е л и т о н. Ирон литературæ. 11-æм къласæн. – Цхинвал, 2012. – 134 ф.
[2] П л и т ы   Г р и с. Фыстæджытæ. – Дзæуджыхъæу, 2013. – 31 ф.
[3] Уый дæр уым.

Адæймагæн царды цæмæй исты бантыса, уый тыххæй йын æрлæууын æмбæлы, йæ бон цы у, уыцы хъуыддаджы сæр. Уæд йæ куыстæй йæхи зæрдæ дæр барухс уыдзæнис æмæ искæй зæрдæ дæр. Поэт Ирыстоны тыххæй уымæн æргомдзырд æмæ фæндвидар у:

*Æз Ирыстоны буцæй цæрон,*
*Ма йæ уарзон,*
*Уый нæу мæ бон.*
*Дзыллæты фырт æнæ Ир ысуон,*
*Уый нæу мæ бон,*
*Уый нæу мæ бон!..*[1]

Йæхи чи нæ уарзы, уый искæй дæр нæ бауарздзæнис. Авторæй цæуæг эгоизм литературæйæн фыдæхы хос у. Джыккайты Шамил дзырдта: «…цард зонын, цауты мидис арф æмбарын, ирд хъуыдытæ сыгъдæг æвзагæй дзурын, æмдзæвгæйы алы рæнхъыл бæстон кусын. Уыдон сты æцæг курдиаты нысæнттæ».[2] Стæй æрмæст нысæнттæ не сты, фæлæ æнæ уыдон фыссæджы къухы аивадон æнтыст нæ бафтдзæнис. Æмæ куыд уынæм, афтæ сæм æвзонг поэт æппынæдзух уый тыххæй тырныдта.

Раст уыд, зылын уыд, уæддæр йæ уды æфхæрд йæ туг-стæгæн дæр нæ барста. Йæ уды рæстдзинады тыххæй Хуыцауимæ дæр стох кодтаид. Уымæн æмæ ахæм уыдис йæ удыхъæд. Гуырдзæй йæ рахаста. Нæ йын уыд фæивæн. Нæ дæр архайдта йæ фæивынил.

Ивгъуыд æнусы стайæм азты кæрон уыдтæн ССР Цæдисы Литературон фонды Хуссар Ирыстоны хайады хицау. 1989-æм азы бæстæ сызмæст. Нæ фыдбоны сыхæгтæ Цхинвалмæ æрбафсæрынмæ мæнæ-мæнæ кодтой. Сæ дардæй æртхъирæнтæм тæлтæг лæппуты дæндæгты хид калд. Фæндыд сæ нæ фæтæрсын кæнын, нæ фыдæлты зæххæй нæ фæсурын. Мах дæр нæ мæцъис

[1] Т е д е т ы Р ю р и к. Уадындз. – Цхинвал, 1961. – 18 ф.
[2] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Ирон литературæйы истори. – Дзæуджыхъæу, 2003. – 431 ф.

къухтæ дардыл тылдтам. Адæмæй чи куыд мæгуырзæрдæдæр уыд, афтæ сæ уд сæ кой уыдис. Рюрик дæр, æвæццæгæн, сфæлмæцыд уыцы цардæй. Æндæр бон æй нал уыд, фæззæджы къæсæрыл хъуамæ æнæмæнг ацыдаид фысджыты сфæлдыстадон хæдзармæ æмæ бакуыстаид уым. Уымæйдæр, дыууæ мæйы – фæд-фæдыл. Стæй, æрмæстдæр, Ленинграды цур «Комарово»-йы. Æндæр никуы! Нæ йæ фæндыд йæ рæстæг дзæгъæлы сафын.

Уый цы сфæнд кодтаид, уый æнæмæнг, йæ уд аскъуыдтаид, фæлæ хъуамæ сарæзтаид. Бон иу уыд, уый мæм цалдæр хатты цыд: Литфондмæ йын телефонæй фæдзур, тел сæм ратт, фыстæг сæм ныффыс…

Иу балцæгыл не сразы. Иннæ, дам ын йæ фæдыл райс, цæмæй йын исты бакусын бантыстаид. Æмæ сæ куы райстон, уæд ныццин кодта сывæллонау. Фæлæ уайтагъд йæ цин æрбайсæфт. Сæ уæлæ фыст уыдис, кæй сты фæйнæ 165 сомты аргъ, Литфондæй та кæцыдæр Воронины номæй тел райстон, кæй сын хъуамæ бафыстаид фæйнæ 180 сомы. Уæлдай ракæ-бакæ мæ нæ фæндыд. Аргъты æхсæн хицæндзинад уыд 30 сомы. Куырдиат ын ныффыссын кодтон æмæ йæм цы ‘мбæлд, уымæй уæлдай йын радтон 60 сомы, цæмæй мын уыцы змæст рæстæджы мæ рæстæг мауал истаид æмæ сфæлдыстадон хæдзары кусджыты дæр уæлдай рафæрс-бафæрс ма кодтаид.

Куыннæ сразы уыдаид. Троянæгты зæрдæтæ дæр ма се сафæг данайæгты лæвар Тройæйы бæхмæ куынæ фæлæууыдысты.[1] Æмæ дзы сæхи сарæзтой. Ацыд уый дæр фысджыты сфæлдыстадон хæдзармæ. Уæддæр мæм кæфты мæйы 15-æм бон уырдыгæй фыста: «Мæ путевкæты аргъæй уый базыдтон æмæ Мæскуыйы литфонд фæрæдыдысты – путевкæйы аргъ 180 сомы нæу, фæлæ йыл фыст куыд уыдис, афтæ – 165 сомы».[2] Куыд мын загъта, куы æрыздæхт, уæд, афтæмæй уыдонæй та, – Мæскуыйы Литфондæй, – 200 сомы байста. Æцæг, йæ фарсæй фесты – фæстæмæ фæндагыл æй Ергнеты æрцахстой неформалтæ, æмæ ма сæ тых æмæ фыдæй раирвæзт. Фæлæ йын ацы цау йæ характеры тыххæй радзырдтон. Йæ уды уыцы сконд

[1] Г о м е р. Сочинения. – М., 2002. – 667 ф.
[2] Авторы архивæй.

йæхæдæг дæр мæнæ-мæнæ никуы ‘мбæхста нæдæр – царды, нæдæр – аивады. Секъайы загъдау: «Иунæгæй хæйрæг зындоны цæрæд».[1] Алыхатт дæр æй дзырдта сæрыстырæй («Нæ дæн мæнгард лæг – дæн æндæр…»):

*Нæ дæн мæнгард лæг – дæн æндæр,*
*Хуыцау кæй нæ хизы рæдыдæй,*
*Дæлтъур дæлимонты рæвдыдæй*
*Æвиппайд чи фесты æндæрг…*

*Куы нæ мын кæны ме знаг арфæ,*
*Фыдæх куы нæ вæййы мæ риуы,*
*Уæддæр мæ ныхасæн йæ риуыгъд*
*Ныхсы кæйдæр зæрдæйы арф…*[2]

Ахæм зæрдæйы уагимæ М. Салтыков-Щедрины «хозяйственный мужик»[3] суæвын æнцон у, хъыгагæн. Алцы дæхи пайдайæн куы ласай, уæд уыцы ласæггæгтæй бирæтыл къуыдыртæ баст вæййы. Æмæ, бæргæ, пайда куы цæуа, уæд зианыл фæхъæцын хъæуы, фæлæ алæбон дурын дон нæ хæссы. Æмæ Скифироны лирикон хъайтар кæй хъыг райсы, кæуыл нæ бацуарды цæфæй-рæхуыстæй, уый йæ кæй бафхæры сæрхызтæй, уадз, йæ зæрдæйы судзгæ тыппыртæ суадзыны тыххæй дæр, уыцы мастæй фæкæуы. Уæддæр, кæмдæр йæ зæрдæйы арфы йæхицæй буц у поэты лирикон хъайтар. Буц у, хин æмæ кæлæн йæ уды мыггагмæ кæй не ‘рцæрынц æмæ йæ удхарæй кæй нæ марынц. «Лæгæн йæхицæй аразгæ у алцы æмæ фæлтау уый цудæд балцы, фæлæ йын иу ран нæй лæууæн…»

Иуран лæууын æмæ аивадæн иумыййагæй ницы ис. Дзуццаты Хадзы-Мурат дзырдта: «Поэзи у адæймагæн йе ‘ппæт цинтæ æмæ хъыгтимæ, йæ зæрдæйы алыварсон вазыгджын рæстдзинадимæ. Поэзи ис, адæймаг æмæ

---
[1] Г æ д и а т ы С е к ъ а. Азау. – Дзæуджыхъæу, 1981. – 61 ф
[2] С к и ф и р о н. Лирикæ – 2. – Цхинвал, 1980. – 154 ф.
[3] Т ю н ь к и н К. Салтыков-Щедрин. – М., 1989. – 563 ф.

рæстæг цæмæй цæрынц, уыдонæй алцæм дæр»,[1] – æмæ адæймаг æмæ рæстæгæн та иуран æрлæуд нæй. Иу ран чи лæууа, уый дæр нæ уыдзæнис хызт лирикон хъайтары ‘мбисондæй – зæвæтдзæгъдæн æмæ утæхсæн кæндзæнис дæлимонты ‘хсæн. Æппынæдзух хъæуы змæлын, размæ тырнын. Уадз, В. Короленкойы прозæйæ фыст æмдзæвгæ «Огоньки»-йы[2] рухсмæ цæуæгау дæр уæд. Кæмæ нæ хæццæ кæнай, уыцы рухс дæр дæ, цыдæр кæлæнгæнæг тыхау кæнæ, поэзийау, æхцонæй сайдзæнис йæхимæ.

Скифироны та æрмæст поэзи нæ сайдта йæхимæ. Æппынæдзух куыста уæхскуæзæй. Фадат ын фæцис, зæгъгæ, æхсæнадон куыстæй, хæдзарæй йæхи атона, уæд йæ фæндаггæгтæ алы хатт дæр уыдысты дардыл тыгъд æмæ-иу ын йæ ауусон дæр ничи уал ауыдтаид. Фæбалц-иу, сæрибар кæм уыдаид, архивтæ кæм къахтаид, ахæм искуыдæм æмæ-иу ын куыстæй нал уыдис æфсис. Куыстæй нæуæг кодта. Стæй рæстæджы домæнтæм уыдис тынг къæрцхъус. Зыдта, кæд æй цы æмæ куыд аразын хъæуы.

Йæ фыццаг чиныг «Уадындз»-æй йын уымæн дзырдтой: «Æвзонг поэт зары йæ фæлтæры цинтыл, сагъæс кæны йæ адæмы хъыгтыл, райы царды уæлахиздзинæдтыл. Æвзонг фæлтæр, царды фидæны хъысмæт кæй къухты уыдзæн, уыдоныл у поэты зарæджы сæр».[3] Æмæ поэт кæд йæ фыццаг æмдзæвгæты Ирæн ард хордта: «Æз райгуырдтæн æмæ цæрын дæуæн. Æнæ дæу мæ ницы хъæуы зæххыл!.. Ды мын мæ зæрдæбын дзырдтыл æууæнд, Æз дын мæ зæрдиаг уарзт дæттын» («Мæ Ир»), – уæддæр ын уый уыдис æрмæстдæр рæстæгмæйы поэтикон сомы.

Уæдæ, афтæ кæй дзырдта, саби чи нал уыд, советон дуджы поэттæ политикты ардыдæй табу кæмæн кодтой, уыцы Октябры тыххæй: «Октябрь – æвидигæ уæлахиз… Хæрын йæ цæрайæ кæрдзын» («Октябрь ызноны саби нал у…») кæнæ: «Партимæ куы цыдтæн Уæд æз ард нæ бахордтон, Нæ мæ хъуыди арды сæнтхъæр, – Фæлæ мæ фæндыди, Цæмæй йын Мæ цардцæрæнбонтæ зынг сомыйау уой, – Йæ тох уа мæ тох, Йæ фарн уа мæ

[1] Д з у ц ц а т ы Х а д з ы-М у р а т. Бæрндзинад. – Цхинвал, 1976. – 150 ф.
[2] К о р о л е н к о В. Г. Река играет. – М., 1984. – 295 ф.
[3] Г а г л о й т ы В л а д и м и р. Тедеты Рюрик // А в т о р т ы к о л л е к т и в. Хуссар Ирыстоны фысджытæ. – Цхинвал, 1967. – 290 ф.

фарн, Йæ кой уа мæ кой!..» («Партийы тыххæй»), – уыдæттæ, рæстæджы комулæфтæй рæвдыд æййафын æмæ мыхуырмæ цæмæй йæ фæндæгтæ сыгъдæгдæр уыдаиккой, уый охыл дзырдта. Стæй йæ комкоммæ йæхæдæг зæгъы, цæмæй партийы номæй уыдаид йæ къахыл лæууынхъом. Цыдаид партийы фæрцы размæ. Коцойты Арзены загъдау: «Хуызæн хуызæны агуры».[1] Æмæ, поэтæн куыддæр йæ нуар фæфидар, афтæ йæ домæнтæ цæхгæр фæуæрæхдæр, фæарфдæр сты.

Поэты лирикон хъайтар куы федта, йæ цард куыд «тындзы йæ фæндагыл, бæлццонау, нæ йæ уромынц хæхтæ, фурдтæ, хъызт», цæлхдурты астæуты «зæлланг кæнгæ иронау, нырма æдас-æдæрсгæйæ куыд хызт, гъе, афтæ тары дæр, уæлахиздзау тæрк-бонау» йæ фæндагыл тындзы йæ цард, уæд ыл ныхъхъуыды кодта бæстондæр. Цард кæй нæ хæссы, уый М. Лермонтовы загъдау: «С кого они портреты пишут? Где разговоры эти слишат?»[2] («Журналист, читатель и писатель»). Æмæ æппæт дæр сбарста поэт, бонзонгæ адæймагæн куыд æмбæлы, афтæ. Скодта сын йæхи поэтикон æмæ сентименталон аргъ æмæ йæ хъуыды, искæмæ хорз фæкæсдзæнис æви æвзæр, уæддæр алыг кодта цæхгæр йæхирдыгонау:

*Нæ бауарзтон романтикон дзæнгæда,*
*Къæбæрсайæн «Мæ Ир!», «Мæ Ир!» кæнын, –*
*Фыдæлтыккон ирон цирхъы дзæнгæлтæ,*
*Аланты хаос, фат æмæ æрдын*
*Нæ бауагътон мæ зæрдæмæ æппын*
*Æмæ кæсаг нæ ахсын, сонт дзæгъæлтау,*
*Историйы фыдызмæст доны бын.*
*Мæ ныхас пакъуы нæу, уæззаудæр у цæнгæтæй,*
*Фæлæ зæрдæйæн рог – раст цæхх æмæ кæрдзын, –*
*Гъе, уый тыххæй мæнмæ кæсы æгадау*

---

[1] К о ц о й т ы  А р с е н. Уацмыстæ 2 т. Т. 2. – Дзæуджыхъæу, 1972. – 83 ф.
[2] Л е р м о н т о в  М. Ю. Собр. соч. в 4 т. Т. 1. – Л., 1979. – 432 ф.

*Къæбæрсайæн романтикон дзæнгæда…*

Æмдзæвгæ афтæ æнæнхъæлæджы нæ фæуд кæны. Дзырд «романтикæ» «было впервые употреблено художником Джоном Эвелином при описании окрестностей Бата. Позднее, в начале XVIII в. это слово использовалось уже многими писателями и поэтами, в том числе и теми, которые обычно ассоциируются в нашем сознании с понятием «классицизм». Например, А. Поуп называет свое состояние романтическим, связывая его с неопределенностью, зыбкостью чувств».[1]

Романтизм бæрзонд æвæрдтой Къубалты Алыксандр æмæ Малиты Геуæрги. Советон дуджы та, уæлдайдæр, йæ райдайæнæй фæндзайæм азтæм, хицæутты цæсты нымад уыд уæлдайагыл. «Нæ бæстæйы советон дуджы сæйраг литературон методыл нымад цыдис социалистон реализм. Йæ сæрхъызойтæ фаудтой романтизмы здæхт, æгад бынаты сæвæрдтой символизм»,[2] – рæстагæй дзырдта Джыккайты Шамил. Уымæ гæсгæ сæм сæхи æппæрстой стæм удуæлдæйттæ. Ирон поэттæй романтизмы басгуыхтысты Къубалты Алыксандр, Нигер, Плиты Грис, Цæрукъаты Алыксандр, Дзаболаты Хазби, Бестауты Гиуæрги, Малиты Васо, Джыккайты Шамил, Хаджеты Таймураз…

Уæды партион «бодзтæм» реализм нымадыдæр уыдис, кæд ыл разæфтуан «соц» афтыдтой, уæддæр. Литературæйы раздзогтæй дæр уый пропагандæ кæнын домдтой. Гафез æрмæст эпик нæ, фæлæ гъæйтт-мардзæ лирик уыд афтæмæй дзырдта: «…æвзонг поэттæй чидæртæ адзæгъæл сты æнæуд, сылваз лирикæйы фæдыл, фæлæ фæдзæхст æрцыдысты афоныл æмæ уыцы цухдзинæдтæ рараст сты»,[3] – æмæ не ‘мбæрста йæ дзырдты хъуыды?

Тынг хорз сæ æмбæрста. Æмæ барвæндæй не ‘рæвнæлдтаид, цы бæласы цонгыл бадт, уый лыг кæнынмæ. Фæлæ Дамоклы кард дæ сæрмæ æртъæпп

---

[1] С о л о в ь е в а Н. А. Английская литература. Общая характеристика // К о л л е к т и в а в т о р о в. История зарубежной литературы XIX века. – М., 1991. – 114 – 115 ф.

[2] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л.Лирикон поэзийы поэтикæ//Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л, Г у æ з д æ р т ы А з æ, Д ж ы к к а й т ы З æ р и н æ. Ирон дзырдаивад. – Дзæуджыхъæу, 2005. – 5 ф.

[3] Г а ф е з. Нæ литературæйы æнтыстытæ æмæ дарддæры хæстæ // Фидиуæг, 1959. № 1. – 80 ф.

кæнынæввонгæй куы уынай, уæд истытæ кæндзынæ. Скифирон дæр «къæбæрсайæн романтикон дзæнгæда»-йы кой барвæндæй нæ кодта. Цы рæстæджы йæ дзырдта, ууыл куы ахъуыды кæнæм, уæд æй бамбардзыстæм.

Æнæуый алкæмæн йæ бар йæхи у. Кæмæ реализм хорз кæсы, кæмæ – романтизм, кæмæ – фантастикæ, кæмæ – утопи… Сæйраг, цы литературон ссадвæдыл кусай, уый нæу; ахсджиаг у, цы дзурай æмæ йæ куыд дзурай, уый.

Зæгъгæ, ирон литературæйы пролеткульты рæстæджы англисаг литературæйы сæрыстырдзинад Даниель Дефо фæзынд æмæ ирон æвзагыл «Робинзон Крузо» сфæлдыста, уæд æй уæлхъæдæй сфизонæг кодтаиккам æмæ нын куыйты холы фæуыдаид. Жан Жак Руссо та йæ Хуыцауы цъупмæ систа: «Эта книга будет первой, которую прочтет мой Эмиль,[1] она долгое время будет составлять всю его библиотеку и навсегда займет в ней почетное место. По ней мы будем проверять степен развития наших суждений… ее чтение всегда будет нам приятно…»[2]

Уымæн æмæ йын уыцы чиныг у зонды хос дæр, хъомылады дæнцæг дæр, хъуыды рæзынгæнæг дæр, цард æмæ аив литературæйы рæзт æвдисæг дæр. Сæрыстырæй уымæн зæгъы: «Что же за волшебная книга? Аристотель? Плиний? Бюффон? Нет: это «Робинзон Крузо».[3]

Скифирон реалист уыд, реалистон цæстæнгасæй кастис дунемæ. Æппынæдзух йæхиимæ, Ирыстонимæ, цардимæ, дугимæ, йæ оппоненттимæ кодта тох. Дуæрттæ йын парахатæй гом кæм уыдысты, уым дæр сæ йæ риуы æмбæрц йæ разæй куы бахастаид, уый-иу æй фæндыд. Йæ царды цыбыр рæстæг ын уыдис цæрыны фаг дæр æмæ тохы фаг дæр.

Цæргæ-цæрæнбонты хæрзтæ иу схуыст ныхас уазал доны къусы сæфт фæкæны. Хылгæнæджы сæр та цæфтæй фылдæр ницы ‘ййафы. Масты фаг-иу æм арæх æрхаудта мыхуыры дæр. Йе ‘мкарæн поэттæ Æлборты Хаджумар, Хъодалаты Герсан æмæ Плиты Феликсы сфæлдыстадтæй чи «цы раны ис?», ууыл дзургæйæ, афтæ кæй аскъуыддзаг кодта, зæгъгæ, иу дæр дзы поэзийы

[1] Р у с с о Ж а н Ж а к. Роман «Эмиль или О воспитании»-йы хъайтар.
[2] К о л л е к т и в а в т о р о в. Зарубежная литература XVII – XVIII вв. – М., 1982. – 164 ф.
[3] Уый дæр уым.

раны нæй æмæ фидарæй кæй расидт: «Тох самайын хъæуы, ныллæгидейон æмæ ныллæгаивадон æмвæзадыл фыст цы уацмыстæ ис, уыдон ныхмæ. Тох – джиппæйфыст цъыбар-цъыбуры ныхмæ – æцæг поэзийы сæрвæлтау»,[1] – ууыл Дзуццаты Хадзы-Мурат фæхъыг: «Диссаг у Скифироны ныхас: «Æвæццæгæн, лæгæн иууыл зынаргъдæр цы у, ууыл стæм хатт фæдзуры, уый дæр, йæ бон æнæдзургæйæ куынæ уал вæййы, уæд». Дунейы поэзи незаманæй фæстæмæ дзуры, зынаргъ ын цы у, ууыл – фыдыбæстæйы уарзтыл, сылгоймагмæ уарзтыл, лæгуарзон æнкъарæнтыл; дзуры ма, зынаргъ ын цы нæу, ууыл дæр. Æмæ афтæ куынæ уаид, уæд поэзи цы бауаид?»[2]

Æмæ Скифиронил, чи зоны, йæ тæвдæй кæнæ æгæр æнæрцæф кæй стæм, уый тыххæй æгæр алæгæрста, йæхийау, фæлæ Хадзы-Мураты ныхасы ис, куыд акæнынц, йæхи рæстдзинад: «Скифирон зæгъы, зæгъгæ, нæ поэттæ Къостайæ фылдæр нæ уарзынц Ирыстоны æмæ, Къоста дзырд «Ирыстон» цал хатты загъта, уыдон ранымадта. Къоста, дам, «Мæ ИР, мæ Ир» йæ былы алгъыл нæ дардта. Раст у: йæ былы алгъыл æй нæ дардта, æцæг поэттæ былалгъæй нæ кусынц, фæлæ зæрдæйæ. Æцæг поэзи, дам, «Ирыстон, Ирыстон! Алантæ, алантæ!» хъæр кæныны нæй. Раст у: хъæр кæныны нæй, æцæг поэттæ хъæр кæнынæй поэттæ не сты. Фæлæ, цымæ, гъæйтт-мардзæ хъуыды æмæ æнкъарæнæй йедзаг уацмысы «Ирыстон, Ирыстон» дæсгай хæттыты дæр куы уа, уæд Скифирон цы зæгъид?»[3]

Дзуццайы-фырт йæ фарстæн дзуапп кæны йæхæдæг: «Махмæ бирæ æмдзæвгæтæ ис Ирыстоны тыххæй æмæ сæ æвзарæм, иннæ æмдзæвгæты куыд æвзарæм, афтæ – идейон-аивадон хæрзхъæдмæ гæсгæ. Æцæг поэт, кæм нæ хъæуа, уым канд «Ирыстон» уæлдай хатт нæ зæгъдзæн, фæлæ ма æндæр дзырдтæ дæр. Кæм хъæуа, уым та йæ зæгъдзæн, æнæ искæй бафæрсгæйæ».[4]

«Къæбæрсайæн «Мæ Ир, мæ Ир» кæнæнын» нæ бауарзтон, зæгъгæ, уый Скифирон нæдæр фыццаг загъта, нæдæр – фæстаг. Уацы йæ кой скодта 1965-æм азы, æмдзæвгæйы – 14.05.1967 азы. Уыд Бестаумæ дæр («Ма кæ»):

---

[1] С к и ф и р о н. Фæндæгтæ æви алвæндæгтæ? // Фидиуæг, 1965. № 10.
[2] Д з у ц ц а т ы Х а д з ы-М у р а т. Бæрндзинад. – Цхинвал, 1976. – 137 ф.
[3] Уый дæр уым, 138 ф.
[4] Уый дæр уым.

*Ма кæ, ма мын дзур иудадзыг*
*Рухс Ирыстонæй «Уарзын æй».*
*Цинæй зæрдæйыл чи ‘ндæдза,*
*Уый æмбæхстæр ран дардзынæ!*[1]

Фæлæ йын уый тыххæй ничи дæр йæ сæр ныххафта, ничи дæр ын уайдзæф бакодта. Стæй дзы хъыгаг дæр ницы ис. Алкæмæн дæр ис йæхи хъуыды зæгъыны бар, кæд искæй æнæ аххосæй æфхæрынæн кæнæ марынæн нæ уа æмæ фыдбылыз никæмæн хæсса, уæд. Æмæ уыдон, Скифироны тыххæй йæ удæгасæй мыхуырмæ чи хæццæ кодтой, уыцы уацты кой кæнæм. Уымæн æмæ сæ йæхæдæг дæр уыдта. Стæй сын, гæнæн уæвгæйæ алы хатт дæр дзуапп лæвæрдта. Уæд мыхуыр чи не ‘рцыдысты Рюричы тæсæй, уыйфæстæ кæй бадзæппытæ чындæуыд, уæд, дам мын фадат нæ фæцис хурмæ йæ рахæссынæн, уыдоны тынг бирæ фыддæртæ уынæм.

Плиты Грис æрмæст стыр поэт æмæ драматург нæ уыдис, фæлæ уыд диссаджы юморист дæр. Йæ сатирæ та дзæнгæлтæ кодта. Йæ нывæфтыд уацмысты сæ куыд пайда чындæуыд, уый цымыдисон æмæ сæрмагонд фарст у, фæлæ йæм бынтон диссаг сты йæ эпистолярон сфæлдыстады. «Фæкæуын, фæхудынæн дæр фаг».[2] Æмæ Джусойты Нафимæ йæ иу фыстæджы афтæ: «Лæппутæ мæ знон-æндæрæбон худæгæй амардтой: Мæскуыйæ, дам æрцыди цавæрдæр къорд, уырыссаг литературæйы Пушкины темæйыл чи кусы, ахæмтæ, архивты, дам, ссардтой Пушкинмæ иу куплет иронау фыстæй, уымæй дæр Терючы тыххæй:

*«Терюк! Цæй мæгуыр дæ, куыд тыхсыс! –*
*Нывыл чернила дæр дæм нæй,*
*Æмæ статьятæ дæр фæфыссыс*

[1] Б е с т а у т ы  Г и у æ р г и. Царды цин. – Цхинвал, 1962. – 43 ф.
[2] П л и т ы  Г р и с. Æвзæрст уацмыстæ 2 т. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 1973. – 92 ф.

*Ӕрра хъæддаг куыдзы сæтæй!»*

Молодцы! Какая точность попадания, прямо по-пушкински!»[1]

Фæлæ йæ сатирæ дымгæмæ нæ калдта. Грисæй зæгъын. Уыдис-иу ын бындур. Ӕмæ йын, кæй кой скодтам, уыцы рæнхъытæ цæй тыххæй рантыстысты, уый охыл загъта: «Фæстаг хатт Терюк ам куы уыдис,[2] уæд ахъæр кодта, секретарь **Джусойты Георги**, дам, буржуазон национализм быгъуы кæнын кæй нæ уадзы Хуссар Иры, уый фæдыл æй куыстæй систой. Тимафе дæр æй фехъуыста, дзырдта фæсивæдæн, æмæ марды хуызæттæ фесты нæ амы хæлæрттæ иууылдæр. Фæстæдæр Георгийы (Бестауты) æмæ Федыры фарстон, æцæг у, зæгъын, уыцы хабар, æмæ «нæ» куы загътой, уæд нæ иузæрдион адæм сулæфыдысты».[3]

Нæ ирон адæммæ мардæй æвзæр ничи дзуры. Кæнæ дзы хъуамæ хорз зæгъай, кæнæ йæ кой ма ракæнай. Скифироныл, йæ удыгасæй йæм комкоммæ бакæсын чи нæ уæндыдис, ома, мацæуыл мæм фæхъыг уа, уыдонæй йыл чидæртæ мæрттыбæстæм цъыф бакалыл ацархайдтой, фæлæ марды номыл цъыф нал фæхæцы. Уымæн æвдисæн – Сталин. Ууыл цас цъыф калынц, фæлæ йæ кад хизы бæрзондæй-бæрзонддæр. «Ӕвæццæгæн, афтæ арæзт у нæ цард, æвæццæгæн, ахæм бындурон уаг ис адæймаджы зæрдæмæ æмæ, галиу хъуыддагыл чи ацахуыр уа, уымæн фæстæмæ зын раздæхæн вæййы»,[4] – дзырдта Коцойты Арсен.

Скифиронмæ уыдис ахæм хабар дæр æмæ йын исты хорзы куы ракодтаис, уæд дзуттаджы хæсы дæр бацыдаид, фæлæ дæ разы къæмдзæстыгæй ма хъуамæ баззадаид.

Ӕз та сæ кой уымæн кæнын æмæ чиныгкæсæг Скифироны, стæй иннæ фысджыты тыххæй дывæрсыг хъуыдытыл куы ‘мбæла, уæд хъуамæ фидарæй зона иу хъуыддаг: аивады кусæгæн, искæй куы фелгъита, уæддæр уымæй нæ аргъ кæнынц, фæлæ йын фæкастæуы, хорзæй йын цы бантыст, уыдонмæ.

---

[1] П л и т ы  Г р и с. Фыстæджытæ. – Дзæуджыхъæу, 2013. – 266 ф.
[2] Ома, Дзæуджыхъæуы (Автор).
[3] П л и т ы  Г р и с. Фыстæджытæ. – Дзæуджыхъæу, 2013. – 266 – 267 ф.
[4] К о ц о й т ы  А р с е н. Уацмыстæ 2 т. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 1971. – 106 ф.

Ӕмæ Скифирон ирон нывæфтыд литературæ формæйæ дæр, мидисæй дæр фæхъæздыгдæр кæнынæн цъус нæ сарæзта.

Цы ‘мдзæвгæйы кой нæм уыдзæнис, «Цырты райдайæн», уый куы ныффыста, уæд ын эпиграфæн равзæрста А. С. Пушкины зындгонд поэтикон рæнхъ: «Я памятник себе воздвиг нерукотворный»,[1] – афтæмæй бирæтæм фæкаст диссаг, Ирыстонимæ быцæу кæнынæй, Ирыстонæй йæхицæн лæггæдтæ домынæй куыд хъавы йæхи номыл кады цырт сæвæрынмæ? Уæлдайдæр, кæд уыдис афтæ æмæ поэт йæ Фыдыбæстæимæ быцæу кæна? «Мæ Ир!», «Мæ Ир!» чи кæнынц, уыдон дзы къæбæр сайынц кæнæ, сонт дзæгъæлтау, кæсаг ахсынц «историйы фыдызмæст доны бын»?

Афтæ кæй у, уый тыххæй йæ бирæтæ фенхъæлдтой, Ф. Энгельсы дзырдтæй дзургæйæ, «догма» нæ, фæлæ «руководство к действию».[2] Алчи йæхи мæсыгæй куы фæхæцы, уæд æм хæст йæхирдыгонау фæзыны. Скифирон та уыдис, Л. Соловьев Ходжа Насреддины «возмутитель спокойствия» куыд схуыдта, ахæм.[3] Ӕмæ кæй сабыр цард «змæста», уыдон æм куыннæ хъуамæ ныхылдтаиккой æмæ дзы абон дæр сæ хъуын арц бады.

Ӕниу дзы диссагæй ницы ис. Уый царды фæтк у – тæразы дыууæ къусæй иу уæззаудæр куы уа, уæд зæххырдæм цæуы; иннæ къус, кæй зæгъын æй хъæуы, фесхъиуы хæрдмæ. Ӕгæрыстæмæй, сæ кæрæдзи дæр нал ауынынц. Нал сын вæййы, сæ кæрæдзи цæмæй æмæ цæмæн æнкъарой æмæ æмбарой, уыцы фадат. Поэт зоны, Ирыстон, ирон æвзаг ын чи сты, цæмæн сæ у сæрыстыр æмæ уыдонимæ цæмæн цæуы дунемæ, цы сын у зæгъинаг. Ӕнæзындгонд ын нæу, уыдонимæ кæйфæнды раз дæр кæй никуы уыдзæнис сæрныллæг æмæ йын кæй уыдзысты кады хос:

*...Ирон дзырд циу мæнæн, кæнæ мын циу Ирыстон,*
*Уый зонын хорз, æнæ зонгæ йын нæй.*
*Куынæ мын уаид, уæд кæнын гæныстон,*

[1] П у ш к и н А. С. Собр. соч. в 10 т. Т. 2. – М., 1974. – 385 ф.
[2] М а р к с К. и Э н г е л ь с Ф. Сочинения. Т. 36. – М., 1964. – 488 ф.
[3] С о л о в ь е в Л е о н и д. Возмутитель спокойствия. – М., 1940.

*Мæ зæрдæ тонид катайæ, мæтæй.*
*Фæлæ куы уаид иунæг, уæд мæ рыст бон*
*Æнæ дуне фæкæнид мæн мæрдтæй, –*
*Æмæ йыл басæттон: иронау æз цы фыстон,*
*Уый номхуындæй у дунейы тыххæй,*
*Дунейы дуар кæнын мæ мадæлон дзырдæй.*
*Æнæ дæлæ-уæлæ мæ зарæгæй æвдыстон:*
*Ирон дзырд циу мæнæн, кæнæ мын циу Ирыстон…*

Дунемæ алчи йæхи номæй цæуы. Уый хъуамæ алы адæймаг дæр зона. Евангелийы дзырдæуы: «Имеющий уши слышать да слышит».[1] Æмæ поэт дунейы дуар алы хатт йæ мадæлон æвзаджы дзырдæй хъуамæ гом кæна, уæдæ, цы. Бестауты Гиуæрги уымæ бæллыд: «Алы ран æхсæв куы срухс уа бонау», уæд йæ зæрды уыд, «Иумæйаг æвзагмæ гъеуæд мах дæр Иу дзырд хъуамæ бахæссæм иронау», «цæмæй, ирон фæндыры тагау, уыцы дзырд нæра тъымы-тъыматæм» [2] («Иу дзырд»).

Фæлæ уд йæхи кæмæн æмæ цæмæн нывонд кæна, уый йын, царды ‘гъдæуттæм гæсгæ, хъуамæ цæмæйдæр дзуапп дæтта. Уыимæ йын æнæмæнг рæзын кæна йæ уды райстбавæрд бæллицтæ. Дзырд материалон æфтиæгтыл, гъе, бакастыл нæ цæуы. Конд уæнгтæй у, фидауц – дарæсæй, лæджыхъæд – удæй. Æмæ удæн, уадз, монон сæнттæ дæр фестæнт, фæлæ йæ уарзтæн цæмæйдæр хъæуы дзуапп кæнын. Уый нæй, зæгъгæ, уæд поэтмæ æвзæрынц алыхуызон зындзуаппгæнæн фарстытæ. Кæд риторикон сты, уæддæр бакъуырынц зæрдæ, змæлын кæнынц хъуыды. Сæ рæстдзинад бирæ цæмæйдæрты æмбæлы адæймаджы зæрдæйыл. Гаглойты Владимир ын йæ хъайтарты идейон тохы тыххæй уымæн загъта: «Уыцы тох у карз æмæ принципиалон».[3] Уый тыххæй нæ æмæ лирикон хъайтар йæхицæн истытæ домы – царды рæстдзинадæй змæлын кæны адæймаджы зæрдæ. А. Пушкин

[1] М а т в е й, 11.
[2] Б е с т а у т ы  Г и у æ р г и. Уацмыстæ 3 т. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 2003. – 53 ф.
[3] Г а г л о й т ы  В л а д и м и р. Тедеты Рюрик // А в т о р т ы  к о л л е к т и в. Хуссар Ирыстоны фысджытæ. – Цхинвал, 1967. – 290 ф.

цæйау загъта: «сердце вновь горит и любит – оттого, что не любить оно не может»[1] («На холмах Грузии лежит ночная мгла…»). Царды рæстдзинады тыххæй нæ фæсмон кæны ирон æвзаг æмæ Ирыстонæн йæ лæггæдтыл. Удæй чи цæуы, ууыл фæсмонгæнæн нæй («Цырты райдайæн»):

*Фæлæ куы зæгъа искæд бон Ирыстон, –*
*Мæнæн, дам, ыл фылдæр лæггад æмбæлд,*
*Цыма йæ разы æз мæ хæс нæ фыстон,*
*Нæ уыдтон алцы афойнадыл… уæд*
*Зæгъдзынæн сыджытæй дæр: генийæ нæ куыстон,*
*Æмæ кæд мин цæстæй нæ федта мæн Ирыстон,*
*Уæд æз дыуу æ цæстæй кæм федтаин æппæт?!.*
*Мæ иу сæрæй куы бавзæрстон йæ мæт,*
*Уæд уый йæ мин зондæй цæуылнæ 'мбæрста мæн?!*
*Гъе ахæм дзуапп ын кæд нæ уа æхсызгон,*
*Уæддæр æй искуы фехъусæд Ирыстон…*[2]

Сæр куы бахъæуы, уæд Ирыстоны дæр, æвæрын æй кæй фæхъæуы, сомбон ын кады цырт кæй ном уыдзæнис, уыдон, хъыгагæн, арæх нал фендавынц. Йæ риутæ уæрæх байтындзы, Дзаболаты Хазбийы загъдау, хъæдхъуыр трибунтæн, дымыстæрджытæн, цæстфæливджытæн: «Тызмæг у цард… Кæдмæ хъæдхъуыр трибунтæй Кæнгæ дзырдты цæнгæт уынаффæ хъуыса, Зæхх йедзаг уа бынатагур тæппуттæй, Æнæхъуыды куырмыты бын æнкъуыса, Æмвæндаг уой рæстуд æмæ мæнгард, Æхсиддзæн туг, æндзæвдзæн кардыл кард!»[3]

Тæппудтæ хорзæхтæ кæм фæисынц, иблистæ – нуазæнтæ, нæлгоймæгтæ сылгоймæгты кæрдæнты кæм фæцæуынц, сылгоймæгтæ – нæлгоймæгты фæлысты, нæлыстæг – сылкъийы бынаты кæм вæййы,

[1] П у ш к и н А. С. Собр. соч. в 10 т. Т. 2. – М., 1974. – 178 ф.
[2] С к и ф и р о н. Лирикæ. – Цхинвал, 1973. – 105 ф.
[3] Д з а б о л а т ы Х а з б и. Уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 2011. – 154 ф.

сылыстæг – æртæ чъирийæ кувæджы, кадылмардтæ сæхиуыл æппæлæн уацтæ æмæ монографитæ кæм фæфыссынц, уым фарн агурæн нæй. Фарн æнæуаг мийæ æмбæхсгæ кæны, дардмæ лидзы. Джыккайты Шамил цæйау дзырдта: «Цæгъды мæ зæрдæ арф кæмтты дзæнгæрæг»[1] («Мæ куывд»), – афтæ Ирыстон æмæ ироны фарн цалынмæ нæ фæцуды, уæдмæ фæхъæуы фæдисы дзæнгæрджытæ цæгъдын. Æндæра, сыст къахмæ куы æрбаирвæза, уæд адæймагæн йæ сæрмæ хизы. Æмæ Скифирон ахæмтæй, кæд-иу сыл бонымгъуыдмæ ахудт, уæддæр йе сæфт уыдта. Уыцы хъуыддаг йæ бон бамбæхсын нæ уыдис йе сфæлдыстады дæр. Ацы æмдзæвгæ ныффыссыны хъуыды дæр æм хуымæтæджы не ‘рцыд. Царды галиу митæ йæ сдзурын кодтой, кæд уыдон иууыл Ирыстоны аххос нæ уыдысты æмæ не сты, уæддæр.

Ахæм зæрдæйы уаг зæгъын кодта Къостайæн: «Додой фæкæнат, мæ райгуырæн хæхтæ, Сау фæныкæй уæ куы фенин фæлтау!»[2] («Додой»). Нигеры дæр, Къостайы фæзмгæйæ, нал баурæдта йæ маст: «Додой фæкæнат дыккаг хатт, нæ хæхтæ, Сау фæнык фестат, ыссæуа уыл зынг», «Раздзу нæхицæй, нæхицæй ыссарæм, Барæй хæддзумæ æгъгъæд дæтт дæ бар… Тохы рухс зарæг иронау ныззарæм…»[3] («Додой»). Уый фæстæ дæр сæ бирæ фæзмджытæ уыдис æмæ ис. Нæхицæй дæр бирæ «раздзутæ» скодтам, фæлæ сæ къæр-къæргæнджыты æрттывд уайтагъд фæкуырм кæны. Ирыстон, ирон адæм нæ, сæ хæрзгæнджытæ дæр сæ уайтагъд айрох вæййынц. Æрмæст ма, каркæн йæ фæстæ хъазы, бабызы, гогызы æмæ æндæр алыхуызон лæппынтæ куыд ныххал уой, уыйау йæ алы дæлæ-уæлæ хион-хæстæджытæ хæбæцц-хæбæццгæнгæ фæрадугъ-бадугъ кæнынц. Дæ цæстытыл ныххæццынæ – ацы фидиссаг ми та нæм кæцæй каст? Æмæ уæд Ирыстонæй, аудинаг ын чи сты, уыдон, хъыгагæн, айрох вæййынц.

Къоста Къоста уымæн уыдис, алцы дæр кæй зыдта. Ирыстоны мæсыг куыд æмæ кæцæй кæлы, хицау нын куыннæ скъуыхы, уый уыдта æмæ «Додой»-ы æрхæндæг зæрдæйæ уымæн сидт: «Рауай-ма, рауай, нæ фыййау,

---

[1] Д ж ы к к а й т ы  Ш а м и л. Намыс. – Дзæуджыхъæу, 2011. – 78 ф.
[2] К ъ о с т а. Ирон фæндыр. – Дзæуджыхъæу, 1951. – 47 ф.
[3] Н и г е р. Уацмысты æхх. æмб. 3 т. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 1966. – 72 ф.

нæ фæстæ…» Скифирон æй загъта йæхи хуызы. Стæй, уый дæр – аивады хуызы. Загъта йæ йæхи сæрмагонд джиппы ауадзгæйæ.

Цъус нæ вæййы ахæм хабæрттæ, адæймаг йæ мæстыйæ, йæ тыхстæй дзургæ иу куы фæкæны, аразгæ – æндæр. Уыцы зæрдыуагæй Скъифирон дæр нæ уыдис ирвæзт. Æмæ кæд, куыд федтам, афтæмæй йе ‘мкар поэттæн зæндтæ амыдта, ома, иуæй-иу поэттæ къæбæрсайæн «Мæ Ир!», «Мæ Ир!» кæнынæй нал æфсæдынц, уæддæр, уыцы «азымæй» йæхæдæг дæр нæ уыдис хызт. Ног æмæ та-иу ногæй æрыздæхт Ирыстоны, Фыдыбæстæйы темæмæ. Ног æмæ та-иу дзы ногæй ссардта дзæвгар æнæ аскъуыддзаггонд, зæрдæйыл мастæфтауæг проблемæтæ.

Антикон стыр фыссæг-сатирик æмæ хъуыдыгæнæг Лукиан уæлмонц æнкъарæнтимæ дзырдта: «Старая это истина, что «нет ничего сладостнее истины». В самом деле, разве существует что-либо не только более приятное, но и более священное, более возвышенное, чем родина. Ведь всему, что люди считают священным и исполненным высокого смысла, научила их родина, ибо она дает им жизнь, вскармливает и воспитывает их».[1]

Адæймагæн йæ алы ахсджиаг къахдзæф дæр фидар баст у, йæ Фыдыбæстæ йæ цахæмæй радта æмæ йæ куыд схъомыл кæна, ууыл. Æмæ йын, чи зоны, зæхх хурмæ куыд баст у, уыимæ абарæн нæй, фæлæ: «Йæ райгуырæн бæстæ йæ хъыджы, йæ масты, йæ мæгуырæй чи уарзы æмæ йын йæ рухс фидæнмæ – «дзыллæйы зиумæ æнхъæлмæ» чи кæсы, гъе, уый у æцæг патриот, жцæг ахсджиаг хъæбул»,[2] – Хъороты Дауыты сфæлдыстадыл ныхасгæнгæйæ, дзырдта Дзуццаты Хадзы-Мурат. Гæдиаты Секъа фæндвидар æмæ уарзгæйæ дзырдта: «Дæу уарзын, Ирыстон, мæ гуырæн бæстæ, дæу тыххæй кусын мæм циныуац кæсы».[3] Скифиронæн Ирыстон, райгуырæн уæзæг, бирæ йæ кæй уарзта, уымæн уыдис æнусон темæ. Йæ уарзт æм æвдыста иуæй иннæ хуыздæр уацмысты: «Ирыстон – Къоста. I», «Ирыстон –

---

[1] Л у к и а н  и з  С а м о с а т ы. Избранная проза. – М., 1991. – 32 ф.
[2] Д з у ц ц а т ы  Х а д з ы-М у р а т. Знон æмæ абон. – Цхинвал, 1964. – 9 ф.
[3] Г æ д и а т ы  С е к ъ а. Азау. – Дзæуджыхъæу, 1981. – 348 ф.

Къоста. II», «Ирон лæппутæ Мæскуыйы рестораны зарынц», «Ирыстонæй куы авæрдтон мæ къах…», «Ирыстон зæгъгæйæ цы уайы мæ цæстыл»…

Лукианы загъдау: «Пусть многих восхищает могущество и великолепие чужих городов, пышность строений, зато все любят отечество. Многие наслаждались – и даже слишком – созерцанием бесчисленных чудес в других краях, но никто не был настолько обольщен их обилием, чтобы забыть родину».[1] Скифироны лирикон хъайтар дæр-иу уыдис æндæр бæстæты, цард æндæр адæмы ‘хсæн. Цыма-иу сæм æфхæрд не ‘ййæфта, цард ын фаг кодта, фæлæ йæ уæддæр нæ уырны: «Нæй уæлдай, Нæй хъауджыдæр нæ адæмты æхсæн»; «Йæ фыдæлты кой – алкæмæн йæ хай» æмæ поэты лирикон хъайтары нæ фæнды уый фесафын («Ирыстонæй куы авæрдтон мæ къах…»):

*Ирыстонæй куы авæрдтон мæ къах,*
*Куы базыдтон æндæр цæхх æмæ дон,*
*Уæд бамбæрстон цы адæм ыстæм мах,*
*Уæд бамбæрстон, кæй дæн ирон.*

*Уæд федтон æз: хуыцæутты уазæг дæн,*
*Æмæ сæм дæн æз ахæм ран нымад,*
*Цыма хынцынц æгас хæдзарау мæн,*
*Цыма кæнынц æгас Ирæн лæггад.*

*Цыма мæ фердæхт, ме сныхасы ис*
*Нæ Иры бæстæ удæгас нывау.*
*Цыма æнусты катай æмæ рис*
*Нæма хæссынц мæ уæхсчытæм дæр фау.*

Нæ фыдæлты кадæй, зæгъы, йæ риу никуы хоста, фæлæ-иу æй сæр кæм бахъуыд, уым æй кадимæ дзырдта. Уый афтæ хъуамæ уа. Ирон адæймагæн

---

[1] Л у к и а н  и з  С а м о с а т ы. Избранная проза. – М., 1991. – 32 ф.

Ирыстонæй бæрзонддæр мацы хъуамæ лæууа. Шамилæн ирон дзырдтæ хуртау æрттывтой, уæддæр дзы йæ удмæ иууыл хæстæгдæр чи уыдысты, уыдон æрнымадта – цард, арт, мад, бæркад, фарн, æфсарм, хæлар, æхсар, сæрибар, кад, кард, стæй загъта сæрыстырæй: «Æппæт хæрзтæн ИРЫСТОН у бындур, – Æнæ уый мæн нæ тавдзæни сæ хур» [1] («Дыууадæс дзырды»).

Æнæ Фыдыбæстæ адæймагау адæймагæн хур нæй. Йæ Фыдыбæстæ, йæ истори, йæ адæмы фарн йæ зæрдæйы рæбын чи нæ дары, аргъ кæнын сын чи нæ зоны, уый нымад никæмæ уыдзæн. Алцæмæй йын æххæст адæймаг схонæн нæй зæххон царды. Нафи зæгъы: «Рагæй фæстæмæ зындгонд у иу рæстаг хъуыды: адæм сæ историон æмæ культурон ивгъуыдмæ нигилистон кæнæ апологетикон цæстæй куы кæсой, уæд уый дзуры æрмæст иу бæлвырд миниуæгыл – адæмы зонд æмæ нымад, интеллект æмæ хæрзæгъдау национ æмбарынадмæ нæма схæццæ сты сæ историон рæзты фæндагыл».[2]

Скифирон уыдон иууылдæр ахста йæ поэтикон зæрдæйæ. Уый дæр ын цы зонын хъуыдис, йæ лирикон хъайтар кæцон у, чи у, уый базонгæйæ-иу йæ фенд хъыг кæмæн уыд, уыдонæй-иу хъуыды кодта, сæ ахаст-иу æй æфтыдта удхайраг мæтыл: «Ирыстонæй йæ зæрдæ дзаг у кæд?..» – æмæ йæм уыцы хъуыддагæй – кæмæндæр Ирыстон кæддæр маст кæй скодта, уый тыххæй-иу æм æфхæрд кастысты «ирон адæм, сæ ивгъуыд æмæ сом…» Уымæн æмæ «йæ фыдæлты кой – алкæмæн йæ хай». Уымæн у сæрыстыр йæ рафæлдыстæй:

*Ирон дæн æз, ироныл дæн нымад,*
*Мæ фыдæлтæй сæрыстыр дæн æргом.*
*Æмæ тырнын, цæмæй сæ кадыл кад*
*Мæ ном дæр иу цъус бафтауа, мæ ном.*

Йæ суадæттау, – Иры та – суадæттæ, уыйбæрц дæр нæ куы хъæуид, – йæ хоры сæх-сæх кæмæн у, уыцы сыгъзæрин дуне цæмæн хъуамæ уа

---

[1] Д ж ы к к а й т ы  Ш а м и л. Дыууадæс дзырды // А в т о р т ы  к о л л е к т и в. Арв. Цæссыг. Стъалы… – Дзæуджыхъæу, 2012. – 13 ф.
[2] Д ж у с о й т ы  Н а ф и. Балц ирон аив дзырды дунемæ 2 ч. 1 ч. – Цхинвал, 2012. – 38 ф.

«зындзæрæн бæстæ – Ир»? Дзуццаты Хадзы-Муратмæ гæсгæ: «советон дуджы нæ фысджытæ се ‘ппæт дæр уыдысты трагикон удгоймæгтæ. Сæ трагеди кæнгæ у сæ уавæрæй: иуырдыгæй ис царды рæстдзинад, адæймаджы рæстдзинад, реалон рæстдзинад, иннæрдыгæй – идеологийы рæстдзинад, утопион, иллюзорон рæстдзинад, ома, мæнгдзинад. Кæд фыццаг рæстдзинад æвдисай, уæд дын бар нæй æмæ фыссæг уай, адæм дын аргъ кæной, сæ цæсты зынай æмæ ахадай».[1] Дыккаг рæстдзинадæй уыдис уыдæттæ ссарæн: «табуафси! – ис дын уæрæх фæндаг кадмæ, адæмы уарзт æмæ фарнмæ, ис дын фадæттæ цæрынæн æмæ кусынæн».[2] Фæлæ-иу фæзынд ахæм хæйрæг фысджытæ дæр, дыууæ фæндагыл дæр уыцы иу рæстæджы чи лæууыдис. Æмæ Скифирон уыдис уыдонæй. Нæ зындзæрæн бæстæ Иры йын, йæ суадæттау, хойраг уымæн сæх-сæх кæны. Нæдæр ын Ир чысыл у:

*Уый нæу чысыл. Æмæ нæ кæнын хъаст*
*Иры бæстæй йæ чысылы тыххæй:*
*Хæххон донмæ кæсын, кæцæй у раст*
*Æгæрон фурдты, денджызты цæстæй?!.*

*Ирон дæн æз... Куы авæрдтон мæ къах*
*Ирыстонæй, куы бацис уый мæ бон,*
*Уæд бамбæрстон, цы адæм ыстæм мах,*
*Уæд бамбæрстон, кæй дæн ирон...*[3]

Иууылдæр нæ афтæ фæфæнды, комы бикъ æмæ бæсты дæгъæл куы уаиккам. Уæллагмæ æрмæст мах дзырд куы хъуысид, мах зондыл куы цæуид. Хуыцау алкæй йæхи хъысмæтимæ сфæлдисы. Секъайы нымадæй: «Цасдæр фыдзынтæ бавзарай, Уыййас дæ номæн – хуыздæр кад».[4] Тыхджын нæ куы бафæнда, уæддæр нæ йæхи сæрты ничи агæпп кæндзæн. Цардмæ цы нысанæн

---

[1] Д з у ц ц а т ы  Х а дз ы-М у р а т. Уынгæгбоны сагъæстæ. – Дзæуджыхъæу, 2010. – 154 ф.
[2] Уый дæр уым.
[3] С к и ф и р о н. Лирикæ. – Цхинвал, 1973. – 209 – 211 ф.
[4] Г æ д и а т ы  С е к ъ а. Азау. – Дзæуджыхъæу, 1981. – 76 ф.

рантысæм, уый нын, гъай-гъай, æмбæлы аразын, фæлæ уыцы нысан нæ адæм, нæ Фыдыбæстæйы фарнæн куынæ уа, фыдбылыз ын куы хæсса, уæд фыдвæндагæй алвæндагмæ рахизын худинаг кæнæ æгады хос макæмæ хъуамæ кæса. Секъа æрмæст стыр фыссæг нæ уыдис, фæлæ уыд куырыхон. Æмæ йæхи хуызæн Колыты Аксойæ загъта: «Йæ зæрдæйы райгуырæн бæсты туг цæдджинагау фыхт æмæ чъырсудзæнау пилон уагъта йе 'мбæстон ирон адæмы мæтæй. Æхсæв нæ хуыссыд, бон нæ бадти, Ирыстоны къуымты зæрватыккау ратæх-батæх кодта, цæмæй сиу кодтаид чырыстон дины уырнындзинады руаджы армыдзаг æмæ хæлиугонд ирон адæмы, цæмæй сæ царды уаг æппæтæй дæр фæхуыздæр уыдаид, ууыл йæхи хъардта»,[1] – фæлæ, афтæ куы зæгъæм, ныр нæ хъул сах абаддзæн, уæд ныл цыма къулбадæг усы æлгъыст æрцæуы. – «Аксойæн йæхи хуызæн хъæбатыр фæтæг пысылмæтты 'рдыгæй дæр фæзынд – Къуындыхаты Муссæ. Æгас округджы хицау уæвгæ, Муссæ пысылмæтты фарс фæци, Аксо та – чырыстæтты. Дыууæ хъæбатыр домбайы Ирыстоны уарзондзинады рохы кæрæттыл фæхæст сты æмæ йæ кæрæдзимæ ратон-батон кодтой».[2]

Аксойæн йæ фæнд нæ сæххæст. Нæ хуыздæртау уый дæр æнæнхъæлæджы мæлæт ахаста 44-аздзыдæй. Чи зоны, æмæ йæ, Джыккайты Шамил цы азарæй басыгъд, уый æндæр хуызы баййæфта? «Муссæ æмбæрста, Колыйы-фырт адæмы сæрылхæцæг æмæ амидингæнæг кæй у, уый, æмæ сфæнд кодта Аксойæ йæ маст райсын. Къуындыхаты инæлар урс бæхыл горæты уынгты æрцæй цыд æмæ Аксойыл амбæлд. Муссæ уæлбæхæй бартхъирæн кодта Аксомæ: «Ирыхъæуы адæмы фарс ма куы дзурай æмæ пысылмон дины ныхмæ куы архайай, уæд дын ацы æхсаргардæй дæ сæр атæхын кæндзынæн»,[3] – дзырдта Дриайы-фырт. Аксойы æнæнхъæлæджы мæлæт сагъæсы фаг у хъуыдыгæнæг удæн. Фæлæ адæймаджы дисы æфтауы Секъайы зонд: «Фыдбылызау фестæм дыууæ дихы: лæг йæ разы куы 'рæвæра дынджыр хохдур æмæ йæ куы ныссæтта, уæддæр дзы стыр къæрттытæ

---

[1] Г æ д и а т ы  С е к ъ а. Равзаргæ уацмыстæ. – Цхинвал, 1979. – 375 ф.
[2] Уый дæр уым.
[3] Д р и а т ы  Хъ. Ахуыргæнæг. Рухстауæг. Поэт // К о л л е к т и в  а в т о р о в. Аксо Колиев. – Дзæуджыхъæу, 1999. – 113 ф.

разындзæн, фæлæ йæ тыхджындæр куы ныммур кæна, уæд ма дзы цы баззайдзæн? Ницы, йæ муртæ дæр зæххы дæргъдзинады фесæфдзысты…»[1] Фæлæ уыдæттæ нал фæуынæм фыццаг æз уоны хæлæгæй нæ тугбадт цæстытæй: «Цæмæн кæнын мæхи дæлдзиныг, Цæмæн кæнын? Æви кæмæндæрты (кæй зонын Зæхмæдзыдæй), Мæ сæрты чи кæсы куырмæджы Уæлбикъонæй, Фæлæ мæм къахдзæфтæ кæй хъæуы Цæрæнбонты, Гъе уыдонæй æз дæн æнæдæр, Дæлæсиндæр?» («Цымæ цæуылнæ вæййын бузныг?..»). Уый у не стырдæр масты сæр. Æндæра, цы ис æвзæрæй, дæ Фыдыбæстæ бирæ уарзай, дæ адæмы сæрвæлтау дæ сæр нывондæн хæссай. Дунейы дзыллæтæ уымæ куы бæллынц. В. Маяковский загъта: «Ведь, если звезды зажигают – значит – это кому-нибудь нужно?»[2] («Послушайте!»).

Æмæ поэты лирикон хъайтар йæхи куы фæрсы: «Ирыстон» зæгъгæйæ цы уайы мæ цæстыл? Цы вæййы мæ фæсонæрхæджы «Ирыстон» зæгъгæйæ?» – уæд æрцæуы ахæм хъуыдымæ («Ирыстон зæгъгæйæ…»):

*Нæ хъайтарты нæмттæ*
*кæм вæййынц æнусмæ,*
*Æгадæй кæм рох кæны*
*йе ‘взаг ‘мæ йе ‘гъдау ныууадзæг…*
*Къæбуты фæстæты*
*кæм æвналæм хъусмæ, –*
*Цæгат æмæ Хуссар*
*кæм-ма сты кæрæдзийæн уазæг…*

*Уый уайы мæ цæстыл,*
*уый хатын, уый зонын, –*
*Уый хъусын мæ зæрдæйы хъустæй*
*«Ирыстон» зæгъгæйæ,*

[1] Г æ д и а т ы  С е к ъ а. Равзаргæ уацмыстæ. – Цхинвал, 1979. – 376 ф.
[2] М а я к о в с к и й  В л а д и м и р. Собр. соч. в 12 т. Т. 1. – М., 1978. – 90 ф.

*Уый хонын «Ирыстон»,*
*«Ирыстон» уый хонын, –*
*Æмбарын æй зондæй,*
*æнкъарын æй удæй – зæрдæйæ.*[1]

Ирыстоны афтæ кæй уарзта, – «Фыдыбæстæ – адджын, знаг дзы ссардзæн йæ сæфт!»[2] – уый тыххæй, æхсæвы «уæззау» фынджы фæстæ йæ лирикон хъайтар æхцон фын куы фены, цыма хæбизджынтæ истой пецæй, «Рагон фынгыл æрæвæрдтой / дурыны дзаг цъæх арахъ. Фысым нæртон физонджытæй / даргъ уæхстытæ æлвæста. / Агæй систой фых дзидзатæ / стыр æфсæйнаг фыдисæй. / Чидæр уатмæ æрбахаста / ног фæрсыгъд сау бæгæны…», – куы райхъал, уæд æй уыцы тасгæ фынг нæ сайдта йæхимæ. Йæ Ирыстон æрбалæууыд йæ зæрдыл («Фыны федтон хæбизджынтæ…»):

*Абæллыдтæн Ирыстонмæ,*
*Хуссар Ирмæ – бæлвырдæй…*
*Уадз, æмæ æнхъизгæ хæбизджынтæ*
*æмæ цывзыджын цъæх арахъ, –*
*нæ ирон къæбицы диссæгтæй*
*мацы баййафон фынгыл…*
*Уадз æмæ фынгыл баййавфон*
*хус къæбæртæ, цыхты къæртт,*
*æви хъæдындзтæ, нурытæ –*
*æндæр мæ нæ хъæуы ницы…*
*Уадз, æмæ мæ кæстæр æфсымæрыл, –*
*æхсæрдæсаздзыд лæппуйыл, –*
*райст-бавæрд цухъа ма фенон,*
*фæлæ хуымæтæг дарæс…*

[1] С к и ф и р о н. Лирикæ. – Цхинвал, 1973. – 217 – 218 ф.
[2] Е п х и т ы Т æ т æ р и. Уацмыстæ 3 т. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 1961. – 50 ф.

*Уæддæр æз уыдзынæн амондджын,*
*уыдзынæн æз сæрыстыр,*
*уындзынæн зæххы мæ уидæгтæ,*
*мæ базыртæ – уæлæрвты...* [1]

Балаты Тембол кæд ныммыхуыр кодта чиныг «Райгуырæн бæстæ» [2] æмæ йыл æрæджы дæр худтысты бирæтæ: «Поэт стыр хъуыды цы дзырдты æвæры, «Райгуырæн бæстæ», зæгъгæ, уый хоны æрмæстдæр йæ райгуырæн хъæу Нар. Нары зæронд гæнæхтæ, хæлæццаг мæсгуытæ, цæрæг кæм нал ис, уыцы иппæрд бынæттæ хоны йæ райгуырæн бæстæ Тембол…»[3] Цыма уыдонæн нæй райгуырæн бæстæ уæвæн кæнæ Райгуырæн бæстæ адæймагæн развæлгъау æвзаргæ вæййы. Зæгъ, уыцы æмæ уыцы бæстæ уæд мæ райгуырæн æмæ дæ не Скæнæг уым æрæппардзæн залмы сыфмæ. Гъе, Темболы чиныгмæ зæххы цъарыл æндæр ницы фау ссарæн уыд. Цы ма уа худæгдæр æмæ кæуинаггагдæр?!. Къæйных æмæ цыбырзонд адæймаг хицауы бынаты куы фæбады, уæд ын, гъай-гъай, зыгъуымырдæм фылдæр фентысы. Стæй Фыдыбæстæйæн аргъ кæныны тыххæй дардмæ цæмæн цæуæм, нæхи Къоста æмбисонд куы фæцис йæ райгуырæн къуымы уарзтæй:

*Люблю я целый мир, люблю людей, бесспорно,*
*Люблю беспомощных, обиженных, сирот,*
*Но больше всех люблю, чего скрывать позорно? –*
*Тебя, родной аул и бедный наш народ.*[4]
(«Не верь, что я забыл родные наши горы…»)

Æмæ йæ Къостайæн дæр нæ «литературон критиктæ» йæ рæстæджы дардтой йæ цæстмæ, ома уый националистон хъуыды у. Скифироны лирикон

---

[1] С к и ф и р о н. Лирикæ. – Цхинвал, 1973. – 182 – 183 ф.
[2] Б а л а т ы   Т е м б о л. Райгуырæн бæстæ. – Дзæуджыхъæу, 1946.
[3] Ц æ г æ р а т ы   М а к с и м. Ирон советон литературæйы уавæр æмæ хæсты тыххæй // Мах дуг, 1954. № 9. – 56 ф.
[4] Х е т а г у р о в   К о с т а. Собр. соч. в 3 т. Т. 1. – М., 1974. – 238 ф.

хъайтар æппынæдзух йæ райгуырæн уæзæг, йæ райгуырæн къуым кæй мысы, кæмдæры тасгæ фынг æмæ йын райст-бавæрд цухъайæ йæ райгуырæн къæсы хъармæй кæрдзыны къæбæртæ æмæ хуымæтæг дарæс адджындæр кæй сты, уый раппæлыны аккаг у, кæд йæхæдæг кæмæндæрты уайдзæф кодта, ома, ииуыл «Мæ Ир! Мæ Ир!» кæнынц, уæддæр. Райгуырæн уæзæджы уарзт адæймаджы бирæ бæрзонддæр кæны. Йæ зæрдæ йын, уыимæ йæхи дæр, дары, йæхæдæг дæр æй æххæстæй нæ фæхаты, афтæмæй рæсугъд æмæ сыгъдæгæй. Нæ литервтурæйы классиктæ Ирыстонæн уымæн табу кодтой: «Макуы дын уæд, о мæ Ир, фæкæлæн»,[1] – дзырдта Плиты Харитон.

Ӕгæрыстæмæй, Скифирон-поэтмæ, хæстæй чи фæтарст «æмæ тыхæвзарæн, сæрбахъуыды сахат уацары» чи фæхаудта тарстæй æмæ зæрыбонты уæддæр йæ хъæубæстæм «Урссæрæй, кæлæццагæй, зæрондæй, Зыбыты иунæгæй – хъæды халонау раст», – йæ хъæубæстæ куывд кæмæн нал скодтой æмæ кæуыл нæ бацин кодтой, уый хъысмæт дæр Фыдыбæстæйы уарзты тыххæй скъуыддзаг кæны йæхирдыгонау, ома, поэтырдыгонау:

*Ызнон æрцыд йæ фыдыбæстæм уый, –*
*Ардыгæй фæхаудта сонтæй.*
*Йæ зæронды сæр ма æрхæццæ ис æрмæст –*
*Батадис кæмдæр фæсмонтæй…*

*Йæ уд ма удыл та кæм хæцыдис!.. Кæм уыд*
*Сау афтид ингæн, уым абон*
*Уый бавæрдтой йæ хъæубæстæ… Ӕндæр*
*Нал куырдта Хуыцауæй амонд![2]*
(«Йæ хъæубæстæм æрыздæхтис ызнон…»)

---

[1] П л и т ы Х а р и т о н. Уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 1972. – 26 ф.
[2] С к и ф и р о н. Лирикæ. – Цхинвал, 1973. – 68 ф.

Амæндтæ алыхуызæттæ æмæ тынг бирæ сты, фæлæ уый, йе 'нусон бынат, йæ афтид ингæн кæй ссардта, йе стджытæ ма йæ райгуырæн уæзæгыл кæй æрцыдысты ныгæд, уымæй дарддæр нал куырдта Хуыцауæй амонд!..

Æмæ Фыдыбæстæйы тыххæй ноджыдæр иу хатт æркæсæм Лукианмæ: «Каждый человек стремится на родину: даже если он островитянин и если чужая сторона сулит ему вечное блаженство, он не примет предлагаемого бессмертия, предпочитая ему погребение в родной земле. И дым отечества покажется ему светлее огня на чужбине».[1] Фыдыбæстæ адæймаджы зæрдæйы рæбын цы сусæг ахстон саразы, уый æххæстæй нæ дæр зонд ахсы, нæ дæр æй зæрдæ хаты; Фыдыбæстæйы уарзтæн нæй цæстæй уынæн, нæй йæ хъусæй хъусæн. Фыдыбæстæйы уарзт бынтон стæм адæймаджы зæрдæйы хъустæ ахсынц, бынтон стæм адæймаджы зæрдæйы цæстытæ йæ уынынц. Фæлæ Фыдыбæстæйы уарзтæй алы адæймаджы зæрдæ дæр у йедзаг æмæ йæхи æрмæстдæр равдисы, сæр куы бахъæуы, уæд.

Поэтты, аивады кусджыты Дамоклы карды бын дæр Фыдыбæстæ, радтæг адæмы уарзт æмæ рæстдзинад фæдзурын кæнынц. Скифиронæн йæ поэтикон тых фылдæр æмбæстагон темæтæм уымæн у здæхт. Уымæй дæр, карз æмбæстагон темæтæм. Æниу, Л. Тимофеев зæгъы: «Характернейшей чертой искусства является то, что оно синтетично, т. е. отражает жизнь человека целостно, во взаимоотношении самых различных ее сторон».[2] Фæлæ уый афтæ нæ амоны, йæ зæрдæйы алы хъуыддагæн дæр æмхуызон бынат ис. Æмæ нæм йæ хæстон æмдзæвгæты кой нырма уыдзæнис, фæлæ уал æркæсæм, фылдæр Къостайы поэтикон рæнхъытæй зонгæ-зонын, бæрæг фæткмæ гæсгæ пайда кæнгæйæ, æмбæстагон темæйыл цы дзæвгар æмдзæвгæты сфæлдыста: «Ирыстон – Къоста. I.», «Ирыстон – Къоста. II.», «Хæхтæ – Къоста»… уыдонæй цалдæрмæ. Цыма нæ сæрхъызойы катай æмæ удхар йæхимæ исы, фыццаг фæкастæй афтæ фæзыны адæймагмæ. Темырболат æй никуы федта, афтæмæй йын куы аргъ кодта: «Æз дын дæхи

[1] Л у к и а н и з С а м о с а т ы. Избранная проза. – М., 1991. – 35 ф.
[2] Т и м о ф е е в Л. И. Основы теории литературы. – М., 1976. – 31 ф.

нæ зонын – Дæ коймæ дын аргъ кæнын».[1] Рюрик та, Къостайы номимæ Байаты Гаппойы ном бирæтæ кæй фæиу кæнынц, ууыл дæр мæсты кодта: «…как «издатель» он приобщился к славе великого поэта».[2] Скифироны лирикон хъайтар йæ уæззау цардæй фæлидзид искуыдæм, фæлæ æппынæдзух йæ хъусты зæлы Къостайы карз фæдзæхст æмæ йын нæ дæтты æнцой:

*Æнцон мын нæу. Дæлдзиныгæй, фæлмæстæй*
*Фæлидзын дардмæ. Сулæфын ай-ай.*
*Фæлæ мæ хъустыл уайы:* ***уарз нæ бæстæ…***
*Фæдзæхстау:* ***ма йæ суæлдай кæ нæ фæстæ…***
*Лæгъзтæмхасæнау:* ***ма дзы бафæллай…***

*Æмæ тыхсын. Кæдæм мæ скъæфы рæстæг?*
*Цы агурын? Кæдæм тæхын тæргай?*
*Цæмæн æй айрох кæнын?* ***Уарз нæ бæстæ…***
*Цæ охыл?* ***Ма йæ суæлдай кæ нæ фæстæ…***
*Куыд æй ныууадзон?* ***Ма дзы бафæллай…***

Къостайы уыцы фæдзæхсты дзырдтæ: «Уарз нæ бæстæ…», «Ма йæ суæлдай кæн нæ фæстæ…», «Ма дзы бафæллай…», – æмдзæвгæйы лирикон хъайтарыл, цыма йын арфæтæ бачындæуыд, афтæ æндавынц, хæсджын æй кæнынц йæ бæстæйы раз, цæмæй йын фида йæ хæстæ, фыдвæндæгтæй йæ здахынц фæстæмæ, сурынц ын йæ маст, йæ Фыдыбæстæ йын нæ уадзынц ивын кæмдæры æввонг цардыл, кæйдæр æгъдæуттыл, дзул æмæ цайыл…

«Куыд ис уый гæнæн æмæ поэт йæ риуы хæсса дыуунæ зæрдæйы? Уыдонæй дæр Ирыстон у æрмæст сæ иу»,[3] – æнæ бындурæй нæ фарста Æлборты Хадзы-Умар дыууæ зæрдæйы тыххæй Мыртазты Барисы йæ поэтикон чиныг «Æз ирон дæн»-ы дыууæ зæрдæйы охыл: «Дыууæ зæрдæйы

[1] М а м с ы р а т ы   Т е м ы р б о л а т. Ирон зарджытæ. – Дзæуджыхъæу, 1985. – 42 ф.
[2] Т е д е т ы   Р. К. Жизнь Коста Хетагурова. – Цхинвал, 1979. – 121 ф.
[3] Æ л б о р т ы   Х а д з ы-У м а р. Уидæгтæ æмæ къабæзтау. – Цхинвал, 1985. – 254 ф.

ис мæнæн мæ риуы, Дыууæ зæрдæйæ хонын Ир сæ иуы».[1] Царды афтæ гæнæн кæй нæй, уый тынг хорз зыдта Скифирон. Æмæ йæ лирикон хъайтары хъуыды у æргом æмæ бæрæг-бæлвырд:

*Нæй лидзæн, фæлæ кæд фæуон фæлмæстæй*
*Мæ балцы иску сау сыджыты хай,*
*Уæддæр мæ хъустыл уайдзæн:* ***уарз нæ бæстæ…***
*Фæдзæхстау:* ***ма йæ суæлдай кæ нæ фæстæ…***
*Хъысмæты гаккау:* ***ма дзы бафæллай…***[2]

Уыцы «хъысмæты гакк» поэтæн вæййы æндæрхуызон. Растдæр зæгъгæйæ та – йæхи хуызон. И. Гринберг фыста Владимир Лугавскойы тыххæй: «…поэт не только понимал, но чувствовал, переживал, ощущал, не только разумом, но и сердцем, воображением воспринимал, впитывал, вбирал окружающую жизнь»,[3] – æмæ, ахæмтæ цы адæммæ вæййынц, уыдон, фырцинæй сын цы акæной, уый нал фæзонынц. Цард æппынæдзух йæ удмæ чи нæ исы, йæ зæрдæ æмæ йæ зонды чи нæ фыцы, уый бон никуы бауыдзæнис рæстагæй йæ снывкæна. Скифироны лирикон хъайтарæн цард йæ зæрдæйы астæуты цыд. Райсæн, катай кæнынæн цы уыд, уыдон иста, сагъæс сыл кодта. Ныв сæ кодта йæхи ‘рдыгонау поэтиконæй. Аппарын цы хъуыд, уыдон топпæхстæй хæстæгдæр йæхимæ æввахс нæ уагъта.

Фыдæлты бæласау, йæ зæрдæ куы ‘нкъуыст, хъысмæты дымгæтæ йыл сæ тарæй куы тыхстысты, уæд æм хастой фыдкатай, æфтыдтой йыл мæт æмæ-иу йæ фыртыхстæй, йæ фыруынгæджыйæ, æгæрыстæмæй, тынг бирæ хæттыты нал уыдис цæрдтæй. Уымæн æмæ æххæстæй не ‘мбæрста, кæмдæр ын цæмæн у цæрын æнцондæр, кæмдæр ын цæмæн «æнтысы хъуыддæгтæ, дзинæдтæ æфсæрмæй, æхсарæй!» Кæмдæр-иу ын «æргъиуæй дæр» фестад цæнгæт æмæ-иу ныууагъта йæ фыдызæхх. Кæйдæр æвзаг зыдта æмæ йыл

[1] М ы р т а з т ы  Б а р и с. Æз ирон дæн. – Цхинвал, 1968.
[2] С к и ф и р о н. Лирикæ. – Цхинвал, 1973. – 110 – 111 ф.
[3] Г р и н б е р г  И. Поиски и открытия Владимира Луговского // Л у г о в с к о й  В л а д и м и р. Собр. соч. в 3 т. Т. 1. – М., 1988. – 30 ф.

дзырдта. Æмбæхста йæ «дысы æгъуыстаг ирон дзырд. Кæйдæр хъарм хæдзарæй» хъавыд дунейыл æппæтæй аххæссынмæ. Фæлæ, куыд акæнынц: «Алкæмæн йæ лауыз – йæ мæрдтæн». Нигер загъта: «Литературон æвзаг хъуамæ фæллойгæнæг уа».[1] Йæ фæллой разыны литературæйы. Фæлæ поэтæн æнцой нæ лæвæрдта Къостайы сидт: «Хъæр мæрдтæм дæр хъуысы! Куы бамбæхсай барæй, Уæд усы кæрдæны мыггагмæ фæхæт!»[2] («Катай»):

*Мæнæуи, мæнæуи! Дæу домы æххуысыл,*
*Дæу домы лæггадыл æфсармæй, æхсарæй*
*Ирыстон – дæ бæстæ, Ирыстон – дæ мæт.*
*Дæ зæрдæ йыл ма ив…* ***Хъæр мæрдтæм дæр хъуысы!***
*Дæ уидаг дзы ма тон…* ***Куы бамбæхсай барæй,***
***Уæд усы кæрдæны мыггагмæ фæхæт!..***

*Йæ хæхты куы дымы, куы уары, куы хъызы,*
*Кæмдæр уæд фидауыс дæ лæппуйы буарæй,*
*Вæййы дæм æврæгътæн сæ фæндаг æхгæд.*
*Кæд удæгас нал дæ…* ***Хъæр мæрдтæм дæр хъуысы!***
*Кæд сайыс æфсонæй…* ***Куы бамбæхсай барæй,***
***Уæд усы кæрдæны мыггагмæ фæхæт!..***

Строфаты фæстаг хъуыдыйæдтæ: «Хъæр мæрдтæм дæр хъуысы! Куы бамбæхсай барæй, Уæд усы кæрдæны мыггагмæ фæхæт!..» – кæд Къостайы «Катай»-йæ ист сты, уæд нæм раздæр цы ‘мдзæвгæйы кой уыд, «Ирыстон – Къоста I.» – уым «уарз дæ бæстæ… ма йæ суæлдай кæ нæ фæстæ… ма дзы бафæллай…» – та систа Къостайы «А-лол-лай»-йæ. Афтæмæй нæ генийы зындгонд æмæ ахсджиаг хъуыдытæ хаста ирон литературæмæ, цæмæй сæ

[1] Н и г е р. Уацм. æххæст æмб. 3 т. Т. 3. – Дзæуджыхъæу, 1968. – 153 ф.
[2] К ъ о с т а. Ирон фæндыр. – Дзæуджыхъæу, 1951. – 51 ф.

чиныгкæсæг йæ хъуыдыйы фыца бæстонæй. Зонын ын кæны, адæймагæн йæ Фыдыбæстæйæ зынаргъдæр кæй ницы ис («Ирыстон – Къоста. I.»):

*Ирыстон, Ирыстон! Мæ цæссыг æрхъуызы!*
*Сæрфын æй дæ цинæй, дæ хъыгæй, дæ карæй!*
*Дæ зæхх уыд мæ авдæн, – мæ ингæн дæр уæд!*
*Мæ уæнгты нæ сысы:* ***Хъæр мæрдтæм дæр хъуысы!***
*Æрсуры мæ дардæй:* ***Куы бамбæхсай барæй,***
***Уæд усы кæрдæны маггагмæ фæхæт!***[1]

Нигер дзырдта: «Поэзи, цы у, уымæй, æппæтæй дæр у дзырды дæсныйад».[2] Ацы æмдзæвгæйы уыцы хъуыддаг зыны ирдæй. Скифирон рæвдз уыд, исты хорз куы федтаид, уæд æй цæмæй райстаид, ауагътаид æй йæхи джиппы æмæ йæ скодтаид хæдхуыз. Ацы æмдзæвгæйы дæр æрмæст Фыдыбæстæйы уарзт, дзырдты эмоцион фæлхатæн, Къостайы æмдзæвгæйы рæнхъытæ ног поэтикон хуызы нæ уынæм, фæлæ дзы ис «æнæнхъæлæджы» мидрифмæтæ: «сысы» – «хъуысы», «дардæй» – «барæй», æгæрон патриотон æнкъарæн: «Дæ зæхх уыд мæ авдæн, – мæ ингæн дæр уæд». Фæстаг строфайы райдайæны фæлхатон анафорæ «Ирыстон, Ирыстон» цас тых, цас эмоци дæтты уацмысæн! Сисы йæ хæрдмæ æмæ йæм чиныгкæсæджы æркæсын кæны. Уымæн æнæмæнг хъæуы поэтикон дæсныйад. Уыцы дæсныйад уыдис Скифиронмæ. Йæ бон уыд, æмдзæвгæйы классикон формæйау, сæрибарæй пайда кодтаид æмæ пайда кодта верлибрæй, сæрибар сонетæй, лирикон æмæ эпикон стихамадæй… Æмдзæвгæтæ фыста дзырдтæ-хъуыдыйæдтæй…

«Дзырд у, кæимæ фæдзурæм, уымæн нæ зæрдæйы сагъæстæ, нæ хъуыдытæ зæгъыны фæрæз»,[3] – загъта Нигер. Æмæ уыцы фæрæз хорз зыдта Скифирон. Йæ дæсныйады фæрцы йæ бон уыд дунеон адæмты литературæтæй, стæй йæ фантазийæ ирон литературæмæ (æрмæст поэзимæ

[1] С к и ф и р о н. Лирикæ. – Цхинвал, 1973. – 131 ф.
[2] Н и г е р. Уацм. æххæст æмб. 3 т. Т. 3. – Дзæуджыхъæр, 1968. – 388 ф.
[3] Н и г е р. Уацм. æххæст æмб. 3 т. Т. 3. – Дзæуджыхъæу, 1968. – 15 ф.

нæ, фæлæ прозæйы жанрмæ дæр) хастаид уацмысты ног хуызтæ. Æмæ сæ хаста. Йе ‘мдзæвгæты алы хуызтæ, кæд-иу ын алы хатт сæ ныффидар кæнын нæ бантыст, уæддæр сты цымыдисон æмæ зæрдæскъæф. Адæймаджы сæ арæзт æмæ сæ философон ногдзинадæй æфтауынц хъуыды кæнынил:

1. *Цæхæрты мæ батух,*
   *уæддæр мæм хъардзысты*
   *ацы зилдухгæнæг, æрыгон*
   *тъыфылтæ, тъыфылтæ…*
   *Æмæ уайдзæнис мæ цæстытыл:*
   *куыд уары ныртæккæ*
   *мæ ныййарæг мады ингæныл…*
   *О, куыд тынг уарзта*
   *йæ хъæбулты æхсæн*
   *тæвд пецы фарсмæ бадын –*
   *зымæгон!..*[1]
   («Аст сахатыл сыстадтæн…»);

2. *Мæ сæрты кæм тахтысты*
   *сау эскадрилитау мигътæ,*
   *Урдыг-уырдыг семæ*
   *кæм хастой рæхуыст æмæ цæф,*
   *Уым сахары астæу,*
   *кæм цыдысты адæмæй минтæ,*
   *Цыма мыл ыскалдис*
   *æвиппайды залгъæды тæф…*[2]
   («Мæ сæрты кæм тахтысы…»);

---

[1] С к и ф и р о н. Лирикæ. – Цхинвал, 1973. – 136 ф.
[2] Уый дæр уым, 241 ф.

3. *Мæ зæрдæ*

*хойы пневматикон дзæбугау,*

*тындзы изæрмилты бæлццонау,*

*ризы гæлæбуйы базырау,*

*стъæлфы фæтæгенцух фитылау.*

*Мæ зæрдæ*

*низы ахæстæй раирвæзынмæ хъавы…*

*Æвзонг чызг зоны, –*

*калм сондонæй куыд тæрсы,*

*хæрæг битнайæ,*

*низ та афтæ кæй тæрсы хостæй.*[1]

(«Æвзонг чызг мын мæ зæрдæйы хостмæ хъусы…»);

4. *Кæмдæр –*

*Фыдыбæстæ æмæ фæсарæнты,*

*тыгъд быдыртæ æмæ тыгъд денджызты*

*ядерон бомбæтæ хæлынц…*

*Кæмдæр –*

*мæ зæрдæйы æмæ дæ зæрдæйы,*

*мæ хъуыдыты æмæ дæ хъуыдыты*

*ядерон бомбæтæ хæлынц…*[2]

(«Атомон æнусы зæрдæхсайд»);

5. *Тъыфылтæ. Арт. Хæдзæрттæ. Уынгтæ.*

*Антеннæтæ. Бæлæстæ. Дон.*

*Автобустæ. Минасы фынгтæ.*

*Къуылдымтæ. Парк. Фæндæгтæ. Бон.*

---

[1] Уый дæр уым, 45 ф.

[2] С к и ф и р о н. Лирикæ – 2. – Цхинвал, 1980. – 30 ф.

*Æнтъыснæг. Хъазт. Хъуыдытæ. Зивæг.*
*Хъæлæба. Уайдзæф. Сагъæс. Хин.*
*Рæдыд. Салам. Фæсмон. Хæрзиуæг.*
*Дызæрдыг. Сомы. Арфæ. Цин.*[1]

(«Тъыфылтæ…»).

«Минасы фынгтæ» ма йын цы ракодта, уыдон дæр иугай дзырдтæй æнцон аразæн куы уыдысты, фæлæ уый дæр, æвæццæгæн, цæмæй бæлвырд джиппы уагъд æмдзæвгæ ма уыдаид. Æви дзы исчи куы загътаид, ома, уацмыстæн «…кæй аргъ кæны æрмæст сæ формæмæ гæсгæ».[2] Стæй йæ ахæм хуызы арæзт æмдзæвгæтæ нæ бон у, нымайæм æмæ нымайæм. Фæлæ сæ адæймагмæ цымыдисон цы кæсы, – уый хауы йе сфæлдыстадмæ æнæхъæнæй, – æнкъарæм сæ ирон æмæ Ирыстоны ад. А. Пушкин йæ кадæг «Руслан æмæ Людмилæ»-йы бацæуæны цæйиау загъта: «Там русский дух… там Русью пахнет!»[3] Æмæ уый бирæ цæуылдæрты дзурæг у. Сæйраджы-сæйраг та æвдисынц сæ авторы алыварсон курдиат. Курдиатæн кæдфæнды дæр æмæ кæмфæнды дæр æмбал нæй. Джыккайты Шамил дзырдта: «Курдиат алæмæт у. Уый у стъалыджын арвы хуызæн. Алчи дæр æм кæсы æмæ йын дис кæны йæ фидауцыл, фæлæ йын йæ сусæгдзинæдтæ стæмтæ иртасынц».[4] Æгæрыстæмæй, курдиаты цъыртт кæмæ нæй, уыдон кæд сæхи бæсты бикъ æмæ комы дæгъæл фенхъæлынц, уæд курдиатджынтæ сæхæдæг дæр бынтон стæм хатт фæзонынц, цы арты фæсудзынц, уый курдиат кæй фæхуыйны. Уымæ гæсгæ сæхицæн æмбæлон аргъ нæ фæкæнынц. Карерæйы асинтыл хæрдмæ нæ фæтырнынц æмæ уый дæр сæ курдиатыл дзурæг вæййы.

Мах, курдиат куы фенæм, уæд ын фыдæнæн йæ ныхмæ дуртæ фæтулæм. Бирæты дзы сæ авдæнты бабын кæнæм, уæлдайдæр, хæдæфсармты. Цыбырты Людвиг загъта Абайты Васойы тыххæй: «Скромность не всегда оценивается по достоинству, особенно великая

[1] С к и ф и р о н. Лирикæ – 2. – Цхинвал, 1980. – 212 ф.
[2] Д з у ц ц а т ы Х а д з ы-М у р а т. Бæрндзинад. – Цхинвал, 1976. – 148 ф.
[3] П у ш к и н А. С. Собр. соч. в 10 т. Т. 3. – М., 1975. – 8 ф.
[4] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Разагъды лæгтæ. – Дзæуджыхъæу, 1999. – 3 ф.

скромность».[1] Скифирон ӕгӕр хӕдӕфсӕрм нӕ уыд. Алы хатт дӕр арӕхст дзырдӕн дзырдӕй, ӕфхӕрдӕн ӕфхӕрдӕй сдзуапп кӕнынмӕ. Ничи дӕр ӕй ӕнцӕйтты асайдтаид. Уымӕн дзырдта («Зын сайӕн дӕн…»):

*Зын сайӕн дӕн…*
*Фыццаг апрелы дӕр*
*Ма кӕн мӕн сайыны фӕнд.*
*Гӕды лӕг йӕ митын мӕсгуытимӕ*
*Дӕлимонты хай фӕуӕд!*

*Зын сайӕн дӕн…*
*Цалдӕр зӕрватыччы*
*Раздӕр куы 'ртӕхой дзӕбӕх,*
*Уӕд уый адыл зымӕг нӕ атайдзӕн,*
*Ӕрдз та нӕ фестдзӕнис цъӕх.*

*Зын сайӕн дӕн…*
*Бирӕ цӕрӕнбонӕй*
*Мачи ысбуц кӕнӕд мӕн, –*
*Мӕ былтӕ мын ма дауӕд ахӕмтӕй*
*Цардӕй мӕлӕты ӕхсӕн.*[2]

Лейбниц рӕстагӕй загъта: «Если нет возможности достичь такой уверенности, приходится довольствоваться вероятностью в ожидании большей осведомленности».[3] Скифирон, зӕгъӕн ис, алы хъуыддагмӕ дӕр хаста йӕ ныфс. Ӕгӕрыстӕмӕй, кӕмӕ нӕ арӕхст, уыдонмӕ дӕр. Шахмӕттӕй хъазын нӕ зыдта, фӕлӕ сыл цахӕмфӕнды литературӕ баййӕфтаид, стыр

[1] Ч и б и р о в Л. А. Встречи с Васо Абаевым. – Дзӕуджыхъӕу, - 2000. – 114 ф.
[2] С к и ф и р о н. Лирикӕ. – Цхинвал, 1973. – 71 ф.
[3] Л е й б н и ц Г о т ф р и д В и л ь г е л ь м. Соч. в 4 т. Т. 3. – М., 1984. – 97 ф.

хæсы дæр бацыдаид, æнæ балхæнгæ йæ нæ фæуыдаид. «Искуы мын рæстæг фæуыдзæнис æмæ йæ сахуыр кæндзынæн», – уыдис-иу йæ дзуапп.

Чингуытæ та куыд æлхæдта: хъуамæ йæ сыфгай фæрафæлдах-бафæлдах кодтаид, фæкастаид æм алырдыгæйты – æппæт дæр дзы нывыл у æви нæ? Цалынмæ-иу, йæ зæрдæмæ чи фæцыд, ахæм экземпляр ссардта, уæдмæ йæ бон арвыстаид уым. Суанг ма йыл Мæскуыйы Фысджыты цæдисæн цы чингуыты дукани уыдис, уыдон дæр æрæвæрдтой сæ цæст.

Фидарæй йын уыдис бар дзырдтаид: «О, чингуытæ – мæ разагъта хæлæрттæ! Мæ зæрдæ уæ йæ сонтæй нырмæ райы. Сымах фæрцы нæ сарæзтон хæдзæрттæ, Æндæр исчи уыл ауигъид мæ раны Йæ къухæй, фæлæ цалынмæ уæлгоммæ Уой дунетæ, уон цалынмæ мæ къахыл Лæууынхъом æз, уæдмæ уæм комæй-коммæ Æппардзынæн мæхи æмæ сымахыл Æнувыдæй уæ рухс фæлгонц, уæ буц ныфс Фæхæсдзынæн мæ риуы» («Чингуыты номарæн»), – æмæ уый нæ уыдис, иуæй-иу поэтгæндтæ, цынæ вæййынц, уыцы диссæгтæ æмæ æмбисæндтæ сæхиуыл куы фæмысынц æмæ искæй нæмттыл куы фæфыссынц сæхицæн митын цыртытæ сæвæрыны тыххæй, афтæ. Йæ амæлæты бонмæ чиныгыл йæ къух никуы систа. В. Белинский Скифироны куы зыдтаид, уæд йæ зындгонд афоризмон хъуыды: «Книга есть жизнь нашего времени. В ней все нуждаются – и старые, и молодые, и деловые, и ничего не делающие; дети – также»-мæ[1] ма бавтыдтаид: «А для Скифирона – объезательно!» Маст дæр афтæ иста йæ зæрдæмæ. Исты-иу ын куы бакъуырдта йæ зæрдæ, уæд-иу йæхицæн нал зыдта æнцой. Йæ мад куы фæзиан, уæд æй афтæ мысыд æмæ та-иу ацыд, æмæ та-иу йæ мысинæгты ногæй æрыздæхт йæ ныййарæджы фæлгонцмæ. Нæ йæ уыдис йæ бон ферох кæнын æмæ йын йæ фæлгонц нæ лæвæрдта поэтикон удæнцой.

Н. Некрасов йæ Фыдыбæстæмæ «матушка Русь!»[2] æнæнхъæлæджы нæ дзырдта. Æмбаргæ адæймагæн йæ Фыдыбæстæ мады ад кæны. Æмæ диссаг нæу, Скифирон сæ дыууæйыл дæр уыцы æмхуызон кæй рыст.

---

[1] Б е л и н с к и й В. Г. Полн. собр. соч. Т. 4. – М., 1954. – 85 ф.
[2] Н е к р а с о в Н. А. Полн. собр. соч. и писем в 15 т. Т. 5. – Л., 1982. – 233 ф.

*Хъарм дзулы тæф мыл æвиппайды сæмбæлд кæцæйдæр,*
*Æмæ æвиппайд мæ цæстытыл ауад хыссæкъух ныййарæг…*
*Фæлæ куы фехсайдта зæрдæ, кæй йыл кодтон удхайраг хъарæг,*
*Гъе уæд мæ, æнтъыснæгау, не 'рæййæфтаид тыхзæй дæр.*

*Андзыгис зæрдæ, тæфæбоны маст дзы æнхъызтис, –*
*Саугуырм фæндаг-ма фыдкъахдзæфтæй, дуртау, æмбæрзтон.*
*Талынг мæ систа йæ уæлныхты, уый ма куыддæрты æмбæрстон,*
*Хъарм дзулы тæф та мæ зондæй нырма дæр нæ хызтис…*[1]

(«Хъарм дзулы тæф мыл æвиппайды сæмбæлд кæцæйдæр…»)

Поэтмæ ныййарæг мадыл фыст æмдзæвгæтæ бирæ не сты: «Лæггад кæнын кæмæн хъуыд, уый мæ…», «Дæ мæлæн бон…», «Æз æгæр бирæ домын мæ фыдæй…», «Аст сахатыл сыстадтæн…», «Æвиппайды»… Нæдæр сын сæ бирæйæ ис аргъгæнæн, æндæра грофомантæ генитæй агæпп кæниккой. Скифироны ныййарæджы мысгæйæ фыст æмдзæвгæтæ æмбулынц сæ рæстдзинадæй. Автор сæ æвдисы йæ зæрдæйæ цæуæг æнкъарæнтæ. Ныййарæджы мæлæтыл хъæбул риссы æгæрон рыстæй («Æвиппайды»):

*Ныййарæджы бæсты йæ къуымты*
*Йæ чызджытæ зилынц кæугæ…*
*Цудгæ-кæлгæ бон сæ 'ркъуырдта,*
*Цудгæ-кæлгæ…*

*Ныййарæгæн алы цæссыгæй*
*Йæ лæппутæ рухсаг зæгъынц…*
*Нал ис фылдæр маст сæ хъыгæй,*
*Нал и зæххыл…*

[1] С к и ф и р о н. Лирикæ. – Цхинвал, 1973. – 97 ф.

*Ныййарæгæн исæм къæрисæй*
*Йæ армæйконд уазал кæрдзын…*
*Адæм кæрзынц æмæ риссынц,*
*Адæм кæрзынц…*[1]

Поэт йæ уырыссаг æвзагмæ тæлмац чиныг, мады тыххæй фыст æмдзæвгæйы номæй кæй схуыдта, – «Запах теплого хлеба»,[2] – уый дæр æнæнхъæлæджы нæ уыд. Дзурæг у йæ ныййарæгмæ йæ ахастыл. Æрмæст ныййарæджы адзалы тыххæй нæ, дзæвгар ис нæ поэтмæ, адæймаджы зæрдæ кæмæй барухс уа, ахæм æппæтæй æххæст рæнхъытæ, бынæттæ, æмдзæвгæтæ. Кæнæ цæвиттонты æвзагæй дзургæйæ: «В письме к Вяземскому по поводу поэмы И. И. Козлова «Чернец» Пушкин заметил, что у Рылеева в поэме есть палач с засученными рукавами, за которого он бы «дорого дал». Н. А. Бестужев в своих воспоминаниях о Рылееве пишет, что Пушкин, как ему кажется, не все по достоинству оценил у Рылеева, но зато в том пункте, «где Рылеев сказал:

*Вот засучил он рукава…* –

Пушкин вымарал это место и написал на поле: «Продай мне этот стих!»[3] Арæх вæййы, иу цымыдисон дзырд кæнæ рæнхъы тыххæй æмдзæвгæ куы ‘рцæуы фыст æмæ йæ уый куы фæхæссы йемæ. Скифирон та æппынæдзух агуырдта ног цыдæр æмæ-иу æй аргæ дæр скодта. Уымæн æмæ æууæндыд йæ тыхыл. Зын сайæн дæн, зæгъгæ, уый йын нæ уыд æнæнхъæлæджы хъуыды. Уымæн зæгъы: «Фæлæ мыл ма кæнут дис: / Мæхицæй цы ‘ппæлон – æнцонæй мын / Иу хатт фæсайæн дæр ис! / …Æрмæст мæм фæхудай дæ мидбылты…» Поэт алы хъуыддаджы дæр

[1] С к и ф и р о н. Лирикæ – 2. – Цхинвал, 1980. – 61 ф.
[2] Т е д е т ы  Р ю р и к. Запах теплого хлеба. – М., 1972. – 5 – 123 ф.
[3] О д и н о к о в  В. Г. Поэтика русских писателей XIX века и литературный процесс. – Новосибирск, 1987. – 87 ф.

тырныдта бæрæг-бæлвырд архайдмæ, уымæй дæр, йæ царды æмæ аивадон фæтк уыдис æргом – иу къухæй райс, иннæмæй ратт. Цыма йæ адзал развæлгъау зыдта, æгæрыстæмæй, йæ ингæнкъахæг чи уыдзæнис, уый дæр уыд йæ хъуыдыйы, æмæ дзы домгæ ницы кæны, æрмæст æй лæбырæн бынатæй бахизæд; дуртæ дæр ыл ныккалæд – бауромдзæнис «æнæхъæн мæнг дунейы уæз» æмæ йæ фæрсы йæ ахæм царды фæтк сæххæст кæныны тыххæй:

*Æви дын æхцайæ*
*скæнон дæ лæггадæн аргъ?..*
*Уымæн æмæ зæххыл*
*хуыцауы æнæбары æз*
*иунæг хæс, иу лæггад дæр*
*нæ быхсын æнæ фыстæй...*

*Фæлæ мæ хæс дæ разы –*
*дæ фидæны æбуалгъ лæггад*
*абон, абоны бон*
*куы нæ бафидон, уæд –*
*зæххон хæс!.. æнтъух æй*
*молекулæты æхсæн!..*[1]
(«Гъо, куы йæ зонин абон…»)

Фæлæ уый афтæ нæ нысан кæны – арфæ йын чи загътаид, уыдон фæдыл разгъор-базгъор кодта, цæмæй сæм дыккаг арфæмæ уый фæраздæр уыдаид. Ахæм адæймаг уыдис æмæ иу æнæраны уайдзæфы тыххæй цалдæр фæлтæры хылтæ чи фæкодтаид. Фæлæ дзырд, хорз кæй нæ сæфта, хорз ын хорзæй фидгæ кæй уыд, ууыл цæуы. Æмæ уыцы хъуыддаг уыдис йæ уды. Никуы дзы рох кодта, ничи дæр ын æй исгæ бакодтаид. Тыбылты Алыксандр афтæ дзырдта: «Цард арæх цы миниуджытæ равдисы, æрмæст уыдон кой

[1] С к и ф и р о н. Лирикæ – 2. – Цхинвал, 1980. – 126 ф.

хъуамæ ракæна нывфыссæг поэт».[1] Æмæ Скифирон уыд ахæм. Зæххыл уыцы удимæ райгуырд, уыцы удимæ цард, уыцы удимæ арæзта литературæ. Уымæн æмæ йæ удыхъæд уыдис ахæм.

Скифирон (Тедеты Къостайы фырт Рюрик) райгуырдис 1938-æм азы сусæны мæйы 16-æм бон Ирыстоны хуссар хайы, Дзауы районы Къуылыхты хъæуы, йæ мадырвадæлты хæдзары. Фæлæ «йæ мад Къуылыхон, æвгъæды бадгæйæ, йæ цæгаты бирæ нæ афæстиат ис, уайтагъд рацыдис йæ хæдзармæ, уæдæй фæстæмæ та Скифирон, æз куыд хъуыды кæнын, афтæмæй иунæг хатт дæр нал уыдис йæ мадырвадæлты хъæуы, уæддæр бирæ уарзта йæ мадæн йе 'рвадæлты дæр æмæ, кæм райгуырд, уыцы хъæу дæр. Æхсызгон ын уыдис, уым кæй райгуырд, уый, æмæ алы хатт дæр дзырдта, йæ автобиографийы фыста, зæгъгæ, райгуырдтæн Къуылыхты хъæуы»,[2] – дзырдта йæ хæлар, фыссæг Къæбысты Зауыр.

Фæлæ Скифирон схъомыл сæхимæ, Знауыры районы Уахтъанайы. Йæ ныййарджытæ уыдысты райдиан къласты ахуыргæнджытæ æмæ уымæн ахсджиаг нысаниуæг уыд фидæны фыссæджы царды – чиныгимæ базонгæ хæрзчысылæй. Чиныджы тых æнкъардта йæхи тыхау. Афтæмæй астæуккаг скъола каст фæцис Хъорнисы 1956-æм азы æмæ йæ ахуыр адарддæр кодта Цхинвалы, Хуссар Ирыстоны паддзахадон педагогон институты филологон факультеты. Дыккаг курсы фæстæ хайад райста Казахстаны нæузæххытæ сæттыны.[3] Уыцы рæстæг йæ фæд ныууагъта поэты 'взонджы бонты сфæлдыстадыл. Фæфидардæр ын кодта йæ тæхæн базырты хъару. Æмæ æртыккаг къурс æрдæгæййонг куы сæхгæдта, уæд æй бафæндыд æндæр адæмы 'хсæнмæ ацæуын, æндæр адæмы цардимæ базонгæ уæвын. Аивта æмæ йæ ахуыр адарддæр кодта Кæсæг-Балхъары паддзахадон университеты уырыссаг æвзаг æмæ литературæйы факультеты.

«Кæсæг-Балхъары паддзахадон университеты Кавказы æппæт регионты уæлдæр ахуыргæнæндæтты студенттæн уыдис зонадон конференци. Хайад

---

[1] Т ы б ы л т ы  А л ы к с а н д р. Уацмысты æмбырдгонд. – Цхинвал, 1988. – 132 ф.
[2] К ъ æ б ы с т ы  З а у ы р. Æбуалгъ у цард / Хурзæрин, 2008. – 30 июль.
[3] Уый дæр уым.

дзы райстой нæ techинституты студенттæ дæр, Скифирон семæ, афтæмæй. Рюрикæн йæ зæрдæмæ фæцыд горæт Налцыкк, сæ университет, стæй сæ адæм дæр æмæ йæ бафæндыд, йæ ахуыр уыцы университеты адарддæр кæнын»,[1] – æмæ йæ, фæндвидар кæй уыдис, уымæ гæсгæ аразгæ дæр скодта. Каст æй фæцис 1962-æм азы. Æнæ университет æмдзæвгæтæ никуы фыстаид кæсгон чызгыл («Кæскон зæххы сæрмæ ысфардæг кæскон мæй…»):

*Дæ зæрдиаг цагъды уæлтæмæны зæлтæ*
*Мæ туджы, зынджытау, фæсимынц. –*
*Бæллицы галуантæм дæ фæндыры зæлтæ*
*Мæ сатæг фæндиæгтæм сидынц.*[2]

Æндæр адæмы ‘хсæнмæ кæй ацыд йе ‘взонджы бонты, бар-æнæбары йæ æппынæдзух йе ‘мбæлттæ, стæй адæмимæ уырыссаг æвзагыл дзурын кæй хъуыдис, уый йын бирæ баххуыс уырыссаг æвзаг бындуронæй сахуыр кæнынæн, стæй йæ дунеæмбарынад цæмæй иу нацийы фæлгæтты ма бацахстаид, фæлæ æххæстаид дардыл. Æхсызгонæй уымæн мысыд: «Коста Хетагуров через всю жизнь пронес любовь к русской культуре. На заре жизни он узнал русский язык, учился среди русских, по-русски общался с подавляющим большинством учащихся Владикавказской прогимназии, среди которых были не только русские и осетины, но и грузины, армяне, ингуши, немцы, поляки, татары, евреи…»[3]

Уыцы скъола рацыд йæхæдæг дæр. Йæ зæрдæмæ æввахс уыд. Уыдæттæ йæ цæмæн хъуыдысты, уыцы фарстæн йæхæдæг раджы сдзуапп кодта «Коста в жизни»-йы[4] дыууæ томон[5] мыхуырмæ куы бацæттæ кодта, уæд: «Но почему это нас должно интересовать, почему мы должны докапываться до каждой так называемой «мелочи»? А потому, что, говоря словами И. Андроникова о

---

[1] Уый дæр уым.
[2] Т е д е т ы  Р ю р и к. Уадындз. – Сталинир, 1961. – 47 ф.
[3] Т е д е т ы  Р. К. Жизнь Коста Хетагурова. – Цхинвал, 1979. – 9 ф.
[4] Коста в жизни. Часть I. – Цхинвал, 1984. – 214 ф.
[5] Коста в жизни. Часть II. – Цхинвал, 1989. – 438 ф.

Пушкине, Коста-человек – явление, может быть, не меньше, чем Къоста-поэт, «а главное, эти сущности неразделимы и равно прекрасны».[1]

Рюрик, кæй зæгъын æй хъæуы, нæдæр Къоста у, нæдæр – Пушкин, фæлæ алы æцæг фыссæг дæр у фæзынд, йæ цард æмæ йе сфæлдыстад сæ кæрæдзийыл афтæ æмбаст вæййынц, æмæ сæ иуæн æнæ иннæ нæй кæронмæ бамбарæн; уымæ гæсгæ сты иумæ ахуыр кæнинаг.

Рюрик университеты фæстæ ахуыргæнæгæй куыста Кæсæг-Балхъары автономон республикæйы Дæллаг Черкескы астæуккаг скъолайы, йæ райгуырæн хъæу Уахтъанайы астæуккаг скъолайы, Цæгат Ирыстоны районон газет «Знамя Ленина» æмæ фæсивæдон газет «Молодой коммунист»-ы редакциты, сабиты театр «Саби»-йы, фæлæ дзы иу афæдз дæр никуы афæстиат – уайтагъд-иу йæхи аппæрста æндæр ранмæ.

Æвзонг фыссæгæн æппынæдзух йæ зæрдæ дзырдта йæ ахуыримæ. Фæндыдис æй йæ адарддæр кæнын æмæ йын уый бантыст 1966-æм азы. Бацыд Ломоносовы номыл Мæскуыйы Паддзахадон Университетмæ.

Лæппуйы цинæн кæрон нал уыд. Цæмæ бæллыд, уый сæххæст – бахауд æнæхъæн Советон Цæдисы иууыл зындгонддæр Университеты аспирантурæмæ. Цы чемыл уыдис йæ ахуырмæ цæугæйæ, ууыл кæфты мæйы 29-æм бон Беслæны аэропорты ныффыста ирд, æргом æмдзæвгæ:

*Цæуылнæ кæнын цымæ*
*цин,*
*цæуылнæ?*
*Æви нæ дæн ыстæхыны æввонг?!.*
*Мæскуымæ ахуыры тыххæй цæуынмæ*
*Куы бæллыдтæн мæ рагбонтæй ныр‘онг?!.*

*Бæргæ мыл ныр æмбæлы кафын, зарын,*

[1] Т е д е т ы Р. Годы и обстоятельства // К о л л е к т и в а в т о р о в. Коста в жизни. Часть II. – Цхинвал, 1989. – 7 ф.

*Æмæ мыл не ‘мбæлы æнкъард кæнын…*
*Фæлæ фырцинæй*
*цин кæнын дæр*
*нал фæразын, –*
*Æрмæст ма адæргæй мæ фæндагмæ кæсын…*[1]
(«Цæуылнæ кæнын цымæ…»)

Цы тыррыкк зæрдæйы уагыл уыдис, уый æрмæст уацмысы дзырдтæй не ‘ргом кæны, фæлæ, æмдзæвгæйы рæнхъытæ куыд цъæлтæ кæны, уымæй дæр. Ахуыр дæр ахæм цымыдисæй кодта. Æмæ куыддæр аспирантурæ каст фæцис, афтæ Университеты æнтысгæйæ бахъахъхъæдта диссертаци ахæм темæйыл – «Осетинская советская поэзия (20-ые годы)»[2] æмæ фæстæмæ æрыздæхт ахуыргондæй. Райста филологон зонæдты кандидаты ном.

Фæсарæйнаг литературæйæ лекцитæ кæсын райдыдта Хуссар Ирыстоны паддзахадон педагогон институты, фæлæ дзы не ‘рбæстон. Æппынæдзух йæ хъуыдыйы сфæлдыстадон хæтæнты кæй уыд, аивад æй уæгъд кæй нæ уагъта, уый тыххæй бацыд чингуыты рауагъдад «Ирыстон»-мæ редакторæй. Ссис хистæр редактор. Фæлæ 1980-æм азы рухс федта йæ поэтикон æмбырдгонд «Лирикæ – 2» æмæ йæ ныхмæ растад вульгарон критикæ. Сæ зæрды уыд иу ныццæфæй дзы фервæзын.

Царды рæстдзинад æмæ уыимæ царды хъæнтæ кæй æвдыста, уый тыххæй йæ рæстæджы мыхуыры органтæй æмæ цардæй баййæфта æгъатыр дæрæн: «Автор активонæй, агрессивонæй фидар кæны йæхи «æз»: адæмы хуызæн нæу, фæлæ у уæлдæр, адæм – ницæйаг, уый – стыр, бæрзонд, уæладæймаг, йæхицæн дæтты алы бар дæр, хъуамæ æххæст цæуа йæ алы домæн дæр, йæхион хъуамæ байса, ратона алкæцæй дæр. «Сæрджын редактор» ын йæ фыстытæ не ‘мбары, – йемæ кæндзæн «хыл», мыхуыры дуæрттæ хойы «йæ зæрдæйы сæрæй». Фидис кæны, «хæдтæхæг, поезд, нау»

[1] С к и ф и р о н. Лирикæ – 2. – Цхинвал, 1980. – 69 ф.
[2] Т е д е т ы Р. К. Осетинская советская поэзия. – Цхинвал, 1975. – 245 ф.

кæй не ‘ндавынц, ома, алы бæстæтæм рацу-бацу чи нæ кæны, уыдонæн, хоны сæ «фæныкгуызтæ», йæхи та, æвæццæгæн, æвæры «Гагаринтæ æмæ Колумбты ‘хсæн (цыма сын балцытæ хæднысан уыдысты, æрмæст леккайы тыххæй?!)»,[1] – дзырдта Дзуццаты Хадзы-Мурат, кæд тынг хорз зыдта, аивадон уацмысæн «æвæццæгæнтæ», æфхæрæн дзырдтæй аргъгæнæн нæй, уæддæр. Поэтмæ цы ахаст дардтой, уый сыл тых кодта. Æндæр, уæдæ, куыд схуындæуа ахæм цæстæнгас: «Фидис кæны поэттæн, хоны сæ алы æнæуаг нæмттæй, йæхи та, æвæццæгæн, æвæры «Толстойтæ, Брехтты» æмрæнхъ…»[2]

Кæронæй йын хæссы карз тæрхон: «Цæмæй хицæн кæнынц ныгуылæйнаг модернизм æмæ авторы модернизм? Æрмæст уымæй, æмæ сæ иу дзуры уым, капиталистон æцæгдзинады тыххæй, се ‘ннæ та – ам, социалистон æцæгдзинады тыххæй. Дыууæ æцæгдзинадæй уæлдай нæй».[3]

Цыбыртæй йæ хъуыды у: Скифирон у социалистон æхсæнады ныхмæ. Йæ уацы йын, æгæрыстæмæй, нæ дзуры йæ ном дæр, сæры бынмæ йæ чиныджы номимæ цы банысан кодта, æндæр. Журналы 8 фарсыл æй «автор» хоны 42 хатты. Йæ номæй иунæг хатт дæр нæ.

Ахæмтæн æмæ сæ уацмыстæн 30-æм азты, стæй уый фæстæ цытæ кодтой, уый дæр тынг хорз зыдта Хадзы-Мурат, фæлæ ноджы рæстагæй домдта: «…ахсджытæ æмæ сын марджытæ цы къухфыстытæ ахастой, уыдон нæ раздæхтысты адæммæ, æмæ абон дæр ма ницы зонæм, цы фесты, кæм сты, уымæн. Кæд сæ, мыййаг, сæ автортау амардтой (басыгътой сæ кæнæ сæ искуы брондонмæ акалдтой, кæнæ сæ сæ дзырдхæссæг-нымудзæг фысджытæй искæмæн балæвар кодтой), уæд æй цæуылнæ зæгъынц æргомæй?.. Кæнæ цæуылнæ зæгъынц, чи уыдысты, нæ фысджыты нын кæй хахуыртæ, кæй даутæ, кæй дамтæ æмæ кæй мамтæй æрцахстой, уыдон? Кæнæ ахст, æхст æмæ хасты тæрхон сын чи рахаста, уыдон? Ау, рæстдзинад хъуамæ ма зонæм?»[4]

---

[1] Д у ц ц а т ы  Х а д з ы-М у р а т. Æбæрндзинад – дунейы раз, поэзийы раз // Фидиуæг, 1981. – № 5. – 95 ф.
[2] Уый дæр уым.
[3] Уый дæр уым, 101 ф.
[4] Д з у ц ц а т ы  Х а д з ы-М у р а т. Уынгæгбоны сагъæстæ. – Дзæуджыхъæу, 2010. – 154 ф.

Ӕргӕвдинаг уа, ӕндӕра ӕргӕвдджытӕ алы хатт дӕр разыны. 1981-ӕм азы нӕ уӕды областы фысджыты хыгъддӕттӕн-ӕвзӕрстыты ӕмбырды дӕр чиныг ӕмӕ йӕ авторӕн тӕрхон конд уыдис: «Хӕрз ӕрӕджы партийы Цхинвалы горкомы бюройы уынаффӕмӕ гӕсгӕ ӕхгӕд ӕрцыд Тедеты Рюрикы (Скифироны) идейон ӕгъдауӕй зианхӕссӕг чиныг. Автор куыста хистӕр редакторӕй, спайда кодта йӕ бынатӕй, ӕнӕмӕт редакторӕй ӕмӕ йӕ «Лирикӕ – 2»-йы ныммыхуыр кодта, нӕ идеологийы ныхмӕ чи сты, не ‘хсӕнадон цардӕвӕрдыл цъыфкалӕн кӕм кӕны, адӕймаджы ныхмӕ, уымӕ фыдӕхы цӕстӕй кӕсыны бӕрджытӕ гом-ӕгӕрццӕй кӕм зынынц, ахӕм ӕмдзӕвгӕтӕ»,[1] – карзӕй дзырдта Мӕргъиты Къоста.

Алы къуымты сусӕгӕй йӕ риу чи хоста: «Ӕз хӕстон лӕг дӕн! Слӕууын ӕй кӕтут. «Геко» мӕм раттут ӕмӕ йӕ ӕхсын!» – ахӕмтӕ дӕр дзы уыдис. Скифиронӕн та сусӕг-ӕргомӕй адӕмӕн йе ‘взаг цъиуы ‘взагӕй лыстӕгдӕр кодта: «Алы ‘фхӕрдыл дӕр разы дӕн – партийӕ дӕр мӕ фӕсурут, мӕ ахуырадон къӕпхӕн дӕр мын байсут, ахсгӕ дӕр мӕ ӕркӕнут, ӕрмӕст мӕ Фысджыты цӕдисы ныууадзут…» Фӕлӕ йыл бынтон стӕмтӕй дарддӕр сусӕг-ӕргомӕй худӕгӕй мардысты – «Гъе! Ныр ахст дӕ, цъиу, фӕлӕу…»[2] («Цъиу ӕмӕ сывӕллӕттӕ»).

Уалынмӕ раныхас кодта уӕды обкомы фыццаг нымӕрдар Санахъоты Феликс ӕмӕ ӕмбырды адӕмӕн фидарӕй куы загъта, алы цъыфкалӕнты тыххӕй-иу рӕстаг адӕймӕгты куы ‘рцахстой ӕмӕ куы бабын кодтой, уыцы дуг раджы кӕй фӕцис, фӕстӕмӕ йӕ здахын кӕй нал хъӕуы, уӕд бирӕтӕн фырдисӕй сӕ цӕстытӕ аирвӕзтытӕ сты. Скифиронӕн та йӕ фырдиссагӕй йӕ цӕссыгтӕ калдысты, къултӕн дӕр пъатӕ кодта.

Ӕмӕ зӕрдыл ӕнӕрбалӕууынц А. О. Смирновайӕн М. Лермонтовы поэтикон рӕнхъытӕ: «Все это было бы смешно, Когда бы не было так грустно».[3] Ӕрдӕгафӕдзы бӕрц бынтон ницӕй тыххӕй Скифирон

[1] М ӕ р г ъ и т ы К ъ о с т а. Стыр бӕрндзинад партийы раз, адӕмы раз // Фидиуӕг, 1981. – № 5. – 89 ф.
[2] К ъ о с т а. Ирон фӕндыр – Дзӕуджыхъӕу, 1951. – 126 ф.
[3] Л е р м о н т о в М. Ю. Собр. соч. в 4 т. Т. 1. – Л., 1979. – 448 ф.

фырадæргæй йæ чиныджы тыххæй йæ къухты фыдтæ дæр куыд хордта, уыдæттæ æрмæстдæр йæхи уд зыдта.

Фыссæг æмæ ахуыргонд фæхауæггаг йæ бынатæй. Систой йæ рауагъдады хистæр редакторы бынатæй. Йæ чиныг ын ныллыг кодтой, ома, антисоветон у. Æмæ, кæмæндæр йæ сины ‘лвæст куыд фæхос, афтæ тынг бирæ мæстыты фæстæ сзындгонд æмæ рагæй кæдæм бæллыд, – Хуссар Ирыстоны зонад-иртасæн институтмæ, – уым кусын райдыдта йæ дæснылйадмæ гæсгæ. Цы царды бонтæ ма йын баззад, уыдон иууылдæр нывонд кодта нывæфтыд литературæ æмæ литературæзонадæн.

Фæлæ уыцы бонтæ, хъыгагæн, уыдысты нымад. Скифирон йæ цард не ‘вгъау кодта литературæйы алы ног формæтæ æмæ аивадон афыстытæн. Æрвылбон дæр уыдис фæллойы къахыл лæуд. Йæ зæрдæ нырма Фыдыбæстæйон Стыр хæстæй цъæх уыдис («Хæсты панорамæ»):

*Хæстон чингуытæ, спектаклтæ, фильмтæ:*
*автоматы къыбар-къыбур, топпы гæрæхтæ,*
*бомбæты, сармадзанты гуыппытæ,*
*знæт атакæтæ, удуæлдай размæбырстытæ,*
*концлагертæ, крематоритæ,*
*æнæнымæц лæгмæрдтæ,*
*блокадæтæ (лæджы фыд хæрынæн куы сбæззы),*
*сидзæр сабиты æрдиаг – сиренæ,*
*иуæй иннæ хуыздæр чызджыты*
*куы нал вæййы курæг,*
*сахъ лæппутæ усгуры бæсты*
*мæрдтæм куы цæуынц,*
*дунейыл стыр рынау куы бахæцынц*
*æфсымæрон ингæнтæ,*
*суджы бæсты куы судзынц*
*поэтты чингуытæ,*

*хъæдтæ куы бахардз вæййынц*

*табæттыл, цыртытыл,*

*хоры гага кæм баппæрстæуа,*

*куы нал вæййы ахæм зæххы мур,*

*сау гæххæттытæ*

*дур-æхсæрдзæнтау куы хауынц,*

*згъæрæй куы нал фефсæдынц*

*тохы быдыр, тохы денджыз, тохы уæлæрвтæ,*

*уыдонæй ма дзы цы аирвæзы,*

*уымæй та – ордентæ, медалтæ,*

*хуымæтæг æмбæстæгтæ*

*куы свæййынц Матросовтæ, Иссæтæ,*

*хуымæтæг географион бынæттæ*

*куы свæййынц Освенцимтæ, Бабий Яртæ…*

*Мæ сывæллоны бонтæй фæстæмæ*

*мæ зæрдæсæр хæст ныллæууыд*

*æмæ мын æнцой нæ дæтты…*[1]

Поэты ныхасыл нæ дызæрдыг кæнæм. Нафи æнæнхъæлæджы нæ загъта: «Поэт, æмбæстаг, салдат нæ дуджы сты иу, нæй сын ахицæнгæнæн».[2] Æмæ-иу Скифирон уыцы темæмæ æрыздæхтис ног æмæ ногæй: «Æфсымæрон ингæны уæлхъус», «Дуар фегом кодта чидæр…», «Советон Цæдисы гарзджын тыхтæ», «Атомон æнусы зæрдæхсайд»… Æвзонг сабийы уды Фыдыбæстæйон Стыр хæст æмæ уый фæстæ азтæй баззадис дзæвгар судзæгтæ. Йæ зæрдæ сæ цъæх уыд. Хъаныхъуаты Инал хæст хуыдта «…тяжелый кошмар, который гнетет и душит современное культурное человечество».[3] Поэтæн йæ лæджы кары дæр æнцой уый тыххæй нæ

---

[1] С к и ф и р о н. Лирикæ. – Цхинвал, 1973. – 174 ф.
[2] Д ж у с о й т ы  Н а ф и. Ирон аив дзырды сæрвæлтау. – Цхинвал, 1966. – 47 ф.
[3] К а н у к о в  И н а л. В осетинском ауле. – Владикавказ, 1985. – 425 ф.

лæвæрдта хæсты рис. Поэт хæсты азарæй хызт куы уыд, уæддæр зыдта, Фыдыбæстæйы уыдаид æви фæсарæнты, хæхтæ æви быдырты, суры æви денджызы, æппынæдзух «мæ зæрдæйы æмæ дæ зæрдæйы, мæ хъуыдыты æмæ дæ хъуыдыты ядерон бомбæтæ хæлынц…» («Атомон æнусы зæрдæхсайд»).

*Уæнгтæ*

*æгæр сæнæбон ысты низты раз,*
*хостæй уадиссаг хуыздæр нал кæнынц, –*
*чи зоны, æнусты размæ дæр афтæ уыд,*
*фæлæ –*
*ядерон бомбæтæ хæлынц...*

*Сæнттæ*

*тымыгъы уылæнтау асирынц,*
*рæстæджы дуртыл ныппырх вæййынц,*
*артау цæхæр цæссыг ауалынц,*
*рынчынау æваст ныуæу кæнынц, –*
*чи зоны, æнусы размæ дæр афтæ уыд,*
*фæлæ –*
*ядерон бомбæтæ хæлынц...*[1]

Æрвыл бон фæдисы къахыл лæуд кæй стæм, стыр хæст кæд ныггуыпп кæндзæнис, уый кæй нæ зонæм, Хъаныхъуаты Иналы куырыхон хъуыды: «Пора расставаться с оружием и взяться за соху»-мæ[2] кæй никуы цæуынц адæм, тыхы сæр кæй лæууæм æппынæдзух, поэт ууыл риссы. Цин та кодта, Советон Цæдисы гарзджын тыхтæн тыхгæнæг тых кæй нæ ардта, ууыл:

*Ызнаг!*

[1] С к и ф и р о н. Лирикæ – 2. – Цхинвал, 1980. – 30 – 31 ф.
[2] К а н у к о в И н а л. В осетинском ауле. – Владикавказ, 1985. – 31 ф.

*Фæдæ фæстаджы бон фæсмойнаг,*
*Мах авдæнмæ кæй нæ бакодтай хурх!..*
*Нæ амондмæ дæ тугдзых уд ысмондаг,*
*Фæлæ дæхиуыл анығуылдзæн хур...*

*Цæуынц!*
*Æфсæддон паради æрцæуынц,*
*Ныннæрыд артилерион æмæхст!..*
*Ызнаг! Дæхи фырадæргæй æрцауындз, –*
*Нæ Тыхты парад у дæуæн фæдзæхст!..*[1]
(«Советон Цæдисы гарзджын тыхтæн»)

Фæлæ йе ‘нкъараг зæрдæ не сфæрæзта, афтæ æнувыд кæуыл уыд уыцы Цæдисы ныппырх, нæ фыдбоны сыхæгтæ нæм куы ‘рбабырстой, ирон адæмæй сæ къухы чи ‘фтыдис, уыдон, алы хъыцъыдæттæ сын даргæйæ, куыд цагътой, уыцы сау фыдтæм кæсын. Федта сæ йæхи дыууæ цæстæй, уымæн æмæ йæхæдæг дæр бахаудта сæ тугæйдзаг къухтæм Ергнеты.

Курдиатджын фыссæг æмæ зонадон кусæджы йæ адзал æрæййæфта йæ тæккæ куысты кары – 53-аздзыдæй. Фæзиан æнæнхъæлæджы 1991-æм азы кæхцгæнæны мæйы 1-аг бон. Йæхæдæг афтæ кæмæй дзырдта: «Мæ зонгæтæ мæрдтæм цæуынц мæ разæй...», «Кæмæдæр-ма куы авæрдтаин нуазæн, Кæмæндæр-ма куы не скодтаин маст», – уыдоныл бафтыд йæхи уд дæр, кæд æй уымы бæсты ницы уырныдта («Дзæнæт цы у! Зындон дæр дзы куы уынин... Фæлæ кæм и?!. Ыстæгдартæ зынынц...»), уæддæр. Æмæ, цыма, йæ сау фидæн уыдта, уыйау уыдис йæ развæлгъау катай:

*Мæхæдæг дæр дымгæбоны цырагъ дæн,*
*Мæнæн дæр афтæ ахуысдзæн мæ зынг...*
*Мæт мыл кæндзæнис, чи мæ ‘фхæрдта раздæр, –*

[1] С к и ф и р о н. Лирикæ – 2. – Цхинвал, 1980. – 10 – 11 ф.

*Кæй нæ уарзтон, уыдзæнис уымæн зын…*

*Æбуалгъ у цард… Куы аивгъуыйæм иугæр,*
*Куы нал нын вæййы раздæхæн мæрдтæй,*
*Уæд нып кæнынц æрдиаг æмæ ниугæ,*
*Сæхи хæрынц фæсмон æмæ мæтæй…*[1]

(«Мæ зонгæтæ мæрдтæм цæуынц мæ разæй…»)

Скифирон «æмдзæвгæтæ фыссын райдыдта дыууадæсаздзыдæй».[2] Литературæмæ та æрбацыд 1953-æм азы. Йæ фыццаг æмдзæвгæтæ æмæ радзырдтæ мыхуыр кодта газет «Советон Ирыстон» æмæ журнал «Фидиуæджы». Фæлæ областы арæнтæй тагъд ахызт Цæгат Ирыстоны мыхуыры фæрæзтæм дæр æмæ йæ уый кодта базырджын. Ног æнтыстытæм ын йæ ныфсыл æфтыдта ныфс.

1958-æм азы Хуссар Ирыстоны æвзонг фысджытæн рацыд чиныг «Æвзонджы бонтæ» æмæ Рюрик уым цы 'мдзæвгæты цикл ныммыхуыр кодта, уый фæстæ дызæрдыггаг никæмæн уал уыд, нæ аив литературæмæ кæй æрбацыд ног фыссæг. Æмæ, æцæгдæр, уыцы хъуыддаг фергомдæр кодта 1961-æм азы йæ фыццаг поэтикон æмбырдгонд «Уадындз»-æй. Уыдис ын æнтыст.[3] Фæлæ ууыл не 'рлæууыд. Йæ курдиат фæлвæрдта литературæйы алы жанрты æмæ йын алы ран дæр уыдис, буц кæмæй хъуамæ уыдаид, ахæм разагъта къахдзæфтæ. Рауагъта дзæвгар чингуытæ: «Размæ тындз» (уацау, 1965), «Лирикæ» (æмдзæвгæтæ, 1973), «Лирикæ – 2» (æмдзæвгæтæ, 1980), «Цæхджын хойраг» (уацау, радзырдтæ)… Æмæ уыдон фæрцы, уæлдайдæр, «Лирикæ – 2»-йы фæрцы йæ ном айхъуыст æнæхъæн Ирыстоныл. Йæ уырыссаг æвзагмæ тæлмац чингуыты фæрцы – Советон Цæдисыл дæр. Скифиронмæ уыдис, цы загътаид йæ чиныгкæсджытæн, уый. Йæ лирикон

---

[1] С к и ф и р о н. Лирикæ – 2. – Цхинвал, 1980. – 44 – 45 ф.
[2] Г а г л о й т ы  В л а д и м и р. Тедеты Рюрик // А в т о р т ы  к о л л е к т и в. Хуссар Ирыстоны фысджытæ. – Цхинвал, 1967. – 290 ф.
[3] К о з а т ы  Х а з б и. Поэты фыццаг къахдзæф // Фидиуæг, 1961. – № 9. – 80 – 82 ф.

хъайтар хуымæтæджы нæ фæрсы («Æз – хуымгæнæг, цуанон, фæдисон, бæлццон æмæ а. д.»):

*Арт куы ахуыссыдис –*
*Цыма фæстаг æрттиваг хъæндилыл ракалдис хъаймæт,*
*Рухсы хиталæгыл*
*Куы балæгæрстой талынджы динозавртæ,*

*Уæд-ма, о бæлццон,*
*Афтæ æрæджиау цæмæн радзæгъæл дæ зынггур,*
*Æми йæ нæ уыныс,*
*Æрвон лампионты дæр уд кæй нал ис?!*[1]

Поэт дæр зæххон удгоймаг у. Цыфæнды бæрзæндты фæтæхæд, авд дæлдзæхмæ ныккæсæд, уымæй фенæгдæр, уымæй зонæгдæр мачи уæд зæххы цъарыл, уæддæр æй, иу хур бон уа, асæст æви арв дæлæмæ æрхауа, бахъæуы, алы удгоймагау, амæлын. Адзалæй, æгæрыстæмæй, мæрдтæм фæлидзæн дæр нæй. Уыцы æнæмæнг хъуыддаг развæлгъау фæзоны алчи дæр, кæд бирæты нæ фæфæнды, сæхицæн æй бауырнын кæной, уæддæр. Скифиронмæ бирæ æмдзæвгæты ис йæ кой. Йæ уацмыстæм гæсгæ дзы, тæрсгæ, мыййаг, нæ кодта. Æниу, адзалæй чи нæ тæрсы? Уымæн та, цыма, мæлæт йæ базыртыл хаста йе сфæлдыстады хурыскаст, вулканау, йæ курдиаты срæмыгъд æмæ рарттывд. Цы 'мдзæвгæйы кой нæм уыд, – «Цырты райдайæн», – уымæн А. Пушкины «Памятник»-æй æнæнхъæлæджы не 'рхаста эпиграммæйæн иу рæнхъ. Скифироны хъуыды у бæлвырдæй бæлвырддæр:

*Ныр уал мын фауæнт критиктæ мæ зарæг*
*Æмæ йыл хъоды бакæнæнт, уæддæр*
*Мæ фæсмæлæт æз разындзынæн дзуар-лæг,*

[1] С к и ф и р о н. Лирикæ – 2. – Цхинвал, 1980. – 79 ф.

*Фæстагæтты хъæудзæн мæ поэзийы сæр,*
*Уыдзæнис искæцы тых-кандидаты дарæг,*
*Æмæ æрыгон поэтты нæуæг фæлтæр*
*Мæ номыл схæцдзæнис бæрзонддæрæй уæлдæр,*
*Мæ сæфт рæнхъытæм ацæудзæнис сгарæг –*
*Ныр уал мын фауæнт критиктæ мæ зарæг.*[1]

Скифирон фæлтæрд поэт уыдис. Фæлтæрд поэт æмæ фенæг лæг. Стæй – литературæфæлгъауæг ахуыргонд. Цы арæзта, уый зыдта. «Хуссар Ирыстоны дзыхы (ома, дзыхæйдзургæ – Хъ. М.) уацмыстæ æвæджиау хъæздыг сты аппæй»,[2] – уый йын сусæг нæ уыд. Змис æмæ цементæй æнæуд блоктæ тъæпп кæнын куыд хъæуы, уый дæр ын ничи бацамыдтаид; дзырд йæхи джиппы куыд æвæрдтаид, уд дзы куыд бауагътаид, уый та йын Хуыцауæй лæвæрд уыдис – ничи йын æй байстаид, кæд-иу æм бахъавджытæ фæцис, уæддæр. Æнæнхъæлæджы йæм не ‘рцыд æмдзæвгæ «Сонт лæппуйы ратон-батон систой...» ныффыссыны хъуыды.

Сонт лæппумæ никæй хъыгдарыны фæнд уыд. Зæрдæхæларæй зарыд. Фæлæ, дам, фистæгæй ма радугъ-бадугъ кæн, «Ма, дам у æвзонг» – «Знæтæй йæ нæмынц. Къахæй-къухæй йæ цæвынц», «Сидынц ын ахъаззæгтæ йæ мадæн. Здухынц ын йæ цонг...» Æмæ разыны авторы, нырма рыгъд, фæлæ сонт лæппуйы фидæныл кæй æууæнды – ма йын бабын кæной, сæйраг цы у, уый – «ма йын асæттой йæ уадындз», уымæй йæ оптимистон позици:

*Ох, нæмынц æй, фæлæ йæ нæ уадзынц*
*Кæуын дæр, кæуын.*
*Æз, мæхи тыхуромгæ, лæууын:*
*Ма йын байсой, ма йын асæттой йæ уадындз...*[3]

[1] С к ъ и ф и р о н. Лирикæ. – Цхинвал, 1973. – 105 ф.
[2] Т ы б ы л т ы  А л ы к с а н д р. Уацмысты æмбырдгонд. – Цхинвал, 1988. – 242 ф.
[3] С к и ф и р о н. Лирикæ – 2. – Цхинвал, 1980. – 100 ф.

Афтæмæй Скифирон йе ‘мдзæвгæ «Цырты райдайæн»-ы разыны дардмæуынæг поэтæй. Хорз зыдта, кæддæр поэтты Пегас куыд скъæфта размæ: «Цæст дæр нæ хæцыдис йæ тахтыл. Йæ барджытæн нæ каст сæ коммæ. Йæ комулæфт уыди тыхдымгæ. Ныдзæвгæдæр нæ кодта зæххыл. Тырныдта ‘нæзонгæ бæрзæндтæм…», – фæлæ йын уый куы фæхæст йæ барцыл, куы йыл сбадт, уæд ныдздзойтæ кодта. Уымæн æмæ нæуæг дуджы фæндаг нæ зоны æмæ поэт йæ музæйы кæны йæ фæстæ. Ног фæндæгтыл æй чи хъуамæ скъæфид, йæ цæфхæдты бынæй судзгæ цæхæртæ кæмæн хъуамæ кæликкой, уый кæны тыхласт. «Стихтæ фыссын хæцгæ низ у».[1] Афтæмæй поэт худы, поэзийæн чи нæ райгуырд, тыхæй йыл йæхи чи бæтты, уыдоныл:

*Тæхудиаг ыстут*, чи н‘ ауæрды йæхиуыл
Лæгъзтæ ‘мæ хъаст кæнгæ – уæ удтæ сты *бæрзонд*:
Уæ бæсты дæр фыссæнт!.. Уæддæр сымахæн иууыл
Æнæуынондæр дзырдтæ сты – «курдиат», «ахуыр», зонд»!..[2]
(«Тæхудиаг ыстут, кæй-иу кæнæм дæлдзиныг…»)

Джыккайты Шамил дзырдта: «Поэзи алæмæт у. Æмдзæвгæтæ æдзух поэзи нæ вæййынц. Æмдзæвгæтæ фыссын алкæй бон дæр у, поэзийæн та хъæуы сфæлдисæг, æрдзон курдиат, «Хуыцауы комы тæф». Францзаг эстетик Ж. Жубер фыста: «Чиныг ныффыссын æмæ уацмыс сфæлдисын сты хицæн хъуыддæгтæ. Уацмыс сфæлдисынæн хъæуы аивад (дæсныйад), чиныг ныффыссынæн та – чернила æмæ гæххæтт».[3] Уымæ гæсгæ æмдзæвгæ фысджытæ – хæрх, поэттæ – стæм».[4]

Скифирон кæд прозæйы жанры дæр активонæй æвдыста йæхи æмæ йын йæ курдиат арæзта йæ къух, рухс ын федтой цалдæр чиныджы: «Размæ тындз», «Æнусон уадындзы схъистæ», «Осколки вечной свирели», «Цæхх

---

[1] Æ в з о н г  И р ы с т о н, 1925. – № 2 – 3.
[2] С к и ф и р о н. Лирикæ – 2. – Цхинвал, 1980. – 182 ф.
[3] Ж у б е р  Ж. Дневники // Эстетика раннего французкого романтизма. – М., 1982. – 344 ф.
[4] Д ж ы к к а й т ы  Ш а м и л. Лирикон поэзийы поэтикæ // Д ж ы к к а й т ы  Ш а м и л,  Г у æ з д æ р т ы  А з æ, Д ж ы к к а й т ы  З æ р и н æ. Ирон дзырдаивад. – Дзæуджыхъæу, 2005. – 34 ф.

æмæ кæрдзын», стæй пьесæтæ дæр фыста, уæддæр сæйраджы-сæйраг поэт уыд. Уымæйдæр, разынд дардмæуынæг поэт – йæ «сæфт рæнхъытæм» ын æрыгон фæлтæр кæсынц лæмбынæгдæр, йæ ном цæуы уæлдæрæй-уæлдæр, йæ уацмыстæй бирæтæ систы хрестоматион æмæ йын тагъд «тых-кандидатты дарæг» кæй суыдзысты, уый дызæрдыккаг нæу. Бирæ поэзиуарзджытæн сты æхцонхæссæг, царды скъола.

СПАЙДАГОНД ЛИТЕРАТУРÆ


1. *Авторы архивæй;*

2. *Æвзонг Ирыстон,* 1925. – № 2 – 3;

3. *Æлборты Хадзы-Умар.* Уидæгтæ æмæ къабæзтау. – Цхинвал, 1985;

4. *Балаты Тембол.* Райгуырæн бæстæ. – Дзæуджыхъæу, 1946;

5. *Белинский В. Г.* Полн. собр. соч. Т. 4. – М., 1954;

6. *Бестауты Гиуæрги.* Уацмыстæ 3 т. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 2003;

7. *Бестауты Гиуæрги*. Царды цин. – Цхинвал, 1962;

8. *Гæдиаты Секъа.* Равзаргæ уацмыстæ. – Цхинвал, 1979;

9. *Гæдиаты Секъа.* Уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 1981;

10. *Гаглойты Владимир.* Тедеты Рюрик // *Авторты коллектив.* Хуссар Ирыстоны фысджытæ. – Цхинвал, 1967;

11. *Гафез.* Нæ литературæйы æнтыстытæ æмæ дарддæры хæстæ // Фидиуæг, 1959. № 1;

12. *Гомер.* Сочинения. – М., 2002;

13. *Гринберг* И. Поиски и открытия Владимира Луговского // *Луговской Владимир.* Собр. соч. в 3 т. Т. 1. – М., 1988;

14. *Джусойты Нафи.* Балц ирон аив дзырды дунемæ. – Цхинвал, 2012;

15. *Джусойты Нафи.* Ирон аив дзырды сæрвæлтау. – Цхинвал, 1966;

16. *Джусойты Нафи.* Ирон литературæ 1970 – 1980 азты // *Джусойты Нафи, Мамиаты Изетæ, Хъазиты Мелитон.* Ирон литературæ. 11-æм къласæн. – Цхинвал, 2012;

*17. Джыккайты Шамил.* Дыууадæс дзырды // Авторты коллектив. Арв. Цæссыг. Стъалы… – Дзæуджыхъæу, 2012;

*18. Джыккайты Шамил.* Ирон литературæйы истори. – Дзæуджыхъæу, 2003;

*19. Джыккайты Шамил.* Намыс. – Дзæуджыхъæу, 2011;

*20. Джыккайты Шамил.* Разагъды лæгтæ. – Дзæуджыхъæу, 1999;

*21. Джыккайты Шамил.* Лирикон поэзийы поэтикæ // Джыккайты Шамил, Гуæздæрты Азæ, Джыккайты Зæринæ. Ирон дзырдаивад. – Дзæуджыхъæу, 2005;

*22. Дзаболаты Хазби.* Уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 2011;

*23. Дуццаты Хадзы-Мурат.* Æбæрндзинад – дунейы раз, поэзийы раз // Фидиуæг, 1981 № 2;

*24. Дзуццаты Хадзы-Мурат.* Бæрндзинад. – Цхинвал, 1976;

*25. Дзуццаты Хадзы-Мурат.* Знон æмæ абон. – Цхинвал, 1964;

*26. Дзуццаты Хадзы-Мурат.* Уынгæгбоны сагъæстæ. – Дзæуджыхъæу, 2010;

*27. Дриаты Хъ.* Ахуыргæнæг. Рухстауæг. Поэт // *Коллектив авторов.* Аксо Колиев. – Дзæуджыхъæу, 1999;

*28. Епхиты Тæтæри.* Уацмыстæ 3 т. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 1961;

*29. Кануков Инал.* В осетинмком ауле. – Владикавказ, 1985;

*30. Козаты Хазби.* Поэты фыццаг къахдзæф // Фидиуæг, 1961. – № 9;

*31. Коллектив авторов.* Зарубежная литература XVII – XVIII вв. – М., 1982;

*32. Короленко В. Г.* Река играет. – М., 1984;

*33. Къæбысты Зауыр.* Æбуалгъ у цард / Хурзæрин, 2008. – 30 июль.

*34. Къоста.* Ирон фæндыр. – Дзæуджыхъæу, 1951;

35. Коста в жизни. Часть I. – Цхинвал, 1984;

36. Коста в жизни. Часть II. – Цхинвал, 1989;

37. *Коцойты Арсен.* Уацмыстæ 2 т. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 1971;

*38. Коцойты Арсен.* Уацмыстæ 2 т. Т. 2. – Дзæуджыхъæу, 1972;

39. *Лейбниц Готфрид Вильгельм.* Соч. в 4 т. Т. 3. – М., 1984;

40. *Лермонтов М. Ю.* Собр. соч. в 4 т. Т. 1. – Л., 1979;

41. *Лукиан из Самосаты.* Избранная проза. – М., 1991;

42. *Маркс К. и Энгельс Ф.* Сочинения. Т. 36. – М., 1964;

43. *Матвей,* 11;

44. *Маяковский Владимир.* Собр. соч. в 12 т. Т. 1. – М., 1978;

45. *Мæргъиты Къоста.* Стыр бæрндзинад партийы раз, адæмы раз // Фидиуæг, 1981. № 5;

46. *Мыртазты Барис.* Æз ирон дæн. – Цхинвал, 1968;

47. *Некрасов Н. А.* Полн. собр. соч. и писем в 15 т. Т. 5. – Л., 1982;

48. *Нигер.* Уацмысты æхх. æмб. 3 т. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 1966;

49. *Одиноков В. Г.* Поэтика русских писателей XIX века и литературный процесс. – Новосибирск, 1987;

50. *Плиты Грис.* Æвзæрст уацмыстæ 2 т. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 1973;

51. *Плиты Грис.* Фыстæджытæ. – Дзæуджыхъæу, 2013;

52. *Плиты Харитон.* Уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 1972;

53. *Пушкин А. С.* Собр. соч. в 10 т. Т. 2. – М., 1974;

54. *Пушкин А. С.* Собр. соч. в 10 т. Т. 3. – М., 1975;

55. *Руссо Жан Жак.* Роман «Эмиль или О воспитании»-йы хъайтар.

56. *Скифирон.* Лирикæ – 1. – Цхинвал, 1973;

57. *Скифирон.* Лирикæ – 2. – Цхинвал, 1980;

58. *Скифирон.* Фæндæгтæ æви алвæндæгтæ? // Фидиуæг, 1965. № 10;

59. *Соловьев Леонид.* Возмутитель спокойствия. – М., 1940;

60. *Соловьева Н. А.* Английская литература. Общая характеристика // *Коллектив авторов.* История зарубежной литературы XIX века. – М., 1991;

61. *Твардовский А. Т.* Собр. соч. в 6 т. Т. 5. – М., 1980;

62. *Тедеты Рюрик.* Запах теплого хлеба. – М., 1972;

63. *Тедеты Рюрик.* Уадындз. – Цхинвал, 1961;

65. *Тедеты Р.* Годы и обстоятельства // *Коллектив авторов.* Коста в жизни. Часть II. – Цхинвал, 1989;

66. *Тедеты Р. К.* Жизнь Коста Хетагурова. – Цхинвал, 1979;

67. *Тедеты Р. К.* Осетинская советская поэзия. – Цхинвал, 1975;

68. *Тимофеев Л. И.* Основы теории литературы. – М., 1976;

69. *Тыбылты Алыксандр.* Уацмысты æмбырдгонд. – Цхинвал, 1988;

70. *Тюнькин К.* Салтыков-Щедрин. – М., 1989;

71. *Хетагуров Коста.* Собр. соч. в 3 т. Т. 1. – М., 1974;

72. *Цæгæраты Максим.* Ирон советон литературæйы уавæр æмæ хæсты тыххæй // Мах дуг, 1954. № 9;

73. *Чибиров Л. А.* Встречи с Васо Абаевым. – Дзæуджыхъæу, 2000.

Æ х с æ з æ м  с æ р

## ЗÆРДÆЙЫ ХУЫЗТÆ

### Ахуыры фæндагыл тындзгæйæ. Аивады бæрзæндмæ – йæ бæллиц. Йæ зæрдæйы поэтикон хуызтæ. Нывæфтыдтæй – уæрæх авналæнтæм

Ирон нывæфтыд литературæйы, уæлдайдæр, ирон поэзийы «æхсайæмазонты» лæггад цъус нæу, кæд æппæтæй æххæст нæма уыдысты æмæ сæ дуджы Дзуццаты Хадзы-Мурат æмткæй нæ поэтты тыххæй афтæ фыста: «Нырма фаг ком нæ дæттæм нæхи æмæ нæ дуджы æргом, ныфсджын, «бæгънæг» рæстдзинадæн, нырма кæмдæрты æгæр примитивон у нæ аивадон дæсныйад»,[1] – уæддæр. Уыцы дуджы дзырдаивадмæ чи æрбацыд, æрмæсдæр уыдон систы хицæн, нæргæ номы аккаг. Æмæ æнæнхъæлæджы, мыййаг, нæ.

Культы азарæй сыгъд фысджытæн се уонджы мигъ бадт сæрибар дзырды коймæ. Фыдыбæстæйон хæсты фыдазты цы фæлтæр бахсыст, уыцы фысджыты ныфс æндæр уыд, фæлæ сæ фылдæрыл, фронты цы дудгæбæттæ бавзæрстой, уыдон æндæвтой. Сæ дзырды сæр фылдæр хæст уыд. Удуæлдай салдаты – Сæрибархæссæг хæстоны зæрдæйы уаг ныв кæнынæл уыдысты. Æмæ сæм уый тыххæй азымхæссæг азым не ‘рхæсдзæнис. Фыдыбæстæйон Стыр хæсты азарæй басудзæг Кочысаты Мухарбег загъта: «Ацы хæст фесæфта бæстæ».[2] Уæддæр «æхсайæмазонты» лæггад ирон литературæйы ахсы сæрмагонд зынгæ бынат. Нæ аивадмæ Булкъаты Михал, Хуыгаты Сергей, Хъодзаты Æхсар, Малиты Васо, Джыккайты Шамил, Скифирон (Тедеты Рюрик), Æлборты Хадзы-Умар æмæ æндæрты æрбацыд уыдис сусæны мæйы хæххон, сатæг уддзæфы хуызæн. «Æхсайæмазонтæ» дзырдаивадмæ æрбакъахдзæф кодтой дзырдхъом æмæ ныфсджынæй. Уыдис

---

[1] Д з у ц ц а т ы Х а д з ы-М у р а т. Ирон поэзии // А в т о р т ы к о л л е к т и в. Ирон поэзийы антологии 2 т. Т. 1. – Цхинвал, 1969. – 20 ф.
[2] К о ч ы с а т ы М у х а р б е г. Уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 1977. – 97 ф.

сæм, цы загътаиккой, уый. Æмæ зыдтой, куыд æй загътаиккой, уый. Мамсыраты Дæбе куыд загъта: «Ныфс æмæ ‘хсар хъуаг не сты н‘ адæм»,[1] – уыйау ма – курдиат цух дæр не сты. Уыдис сын, кæмæн æй загътаиккой, уый дæр – уыцы рæстæджы адæм аив литературæ хъуыдис уæлдæфау. Аив дзырдæй сын дойны уыд. Фысджытимæ фембæлдтытæм цыдысты бæрæгбонмæ цæуæгау. Разæнгардæй арæзтой конференцитæ, диспуттæ. Чиныг рухс федта æмæ йыл дзыллон информацийы фæрæзты рецензи ма фæзындаид, уый гæнæн нæ уыд, кæд сæ иууыл æппæлгæ нæ кодтой, уæддæр.

Цы фысджыты кой скодтон, уыдонæй ма абон дæр бирæтæ сæ ныфсхасдзинады, се ‘ргом ныхасы кæнæ та «ды мæнæй хуыздæр цæмæн дæ»-йы тыххæй алы къулбадæг мыхуыры фæрæзты баййафынц ахъаззаг дæрæн. Бирæ галиу зондыл æви фæстæзад хъуыдытыл хæст адæймæгтæ сын нырма дæр нæ фæбарынц се ‘ргом, бæрзонд ныхас дæр, аивады сæ рагон-æрыгон хуызтæ дæр, сæ алыхуызон поэтикон фæзилæнтæ дæр.

Йæ сæрибар хъуыды, уæлдайдæр нæм адæмон сфæлдыстадæй чи баззад, Секъайы сфæлдыстады чи тыбар-тыбур кæны, поэтикон уыцы хуыз – верлибры тыххæй Æлборты Хадзы-Умармæ æнæхъуаджы иу æмæ дыууæ æфхæрды не ‘рхаудта. Йæхи нал сæтты, позæ аразыны тыххæй йыл ныцъцъецъелæг, зæгъгæ: «Къостайы традицитæй дардмæ… лидзы, цæмæй, боныфæстагмæ, йе ‘гуыдзæг ма рабæрæг уа»,[2] – иу æмæ йæ дыууæ критикæгæнæджы нæ уыдис. Фæлæ дымгæйæн йæ хæс дымын у, науæн – денджыз æгæрдын. Æмæ кæд ирон поэзийы сæйраджы «æхсайæмазыкконтæ» ныффидар кодтой верлибыр æмæ, кæд поэзийы классикон формæ кæй хонæм, уымæ дæр рæвдз уыдис, уæддæр ыл Хаджийæ иузæрдыгдæр, æнувыддæр ничи разынд. Йæ адзалы бонмæ йыл йæ къух никуы systа æмæ йæ зæрдæйы хуызтæй ирон поэзи фæхъæздыгдæр кодта ноджы иу хуызæй.

Арв алы хуызы дæр йæхиæрдыгонау рæсугъд у. Уæддæр æй уæлдай рæсугъддæр кæнынц хур æмæ мæй, стъалытæ – чысылтæ æмæ стыртæ.

---

[1] М а м с ы р а т ы Д æ б е. Уацмыстæ 6 т. Т. 5. – Дзæуджыхъæу, 1970. – 280 ф.
[2] С к и ф и р о н. Фæндæгтæ æви алвæндæгтæ? // Фидиуæг, 1965. – № 10.

Уæлдайаг сæ никæцы у. Алчи дæр сæ æххæст кæны йæ хæс, алкæмæн дæр сæ ис йæхи бæрнон æмæ сæрмагонд нысаниуæг. «Фæлæ адæймаджы зонд арæнтæ нæ зоны.» «Уый» бафæнды «дарддæр акъахдзæф кæнын.»[1]

Афтæ у аивад дæр. Йæ удуæлдай аразджытæй чи Хур вæййы, чи – Мæй, чи – стъалы. Æмæ сæ уæлдайаг ничи разыны. Æндæр хабар у, хъомысджын хъæдмæ куы кæсай, йæ хуыз, йæ мидтыхæй дæ дисы куы ‘фтауа, фæлæ дын æхсæнмæ-æхсæнты дæ цæсты тигътæ сæхимæ куы здахой, цыма сыл фæлмæн, урс-урсид мит æрхæцыд, уыйау урсбарц нæзытæ.

Цыфæнды хох, цыфæнды быдырæн дæр уыдон фидыц æмæ хъомысы хос сты. Æфтауынц æй цæсты, йæ кад ын исынц бæрзонд. Уыдон фæрцы тынгдæр баззайы адæймаджы зæрдæфысты.

Нæ ирон аив литературæйы чи рарттывта, чи йæ фæаив æмæ фæхъæздыгдæр кодта, уыдонмæ хауы поэт æмæ литературæиртасæг, нæ поэзийы «æхсайæмазонтæй» иу Æлборты Хадзы-Умар. Æрбацыд æм хæрз æвзонг лæппуйæ, йе ‘нусон дунемæ дзы ацыд 72-азыкконæй æмæ йыл никуы суæлæхох, фыдыусмæ кæсæджы цæстæнгасæй йæм никуы акаст; стыр бынтæ дзы никуы смарзта, фæлæ йын æнувыдæй фæкодта хъæбулы лæггад.

Махмæ цæрæнбонты афтæ у, цæмæй нæ хуыздæртыл дæлæмæ хæцæм, æндæра нæхæдæг сæ ауонæй куынæ уал разынæм, зæгъгæ. Удæгасæй хорзæй хорз зæгъын нæ цæст никуы фæуарзы. Хъуамæ нæ алчи дæр йæ сæры, йæ хъуыдыйы æлхынцъытæй иуы нывæрид – хорзæй хорз зæгъын æнамонддзинад нæ, фæлæ амонд у. Дæ хорзы искæмæн куы равдисай, уæд дæхæдæг дæр разындзынæ. Адæм уымæн акæнынц: де ‘мбал чи у, уый мын зæгъ æмæ, чи дæ, уый дын зæгъон; «хох цахæм уа, ахæм дур дзы тулы».[2]

Поэты сфæлдыстад алы азты, стæй алы кары уыцы иухуызон нæ уыдис. Ис æм, бæрзонд-иу кæм схызт, дунейы дзыллæйæн дæр сæрыстырæй кæй равдисай æмæ равдисыны аккаг дæр чи сты, ахæм уацмыстæ; ис æм æрвылбонон, иударон зæгъæн кæмæй ис, ахæм æмдзæвгæтæ, фæлæ,

[1] С и у к ъ а т ы Н и к ъ а л а. Дун-дуне нæ алыфæмблай. – Дзæуджыхъæу, 1994. – 297 ф.
[2] Х ъ а з и т ы М е л и т о н. Ирон хæзна. – Цхинвал – Дзæуджыхъæу, 2013. – 317 ф.

мыггагæн йæ куырыхонтæй куыд фæаргъ кæнынц, афтæ сфæлдыстадон кусæгæн дæр аргъ кæнын æмбæлы йæ дзыхыакæнинаг æнтыстытæй.

Мах дæр сæйраджы бацархайдзыстæм, поэт поэт цæмæй сси, йæ уыцы уацмыстæм лæмбынæгдæр æркæсын, се 'нтыстытæ сын фенын æмæ сæ рæгъмæ рахæссынил. Уыдон поэтæн Хуыцауæй радтгæ курдиаты фæрцы уæлæнгай нымадæй дæр цъус не сты, кæд ын фæрнджын адæмы фысджытау дæсгай томтæ сфæлдисын нæ бантыст, уæддæр. Нæ ирон фысджыты уавæрты дæхи æнæтугæргæвст куы акæнай, уæддæр нæ царды дзæвгар фылдæр рæстæг нæхи, нæ бинонты дарынил кæй бахардз кæнæм, уый тыххæй аивад фæаразæм баирвæзæггагæй. «Ирон фысджыты хъысмæты æвæрд, æвæццæгæн, афтæ у: сæ чысылы бонтæй фæстæмæ зындзинæдты бын фæвæййынц æмæ æнафоны фесæфынц, – сæ хъару æххæстæй равдисын дæр нал бафæразынц»,[1] – дзырдта Коцойты Арсен. Баирвæзæггагæй стыр бынтæ скæнын – дæсгай томтæ сфæлдисын мæнæ нæй. Арвæй дын сæ ничи æрæппардзæнис, дæ хъуыры цъар фырлæгъстæйæ куы ныййивазай, уæддæр.

Арсены амæлæтæй фондзæссæдз азæй фылдæр рацыд, фæлæ, хæтой хицæутты аххосæй ахæм уавæрты стыр литературæ аразæн кæй нæй, уый тыххæй уыди Джыккайты Шамилы мæстджын ныхас дæр.[2] Æмæ, нæ культурæ, нæ нывæфтыд литературæ, Ирыстон нæ зынаргъ кæмæн сты, уыдонæй алчи дæр хæсджын у, цæмæй йæ дара йæ зæрдыл. Цынæ вæййы, чи зоны, искуы йын фадат фæуа литературæйы фæндагæй ныхдуртæ атулынæн. Хаджи дæр йæ фæстæ уый тыххæй нæ ныууагъта дæсгай томтæ. Фæлæ аивадæн йæ гуырахст нæ, йæ аппмæ гæсгæ фæаргъ кæнынц. Хъайтмазты Аслæмырзæ дзыхы акæнинаг æртæ æмдзæвгæйæ фылдæр нæ ныффыста, фæлæ ирон литературæйы классикæй баззадис.[3]

Æлборы-фыртæн бантыст, йæхи хъæлæс ссарын, дугмæ йæхи ахаст, йæхи цæстæнгас равдисын. Æмæ уыдон сты хæдхуыз. Нæ йын хæццæ кæнынц искæй уды кондимæ. Уый тыххæй поэт загъта («Цымæ цы уаин…»):

---

[1] К о ц о й т ы  А р с е н. Уацмыстæ 2 т. Т. 2. – Дзæуджыхъæу, 1972. – 238 ф.
[2] Д ж ы к к а й т ы  Ш а м и л. Нæ вæййы рухсæн сау талынг йæ ингæн // Фидиуæг, 2000. – № 1.
[3] Х ъ а й т м а з т ы  А с л æ м ы р з æ. Æмдзæвгæтæ // А в т о р т ы  к о л е к т и в. Хурзæрин. 1 т. – Дзæуджыхъæу, 1973. – 166 – 168 ф.

*Цымæ цы уаин,*
*куы фесафин*
*мæ зæрдæйæн йæ хуызтæ?..*
*Цин куынæ уал æнкъарин цинæн,*
*маст – мастæн,*
*æфхæрды раз куы къул кæнин мæ сæр,*
*æгадыл худинаджы гаккæн*
*куы нæ хæссин мæ тæрхон,*
*æмгары рис куы нал æндавид мæн,*
*ызнаджы цæст куы нал къахин мæ фатæй,*
*бæсты сагъæс, ныййарæджы кæуынау,*
*куы нал хъусин...*
*Цы уаин,*
*мæ зæрдæ*
*куы нæ уал æвдисид йæ хуызтæ?*[1]

Уыцы хуызтæй цæуынц йе 'ппæт дзуринæгтæ дæр. Уыдон фæрцы у поэт. Йæ зæрдæйы хуызтæ куынæ уой, уæд нал хъусдзæн адæмы хъæр, ничи уал æм цымыдис кæндзæн; йæхи дæр ницы æндавдзæн. Афтæмæй: «Зарæгмæ райхъал Нæ зæхх».[2] Поэт уымæн тарст йæ зæрдæйы хуызтæ фесафынæй. Уымæн сæ хъахъхъæдта æмæ сæ уымæн уыд сæрыстыр. Уыдон ын куынæ уал уыдаиккой, адæмыл, цардыл куынæ уал рыстаид, уæд æрмæстæр бонтæ нымайыны тыххæй хостаид нæ дарæг зæххы риу, уый йæм раст нæ каст.

Махмæ, хъыгагæн, рæдыд традицийæн баззад – монографитæ, зонадон куыстытæ хъуамæ фыссæм нæ литературæйы классиктыл. Уыдонмæ сæ дзæнæттаг дунемæ ницы уал фехъуысдзæнис æмæ сæ цыфæнды дзур. Фæлæ рагæй у афон не 'мрæстæгонты сфæлдыстадмæ æркæсынæн. Удæгæсты

[1] Æ л б о р т ы   Х а д ж у м а р. Мæ зæрдæйы хуызтæ. – Цхинвал, 1968. – 3 ф.
[2] Ф æ р н и о н. Уацмыстæ, 1959. – Сталинир, 1959. – 5 ф.

тынгдæр фæхъæуы рæвдыд дзырд дæр, æппæлд дæр, зонд дæр. Шамилы марджытæн сæ фыдракæнд Хуыцау никуы ныххатыр кæндзæн, уый Хетæгкаты Къостайы номыл Цæгат Ирыстоны паддзахадон университеты ирон литературæйæ аспирантурæйы сæргълæууæг куы уыдис, уæд архайын райдыдта йæ аспирантты цæстæнгас фылдæр нырыккон ирон литературæмæ здахыныл æмæ йын æнтысгæ дæр кодта. Ис нæм уыйбæрц хъару, нæ цыты лæгтæн цæмæй скад кæнæм æмæ нæ абоны кæнинæгтæ сомбонмæ куы 'ргъæвæм, уый нын Хуыцау куы ныххатыр кæна, уæддæр æй нæхицæн нæ удты сконд нæ ныббардзæнис.

Хаджи аккаг уыд, йæ удыгасæй искæмæй фехъуыстаид хъарм ныхас.

***

Цардыл æууæнк нæй. «Царды чи бафсæсти хурæй, цинæй чи уыдис рæвдыд…»[1] – дзырдта Цæразон. Куыдтæ нын акæны – кæдæмыты нæ сыскъæфы, куыд нæ æрдæрæнтæ кæны, уымæн зонгæ дæр ницы бакæнæм. Йæхæдæг æй мæнæ-мæнæ фæзоны, – цардæй зæгъын, – адæймагæн йæ хъысмæт сæрæй-кæронмæ, æцæг, йæ ныхыл вæййы фыст, уый дæр мæ, хъыгагæн, тынг фидарæй нæ уырны. Арсен йæ хъайтар Чермены дзыхæй цæйау загъта: «Фыдæлты цард махæй дард у»,[2] – фæлæ, йæ цард дæр, йæ куыст дæр, йæ ацыд дæр, йе 'рбацыд дæр нæ фарсмæ кæмæн уыд, афтæ кæмæй хъуыды кодтам – бирæ йын бантысдзæн, фæкусдзæнис, ирон аив дзырды сæрвæлтау нырма асины къæпхæнтыл бæрзонд схиздзæн, нæ уыцы хæдбындур поэт æмæ литературон критик Æлборты Хадзы-Умар (Хаджумар) æцæг цæрынмæ, фæлдисынмæ куы æрæвнæлдта, уæд æй йе 'мбæлттæ хатгæ дæр нæ фæкодтой, афтæ æнæнхъæлæджы йæм цы æнамонды хабар рауад, низ æй цæмæннæ уал бауагъта йæ быд фæндтæ кæронмæ сæххæст кæнын?

Фæндтæ, хъуыдытæ, бæллицтæ та йæм бирæ уыд. Йæхи тыххæй дæр, йæ бинонты тыххæй дæр, Ирыстоны тыххæй дæр… Йæ туджы цавд, йе

[1] Ц æ р а з о н С о с л а н. Алгъуызы кадæг. – Цхинвал, 2016. – 83 ф.
[2] К о ц о й т ы А р с е н. Уацмыстæ 2 т. Т. 2. – Дзæуджыхъæу, 1972

‘мбарынад, йе ‘нкъарæнты ризгæ æмæ дыз-дызгæнгæ тæлфыд нæ ивгъуыд, нæ абон, нæ фидæн. Хъуыды сыл кодта æппынæдзух æмæ сæ æвдыста аивадонæй, уæлдайдæр, поэтиконæй. «Цард йæхæдæг аразы фæндаг…»,[1] – загъта Секъа. Æмæ уый фергом, æвзонг лæппу-ма куы уыдис, уæд. Æвзонг поэты зæрдæйæ рантыстысты йæ дарддæры сфæлдыстадон фæндагыл дзурæг зырнæйзылд, адæймаджы зæрдæйыл йæ фыццаг чиныгæй буды адау чи ныдзæвынц, уыцы поэтикон рæнхъытæ:

*О, мæ рагон, ме ‘рыгон адæм,*
*Æз дæ райсом, дæ изæрыл сагъæсæй*
*Цинæй масты ‘хсæн судзгæ лæууын.*[2]

Уыцы «ардбахæрд» ын уыдис фæндагамонæг хъыбыллæйы хуызæн. Кодта йæ иу æнтыстæй иннæмæ. Уый фæрцы хызт рындзæй рындзмæ. Стæй æппынæдзух архайдта, цæмæй дзы макуы фæиппæрд уыдаид.

Æлборты Несторы фырт Хадзы-Умар райгуырд 1939-æм азы сусæны мæйы 15-æм бон Хуссар Ирыстоны, Цхинвалы районы, Сарабучъы хъæуы зæхкусæг бинонты ‘хсæн. Йæ сабибонтæ æрвыста йæ райгуырæн хъæуы. Райдайæн скъола каст фæцис уым, аст къласы та – Уанаты. Лæппу фыдæй сидзæрæй кæй баззад, уый тыххæй цард мæгуыр уавæрты. Фæлæ йæ зæрдæ æппынæдзух дзырдта йæ чингуытимæ. Уымæ гæсгæ æнæхххæст астæуккаг скъолайы фæстæ йæ ахуыр адарддæр кодта Цхинвалы педагогон ахуыргæнæндоны. 1959 – 1964-æм азты ахуыр кодта Хуссар Ирыстоны паддзахадон педагогон институты филологон факультеты æвзаг æмæ литературæйы хайады. Уæд «фæбæрæг йе ‘рмдзæф, йæ поэтикон æнкъарæн».[3] Фæлæ йæ дарддæры цард æмæ куысты уыцы ахуыр дæр фагыл нал банымадта. Аивад, ахуырад цардимæ æппынæдзух размæ цæуынц, æмæ се ‘мдзу куынæ исай дæ къах, уæд дæ фæстейæ куыд фæуадздзысты, уый

[1] Г æ д и а т ы С е к ъ а. Уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 1981. – 425 ф.
[2] Æ л б о р т ы Х а д ж у м а р. Фæдисон. – Цхинвал, 1964. - 3 ф.
[3] Д з у ц ц а т ы Х а д з ы-М у р а т. Æлборты Хаджумар // А в т о р т ы к о л л е к т и в. Хуссар Ирыстоны фысджытæ. – Цхинвал, 1967. – 268 ф.

дæхæдæг дæр нал фæхатдзынæ. Уый тыххæй каст фæцис аспирантурæ. Диссертаци бахъахъхъæдта ахæм темæйыл – «Ирон литературон критикæ 30-æм азты» æмæ йын лæвæрд æрцыд филологон зонæдты кандидаты ном.

Хадзы-Умар институты фæстæ куыста дзæвгар бынæтты. Фыццаг бацыд Хуссар Ирыстоны «Союзпечать»-мæ. Уыд газет «Советон Ирыстон»-ы литературон кусæг. Стæй рахызт Фысджыты цæдисы Хуссар Ирыстоны хайады литконсультанты бынатмæ. Уыд фысджыты аив-литературон æмæ æхсæнадон-политикон журнал «Фидиуæджы» литературон критикæ æмæ публицистикæйы хайады гæс, стæй та – журналы сæйраг редактор.

Уыцы иурæстæджы Хуссар Ирыстоны паддзахадон институты, фæстæдæр университеты лекцитæ каст нырыккон ирон литературæйы историйæ. Уырдыгæй аивта Республикæ Цæгат Ирыстон – Аланийы Хетæгкаты Къостайы номыл паддзахадон университеты ирон литературон сфæлдыстады кафедрæмæ. Акуыста Республикæ Хуссар Ирыстоны зонад-иртасæн институты ирон литературæйы хайады гæсæй дæр.[1] Фæлæ, куыд акæнынц, низ йæ бон калы. Ноджы Хаджумары хъысмæтыл нæ фыдбоны сыхæгтимæ не ссæдзазон хæст йæ сау фæд æнæныууадзгæ нæ фæцис.

Адæймаг хом фыд æмæ стæгæй уæлдай ницы у. Æрвыл уысм цыфыддæр хæстон хотыхты ниуынмæ хъусын, удмарæн хæст æмæ фыдбылызтæм кæсын кæй бон у. Куыннæ хъуамæ хæлдаиккой æмæ сыхæлдаиккой йæ нуæрттæ, ссæдз азы дæргъы цы фыдтæ федтам, уыдонæй?! Дойнаг дуртæ сæм фæрчытæ куы хаудысты. Æмæ та, нæ бирæ зæрдæзæгъгæ фысджытау, уымæй дæр бавдæлон стæм.

Фæлæ Хадзы-Умар цыфæнды куысты сæр лæууыдаид алы ран дæр сæйраджы уыдис поэт æмæ архайдта, цæмæй йæ номыл – поэты сыгъдæг номыл къæм абадын макуы бауагътаид, кæд-иу ын уый алы хатт æнцон нæ уыдис æмæ-иу æй бирæ хæттыты тох кæныны сæр бахъуыд, уæддæр.

Æлборы-фырт ирон поэзимæ æрбацыд 50-æм азты æмбисы, педагогон ахуыргæнæндоны ма куы ахуыр кодта, уæд. Хъæуæй уæд æрцыдис горæтмæ.

---

[1] Б и б о е в а И. Г., К а з и т ы М. Р. Писатели Осетии. – Владикавказ, 2015. – 453 ф.

Æмæ хъæууон æвзонг лæппу дунейы хъынцъым æмæ сагъæс уыцы иу ныццæфæн кæм рахастаид адæмы рæгъмæ. Йæ фыццаг фæлварæнтæ фылдæр уыдысты хуымæтæг дзуринæгтæ, фылдæр – фæзмыны æнгæс. Дзуццаты Хадзы-Мурат дзы афтæ уымæн дзырдта: «Æрыгон лæппу 1952 – 60 азты цы литературон фæлварæнтæ кодта, уыдонæй зын рахатæн уыд, цахæм индивидуалон ахаст ис йæ курдиатæн, цы æмæ куыд зæгъинаг у чиныгкæсджытæн. Зæгъинаг дæр æм уадиссаг ницы уыдис. Фыста иумæйаг рифмæгæнæг æмдзæвгæтæ, чингуыты цы поэтты касти, уыдон фæзмгæйæ, уыдонмæ гæсгæ. Нырма уæлæнгай уыдысты йæ биографи æмæ йæ уды фæлтæрддзинад».[1] – Стæй дарддæр йæ зæгъинæгтæ ноджы фæарфдæр, фæуæрæхдæр кодта: «… арæх йæ фæлгонцты хъаруйыл нæ бауvæнды æмæ сын æнæхъуаджы комментаритæ фæдæтты, ранæй-рæтты йæм æмхиц у сур риторикæ, кæм та йæ хъуыды æмæ йе ‘нкъарæн кæронмæ æмбæрст нæ вæййынц чиныгкæсæгæн».[2] Уæд æвзонг поэтмæ нæма уыдис нæдæр царды, нæдæр литературон фæлтæрдзинад. Кæцæй разындаид йæ курдиаты индивидуалон ахаст. Чиныгкæсджыты зæрдæтæ цæмæй сыгъдысты, уыцы проблемæтæ куыд скъуыддзаг кодтаид поэтикон дзырды фæрцы. Фæлæ уæд йæ иууыл хуыздæр миниуæг уыдис, фæндвидар кæй разынд, цыфæнды критикæйы раз дæр йæ гæрзтæ кæй не ‘вæрдта, уый.

Фыццаг хатт райдайгæ поэтæн йæ ном мыхуыры фæзынд журнал «Фидиуæджы» 1955-æм азы. Æмæ йын йæ фыццаг уацмыстæ кæд литературæйы дуæрттæ йæ разы дардыл нæ айтыгътой, уæддæр ын фæндаг фегом. Пединституты куы ахуыр кодта, уæд фæфидар йæ поэтикон хъæлæс. Разынд йе ‘рмдзæф æмæ 1964-æм азы рухс федта, йæ ныфсыл ын стыр ныфс чи бафтыдта, йæ цардвæндаджы хъысмæт ын кæронмæ чи аскъуыддзаг кодта, йæ уыцы фыццаг поэтикон æмбырдгонд «Фæдисон».

Уым Æлборы-фырт разынд, кæй уыдзæнис ирон æмæ дунейон литературæйы классиктæй бирæты сфæлдыстадон традицитæ дарддæргæнæг

[1] Д з у ц ц а т ы Х а д з ы-М у р а т. Æлборты Хаджумар // Хуссар Ирыстоны фысджытæ. – Цхинвал, 1967. – 267 – 269 ф.
[2] Уый дæр уым.

æмæ уыцы иурæстæджы йæхихуызон поэт. Ома традицитæ комкоммæ, искæй уацмыстæй йæхи сфæлдыстадмæ хæссыны охыл, мыййаг, нæ иста, фæлæ уæд нæ ирон поэзийы тынг стыхджын фæлгонцон уынынад. Цæрукъаты Алыксандр, Гафез, Джусойты Нафи, стæй – Бестауты Гиуæрги, Дзаболаты Хазби, Козаты Исидор, Дзуццаты Хадзы-Мурат æмæ нæ иннæ фысджытæй барджынæй рахызт ирон поэзийы «æхсайазонтæм». Уыдон састой, къорд азты нæм чи ныффидар, поэты уыцы æргъæфст фæлгонцы фæлгæттæ. Архайдтой сæхи фæтк æмæ æгъдау æвæрыныл, кæд ын афтæ зæгъæн ис, уæд. Æмæ сæм уыцы зæрдæйы уаг ирон литературæйы æвзæрын кодта ног фæндæгтæ æмæ хъуыдытæ. Сæ фылдæр ист уыдысты, нæхи аив литературæйы раздæр чи уыдис, фæлæ нын 30-æм азты кæй «ферох» кæнын кодтой æмæ та ногæй чи райдыдта æндидзын, уыдон. Æмæ, æхсайæм азты кæй æрбацыд нæ литературæмæ, уый тыххæй сæ æнæхайæ нæ баззад поэт Æлборты Хадзы-Умар дæр. Фæлæ Андрей Вознесенский загъта: «Поэт всегда единичен, он – сам по себе».[1] Хадзы-Умар цардмæ каст йæхиæрдыгонау – ирон поэт æмæ ирон адæймаджы цæстæнгасæй æмæ йæ æвдыста, куыд æй уыдта æмæ йæ куыд ныв кодта йæ хъуыдыйы, афтæмæй. Уыцы ирон уд кæм тæлфы, сæхи ад чи хæссынц, адæймаджы зæрдæ уыцы уацмыстæ тынгдæр агайынц. Нигер йæ хъарæг йæ зарæг уымæн хуыдта.[2]

Уымæн æмæ уыдон сты поэтæн йæ зæрдæйы, стæй, дзырд дæр ыл нæй, йе сфæлдыстады сæйраг хуызтæ. Уымæн сын тæрсы, уымæн æй æфтауынц сагъæсы – цы уыдзæнис, куы фесафид йæ зæрдæйы хуызтæ, уæд?

Уый у не ‘рвылбонон царды сæйраг фарст: адæймагæн хъуамæ уа зæрдæ, зæрдæйæн – хуызтæ, æмæ уыцы хуызты зына цард, йæ бæстастæу – адæймаг, афтæмæй. Уый куынæ уа, уæд, адæймаджы хъузгæн хуыз цы ис, æндæр дуртæ, бæлæстæ, кæрдæгæй нæ хицæн кæнид. Уæд нын зæххыл цæрын уаид худинаг æмæ мæлæт. Уæз ыл цы кæниккам, æндæр æй нæ бон нал уаид рæсугъд кæнын. Адæймаг фæиртæсид царды сæйраг нысанæй.

---

[1] В о з н е с е н с к и й  А н д р е й. Пробы духа. – М., 1984. – 488 ф.
[2] Н и г е р. Уацм. æххæст æмб. 3 т. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 1966. – 96 ф.

Уыцы хуызтæй йын ахсджиагдæр, у мадæлон æвзаджы уарзт. Абайты Васо кæмæй загъта: «Мæ зæрдæ рисы, нæ мадæлон æвзаджы хъысмæтыл куы ахъуыды кæнын, уæд»,[1] – уыцы æвзаджы æгæрон, абарæн кæмæн ницæимæн ис, уыцы уарзт. Нæ куырыхон лæджы зæрдæ йыл уымæн рыст, куыд æвзæрдæрæй йæ нæ сæрмæ кæй нал хæссæм, æцæгæлон цæстæй йæм кæй кæсæм. Гафез загъта: «Мæ нæртон æвзаг!.. А зæххыл кæй уарзын Æппæты фылдæр, чи мын у æрдаг, Цæмæн сæвæрд уый базары тæразыл, Цæмæн ысси кæмæндæрты дзырддаг?!.»[2] Фæлæ æцæг поэтæн, йæ Фыдыбæстæ æмæ йæ адæмы цæрайæ чи цæры, ахæм фыссæгæн мадæлон æвзаг алы хатт дæр мады ад кæны. Мад æрмæстæр иу вæййы. Мадæлон æвзаг афтæ зынаргъ уымæн уыд Хадзы-Умарæн дæр. Кæмфæнды уыдаид, йæ мадæлон æвзагыл æм цыд дзурын, хъуыддæгтæ аразын, цæрын. Уымæн зæгъы («Æцæгæлон бæсты…»):

*Æцæгæлон бæсты,*
*æцæгæлон адæмы 'хсæн*
*кæимæ ысдзурон*
*мæ мадæлон æвзагыл?*

*Æваст*
*ныззарыдтæн иронау.*[3]

«Бæсты» «вместо» у. Ам хъуамæ «бæстæйы» уаид, фæлæ поэты хивæнд диссаг у – афтæ йæ бафæндыд æмæ бæлвырдæй нæ бон ницы зæгъын у йæ ныхмæ, кæд нæ зæрдæйыл тынг не 'мбæлы, уæддæр. Уæлдайдæр, уыцы «хивæнд» хорз æмдзæвгæйы кæй равдыста, уый тыххæй.

Гъемæ, Æлборы-фырт æнæ йæ мадæлон æвзаг кæй нæ фæрæзта, йæ сæнтты дæр уыимæ кæй уыдис, уый ам ирдæй зыны. Æгæрыстæмæй йын зын у, нæ зарæг дæр, хъарæгау, кæй зæлы, уыцы хъуыддаг: «… æрцыди фыд –

[1] А б а е в  В а с о. Письма Васо Абаева. – Цхинвал, 2008. – 4 ф.
[2] Г а ф е з. Ме 'взаг // А в т о р т ы  к о л л е к т и в. Мæ рæсугъд азæлгæ æвзаг. – Дзæуджыхъæу, 2015. – 29 ф.
[3] Æ л б о р т ы  Х а д з ы-У м а р. Ныфсы æртытæ. – Дзæуджыхъæу, 1999. – 258 ф.

зынуромæн, уæд та Ир амадта йæ хæсгæмæрдтыл зарæг, æмæ зарæг, хъарæгау, куыдта» («Ирон зарæг»). Ахæм зæрдæйы уагимæ адæймаг ног æмæ ногæй куыннæ хъуамæ здæха йæ мадæлон æвзаджы хъысмæтыл сагъæс кæнынмæ. Уымæн ын у зын, хæлофæй кæй фæфыссæм æмæ мыхуыр кæнæм, уыдон кæй нæ фæбæзынц; «йæ ныййарæг хъæу иунæг хъарм дзырд кæй номыл нæ зоны, уый дæр» æгас комбæсты номæй былалгъæй, æнæзæрдæмæдзæугæ ныхас кæй фæкæны, дзырдты обæуттæй æнæхъуаджы бæстæ кæй едзаг кæнынц, уый («Цас цыдæртæ хæлæфæй фыссæм…»). Йе ‘мдзæвгæ мадæлон æвзаджы тыххæй уымæн æмбæлы зæрдæйы нуæрттыл, кæд адæймаг зондамындтытæй фæлмæцгæ фæкæны, зæрдæ дзы ацъæх вæййы, уæддæр. Æмæ уый дзурæг у поэты æнтыстыл («Мадæлон æвзг»):

*Дæ мады æвзагыл*
*кæд дзурыс, кæд зарыс –*
*дæ фыдгул ызнагæн*
*йæ сау зæрдæ марыс.*

*Кæд рохæй ыскуыдта*
*дæ мады æвзаг –*
*йæ къах дыл æркъуыырдта*
*дæ фыдгул ызнаг.*[1]

Уый царды фæтк у. Æмæ ныл цæмæй не знаг йæ къах ма ‘ркъуыра, поэты уый тыххæй бахъуыд дидактикæйы сæр. Стæй, мадæлон æвзагыл зарын, ома йæ бæрзонд æвæрын уый тыххæй ссис йæ зæрдæйы хуызтæй иу. Уымæй дæр, рæбинаг, чи йæ æрттивын кæны, уыцы хуызтæй. Æмæ нæ абоны фæлдзæуæн дуджы уымæн стыр нысаниуæг ис. Нигер нæ хуымæтæджы нæ фæдзæхста: «Æвзагæн тыхмитæ кæнын нæ хъæуы».[2]

---

[1] Æ л б о р т ы Х а д з ы-Ум а р. Рухсытæ судзынц. – Цхинвал, 1988. – 281 ф.
[2] Н и г е р. Уацм. æххæст æмб. 3 т. Т. 3. – Дзæуджыхъæу, 1968. – 29 ф.

Æцæгдæр, цы уаид адæймаг, йæ зæрдæйæн куынæ уаид йæхи хуызтæ. Æмæ Хаджумарæн йе ‘взонджы бонтæй фæстæмæ йæ зæрдæйы хуызтæй иу та æнæмæнгæй уыд, æгæрон уарзтæй кæй уарзта, йæ зæрдæ йæ цины дæр, йæ тыхсты дæр кæуыл никуы сивта, Темырболат кæмæй загъта: «Нæ райгуырæн, нæ бæстæ, цардæн адджын ды куы дæ!»,[1] – уыцы Фыдыбæстæ – нæ раттæг, нæ уромæг Ирыстон! Рæвдаугæйæ, уарзгæйæ уымæн кодта алы хатт йæ кой:

*Дæ фæндæгтæ, Ирыстон –*
*хæрдтæ æмæ уырдгуытæ,*
*къæдзæхтыл, хохы тигътыл*
*æрцауындзæг вæййынц, бæндæнтау.*
*Дæттæ сæ ласынц æмæ сæ нæ ласынц,*
*зæйтæ сыл хауынц æмæ сæ нæ калынц.*
*Сæрсæфæны хуыдымтæй*
*хъен ныллæууынц*
*суанг арвы гуыбынмæ.*
*Не скъуыйынц,*
*не сысынц*
*рæстæджы дугдыппыр дадзинтæ.*

Ирыстоны фæндæгтæ – «рæстæджы дугдыппыр дадзинтæн» нæй скъуыйæн, ласæн, калæн. Сты нæ ныфс, нæ тых, нæ фидыц. Уыдоныл баст у нæ ивгъуыд, нæ абон, нæ фидæн. Сæ хъысмæт нæ удтæм уымæн хъары. Сæйраг уый у, нæ цардамондимæ баст кæй сты. Нæй сыл хæрæгсындз æрзайæн. Поэт сæм уымæн дзуры («Дæ фæндæгтæ, Ирыстон…»):

*Рауадз дæ фæндæгтæ мæ зæрдæйыл,*
*рауадз, Ирыстон.*[2]

---

[1] М а м с ы р а т ы  Т е м ы р б о л а т. Ирон зарджытæ. – Дзæуджыхъæу, 1985. – 20 ф.
[2] Æ л б о р т ы  Х а д ж у м а р. Мæ зæрдæйы хуызтæ. – Цхинвал, 1968. – 17 ф.

Аивады кусæг йæ раттæг зæххы фæндæгтæ йе ‘нкъараг, риссаг зæрдæйыл куы уадза, уæд уый хорз нæ, фæлæ æнæмæнгхъуыддаг у. Уымæн нæ, æмæ йын æнцон уыдзæни. Уым фырæхсызгонæй дидинæг æфтауæн нæй. Кæд «алы заманæн хицæн æгъдау æмæ æфсарм вæййы»,[1] – уæддæр Ирыстоны фæндæгты уæз æмæ рис æнцон уромæн æмæ хæссæн не сты кæцы фæнды дуджы дæр. Нæдæр сæм алчи бахæсдзæн йæ ныфс. Поэты уырны, Ирыстон уый зæрдæйыл куы рауадза йæ фæндæгтæ, уæд М. Лермонтовы хъайтарау «забыться и заснуть»-æн[2] нæ. Уый сæ, цыфæнды фыдбылызтæ æвзаргæйæ дæр, бауромдзæнис; нæ сæ бауадздзæн ласын, кæлын, ныппырх кæнын… Йæ цæстæрттивгæйæ сыл не ‘рзайдзæнис хæрæгсындз.

Нæ хæхбæсты фæндæгтæ рагæйфæстæмæ царды фæрæз, цардыхос сты. Фæндаг кæдæм нæй, уым цард нæй. Æмæ-иу, æвæццæгæн, Хаджумар, кæд ын æнцон нæ уыдис, уæддæр, нæ бирæ ирон фысджытау (Хъамбердиаты Мысост – «Мæ фæндаг куы ‘вдисон…»,[3] Гафез – «Фæндагыл»,[4] Хъайтырты Геор – «Фæндаг»,[5] Бестауты Гиуæрги – «Фæндæгтæ»[6] æмæ сæ афтæ нæ бон у нымайæм æмæ нымайæм), фæндæгтæм уымæн ыздæхт ног æмæ ногæй – «Фæндаг», «Ацы къахвæндаг», «Фæндагыл», «Быдырæй хохмæ фæндагыл», «Балладæ Зары фæндагыл»… кæд ын, «Балладæ Зары фæндагыл»-ау, хатт зæрдæниз хастой, уæддæр. Æмдзæвгæты стыр цикл та йын «Æнусон фæндæгтæ» хуыйны. Фæлæ, цыфæнды куы уыдаид, уæддæр æм фæндаг уыдис бæрзонд, æвæджиаг, Ирыстонæй æнæфæхицæнгæнгæ хай. Ирыстоны историимæ йын æмбаст уыдысты йæ фæндæгтæ. Дыууæ темæйы, уæрдоны фæдау, фæрстæй-фæрстæм уымæн цæуынц.

Уымæн æмæ фидарæй зыдта, кæм райгуырд, «уыцы зæхх, уыцы дон» сты йæ «фыдæлты туг æмæ стæгæй конд». Туг æмæ стæгæн та ивæн

[1] Т ы б ы л т ы  А л ы к с а н д р. Уацмысты æмбырдгонд. – Цхинвал, 1988. – 268 ф
[2] Л е р м о н т о в  М. Ю. Собр. соч. в 4 т. Т. 1. – Ленинград, 1979. – 488 ф.
[3] Х ъ а м б е р д и а т ы  М ы с о с т. Уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 2002. – 80 ф.
[4] Г а ф е з. Цардбæллон. – Цхинвал, 1974. – 14 – 15 ф.
[5] Х ъ а й т ы х ъ т ы  Г е о р. Æвзæрст уацм. 2 т. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 1975. – 17 ф.
[6] Б е с т а у т ы  Г и у æ р г и. Уацм. æххæст æмб. 3 т. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 2003. – 222 ф.

ницæмæй æмæ никæмæн ис. Хъуамæ сæ æнустæм хъахъхъæнай. Ма сæ бауадзай фæцудын. Хъуамæ сын æнустæм дæ уд хæссай нывондæн. Афтæ Ирыстоны фæндæгтæн дæр. Æмæ дæ уæд уыдон сæхæдæг æвæрдзысты æппынæдзух. Поэт сæрыстырæй, хъæлæсыдзагæй уымæн зæгъы: «Айтынг мæ сæрмæ / Ирыстоны арв – / мæ фыдæлты уарт. / Ам мæн байсæрстой / хуры цæхæртæ – / мæ фыдæлты арт. / Ам æз фехъуыстон / дымгæты зарын, / дымгæты ниуд. / Ам æз федтон, / къæйтыл пырхкалгæ, / 'хсæрдзæнты схъиуд. / Ам мæн рагуалдзæг / цардбæллон сабийæ / бандæвта цард. / Ам æз фырты уарзтæн / райгуырæн бæстимæ / бахордтон ард».

Поэты аразгæ кæнæ тыхаразгæ дзырдтæ – «дугдыппыр», «бæстимæ» æмæ æндæр ахæмты кой барæй нæ кæнын. Фæлæ нæ зæрдыл хъуамæ дарæм иу фидар «фæткой»: дæ «ног» дзырды фидæныл дæ зæрдæ куынæ дарай, уæд дзы ритм, кæнæ иуæй-иу фысджытæ барæй куыд фæкæнынц, ома, ног дзырдтæ аразын кæнæ зæронд дзырдтæ судæгас кæнон – литературæйæ дзырдæппарæндон ма хъуамæ аразай. «…дзурд, арви гъæрау, цæуй».[1]

Фæлæ сæйраджы хъус дарын æмбæлы, поэты ахæм сагъæс, маст кæй не 'ндавынц. Сæйрагыл кæй нымайы, Ирыстоны арв йæ сæрмæ кæй «у ирон лæджы цæстытау, райдзаст, æнæхин, у ирон зæрдæйау арф» æмæ зоны, хинæйдзаг маргъ кæнæ йын, мыййаг, мигъ кæй никуы фестдзæнис æмæ йын «нæ алидздзæн, нæ атæхдзæн дард» («Ирыстоны арвы бын»):

*Ам мын*
*дунейы фарнæй ис хай,*
*нæй йын батайæн,*
*байсысæн – нæй.*
*Ам мын баззад мæ фыдæлты ном.*[2]

Æмдзæвгæ фæстагмæ, нæ поэзийы нæ Фыдыбæстæйыл дзырд куы фæцæуы, уæд нæ поэттæ цы схемæйы хызы бахауынц, нæ эпос, нæ кады

[1] Г у р д ж и б е т и Б л а ш к а. Уаджимисти æмбурдгонд. – Дзæуджыхъæу, 1966. – 103 ф.
[2] Æ л б о р т ы Х а д з ы-У м а р. Ныфсы уидаг. – Дзæуджыхъæу, 1999. – 110 – 112 ф.

лæгты нæмттæ æмæ сгуыхт хъуыддæгтæ нымайыныл куы схæцынц, уымæй нæ аирвæзт. Фæлæ сæ бирæ ирон поэттау, Уырызмæг, Батрадз, Сатана, Сослан, Берозты Тотрадз, Алыккаты Хазби, Къостайы лæджыхъæдыл дзурæг миниуджытæй æгæр не «сдзырддаг» кодта, нæ дзы фæлмæцы чиныгкæсæг.

Поэт йæ фыдæлты рох кæнæ æрдæгрох фæндæгтæ ссарыны ныфсæй кæдæм нæ ахауы, кæм сæ нæ агуры. Æмæ, æнæныфс кæцæй у, уырдæмыты, мыййаг, нæ ахæццæ вæййы. Секъа загъта: «Базонут æцæгдзинад æмæ уæ æцæгдзинад ссæрибар кæндзæн».[1] Поэт зоны, нæ фыдæлты тугвæдтæ кæмыты зынынц, рæстæджыты тыхдымгæтæн сæ кæмыты нæу сæ тых ныссæрфын, тыхуарынты бон сæ кæм нæ бацис ныхсын, ныххафын, уыдон. Уыцы зæрдæйæ дзуры денджызимæ. Зоны, «æнусты хъысмæты ‘вджид адæмы цотæй» кæй у æмæ «цæмæндæр сæргуыбыр, цæмæндæр æнкъардæй, цæмæндæр тызмæг æмæ къæмдзæстыгæй» йæ разы слæууыд хохдурыл…

Уымæн æмæ денджыз рагæй-æрæгмæ зæххон лæгæн зоны йæ тухи, йæ дæттæ цæхджын сты адæймаджы хидæй, адæймаджы тугæй. Æмæ уым ис поэты фыдæлты хид æмæ туг. Барджын æм уымæн у. Ныфсджынæй йын уый тыххæй амоны йæхи: «Æз дæ фыдæлты туджы æртах дæн, / дæуау, æнæсысгæ, / дæуау, æнæрæнцой. / Æнустæн ныссастон сæ рæхыстæ / æмæ, хидкалгæ, мæнæ дæ цурмæ æрхаудтæн»:

*Уайынц цæстытыл, де знæт уылæнтау,*
*ам аланты хæствæдис стæртæ,*
*хъусын, денджыз,*
*хъусын дæ риуæй*
*æз алайнаг хæстон лæджы зарæг.*
*Ам мын д‘ алы æртах дæр æхцон у,*
*д‘ алы æртахы – мæ сагъæс,*
*мæ хъынцъым, –*
*кæд алайнаджы цины цæссыг у,*

---
[1] Г æ д и а т ы С е к ъ а. Уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 1981. – 413 ф.

*кæд алайнаджы тугæй цæхджын у...*

Æмæ уыдæттæ хуымæтæджы нæ аразы æмæ нæ дзуры рæвдаугæ: «Денджыз, Сау денджыз! Саудиссаг денджыз!» Йæ пырхæндæг æмæ йын йæ лæбурдмæ кæсгæйæ, мысы нæ «адæмы тугхъулон цардбон», нæ тугхъулон фæндæгты скъуыддзæгтæ. Денджыз йæ уылæнты, фæдисæттау, уарзы æмæ се 'хсар, сæ ныфсæй у денджыз. Фæлæ поэт «æгъуыссæг, фыдæхсæвтæ» цæй тыххæй æрвиты, уый стырдæр тых у: бацыд йæ риуы йæ адæмы æнусон хъынцъым æмæ сагъæс – куы фæхицæн уæм нæ хур – нæ историйæ, уæд зæххы цъарыл цы уыдзæн нæ цард? Н. Г. Чернышевский загъта: «Исторический путь – не тротуар Невского проспекта; он идет целиком через поля, то пыльные, то грязные, то через болота, то через дебри».[1]

Поэты фарст: «хур куы ныууадза арвы хæтæн, / æмæ куы ахуыссой стъалытæ, / о, цы кæндзæн уæд мæй?!»-æн ис символикон нысаниуæг. Æниу, уацмысæн, уæлдайдæр, йæ бирæ бæлвырд бынæттæ сты символикон, фæлæ уымæй тыхджындæр цы кæнынц æмдзæвгæйы нысаниуæг, æндæр æй дæлæмæ не 'ппарынц. Æмæ уый авторы поэтикæйыл дзуры. «Сыгъдæг зарæг зæрдæйы уидæгтæм хъары»,[2] – дзырдта Хъороты Дауыт. Æмæ Æлборы-фырт йæхæдæг дæр, денджызау, йæ фыдæлты туджы æртах кæй у, уый тыххæй йын нæй байсысæн, ссис æнæрæнцой, æнустæн ныссаста сæ рæхыстæ æмæ, хидкалгæ, фæцыд денджызмæ. Йемæ йæ ныхасаг ис. Нæ фыдæлты хæстæг ахастыты фæрцы йæм дзырдхъом æмæ барджын у («Денджызмæ»):

*Денджыз,*
*æз дæ зæрдæ куы ссарин, дæ зæрдæ,*
*де 'ууæнчы аккаг куы суаин мæ уарзтæй,*
*дæу фæхæссин нæ Ирмæ, нæ хæхтæм,*
*уым мæ адæм – дæ рагон æрдхæрдтæ,*

---
[1] Ч е р н ы ш е в с к и й Н. Г. Полн. соб. соч. Т. 7. – М., 1950. – 922 – 923 ф.
[2] Х ъ о р о т ы Д а у ы т. Ироны сагъæс. – Дзæуджыхъæу, 1960. – 182 ф.

*уым нæ хæхтæ – дæ тохмонц уылæнтæ,*
*æз уæ ног дуджы иумæ куы фенин,*
*иумæ, царды кæрæттæм æнхъæвзгæ, –*
*Ир æмæ денджыз,*
*Ир æмæ денджыз!*
*Уæд мæ иунæджы сагъæс, мæ зæрдæ,*
*стæхид, цæргæсау, мæ риуæй*
*æмæ фестид, æнæсысгæ, зарæг,*
*æнæмæлгæ дунейы сæрмæ.*[1]

Фæлæ уыдон  фыдæлты фæндæгтæ агурæг рыст уды сагъæстæ, стæй, зæгъæн ис, урс бæллицтæ сты, кæд адæймаджы уд фылдæр ахæм бæлгæ æмæ æнæрцæугæ хабæрттæй сыгъдæг кæны, уæддæр. Дзуццайы-фырт дзы загъта: «Денджызмæ» …афыстон кæй у, уый йеддæмæ ма дзы ис фæлгонцон ныхмæвæрдтæ дæр».[2] Фæлæ йæ уыдон уадиссаг нæ хъыгдарынц. Нæ цардвæндагыл, нæ фыдæлты историйыл куы дзурæм, уæд та зæрдыл æрбалæууы историк-кавказзонæг Тогойты (Тогошвили) Георгийы ныхас: «Мы, историки, еще в долгу перед нашими славными предками. Без пршлого нет настоящего».[3] Æмæ уыцы хъуыды историктæй æнæ ивгæйæ ахæссæн ис фысджытæм дæр. Кæд нæ нывæфтыд литературæ фæстаг цалдæр дæс азы дзæвгæр фæхъæздыгдæр, иукъорд зынгæ историон уацмысы нæм фæзындис, уæддæр нæ кадджын æмæ удуæлдай фыдæлты раз нырма къæмдзæстыг æмæ хæсджын стæм. Сæ цардвæндæгтæ сын аивадон æгъдауæй равæрын нæ бон нæма бацыдис. Аразын та йæ æнæмæнг хъæуы. Нæ истори æрмæст нæ ивгъуыд æвдисæг нæу, фæлæ йæ фидарæй схонæн ис нæ абоны ном æмæ нæ фидæнмæ фæндаг дæр. Истори кæмæн нæй, уымæн фидæн йæ къухы зынæй бафтдзæн. Историйы сау тæппытæ адæймаджы хъуыдыйы æнæрайхæлгæ æлхынцъытæ сты. Æмæ цалынмæ нæ райхæлой, уæдмæ адæймаджы

[1] Æ л б о р т ы  Х а д з ы-У м а р. Ныфсы уидаг. – Дзæуджыхъæу, 1999. – 113 – 115 ф.
[2] Д з у ц ц а т ы  Х а д з ы-М у р а т. Бæрндзинад. – Цхинвал, 1976. – 131 ф.
[3] Т о г о ш в и л и  Г. Д. Сослан-Давид. – Дзæуджыхъæу, 1990. – 9 ф.

цардвæндагыл лæудзысты æнæбын, талынг уæрмыты хуызæнæй. Нæ йæ федтай æмæ дзы аирвæзтæ сæрсæфæнмæ. Кæй иувæрсты ахизын сæ бауа дæ бон, уымæй дæ фæстагæтты фæндагыл уадзыс сæрсæфæн талынг уæрм. Уымæ гæсгæ амондджын адæм сæ истори алыфарсонæй, – зонадон æгъдауæй дæр æмæ аивады фæрцы дæр, – фæфæлгъауынц. Йæ истори барвæйдæй чи халы, ног æмæ йæ ногæй чи фæфыссынц, ома, фæхуыздæр æй кæнæм, уыдон дзы ног къæппæджытæ æвæрынц; ног æнæуынгæ уæрмытæ дзы фæкъахынц æмæ фембæхсынц, цæмæй дзы, сæхиау, æнустæм æгады сæфт кæной сæ фæстагæттæ. Мах æй халгай хъæуы уидзын.

В. Кузнецов, К. Треверы зонæнтыл æнцойгæнгæйæ, зæгъы: «…вторжение сарматов-алан в Закавказье в 35 – 36 гг. произвело сильное впечатление на современников. Вскоре после этих событий царь Армении Тиридат I был вызван в Рим императором Нероном и, вероятно, сообщил ему об аланской опасности, угрожавшей не только Закавказью, но и римским провинциям в Малой Азии и Сирии.[1] Следствием всех этих событий явилась подготовка Нероном грандиозного похода римских войск против алан. Походу придавалось большое значение: в Италии был произведен набор новобранцев ростом в шесть фунтов, из которых сформирован новый легион «Фаланга Александра Великого», в 67 г. из Британии был вызван для отправки на восток XIV легион. Но экспедиция против алан не сотоялась: в 68 г. Нерон кончил жизнь самоубийством».[2] Фæлæ-иу не знæгтæй алкæй цард нæ аскъуыд æрдæгыл. Нæ хъомысджын адæмы ныппырхау нæ истори дæр кæй ныскъуыдтæ, ууыл уыд Хадзы-Умары сагъæс. Æмæ-иу историмæ куы аздахта йе ‘ргом, уæд ын уый монон æгъдауæй уыд æнæмæнг хъуыддаг. Йæ уды рыст æргом кодта æмæ чиныгкæсæгæн æвдиста, нæ адæмы ивгъуыд царды цы уыдис æмæ нæ Фыдыбæстæйы, нæ мадæлон æвзаг, нæ адæмы тыххæй аразын цы хъæуы, уыдæттæ. «Уæрдæттæ… / Уæрдæттæ… / Уæрдæттæ… / Уæззау уæрдæттæ… / Æгъуыссæг æхсæвтау, / фæллад

[1] Т р е в е р К. В. Очерки по истории и культуре Кавказкой Албании. – М. – Л., 1959. – 126 ф.
[2] К у з н е ц о в В. А. Очерки истории алан. – Владикавказ, 1984. – 12 – 13 ф.

хърихъуппыты халау – / уæрдæттæ. / Изæрмилты, / фæсахсæвæрты / фæззыгон фæндæгтæй, / æнусон фæндæгтæй / хъус ахсы цъæхснаг, / ивазгæ хъыррыст, / -ррыст, / -ррыст…» Æмæ уыцы «-ррыст» æрмæст поэты зæрдæ æмæ уды рыст нæ уыд, фæлæ нæ у, йæхи адæймаг, йæ адæмы, йæ Фыдыбæстæйы аккаг хъæбулыл чи нымайы, уыдонæй алкæй, – нæлгоймаг у æви сылгоймаг, саби æви зæронд, – алкæй уд æмæ зæрдæйы рыст дæр.

Уымæн æмæ уыцы уæрдæттæ хуымæтæг балцы фæрæз не сты. Ничи-ма зоны: «Тылдысты кæцæй кæдæм? Тулынц кæцæй кæдæм?» Сæ ласинаг та сты азтæ, æнустæ. Уымæйдæр, сæ ласинаг рогдæр нæ кæны. Рæстæджы цыдимæ, фыддуджы фыдмитимæ азæй азмæ, мæгуыр лæджы дзæкъулау, кæны уæззаудæр. Æмæ куынæ кæной зындæрласæн: «Миназыккон рыгтæ / ласынц сæ цæлхытыл. / Миназыккон зынтæ / ласынц сæ гуыффæты». Уыцы «зынтæ», уыцы «рыгтæй» уыдонæн цæргæ-цæрæнбонты куыд нæй фервæзæн, искуыдæм фæлидзæн, афтæ сæ нæ ирвæзæм мах, сæ фæстагæттæ дæр. Кæнынц нын, мæй арвыл куыд сног вæййы, афтæ рæстæгæй-рæстæгмæ ногæй-ногдæр. Цæразон Сослан цæйау загъта: «Царды чи бафсæсти хурæй, цинæй чи уыдис рæвдыд, Уый дæр а бæсты кæронмæ никуы баззадис æвыд».[1] Нæ уды сконды, нæ туджы змæлды нæ фыдæлты цин æмæ рыст хизынц фæлтæрæй-фæлтæрмæ. Кæддæр ын уыдаид райдайæн, йæ кæрон нæ зыны.

Æмæ, табу – Хуыцауæн. Уый нæ туджы цæрдхъом змæлд, йæ æнæмæлгæ тых æмæ фарныл дзурæг у. Мах та «хуыздæр æнхъæлæй фæстагмæ зынæй зындæрмæ фæцæуæм».[2] Фæлæ нæ хъуыдыйы æмбæхст фæлтæртæ хъæуы хъал кæнын, кусын кæнын. Виссарион Белинский уымæн дзырдта: «Вы, конечно, очень цените в человеке чувство? – Прекрасно! – так цените же и этот кусок мяса, который трепещет в его груди, который вы называете сердцем и которого замедленное или ускоренное биение верно соответствует каждому движению вашей души. – Вы, конечно, очень уважаете в человеке ум? – Прекрасно! – так останавливайтесь же в

[1] Ц æ р а з о н С о с л а н. Алгъуызы кадæг. – Цхинвал, 2015. – 83 ф.
[2] Г æ д и а т ы С е к ъ а. Уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 1981. – 76 ф.

благоговейном изумлении и перед массою его мозга, где происходят все умственные отправления, откуда по всему организму распространяются через позвоночный хребет нити нерв, которые суть органы ощущений и чувств…»[1] Æмæ Æлборы-фырт архайдта, цæмæй йæ фæлтæры риуы тæлфын кодтаид ирон зæрдæ, цæмæй ирон адæймаджы зонд нæ фыдæлты историйы фæрцы лæууыдаид раст фæндагыл. Поэты уый фæндыд, цæмæй нын уыцы хъуыддаг бауырнын кодтаид аивады, поэзийы, уæлдайдæр, фæлгонцты фæрцы. Уый æнцон куы уаид, уæд æфтид алкæй къухы дæр. Фæлæ Хадзы-Умары бон уыд йæ сагъæстæ чиныгкæсæджы рæгъмæ дзырдаивады фæрцы хæццæ кæнын. Дзуццайы-фырт дзырдта: «Æлборы-фырт тыхсы, фæдисонау, æнæнцой у йæ зæрдæ».[2] Адæймаг йæ зынтæ, йæ рыстытæ, йæ низ куы ‘мбара, уæд ын йæ ныхмæ тох кæнын афтæ зын нæ уыдзæнис.

Æмæ нын Хаджумар нæ рагфыдæлты цард, сæ социалон уавæр, сæ уды бирæ, фыдбирæ цинтæ æмæ риссæгтæ æвдисы нæ рагфыдæлты бæлцуаты, фæндаджы фæрæзы – хъыррыстгæнгæ чи тулы, фыдæлты рис чи хæссы, æрлæууæн кæмæн нæй, уыцы фæндагæфхæрд, фæлæ цæрдхъом уæрдоны фæрцы, цæмæй йæ нæ зæрдæтæм айсæм арфдæр. Диссаг у адæймаг – æцæгдæр нæм цыма æнусыккон азты фæлмæй хъуысы нæ фыдæлты, стæй нæхи рыст удты уыцы «миназыккон рыгтæ», «миназыккон зынтæ» ласæг уæрдæтты тæригъæддаг, зæрдæйы тæгтæ скъуынæг хъыррыст («Уæрдæттæ»):

*Нæ рагон фæндæгтæй,*
*нæ ирон фæндæгтæй*
*хъус ахсы цъæхснаг,*
*ивазгæ*
*хъыррыст,*
*-ррыст,*
*-ррыст…* [3]

---

[1] Б е л и н с к и й В. Г. Избр. филос. соч. в 2 т. Т. 2. – М., 1948. – 301 ф.
[2] Д з у ц ц а т ы Х а д з а-М у р а т. Бæрндзинад. – Цхинвал, 1976. – 148 ф.
[3] Æ л б о р т ы Х а д з ы-У м а р. Уидæгты зарæг. – Цхинвал, 1975. – 47 – 48 ф.

Æмæ символикон æгъдауæй нæ адæмы уыцы рыст цыдис иу ироны удæй иннæмæ, хызтис фæлтæрæй фæлтæрмæ. Ирыстоны историйы иу ахæм скъуыддзаг нæ зыны, нæ мæгуыр адæм сæ зæрдæты фæндиаг се уæнгтæ сæхи бар кæд айвæзтой. Уыимæ нæ цардвæндаг цæстысыгау ирдæй никуы зыны. Махæн нæ уд нæ кой куы свæййы, арвæй зæххы 'хсæн дæрццæг нын галиу хъысмæты фыдазарæй уынгæг хæцын куы райдайы, уæд нæ фыдбоны сыхæгтæ та нæ цардвæдтæ змæнтын, цъыфæй сæрдынмæ фæвæййынц.

Æниу, «цардвæндтæ змæнтын, цъыфæй сæрдын» цы, хæрзæрæджы, 2008-æм азы Майрæмкуадзæны 8-æм бон нæ бынтон скуынæг кæнынмæ куы хъавыдысты, уый тыххæй Уæрæсейы Федерицийы Президентон Клуб «Доверия»-йы Координацион Советы Сæрдар, отставкæйы инæлар-майор, УÆЗА-йы Президиумы уæнг, Уæрæсейы Фысджыты цæдисы уæнг, техникон зонæдты доктор, М. А. Шолоховы Дунеон литературон премийы лауреат, Фысджыты цæдисы Сæрдары хæдивæг Н. Д. Тараканов мæнæ куыд загъта: «Кто бы, например, мог подумать, что в начале XXI века, в год 60-летия Всеобщей декларации прав человека и 60-летия проведения первой миротворческой операции ООН, России придется проводить миротворческую операцию по принуждению к миру грузинского государства, которое вероломно… перед открытием Олимпиады – 2008 в Пекине напало на мирных жителей Южной Осетии и миротворцев, совершило акт агрессии и геноцида».[1]

Æмæ сæ уыцы стыр фыдракæнды иунæг нæ уыдысты, мыййаг. Уый тыххæй Тараканов Н. Д. афтæ зæгъы: «Официльной «легендой» плановых учений Immediate response 2008 США объявили подготовку грузинской армии для переброски в Ирак. Однако, как оказалось, истинной причиной прибытия американской коммандос в Грузию, была подготовка к нападению на столицу Южной Осетии. Для обучения грузинской армии американцы сил не пожалели. В качестве учителей для грузинских солдат США выделили

---

[1] Т а р а к а н о в Н. Д. Выступление // Цхинвал: хроника грузинской агрессии. – М., 2008. – 10 ф.

1000 головорезов элитного спецназа ВДВ США – Airborn Special Center. Отработка «сценариев по взаимодейчтвию миротворческих сил в Ираке» длилась почти две недели – с 15 по 31 июля. На базе Вазиани в 25 километрах к северу от Тбилиси был воздвигнут тренировочный город, на котором и отрабатывалась тактика будущего захвата Цхинвала».[1]

Уæддæр Ирыстон фыдтæ æмæ фыдбылызты раз йæ уæрджытыл никуы ‘рхауд. Уæддæр Ирыстон нæ цыфыддæр знæгты раз йæ къух æфсонæн дæр никуы ‘ркъæдз кодта. Уæддæр Ирыстон цæргæ-цæрæнбонты, фениксау, сысты æртхутæгæй. Хæларæн у «Æгас цæуай!» зæгъынхъом. Знагæн ратты аккаг ныхкъуырд, кæд йæ историйы бирæ æнæ рафæлгъуыд бынæттæ баззайы, кæд нæм: «детей расстреливали как в тире…»,[2] – уæддæр.

Нæ адæмы историйы æнæ рафæлгъуыд бынæттæ æгæр бирæ кæй ис, уый дæр нæ цъус бæрцæй, мыййаг, нæ хъыгдары æвæлмонæй цæрынæн. Нымæцæй чысыл адæммæ алцы дæр æмæ алчи дæр куыд æвзæрæй къæппыл лæууынц. Сæ æнæ аскъуыддзаггонд, æнæаргъæвгæ проблемæтæ уый тыххæй фæкæнынц фылдæрæй-фылдæр. Уыдæттыл куыннæ хъуамæ дуда æцæг поэты зæрдæ. Рыстис сыл Хадзы-Умары зæрдæ дæр. Æмæ уыцы рис йæ уацмыстæм ма хызтад, уый гæнæн нæ уыд. Хизгæ та кодта поэтæн йæхирдыгонау, цæстуынгæйæ, чиныгкæсджыты зæрдæтыл сæ фæд уадзгæйæ.

Брытъиаты Елбыздыхъо йæ хъайтар Цорæйы номæй загъта: «Бæстæ æмæ афонæй ирон туг кæм нæ ныккалд, ахæм нæ баззад».[3] Уыцы фæдис баззад нæ туджы. Уый фæрцы ныххизы нæ зæрдæтæм Хадзы-Умары миты тъыфылты сагъæс. Поэтау бандавы махыл дæр. Базонæм, чысыл чи æмæ цы у, уый катай æппындæр кæй никæмæ хъары, миты тъыфылты сагъæс цъæх нæууыл фынæйгæнæг миты хъæпæны куыд не ‘ндавы, афтæ. Уый-ма зонай, тагъд æй баййафдзæн йæхи сæр дæр. Фæлæ нырма зæрдæфидар у. Фынæй кæны. Хур тынгдæр куы ‘рæндава, уæд райхъал уыдзæнис æмæ байрæджы кæндзæн йæ сæр бафснайынмæ («Зымæгон радзырд»). Елбыздыхъойы

[1] Уый дæр уым.
[2] К о л л е к т и в  а в т о р о в. Август 2008: война глазами очевидца в 2 к. К. 1. – Цхинвал, 2009. – 7 ф.
[3] Б р ы т ъ и а т ы  Е л б ы з д ы х ъ о. Уацмыстæ 2 т. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 1981. – 83 ф.

загъдау: «Бирæ бадай, чысыл – дæ нывæй никуыдæм аирвæздзынæ»,[1] уæлдайдæр, æнцад бадгæйæ.

Фæлæ поэтæн нæй рæджы кæнæн, уый хъуамæ алкæмæ дæр, алцæмæ дæр æвдæла, рæстæгыл сын хъуамæ цин кæна сæ циныл дæр, афоныл сын хъуамæ хæсса сæ маст адæмы рæгъмæ. Æмæ стонг дуджы уидгуытæаразæджы темæ кæд литературæйы ног нæу, уæддæр æй исы адæймаджы зæрдæ. Уымæн æмæ дзы зынынц нæ ирон адæмы цард, æнусты дæргъы нæ тухитæ. Стæй уынæм поэтæн йе 'взонджы бонты дуг. Нæ цæстытыл уайы тæригъæддаг, амондсыгъд адæймаджы сурæт:

*Уыд риссаг æнгæсдзинад*
*лæг æмæ къуыдыры 'хсæн:*
*йæ цæнгтæ-ма*
*æмæ йæ гуыр æрхаста*
*арф лыгтæ æмæ хъæдгæмттæй,*
*йæ къæхтæ хæсты быдыры ныууагъта…*

Фæлæ адæймадг æрмæст нымæцæй нæ, удæй дæр адæмыл нымад куы цæуа, истæйаг куы уа, уæд алы хатт дæр ссары, йæ раттæг дзыллæйы фарс цæмæй балæууа, сæ къух сын цæмæй фæрог кæна, цæмæй сын бакæна æцæг хъæбулы лæггад, уый. Æмæ уæззау хæсты дæрзæг армæй æрæхсæстытæгонд фронтовикæн «йæ арæзт уидгуытæ» кæд «нæ уыдысты галтæ æмæ идæдз устытæн нæ ластой суг» (æниу, йæхæдæг дæр æнæ суг уыдис, фæлæ сугæй арæзта уидгуытæ), уæддæр йæ бон уый уыд æмæ сын лæвар кодта сугæй уидгуытæ. Афтæ уыд æмæ афтæмæй баззад поэты зæрдæйы:

*Æмæ кæй зæрдыл нæ лæудзæн,*
*нæ хъæубæсты ахæм та чи ис!*
*Йæ дудгæбонæй-иу ныфсæрмы*

[1] Уый дæр уым, 128 ф.

*сылгоймæгты цæстыты ‘нгасæй.*
*Зæрдæрыст устытæ та, йæ цуры лæугæйæ,*
*сæ мидсагъæсты дзырдтой:*
*мæныл-ма афтæмæй дæр*
*куы сæмбæлид мæ мой!..*
*Чи та: мæ хъæбул-ма*
*æнæкъах, æнæкъухæй дæр куы*
*федтаид удæгасæй мæ цæст!..*[1]

Уый сын бæллиц уыд. Алкæмæн дæр. Йæ удмæхæстæг адæймаг фыдæвзарæн, сау хæсты быдыры ма баззайæд, хæдмæлхор сау сынтыты холы йын ма фæуæд; йæ рыст æмæ сыгъд стджытæ йын æнæныгæдæй макуы баззайæнт; се ‘нæниздзинад сæ уадиссаг никæй уал æндæвта. Æмæ сæ азымаг ничи уыд. Уый царды иумыййаг трагеди уыд. Дзæнæты тыххæй сæ нæ уырныдтой дзæнæтон бæллицтæ. П. Антокольский цæйау загъта: «Прощай. Поезда не приходят оттуда. / Прощай. Самалеты туда не летают. / Прощай. Никакого не сбудется чуда. / А сны только снятся нам. Снятся и тают».[2] Реалон царды реалон хабæрттæ сæ фылдæр уырныдтой. Уымæн ын быхстой, уыцы æгъатыр низ сæ алкæй уд дæр æнауæрдонæй, хæлофы хæрдæй кæй хордта. Иу чысыл мур дæр сæ кæй никæмæн хатыр кодта сабийæ-зæрондмæ. Æмæ хæсты азарæй басудзæг уд мæлгæ кæй нæ акодта, фæллойы къахыл кæй ныллæууыд, бирæтæн бæллиццаг куыд ссис, уый уынæм поэты уацмысы.

Уæддæр поэты дзуринæгтæ – йæ зæрдæ æмæ царды риссæгтæ уыдæттыл нæ фæуд кодтой. Алы дугты дæр æцæг аивады кусæгæн куыд æмбæлы, афтæ алцы дæр иста йе ‘нкъараг зæрдæмæ. Æмæ сæ æрмæст исгæ нæ кодта, фæлæ-иу сæ йæ хъуыдыйы сфыхта йæ уды катæйттимæ, афтæмæй-иу сæ рахаста йæ чиныгкæсджыты рæгъмæ. «Нæ царды хъуæгтæ, нæ царды зынтæ, царды уаг Кæддæриддæр дзуринаг»,[3] – Гæдиаты Цомахъ цыма

[1] Æ л б о р т ы Х а д з ы-У м а р. Ныфсы уидаг. – Дзæуджыхъæу, 1999. – 125 – 127 ф.
[2] А н т о к о л ь с к и й П а в е л. Избранные произведения. Т. 2. – М., 1961. – 248 ф.
[3] Г æ д и а т ы Ц о м а х ъ а. Уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 1951. – 285 ф.

Ӕлборы-фырты тыххæй загъта. Йæхи уды рисау æй æндæвта, æгъатырæй кæй ракалдтой, йæ цæнгтæ рæбыныл кæмæн ныллыг кодтой, йæ рæхснæг гуырæй фæйнæджытæ кæмæн рафастой, йæхицæй йе ‘фсымæрты æргæвдæн кæмæн сарæзтой, уыцы къуыдыры сагъæс:

*Мæ ристæ уромин,*
*фæразин мæ зынтæн,*
*кæй кæндзынæн бутъро,*
*ныббыхсин, гъе, уый дæр, –*[1]

фæлæ уымæй ноджы стырдæр у йæ маст. Нæй йын быхсæн. Нæй йын уромæн. Уымæн æмæ хи уды рисæй уый у стырдæр. Стæй бирæ стырдæр – æрвылбон ын фæрæт, йæ марæг фæрæт фыддæрадæн, цæмæй фырмæстæй фæхауа тъæппытæ, йæ уарзон æмгæртты, йæ туг æмæ йе стæджы æнæтугæргæвст кæны йæ риуыл. Ӕмæ цы загъдæуа А. Пушкины хъуыдыйæ фыддæр: «Ужасный век, ужасные сердца!»[2] – æмæ автор æмдзæвгæ кæд аллегорион хуызы æвдисы, уæддæр, «тæрскъуыдыр уынджы йæ хъысмæты мæстæй мæтмæрттæ» куыд кæны, йæ æнамонд хъысмæтæй уæлдай йын йæ туг-стæджы йæ уæлæ куыд æргæвдынц, йæ уыцы судзгæ катай агайы адæймаджы зæрдæйы уидæгтæ. Уымæн æмæ нын æй автор афтæ ныв кæны тæрскъуыдыры хъысмæт, цыма удджын свæййы. Фæкæсæм æм æнамонд адæймаджы цæстæй. Ӕмæ уый дзурæг у поэты курдиатыл. В. Брюсов дзырдта: «Новое, символическое творчество было естественным следствием реалистической школы, новой, дальнейшей, неизбежной ступенью в развитии искусства».[3] Ӕмæ уый цасдæр бæрцæй хауы Хадзы-Умармæ.

Уыцы антигуманон хъуыддаджы ныхмæ автор æвæры йæхи гуманизм æмæ нæм уый тыххæй æзæрдæ хъæдкуыстгæнæгмæ æвзæрын кæны ноджы стырдæр фыдæх. Зæрдæйы баныгæнæн кæмæн нæй, стæй ныгæнын дæр чи

---

[1] Ӕ л б о р т ы Х а д з ы-У м а р. Ныфсы уидаг. – Дзæуджыхъæу, 1999. – 128 – 130 ф.
[2] П у ш к и н А. С. Соб. соч. в 10 т. Т. 4. – М., 1975. – 278 ф.
[3] Б р ю с о в В. Я. Сочинения в 2 т. Т. 2. – М., 1987. – 91 ф.

нæ бакомдзæнис, æддæмæ царды рæстдзинад сбæлвырд кæнынмæ чи тоны, ахæм фыдæх. Æмæ раст уый у поэзи. Фæлæ йæ алкæй цæст нæ уыны, алкæй уд æй нæ хаты, алкæй хъус æй нæ ахсы. Поэт æй хъуамæ æнкъара. Поэт æй хъуамæ уына. Поэты хъус æй хъуамæ ахса. Тыбылты Алыксандр дзырдта: «Поэтикон аивадæн йæ бæрзонддæр хуыз, йæ хистæр хуыз уыдзæн йæ хуымæтæгдзинад».[1] Уый æфтыд Æлборы-фырты къухы. Куы катай кодта, «амондджын къамбец / йæ сау хур, / йæ иунæг хъæбулы, / урс цæххы къæрттау» куы сдæрдта, афтæмæй йын æй куы ныууæй ласта хицау, уæд зæрдæрыст къамбецæн йæ бон цæуын куыд нал у, куынæ уал фæразы йæ къæхтæ, æнæфсондзæй дæр ын куынæ уал æнтысы размæ, ууыл, уæд æй æмбары чиныгкæсæг. Къамбецы зæрдæйы судзгæ рыст хъæрзгæ ахызт поэтмæ. Базмæлыдысты йæм рæбынмæ йæ зæрдæйы уидæгтæ. Фердтывта сæ, поэт кæуыл фæрыст, уыцы поэзи æмæ, авторæн йæхиау, ныззмæлын кæны чиныгкæсæджы зæрдæ: «Æрмæст ма иу хатт æрцыдис йæ хъустыл / йæ сау хур, йæ иунæг хъæбулы / мады агурæг хъæлæс, / æрмæст ма иу хатт…»

*Æрхæндæг къамбец…*
*Куыд ныууæззау сты дæ къæхтæ,*
*æнæфсондзæй дæр*
*куынæ уал фæразыс цæуын…*

*Фæкастæ та…*
*Æнхъæлыс,*
*уый дæ хъæбулы къахдзæфты уынæр*
*ссæуы дæ фæдыл…*[2]

Æмдзæвгæйы поэты уды рис чиныгкæсæджы зæрдæмæ кæй рахизы, уый авторы æнтыстыл дзурæг у. Æмæ Æлборы-фыртмæ уыдис фыссæджы

[1] Т ы б ы л т ы  А л ы к с а н д р. Уацмысты æмбырдгонд. – Цхинвал, 1988. – 216 ф.
[2] Æ л б о р т ы  Х а д з ы-У м а р. Ныфсы уидаг. – Дзæуджыхъæу, 1999. – 131 – 133 ф.

уыцы стæм, фæлæ æвæджиаг курдиат æмæ йæ хаста, поэтæн йæ дарын куыд æмбæлы, афтæ сæрыстырæй. Дзуццаты Хадзы-Мурат дзырдта: «Мах арæх фæдзæхсæм иу кæнæ иннæ поэты, цæмæй дардылдæр æвнала, уæрæхдæр кæна йæ тематикæ».[1] Уый кæй къухы æфтыд, уыдонæй иу уыдис Хадзы-Умар. Æмдзæвгæ «Къамбец»-ы йæ къухы уымæн бафтыд æрдз æмæ адæймаджы æхсæн крнтрастон æмахастытæ сныв кæнын. Къамбецы æууæнкæй куыд фæсайдтой адæм, йæ удлæууæн «хъæбулæй» йæ мæнгардæй куыд фæхицæн кодтой, уый нæ удтæм афтæ тынг уымæн хизы. Автор цы деталтæ ныв кæны: «къамбецмæ бахудт йæ хицауы уазал цæстуарзон»; «амондджын къамбец йæ дæллагхъуыр дары йæ лæппыны», «амондджын къамбец йæ сау хур, йæ иунæг хъæбулы, урс цæххы къæрттау, сдæры», «æнхъæлыс, уый дæ хъæбулы къахдзæфты уынæр ссæуы дæ фæдыл…» – уыдон судзгæ-дудгæ тайынц чиныгкæсæджы зæрдæйыл. Уымæн æмæ сты поэтикон æмæ гуманон – нырыккон поэзи цух кæмæй у.

Поэтæн æцæгæлон нæ уыд, йæ райгуырæн уæзæг Ганисмæ цæугæйæ, куырыхон Секъайы фæстаг балцы рис. Уды, сыгъдæг уды уыцы фæстаг æмæ бæрзонд хъынцъым Хаджумары бон бацис æмткæй фыссæджы цардимæ сбæттын, Секъайы удхайраг цард: «Кæмæн-иу – дондзау, Кæмæн – сугсæттæг, Кæмæн – æргъомдзау, Кæмæн – дурдæттæг», – афтæмæй «хорзæй – æнæхай»[2] («Иунæг») куыд уыдис, æппæт уыдæтты аивады фæрцы раргом кæнын, цæмæй сæ уына ирон чиныгкæсæг дæр: «Уайгæ, мæ бæхтæ! / Кæд нал уынин ацы сау лæгты, / кæд нал сæин ацы сау тары / хæрам зæрдæты уазалмæ. / Уым цъититы хъарммæ батавдзынæн / мæ дæрзæг æрмттæ, / мæ уæзæг зæрдæ, / мæ æрнæг уд… / Ганис, Ганис!..» («Секъайы фæстаг балц»).

Уым йæ радтæг, йæ уромæг, фыдæлты уæзæгыл йæ уд кæй ныссыгъдæг уыдаид, уый нæ уырны поэты адджын, уарзæгой ныхасæй. Фæлæ лæгыл сайдæй рацыдысты йæ кусæг, йæ дарæг бæхтæ. Ууыл у Хадзы-Умары хъынцъым. Уæлдайдæр, зыдта Секъайы хъуыды: «Мæлæтæй та… рамбæхс-

---

[1] Д з у ц ц а т ы Х а д з ы-М у р а т. Бæрндзинад. – Цхинвал, 1976. – 156 ф.
[2] Г æ д и а т ы С е к ъ а. Равзаргæ уацмыстæ. – Цхинвал, 1979. – 26 – 27 ф.

бамбæхс цæмæн кæныс – ссардзæн дæ кæмдæриддæр».[1] Æмæ Хадзы-Умар сайгæ кæй нæ кодта, Секъайы зæрдæйы рис йæхи зæрдæйы рисимæ иу кæй уыд, уый, зæгъæн ис, бæлвырдæй равдыста йæ царды фæстаг судзгæ-дудгæ уысмы дæр – йæ сæнтты йæ зæрдæ нæ цардæфхæрд, куырыхон Секъаимæ дзырдта, дæлæ, дам, мæм уынджы æнхъæлмæ кæсы йæ бæхуæрдоныл.[2]

Афтæ тынг кæй трагикон хъысмæт айсай дæ зæрдæмæ, уымæн дын йæ мад, йæ фыды уæзæг дæр, йæ зынтæ, йæ ристы авдæн дæр, йæ айнæджы цыргъытæ дæр æнæмæнг адджын уыдзысты. Æмæ адæймаг афтæ æвваххс кæимæ бауд-хæстæг уа, уый тыххæй дзы, гъай-гъай, суадоны улæфтау, сыгъдæг рæнхъытæ ратæдздзысты, уæдæ, цы. Æмæ поэт йæ уд афтæ кæм æвæрдта, уыцы уацмыстæ йæм цъус не сты. Уыдон фæрцы хатæм «иу мады зæнæгау, æнгæстæ», дæлгоммæ хуыссæг, «сухты лæгмæрдтæ», «Дуртæ фидары хохрæбын»-ы хъынцъым, æнустæм Турчы зæххыл фæсмонгонд «Темырболаты лæгъстæ», «Хоры нæмыджы балладæ»-йы бæллиц…

Сæйраг цы уыд æмæ цы у – поэты ныфс æнæмæлгæ куы вæййы. Хаджумар стонг аз цы хоры нæмыгыл ныффыста балладæ, уымæ æнхъæлмæкæсджытæ бирæ уыдис æмæ ис: «… цъиутæ тарвазыл, / сабитæ, мады фæччийыл хæцгæ / æмæ кæугæ, / тæрхæгыл афтид арынг, / мыстытæ хæдзары къуымты…» Фæлæ: «Цард тыхæй кæнгæ куынæ у, нæй йын аразæн сæнттæй»,[3] – загъта Сослан Цæразон. Æрдз йæхи æгъдауæй ног кæны. Уым ис йæ философон хъуыды. Къостайæн йæ кадæг, йæ зарæг уымæн уыд йæ «цард хоры конд»[4] («Ныфс»). Æмæ, уæдæ, хоры нæмыгæн та цы хъуамæ уа, кæй ис, уый философ хъуыды? Дзырд дæр ыл нæй, зæххыл алы рухстауæг удау радта ног цард. Аныхъуырынмæ йæ чи хъавыдысты, æгæрыстæмæй, сæ мады фæччийыл чи хæцыдысты, уыцы стонг сабитæй дæр хоры нæмыгæн йæхи бæллиц у стырдæр. Поэт æй уымæн скодта æцæг балладæйы аккаг:

*Уый касти*

---

[1] Уый дæр уым, 195 ф.
[2] Хадзы-Умары æмкъай, нывгæнæг Чилæхсаты Галинæйы мысинæгтæй.
[3] Ц æ р а з о н  С о с л а н. Алгъуызы кадæг. – Цхинвал, 2016. – 83 ф.
[4] К ъ о с т а. Ирон фæндыр. – Дзæуджыхъæу, 1951. – 23 ф.

*авд хохы фалейæ*
*уалдзæджы æрцыдмæ.*[1]

Чиныгкæсæг аивады кусæгмæ фенхъæлмæ кæсы æнæзагъд зæгъинæгтæм. Æппынфæстаг, чи нæма сихсыд, ахæмтæм уæддæр. Æмæ кæд уый бавæййы йæ бон, уæд дзы баззайы райгондæй. Æлборы-фыртмæ уыд, цы загътаид йæ чиныгкæсджытæн ногæй, цæмæй йæ бабуц кодтаид, уый. Стæй йæ куыд загътаид, уый дæр ын нæ хъуыд амонын. Йе 'мдзæвгæ «Уидæгтæ»-йы хъуыды кæд ног нæу – бæлæсты ракалынц, æмæ сæ бындзæфхæдтæ ногæй тау суадзынц; кæд нæ уыцы хъуыддаг алчи дæр зоны, уæддæр нын æй поэт ахæм аллегорийы хуызы, ахæм зæрдæйы уагимæ, афтæ зæрдæбын æмæ хъуыддагзонгæйæ дзуры æмæ уацмыс æмбæлы нæ зæрдæтыл:

*Æрластой сугтæ*
*æмæ сæ машинæйы гуыффæйæ*
*уынджы хъæбæрмæ*
*æнæвгъау æркалдтой –*
*ставд бындзæфхæдтæ,*
*рæхснæг къабæзтæ…*

*Уидæгтæ баззадысты хъæды.*
*Уидæгтæ*
*фæрæты тæссаг хъæлæба фехъуыстой*
*æмæ удаистæй*
*афардæг ысты зæххы уырдыгмæ…*[2]

Ходы Камалмæ, «Денджызæй куы не 'рбаздæхы нау, / уæд / тар хъæды – / науы райгуырæн бæтæйы – / бындзарæйлыг бæлæсты зиллæччытæй /

---

[1] Æ л б о р т ы Х а д з ы-У м а р. Рухсытæ судзынц. – Цхинвал, 1988. – 195 ф.
[2] Æ л б о р т ы Х а д з ы-У м а р. Рухсытæ судзынц. – Цхинвал, 1988. – 146 ф.

хъарм цæссыгтæ схъары».[1] Хадзы-Умармæ уидæгтæ сты æвдудонтæ. Фæрæттæ сæ куыст куы фæуой уæлалфæмблай дунейы, уæд та «ногæй дæлзæххæй сæ цагъд бæсты уæзгуытыл хъуызгæ сдардзысты сæ сæртæ уæлæмæ – рухсмæ». Хъаныхъуаты Инал загъта: «Жизнь без прогресса немыслима».[2] Æмæ уацмыс ирон удæн уæлдай æхцондæр у, махæн дæр, хъыгагæн, бирæ бæрцæй уыцы бæлæсты хъысмæт кæй ис, фæлæ та ног æмæ ногæй тау кæй суадзæм. Поэтыл бæлæсты хъысмæт уымæн бандæвта.

Æмткæй аивады хъуыддаг афтæ у – дæхиуыл чи не 'ндава, уый искæй зæрдæ нæ бакъуырдзæнис. Дæ уды рæбынæй, гъе, цины бон чи нæ райгуыра, гъе, хъыджы æнкъарæнтæй чи нæ равзæра, уый искæмæн хуын кæнын æнæуый дæр аив никуы уыд æмæ нæу. Афтæ куы зæгъæм, Хадзы-Умарыл Ирыстоны хъысмæт, Ирыстоны истори, Ирыстоны цардвæндæгтæ алы хатт дæр йæхи удау æндæвтой, уæд нæ фæрæдидзыстæм. Аивады кусæг æнæ йæ Фыдыбæстæ æнæбазыр маргъæй уæлдай нæу: кæдæм цæуа, уый дæр нæ фæзоны, кæдæм æрыздæха, уый дæр ын нæ вæййы. Хадзы-Умарæн уыдис, кæдæм цыдаид, уый æмæ, кæдæм æрыздæхтаид, уый дæр.

Дзуццаты Хадзы-Мурат афтæ: «Ирыстоны тыххæй æмдзæвгæты Хаджумар нырма деклараци кæны йæ уарзт, йе 'нувыддзинад. Нырыонг кæй зыдтам, кæй фехъуыстам, ахæм бæллицтæ æмæ фæндæгтæ. Æндæр дзы ранæй-ран бæрæгæй зыны æндæр (поэтæн йæхи) темперамент, йæхи фæлгонцон уынынад»,[3] – уый номхуындæй йæ фыццаг чиныгмæ хауы, фæлæ поэт куыд бадт йæ гаччы, афтæ уыцы «æндæр» кодта тыхджынæй-тыхджындæр æмæ дзы рауад, абон нæ къухы чи ис, уыцы сфæлдыстад.

Хадзы-Умар нæ адæмы цардмæ йæ хъус дардта æппынæдзух. Ахуыр æй кодта историон æмæ поэтикон æгъдауæй. Æвдыста йæ поэтиконæй. Æнæзындгонд ын нæ уыдысты нæ æххæл-мæххæл, æрдуйын хидыл хизæг цардвæндæгтæ. Малиты Геуæрги куыд загъта, афтæ йын уыд «песня – стон».[4]

---

[1] Х о д ы  К а м а л. Цацмыстæ 3 т. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 2009. – 168 ф.
[2] К а н у к о в  И н а л. В осетинском ауле. – Владикавказ, 1985. – 340 ф.
[3] Д з у ц ц а т ы  Х а д з ы-М у р а т. Бæрндзинад. – Цхинвал, 1976. – 128 ф.
[4] М а л и т и  Г е у æ р г и. Ирæф. – Дзæуджыхъæу, 1986. – 249 ф.

Поэты, талынг æхсæвмæ кæсгæйæ, фидарæй уырны, уыцы мæйдар йæ удимæ кæцæйдæр кæй у æнгом баст, кæцæйдæр æм кæй хæссы сагъæс æмæ, Н. Добролюбовы «темное царствойау»,[1] уыцы удмарæн бонтæ æрлæууынц йæ зæрдыл: «Ахæм талынг æхсæв, / растдæр ахæм, / уыд Ирыстон фæндаггон, / цыд Ирыстон йæ сомбон / агурæг фæндагыл…»

Уыцы фæндаггонтæ тынг хорз зыдтой, чи сæ æнхъæлмæ кæса хуыздæр бонты æрцыдмæ, уый сæ нал фендзæнис. Уымæн æмæ цард æнхъæлмæ кæсын æмæ æввонгæй бæллынæй нæу. Æмæ Ирыстоны чи уарзы, уый йын æнæмæнг хъуамæ уарза йæ тохы бон дæр. Хъуамæ йæм цæттæ уа æппынæдзух. Уымæн у фæндвидар: «Ирыстонæн чи радта Дайраны дæгъæл, уый йæ фыдыбæстæн хæссы фыдохы бон!»

Ома, Ирыстонæн Дайраны дæгъæл искæмæн дæттгæ нæу. Уыцы дæгъæл немæ райгуырд. Уыцы дæгъæл хъуамæ нæ къухы уа. Уыцы дæгъæл нæ сомбонмæйы дæгъæл у. Хъуамæ йæ æнустæм, тъымы-тъыматæм, цæсты гагуыйау, хъахъхъæнæм. Цыма нын сæ хъулгъа исынмæ куыд æрхъавыдысты, уый йæ уоны уыдта. Афтæ нын баззад нæ рагфыдæлтæй. Тохы бон лæппуйæ, зæрондæй фæстæ уымæн ничи лæууыд. Сæ хæдзæрттæиу уый тыххæй ныууагътой сæ фæстæ æмæ хæстмæ цыдысты заргæ: «Ой, Ирыстон, / абон æз / дæуæн куы нæ раттон мæ цард, / уæд мын æй сау сыджыт / байсдзæни райсом!» – уыимæ фæсфæстагæттæн баззайдзæнис, алы ирон дæр кæмæй тарстис æмæ, арвы æрхаудау æппынæдзух кæмæй хъуамæ тæрсид; лæгаулæгæн сæрмæсхæссинаг чи нæу, уыцы æгады ном дæр. Къоста загъта: «Свободу я больше, чем славу, любил».[2]

Фыдыбæстæйы сæрвæлтау йæ сæр нывондæн чи нæ хæсса, уымæн та, æрдуйы хидыл лæугæйæ дæр, нæй ныббыхсæн. Нæй йын сæрмæ схæссæн, адæймаджы ахъуыды кæныны бон куынæ уал фæуа, уæд дæр. Æмæ йыл цыдысты нæ фыдæлтæ мах сæрвæлтау. Поэт сæ уымæн у сæрыстыр:

---

[1] Д о б р о л ю б о в Н. А. Литературная критика в 2 т. Т. 2. – Ленинград, 1984. – 337 – 418 ф.
[2] Х е т а г у р о в К о с т а. Собр. соч. в 5 т. Т. 2. – М., 1959. – 54 ф.

*Хур уыд уацары саудар ӕнустӕм,*
*мӕй ныдздзӕгъӕли, сидзӕр сӕныккау,*
*арв лӕбурдта, мӕрдджынау, йӕ рустӕм*
*ӕмӕ згъӕлдысты стъалытӕ, цӕссыгтау.*
*Цыд Ирыстон,*
*йӕ тохмонц ӕхсаргарды ‘рттывдмӕ,*
*Терк-Турчы йӕ развӕд сгарӕг –*
*сахъ алайнаджы ӕртты ‘выдӕй*
*хъуамӕ баззайа Ир хӕдбарӕй![1]*
(«Ӕхсӕвыгон хъуыдытӕ Ирыстоныл»)

Хӕдбар Ирыстон уӕвын – уый не ‘нусон, нӕ риссаг фарст у. Уый тыххӕй хастой нӕ кады фыдӕлтӕ ӕппынӕдзух сӕ сӕртӕ ныводӕн. Уыцы хӕдбары сӕрвӕлтау нӕм иунӕг фӕлтӕр нӕма рахъомыл ӕнӕ хӕст фенгӕ. Никуы дӕр дзы нӕхи бахизӕм. Плиты Грис уымӕн загъта: «Фӕзӕгъы лӕг: сӕдӕ фӕцӕрон! – Фӕлӕ ӕнусон фын йӕ кӕрон…»[2] Ӕмӕ Хадзы-Умар «Зӕронд лӕджы балладӕ»-йы куы зӕгъы: «Зӕрондӕн уыди азтӕ… / Мин фарастсӕдӕ цыппӕрдӕсӕм… / Мин фарастсӕдӕ ӕвддӕсӕм… / Мин фарастсӕдӕ дыууынӕм…», – уӕд нӕ дызӕрдыг кӕнӕм, Зӕронд лӕг уыцы азты хъӕбатыр тохты цинӕй кӕй цӕры. Уыдон кӕй сты йӕ хурыскаст, йӕ цард, йӕ бон. Фӕлӕ цинагӕй цинагдӕр вӕййы. Ӕмӕ йын ӕууӕндӕм йӕ ныхасыл: «Зӕрондӕн уыд уд ӕмӕ дзӕцц… / Иу хатт сӕм постхӕссӕг ӕрцыд, / иу хатт, иунӕг хатт ӕрмӕстдӕр, / ӕмӕ лӕппу ацыди йӕ фӕдыл…»

Абон, Фыдыбӕстӕйон Стыр хӕсты хъӕдтӕм чи лыгъд, сылгоймаджы къаба чи скодта, йӕхи чи бавӕрдта кӕнӕ, сӕ фындз сӕрфын дӕр чи нӕма зыдтой, уыдӕттӕ тынгдӕр хъӕр кӕнынц, фашизм мах ныддӕрӕн кодтам, Уӕлахиз мах ӕрхастам, ӕндӕра бынсӕфт кодтат, зӕгъгӕ. Ӕцӕгӕй йӕ чи ‘рхастой, уыдонӕн та цӕрын нал бантыст. А. Твардовскимӕ гӕсгӕ сты: «Где

[1] Ӕ л б о р т ы Х а д з ы-У м а р. Рухсытӕ судзынц. – Цхинвал, 1988. – 79 – 80 ф.
[2] П л и т ы Г р и с. Уацмыстӕ 2 т. Т. 1. – Дзӕуджыхъӕу, 1973. – 84 ф.

травинку к травинке Речка травы прядет, – Там, куда на поминки Даже мать не придет»[1] («Я убыт подо Ржевом»). Хадзы-Умары хъайтар – мæгуыр, цардæфхæрд зæронд лæгæн йæ фырты хæстмæ аконды фæстæ йæ царды бонтæ иухуызон уымæн систы – «къуындæг, сасиры чъилау, æмдымбыл».

Æмæ зæронды фырт сæрибары сæрвæлтау йæ сæр нывондæн кæй æрхаста, ууыл куы фæуыдаид æмдзæвгæ, уæд уый уаид æрмæстдæр, нæ поэзи, стæй æмткæй поэзи бæз-бæз кæмæй кæны, ахæм информацийы хуызæн. Фæлæ Хадзы-Умар хорз æмбæрста, поэтикон уацмыс кæй фыста, уый æмæ йæ саив кодта поэтикон-символикон амалæй: «Зæрондæн басгуыхт кæсæн / æмæ йæм каст, / æмæ дзы уыдта йæ хъæбулы, / æдзухдæр йæ хъæбулы, / кæрæй-кæронмæ йæ хъæбулы».

*Стæй иу хатт æрхауди кæсæн,*
*зæххыл йæ зæлланг фæцыд*
*æмæ лыстæг згъæлæнтæй бамыр.*

*Зæрондæн баззад*
*афтид фæлгæт,*
*арвы кæрæттæм – афтид...*[2]

«Ирон адæмыл фехситт кæн, æндæр сын бирæ нæ хъæуы, раджы дæр æмæ ныр дæр алы бæсты арæнтæй сæ фæллад стджыты хъæрзын цæуы, хæсты быдыры знаджы нæмыгæй йæ цард чи бахуыссын кодта»,[3] – дзырдта Секъа. Ахæм трагеди иунæг хатт бауромын дæр зын у. Махыл та цæргæ-цæрæнбонты цæуы. Нæ иу фæлтæр æй æййафы иннæйы фæстæ. Нæй нын сæ фæлидзæн. Нæй нын сæ ныууадзæн. Уад уады куыд æййафа, къæвда – къæвдайы, афтæ нын иу фыдбоны хæст æййафы иннæйы. Ноджы – дудгæбон: чысыл нæ цæсты тъыфылтæ сæ кæрæдзийыл куыддæр авæрæм, афтæ нын нæ

---

[1] Т в а р д о в с к и й А. Т. Собр. соч. в 6 т. Т. 3. – М., 1978. – 11 ф.
[2] Æ л б о р т ы Х а д з ы-У м а р. Рухсытæ судзынц. – Цхинвал, 1988. – 132 – 133 ф.
[3] Г æ д и а т ы С е к ъ а. Уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 1981. – 113 ф.

фыдбоны сыхæгтæ нæ фæсонты мæнгардæй ныццæвынц сæ марæн, хъæстæйæдзаг кæрдтæ. Никæй зонд æрцахсдзæнис, адæймагмæ сæм кæцæй æвзæры уыйбæрц æнæуынон ахаст. «Сæнæфсæстæй сау гуырдзы судзынц нæ зæхх»,[1] – дзырдта Джыккайты Шамил. Æмæ диссаг нæу, ссæдзазон гуырдзиаг-ирон хæст (1989 – 2008) Хадзы-Умары цард, поэты сфæлдыстад цæхгæр кæй ныззылдта. Уæдмæ дæр ын удæнцой чи нæ лæвæрдта, йæ уд æмæ йæ поэзийы бæрæгæй чи зынд, уыцы хæстон темæ йæ сæрысуангæй йæхи бакодта. Хæдбармæ бæллиц ын сис æнусон. Нæ йын æвгъау кодта йæ уды рæбинаг æвæрæнтæ. Царды æмæ йæм поэзийы цыдис комкоммæ.

«Уæдмæ дæр ын удæнцой чи нæ лæвæрдта», – уымæн зæгъын æмæ, алы иронау, уымæн дæр йемæ райгуырд æмæ йемæ цард уыцы хæстон, æгъатыр æмæ удмарæн фыдæвзарæн. Адæймаг, йæхæдæг кæй нæ фæзоны, кæй нал фæхъуыды кæны, уыцы ивгъуыд йæ туджы баззайы; йæ фынты йæ фæуыны; фездæхы йæм æнусты ауонæй. Афтæ цыд хæстон темæ Хаджумары сфæлдыстадмæ дæр. Æвзæргæ дæр æм куыннæ кодтаид, Нигеры хъуыдыйæ: «Дыууæ мыггаджы кæрæдзимæ фæфыдæх сты, уæд уыдон бафидауын кæнын стыр хъуыддаг уыд кæддæриддæр».[2] Æмæ уæд æнæхъæн паддзахадта сæ кæрæдзимæ топпы кæсæны куы акæсынц, уæд та цы загъдæуа. Хадзы-Умармæ куыннæ хъуамæ цыдаид хæстон темæ, кæд æмæ, йæ хъайтар зæронд лæгау, «мин фарастсæдæ цыппæрдæсæм», æвддæсæм, дыууынæм, æртын æвдæм æмæ афтæ нæ иннæ трагикон азтæ нырма немæ цæрынц, уæд. Æмæ сæм нæ фынты дæр схъиуы нæ уд. Дзуццаты Хадзы-Мурат дзырдта: «Нæ зæххыл та, / 20-æм азау, / нæ буррондз анхъæвзт. / 20-æм азау, / нæ буррондз анхъæвзт. / 20-æм азау – / æрбабырстой нæм æд гæрзтæ. / Сыстадысты гуырдзы / иры сафынмæ».[3] Æлборты зæрдæрыст поэтæн йæ мæстæлгъæд, цæссыгдзаст ныхас æртындæс зынгхуыст коммунарыл уымæн арауы нæ зæрдæ, арвы нæрдау, уымæн нæры нæ хъуыдыйы: «Уадæн банцайæн нæй, / уадæн нал ис хæдзар – / рæхыс йе ‘фцæджы ‘рцауыгъта…» («Æртындæс»).

---

[1] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Намыс. – Дзæуджыхъæу, 2010. – 108 ф.
[2] Н и г е р. Уацм. æххæст æмб. 3 т. Т. 3. – Дзæуджыхъæу, 1968. – 43 ф.
[3] Д з у ц ц а т ы Х а д з ы-У м а р. Дыууæ дуджы астæу. – Дзæуджыхъæу, 2000. – 18 ф.

*Уад кæуы,*
*уад, ирон мадау,*
*уадзы йæ тыппыртæ,*
*уад бындзыккай рæдувы*
*йæ урс-урсид дзыккутæ.*

*Уад кæуы,*
*саударæг мад,*
*æнæхæдзар уад кæуы: –*
*иумæ ‘ртындæсæй*
*сты сæ хъæбултæ ингæны.*

*Цæссыг митхæццæ кæлы.*
*Уадæн банцайæн нæй.*
*Ацы ингæнæй*
*уадæн ацæуæн нæй.*[1]

Дзуццаты Хадзы-Мураты хъуыдымæ гæсгæ: «Рæхыс уады æфцæгыл кæй æрцауыгъта поэт, уымæй стыр масты фæлгонц уайтагъддæр йæ нысаныл сæмбæлд. Æмæ уый фæстæ ницæмæн хъуыд зæгъын, зæгъгæ, уад кæуы ирон мадау. Уый фæстæ нал хъуыдысты, æмдзæвгæйы-ма цы 14 рæнхъы ис, уыдон. Уады фæлгонц – егъау, бæлвырд, трагикон фæлгонц – алцы дæр загъта».[2] Æмæ Хадзы-Мурат уымæй раст зæгъы, «рæхыс йе ‘фцæджы ‘рцауыгъта»-йы æмвæзадмæ поэтикон æгъдауæй нал схызтысты, йæ фæстæ цы 14 рæнхъы ис, уыдон, фæлæ мардæрцыд уый у, æмæ æнæ уыдон та æмдзæвгæ æмдзæвгæ нæ уаид, кæд æй æгæр конкретизаци кæнынц æмæ уады куыд йæ фæлхатæй цæсты хауы, хъус дзы фæллайы, уæддæр.

---

[1] Æ л б о р т ы  Х а д з ы-У м а р. Фæдисон. – Цхинвал, 1964. – 22 – 23 ф.
[2] Д з у ц ц а т ы  Х а д з ы-М у р а т. Бæрндзинад. Цхинвал, 1976. 129 ф.

Поэт ногæй уыцы темæмæ кæй æрыздæхы, уымæн ис æфсон: «Присы къуылдымтæ… Ам дæ ссардтон, мæ зæрдæ, рæхуыстæй» («Æрвыл фæззæг мæм мæ ивгъуыд сагъæс æрцæуы»). Уый, уадæй, «рæхыс йе ‘фцæджы ‘рцауыгъта» кæй зæгъы, растдæр уыцы хъуыдыйæ цæуы æмæ сын нæй сæ кæрæдзийæ фæхицæнгæнæн. Фæлæ поэт йæ «зæрдæ рæхуыстæй» æцæгæй ссардта не ссæдзазон туг æмæ рондзкалæн хæсты. Уæд, æрцæуын æнхъæл кæмæн нал уыд, фæлæ йæ туджы змæлдæй кæй ахста, уыцы æмбисондæн дзуринаг фыдтæ райдыдтой ногæй. Уыдта сæ йæхи цæстæй. Хъуыста сæ йæхи хъустæй. Уымæн хъынцъым кодта зæрдæрыстæй: «Цы зæй нæ бавзæрстам, уæвгæй: тыгъды зæй, хæсты зæй, зæххы зæй, сыгъды зæй…» Иу зæй сæ æййафы иннæйы. Нæ зыны сæ райдайæн. Нæ зыны сæ кæрон. Фæлæ поэт уæддæр аразы йæхи хатдзæгтæ, йæхи нывæстытæ æмæ сæ куыд фервæзæм, уый дæр ын сусæггаг нæу: «Лæууæм, цæуæм нæ кæрæдзи æнцæйтты…» («Лæууæм, цæуæм…»). Æмæ, бæргæ, Цомахъмæ Иры паддзах Ос-Бæгъатыр йæ карды хуыдта йæ дины хай[1] («Ос-Бæгъатыр»), фæлæ, æнцой кæмæн ис, уымæн тас ницæмæй у. Уымæн ис абон дæр æмæ фидæн дæр. Ивгъуыд, абон æмæ фидæн кæмæн ис, уымæн куыд у фесæфынæй тас. Уæддæр поэтæн йæ «хъизæмайраг, йе ‘нæсдзырд адæм» æнустыккон «рæстæджы нуарыл – нæрцæугæ, нæмæлгæ, цыма Чырысти йæ фыдбойнаг дзуарыл». «Кæм ис ахæм мæсыг, нæмыг кæдæм нæ хауы?»[2] – дзырдта Кочысаты Мухарбег. Хадзы-Умарæн уымæн у йæ Фыдыбæстæйы тыххæй йæ судзгæ катай: «Иунæг дæ, сидзæр дунейыл, / цыма тыгъдбыдыры саг / бирæгъты стонг бардзы астæу».

*Лидзай, фæлæ кæдæм?*
*Æвналай, фæлæ куыд?*
*Къахæй дæр, къухæй дæр баст дæ…*

[1] Г æ д и а т ы Ц о м а х ъ. Уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 1959. – 166 ф.
[2] К о ч ы с а т ы М у х а р б е г. Уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 1977. – 108 ф.

Уый тыххæй нæ æмæ йæ цард иунæгæй æрвыста, йæ къæбæр иунæгæй хордта, æххуысы къух никæмæ дардта. Дуне куы смæнг вæййы, адæм пайдайы фæндагыл куы ныллæууынц; æууæнк, намысы чъизи æхца куы баивы, уæд, чи куыд мæнгарддæр у, афтæ æрбадынц хицæутты къæлæтджынтыл; скусынц хъуынджын ахсæнтæ æмæ тыхджындæртæ сæ нымæцы фæрцы фæхъавынц æдыхдæрты аныхъуырынмæ, зæхх туджы зæйтæн фæласын кæнынмæ. Хæлæрттæ, сыхæгтæ, хæстæджытæ никæмæ уал вæййынц нымады. Æнæууæнк дуджы æууæнкæн нал вæййы бынат.

Уыцы æнæадæймагадон хъуыддæгтæ райдайынц, иууыл чъизидæр чи вæййынц, зæххæй сисинаг чи не сты, афтæмæй сæхи бæсты бикъ æмæ комы дæгъæл чи фенхъæлынц, ахæм ницæйæгтæ. Хаджумар, æнæууæнчы къусæй дон тыхнозтгæнæгау, мæстæлгъæдæй уымæн дарддæр кодта йæ ныхас, хæлæрттæ, æрдхæрдтæ, сыхаджы хуызы кæй бацыд знаг: «Фыдвæнд дын ныккодтой, / фыдтæрхон. Æтт!.. / Кæмæн ракæнай дæ хъаст? / Уæлæрвты дæр / дæ сæфтмæ бæллынц кæд…» Æмæ стæй – поэты риторикон, фæлæ йæ раны, зæрдæ кæмæй ныккæрзы, ирон адæмæй не ʻппæты дæр чи æндавы; не ʻппæт дæр кæмæй стъæлфæм, уæдта чысыл сæрибарæй сулæфыны фадат нын чи нæ дæтты, уыцы æнæмæнгхъæуæг фарст; тынг дæ куы фæнда, уæддæр фæлидзæн кæмæй нæй, ахæм фарст («Иунæг дæ, сидзæр дунетыл…»):

*Омæ, гыццыл куы дæ, Ирыстон,*
*уæд куыд ыстыр у дæ маст?!*[1]

Бæргæ поэты койкæнинæгтæ удæн зын сты, зæрдæйы цъар сæм судзы, лæбыры, фæлæ рæстдзинады дзыхыл цъутта æвæрæн нæй, кæд Хъуылаты Созырыхъомæ гæсгæ: «Рæстудæн куыннæ и, Нæ зæххыл бынат…»,[2] – уæддæр. Æмæ Хадзы-Муратмæ байхъусæм ноджыдæр: «… нæ адæм фыдызнæгты къухæй æййафынц æнæфенгæ, æнæфехъусгæ сырдон митæ.

[1] Æ л б о р т ы  Х а д з ы-У м а р. Ныфсы уидаг. – Дзæуджыхъæу, 1999. – 12 ф.
[2] Х ъ у ы л а т ы  С о з ы р ы х ъ о. Æвзæрст уацмыстæ. – Сталинир, 1957. – 401 ф.

Фыдгæнд, фыддзинадхæсджытæн сæ бæттæнтæ суагъта, сæ къухтæм сын хæдæхстæ радта, афтæмæй сæ Хуссар Ирыстонмæ комфортон «Икарустыл» æрбарвыста Гуырдзыстоны «демократон» хицауад. Æрбарвыста сæ æмæ сын ныффæдзæхста: дур дурыл мауал ныууадзут, ныппырх кæнут æмæ басудзут нæ цæсты сындз Хуссар Ирыстоны, ныццæгъдут ирон адæмы. Æмæ хорз æххæстгæнджытæ разындысты се 'лдар Гамсахурдиайы фæдзæхст астæуккаг æнустыккон гуырдзиаг инквизитортæ: туджы пырхæнтæй хъулон адардта Хуссар Ирыстоны зæхх. Фæлхатгонд цæуы 1920 азы геноцид».[1] Ноджы бирæ фыддæрæй. Фæлæ нын уыцы дуджы уыдис «ныфсы гæнах – Советон Уæрæсе, йæ сæргъы Ленин, афтæмæй».[2] Уыцы ныфсæй ныр æнæхай уыдыстæм. Уымæн æмæ уыцы æгъатыр, фыд дуджы фæллойгæнæг адæмимæ фыдгæнджытæ, лæджыфыдхортæ сæ къух систой фæтæгмæ дæр. Поэт уымæн риссы дуг æмæ фæтæджы цырты рафæлдæхтыл. Зæрдæрисгæйæ дзуры:

*Дæ цырт дын куы раппæрстой,*
*куы рафæлдæхт къабузджын,*
*тымыгътæуромæг бæласау, уæрæх фæзуатыл,*
*гомæй куы баззад нæ рындз*
*фыдуад æмæ фыдуардæн,*
*куы дæ фæцæйластой цъæх асфальтыл сыфцæй,*
*тутæ дыл куы кодтой*
*сæнæфсæст, æнæхсад, æнæзæрдæ бардз,*
*сæ маст дæ куы истой*
*меньшевик-националистон*
*лæгсырдтæн сæ зæнæг,*
*куы сын æрцыд бартæ*
*фыдгæндæн, фыдмитæн лæвæрд,*
*дæ фæдыл куы акаст æнæмæт, цъындæй,*

[1] Æ л б о р т ы  Х а д з ы-У м а р. Ныфсы уидаг. – Дзæуджыхъæу, 1999. – 13 ф.
[2] Уый дæр уым.

*дæуыл зарджытæй бафсис кæмæн нæ уыд знон дæр,*

*поэт-фарисей...*

«Поэттæ-фарисейты» рæстдзинад не ‘ндавы. Пайда сын кæцæй уа, – уадз, туджы пырхæнтыл дæр, уырдæм дарынц се ‘ргом. Уæлейæ чифæнды бадæд – лæгмар æви рæстаг лæг, уæлдай сын нæу: стæны рæйдæн дæр хъырндзысты, ‘рмæст сæм дзы хауæд стæг. Æгæрыстæмæй, уыцы стæг æхсыд куы уа, хурмæ куы ныххус уа, уæддæр. Хадзы-Умар та, Ленины куы ‘рымысыд, æххуысмæ йæм куы сидт, уæд Ленины рæстæг нал уыдис. Ленинbackfill зарынæй сойтæ мæрзыны дуг фæци. Уæд модæйы алы цъыф ыл калын, алы тæригъæдтæ йыл мысын, йæ нывтæ, йæ цыртытæ йын куыд æдзæсгомæйдæр дæрæн кæнын уыдис. Æмæ сæ мысыдысты, æмæ сæ дæрæн кодтой æмæ уыдæттæй чи «кад» куыста, чи – æхца. Ленины кой кæнын худинаг æмæ аллайаг кастысты кæмæдæрты – «лæгдзарм тæнæг у».[1]

Æмæ, хъыгагæн, ферох сты фæллойгæнæг, рæстаг адæм. Нал уыд сæ койгæнæг. Никæй дæр æндавгæ кодтой. Æрмæст-ма-иу сæ иу стæм удуæлдæйттæ æрымысыдысты. Рæстдзинады охыл-ма сын уыдон ардтой сæ ном. Фæлæ Æлборы-фырт йæ ивгъуыд идеалтыл, кæйдæртау, нæ систа йæ къух. Ивгъуыдыл нæ ныффæлдæхта дур. Йæ поэтикон цатыр арæзта йæ ивгъуыды къæсы бындурыл. Уыцы фыдбон, фыддуджы фæтæг æнæнхъæлæджы не ‘рлæууыд йæ зæрдыл: «Æз ногæй сидын дæ фарнмæ», «зæгъ, нæ ныфсы уидаг цæуыл-ма фæлæууа?»

Поэты царды, рæстæджы ныхмæ рацæуын кодтой йæ дзыллæйы стыр маст, йæ адæмы фыдохы бонтæ, æнаххос удты æгъатырæй ныккалгæ туджы пырхæнтæ. Цæгат Ирыстоны фысджытæ фæдисы хъæр кодтой «Литературная Газета»-мæ – «льется кровь»,[2] – фæлæ сæ хъусæг нæ уыд. Поэтæн уыцы æнæрæстдзинад, мæнгард æмæ æдзæсгом митæм кæсын кæй нал уыдис йæ бон; йæ маст сæм бонæй-бонмæ тынгæй-тынгдæр кæй æхсыст,

[1] К ъ о с т а. Ирон фæндыр. – Дзæуджыхъæу, 1951. – 58 ф.
[2] С о в е т с к а я  О с е т и я, 1990. – 1 январь.

уыцы хъуыддаг æй æркодта мæгуыр адæмы сæрыл удуæлдай тохгæнæг адæймагмæ хъæлæсыдзагæй сидынмæ. Æмæ ацы æмдзæвгæ йæ зæрдæйы арфæй кæй рацыд, поэт кæнгæ позæ кæй нæ арæзта, фæлæ йæ ныхас йæ зæрдæйы рæбынæй кæй ратагъд; цы проблемæтыл дзуры, уыдон æй æцæгæй кæй æндæвтой, ууыл нæ дызæрдыг кæнæм. Сæйраг уый у («Ныфсы уидаг»):

> *... æнаккаг лæгсырдтæ куы бырсынц нæ хъæутæм, хæдзæрттæм*
> *давæг, ыстъигъæг,*
> *арт сыл куы ‘фтауынц,*
> *милмæ куы исынц æнахъом сывæллæтты,*
> *зæрæдты, мæдты куы марынц,*
> *се ‘нусон бæстыл куы нал уадзынц адæмы,*
> *туджы къадатæ куы цæуы нæ зæххыл,*
> *уæд нæ ныфсы уидаг, зæгъ, цæуыл-ма фæхæца,*
> *чи-ма ысдзурдзæн сæ сæрыл хæтæнхуаг дзыллæтæн,*
> *чи-ма сын райсдзæни*
> *се ‘фхæрд, сæ маст та?*[1]

Фæлæ нын никуыцæй уыд æхххуыс. Сергей Баруздин дис кодта: «Что это: помутнения разума или массовое очерствение сердец, забвение исторической памяти?»[2] Ныфсы уидаг цæуыл фæхæцыдаид иунæг æддаг бæстаг ничи уыд ахæм. Не стыр фыдимæ иунæгæй баззадыстæм ныхæйныхмæ. Раздæры нæргæ, гуманон Советон Цæдисы бирæ президенттæ, парламенттæ – адæмы цардхалджытæ, цæтджинагмæ кæсæгау, кастысты нæ удхæрдтæ, нæ фыдæбæттæм æмæ сын сæ фæсарæйнаг сценарифысджытæ куыд амыдтой, афтæ рæвдзæй арæзтой лæгмарты къух. Чи нæ хъуамæ хъахъхъæдтаиккой, уыдон къухæй сыгъдыстæм зындоны арты. Æмæ йыл сæхæдæг дæр састысты. Мæнгард, уæйгæнæг, абон дæр нæ удтæ нывондæн

[1] Æ л б о р т ы Х а д з ы-У м а р. Ныфсы уидаг. – Дзæуджыхъæу, 1999. – 13 – 17 ф.
[2] Б а р у з д и н С. Экстремизму – нет! / Правда, 1990. – 24 февраль.

ӕрхӕссынмӕ цӕттӕ кӕй тыххӕй стӕм, уыцы Советон Цӕдисы инӕлар-майор Г. Малюшкин, нӕ уыцы тугкалӕнтӕ нӕма фесты, афтӕмӕй йӕхӕдӕг ӕргом дзырдта: «… 5 января я получил шифротелеграмму из Москвы, в которой отдавался приказ пропустить грузинскую милицию в Цхинвал и Джавский район, никаких препятствий ей не чинить…»[1]

Ирыстон, номхуындӕй, Ирыстоны хуссар хай уӕд бынтондӕр никӕй хъуыд нӕ лӕджыфыдхор сыхӕгтӕй дарддӕр. Уыдон дӕр хъуыдис ӕрмӕст нӕ Фыдыбӕстӕ. Аныхъуырынӕн! Мах, ирон адӕм сӕ нӕ хъуыдыстӕм. Махӕн сӕ тӕрхон сӕхимӕ гӕсгӕ ӕмхъӕлӕсӕй хаст уыд – бындзагъд нӕ фӕкӕнын. Ӕгӕрыстӕмӕй нӕ мыггаг нӕ, фӕлӕ дур дӕр дурыл куынӕ уал баззадаид, цӕмӕй нӕ зӕххыл нӕ ном фыст макуы уыдаид. Бӕргӕ хъӕр кодтам: «Не стреляйте в детей!»[2] – фӕлӕ нӕм чи уыд хъусӕг. Цӕмӕн афтӕ кодтой, уый мыстытӕн дӕр бӕрӕг у – мах сӕ фӕсденджызаг хӕлӕрттимӕ хъуамӕ бынысхъуыд фӕкодтаиккой; рауӕрӕхдӕр уыдаид сӕ паддзахад; нӕ фыдыуӕзӕг нын скодтаиккой быдыр ӕмӕ дзы АИШ Уӕрӕсейы ныхмӕ ӕрӕвӕрдтаид йӕ хӕстон базӕтӕ. Нӕ фыдбоны сыхӕгтӕ та, нӕ Фыдыбӕстӕ байсыны тыххӕй сын цы доллартӕ ӕппӕрстаиккой, уыдонӕй цардаиккой.

Уӕд сӕ Уӕрӕсе нал хъуыдис. Уырыссаг ӕмӕ ӕппӕт советон адӕмы знӕгтӕ – Горбачев, Ельцин, Яковлев, Шеварднадзе ӕмӕ сӕ бирӕ ӕндӕр къӕбылатимӕ хъомысджын Уӕрӕсейы йӕ зонгуытыл куы ‘рӕппӕрстой, мӕгуыры лӕдзӕг ын йӕ къухмӕ куы радтой, уӕд сӕ «хъаныл» систой сӕ къух. Израилыл ӕрӕвӕрдтой сӕ цӕст, фӕлӕ сын уыдон сайын нӕ бакуымдтой ӕмӕ уӕд АИШ-ы бын абырыдысты. Фӕлӕ уыдонӕн дӕр, абон уа ӕви сом, уӕддӕр сӕ хӕсты уӕзы бын ӕнӕрхаугӕ нӕй, ӕмӕ уӕд та Китайы бын абырдзысты, китайӕгтӕй рацӕугӕ стӕм, зӕгъгӕ.

Ӕмӕ бонӕй-ӕхсӕвӕй ӕнӕаскъуыйгӕйӕ калд нӕ туг, нӕ рондз. Зӕрдӕйы хъустӕ, цӕстытӕ кӕмӕн уыд, уый сӕ ма хъуыстаид, ма сӕ уыдтаид, уый гӕнӕн ницы хуызы уыдис. Ӕрмӕст сӕ нӕ хъуыстой, ӕрмӕст

---

[1] Малюшкин Генрих. Так это началось / День, 1991. – № 12.
[2] Советская Осетия, 1990. – 10 январь.

сæ нæ уыдтой, сæйраджы-сæйраг нæ бахъахъхъæнын кæмæ хаудтой, адæмы уыцы знæгтæ – зиныфæлдыст Горбач æмæ йæ хъузæттæ-ЦРУ-йы агенттæ – Яковлев æмæ Урс рувасы хуызæттæ.[1] Афтæ зынд, цыма нын, æгæрыстæмæй, Стыр Хуыцауы бон дæр нал у баххуыс кæнын. Зæды бон нын цы бауыдаид. Уымæн æмæ сæм сабийæ-зæрондæй куывтам, фæлæ, мах куыд фæндыд, афтæ ныл сæ бон зæрдæзæгъгæ ницæмæй уыдис фæхæцæн. Хостыхъоты Зинæ уымæн дзынæзта: «Кæй номæй ма уазæг æрбацæудзæн Ирмæ?!.»[2]

Хицæуттæ нын æфсонæн, уæд та фæсайынæн дæр иу зæрдæфæлæууæн дзырд кæй нæ лæвæрдтой, уый тыххæй ныл, æвæццæгæн, уыдон дæр, хъыгагæн, истой сæ къух, ома, цæмæн ма бахъуыдысты мах дæр; цы стыр лæггæдты тыххæй сæ бакæнæм нæ базыры бын. Фæлæ ахæм рæстæджы аивадæн уæлдай уд разыны. Иунæг уд цалдæр уды бæсты фæцæуы. Поэт поэтикон фæрæзты фæрцы мæстæйдзагæй, стыр зæрдæрисгæ æмæ мæстыйæ куывды хуызы уымæн дзырдта: «– Ахсæвы хицау! – лæгъстæ кодта мад, – / Де уазæг бакæн мæ сабиты!» («Мад фæдзæхста»):

*Мады лæгъстæтæ – хæрзгæнæг дуагмæ,*
*цыма сæ ныййарæг, се схæссæг мадмæ.*
*Фæлæ уымæ нал уыдысты*
*æхсæвы бартæ, –*
*æхсæвы хицау систы*
*гуырдзиаг лæгмартæ...*[3]

Йæ мардæрцыд уый уыдис, сæ гæлир зондау, сæ дзырд дæр, сæ хъуыддæгтæ дæр, сæ хæст дæр зыгъуыммæ кæй уыдысты; адæм куыд фæкæнынц, афтæ нæ, фæлæ – фыдырдæмыздыхтæй. Ссæдз азы фæстæ-ма Игорь Воеводин мысы: «На бэтээре поехали в город.

---

[1] К р ю ч к о в  В л а д и м и р. В трагедии, которая постигла бывщий Советский Союз, есть один главный виновник – Горбачев / Южная Осетия, 1994. – 5 март.
[2] Х о с т ы х ъ о т ы  З и н æ. Фæсхæсты хъарæг // А в т о р т ы  к о л л е к т и в. Тугæйдзаг цыппурс. – Дзæуджыхъæу, 1997. – 90 ф.
[3] Æ л б о р т ы  Х а д з ы-У м а р. Ныфсы уидаг. – Дзæуджыхъæу, 1999. – 25 ф.

Черные провалы окон, сгоревшие автомобили. Скорбные женщины. На улицах почти никого.

И – кладбище во дворе школы.

– Хоронить людей негде, – ответил пожилой, седой, заросший щетиной осетин, – кладбище грузины контролируют, оно же за городом.

Ребята дали ему пару буханок и банку тушенки, он в замен – канистру вина.

– Воды почти нет, – объяснил сопровождавший нас капитан, – умываемся только да чай кипятим.

Сгоревшие дома. Черные руки деревьев. Проломы в стенах.

– Откуда у грузин артиллерия? – спрашиваю я.

– Сельскохозяйственные зенитки приспособили. Те, что грозу разгоняют. Вот из них и пулят.

Днем здесь не стреляют. Соблюдают перемирие. Потому что днем солдатам ВВ будет легче подавить все огневые точки. Потому что днем здесь все на виду. Здесь днем не спрячешься и, хоть грузины наверху и им удобнее, ВВ давно пристреляли все цели.

Воюют здесь ночью».[1]

Ӕхсæвыгон кæй хæцыдысты, уый бынтон «ВВ»-йы тыххæй нæ уыди. Советон Цæдисы «ВВ» нæм куынæ уал уыд (адæм дзырдтой, цыма веттæхджыты фылдæр хай акодтой Къахетмæ, цæмæй сæ раттой нæ фыдбоны сыхæгтæн), уæддæр æхсæвыгон хæцыдысты. Уымæн æмæ сæм алыхуызон ОБЕСЕ-тæй тынг хорз информаци уыдис. Ӕмæ тынг хорз зыдтой, кæдæм æхсын сæ хъуыдис, уыдæттæ. «Кровавый враг, как демон зла…»[2]

Раздæр сæм сармадзантæ, танктæ, веттæхджытæ, хæдтæхджытæ, бомбæзгъалтæ кæй нæ уыдис, уый раст у, фæлæ сын сæ стæй слæвар кодтой советон адæмы знæгтæ – уæйгæнæг инæлар-майор Малюшкин; паддзахад фехалджытæ Горбачев æмæ Ельцин. Цыма, хæцæнгарзцух уыдысты. Мингай,

---

[1] В о е в о д и н  И г о р ь. Последние секунды на земле / Южная Осетия, 2011. – 17 март.
[2] Б р ы т ъ и а т ы  Е л б ы з д ы х ъ о. Уацмыстæ 2 т. Т. 2. – Дзæуджыхъæу, 1982. – 41 ф.

милуангай адæмты тæригъæдæй бирæгъты холыйы фæстæ се стджытæ дæр чъырын арты басудзинаг сты, стыр бынæттæ æмæ вагæтты дзаг адæмы сыгъзæринтæ кæй разæй скодтой, уыдон та сын се ‘рбадæнтыл дæр хорзæхтæ ныхасынц броны бæсты. Куыннæ хъуамæ æнкъуыстаид поэты зæрдæ. Ирон йæ уазæгæн йæ ис, йæ бон кæй не ‘вгъау кæны, уымæй пайда кодтой нæ фыдбоны сыхæгтæ æмæ-иу нæм бадтысты ирон тасгæ, дзаджджын фынгтыл.

Мах сыл цин кодтам: «Æгас цæуæд, æгас нæ уазæг! Йæ фæзынд – хур, йæ ферттывд – уалдзæг!» – хъæр кодтам, зæххыл æрбадын сæ никуы уагътам, уыдон та исдуг сым-сым нæ уæндыдысты, фыртæсæй нæ сæ кæрæдзийы аууæтты æмбæхстысты, стæй сæ, – «Хуыйы кæримæ куы бауадзай, уæд йæ сæрмæ хизы»,[1] – фысымтæ нын куы басгуыхтаиккой, кæд бафæндыдис уый дæр. Æмæ нæ æрхъавыдысты нæ фыдæлты зæххæй сурынмæ. Цæмæй нæ бынтыл æрбадтаиккой æввонгæй æмæ зарыдаиккой «делиа-одела»-тæ. Фæнда дæ æви нæ, уæддæр дæ зæрдыл куыннæ хъуамæ æрлæууа, арты хъæлæсæй маргджын калмы чи фервæзын кодта æмæ, зæгъгæ, ныр дæ хæргæ кæнын, йæ хъуырыл кæмæн æртыхстис, уыцы мæгуыр, зæрдæхæлар лæджы æмбисонд.

Уый царды иу æмæ дыууæ хатты нæ уыдис афтæ. Нæ историйы, æгæрыстæмæй, нæ фыдбоны сыхæгтимæ дæр бирæ хæттыты æрцыдис фæлхатт. Æппæт уыдæттæ поэтæн куыннæ хъуамæ уой маст æмæ катайы хос? Хаджумар уымæн дзырдта не ‘нæууæнк, лæгхор сыхæгты тыххæй:

*Мах – «шидакартли», «самачабло», –*
*нæ нын ис ивгъуыд, нæй нын абон…*
*«Ирыстонæй цæугæут ныр,*
*уæ фæздæг хурх кæны нæ хъуыр!..»*

Æмæ, уæдæ, æндæр цы домыс, сæ паддзахаты рагон истори «национ схъæлдзинады æмвæзадæй» чи бæрæг кæнынц, уыцы «нырыккон фашизмхæццæ гуырдзиаг историографийы зонадон æмвæзад»-ыл лæууæг Л.

[1] А д æ м о н с ф æ л д ы с т а д. Ирон æмбисæндтæ. – Дзæуджыхъæу, 1976. – 131 ф.

Тухашвилийы хуызæн псевдо-историктæй![1] Поэты ныхас уымæн æргом æмæ фидарæй у, сæ гæды ныхас æмæ митæ сын тынг хорз кæй зыдта, æрбадавæггаг дзырдтæй йæ асайæн кæй нæ уыд. Се ‘цæг цæсгом, – кæд сын ис, уæд, – уымæн æргом кодта: «Æууæнк ныллыг кодтой мæнгардæй», сæ фæнд – нæ фыд, нæ хъæстæ нын хæрын…» («Лæгхортæ»).

*Æмæ хæрынц, хæрынц налаттæ –*
*лæгæтон каннибалтæ!*
*Æрымысыдысты мадзал:*
*иронау дзурæгæн – адзал!*

*Гуырдзиагыл фыссыс дæ хъæстæ,*
*гуырдзиагæн дæттыс дæ бæстæ,*
*кæннод æрдузгæ у дæ нуар –*
*уæлхъæдæй бахуыскъ уа дæ буар.*

*Сыхагæй уа мæнгард!..*
*Зæхх та сæ*
*куыд уромы, куыд нæ фæтасы?!*
*Æви йæм стыр фенддаг кæсы,*
*цæра зæххыл дыкъахыг сырд!*[2]

Поэтæн æнæуынон сты, рухсæй, донæй, æртагæй, суанг хосæй æмæ, куы баххæссиккой, уæд нын нæ уæлдæфдзæуæн дæр чи бахгæниккой æмæ нын уымæй дæр блокадæ чи саразиккой, уыдон («Блокадæ»); Зары фæндагыл сылгоймæгтæ, сабитæ, зæронд лигъдæтты раз чи бабадт æмæ сæ къæбутæрдыгæй хæдæхстæй чи æхстой, уыдон ын сты дыкъахыг куыйдзыхтæ («Балладæ Зары фæндагыл»); фæлæ йын къаддæр æнæуынон не

[1] А б а й т ы  В а с о. Æцæг æмæ æрымысæггаг истори / Хурзæрин, 2001. – 30 май.
[2] Æ л б о р т ы  Х а д з ы-У м а р. Ныфсы уидаг. – Дзæуджыхъæу, 1999. – 27 – 28 ф.

сты, нæ тыхст-уырыды нæ чи фæлыгъдысты æмæ нæм ныр хæхты сæрты чи дзыназынц: кæд та сын фæуыдзæн нæ хæрыны фадат – «уæ гаччы та ысбаддзыстут, фæзындзæн уын куыст дæр: уæ риутæ байдайдзыстут хойын – хуыздæр оратортæ зæххыл, тæппудæй кадылмард хъайтартæ…» («Æнхъæлмæкæсджытæ – 1», «Æнхъæлмæкæсджытæ – 2», «Уырытæ» æмæ афтæ дарддæр). Уыдон ын иууылдæр – лæбурæг-марæгæй, тæппудæй-лигъдонæй æлгъаг сты, сæхи сæртæ æмæ сæ Ирыстоны уæй кæнынæй дарддæр кæй ницы æндавы, уый охыл сæ æнæад кæны чиныгкæсæгæн. Лæгхор æмæ уæйгæнæгæн æлгъ дæр æгæр у. Фыддæртæ йын хъæуы. Нæ фыдæлтæ-иу сыл хъоды кодтой. Адæмы рæгъы сæ уый тыххæй нæ уагътой. Уыцы лигъдонтæ адæмы «разамонджытæ» куы вæййынц, уæд та дыууæ хаты ныгæнинаг сты. «Уынаффæджын лæджы фæндæй фондзыссæдз лæджы мин сæтты. Æдылы хицау та сæдæ-сæдæйы иу бон фесафдзæн»,[1] – загъта Секъа. Мах сæрбахъуыды ахæм æдылытæй цух никуы уыдыстæм. Æмæ иу фыд фæарæм иннæйы фæстæ. Ереды трагедийы[2] баййæфта Зары трагеди.[3]

«Балладæ Зары фæндагыл»-ы поэт, уыцы тæригъæдтæгты цы хæдæхстæй цагътой, уыдон къæр-къæр цыма йæ удыл куыд æмбæлд, афтæ стъæлфгай, цаугай нæлгоймаджы дурæйлæмæрст дзырдтæй, артæй раскъæфгæ зæлтæй ныв кæны, уыцы кæуæн боны тугныккалд:

*Хурмæ арвы кæрæттæ*
*хъæр кодтой: раздæх!*
*Нæ раздæхт…*
*Хабар*
*уыд æмбисбонæй раздæр…*

[1] Г æ д и а т ы  С е к ъ а. Уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 1981. – 352 ф.
[2] 1991 азы тæргæйтты мæйы 18-æм бон Ереды хъæугæрон, сæ къухтæ, сæ къæхтæ сындз телтæй бæстытæ, афтæмæй æрдæг мæрдтæй баныгæдтой, ССР Цæдисы мидæггагон æфсæддæттæй кæй байстой, уыцы 12 ирон лæппуйы.
[3] 1992-æм азы 20-æм майы гуырдзиаг лæгхортæ сæ хъæумæ хæстæг Зары хъæды фæндагыл сæ разы бабадтысты æмæ лигъдон сабитæ, сылгоймæгтæ æмæ зæрæттæй фæцагътой 34 адæймаджы, 30 адæймагæй фылдæрæй фесты цæфтæ.

*О Зары фæндаг –*
*сары фæндаг!..*

Автæмæй поэт йæ удыхъæдæвдисæг иугай дзырдтæ, скъуыддзаг хъуыдыйæдтæй, зæрдæриссæн цаутæй нывкæны уыцы фыдми. Цыма æртындæс коммунары трагеди ногæй æрлæууыд йæ зæрдыл. Тугкалæн хабæрттæ æрдзимæ иу кæнынц æмæ сæм дыз-дыз кæнынц зæрдæйы нуæрттæ. Поэт йæ фарстытæн йæхæдæг кæй дзуапп кæны, уымæй чиныгкæсæг хуыздæр базоны, нæ тугхор сыхæгтæ сæ тугзмæст къухтæ кæмæ райстой, нæ фыдæлты уæзгуытæй кæй сырдтой, уыдонæн лæджы фыдмондагæй лидзыны амонд дæр куыд нæ лæвæрдтой. Æмдзæвгæ цæгæвæрд кæнынц, нывгай пырх кæнын æй нæ уадзынц хуры фæлгонц æмæ хъарæджы «гъе-гъе-гъе»-йау фæлхатцæуæг: «Зары фæндаг – / сары фæндаг!..»

Малиты Васо афтæ зæгъы: «Зын у искæй азымы дарын, уымæй зындæр – искæмæн тæрхон кæнын».[1] Ноджы зындæр та – хорз уацмысы хурыл сау стъæлфтæ агурæгау. Фæлæ Хадзы-Умары æмдзæвгæйы фæстаг дыууæ строфæ, кæд сæ адæмон сфæлдыстады аивадон амæлттæй тынг хорз пайда кæны, уæддæр уацмысыл ныхæст кæй сты æндæр ын ницы дæттынц. Чи зоны, поэтæн æмдзæвгæмæ ногæй æркæсыны фадат куы фæуыдаид, уæд æй æрæхсæстаид, ноджы йæ фæзæрдæмæдзæугæдæр кодтаид. Ссæдзазон гуырдзиаг-ирон хæст ын йæ зæрдæйыл цы хъæдгæмттæ ныууагъта, уыдонмæ здæхт ног æмæ ногæй («Чъребайы æнкъард хæдзæрттæ…»):

*Чъребайы æнкъард хæдзæрттæ, –*
*нæмыгæхст,*
*арты арыд,*
*гæмттæ, –*
*цыма мæ зæрдæйы хъæдгæмттæ…*[2]

---
[1] М а л и т ы В Ныстуан // А в т о р т ы к ъ о р д. Критикон уацтæ. – Дзæуджыхъæу, 1990. – 18 ф.
[2] Æ л б о р т ы Х а д з ы-У м а р. Ныфсы уидаг. – Дзæуджыхъæу, 1999. – 91 ф.

Ælboры-фыртæн æцæгæлон не сты «Чъребайы бæлæстæ» дæр; цыдæриддæр нæм удгоймаг ис, уыдон, фæлæ йæ бон нæу ахæм ницæйæгтыл, уæйгæнджытæ æмæ лæджыфыдхортыл, рæстаг адæмау, хур кæй кæсы, уый сын ныббарын. Йæ уацмысты эмоцион, стæй алыхуызон поэтикон æгъдауæй уымæн хъацыдджын кодта, цæмæй сæ чиныгкæсæджы зæрдæ иса тынгдæр.

Уæддæр йæ удмæ иууыл æввахсдæр айста, цæнгæткъул фидарæй мæстæгдæр чи ныццис, уыцы Чъребайы хъысмæт. Поэт дис кæны, цы удыффидар ын ис, ууыл. Фæлæ йын цыма фестъæлфынæй, фæцæстыйæ тæрсы, уыйау æм дзуры рæвдаугæ, табугæнгæйæ: «Фидар лæуу, Чъреба, / фидар лæуу, дæ низтæ! / Уастырджи уæд де 'мбал, / знаджы та – дæ низтæ!..», «Рагæй сæ дæ артдзæст / мардта цæсты низæй» («Фидар лæуу, Чъреба»).

*Сыссадтой сæ кæрдтæ*
*абырджыты балтæ…*
*Сыстадысты мæрдтæй*
*саугæбæр вандалтæ…*

*Се 'ппæт дæр – лæбурæг*
*минтæ 'мæ сæдæтæй –*
*кутаисаг, гуйраг,*
*калакаг гæлдæртæ!*[1]

Афтæ, зæрдæрисгæйæ, чиныгкæсæджы зонгæ кодта, не сæфтмæ чи бæллыдысты æмæ нæ бынсæфт фæкæныныл иучысыл дæр фæстæ чи нæ лæууыдысты, уыцы бынбауинæгты æнæадæймагадон, æлгъаг, сæрмæхæссинаг чи не сты, уыцы цъаммар хъуыддæгтимæ. Æмæ нæм уыдон мæнгард лæгмартæм æвзæрын кæнынц æппæрддзаг ахаст. Базонæм хуыздæр, хъуыддаг нæ кæимæ ис, уыдон. Чи сты, цы сты, уый тыххæй нæм сæвзæры

[1] Уый дæр уым, 18 ф.

нæхи хъуыды. Стæй – рефрены хуызы цæуынц, Чъребайы тыххæй кæй фæлхатт кæны, уыцы æнгæс, зæрдæйы æмбæлæг, æмдзæвгæ кæмæй зæрдæмæдзæугæдæр кæны, уыцы поэтикон рæнхъ: «Фидар лæу, Чъреба!..»

Æмæ æрмæст уыцы æмдзæвгæ нæ, Чъребайы хъæбатыр удыхъæд æвдыст кæм цæуы, уыцы æмдзæвгæтæй йæ бон уыдис сарæзтаид æмдзæвгæты сæрмагонд зæрдæмæдзæугæ стыр цикл, кæд дзы цалдæр «Ныфсы уидаг»-мæ бахаста, уæддæр: «Æхсæвы», «Васойы хæдзар Чъребайы», «Раджы зарыдысты Чъребайы» æмæ æндæртæ. Нæ фыдбоны сыхæгтæ цин кодтой се 'рхъуыдыйæ, ссардтам, зæгъгæ, фæрæз æндæр мыггаг адæмæй фервæзынæн – дыууæ сывæллонæй фылдæр цот чи уадза, уыдон, дам, хъуамæ фæсурæм Гуырдзыстонæй.[1]

Поэты уд йæ Фыдыбæстæйыл æрхъæцмæ кæй нæ лæууыди, йæ цæрайæ кæй цард, уый тыххæй, зæгъæн ис, æппынæдзух уыд фæдисы къахыл: цы 'рцыдис, цы уыдзæн, цы фехъусдзæнис ногæй? – алы æрбацæуæгмæ дæр каст йæ фарстытæн дзуапп райсынмæ. Уымæн æмæ алы хуызы дæр уыдыстæм блокадæйы. Уыцы нымæцы информацион блокадæйы дæр. Æмæ уыцы хъуыддаг йе 'мдзæвгæтæй бирæты зыны ирдæй. «Катай»-ы:

*Зæгъ мæ удæн ныфсæн,*
*хурæртавæгау, дзырд…*
*Зæрдæ риуы ныфсæн,*
*зæрдæ риуы ныфтыд…*

*Хъуысы хъарæг, кæуын*
*Иры судзгæ къуымтæй.*
*Туг, ирон туг кæлы,*
*уынгты бады цæмтæй…* [2]

---

[1] Ч к в а н а в а З. Фæндаг ссардтам / Комунисти, 1988. – 21 ноябрь (гуырдз.).
[2] Æ л б о р т ы Х а д з ы-У м а р ы. Ныфсы уидаг. – Дзæуджыхъæу, 1999. – 26 ф.

Кæнæ «Æрбацæуæгмæ»-йы:

*Зæгъ, кæцæй дæ?..*
*Чи дæ?.. Цы ‘рцыд?..*
*Кæд цинуацхæссæг дæ –*
*Знаг йæ туджы мæцы?!*

*Дзур, æфсымæр, дзур!*
*Зæрдæ риуы ныддур!..*

*Сæ арв сыл æркалд?*
*Сæ къæхты бын аскъуыди зæхх?*
*Мыггаг дæр сæ – нал?..*
*Зæгъ исты,*
*æхсызгон хабар зæгъ!..*[1]

Ацы æмдзæвгæмæ зæрдыл æрбалæууы Плиты Грис. Æнæнхъæлæджы, мыййаг, нæ. Йæ цард Фыдыбæстæйон хæсты цыбыр кодта; знæгтимæ йæ лæгæй-лæгмæ иу æмæ дыууæ хатты тох кæнын нæ бахъуыд; тынг хорз зыдта, æмтохгæнæг хæлар æмæ фыдызнаджы туг цы ад кæнынц, туг тугæй æхсгæ куыд у, уыдæттæ. Тугкалæн хæсты уæвгæйæ мæстæлгъæдæй уымæн фыста:

*Аппæрстон ме ‘нцойбон, æмгæрттæ,*
*Мисхал рухс не ‘рдомдзынæн цардæй,*
*Цалынмæ не знагæн йæ зæрдæ*
*Й‘ астæуыл н‘ афадон мæ кардæй.*

*Кусарт æй ракæндзынæн зæххыл,*
*Фынгтæй та уый аккаг кæм уыдзæн?!*

[1] Уый дæр уым, 24 ф.

*Сау зæрдæ атулдзынæн цæххы,*
*Уый фæстæ – фехсдзынæн мæ куыдзæн.*[1]

Æмæ уый уыдис, хæст йæхи цæстæй чи федта æмæ йын йæ тухитæ чи бавзæрсты, ахæм хæстон лæджы хæстон рæстдзинад. Фæлæ адæм мæнгæй нæ акæнынц, иучидæр, дам, æфсады уыд, иннæ та йын æфсады хабæрттæ дзырдта. Хæсты дымæг дæр йæхи кæуыл нæ расæрфта, уыдон дæр ын фæсхæст систы зондамонджытæ. Фыссын куыд хъæуы хæсты тыххæй, уыдæттæ йын куы райдаиккой амонын. Цыма Грис хæст раст нæ базыдта æмæ кæны «натурализмæй ахуырст æнæаив ныхæстæ».[2]

Æмæ уыцы дзурæгæн Дуццаты Хадзы-Мурат радта æмбæлон дзуапп: «Чи зоны, Грис кæмдæр æгæр фæматериалон, фæфизиологон вæййы, къаддæр дзы разыны удондзинад (одухотворенность), фæлæ уый натурализм нæу. Натурализм исы царды бæлвырд, механикон копитæ, ома, поэты æнкъарынад æмæ хъуыдыйæ не сбазырджын вæййынц афысгæ нывтæ, цаутæ»,[3] – ома, æмдзæвгæйæн ис «бæрæг-бæлвырд хъуыды æмæ æнкъарынад – знагмæ фыдæх, æгæрон æнæуынондзинад».

Нæ диссаджы «патриоттæ» сæ зæрдыл фæдарынц хъомыладон æмæ псевдополитикон фарстытæ. Æмæ Хадзы-Умары æмдзæвгæйæ дæр, нæ хæстæй чи лыгъд, иу ахæм «зондджын патриот» æнæзæгъгæ нæ фæуыдзæнис, ома, уый гæнæн куыд ис: «знаг йæ туджы мæцы» – уый цины уац у?! Ома, сæ арв сыл куы ‘ркæла, сæ къæхты бын зæхх куы аскъуыйа, мыггаг дæр сæ куыннæ уал баззайа, уæд уыдон цахæм æхсызгон хабæрттæ сты?

Уыцы дзурæджы уæд нæ дудгæбоны Цхинвалмæ æрцæуын хъуыдис, цæмæй поэты æмæ цхинвайлæгты зæрдæйы уаг бамбæрстаид. Базыдтаид, цæмæй улæфыдыстæм æмæ улæфæм, уый. Поэт цы ‘вдисы, поэт рæгъмæ кæй хæссы, уый фыдадæймаджы зæрдæйы уаг нæу, фæлæ уыдис алы хæстон цхинвайладжы бæллиц дæр сабийæ – зæрондмæ, сылгоймагæй-нæлгоймагæй.

---

[1] П л и т ы  Г р и с. Салдат. Дзæуджыхъæу, 1948. – 27 ф.
[2] Б е с а т ы  Т а з е. Лæмæгъфыст æмдзæвгæты ныхмæ / Рæстдзинад, 1948. – 24 июль.
[3] Д з у ц ц а т ы  Х а д з ы-М у р а т. Хæст æмæ зæрдæ. – Цхинвал, 1966. – 53 ф.

Уый тыххæй йæм æнæмæнг поэтимæ иумæ кæсын хъæуы ахæм цæстæнгасæй. Æрмæст 1991-æм азы аст мæймæ лæгмарты къухæй фæхъуыд 209 адæймаджы, фæцæф сты 460 æнæхотыхджыны, æдзæмсæфт фесты 150-йæ.[1] Æлборы-фыртæн æй йæ бон раст кæй бацис равдисын, уыцы зæрдæйы уаг поэтиконæй кæй сныв кодта, уæды ирон уды уаг дзы кæй бацис йæ бон бавæрын, уый æнæмæнг у раппæлыны аккаг.

Хаджумары бон уыд цыбыр, нымад рæнхъыты йæ зæрдæйы хуызтæ афтæ æвдисын, æмæ сыл адæймаг йæ цæст куыд æрæвæрдтаид. Стæй сæ йæ зæрдæйыл куыд бадардтаид. Поэтикон дзырды фæрцы йæ бон уыд царды рæстдзинад зæгъын. Æркæсæм дзы цалдæрмæ («Цъыф… ызмæст…»):

1. *Цъыф… ызмæст… цъыфызмæст… лакъон…*
*Калы нæ сыхаг йæ маргчъизи рагон*
*теле… радио, газетæй зæгъ.*
*Уæлдæф сæнуд, ысмамм кодтой зæхх –*
*нал æрбадæн,*
*нал азмæлæн адæн.*
*Емынæ!*
*Бахизут дзы уæхи, адæм!*[2]

2. *Куыдзы бæлæгъæй нын дарынц дон,*
*нæ над дæр, нæ мард дæр сын – удæст…*
*Нæй ахæм уысм*
*нæ æхсæв, нæ бон,*
*кæд фæлæууа мæ уды рыст.*[3]
(«Куыдзы бæлæгъы нын…»)

3. *Ницахæм мифон сапонтæ*

---

[1] К о л л е к т и в а в т о р о в. Южная Осетия (1988 – 1992). – Цхинвал, 1996. – 39 ф.
[2] Æ л б о р т т ы Х а д з ы-У м а р. Ныфсы уидаг. – Дзæуджыхъæу, 1999. – 30 ф.
[3] Уый дæр уым, 32 ф.

*нал, нал ныхсдзысты*

*ацы саубонтæ.*[1]

(«Ницахæм мифон сапонтæ…»)

Поэтæн цыбыр, нымад дзырдтæ, æлвæст рæнхъыты, уæлдайдæр, фæлгонцты фæрцы йæ бон бæрæг нывтæ, бæрæг æнкъарæнтæ, бæрæг хъуыдытæ дзурын æмæ ныв кæнын кæй уыдис, уый йын фадат лæвæрдта, цæмæй йе сфæлдыстад хъæздыг кодтаид аив æмæ нывæфтыд фондзрæнхъонтæ æмæ æхсæзрæнхъонтæй.

Бæрæг ном, бæрæг хуыз, – япойнаг хокку кæнæ танк куыд сты, – ахæм арæзт сæ нæ кодта, мидритмикæ сын цы ардта, æмæ йæ куы фæндыд, уæд сын рифмæтæ, хаттæй-хатт зæлланггæнаг рифмæтæ дæр, цы арæзта, æндæр. Фæлæ сæ аивадон æнтыстæн уый уадиссаг ницы хъыгдардта. Сæ хъуыды æмæ сæ фæлгонцты фæрцы æлхæнынц чиныгкæсæджы зæрдæ. Хорзтæ æмæ дзы тынгхорзтæ цъус нæй. «Бауадзы сæ æцæг поэзийы комулæфт»,[2] – дзырдта Козаты Хазби.

*1. Дысон сауцъиу*
*хъæугæрон ададжы*
*бонмæ фæзарыд.*
*Райсом кæсын:*
*хæристæ æркув-æркув,*
*рæдзæ-мæдзæ кæнынц.*[3]

*2. Дард сабийы бонтæ…*
*Хъуыды-ма кæныс, ме ‘фсымæр,*
*уыцы уалдзæджы фыццаг хуры тынтæ?*
*Нæ фыды ног уæлмæрды обауыл*

---

[1] Уый дæр уым, 40 ф.
[2] К о з а т ы  Х а з б и. Уацтæ. – Цхинвал, 1979. – 33 ф.
[3] Æ л б о р т ы  Х а д з ы-У м а р. Ныфсы уидаг. – Дзæуджыхъæу, 1999. – 252 ф.

*хуры хъарммæ тавтам*
*нæ бæгъæввад къæхтæ.*[1]

3. *Нæ фæнды æхсынцъыйы,*
*сонтæй уалдзæджы уаты*
*раласа йæ чындздзон къаба.*
*Æмæ фæндаггæрон,*
*рухс сагъæсау, судзы…*[2]

Ирон фарн æмæ æгъдауæн зарын поэт йæхицæн хæсыл нымадта æмæ йæ æххæст дæр кодта. Уыцы ирон фарн æмæ æгъдау бæлвырдæй зынынц йæ цыбыр æмдзæвгæты дæр. Сæ рафæлдисынмæ хорз кæй арæхст, уый тыххæй чысыл, компактон, иу сулæфтæн царды хицæн скъуыддзæгтæй – нывтæй, хъуыдытæй йæ бон уыдис стыр хъуыды иу кæттагыл равдисын. Æлборы-фырт уыцы хъуыддаг йæ чиныгкæсджытæн фенын кодта, æвзонг поэт-ма куы уыдис, уæд. «Царциатаг миниатюрæты» поэтикон æвзагæй аив сныв кодта нæ рагфыдæлты историон æмæ уыимæ иумæ реалистон дуне – Царциаты дуне.

Автор йæхæдæг куыд æмбарын кæны, афтæмæй уыд Урстуалты, Едысы – Царциаты Калачы. «Куыд зæгъынц, афтæмæй амцæрæг адæм, уæды дугмæ абаргæйæ, иттæг хъомысджын уыдысты, фæлæ сыл фæтых хæддзу знаг æмæ Калакыл бафтыдтой зынг»,[3] – банысан кодта автор. Æмæ йæм уыцы трагикон хабар археологон экспедицийы рæстæджы сæвзæрын кодта, чиныгкæсджыты размæ хæссинаг чи сты, адæймаджы арф хъуыдытыл чи æфтауынц, ахæм поэтикон æнкъарæнтæ. Нæ размæ нын рахаста, поэты зæрдæ кæуыл æрхæндæг кодта, кæмæй рыст, уды ахæм æнусон, ферохгæнæн кæмæн нæй, уыцы сагъæстæ. Æмæ сæм поэтимæ иумæ банкъуысы чиныгкæсæджы æнкъараг зæрдæ дæр («Чи скодта ацы хæдзæрттæ?»):

[1] Уый дæр уым, 254 ф.
[2] Уый дæр уым, 256 ф.
[3] Æ л б о р т ы  Х а д з ы-У м а р. Мæ зæрдæйы хуызтæ. – Цхинвал, 1968. – 57 ф.

*Чи скодта ацы хæдзæрттæ?*

*Ацы дуртыл кæй къухты фæд баззад?*

*Чи суагъта ацы мæсгуытæ – цыргъытæ?*

*Чи уыд?*

*Цы уыдис сæ мæтаг?*

*Цæуыл-иу рыстысты?*

*Æви уыдон дæр, махау,*

*дуне батонынæнхъæл уыдысты?*[1]

Æмдзæвгæ æнæхъæнæй риторикон фарстытæй нывæст кæй у, уый кой зонгæ-зонын нæ кæнын. Уыцы поэтикон – литературон хуыз ирон литературæйы уæд ног нал уыд. Нæ зæрдыл æрлæууын кæнæм Къостайы æвастхъæртæй фыст æмдзæвгæ «Тæхуды...»,[2] риторикон фарстытæ æмæ æвастхъæрæй фыст «Дзывылдар»,[3] Илас Æрнигоны «Гъæйтт, цы фестут!»[4] – æмæ а. д. Фæлæ нæ æмдзæвгæ уæддæр хъуыдыты цæджы æппары; цард кæм аразай, уым æй кæронмæ бахъахъхъæнын кæй æмбæлы æмæ йыл бонзонгæ адæймаг развæлгъау хорз кæй хъуамæ ныссагъæс кæна, йæхицæн дзы фæстиуджытæ кæй хъуамæ сараза, ууыл нæ æфтауы.

Циклы «миниатюрæты» чиныгкæсæг цæуыл ныхъхъуыды кæна, нæ фыдæлты царды хабæрттæй хицæн скъуыддзæгтæ кæмæй базона æмæ йын зондзонæн чи фæуой, ахæмтæ дзы ис, фæлæ-ма дзы æрхæссæм иу цæвиттон.

Иу уый, æмæ ацы æмдзæвгæ дæр сæрæй кæронмæ у фарстыты бындурыл амад; иннæмæй та – йæ поэтикон хъуыдыйæ адæймаджы зæрдæ йæхимæ тынгдæр здахы, кæд асæй стыр нæу, уæддæр:

*Ам нæ цардис æви нæ мардис сылгоймаг?*

*Уæдæ кæм ысты?*

*Ам нæ цардис æви нæ мардис зæронд лæг?*

[1] Уый дæр уым, 59 ф.
[2] К ъ о с т а. Ирон фæндыр. – Дзæуджыхъæу, 1951. – 30 ф.
[3] Уый дæр уым, 124 ф.
[4] И л а с Æ р н и г о н. Уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 2008. – 80 ф.

*Уæдæ кæм ысты?*
*Кæм хъæрзынц сæ фæллад ыстджытæ?*
*Æви ирон зæхх*
*лæпputы хъамбултæй*
*йæ мондæгтæ мардта?*
*Йе, ирон бæсты*
*сонт цъæх сылыстæг*
*хъарæджы тадис?*
*Йе, ирон бæсты*
*лæг зæрондмæ нæ цардис?*[1]

Уыцы сагъæс, чысыл «миниатюрæтæй» стыр хабæрттыл дзурын, Æлборы-фырт сахуыр йе 'взонджы бонты. Æниу, æмдзæвгæты стыр циклтæ ныффыста фæстæдæр – «Чили – судзаг хъæдгом», «Тугæвдылд æхсæвтæ», «Æнусон фæндæгтæ»… Фæлæ дзурæм, поэтæн иу фестъæлфт, иу фæлгонцон ферттывды фæрцы цард йæ бон куыд уыдис рæсугъдæй, адæймаджы цæстыты-иу, ныв фелвасæгау, куыдæй аззад, афтæ равдисынмæ куыд арæхстис, ууыл. Уымæн æмæ, уый оригиналонæй, зæрдæмæдзæугæйæ аразын у тынг зын, фæлæ бæллиццаг. Æмæ «хорз хъуыддаг хъуамæ кæмæндæриддæр æхсызгон уа»,[2] – дзырдта Арсен. – Уыцы арæхст ногæй фенын кодта, йæ тæккæ лæджы кары, Ирыстоны тыхст æмæ уырыды ноджы тыхстддæр уавæры куы бахаудта – 1993-æм азы тъæнджы мæйы кæрон Дзау – Алагиры фæндагыл Ручъы тунелы зæйты æхсæн æртæ бон æмæ дыууæ æхсæвы куы баззад, уæд уыцы дудгæбæттæ ныв кæнгæйæ. Поэты зæрдæйы уаг, йæ уавæр ын бамбардзæнис, искуы урс дунейы зæйы уацары иу уысм уæддæр чи аззад; адзалы зæрды цы ис, уый æххæстæй зындгонд кæмæн нæ уыд, афтæмæй урс бирæгъ комхæлиуæй урс цæстытæй кæмæ каст – чи кæй? – ахæм адæймаг. Уæд диссаг нæу, де 'взаджы алгъыл зæйæ хи кæнæ искæй бахизыны куывд

[1] Æ л б о р т ы  Х а д з ы-У м а р. Мæ зæрдæйы хуызтæ. – Цхинвал, 1968. – 63 ф.
[2] К о ц о й т ы  А р с е н. Уацмыстæ 2 т. Т. 2. – Дзæуджыхъæу, 1972. – 43 ф.

куы абада, уæд уый. Адæймаг хъалзæрдæйæ дæр фæкувы æмæ тыхст адæймаг уæларвон зæдтæм табу кæнынæй фылдæр цы фæзоны. Донласт йæхи аууоныл дæр фæхæцы. Лирикон хъайтар хаты зæймæ, цæмæй ма рабалц кæна нæ хъæутыл, мады иунæг ис балцы («Зæйæ бахизыны арфæтæ»):

*Кæс, дæ урсбарц æфсургъы*
*дымгæ сыстади дугъы, –*
*ма суадз рохтæ дæ къухæй,*
*иуварс аздах æй, цæй…*
*Бузныг!..*
*Комы ныссæй!*[1]

Æмдзæвгæ, куыд уынæм, афтæ куывд у æмæ цæуы, арфæтæн – куывдтытæн характерон куыд вæййы – донцæуæуæгау, фæлæ дзы æмдзæвгæ та аразынц фæстаг дзырдтæ: «Бузныг!..» – кæй йæм байхъуыста зæй, уый тыххæй йын æмдзæвгæйы кæрон арфæ кæны, фæлæ ууыл дæр нæ фæуд кæны; зæйæн цы æмбæлы, уый йын зæгъы, уæхсчы сæрты тугæнæгау: «Комы ныссæй!» Афтæмæй хуымæтæг æмдзæвгæйæ рауад аивадон уацмыс.

Хаджумар афтæ куы зæгъы: «…ис-ма иу хицау æрмæст а бæстæн, хуыйны уый Уазал», – уæд ын æууæндæм йæ ныхасыл. Уымæн æмæ уыцы Уазал æддейæ куыд ныхъуыры адæймаджы уд: «…бæстæ – фестади сæнтурс, æхсыры фурдау акалди нæ сæрты. Хуыздæр у, ахæм ран цъындæй ысгарай развæндаг уырзæй», – афтæ йæ мидæгæй хæры фыддæр тас – «ысрæйынц, айхъус, шакал-сырдтæ миты бынæй, хæстæг, цыма гуырдзиаг налат дзырдтæ урс газеты фæрстæй».

Къоста хуымæтæджы нæ загъта: «Рынчынæн, дам, æдзухæй дæр Йæ низы кой – йæ дзуринаг…»[2] («Æхсины лæг») – поэтæй зæйты ахæсты дæр куыд хъуамæ ферох уыдаикկой, нæ хъуырмæ кæмæй систæм, сулæфынтæ

[1] Æ л б о р т ы Х а д з ы-У м а р. Ныфсы уидаг. – Дзæуджыхъæу, 1999. – 81 ф.
[2] К ъ о с т а. Ирон фæндыр. – Дзæуджыхъæу, 1951. – 50 ф.

дæр нæ бон кæмæй нал уыдис, нæ уыцы фыдбоны сыхæгтимæ нæ уыцы æнагъæддаджы бирæ дудгæбæттæ. Поэты хъуыды бæрæгæй бæрæгдæр у: фылдæр зиæнттæ нын чи хæссынц – «фыддæр кæцы у мах знæгтæй», хæрдмæ нæ чи сурынц, уыцы зæйтæ æмæ «фыдгул гуырдзиæгтæй»? Æви сæ нæй хуыздæраг? Æви сæ иуыл – хъиссын, иннæйыл – голлаг? Дзуапп ын итувæрдæй цæттæ у («Фыддæр кæцы у…»):

*Цы йыл дзурæм æддæдæрты,*
*æргом нын куы у абетау:*
*нæ уаиккам æрдиаггаг*
*зæйы сæфтæй æгас адæм,*
*сыдмард – нæ чысыл сабитæ,*
*куы нæ кæниккой асадæн*
*нæ развæндаг гуырдзиæгтæ –*
*нæ туг, нæ мыггаг марджытæ*
*ныр дæр,*
*ызнон дæр,*
*раджы дæр.*[1]

Уыцы хъуыды – цæмæн, цæй тыххæй нæм лæбурынц нæ фыдбоны сыхæгтæ; тых нæм цæмæн хæссынц сай-майты; цæмæн нæ ис сæ зæрды скуынæг кæнын – иунæг уысм дæр æнцой нæ лæвæрдты поэтæн. Уыцы бæлвырд æмæ судзгæ фарст æппынæдзух, зынг уæхстау, тæлфыд йæ хъуыдыйы. Сыгъта йын йе 'нкъарæнтæ. Кæд нæм, æнæгъдау, æнæуаг æмæ фыдных кæй уыдысты, уый тыххæй сæ сыхæгтæ Ефрат æмæ Тигры донбылгæрæттæй, рацъон бирæгъты сырд кæй фæкодтой æмæ сæ нæ фыдæлтæ кæй æррæвдыдтой, кæй сæ суазæг кодтой, сæ зæххытыл сæ цæрын кæй бауагътой æмæ сæ нæ культурæйыл схъомыл кæнынмæ кæй

[1] Æ л б о р т ы Х а д з ы-У м а р. Ныфсы уидаг. – Дзæуджыхъæу, 1999. – 87 ф.

хъавыдысты, уый тавиц нæм хæссынц, мыййаг?[1] Мæнгæй нæ акæнынц: хорз ма ракæн æмæ фыд ма сарай. Нæ хорзæн нын цæргæ-цæрæнбонты фыдæй кæй дзуапп кæнынц, уый тыххæй ахæм хъуыдытæ адæймагмæ иу æмæ дыууæ хаты нæ сæвзæры. Фæлæ, куыд ис уый гæнæн, дæ хæрзгæнæджы хурхмæ хъавай, дæ дæларм æм æппынæдзух æмбæхстæй хæссай дур? Сæ «тохы» сын æвæччиаг ницы вæййы. Чъехы хъæуы цур æфсæддонтæ æмæ ирæтты машинæты æрурæдтаиккой, уый охыл «навстречу им неформалы выгнали толпу грузинских женщин с детьми».[2]

Алы фыдмийæн дæр цыма ныббарæн ис, фæлæ ницæй тыххæй, ницы хуызы ис ныббарæн Иудæйы гадзрахатæн. Поэт уымæн дуды æмæ судзы йæхи нымæры. Йæ удæн уыцы стыр гадзрахат – нæ роны калмау кæй нывæрдтам, уый нæм хæрынмæ кæй æрхъавыд, æнусон трагедийы хуызæн у. Ницы хуызы йæ у йæ бон бауромын, ныббыхсын, зæйты уацары дæр уый тыххæй сысты йæ разы («Уарут, уаргæтæ!»). Уаргæтæ ныхсдзысты «нæ тугæрхæм уынгтæ, кæйдæр цырыхъхъытыл æрбахæссæггаг цъыфтæ», фæлæ «О, чи ныхсдзæн нæ сыхаджы гадзрахат та?» Уыцы гадзрахат нæ бары поэт, хæсты азарæй чи фæлыгъд, йæ адæмы куыйдзыхты хъæлæсы чи ныууагъта, уыдонæн дæр. Гадзрахатæй цæуæгæн нæй барæн. Алы гадзрахат дæр йæ фæдыл фæласы фыддæр гадзрахат. Æмæ нал фæзыны сæ кæрон. Адæмыл фефтауынц æнæуууæнк æмæ дызæрдыг. Зæххы цъарыл сын нæй быхсæн. Суанг кæд дзуæрттæ, дауджытæ сты æмæ бирæ хæттыты «сæ сæр, сæ кад нæ зарджытæн» басгуыхынц, уæддæр («Нæ хохы дзуæрттæ…»). Æмæ кæд гадзрахатæйцæуджытыл поэт чиныгкæсæджы æлгъ кæныныл ардауы, уæд æм уый хыгъд нымад у, æнæнхъæлæджы кæцæйдæр сæ сæрмæ æнæхъæлæбайæ чи февзæрд æмæ урс-урсид фæлмы чи пæр-пæр кæны, уыцы гыццыл цъиу.

Кæд ын къалиу дæр нæй стæхынæн, «нæ бæлас æрбадынæн», уæддæр сæм фæзынд. Фæзындис сæм ныфсы стъæлфæй. Фæзындис сæм, арвæй æрхауæгау, мигъæхгæд дунейæ стæхæгау. «Зæд уæлæрвты тæхы».[3]

---

[1] К и к о д з е  Г е р о н т ъ и / Сакартвело, 1917. – № 4.
[2] Б а б а е в  С. Черная зима Цхинвала… / Советская культура, 1991. – 16 март.
[3] Х ъ а з и т ы  М е л и т о н. Ирон хæзна. Т. 1. – Цхинвал – Дзæуджыхъæу, 2013. – 156 ф.

Поэт нæ зоны, цы цауæн, цы хабарæн, цы цинæн, цы фыдæн сын æй радта Хуыцау. Йæ рыст, йæ тыхст удмæ æбæрæг уацхæссæгæй дæр бынтон æвввахс у. Æрхаста йын цин цардæйлыг дунемæ. Митфæлмы уый, абарæн дæр кæимæ ницы ис, ахæм хъуыддаг у. Поэты уды уарзтæй цы и, уый йын гыццыл цъиу иунæг-иу уысммæ уымæн аздæхта йæхимæ. Фæлæ уæддæр фыдтæй рыст уд нæ баззад æвыдæй. Нæ баууæндыд уæларвон цинығ. Фестъæлфыд æнæнхъæлæджы: «Оххай, / мыййаг, кæд / кæйдæр цæрддзугæнæг уд / дзæнæты цъиу фестад / æмæ зæйы бынæй ыстахт».

Афтæмæй, гыццыл цъиуы фæзынд уацмысы кæронæй, ома, куыд æй балхынцъ кодта, уымæй фестад æмдзæвгæ. Æцæг аивадон уацмыс. Æмæ суанг, гыццыл цъиу сæм кæй фæзынд, уый дæр сын радта ныфс, поэт адæмы удвидары тыххæй уымæн зæгъы: «Лæууæм, цæуæм нæ кæрæдзи æнцæйтты». Кæрæдзийы æнцæйтты чи лæууынц, уыдон алы хуызы дæр, алы уавæры дæр сæ кæрæдзийы ныфсæй ныфсджын сты. Ис сын фæцудæн, нæй сын басæттæн. Æрмæст мæрдтæ куы уой сæ фарс, уæд дæр.

Ирыстонæн йæ мард хъæбултæ дæр йæ зын сахат æппынæдзух йæ фарсмæ уыдысты: Хъодзаты Æхсар – «Хъæр мæрдтæм» (1989),[1] Дзуццаты Хадзы-Мурат – «Уой, Хазби…» (01.05.1990),[2] Кокайты Тотрадз – «Тырсыгом – I» (13.10.1997)[3]… Æлборы-фыртмæ Ирыстонмæ мæрдтыбæстæй дзурынц, Цхинвалы нæ фыдбоны сыхæгтæ уыцы дудгæбонты дзæнæтыбадинæгты уæлмæрдмæ хæссын куынæ уал уагътой, уæд 5-æм скъолайы кæрты кæй фæныгæдтам, уыцы зынгхуыстытæ: «Ирыстон, / æз дæ зынгхуыст сæдæ-сæдæтæй – иу, / ма зæгъ, дæ уынгæг сахаты / а тарбадæнмæ тæргайæ ныххызтæн». Уыцы хъайтар йæ нымад, йæ «кадавар бонтæ, арвытъæпæныл æвæрдау», арвы рухсмæ йæ Фыдыбæстæйы сæрвæлтау хаста; гуырд куынæ уыд, уæддæр ын йе 'рхæндæг хъæлæс мады гуыбынмæ ныхъхъуыста; куынæ ма зыдта рис, уæддæр ын йæ уды хъæдгæмттæй мады гуыбынмæ фæрысти æмæ рухсмæ фæзынд йæ раттæг бæстæйы фарнæн («Хъæлæс ингæнæй»):

---

[1] Хъодзаты Æхсар. Зынджы бардуаг. – Дзæуджыхъæу, 2003. – 370 ф.
[2] Дзуццаты Хадзы-Мурат. Дыууæ дуджы астæу. – Дзæуджыхъæу, 2000. – 10 – 11 ф.
[3] Кокайты Тотрадз. Æрвгæнæн. – Дзæуджыхъæу, 2004. 13 – 14 ф.

*Ирыстон,*
*æз хъуыстон дæ хъæрзын,*
*дæ утæхсæнтæм æрцыдтæн,*
*цæмæй скæнон хос дæ рыстæн.*

*Ирыстон,*
*æз фынддæс хатты куы амæлон,*
*уæддæр мын зæгъ, –*
*æхсæрдæсæм хатт дæ фæдисмæ сыстон.*[1]

Ирыстоны авд дамгъæйы уыдысты йæ къуырийы авд боны, авд хатты сæ ныффыста йæ удыл. Цæмæй улæфыдис, йæ уæрагыл цæмæй лæууыд, цы уыд йæ ис, йæ рæуджытæ, йæ туг, сæ тæгъз йæ уæрджытæн, йæ цæстыты рухс – иууылдæр ын цыдысты Ирыстонæй. Уымæн ын зæгъы: «Ирыстон, / цы мын уыд? Бонтæ – бæрц, / дæуæй сæ дардтон, / дæуæн сæ æнæвгъауæй радтон». Мамсыраты Темырболаты лирикон хъайтарау: «Уæ нæ хæхтæ, нæ бæстæ Куыд ма цæрæм уæ фæстæ!..»[2] («Сагъæстæ»), Хадзы-Умары лирикон хъайтарæн æнæ Ирыстон нæй цард… æгæрыстæмæй, мæрдты бæсты дæр.

Нигер йæ рæстæджы загъта: «Истори кусæг у ныр Ирæн».[3] «Фæлæ уыцы бæрзонд пафосæй уайтагъд рхызт мæрдон дзынæзтмæ, адæмы æвадат, тæригъæддаг царды нывтæ хал кæнынмæ, хæхты низ, фыд æмæ æрхæндæг æвдисынмæ»,[4] – дзырдта Дзуццаты Хадзы-Мурат. Æмæ, æцæгдæр, Ирыстон йæ тыхст æмæ уырыдæй никуы фервæзт. Нæ сыхæгтæ нæм фæйнæрдыгæй сæ дзыхтæ ныкъкъæпп кæнын æввонгæй кæй дарынц, уый та – уæлдай. Æлборы-фырты лирикон хъайтар сæ мæрдтæй сæ кæрæдзийы фæдыл уымæн нымайы. Уыцы удуæлдай, æгъатыр тохы нæ адæм, нæ Ирыстоны сæрвæлтау макуы хъуамæ фæхæрд уæм. Истори нын нæ дæтты уый бар. Никуы дæр нын æй

[1] Æ л б о р т ы Х а д з ы-У м а р. Ныфсы уидаг. – Дзæуджыхъæу, 1999. – 44 – 45 ф.
[2] М а м с ы р а т ы Т е м ы р б о л а т. Ирон зарджытæ. – Дзæуджыхъæу, 1982. – 17 – 20 ф.
[3] Н и г е р. Уацм. æххæст æмб. 3 т. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 1966. – 213 ф.
[4] Д з у ц ц а т ы Х а д з ы-М у р а т. Уынгæгбоны сагъæстæ. – Дзæуджыхъæу, 2010. – 109 ф.

баргæ ныккæндзæнис. Сау æмæ урсы æхсæн, рухс æмæ талынджы астæу, рæстдзинад æмæ фыдæхы ныхмæ æппынæдзух тох кæй цæуы, сæ иу иннæйы анихъуырынмæ, скуынæг кæнынил кæй хъарынц сæ удтæ, уый уынæм поэты æмдзæвгæ «Рухсытæ судзынц» æмæ бирæ æндæр уацмысты. Козаты Хазби дзы уымæн загъта: «Адæймаджы царды иууыл уæззаудæр цаутыл дзургæйæ, поэт схызтис сфæлдыстады бæрзæндмæ».[1]

Зæгъæн ис, афтæ ныфсджын, дзырдхъом, сæрыстыр уыд Æлборты Хадзы-Умар йæ кадджытæй, кæд сæрмагондæй уыцы жанры нæ куыста, æрмæстдæр-иу æм рæстæгæй-рæстæгмæ, фæлæ фæлтæргай азты саразта йе ‘ргом, уæддæр. Уæлдай сæрыстыр та уыд, фылдæр рæстæджы-иу сæ кæуыл фæкуыста, фылдæр хъару-иу кæуыл бахардз кодта, уыцы кадджытæй. Йе сфæлдыстады сын ис сæрмагонд бынат.

Фыццаг сæ зынгæдæр уыд йæ лирикон кадæг «Дада». Хаджумарæн, кадæджы разафысты куыд зыны, афтæмæй йæ зæрды уыдис нæ дадаты цардвæндаг равдисын: «Ацы дунейыл / дæу зонын фыдæн, / æмæ цалынмæ нæ амæлон, / уæдмæ дæ цурæй нæ алидздзынæн».[2] Фæлæ йæ ныхас æгæр дардыл æмæ иумыйиаг кæй цыд, уый тыххæй рахызт конкретон ныхасмæ. Поэт бацархайдта, Дадайы фæлгонцы фæрцы XX-æм æнусы æвддæсæм азæй ссæдзæм азмæ Ирыстоны хуссар хайы цы стыр дудгæбæттæ æрцыдысты: «Судзынц хъæутæ. Судзынц кæмттæ, пилон калы Сатихъар, Сарабукъ, æгас Ортъеугом. Æгуыппæгæй судзы Цъунаргом, арвмæ цæуы Прис, Тъбет, Додот – быдыры Х. Ирыстоны пилон… Райсом ссудздзæн æгас Дзауыком, иннæбон сыгъдæг сауфæздæджы мигъы хъуырдухæн кæндзысты Пацъагом, Чеселтгом, Къуыдар, Цъоны хъæутæ, Уанелгом, Ручъы кæмттæ, Урстуалтæ. Судздзысты уымæн, æмæ сæм фæцæуы куывдон уазæг – «буц демократи»,[3] – дзырдта Беджызаты Чермен. Хадзы-Умарæн уыдæттæ йæ зæрды уыд поэтиконæй равдисын. Йæ уацмыс, райдайæны йæхи айвазынмæ куыд хъавыд, уымæ гæсгæ хъуамæ дуджы аивадон азфыст дæр рауадаид æмæ

---

[1] К о з а т ы  Х а з б и. Уацтæ. – Цхинвал, 1979. – 34 ф.
[2] Æ л б о р т ы  Х а д з ы-У м а р. Уидæгты зарæг. – Цхинвал, 1975. – 147 ф.
[3] Б е д ж ы з а т ы  Ч е р м е н. Æвзæрст уацмыстæ. – Сталинир, 1958. – 53 ф.

аивадон ӕгъдауӕй нӕ фыдӕлты цӕсгомӕвдисӕг, сӕ лӕджыхъӕд, се 'гӕрон тыхыл дзурӕг аивадон уацмыс дӕр. Фӕрнион куыд дзырдта: «Цалынмӕ нӕ нӕ тых ӕмӕ нӕ хъару хӕсса, уӕдмӕ хъуамӕ мацӕуыл бацауӕрдӕм Ирыстоны сӕрвӕлтау»,[1] – ахӕм хъуыды дзы ӕвӕрдта.

Авторӕн уыдӕттӕ иу адӕймаджы фӕлгонцы кӕй уыдис йӕ зӕрды сныв кӕнын, уымӕй хорз кодта. Иумӕйаг ныхасы бӕсты конкретон цаутыл дзургӕйӕ алы хатт дӕр уацмыс ӕмбулы. Тохы цаутӕ куыд рӕзтысты, афтӕ хъуамӕ рӕзтаид Дадайы фӕлгонц ӕмӕ уыимӕ рӕзтаид уацмыс йӕхӕдӕг. Сӕ кӕрӕдзиимӕ, сӕ кӕрӕдзийы фӕрцы хъуамӕ рахызтаиккой чиныгкӕсӕджы размӕ. Афтӕмӕй ӕнӕмӕнг ирдӕй разындаиккой. Поэт ууыл бацархайдта. Уӕлдай ӕргомдӕрӕй йӕ уынӕм, революцион змӕлд Ирыстоны куы рӕзт, уӕд лирикон хъайтары Дадамӕ Ирыстоны алы кӕмттӕй куы цӕуынц тыхст адӕм, цӕмӕй сын хӕцӕнгарзӕй сӕ къух араза, уыцы бынаты:

*Нал уыд Дадайӕн*
*ӕрӕхсӕв, ысбон дӕр,*
*арӕзта тохӕн*
*хӕцӕнгарз, – цы хъуыдис:*
*хъама, ӕхсаргард,*
*ӕмӕ джебогътӕ,*
*згӕхӕрд бердандкӕ*
*дзыхъхъынногӕй гуырдис…*

Афтӕмӕй, кадӕгмӕ гӕсгӕ, Ирыстоны сӕрибары сӕрыл тох хъуамӕ ӕнӕхъӕнӕй баст ӕрцыдаид куырд Дадайыл. Уый куынӕ уа, уӕд тохӕн рамбулӕн нӕй. Ӕмӕ йыл, чи зоны, поэты ацархайын хъуыд.

Ахӕм ӕнтыст поэтӕн раттаиккой цӕстуынгӕ, фӕлгонцон деталтӕ. Ӕлвӕст аивадон амӕлттӕ йын йӕ хъайтары фӕлгонц ӕмӕ йӕ афыстытӕ ӕнӕмӕнг фӕхъӕздыгдӕр кодтаиккой, уӕндондӕрӕй, бындурондӕрӕй сӕм

[1] Ф ӕр н и о н. Уацмыстӕ. – Сталинир, 1959. – 137 ф.

куы æрæвнæлдтаид, уæд. Æмæ сыл поэт бирæ бынæтты зæрдиагæй ацархайдта: «…амæн йæ хæцæн – / иу къаннæг куырдадзы, тугсысæн фронты…» Фæлæ уыцы фронты кæронмæ тох кæныны фадат нæ рæстæг радта, нæ йæ историон рæстдзинад амыдта. Æмæ йын автор ссардта æндæр «фронт» йæхи хъæбатырдæрæй кæм хъуамæ равдыстаид, йе ‘ппæт лæджыхъæд кæм хъуамæ фенын кодтаид. Ирон адæймаджы лæджыхъæд æмæ удыхъæд æвдисæг фронт. Бæргæ, Токкаты Алиханы загъдау: «Хæсты дуг – нæ низ, нæ сафæг»,[1] – фæлæ дæ уадзæг куынæ уа, уæд цы дæ зæрды ис.

Историйæ куыд зонæм, афтæмæй ивгъуыд æнусы ссæдзæм азы, нæ фыдбоны сыхæгтæ нын геноцид куы арæзтой, уæд уыцы стыр тугкалæн фронт уыдис – Ручъы ‘фцæгæй цалынмæ дæсгаймин лигъдæттæ нæ ахызтысты, уæдмæ сæ бурнымæтджын куыйдзыхтæй хъахъхъæнын; лæджыфыдхортæн сæ цæрдудæй бахæрынмæ ма раттын.[2] Нæ хæстон æнæ хотых, æнæ нæмыг лæппутæн уыцы хъуыддаг уыд ардбахæрды хуызæн: кæнæ – сæрибар, кæнæ – мæлæт! Куыд хуыздæронæй уымæн бадтысты нæ цыфыддæр знæгты ныхмæ, сæ удтыл нæ ауæрстой, фæлæ лигъдæттæн арæзтой хохæн сæ фæфалейæ кæныны, нæ туг, не стæджы – Ирыстоны цæгат хайы фæрцы сæ нæ иузæрдыг Уæрæсейы дæлбазыр бакæныны фадат.

Æмæ поэт йæ хъайтар Дадайæ иугæр Ирыстоны сæрхъызой, Ирыстоны ирвæзынгæнæг арæзта, уæд ын уыцы дудгæбоны, уыцы тугкалды нæ Фыдыбæстæйы удуæлдай хъайтарты ‘хсæн цынæ февзæргæ уыдис. Уацмысы хъайтары удыхъæд, йæ уды бæллиццаг æвæрæнтæ ахæм уавæрты ирддæрæй вæййы фенæн. Жмæ Хаджумары хъайтары уынæм уыцы хæсты цырвы дæр:

*Ручъы æфцæгыл*
*цыппар æмæ ссæдзæй*
*бадынц ызнаджы раз*
*цæфтæй, хъæдгæмттæй.*

---

[1] Т о к а т ы  А л и х а н. Уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 1973. – 238 ф.
[2] Г а ф е з. Поэмæтæ. – Цхинвал, 1963. – 38 – 50 ф.

*Иу бон-ма, иу бон…*
*Фæстаг лигъдон ссæудзæн*
*æфцæгмæ, сафтид уыдзысты*
*нæ кæмттæ…*[1]

Уыйфæстæ дæр æхсæвыгæтты цуан кодта урсытыл. Æнæрцæугæ алы фыдтæ æмæ дудгæбæттæ федта, автормæ куы хъусæм, уæд. Уый тыххæй йын зæгъы бузныг, уый тыххæй йæ скодта кадæджы хъайтары аккаг, æнæфæцудгæ, æнæ ракæ-бакæ «рухсцъар лæппутимæ» кæй хастой сæрибар «хæхтыл нæ Ирмæ». Фæлæ уыдон фылдæр хус, фæлурс, иумыййаг ныхæстæ сты, æмæ сæ адæймаг кæсгæ бæргæ кæны, уырнгæ дæр дæ кæнæнт, фæлæ дæм нæ хъарынц. Аивадон литературæ уарзы, Хаджумарæн йе ‘мдзæвгæты куыд уынæм, афтæ цæстуынгæ нывтæ, конкретон деталтæ, зæрдæ кæмæй баризы, ахæм поэтикон фæзилæнтæ. Уыцы хъуыддаджы поэтæн йæ кадæгæй йæ зæрдæ кæй нæ барухс, йæ дзуринæгтæ æххæстæй кæй нæ ранымадта, уый тыххæй ногæй æрæвнæлдта мадæлты поэмæ снывæндынмæ. Ныр бæлвырд цаутыл, «Дада»-йы цы згъуыдтæ æруагъта, уыдоныл бæстон ныссагъæс кæнгæйæ. Фæфыдæбон кодта фондз азы æмæ йын бантыст кадæг «Æз уыцы ‘хсæв чысыл саби уыдтæн»[2] сфæлдисын.

Уацмыс æцæг мадæлты поэмæ йæ гуырахст æмæ йæ номæй нæу, фæлæ йæ равæрдæй, йæ афыстæй, йæ ныхасы уагæй. Æмткæй, йæ архитектоникæ, йæ фæлгонцтæ æмæ уацмыс йæхæдæг куыд рæзы, уымдоныл дæр автор афтæ бацархайдта, цæмæй ныййарæджы удыконд дæлæмæ мацæмæй æруадзой.

Автор йæ Дзыццамæ чъызгæ кæй дзуры: «Дæ номыл ныффыстон ацы поэмæ… Зонын æй, уый дæ бирæ хæрзты аккаг не скомдзæн, дæ уд рисæй, зынæй цы бавзæрста, æппæт уыдон нæ бахынцдзæн, фæлæ дæ кæстæры, дæ уды æрхъисы фæндыд дæ рухс номмæ, цыма намысы кувæндонмæ, дзылыйы хай бахæссын»,[3] – уый хуымæтæджы нæу – поэт йæ Дзыццайæ, йæ фыды

[1] Æ л б о р т ы Х а д ж у м а р. Уидæгты зарæг. – Цхинвал, 1975. – 145 – 1159 ф.
[2] Æ л б о р т ы Х а д з ы-У м а р. Æз уыцы ‘хсæв чысыл саби уыдтæн. – Цхинвал, 1978. – 104 ф.
[3] Æ л б о р т ы Х а д з ы-У м а р. Æз уыцы ‘хсæв чысыл саби уыдтæн. – Цхинвал, 1978. – 2 ф.

мадæй, хæрзсабийæ фæстæмæ бирæ дзæбæхтæ зыдта, йæ сомыгæнæн уыдис æмæ йæм табугæнгæ кæй дзуры, уый æнæнхъæлæджы нæу.

Фыццаг æркастæй цыма зæрдыл æрбалæууын кæны литвайаг зындгонд поэт Юстинас Марцинкявичюсы «Публицистон поэмæ».[1] Фæлæ – уый, фыццаг æркастæн. Чи зоны, чиныгкæсæгмæ, уым та мады уарзтыл кæй цæуы дзырд, уый тыххæй фæкæсы афтæ. Фæлæ сæ алкæмæн йæхи нысаниуæг ис. «Æз уыцы ‘хсæв чысыл саби уыдтæн» æмæ «Публицистон поэмæ»-йæ зæгъын. Алчи сæ йæхи сæрмагонд цардæй цæры.

Æмæ Хаджумары кадæг йæ райдайæнæй Марцинкявичюсы поэмæйы райдайæнæй къаддæр нæ ахсы чиныгкæсæджы. Фыццаг рæнхъытæй йæ скæны йæхицæн уарзон. Æрыхъусын æй кæны йæхимæ, йæ дзуринæгтæм:

*У хъуыст:*
*лæг царды, ‘ндонау, сæрын зоны.*
*Фæлæ ныййарæг...*
*нæ туг æмæ ыстæг, –*
*æхсоны къæртт у уый,*
*нæ рын æмæ нæ сонæй*
*йæхимидæг цъæхарт уадзæг,*
*мæстæг.*
*Æнæуый афтæ сабыр æнгас дары...*
*Хъандзал æндон æруадз æхсоныл, –*
*зынгыстъæлфæнтæй*
*срухс кæндзæн мæйдары.*

Уынæм, лирикон хъайтары Дзыцца фыддуджы, нæ фыдбоны сыхæгтæ нын 20-æм азы геноцид куы арæзтой; кæмæн куыд йæ бон уыд, афтæ фæсхохмæ куы лыгъд, уæд йæ удæй арт куыд цагъта, цæмæй бавæра йæ

[1] М а р ц и н к я в и ч ю с Ю с т и н а с. Изб. произ. в 2 т. Т. 1. – М., 1985. – 169 – 198 ф.

хъæстæ, йæ папитæ ма фæуой бынсæфт. Æмæ уый иунæг сылгоймагæн тыхамæлттæй, йæ удфæразондзинады фæрцы æфтыд йæ къухы.

Кадæджы сæйраг хорздзинæдтæй иу у, ирон адæймаджы уæды хъизæмайраг дуг дзы алыварсонæй кæй цæуы æвдыст æмæ сæйраг хъайтар Дзыццайы фæлгонц уацмысимæ сæ кæрæдзийыл бастæй кæй рæзынц.

Йæ кадæг «Дада»-йæ уæлдай «Æз уыцы ‘хсæв чысыл саби уыдтæн» амад у конкретон нывтæй, символикон амæлттæй, фæлгонцтæй… Фыццаг кадæджы кæд авторы æрмдзæф, йæ поэтикон авналæнтæ бæрæгæй нæ зынынц, уæд дыккаджы та уынæм, поэт цæстуынгæ, факттæ бæлвырдгæнæг деталтæй куыд арæхстджынæй пайда кæны, чиныгкæсæджы рæгъмæ сæ куыд хæссы, æппæт уыдæттæ. Æмæ уыдон кадæджы исынц уæлæмæ, кæнынц æй цæрдхъом æмæ ахадæн. Куы кæсæм: «Дзыццайæн иу æхсæв, / æрмæстдæр иу æхсæв, / йæ зæрдæйы уидæгтæй / æрыскъуыди æртæ: / дыууæ лæппуйы æмæ / йæ иунæг цъæх чызгæй / хæрз афтид абадт…» – уæд Дзыцца æмæ йæ цардцухты тæригъæдæй махæн дæр нæ зæрдæйы туггæ ныттæдзынц. Сывæллæтты Епхиты Тæтæри зæдтæ хуымæтæджы нæ хуыдта.[1] Зæрдæ тæригъæд хъуыддагмæ дудаг у. Фæлæ авторы бæсты поэтикон деталтæ куы фæдзурынц, сæйраджы уыдоныл куы фенцой кæны уацмыс, уæд уыдон фæрцы ноджы свæййы цымыдисондæр, нуарджындæр.[2] Чиныгкæсæджы уыдон фелвасынц сæхимæ: «Дзыцца иу ран / æвзалытæ æмæ фæнычы къæрид / йæ къахæй асчъил кодта / æмæ, йæ быны цы къæйдур разынд…», / «мæнæ, гъе, нæ къæсæры дур, / ам уыд нæ хæдзар…»

*Бон-изæрмæ йын йæ сыгъдæттæ фæхафта,*
*ныссæрфта йæ,*
*стæй дзы арт ыскодта.*

---

[1] Е п х и т ы  Т æ т æ р и. Уацмыстæ 3 т. Т. 3. – Дзæуджыхъæу, 1961. – 41 ф.
[2] Г а ф е з. Асины дыккаг къæпхæн // Фидиуæг. – 1969. – № 1.

Уый æцæг Хаджумары æрмдзæф у. Афыстæй дæр, зæрдæйы уагæй дæр, æнкъарæнтæй дæр, æгæрыстæмæй, йæ поэтикæйæ дæр æвдисынц авторы удыхъæд. Æргом ын кæнынц йæ зæрдæ. Æмткæй йын цард æмæ царды нысанмæ æвдисынц йæ философон ахаст, цы цæстæй сæм кастис, уыдæттæ.

Æмæ уый хорз у. «Цард – цæрынæн»,[1] – бæргæ загъта Нигер, фæлæ амондæн, куыйдзыхтæ дын дæ артдзæст кæм ныппырх кодтой, дæ къæс дын зынджы хай кæм бакодтой, æрмæст уыцы къуым ссарын, йæ сыгъдæттæй йæ асыгъдæг кæнын, кæд уый стыр хъуыддаг у, уæддæр æххæст фаг нæу. Дæбе дзырдта: «Рæстдзинад кæм нæ уа, уым та куыд цæрæн ис».[2] Кадæджы ноджы фæарфдæр, фæуæрæхдæр æмæ фæпоэтикондæр хъуыдис. Цæрынæн бирæ цыдæртæ хъæуы. Æмæ аивады кусæгæн уыдон фæччи ацахсын дзæвгар бæрцæй фæдзуры уацмысы æнтыстыл. Уыдон æй скæнынц зæрдæмæдзæугæ, зæрдæйылæмбæлгæ. Æмæ раст ам ацахста Æлборы-фырт дæр уыцы царды æмæ аивадон амæлттæй иу – ирд, зæрдæ æмæ цæстыты, ныв фелвасæгау, аззайгæ деталь: «Кæцæйдæр / урсдæллагхъуыр зæрватыкк фæзынд»:

*Дзыцца йæм ыскаст:*
*– Ай нæ зæрватыкк куы у!*
*Æй, дæ хъæбулты хурæй æфсæст уай!..*

Æрмæст фæстаг рæнхъ: «Æй, дæ хъæбулты хурæй æфсæст уай!..» – ирон адæмон, æвæццæгæн, дæсгай æнусты чи ныффидар, уыцы арфæ цас æхцондзинад æрхæссы зæрдæйæн. Æмæ, чи зоны, Дзыцца уыцы зæрдæйыл тайæг дзырдтæ искæмæн куы загътаид, уæд ныл афтæ нæ бандæвтаиккой, фæлæ сæ зæрватыккæн кæй дзуры, уым ис йæ рахæцæн. Ахæм деталтæ, поэтикон амæлттæ уацмыс фæисынц, цы у, уымæй дзæвгар уæлдæр, фæуарзын æй кæнынц чиныгкæсджытæн. Æмæ уыцы курдиат æнæ дæлæ-уæлæ уыдис Хаджумармæ. Куы йæ фæндыд, уæд дзы йæ бон уыдис

[1] Н и г е р. Уацм. æххæст æмб. 3 т. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 1966. – 82 ф.
[2] М а м с ы р а т ы Д æ б е. Уацмыстæ 6 т. Т. 2. – Дзæуджыхъæу, 1966. – 114 ф.

арæхстджынæй пайда кæнын. Уыцы цæстуынгæ, аив, цардыл дзурæг деталтæм хауы, сыгъд хæдзармæ йæ хицæуттимæ фæзынæг, фырцинæй иуран æрхæст кæмæн нал ис, уыцы чысыл зæды маргъ, зæрватыччы фæзынд. Дзыцца йемæ уый тыххæй дзуры, æмбаргæ адæймагимæ ныхасгæнæгау:

*– Дæ хæдзар агурыс ды дæр?*
*Нæ йæ арыс, и?*
*Æз дæр æй бирæ фæцагуырдтон –*
*нал æй ыссардтон,*
*нал ис,*
*цы нал ис, уый нал ис,*
*мæхи дзиба!*[1]

Æмæ зæрватыччы æнæнхъæлæджы фæзынд æмæ «Зæйты уацары»-йы «гыццыл цъиу» адæймаджы зæрдыл æрæфтынц цыдæр развæлгъау дзурæг стыр цаутыл, кæд сын, кæцæй фæзынынц, кæд уымæн бындур ис, уæддæр. Æниу, дыууæ деталь дæр сты хицæнтæ æмæ сæ кæрæдзи нæ хъыгдарынц. Алкæмæн дæр сæ ис йæхи хæс, йæхи нысаниуæг æмæ сыл поэт цы уæз æрæвæрдта, уый сæрибарæй хæццæ кæнынц чиныгкæсæгмæ.

Кадæг «Æз уыцы ‘хсæв чысыл саби уыдтæн»-ы стихамады мидинтонацийæ дарддæр нæй бæлвырд ритм, нæй рифмæтæ, нæй рæнхъыты бæрæг бæрцбарæнтæ, фæлæ фидар лæууы ирд, зæрдæагайæг афыстытыл, кæй кой кæнæм, ахæм фидар поэтикон деталтыл. «Рæстæг, цард, адæймаг – уыдон сты аивады сæйраг æрмæг… Уыдонæй, сæйраджыдæр рæзы фыссæджы сфæлдыстадон хъомыс, йæ метод, йе стиль, йæ дæсныйад, иумæйагæй – йæ поэтикæ»,[2] – дзырдта Джыккайты Шамил. Кадæджы иуæй-иу даргъ бынæттæ, тыхарæзт прозаизмтыл куынæ дзурæм, уæд уый у поэзи, Æлборты Хадзы-Умары зæрдæйы чи уыдис æмæ кæй арæзта, ахæм поэзи. Æмæ кæд,

[1] Æ л б о р т ы Х а д з ы-У м а р. Æз уыцы ‘хсæв чысыл саби уыдтæн. – Цхинвал, 1978. – 96 ф.
[2] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Æнæфсарм ныхас – æрдуйæ хид // А в т о р т ы к о л л е к т и в. Критикон уацтæ, 1990. – 137 ф.

уымæй дæс азы фæстæдæр цы поэмæ ныффыста – «Сасчъытæй ахуыргæнæг», уым, йæ иннæ поэмæтимæ абаргæйæ, йæ фысты манерæ фæивта – ритм æмæ йæм рифмæ нымаддæр сты, уæддæр, йæ дыккаг кадæджы цы поэтикон уынынад æмæ фæлтæрддзинад равдыста, ууыл нæ систа йæ къух.

Сасчъыты ахуыргæнæг «æнхъизгæ лакъонæй куы рахызти талынгæй рухсмæ» суадоны цæсты йæхи куы ‘хсадта: «Цæй кæдæм цыдтæ ‘мхæрд / хуры рухс, хуры тын?!», уæд «Суадон нæ ныббыхста / уыцы æфхæрд, – / суадон ахъуызыд хуыры бын». Æмæ куы фенæм: «уæларвбæстон», / цæстытæ æнæрныкъулгæ, / касти бынты, / касти – / Цыппарцæстон»,[1] – æмæ куы базыдта, адæм ын комынц сайын, æцæг æй уæларвæй æрцæуæг фенхъæлдтой, уæд-ма йæ æндæр цы хъуыд? Сайын, сафын, гæндон кæнын, уыдысты йæ иууыл бæрзонддæр бæллицтæ æмæ цæмæннæ радаид? Кæммæгæс, къухылтухгæ рæстаг адæмæн цæмæннæ схицау кодтаид йæхи?

Автор нын кæд дарддæр, Цыппарцæстон чи уыдис, уый кой нал кæны, уæддæр æй йæ митæй, йæ архайдæй хатæм. Уый, Ирыстоны артыл 30-æм азтæй 50-æм азты райдайæнмæ уазал дон чи скъæрдта, нæ фæдисонтæн куыдхуыздæронæй сæ зынг чи хуыссын кодта, уыцы лæджыфыдхор, æлгъаг Берияйы кой кæны;[2] уый цъаммар хъуыддæгтæ уырынгонтæ æмæ сасчъыты фæрцы архайы раргом кæнынæн. Æмæ кæд автор бацархайдта, поэмæйы райдайæн æмæ кæрон мад æмæ урсзачъе зæронды фæрцы балхынцъ кæныныл, уæддæр уыцы «уырынгонтæ æмæ сасчъытæ» фæйнæрдæм афтæ ныппырх сты æмæ сæ поэты бон нал бацис нывыл æртымбыл кæнын. Уый аххосæй поэмæ нæ радта, поэтæн йæхи загъдау, «бирæ дыргъ».

Афтæмæй Æлборты Хадзы-Умарæн йæ поэмæтæй сæйраг æмæ ахсджиагдæрæй баззад мадæлты кадæг «Æз уыцы ‘хсæв чысыл саби уыдтæн». Уыцы кадæджы, йæ иннæ кадджытимæ абаргæйæ, йæ базыртæ уæрæхдæр айтындзын бацис йæ бон, йæ фадæттæй алыварсондæрæй спайда

[1] Æ л б о р т ы Х а д з ы-У м а р. Ныфсы уидаг. – Дзæуджыхъæу, 1999. – 261 ф.
[2] Б л и е в М. Открытое письмо Звиаду Гамсахурдия, политзаключенному, временно освобожденному / Ир, 1990. – № 4 – 5, февраль.

кодта, йæ поэтикон дæсныйад дзы ирддæрæй, уæрæхдæрæй æмæ алыварсондæрæй разынд.

Хадзы-Умар йæ поэтикон дæсныйадыл куыста æппынæдзух. Йæхи загъдау: «Зарæджы фарн адæмы фарн у, æмæ йæм къæрццхъус уæвын хъæуы, аргъуц дзы хъæуы».[1] Куыста æмæ ахуыр кодта ирон æмæ дунеон поэзийы хуыздæр минæвæртты сфæлдыстадыл. Йæ иууыл уарзондæр поэт уыдис испайнаг литературæйы классик Гарсиа Лоркæ. Йæ хуыздæр уацмыстæй йын ирон æвзагмæ зæрдиагæй раивта иу-дзæвгар. Ирон поэзийы цæмæй верлибыр аккаг бынат бацахстаид, уый тыххæй бакуыста бирæ.

Æлборы-фырт йе 'мдзæвгæтæ æмæ поэмæты æмбырдгæндтæ «Мæ зæрдæйы хуызтæ», «Хуры хъæбултæ», «Уидæгты зарæг», «Æз уыцы 'хсæв чысыл саби уыдтæн», «Бæрзонд къæвда», «Ныфсы уидаг» æмæ æндæртæй аккаг хуын бахаста ирон поэзийы къæбицмæ. Йæ литературон-критикон уацмысты чингуытæ «Ирон литературон критикæ 30-æм азты», «Уидæгтæ æмæ къабæзтау», «Æлборты Барысби» æмæ «Чиныг – царды айдæн» фæахъаз сты ирон литературæзонады рæзтæн. Хадзы-Умар фидарæй дзырдта: «Мах цæрæм ахæм дуджы, æппæт – дунеон æмæ хисæрмагонд хъысмæттæ æмбуар æмæ æнгом баст кæм систы. Абоны литературон хъайтары уды конды – кæд æцæг хъайтар у, уæд! – зыны æппæт дунейы хъысмæт, дуджы карз æмæ вазыгджындзинад».[2] Æмæ уыцы принципыл йæ зæрдæ никуы ивта.

Поэты уацмыстæй дзæвгар ныммыхуыр æфсымæрон адæмты æвзæгтæм аивадон тæлмацæй. Сæ зынгæдæр поэтикон æмбырдгонд «Песнь корней» уырыссаг æвзагыл рухс федта Мæскуыйы 1980-æм азы.

Æлборты Хадзы-Умармæ нырма бирæ сфæлдыстадон фæндтæ уыдис; йæ зæрдæ бирæ æнæхæрд, сырдджын кæмттæм æхсайдта; сæ басæттынмæ йæм фаг зонындзинæдтæ æмæ курдиат уыд, фæлæ йын сæ, хъыгагæн, æххæст кæнын нæ бауагъта æгъатыр мæлæт. Не 'хсæнæй ацух 2011-æм азы тæргæйтты мæйы 30-æм бон. Йæ рæстæджы, кæд ын йе сфæлдыстадыл

[1] Æ л б о р т ы Х а д з-У м а р. Уидæгтæ æмæ къабæзтау. – Цхинвал, 1985. – 264 ф.
[2] Уый дæр уым,128 ф.

хæдбындур, литературон-иртасæн уацмыстæ ничи фыста, уæддæр литературон критикæйæ рох нæ уыд, фæлæ-иу ын алчи йæхиæрдыгонау, йæхимæ гæсгæ аргъ кодта.

Нафийы ныхас æвзонг фысджыты тыххæй иумæйаг уыдис: «Кæстæрты поэзийыл арæх фæдзурæм. Тедеты Рюрикæн чиныг рацыд, Æлборты Хадзы-Муратæн рæхджы рацæудзæн… Иннæтæ дæр куыд рæзой, афтæ цæудзысты нæ литературæйы рæнхъытæм кæстæры чины нæ, фæлæ æххæст кусæгæй.

Се ‘ппæтмæ дæр ис иу аипп; кæмæ – къаддæр, кæмæ – фылдæр: нæй сæм фаг ирон адæмы истори, этикон æмæ эстетикон традицитæ, аивадон традициты зонынад. Уый та æнæмæнг хъæуы фыссæджы. Дæ адæмы истори, уый духовон биографи, уый традицитæ, уæлдайдæр, йæ аивадон традицитæ хъуамæ зонай, дæ ныййарæг мады зæрдæйау, дæ уарзон чызджы цæстытау, дæ фыды хъæлæсау, науæд æцæг фыссæг уæвæн нæй, нæ дæр стыр фыссæг, нæ дæр – чысыл».[1] Скъифирон ын схæцыд уайдзæфтыл, зæгъгæ: «Къостайы традицитæй дардмæ… лидзы, цæмæй, боныфæстагмæ, йе ‘гуыдзæг ма рабæрæг уа»,[2] æгæрыстæмæй йæ «æппæлой», «къуыдиппытæ» дæр фæхуыдта. Бестауты Гиуæрги сæ дыууæмæ дæр феххæлыд: «Рюрикау æмхиц у абстракцимæ, стæй уыйау сæрибар ритмикæйыл фыссы Æлборты Хаджумар дæр. Æниу, Хаджумары поэтикон фæлгонцтæ зæххон æмæ цардуагондæр вæййынц фылдæр хатт. Рюрикæй уæлдай Хаджумар йæхи хизы риторикон-публицистикон хъæртæй, фæлæ уый хыгъд ацы авторæн хатт æгæр тар ахорæнтæ фæзыны йе ‘мдзæвгæты».[3] Дзуццаты Хадзы-Мурат дæр ын нæ барста йæ аиппытæ: «Хаджумары ахъаззагдæр хъуагдзинад уый у, æмæ арæх йæ фæлгонцты хъаруйыл нæ бауæнды æмæ сын байдайы комментаритæ дæттын, раууил-баууил сæ кæны, цыма сæ чиныгкæсæгæн æууылдæй кунæ ратта, уæд сæ йæхæдæг нæ баууилдзæн»,[4] – фæлæ уымæй рох нæ уыдысты йе ‘нтыстытæ дæр: «Ирыстоны ивгъуыд, йæ абон, йæ фидæн» – уымæй цæры поэт. Ирыстон – зæххы иу хай – баст у бирæ тæгтæй

[1] Д ж у с о й т ы Н а ф и. Ирон аив дзырды сæрвæлтау. –з Цхинвал, 1966. – 302 – 303 ф.
[2] С к и ф и р о н. Фæндæгтæ æви алвæндæгтæ // Фидиуæг, 1965. – №10.
[3] Б е с т а у т ы Г и у æ р г и. Уацмыстæ 3 т. Т. 3. – Дзæуджыхъæу, 2004. – 111 ф.
[4] Д з у ц ц а т ы Х а д з ы-М у р а т. Бæрндзинад. – Цхинвал, 1976. – 129 – 130 ф.

иннæ адæмтимæ. Уымæ гæсгæ – «У мын дуне æрдхорд æмæ ‘фсымæр». Ирыстоны уарзт поэты балцы цæуын кæны (æцæгæй æмæ йæ сæнтты) дунейы тыгъдадтæм… Поэт хаты бæрндзинад Ирыстон æмæ дунейы раз. Ахæм бæрндзинадæй цæугæ у поэзи, поэты æмбæстагон лæджыхъæд. Цæрæд Ирыстон, цæрæд дуне – иуы тыххæй дзы иннæ ныллæгдæр, цауддæр ма уæд царды дæр æмæ поэзийы дæр».[1]

Æмæ ахæм цæвиттонтæ, стæй хуыздæр, æппæлæн цæвиттонтæ дзæвгар ис æрхæссæн, фæлæ, хъуыддаг уый у, поэты тыххæй фæстаг цитатæтæ кæцы æрмæджытæй истам, уыдон, зæгъæн ис, ииуылдæр фыст æрцыдысты иу рæстæджы. Афтæмæй ииуылдæр дзурынц сæ кæрæдзийы ныхмæ.

Аивады кусæг, цас æнкъарагдæр уа, уый бæрц ныхмæвæрд хъуыдытæй дыгъуырццæг кæны. Уымæ гæсгæ хъуамæ разына фидар удыхъæды хицау, цæмæй йæ равзаргæ фæндагыл цæуа æнæ гуырысхойæ. Хадзы-Умармæ уыд уыцы удвидар. Хъуыста æмæ йæ хъуыддаг – Ирыстоны нывæфтыд литературæ, куыд йæ бон цыдис, афтæ хъæздыгдæр кодта. Уый, кæд æй йæ рæстæджы ииуыл, куыд æмбæлд, афтæ нæ хатыдыстæм, уæддæр æнæмæнгæй арфæйаг хъуыддаг кæй уыдис, уымæн абон не ‘ппæт дæр стæм æвдисæн.

## СПАЙДАГОНД ЛИТЕРАТУРÆ


1. А б а й т ы В а с о. Æцæг æмæ æрымысæггаг истори / Хурзæрин, 2001. – 30 май;
2. А б а е в В а с о. Письма Васо Абаева. – Цхинвал, 2008;
3. А д æ м о н с ф æ л д ы с т а д. Ирон æмбисæндтæ. – Дзæуджыхъæу, 1976;
4. А н т о к о л ь с к и й П а в е л. Избранные произведения. Т. 2. – М., 1961;
5. Æ л б о р т ты Х а д з ы-У м а р. Ныфсы уидаг. – Дзæуджыхъæу, 1999;
6. Æ л б о р т ы Х а д ж у м а р. Мæ зæрдæйы хуызтæ. – Цхинвал, 1968;
7. Æ л б о р т ы Х а д ж у м а р. Уидæгты зарæг. – Цхинвал, 1975;


[1] Уый дæр уым. 126 ф.

8. Æ л б о р т ы  Х а д ж у м а р. Фæдисон. – Цхинвал, 1964;
9. Æ л б о р т ы  Х а д з  ы-У м а р. Рухсытæ судзынц. – Цхинвал, 1988;
10. Æ л б о р т ы  Х а д з ы-Ум а р. Хуры хъæбултæ. – Цхинвал, 1971;
11. Æ л б о р т ы  Х а д з-У м а р. Уидæгтæ æмæ къабæзтау. Цхинвал, 1985;
12. Б а б а е в  С. Черная зима Цхинвала… /  Советская культура, 1991.–16 март;
13. Б а р у з д и н  С. Экстремизму – нет! / Правда, 1990. – 24 февраль;
14. Б е д ж ы з а т ы  Ч е р м е н. Æвзæрст уацмыстæ. – Сталинир, 1958;
15. Б е л и н с к и й  В. Г. Избр. филос. соч. в 2 т. Т. 2. – М., 1948;
16. Б е с а т ы  Т а з е. Лæмæгъфыст æмдзæвгæты ныхмæ / Рæстдзинад, 1948. – 24 июль;
17. Б е с т а у т ы  Г и у æ р г и. Уацмыстæ 3 т. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 2003;
18. Б е с т а у т ы  Г и у æ р г и. Уацмыстæ 3 т. Т. 3. – Дзæуджыхъæу, 2004;
19. Б и б о е в а  И. Г., К а з и т ы  М. Р. Писатели Осетии. – Владикавказ, 2015;
20. Б л и е в  М. Открытое письмо Звиаду Гамсахурдия, политзаключенному, временно освобожденному / Ир, 1990. – № 4 – 5, февраль;
21. Б р ы т ъ и а т ы  Е л б ы з д ы х ъ о. Уацмыстæ 2 т. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 1981;
22. Б р ы т ъ и а т ы  Е л б ы з д ы х ъ о. Уацмыстæ 2 т. Т. 2. – Дзæуджыхъæу, 1982;
23. Б р ю с о в  В. Я. Сочинения в 2 т. Т. 2. – М., 1987;
24. В о е в о д и н  И г о р ь. Последние секунды на земле / Южная Осетия, 2011. – 17 март;
25. В о з н е с е н с к и й  А н д р е й. Пробы духа. – М., 1984;
26. Г æ д и а т ы  С е к ъ а. Равзаргæ уацмыстæ. – Цхинвал, 1979;
27. Г æ д и а т ы  С е к ъ а. Уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 1981;
28. Г æ д и а т ы  Ц о м а х ъ. Уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 1959;
29. Г а ф е з. Асины дыккаг къæпхæн // Фидиуæг. – 1969. – № 1;

30. Г а ф е з. Ме ‘взаг // А в т о р т ы к о л л е к т и в. Мæ рæсугъд азæлгæ æвзаг. – Дзæуджыхъæу, 2015;
31. Г а ф е з. Поэмæтæ. – Цхинвал, 1963;
32. Г а ф е з. Цардбæллон. – Цхинвал, 1974;
33. Г у р д ж и б е т и Б л а ш к а. Уаджимисти æмбурдгонд. – Дзæуджыхъæу, 1966;
34. Д ж у с о й т ы Н а ф и. Ирон аив дзырды сæрвæлтау. –з Цхинвал, 1966;
35. Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Æнæфсарм ныхас – æрдуйæ хид // А в т о р т ы к о л л е к т и в. Критикон уацтæ, 1990;
36. Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Нæ вæййы рухсæн сау талынг йæ ингæн // Фидиуæг, 2000. – № 1;
37. Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Намыс. – Дзæуджыхъæу, 2010;
38. Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Фæцæуынц бирæгъты цот хадзы… // Мах дуг, 2007. – № 7;
39. Д з у ц ц а т ы Х а д з а-М у р а т. Бæрндзинад. – Цхинвал, 1976;
40.Д з у ц ц а т ы Х а д з ы-М у р а т. Æлборты Хаджумар // А в т о р т ы к о л л е к т и в. Хуссар Ирыстоны фысджытæ. – Цхинвал, 1967;
41. Д з у ц ц а т ы Х а д з ы-М у р а т. Дыуузæ дуджы астæу. – Дзæуджыхъæу, 2000;
42. Д з у ц ц а т ы Х а д з ы-М у р а т. Ирон поэзи // А в т о р т ы к о л л е к т и в. Ирон поэзийы антологии 2 т. Т. 1. – Цхинвал, 1969;
43. Д з у ц ц а т ы Х а д з ы-М у р а т. Уынгæгбоны сагъæстæ. – Дзæуджыхъæу, 2010;
44. Д з у ц ц а т ы Х а д з ы-М у р а т. Хæст æмæ зæрдæ. – Цхинвал, 1966;
45. Д о б р о л ю б о в Н. А. Литературная критика в 2 т. Т. 2.– Ленинград, 1984;
46. Е п х и т ы Т æ т æ р и. Уацмыстæ 3 т. Т. 3. – Дзæуджыхъæу, 1961;
47. И л а с Æ р н и г о н. Уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 2008;
48. К а н у к о в И н а л. В осетинском ауле. – Владикавказ, 1985;
49. К и к о д з е Г е р о н т ъ и / Сакартвело, 1917. – № 4;

50. К о з а т ы  Х а з б и. Уацтæ. – Цхинвал,  1979;
51. К о к а й т ы  Т о т р а д з. Æрвгæнæн. – Дзæуджыхъæу, 2004;
52. К о л л е к т и в  а в т о р о в. Август 2008: война глазами очевидца в 2 к. К. 1. – Цхинвал, 2009;
53. К о л л е к т и в  а в т о р о в. Южная Осетия (1988 – 1992). – Цхинвал, 1996;
54. К о ц о й т ы  А р с е н. Уацмыстæ 2 т. Т. 2. – Дзæуджыхъæу, 1972;
55. К о ч ы с а т ы  М у х а р б е г. Уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 1977;
56.К р ю ч к о в  В л а д и м и р. В трагедии, которая постигла бывщий Советский Союз, есть один главный виновник – Горбачев / Южная Осетия, 1994. – 5 март;
57. К у з н е ц о в  В. А. Очерки истории алан. – Владикавказ, 1984;
58. К ъ о с т а. Ирон фæндыр. – Дзæуджыхъæу, 1951;
59. Л е р м о н т о в  М. Ю. Собр. соч. в 4 т. Т. 1. – Ленинград, 1979;
60. М а л и т и  Г и у æ р г и. Ирæф. – Дзæуджыхъæу, 1986;
61. М а л и т ы  В. Ныстуан // А в т о р т ы  к ъ о р д. Критикон уацтæ. – Дзæуджыхъæу, 1990;
62. М а л ю ш к и н  Г е н р и х. Так это началось / День, 1991. – № 12;
63. М а м с ы р а т ы  Д æ б е. Уацмыстæ 6 т. Т. 2. – Дзæуджыхъæу, 1966;
64. М а м с ы р а т ы  Д æ б е. Уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 1970;
65. М а м с ы р а т ы  Т е м ы р б о л а т. Ирон зарджытæ. – Дзæуджыхъæу, 1982;
66. М а р ц и н к я в и ч ю с  Ю с т и н а с. Изб. произ. в 2 т. Т. 1. – М., 1985;
67. Н и г е р. Уацм. æххæст æмб. 3 т. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 1966;
68. Н и г е р. Уацм. æххæст æмб. 3 т. Т. 3. – Дзæуджыхъæу, 1968;
69. П л и т ы  Г р и с. Салдат. Дзæуджыхъæу, 1948;
70. П л и т ы  Г р и с. Уацмыстæ 2 т. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 1973;
71. П у ш к и н  А. С. Соб. соч. в 10 т. Т. 4. – М., 1975;
72. С е н ч и н  Р. Убили за стихотворение / Литературная Россия. – 3 июль;

73. С и у к ъ а т ы Н и к ъ а л а. Дун-дуне нæ алыфæмблай. – Дзæуджыхъæу, 1994;
74. С к и ф и р о н. Фæндæгтæ æви алвæндæгтæ? // Фидиуæг, 1965. – № 10;
75. С о в е т с к а я О с е т и я, 1990. – 1 январь;
76. С о в е т с к а я О с е т и я, 1990. – 10 январь;
77. Т а р а к а н о в Н. Д. Выступление // Цхинвал: хроника грузинской агрессии. – М., 2008;
78. Т в а р д о в с к и й А. Т. Собр. соч. в 6 т. Т. 3. – М., 1978;
79. Т о г о ш в и л и Г. Д. Сослан-Давид. – Дзæуджыхъæу, 1990;
80. Т о к а т ы А л и х а н. Уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 1973;
81. Т р е в е р К. В. Очерки по истории и культуре Кавказкой Албании. – М. – Л., 1959;
82. Т ы б ы л т ы А л ы к с а н д р. Уацмысты æмбырдгонд. – Цхинвал, 1988;
83. Ф æр н и о н. Уацмыстæ. – Сталинир, 1959;
84. Х е т а г у р о в К о с т а. Собр. соч. в 5 т. Т. 2. – М., 1959;
85. Х о д ы К а м а л. Уацмыстæ 3 т. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 2009;
86. Х о с т ы х ъ о т ы З и н æ. Фæсхæсты хъарæг // А в т о р т ы к о л л е к т и в. Тугæйдзаг цыппурс. – Дзæуджыхъæу, 1997;
87. Х ъ а з и т ы М е л и т о н. Ирон хæзна. Т. 1. – Цхинвал – Дзæуджыхъæу, 2013;
88. Х ъ а й т ы р т ы Г е о р. Æвзæрст уацм. 2 т. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 1975;
89. Х ъ а м б е р д и а т ы М ы с о с т. Уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 2002;
90. Х ъ о д з а т ы Æ х с а р. Зынджы бардуаг. – Дзæуджыхъæу, 2003;
91. Х ъ о р о т ы Д а у ы т. Ироны сагъæс. – Дзæуджыхъæу, 1960;
92. Х ъ у ы л а т ы С о з ы р ы х ъ о. Æвзæрст уацмыстæ. – Сталинир, 1957;
93. Ц æ р а з о н С о с л а н. Алгъуызы кадæг. – Цхинвал, 2016;
94. Ч е р н ы ш е в с к и й Н. Г. Полн. соб. соч. Т. 7. – М., 1950;
95. Ч к в а н а в а З. Фæндаг ссардтам/Комунисти, 1988.– 21 ноябрь (гуырдз.).

Æ в д æ м  с æ р

# ÆРВОН КОМУЛÆФТИМÆ

**Æрвон комулæфтæй – хайджын. Лæджы хуызæн лæджы цардæй цæрын. Хорз кард йæ фыццаг зæллангæй бæрæг кæны. Ирон классикты хуыздæр фæдон. Æфсармæй Намысмæ**

Къостайы алы дзырдыл дæ куы бахъæуа къух æвæрын, уæд ыл, зæгъгæ, гуызавæтæ кæн, уый цавæр гуырысхо у? – куы зæгъæм, уæд уым уадиссаг рæдыдæй мацы хъуамæ уа. Фæлæ бæстон хъуыдыгæнгæйæ нæхи фæндон цæмæннæ хъуамæ æргом кæнæм. Нæ сæртæ цыфæнды нал уой нæ бар, уæддæр нæ куыннæ хъуамæ уырна, дуне-иу нæ ныхмæ куы растад, тыхджындæры бындзагъд фæкæнæм, фæлæ нын нæ бындур чи нæ ныззилын кодта, историйы рохмæ нæ чи нæ фехста, Къоста, Секъа, Елбыздыхъо, Арсен… Боныфæстагмæ, Джыккайты Шамилы хуызæн, æрвон комулæфт кæмæ хæццæ кодта, ахæм гуырд радтын нын кæй цæст бауарзта, уымæй нæ зæрдæ куыд батæра зæгъын: «Хуыцауæй арфæгонд нæ фестæм…»[1]

Шамил æмæ дзы дзæвгары номæй ницы хъаст кæнæм. «Адæм ыл сæ цæст æрæвæрдтой»,[2] – кæмæй зæгъынц, уый сасиры бын нæ амбæхсдзынæ. Кады адæм сæ цыты лæгты уæлæрвтæм исынц. Цæсты гагуыйау сæ хъахъхъæнынц. Сæхæдæг дæр уыдонимæ адæмы æхсæн фæдарынц къуыпп.

Джыккайты саджы фисынтыл амад Шамил уыцы кадджынты нымæцы сæрыстырæй бадт. Иры кад æмæ намысы чиныг бæрзæндты хаста. Ноджы нын кувæг йæхæдæг уыд – рын, сонæй хызт куыд уæм; ирон лæджы рихийы кад нæ дæлфæдтæм куыд никуы æрæппарæм; нæ бæр кæстæртæн цæвиттойнаг куыд уæм:

---

[1] К ъ о с т а. Ирон фæндыр. – Дзæуджыхъæу, 1951. – 39 ф.
[2] Ирон æмбисæндтæ. – Дзæуджыхъæу, 1976. – 3 ф.

*О Бурсамдзели, хæхты хох, бæрзонд*
*Сыгъдæг бардуаг! Табу дын уæд æхцонæй.*
*Ысрухс нын кæн дæ арфæйæ нæ зонд,*
*Уæлæуыл бахиз адæмы зындонæй.*

Шамилыл йе 'лвæст, зæлланггæнаг æмæ æхцон дзырд, судзаг фарстыты тыххæй æвзонджы бонты æрæвæрдта ирон литературон критикæ йæ цæст. Йæ фыццаг чиныг «Æфсарм» рухс куы федта, уæд æй æвзонг критик Козаты Хазби рахуыдта æхсон.[1] Шамил æхсонау цæхæртæ калдта нæ адæм æмæ нæ Фыдыбæстæйы сæрыл тохы. Дзуццаты Хадзы-Мурат дзырдта: «Адæймаг æмæ адæмы сæрибар – уый у Шамилы сæйраг мæт æмæ сагъæс».[2] Йæхæдæг йæ литературон фæндаджы райдайæны тыххæй юморимæ мысыд: «Будучи девятиклассником, я влюбился и начал писать стих. Это оказалась «роковым» моментом в моей жизни, потому что в школе я был самым лушим математиком среди множества учащихся, и, если бы не поэзия и не моя романтическая натура, пошел бы по более верному пути. Занялся бы более полезным делом. Ведь сейчас искусство, в частности поэзия – не востребовано».[3] Фæлæ фердæхты рæстæджы Поэты хуызæн сæруæлдæйттæ фæхъæуынц. Шамил, йæ зæрдæйыл йæ къух сæвæргæйæ, сыгъдæгзæрдæйæ уымæн куывта Бурсамдзелийы бæрзонд æмæ æппæтхъом зæд-дуагæн, цæмæй нын йæ цæст бауарза, Хуыцауы сфæлдисгæ зæххыл Хуыцауы радтгæ адæм адæм цæмæй сты, уыцы стыр кады хъуыддæгтæ («Мæ куывд»):

*О Бурсамдзели, уыцы амонд ратт,*
*Куыд уæм сæрыстыр куыст æмæ æгъдауæй,*
*Нæ дзырдæн уæд æрвон тых æмæ рад,*

---
[1] К о з а т ы  Х а з б и. Æхсоны цæв æмæ цæхæртæ кала // Фидиуæг, 1964. – № 7. – 50 – 51 ф.
[2] Д з у ц ц а т ы  Х а д з ы-М у р а т. Уынгæгбоны сагъæстæ. – Дзæуджыхъæу, 2010. – 87 ф.
[3] Д ж и к а а е в  Ш а м и л: «Мы все – рабы олигархической эпохи» / Стыр ныхас, 2010. – Март.

*Нæ цæсгом бахиз чъизи æмæ дауæй.*[1]

Æмæ, бæргæ, адæймаджы алы куывд уæлæрвтæм куы хъуысид, уæд нæ хæхбæстæ фæрнджын адæмæй æмæзмæлд кæнид. Фæлæ кувын нæ ирон поэзийы Къостайы «Ракæс»-æй фæстæмæ: «Гъе, Уастырджи, ракæс, цæмæй Нæ фæуæм бынтондæр фыдвæндаг!..»,[2] – страдицион. Æрмæст Шамилæн йæхимæ цас сты æмдзæвгæтæ-куывтытæ: «Мæ куывд», «Изæрмилты кувын», «Мæгуыры куывд Джиуæргуыбайы», «Гаджидау», «Хурмæ куывд», «Ракæс», «Ног боны бæллицтæ», «Хъынцъымы газель», «Бафæлладтæн… О Хуыцау, æркæс…» Ноджы сæ ис нымайæн. Поэты сфæлдыстады сырæзт поэт-куывдоны фæлгонц. Йæ дзырд йæ зæрдæйы фæндиаг кæм нал фæкæрды, йæ тых фыдцарды ныхмæ куынæ уал фæфаг кæны, уæд лирикон хъайтар йе 'ргом аздахы уæлæрвтæм – Хуыцау æмæ зæдтæм, цæмæй Ирыстонмæ æркæсой, ма йæ уадзой сырды хæрдæй хæрын тыхгæнджытæ æви хисафтæн.

Поэтæн йæхицæн табуйаг цы уыдис – зонд сыгъдæг куыд уа, адæмы цард зындон куыннæ уал уа, Уæлладжы урс сæрæй ныл зæрин хур фарны рухс куыд рæдзæгъда, хæст нæм æмгæрон куынæ æрцæуа, Хуыцауы кувæг адæм сæрибар куыд уой хæхты, сæрыстыр куыст æмæ æгъдауæй куыд уæм, нæ дзырдæн æрвон тых æмæ рад куыд уа, нæ цæсгом та чъизи æмæ дауæй куыд уа хызт, «бæзнаг хъугæмттæ макуы суæнт зæрæстон» æмæ йæ æппæт уыцы хæрзтæ хъуыдысты нæ адæмæн. Фæлæ уæларвон комулæфт кæмæ хæццæ кæны, уыцы мæгуыр лæджы куывд дæр алы хатт уæлæрвтæм нæ хъуысы, æндæр дзы ницы ис. Уæддæр, «Лæг кард лæджы хурхмæ кæм дары, Уым нæй лæмæгъ уæвæн лæгæн»[3] («Фæстаг ныхас»). Шамил æрдзæй рахаста, цæмæй тадаид æмæ руадаид рæстдзинад, йæ раттæг адæм æмæ йæ Фыдыбæстæйыл. «Адæм. Æмбардзинад – уыдон сæрвæлтау тох кодта Шамил. Сабырдзинад. Уарзондзинад. Цард – уыдоныл зарыдис поэт…»,[4] –

---

[1] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Изæрмилты кувын. – Цхинвал, 2002. – 3 ф.
[2] К ъ о с т а. Ирон фæндыр. – Дзæуджыхъæу, 1951. – 40 ф.
[3] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Цæф сæгуыты маст. – Дзæуджыхъæу, 1969. – 19 ф.
[4] К ъ у д у х т ы М а р и н æ. Ирыстон кæуы йæ фыртыл… // А в т о р т ы к о л л е к т и в. Арв. Цæссыг. Стъалы… – Дзæуджыхъæу, 2012. – 51 ф.

зæгъы Къудухты Маринæ. Бæллыд, куы йын уыдаид фарслæуджытæ, æмбæлцæттæ, æмтохгæнджытæ йæ зын, фæлæ рæстаг фæндагыл. Йæ раттæг «Дзомагъы къуылдымтæ Фæлмæн изæрмилты фæлмау» куы «ныгъуылдысты», – уæд ын дымгæ рухс аргъæуттæ кæй хаста, йæ рагбонтæ фынау кæй уыдта, уый дызæрдыккаг нæу. «Ахæм у йæ удысконд Шамилæн. Уымæн йæ цæстæнгас здæхт у рæстдзинадмæ æмæ йыл дзуры, фыссы, цард æмæ йын рæстдзинад йæ зæрдæ куыд агайынц, афтæ. Æрмæстдæр ахæм хуызы у йæ бон цæрын Шамилæн…»,[1] – зæгъы Гæбæраты Юри. Шамилы аив дзырд æргом, зæрдæмæхъаргæ у: «Æз уарзын цардыйас нæ хæхты», «Æрфынæй ног уæлмæрды дурыл Æхсæвы ирд цæссыгты мæй». Зæрдæ рæвдауынц фæлгонцон дзырдтæ, ирд нывтæ. Зæххыл дурæй, кæрдæджы халæй, рухсæй – удæгас кæй сты, уый адæймаджы уд кæны змæлын. Æфтауы нæ хъуыдытыл. Уый у æцæг рухсхæссæг поэзи: «Фæнды мæ уарзын æмæ худын, Хъæуы мæ цинтæ æмæ зын; Фæнды мæ бæрзы бур дзыккутыл, Йæ рæсугъд урс зæнгтыл тыхсын («Ныгъуылынц Дзомагъы къуылдымтæ…»).

*Æз афтæ рохст æмæ фæлладæй*
*Нæ хæхтæм мин азы кæсин:*
*Ам дурты бамыр ис мæ катай,*
*Ам худы суадæттау мæ цин!..*[2]

Цы амондджын сты, йæ адæм, йæ Фыдыбæстæ, йæ мадæлон æвзаджы катай æрвылбон кæй нæ хæрынц, лæгдыхæй тохы сæр кæй нæ лæууын кæнынц, царды цинтыл зарынæй дарддæр æндæр мæт кæй нæй! Æмæ дын стæй, А. А. Фет куыд ныффыста Ф. И. Тютчевы æмбырдгондыл: «Вот наш патент на благородство, – Его вручает нам поэт, – Здесь духа мощного господство, Здесь утонченной жизни цвет»,[3] – афтæ дæ хæлæрттæ æмæ дæ фæдонтæ куы дарддæр кæниккой дæ цин. Уæд Шамил нæ адæмы

---

[1] Г æ б æ р а т ы Ю р и. Фыды зæххæн зæрдæйы хæссæн ис // А в т о р т ы к о л л е к т и в. Арв. Цæссыг. Стъалы… – Дзæуджыхъæу, 2012. – 140 ф.
[2] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Намыс. – Дзæуджыхъæу, 2010. – 7 ф.
[3] Ф е т А. А. // К о л л е к т и в а в т о р о в. Люблю отчизну я… – М., 1982. – 266 – 267 ф.

удыхъæдыл, нæ тыбар-тыбургæнаг дзæнæты æрдз, нæ алæмæтон уæлдæф æмæ бирæ цымыдисон хабæрттыл цы диссаджы уацмыстæ сфæлдыстаид нoджыдæр. Фæлæ йын удæнцой нæ лæвæрдтой нæ адæмы карды комыл цардвæндæгтæ, Фыдыбæстæйы рис æмæ додойаг уавæр, арвы айдæны дæр зынтæй кæй ссардæуыдзæн, нæ уыцы райгуырæн уæзгуытыл хæрæгсындз куыд зайы, æппæт уыцы хъуыддæгтæ. Зæрдæйы хъустæ кæмæн ис, уымæн йæ уæзæджы рис удмарæн у. Æмæ Шамил нæ фæрæзта, йæ раттæг уæзæг кæй федзæрæг, уый. «Йæ уд йæ дзыллæйыл чи хъардта, йæ райгуырæн Ирыстоны рисæй йæ зæрдæ кæмæн рыст, ахæм хъуыдыгæнæг адæймаг»[1] уыд Шамил.

***

Ирон адæмон поэт, прозаик, драматург, литературон критик, литературæиртасæг, публицист, тæлмацгæнæг, стыр æхсæнадон архайæг, филологон зонæдты кандидат, профессор, Къостайы номыл паддзахадон премийы æмæ Гæдиаты Цомахъы, Æмбалты Цоцкойы номыл премиты лауреат Джыккайты Федры фырт Шамил райгуырдис 1940-æм азы, æртхъирæны мæйы 25-æм бон, Ирыстоны хуссар хайы, фенддаджы æмдзæвгæты фыссинаг рæсугъд хъæу Дзомагъы. Цъалагомы.

«Ацы ком, Цъалагом, иууылдæр аивадон номæй хонæм Поэтты ком. Ацы комæй рацыдысты нæ зынгæ фысджытæ, нæ нывæфтыд литературæйы стыр классиктæ Хъороты Дауыт, Беджызаты Чермен, Хъуылаты Созырыхъо, Плиты Харитон, Гафез… Стæй дарддæр – Дзесты Куыдзæг, Хъороты Хъазбег, Беджызаты Васо, Дзаттиаты Тотырбег… Ноджы – Дзугаты Георги, Саулохты Мухтар, Джыккайты Шамил… Куы сæ нымайæм, уæд бирæ сты. Сæ иуæй се ‘ннæ – стырдæр фыссæг æмæ адæймаг!»[2] Æрмæст чысыл Дзомагъæй рацæугæ сты поэттæ-æфсымæртæ Дзугаты Георги æмæ Хаджумар, журнал «Фидиуæджы» фыццаг редактор æмæ литературон кусæг, æхсæнадон архайæг Плиты Арон æмæ йæ фырт Плиты Агуыбе. Фæлæ сæ,

[1] Р е д а к ц и о н  у а ц. Иумæ нæ рамбырд кæн, арфæйы дзырд / Иры Стыр Ныхас, 2011. – Май.
[2] Х ъ а з и т ы  М е л и т о н. Аивадон тыхæй / РХИ паддзахадон телеуынынад, 2015. – 25 ноябрь (Авт. арх.).

хъыгагæн, Джыккайты Шамилау, алкæмæ Хуыцауы комулæфт нæ фæхæццæ. Æмæ уый æнæнхъæлæджы нæ уыд: «Æмбисондæн баззад Хуссар Ирыстоны Дзауы районы Дзомагъы хъæуккаг Джыккайты Дауыты цыргъзонддзинад»,[1] – адæм-иу афтæ дзырдтой Шамилы фыды фыдæй. – «Тынг нымад, тынг кадджын лæг уыдис».[2] Фыссæг Гаглойты Владимир та дзырдта Дзомагъгомæй: «Сæрбахъуыды, фæдисы – фыццаг, æхсар, лæгдзинадæй – æххæст. Сæ сæры кад сæм уыдис бæрзонд. Цæсты гагуыйау хъахъхъæдтой сæ намыс, цæстæвæрæн – зарынмæ, кафынмæ, цæстæвæрæн – сæ дзырдарæхст… Уыцы куырыхон зонды къæбиц зæрæдтæй Джыккайты Дауиты, Плиты Бедзейы, Губаты Дзаккойы æмæ Дзугаты Хасæхъойы нæмттæ дардыл хъуыст уыдысты».[3] Ахæм зæххыл, ахæм адæмы æхсæн райгуырд Шамил.

Æмæ уыцы Хуыцауы комулæфтæй хайджын сабийыл дыууадæс азы куы сæххæст, уæд æй 1952-æм азы бахъуыд Ирыстоны цæгат хаймæ, Камбилеевкæмæ йæ ныййарджытимæ хуыздæр цардæнхъæл алидзыны сæр.

Астæуккаг ахуырад куы райста, уæд æнтысгæйæ каст фæцис Цæгат Ирыстоны педагогон институты филологон факультет. Куыста Цæгат Ирыстоны телеуынынад æмæ радиоалæвæрдты комитеты. Æмæ йæ фидарæй бауырныдта, йæ хъысмæт ын уыцы бынат кæй не схай кодта, фæлæ йæм кæй сиды йæ ахуыры фæндаг адарддæр кæнынмæ.

Шамил 1965 – 1968-æм азты ахуыр кодта Цæгат Ирыстоны зонад-иртасæн институты аспирантурæйы. Чысыл фæстæдæр, 1970-æм азы, æнтысгæйæ бахъахъхъæдта диссертаци – «Фольклорные традиции в осетинской советской поэзии. 1917 – 1941 гг.» – ахæм темæйыл æмæ йын лæвæрд æрцыд филологон зонæдты кандидаты ном. Уæдæй фæстæмæ æппæт йæ цард, йæ куыст баст уыдысты Цæгат Ирыстоны désinstитутимæ, фæстæдæр – университетимæ. Уыдис студентты уарзон лектор, ирон литературæйы сфæлдыстадон кафедрæйы сæргълæууæг, ирон филологийы факультеты декан. Студенттæн лекцитæ каст фольклорæй, ирон

---

[1] Д з у г а т ы  Х а д ж у м а р. ?????????????????????????????? / Рæстдзинад, 1974. – 13 июль.
[2] Уый дæр уым.
[3] Г а г л о й т ы  В л а д и м и р. Æдзæрæг уæзгуытæ // Фидиуæг, 1989. – № 7. – 54 ф.

литературæйы историйæ, ирон культурæйы традицитæй. 1998-æм азæй та уыд «Уæрæсейы Федерацийы адæмты литературæ»-йы дæсныйадыл аспирантурæйы къухдариуæггæнæг. Уæддæр, «жизнь его была далеко не легкой и немало испытаний ему было послано».[1] Нæ адæмы фольклорон бынтыл йæ фæллойы тыххæй Дзасохты Музафер зæгъы: «Бабæстон кодта æмæ стыр чиныгæй рауагъта нæ фыдæлты таурæгътæ. Дзæнæты бадинаг Хæмыцаты Тамараимæ, зæгъæн ис, æмæ равдыстой хъæбатырдзинад: рыджы бын чи фæци, сæ дамгъæ дзæбæх зынгæ дæр кæмæн нал кодтой, уыцы къухфыстытæ равзæрстой æмæ «Нарты кадджытæ» мыхуырмæ бацæттæ кодтой. Абоны онг уал дзы рацыд фондз томы».[2] Рухс дзы федтой авд томы.[3] «Уыцы куыст адæймагæй уыйбæрц хъарутæ домдта, æмæ йæм дæсгай азты дæргъы йæ ныфс ничи хаста, – зæгъы Музафер. – Тамарæ мын куыд дзырдта, афтæмæй, æхсæв-бон нæ зонгæйæ, æвзæрста къухфыстытæ… Кæцыдæртæн æнæ лупæйы æххуысæй бакæсæн нæ уыди, фæлæ дыууæ ахуыргондæн бантыст сæ размæвæрд хæс кадджынæй сæххæст кæнын».[4]

«Сæ размæвæрд хæс кадджынæй сæххæст кæнын»-ы тыххæй Фидараты Рустем зæгъы: «Æнæмæнг, Тамарæ дæр æмæ Шамил дæр ирон культурæйы хæзнадонмæ ацы рауагъдæй уæлдай куы ницы бахастаиккой, уæддæр сæ рухс нæмттæ арфæйагæй баззадаиккой ирон адæмæн».[5] Шамил нæ адæмæн, нæ Фыдыбæстæйæн цæмæй фылдæр хæрзты бацыдаид, ууыл хъардта æдзух йе ‘нæрæнцой уд. Студенттæн сарæзта уæлдæр ахуыргæнæндоны программæтæ нывæфтыд литературæ æмæ фольклорæй. Ахуыргæнинæгтæ æмæ студенттæн алы хатт дæр йæ ахуыргæнæн чингуытæ хицæн кодтой æмæ кæнынц сæ арф хъуыды æмæ сæ уæрæх зонындзинæдтæй. Йæ алыхуызон æмæ алыварсон аивадон хъуыдытæн ирвæдæны абарæн никæимæ ис. Дзуццаты Хадзы-Мурат дзырдта: «Алы æцæг поэтау, Шамил йæ удгоймагон æмæ йе сфæлдыстадон

[1] Годизова Зара. И это все о нем… / Северная Осетия, 2011. – 5 июль.
[2] Дзасохты Музафер. Фæлæ… // Автор ты коллектив. Арв. Цæссыг. Стъалы… – Дзæуджыхъæу, 2012. – 80 ф.
[3] 6-æм æмæ 7-æм томтæ рухс федтой 2011-æм æмæ 2012-æм азты. Фæстаг том кæронмæ ахæццæ акодта, фиппаинæгтæ æмæ дзырдуатыл бакуыста Фидараты Рустем.
[4] Дзасохты Музафер. Фæлæ… // Авторты коллектив. Арв. Цæссыг. Стъалы… – Дзæуджыхъæу, 2012. – 80 ф.
[5] Фидараты Рустем. Разныхас / Нарты кадджытæ. 7-æм чиныг. – Дзæуджыхъæу, 2012. – 4 ф.

уагахастæй, йæ архайд æмæ йæ хъысмæтæй у, иуæй, зонд-зонæн, иннæмæй – дæнцæг».[1] Дæнцæг – Ирыстонæн хорз ракæнын кæй фæндыдис, уыдонæн. Удæнцой йын нæ лæвæрдтой, Ирыстоны фарн æрцыбыртæ кæныныл сæ мæрдты хъуын-хъис чи хордтой, уыдон налат митæ («Сырх барæг»):

*Ӕлдар, бынхор, къæрных æмæ лæгмарæг,*
*Мæ тæрхонæй нæ фæлидздзыстут дард,*
*Ӕз уын уæ цардыл бандзардзынæн арт,*
*Уæларвмæ хъуысдзæн сау хъоргъæй уæ хъарæг.*[2]

Ирыстоны фарнæн цы хъуыддаг уыдаид, уырдæм æй æлвæст кардимæ куы бахъуыдаид цæуын, уæддæр фæстæ ницæй тыххæй фæлæуыдаид. Мамиаты Изетæ йæ уымæн хоны: «нæ ирон кад жмæ номы, нæ абоны культурæ æмæ ахуырад-зонады астæуккаг цæджындз», «удцырынгæнæн курдиаты хицау, æргомдзырд æмæ лæгдзинады сæрхъызой, ныхасы фарны буцæвзæрст хъæбул – Джыккайты Шамил».[3] Ӕууæндæм Поэтыл:

*Бафæлладтæн… О Хуыцау, æркæс,*
*Иры хъыгтæй басыгъди мæ зæрдæ.*
*Зæххы буарыл Иры бæстæ – нуæс.*
*Акалд дзы цæссыгты цад мæ сæрты.*

Куыд нæ рыстаид, куыннæ дзынæзтаид поэт, йæ алыварс, йæ уд нывондæн кæмæн хаста, уыцы адæм куынæгмæ куы цыдысты, хæдцæугæ лæджыфыдхортæ сын сæ фыд хомæй куы хордтой, зæххы цъарæй нæ сыстъигъынмæ куы фæхъавынц, уæд. Ӕмдзæвгæйæ дыууæ азы раздæр, 1991-æм азы, æппæтцæдисон газет «Советская культура» фыста: «По данным

---

[1] Д з у ц ц а т ы  Х а д з ы-М у р а т. Уынгæгбоны сагъæс. – Дзæуджыхъæу, 2010. – 87 ф.
[2] Д ж ы к к а й т ы  Ш а м и л. Изæрмилты кувын. – 2002. – 28 ф.
[3] М а м и а т ы  И з е т æ. Фæцæуы, Ир, дæ намысы зæд дард // А в т о р т ы  к о л л е к т и в. Арв. Цæссыг. Стъалы… – Дзæуджыхъæу, 2012. – 58 ф.

Цхинвальского УВД, с 6 января зарегистрировано 37 убийств граждан осетинской национальности, 148 – раненых, десятки пропавших без вести».[1]

Уый – Цхинвалы районы. Иннæ районты, – уæлдайдæр, Ленингоры, – цы арæзтой, уымæн базонæн нæ уыд. «Число беженцев в Северной Осетии превысило 12 тысяч человек. Что творится в селах – неизвестно, там свои трагедии, а связи нет. И пройти туда сквозь заслоны грузинских милиционеров и неформалов крайне сложно. Любой осетин, попавший к ним в руки, подвергается избиениям, оскорблениям, а то и пыткам… Сейчас Цхинвал в блокаде».[2] Шамил Хуыцауы раз байтыгъта йæ уд. Йæ цард Ирыстонæн нывонд кодта («Бафæлладтæн… О Хуыцау, æркæс…»).

*Аларды ныл бафтытда йæ рын,*
*Стæппæлттæ и зæххы цъар уæлмæрдтæй.*
*Нал нæ уадзы агъуыд бал цæрын,*
*Мах нæ рæстад нал хизы мæнгардæй.*

*Æз – фæхтыхост, хахуыртæй – æлгъæд,*
*Иры хъыгтæй рафтыди мæ зæрдæ.*
*О Хуыцау, æгъгъæд нын уæд, æгъгъæд,*
*Акалди цæссыгты фурд мæ сæрты.*[3]

«Шамил хъаст кодта, бирæ кусинаг ын кæй ис, фæлæ йæ йе ‘взæрмæбæлджытæ кусын нæ уадзынц, йæ ныхмæ кæй сыстадысты»,[4] – зæгъы Джусойты Нинæ. Ирыстонæй дунемæ ног стъалы фæцæй æрттывта, æмæ не знæгтæн сæ лыстæг тъæнгтæ цагъта. Уымæн æмæ Шамил æргомдзырд уыдис: «Хъудыком æмæ Тырсыгом арæнæй кæцырдыгæй аззадысты, уый нæ зонæм, фæлæ рæгъыты рад нымайæм. Дыууæрдыгæй нæ

---

[1] Б а б а е в С. Черная зима Цхинвали / Советская культура, 1991. – 16 март.
[2] Уый дæр уым.
[3] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Изæрмилты кувын. – Цхинвал, 2002. – 24 – 25 ф.
[4] Д ж у с о й т ы Н и н æ. Æмæ, дам, зæдтæ нæ мæлынц // А в т о р т ы к о л л е к т и в. Арв. Цæссыг. Стъалы… – Дзæуджыхъæу, 2012. – 108 ф.

цæгъдынц, уый нæ не ‘ндавы, фæлæ бæрзæй кæцырдыгæй æрæвæрæм (ома, кусарты сæрæн – Хъ. М.), уый ссис нæ катай. Нæ фæсивæд сæфынц нозт æмæ наркотиктæй, мах та нуазæны кадыл дзурæм».[1] Æмæ уыдон ныхмæ дæр цæхгæр нæ уыд Шамил. Ирон кад æмæ намыс кæд уый нæ хъахъхъæдта царды дæр, куысты дæр, æгæрыстæмæй, фынгыл дæр, уæд ма æндæр, уæдæ, чи. Фæлæ алцæмæн дæр рад ис. Алцы дæр æгъдауыл хъæуы аразын. Йæ сæрыл арт кæмæн ирвæзы, уый йæ дзабыртæ сыгъдæг кæнынмæ нæ февдæлы.

Бекъойты М. зæгъы: «Неповторимость каждого человека определяется неповторимостью его миссии в жизни. Рождение человека не есть случайность. Каждый приходит с чем-то на землю. С пустыми руками сюда не пускают. У всех свое божье поручение. Шамиль пришел со своей идеей победить равнодушие и несправедливость, с идеей сделать мир гармоничнее и совершеннее, отдавать себя без остатка науке и поэтическому творчеству».[2]

Æппæт уыцы хъуыддæгтæ йын нæ лæвæрдтой удæнцой, æндæра, уый дæр, бирæтау, йæ иу къах сæвæрдтаид иннæ къахыл æмæ, куыд акæнынц, царды дзæбæхæй цардаид. Уый та йе ‘ппынæдзухон хъуыддæгтимæ æнæсцухæй æндæвтой нæ адæмон сфæлдыстад, нарты эпос, нæ классикты бынтæ бæстон кæнын, зонадон æгъдауæй сæ фæлгъауын, рæзгæ фæсивæды раст фæндагыл æфтауын. Йæхицæй цæмæннæ хъуамæ уыдаид сæрыстыр: «Мæнæн мæ рæстдзинад – мæ кард дæр æмæ мæ уарт дæр».[3] Уый у сыгъдæгзæрдæ уды хъуыды. Дзырдта: «Цард афтæ цæуы, æмæ дзы æз дис ницæуыл кæнын. Гæнæн цæмæн нæй, ахæмæй дæр ницы ис. Лæгыл даутæ кæнын, лæгыл туггæ мысын – уый дæр, чи не ‘рцыд, ахæм хабар нæу. Сафынмæ кæй хъавыс, уый ныхмæ цыфæнды мадзал дæр бæззы».[4] Æмæ Ирыстоны сæрхъуызой, ирон нывæфтыд литературæ æмæ литературæзонады астæу цæджындз Джыккайты Шамилы фесафынæн, нæ Фыдыбæстæйы æнувыд хъæбулы фесафынæн дæр нæ цыфыддæр знæгтæ ссардтой мадзал – цыма, Хуыцауысконд лæг у пысылмон дин æмæ пысылмæтты ныхмæ æмæ

---

[1] Уый дæр уым, 107 ф.

[2] Б е к о е в а М а д и н а. И это все о нем… / Северная Осетия, 2011. – 5 июль.

[3] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Цæй фæдыл у цъиувæдис? / Рæстдзинад, 2008. – 1 ноябрь.

[4] Уый дæр уым.

йæ, кæйдæр зæвæттæстъæрæг æмæ кæйдæр уæрдонæй илæлæйгæнæг нæхи æнæсæртимæ бабын кодтой иууыл æгъатырдæр мардæй.

Колыты Аксойæ Секъа дзырдта: «Йæ зæрдæйы райгуырæн бæсты туг, цæтджинагау, фыхт æмæ, чъырсудзæнау, пилон уагъта йе 'мбæстон ирон адæмы мæтæй. Æхсæв нæ хуыссыд, бон нæ бадти, Ирыстоны къуымты, зæрватыккау, ратæх-батæх кодта, цæмæй сиу кодтаид чырыстон дины уырнындзинады руаджы армыдзаг æмæ хæлиугонд ирон адæмы, цæмæй сæ цардыуаг æппæтæй дæр фæхуыздæр уыдаид, ууыл йæхи хъардта».[1] Фæлæ махæн, – табу – йæхицæн, – Стыр Хуыцауы æмсæр чи феста, нæ рынтæ нын йæ удмæ чи иса, нæ сæрвæлтау йæ сæр нывондæн чи хæсса, уый нæ мадызæнæг дæр фестæд, кæддæриддæр ын ссардзыстæм аккаг ныхмæлæууæг. Цæмæй йын дæтта фидар ныхкъуырд. Суанг, чи йæ скуынæг кæна, ахæм ныхмæлæууæг дæр. «Аксойæн йæхи хуызæн хъæбатыр фætæг пысылмæтты 'рдыгæй дæр фæзынд – Къуындыхаты Муссæ. Æгас округджы хицау уæвгæйæ, Муссæ пысылмæтты фарс фæци, Аксо та – чырыстæтты. Дыууæ хъæбатыр домбайы Ирыстоны уарзондзинады рохы кæрæттыл фæхæст сты æмæ йæ кæрæдзийæ ратон-батон кодтой».[2]

Аксо стыр зонды хицау кæй уыдис, уый рагæй зындгонд у. Ирыстонмæ исчи æрцыд, Аксойыл нæ сæмбæлд, уыимæ зæрдæйæ-зæрдæмæ нæ фæныхас кодта, зæгъгæ, уæд нæ адæм æмæ нæ Фыдыбæстæйæн ницы базыдта, афтæ, дам-иу акодтой. Куырыхон Секъа уымæн загъта: «Чи зоны, Аксо йæ фæнд сæххæст кодтаид, Къуындыхаты Муссæ йæ ныхмæ лæууын нæ бафæрæзтаид, фæлæ йæ æнафоны мæлæт æрцахста».[3] Цыппор æртæаздзыдæй? Кæд Шамилау уымæ дæр не знаджы къух баххæссыд? «Мах хуызæн мардмæ нæ цæуынц æрдæр рæтты…»[4] («Уæлмæрдты»). Уæддæр ыл Шамилы бæрц цæссыгкалджытæ нæ уыдаид «стырæй, чысылæй», «хохæй, быдырæй…»

«Хур боны арвы гæрахау, Ирыстоныл сæмбæлд уæззау цæф – ирон дзырдаивад, нывæфтыд литературæ æмæ литературæзонадыл тугдзых

[1] Г æ д и а т ы  С е к ъ а. Равзаргæ уацмыстæ. – Цхинвал, 1979. – 375 ф.
[2] Уый дæр уым.
[3] Уый дæр уым.
[4] К ъ о с т а. Ирон фæндыр. – Дзæуджыхъæу, 1951. – 73 ф.

лæгмары къухæй æрцыдис стыр зиан. 2011-æм азы зæрдæвæрæны мæйы 26-æм бон не 'хсæнæй 71-аздзыдæй фæхъуыд ирон адæмы ныфс, Ирыстоны астæуцæджындзтæй иу – зынгæ ирон поэт, прозаик, драматург, критик æмæ литературæиртасæг, дæсгай зынгæ чингуыты автор Джыккайты Шамил».[1] Фыдох адæмы зæхх нæ урæдта. Нæ ныфсы лæгæн йæ табæты уæлхъус, йæ судзгæ цæссыгтæ чи бахæлæг кодта, ахæм ничи разынд.

Нæ Хуыцауы хай нын цыма йæ радтгæ хæрзтæй уыйбæрц ницы бахæлæг кодта: нæ конд – конд, нæ ас – ас, нæ бакаст – бакаст… Уæдæ, æмбисондæн баззад – не Скæнæг зондæй алкæй дæр баххæст кæны. Уæддæр ныл цæуы цыдæр фыдусы фыдæлгъыст – иу хорз нæм куы райгуыры, куы фенæм, нæ адæм, нæ Фыдыбæстæйы фарнæн гуырд у, уæд «ды мæнæй цæмæй хуыздæр дæ?»-йы тыххæй фондзыссæдз æвзæрæй бафтæм йæ фæстæ: йæ ныхмæ фæтулæм дуртæ, цъыф ыл фæкалæм, лæгæй-лæгмæ æмæ йæм телефоны марыны æртхъирæн фæкæнæм, сусæг-æргомæй йын йæ фæскъæбут дурæй, ныр та – фæрæтæй фæхойæм, цæмæй размæ ма аирвæза, хорзæй йын мацы бантыса. Джыккайты Шамилæн Хуыцау зæххон, мæлинаг уды хæрзтæй алцы дæр йæ цæст бауарзта – нæ рагфыдæлты халдих: бæрзонд, рæсугъд, цъæхцаст, зонджын, дзырдарæхст лæппу. «Аив – йæ ацыд, аив – йе 'рбацыд, аив – йе сныхас, аив – йе схудт, аив, бынтон аив та – йæ зард»,[2] – уыцы дзырдтæ цыппарыссæдз азы размæ цыма Нигер Хъамдердиаты Мысосты тыххæй нæ, Джыккайты æлвæст карды хуызæн Шамилы тыххæй загъта.

Шамилмæ уыдис ирон лæджы стыр фарн: йæхи загъдау, алы хатт дæр йе 'взæрмæбæлджыты цæстмæ цыдис цархуыз æмæ æртхуызæй. Уый ирон лæджы æгъдау у – дæ зæрдæйы хъыгтæ, дæ хæдзары мæстытæ искæуыл ма хъуамæ æфтауай, фæлæ искæй хъизæмар къаддæр кæнай.

«Шамилы уды цытæ цыдис, нæ мадæлон æвзаг, нæ адæм, нæ Фыдыбæстæйы Уарзтæн куыд табу кодта, æппæт йæ цард ууыл куыд уыдис баст, уыдон æрмæст дæр йæ уацмысты æвдыста, æндæр ын йæ зæрдæйы

[1] Х ъ а з и т ы М е л и т о н. Джыккайты Шамил / Хурзæрин, 2011. – 28 май.
[2] Н и г е р. Уацмысты æххæст æмб. 3 т. Т. 3. – Дзæуджыхъæу, 1968. – 93 ф.

удхайраг æмæ тыхст уысмтæ, æгæрыстæмæй, йæ ииуыл æввахс хæлæрттæ дæр æххæстæй нæ зыдтам. Йæ цард дæр, йæ бон дæр, йæ уд дæр, йæ зонд дæр Ирыстоны фарнмæ здæхт уыдысты æмæ йын бирæ хæрзтæ аразын уымæн æнтыстис. Йæ зæрдæйы арфы тæмæн калдтой йæ райгуырæн уæзæг Дзомагъы урс дуртæ æмæ сын сæ мигъæмбæрзт, æдзæрæг бæрзæндты хъынцъым, цæф сæгуыты маст, Дауыт Сосланы удхар, нывгæнæджы катай, Амраны зæрдæйы судзаг, хъодыгонд зæды уды рис, Беслæны трагеди – Иры стыр хъарæг, саст дзæнгæрæджы зæлланг æфсарм æмæ намысы хуызы йæ хъæздыг сфæлдыстадæй тагъта нæ адæмы удмæ. Ирыстоны дудаг æмæ судзаг фарстытæй ахæм ницы баззад, Шамил ныфсджын, тыхджын, зæрдæрисгæ æмæ хъуыддагзонгæйæ, йе ‘хсарджын дзырд кæм нæ загъта. Нæ фыдбоны сыхæгтæ нæм хурныгуылæнæй, стæй хурыскæсæнæй аныхъуырынмæ куы лæбурдтой, Беслæны æнахъом сабиты куы цагътой, Дайраны дуæрттæ нын куы истой, уæд фыццаг чи ныхъхъæр кодта: «Фæдис! – Дайраны ком уырысæй Кæнынц сайтан гуырдзы тыхист…»,[1] – алы хатт дæр йæ уæзгæ ныхас уыдис нывыл, зæрдæмæхъаргæ. Æмбæрст у, Ирыстоны хуссар хайæ мæрддзыгой куы цыдыстæм, стæй мын Цæгаты дæр нæ фæсивæдæй бирæтæ кæй фæдзæхстой, зæгъгæ, Шамил Ирыстоны сæрыл йæ уд нывондæн кæй æрхаста æмæ Ирыстоны знæгты тугæйдзаг къухætæй кæй æрхаудта, уый тыххæй йын цæмæй йæ ном сæнусон кæнæм хъайтары ном раттыны онг.

Шамил йæ цардæй дæр, йе сфæлдыстадæй дæр æцæг хъайтар уыдис. Ирон фарны тыххæй никуы ауæрста æмæ нæ бацауæрста йæхиуыл.

Шамил уыдис æцæг поэт, фæцардис поэты цардæй æмæ амард поэты мардæй. Махæн ныууагъта йе стыр ном. Йæ марджытæ – Ирыстоны къахæргæвдджытæ йæм уымæй дæр мæлдзысты хæлæгæй.

Шамилæн ныр йæ бадæн уæлæрвты уыдзæнис. Уынаффæты баддзæн зæдтæ, дауджытимæ æмæ цæрддзу цы Фыдыбæстæ, цы адæмы тыххæй бакодта, уыдонæн цы фарн кургæ у, уый йын амонын нæ хъæуы».[2]

---

[1] Д ж ы к к а й т ы  Ш а м и л. Саст дзæнгæрæг. – Дзæуджыхъæу, 2000. – 87 ф.
[2] Х ъ а з и т ы  М е л и т о н. Шамилы табæты уæлхъус (Авт. архивæй).

Поэт тынг хорз зыдта, цин æмæ æгъдау, сæрфат, нывыл ныхас, зæрдæми кæм нæй, «мондæгтæ сæ иуты», «Æндæрты та сæ хъалдзинад, кæй та – Йæ мæнг фидауц: цытмæ бæллын сынтæй Ыскæны мæлхъ, дзыгъуыр калмæй – зæрваттыкк», уым ын куывдыл бадгæйæ дæр нæу. «Хæдзар сæйраг скъола у»,[1] – дзырдта. Ирон фарнныл фидар хæцыд («Иу куывды»):

*Цæуæм, мæ дуне, арвгæрон фæцъæх...*
*Ды сагъæсхуызæй кафджытæм кæсыс,*
*Уынын дæ былтыл уайдзæф æмæ азым.*
*Мæ сыгъдæг зæд, цы домыс ды мæнæй?*
*Æз баназин рæсугъд сыкъайæ марг дæр,*
*Фæлæ дзы нæу æфсарм нуазын мæ бон.*
*Цæуæм. Ам ферох не 'взаг æмæ не 'гъдау,*
*Фæцыдис ам фыдæлты фарн мæрттæм.*
*Æз та уынын æндæр амонд мæ фынты,*
*Æз кувын уымæн, уый тыххæй цæрын!*[2]

Ныффыста йæ 24-аздзыдæй. Æмæ, куыд уынæм, афтæмæй фидарæй зыдта, цы уавæры цæры æмæ йæ цы аразын хъæуы, æппæт уыдæттæ. Арæзта сæ нæ фарнæн. Не 'ппæт дæр хæсджын стæм, зонæм ын йæ аивад, йæ зонад, йе стыр хъуыддæгтæ. Уый йæ сыгъдæг цæсгомы раз нæ хæс у.

***

Хорз кард йæ фыццаг зæллангæй бæрæг кæны. Джыккайты Шамил йе 'мкарæн æвзонг поэттæ Хуыгаты Сергей æмæ Ходы Камалимæ фыццаг хатт иумæйаг чысыл æмбырдгонд куы рауагътой,[3] уæд фæбæрæг, чи сæ цахæм сфæлдыстадон фæндагыл лæууд уыдзæнис, йæ хъару сæ чи цахæм

[1] Джыккайты Шамил. Арт æмæ æртхутæг. – Дзæуджыхъæу, 2007. – 249 ф.
[2] Джыккайты Шамил. Цæф сæгуыты маст. – Дзæуджыхъæу, 1969. – 10 – 11 ф.
[3] Хуыгаты Сергей, Ходы Камал, Джыккайты Шамил. Бонвæрнон. – Дзæуджыхъæу, 1962. – 96 ф.

фæлварæнтыл æвдисдзæн, йæ чиныгкæсджыты зæрдæтæ сæ чи цæмæй æлхæндзæнис, цæрынмæ йæ цæмæй разæнгард кæндзæнис.

Шамил студент уыд, фæлæ поэзиуарзджыты цæстæнгас аздæхта йæхимæ. Йæ бæрзонд æмæ сыгъдæг романтикон хъæлæс уайтагъд анæрыд æмæ йын иу чиныгæй иннæмæ кодта бæлвырдæй-бæлвырддæр, тыхджынæй-тыхджындæр. 1964-æм азы йæ фыццаг чиныг «Æфсарм»-ы тыххæй хæлæг чи кодтой, уыдонæй дарддæр ничи уал дызæрдыг кодта, нæ ирон поэзимæ кæй æрбацыд стыр курдиатджын поэт. Йæ дыккаг чиныг «Цæф сæгуыты маст»-ы тыххæй йыл сауцæсгом хæлæггæнджытæ кæд бирæ цъыф фæкалдтой, уæдмæ нын сусæггаг чи уыдысты, уыцы дзуринæгты охыл, уæддæр ын сæ бон ницы баци. Шамил нæ поэзийы уыд ног стъалыйы хуызæн.

Шамил, ирон æфсарм æмæ æгъдауыл хæст цæхæртæкалгæ поэт кæй уыдзæнис, уый фидарæй бæлвырд æрцыд йæ фыццаг æмдзæвгæты æмбырдгонд «Æфсарм»-æй. Фæстæдæр уыцы хъуыддаг зæрдæзæгъгæ сонетæй бафидар кодта поэт Хъодзаты Æхсар: «Ды райдыдтай «Æфсарм»-æй, æз «Æхсар»-æй:[1] / дыууæ арды – нæ ныфс æмæ нæ тых / Тыгъд базыртау сæрыстырæй, æмбарæй / сæуæхсидырдæм сарæзтам нæ ных»[2] («Шамилæн»).

«Æфсарм» дæр цæмæннæ – чиныгкæсджытæ йыл йе 'фсарм æмæ æгъдау, йæ поэтикон курдиаты тыххæй æрæвæрдтой сæ цæст, фæлæ, Шамил стыр поэт кæй у, уый, æцæг Бонвæроны рухсау, рарттывта «Цæф сæгуыты маст»-æй.[3] Куыннæ рарттывтаид «Ныгъуылынц Дзомагъы къуылдымтæ…», «Дауыт Сосланы хъынцъым», «Сæрдыгон изæр Цъæйы комы» хуызæн, адæймаджы уд бæрзондисæг æмдзæвгæтæ кæм ис. Дзуццайы-фырт дзырдта: «Гæнæн ис, æмæ Шамилы поэзийы алы афонтæн чиныгкæсджытæ алыхуызон аргъ кæной. Мæхицæй куы зæгъон, уæд мæнæн йе сфæлдыстад сæрæй-кæронмæ у рæсугъд æмæ æвзонг, фæлæ дзы уæддæр мæ зæрдæмæ фылдæр цæуынц йæ раздæры æмдзæвгæтæ, номхуындæй чиныг «Цæф сæгуыты

---

[1] Хъодзаты Æхсар. Æхсар. – Дзæуджыхъæу, 1965. – 86 ф.
[2] Хъодзаты Æхсар. Рухс. – Дзæуджыхъæу, 1987. – 236 – 237 ф.
[3] Джыккайты Шамил. Цæф сæгуыты маст. – Дзæуджыхъæу, 1969. – 82 ф.

маст»-мæ чи бацыд, уыдон».[1] Æмæ йæ ныхас æнæбындур кæй нæу, уымæн ирд цæвиттон у чиныг йæхæдæг. Автор æм цы уацмыстæ бахаста, уыдон æрмæст сæ тематикæйæ не 'мбулынц, фæлæ сæ уынæм лирикон хъайтары æмæ уыимæ поэтæн йæхи идеалтæ дæр. Уымæ гæсгæ нын æмдзæвгæтæ сты уæлдай зæрдæмæдзæугæдæр æмæ зынаргъдæр.

Ирон поэзийы уырыссаг æвзагыл фыст Къостайы «Джук-тур»-æй[2] райдай æмæ Дзугаты Георгийы «Дзæбидыр»,[3] Хостыхъоты Зинæйы «Дзæбидыр»-мæ[4] нæ поэттæ тынг бирæйæ бацархайдтой сæрибар æмæ нын сæрыстыры гимн чи басгуыхтис, æрмæст йæ коймæ дæр нæ цæстытæ цæхæртæ кæмæ акалынц, уыцы фарны сырды ном ссарыныл. Фæлæ дзы Шамилы æмдзæвгæимæ бирæты нæ абардзынæ. Сфæлдыста йæ, аивадон амал чи ссис, уыцы поэтикон фæрæзæй – монолоджы хуызы («Дзæбидыр»): «Цуанонты фыдæх Цыбыр кæны фыдæй фыртмæ нæ мыггаг», «Уæддæр бæрзонд хæхтау нæ хъысмæт уарзæм».

*Мах уарзæм хур, рæууон дымгæ, цъæх арв,*
*Зынамал цард кæны уæлмонц нæ зæрдæ…*
*Куы цæрæм – уæд чысыл æмæ дзæбæх,*
*Куы хауæм – уæд ыстъалыйау бæрзондæй…*[5]

Дзæбидырæн йæ хъысмæт бæрзонд хæхты æмсæр у. Æфсæст ахсæнæй сæм хур, рæууон дымгæ æмæ цъæх арв нымаддæр сты. Кæд цуаноны фыдæх сæ фæдыл æфтыд у, уæддæр æй ницæмæ дарынц сæрибары цур. Дæргъвæтин ницæйаг царды бæсты дзæбидыры бæллиц: «Куы хауæм – уæд ыстъалыйау бæрзондæй…» Алкæмæн – йæхи он. А. Пушкин загъта: «Я был рожден для жизни мирной, Для деревенской тишины».[6] Нæ Поэт аразынæн, адæмæн

---

[1] Д з у ц ц а т ы Х а д з ы-М у р а т. Уынгæгбоны сагъæстæ. – Дзæуджыхъæу, 2010.- 83 ф.
[2] Х е т а г у р о в К о с т а. Собр. соч. в 3 т. Т. 1. – М., 1974. – 182 ф.
[3] Д з у г а т ы Г е о р г и. Уацмыстæ 3 т. Т. 1. – 1972. – 22 ф.
[4] Х о с т ы х ъ о т ы З и н æ. Цинн æмæ сагъæс. – Дзæуджыхъæу, 2012. – 188 ф.
[5] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Цæф сæгуыты маст. – Дзæуджыхъæу, 1969. – 53 ф.
[6] П у ш к и н А. С. Собр. соч. в 10 т. Т. 4. – М., 1975. – 28 ф.

сæрибар хæссынæн, цард рæсугъд кæнынæн райгуырд, фæлæ, зæгъгæ, хъуыддаг хауынмæ æрцыд, уæд – бæрзондæй. Æгады цард æм нæ уыд нымад.

Афтæмæй ацы хъандзалбыд æмдзæвгæйы поэты бон аллегорийы хуызы бацис йæ уды – сæрибæрæн гуырд адæймаджы уды цард æмæ бæллиц нывæфтыд дзырдты фæрцы сныв кæнын. Хадзы-Мурат дзырдта: «Адæймаг æмæ адæмы сæрибар – уый у Шамилы сæйраг мæт æмæ сагъæс. Сæрибар кæм нæй, уым поэт хъуамæ хъахъхъæна йæ мидсæрибар, ма суа ныллæг, æнæаив, æдзæсгом, фæтк æмæ арæнты сæрты чи нæ ахизы, йæ хæдзар æмæ йæ къæбæр æппæты уæлдæр чи скодта, уыцы «амондджын цагъарты» хуызæн, хъуамæ уа хæстыл æфтыд «Хуыцау æмæ паддзахы ныхмæ». Поэт хъуамæ хъахъхъæна йæ хæдбардзинад, йæ сæры кад. Шамил сæ хъахъхъæдта».[1] Уый йæ кодта æрвылбонон тохмæ. Царды. Литературæйы. Сæрибары сæрыл тохгæнæг та кæддæриддæр вæййы иунæг. Фæлæ ахсæны тыххæй йæ сæрибар нæ уæй кодта рæхыстыл («Демон»). Йæ хъæлæсыл ын кæд лæууыдысты «рæстæг æмæ цард», уæддæр нæ саст («Еретик»). Æхсары загъдау: «Зæххыл цы и тыхгæнæгæй, æлдарæй, æдзыт, æгадæй» – калдта «сын сæ пырх». Сæрыстыр, æнæрцæф дзæбидыр ын уымæн уыдис хион.

Паддзахæй дæр æцæгæлонæн лæггад кæнын, кæйдæр тырысайыл хæцгæйæ нæй уæлæрвтæм схизæн. Хи адæмы бæрзонд сæвæрæн. Гуырдзыстоны стыр паддзах Дауыт Сосланы æнусон хъынцъым Шамил зæрдæбынæй уый тыххæй банкъардта. Йæ тых, йе ‘рхъуыдыйы фæрцы ирон туг, стæг, кæйдæр паддзахæн уыдис, сæрыстыр цæмæй уыдаид. Георги Тогошвили афтæ: «Осетинский царевич, муж и соправитель прославленной царицы Грузии Тамар, Сослан-Давид, «человек, исполненный всякого добра, божеского и человеческого, прекрасный на вид, в сражениях и на войне храбрый и мужественный, щедрый, смиренный и превознесенный в добродетелях»,[2] играл большую роль в политической жизни грузинского феодального государства в конце XII – начале XIII века. Верный супруг и

---

[1] Д з у ц ц а т ы Х а д з ы-М у р а т. Уынгæгбоны сагъæстæ. – Дзæуджыхъæу, 2010. – 87 ф.
[2] Картлис цховреба. – Тбилис, 1959. – 100 ф.

соправитель Тамар, «соучастник всех побед и деяний» царицы,[1] главнокомандующий войсками Грузии – самого сильного тогда государства на Кавказе и Ближнем Востоке – Сослан-Давид своими громкими победами над внешними врагами Грузии прославил грузинское орудие и, вместо с тем, себя, свой родной осетинский народ. Сослан-Давид выступает носителем самых лучших качеств осетинского народа… Придворный поэт Чахрухадзе восторженно называл Сослана-Давида «великим осетином».[2] Сослан-Дауыт чи уыд, уый зæгъынæн фаг сты: «…летописцы называют его рыцарем «тигрова ранга». Его образ воспели Шота Руставели,[3] Низами Ганджеви,[4] одописцы Шавтели[5] и Чахрухадзе,[6] грузинский историк Басили»,[7] сомихаг историктæ Мхитар Гош,[8] Вардан Восточанин[9] æмæ азфыст «Картлис цховреба»-йы дыууæ анонимон авторы. XIII-æм æнусы йыл фыста сомихаг историк Степанос Орбелян»,[10] – зæгъы Мамыкъаты Таймураз.[11] Ахæм бæгъатырæй дæр Сослан, Фыдыбæстæй иппæрдæй, куыд уыдаид йæхицæй разы? Шамил ын æнусты сæрты ахста йæ зæрдæйы уаг: «Мæ тæсæй дымгæ дæр нындзыг, Æруагътой паддзæхтæ сæ сæртæ. Кæм калы ме 'хсаргард цæхæртæ, Тæдзы уым дуртæй дæр цæссыг». Гуырдзыстоны хизы фатæй, кæны йын йæ арæнтæ уæрæх, йæ сæрвæлтау хæссы йæ сæр. Афтæмæй: «Хъæрзынц нæхиуæттæ Цæгаты… Мæ мад уым фæндаггæрон бады Мæгуыр æфхæрд æмæ куырмæй, Фыдызæхх рацыди йæ хуызы».

*Мæнмæ йæ карз сидын нæ хъуысы,*
*Йæ хъыгтæ дард ысты мæнæй.*

---

[1] Картлис цховреба. Т. 1. – Тбилис, 1955. – 369 ф.
[2] Т о г о ш в и л и Г. Д. Сослан-Давид. – Владикавказ, 1990. – 3 ф.
[3] Р у с т а в е л и Ш о т а. Витязь в тигровой шкуре. – Переводы К. Д. Бальмонта (1936), Г. Цагарели (1937), З. Заболоцкого (1966).
[4] Г а н д ж е в и Н и з а м и. Искандер Намэ. 1 ч. Шараф Намэ. Дувал бросается в бой (Перевод К. Линскерова. – Баку, 1953. – 380 ф.
[5] Ш а в т е л и. Абдул Мессия, строфы 7, 8, 9, 10, 28 (Перевод Ш. Нуцубидзе). – Тбилис, 1942.
[6] Ч а х р у х а д з е. Тамариани, строфы 15, 16, 63, и 165 (Перевод Ш. Нуцубидзе). – Тбилис, 1942.
[7] Б а с и л и. – 46, 50, 52, 54, 57, 68 ф. æ. а. д.
[8] Е р е м я н С. Т. Юрий Боголюбский. Мхитар Гош. – Ереван, 1946. – 396 – 397 ф.
[9] Е р е м я н С. Т. Вардан Восточанин. – 396 ф.
[10] Е р е м я н С. Т. Степанос Орбелян. – 396 – 397 ф.
[11] М а м у к а е в Т. Б. Тайна Нузальской часовни. – Владикавказ, 1969. – 11 ф.

*Фыдгултæ цæргæстау æртигъæй*

*Кæнынц йæ рыст зæрдæ кæрдихтæ,*

*Уæддæр æм иу фæкæсæг нæй...*

Дæхæдæг дæ фыды зæхх куы уадзай æвæгæсæгæй, уæд, кæйдæр уæрдоныл бадгæйæ кæй зарæг зарай, уый дæ мæт нæй. Дзуццайы-фырт дзырдта: «Шамил разы нæу, афтæ чи зæгъы, «кæй уæрдоны бадай, гъе уый зарæг кæн», зæгъгæ, уыдонимæ. Кæйдæр уæрдоныл бадт Сослан-Дауыт, хуымæтæг лæгæй нæ, – паддзахæй дзы бадт, фæлæ йæ хъысмæт йæхицæн дæр æмæ йæ фæстагæттæн дæр нæ рауад æрттиваг, тæхудиаг. Кæд Гуырдзыстоны хызта фатæй, кодта йын йæ арæнтæ «уæрæх – хæзна, зæххытæ æмæ кадæй», уæддæр ын фæстагмæ уый фестад «хæрам æмæ зындон», кæйдæр фæсдуармæ ссардта йæ мæлæт, сси æцæгæлон йæ ныййарæг адæмæн дæр».[1] Афтæмæй, паддзах уæвгæйæ тыдта цагъары бонтæ. Шамилы æппæтуынаг цæст уымæн æрхæцыд йæ уды хъынцъымыл.

Сослан Цæразон æрмæст хæстон лæг нæу, фæлæ уыд йæ рæстæджы размæдзыддæр адæймæгтæй иу. «Он хорошо владел грузинским, греческим, татарским и арабским языками. Он любил читать и, вместе с тем, писал сам. Он был и грузинским писателем…»,[2] – дзырдта З. Чъичъинадзе. Мцхетайы стыр аргъуаны кусæг – сауджын Иоанн Русишвили Нузалæй дыууæ стыр къухфысты куынæ рамырхтаид,[3] уæд абон зониккам «Алгъуызы кадæг» æмæ «Фæранчы цармдарæг» комкоммæ кæй сты Сослан Цæразоны фыст.

Сослан Цæразоны хъуыддæгтæ кæсгæйæ адæймаджы цæстыты раз сыстынц нарты хъайтартæ. Иннæ ахæм нын «Фæранчы цармдарæджы» Тариел йæ алы фезмæлдæй нæ зæрдыл лæууын кæны Цæразон Сосланы. Уырны нæ, Шамилы æмдзæвгæйы лирикон хъайтар æцæгæй Сослан-Дауыт кæй у. Уымæ гæсгæ нæ зæрдæтæм хъары йæ уды судзгæ хъынцъым:

---

[1] Д з у ц ц а т ы Х а д з ы-М у р а т. Уынгæгбоны сагъæстæ. – Дзæуджыхъæу, 2010. – 86 ф.
[2] Ч и ч и н а д з е З. История Осетии по грузинским источникам. – Цхинвал, 1993. – 111 ф.
[3] Р у с и ш в и л и Г р и г о р и / Цнобис пурцели, 1998. – 11 июнь.

*Кæд искуы циндзинад зыдтон,*
*Уæд мын хæрам æмæ зындон*
*Уый фестад ныр, æмæ куы мыса*
*Йæ фыртты Иры зæхх, – мæнæн*
*Сæ куывды никуы уыдзæн бадæн.*
*Гъе уæд нæ дард фæдон зæгъдзæн:*
*«Куы уай æцæгæлон æрвадæн,*
*Нæ дæ уæд искæмæн хæстæг.*
*Кæмдæр дыл хорзæхтæ ныккæлæнт,*
*Уæддæр дæ адзалы рæстæг*
*Уыдзæн сæ фæсдуармæ дæ мæлæт…»*[1]

Шамил Дауыт Сосланы монолог, Алыккаты Хазбийы мæлæты размæ монолог, «Кæд загъта фыццаг хатт йæ Амонд лæгæн», балладæ «Тимуры куывд» æмæ æндæр зæрдæйы бынтæ цæвæг уацмыстæ куы сфæлдыста, уæд сæ иуæй-иу лыскъудтæ байрайыны бæсты барра сты, ай йын цытæ æнтысы, зæгъгæ, æмæ йæ сæ зæрды уыд цъыфы лæсæнтæн фæласын кæнын.

Фыццаг хатт журнал «Мах дуг», стæй Шамилы поэтикон æмбырдгонд «Цæф сæгуыты маст»-ы (1969) рухс куы федтой ацы æмдзæвгæтæ, уæд се ‘рттывдæй бирæты цæстытæ фæтар сты. Цы ма акодтаиккой, уый нал зыдтой æмæ сæ цъыфæй сæрстой, цæмæй сæ рухсæй ма куырм кæной. Фæлæ сыгъзæрин цъыфæй дæр æрттивы. Хъодзаты Æхсар Коцты Тотырбеджы къухфыст рецензи æмæ Джиоты Хазбийы рецензийы тыххæй «Критикæ æви вульгаризаци»-йы дзуры: «Рецензент фыссы: «…Зæгъдзыстæм уый, æмæ чиныгуадзæн «Ир» кæй æруагъта егъау рæдыд, Джыккайы-фырты чиныг «Цæф сæгуыты маст» идейон рæдыдтытæ æмæ æвзаджы арвистонæй дзаг кæй у, уый кæй нæ рахатыдта æмæ йæ афтæмæй кæй ныммыхуыр кодта. Фæлæ рауагъдад æмæ авторы тæккæ стырдæр рæдыд уый мидæг ис, æмæ реакционерты, лæгмарты реабилитаци кæнынмæ зианхæссæг хъуыдытæй

[1] Д ж ы к к а й т ы  Ш а м и л. Цæф сæгуыты маст. – Дзæуджыхъæу, 1969. – 14 – 15 ф.

чиныгкæсджыты барæвдауынмæ кæй бахъавыдысты, уый. Æмæ ма ноджыдæр иу хатт зæгъын: рæдыд идейон æмæ нывæфтыдадон позицитыл лæууы Джыккайы-фырт, рауагъдад та йын æмдзæгъд кæны». Шамилы поэзиимæ зонгæ чи у, уымæн йæ сæрыхъуын арц куыннæ сбаддзæн, зæгъгæ, «рецензент авторыл тугтæ кæй мысы, йæ поэзи йын цъыфимæ кæй сызмæста æмæ йыл æбуалгъ хахуыртæ кæй кæны, уымæй!»[1] – зæгъы Æхсар. Дарддæр Тотырбеджы уацæй хæссы Хазбийы хъуыды, стæй – Тотырбеджы хатдзæг: «Национ хæрамдзинады идеологи идеалы хуызы æвдыст кæй æрцыд, уый у хъæндзинад. Æмдзæвгæмæ гæсгæ хъуамæ нацийы тырыса суа: «Куы уай æцæгæлон æрвадæн, нæ дæ уæд искæмæн хæстæг. Кæмдæр дыл хорзæхтæ ныккæлæнт, уæддæр дæ адзалы рæстæг уыдзæн сæ фæсдуармæ дæ мæлæт». Стæй Коцы-фырты хатдзæг: «…фæлæ ма зæгъдзынæн уый, æмæ Джыккайы-фырт критичы, журналы редколлегийы, стæй афтæ чиныгкæсджыты раст тæрхон æрдумæ дæр кæй не ʻрдардта æмæ та ногæй уыцы æмдзæвгæ («Дауыт Сосланы хъынцъым» – Хъ. М.), ницы дзы аивта, афтæмæй йæ чиныг «Цæф сæгуыты маст»-ы кæй ныммыхуыр кодта»,[2] – ома, идейон рæдыдимæ.

«Мæнмæ гæсгæ, Шамил тынг раст бакодта, критичы (журналы редколлеги æмæ чиныгкæсджыты номæй бынтон дзæгъæлы дзуры рецензент) тæрхон (фæндон у æви тæрхон) æрдумæ дæр кæй не ʻрдардта, уымæй»,[3] – зæгъы Æхсар. Уæдæй фæстæмæ-иу ын фадат куы фæцис, уæд-иу ацы æмдзæвгæ йæ чиныгуытæм ног æмæ ногæй кæй бахаста, уымæй дæр раст кодта. Æмбæлы фидарæй зонын – йæхи адæмæн фыййау цæуын йæ сæрмæ чи нæ хæссы, афтæмæй искæмæн къæбæрты тыххæй, уадз, стыр уарзты тыххæй дæр, чи лæггад кæны, уый мæлæт, абон уа æви сом, уæддæр кæйдæр фæсдуар æгадæй æрцæуы. Йæ зæрдæйы судзгæ æмæ дудгæ цæссыгтæй, кæд ын тæригъæд кæнæм, уæддæр йæ царды фæстаг уысм уымæн хуыдуг кæны Сослан: «Мæ уарзт, мæ худинаг, мæ кард!», «Æз дæн паддзах æмæ цагъар…», «…рохуаты мæрдадзы Кæндзæн мæрдон фынæй мæ ном».

---

[1] Х ъ о д з а т ы  Æ х с а р. Критикæ æви вулгаризаци // Мах дуг, 2010. – №12. – 105 – 106 ф.
[2] Уый дæр уым. 106 – 107 ф.
[3] Уый дæр уым.

Номхæссæн æфсадхон тынг хорз базыдта, кады тырысайыл хæцгæйæ, цы стыр циндзинад æнкъардта, уый йын йæ царды кæрон хæрам æмæ зындон цæй тыххæй фестад. Уый æрдзон æнæивгæ рæстдзинад у. Бербанк Лютер уымæн дзырдта: «Нет других истин, кроме тех, которые мы находим в природе».[1] Уыцы æрдзон рæстдзинадæй Ирыстон кæддæр нымайдзæнис йæ цоты – ууыл у Давид Сосланы катай: «æмæ куы мыса» – «Йæ фыртты Иры зæхх, – мæнæн Сæ куывды никуы уыдзæн бадæн». Цæмæннæ, уый тыххæй баризынц адæймаджы уæнгтæ: «Уыдзæн сæ фæсдуармæ дæ мæлæт». «Зонд – дунейы дарæг хæзна»,[2] – зæгъы æмбисонд. Историон рæстдзинадимæ зонды тых кæй уынæм уацмысы, уый уæлдай тынгдæр рæвдауы чиныгкæсæджы зæрдæ. Фæлæ, аивад цы у, уый чи нæ фембары, уый знагæй фыддæр у.

«Дауыт Сосланы хъынцъым»-ы хуызæн аивадон уацмысы тыххæй искæй æфхæргæ нæ, йæ кой ма скæнын туггæригъæд у. Æмæ Шамилы чи цъиусæр хицæутты цæстмæ фаудта, чи – зонгæ-зонын хæлæджы охыл, чи, аивад йæ фæсонæрхæджы дæр кæй нæ уыдис, уый тыххæй. Ирон æмбисонд зæгъы: «Фидиссаг фидисмæ раздæр у».[3] Бæргæ худинаг у æрмæст йæ зæгъын дæр, фæлæ «критиктæ» фылдæр нæ ныхмæлæуджыты ныццæгъдыны тыххæй свæййæм. Ахæм «критикæн» хуыцауыхай никуы уыд æмæ нæ уыдзæнис. Дзуццаты Хадзы-Мурат дзырдта: «Критикæ хъуамæ конкретон æрмæгмæ гæсгæ пайда кæна алы ахорæнтæй дæр, хъуамæ ма уа былдауæн, цæстмæхъус, вульгарон кæнæ либералон».[4] Критикæ хъуамæ йæхæдæг макæмæн фæуа критикæ кæнинаг. Шамилы критиктæ сæ цъыф сæхæдæг бар-æнæбары фæкалдтой сæхиуыл. Ходы Камал зæгъы: «О стихах и поэмах Шамиля Джикаева в Осетии говорят много и по-разному. И это, на мой взгляд, одно из свидительств самобытности поэтического дарования автора».[5] Плиты Грис фæстæдæр фыста Гафезмæ: «Тæрсын, æртынæм азты фæуды нæм хистæр фæлтæр хицæн культы азарæй куыд фесæфтысты, уæд

[1] Л ю т е р  Б е р б а н к. Жатва жизни. – М., 1955. – 164 ф.
[2] Ирон æмбисæндтæ. – Дзæуджыхъæу, 1976. – 165 ф.
[3] Уый дæр уым, 13 ф.
[4] Д з у ц ц а т ы  Х а д з ы-М у р а т. Бæрндзинад. – Цхинвал, 1976. – 126 ф.
[5] Х о д ы  К а м а л. Не дает нам покоя // А в т о р т ы  к о л л е к т и в. КАМАЛ. – Дзæуджыхъæу, 2014.–46 ф.

нæм цы афтид уавæр сæвзæрд, ахæм та куы фæзына ногæй».[1] Фæлæ, табу – Хуыцауæн, уыцы дуг фæцис.

Æмдзæвгæ фыст у Шамилы уарзондæр сюжеттæй иуыл – монолоджы хуызы æмæ Сослан Дауыты хъынцъымы æргом кæны йæхи зæрдæйы риссæгтæ дæр йæ адæмæй, йæ уæзæгæй хауæккаг адæймаджы хъысмæты. Сослан Цæразон гуырдзыйæн цы лæггæдтæ фæкодта, йæ удæгасæй сыл рыг абадын куыд никуы бауагъта, уыдæттæ Ирыстонæн куы фæуыдаид, уæд йæ кады ном никуы банымæг уыдаид фыдæй-фыртмæ. Уыдонау ын мах йæ кад æмæ йæ номыл дур никуы фæлдахиккам. Ирон базыхъцонг лæппуты сæ сæрыл удуæлдай тохты кæй цæгъдын кодта, уый та нæ тардта мыггагсæфтмæ. Иры уæзгуытæ ихсыдысты, тыхгæнæг тых кæмæн нæ ардта, ахæм гуыппырсар хъæбатыртæй. Æппæт уыдæттæ арæзта, йæ уды хин кæй нæ уыдис, тых сæйрагыл кæй нымадта, уый аххосæй. Æмæ ма кæд: «Æз ныр мæ хъысмæтыл куыдтон», – зæгъы, уæддæр историйы цалх фæстæмæ нæ зилы æмæ, фæцудын чи никуы базоны, уыдон дæр йæ быны ныссæнды.

Поэты чиныджы зынгæ æмдзæвгæтæй у «Сæрдыгон изæр Цъæйы комы». Автор романтикон æвзагæй дзурын ахуыр куыд у, афтæ ныв кæны нæ фенддаджы æрдз алæмæтон ахорæнтæй, куыд «Æмбæрзы хуссайраг æхсæв Фæлмæн йæ сау зæлдагæй хæхтæ, Тызмæгæй артуадзæг æврæгъты Ныгъуылынц къæдзæхтæ дæрддзæф…» Фæлæ æрдзы ныв æрдзы нывæй нæ баззайы. Сцæрдуд æй кæны поэт. Æцæг, уыцы уæлмонц ныв фыдæлтæй ахуыр цæуыл нæу, ахæм æнæуаг мийæ тыхсы: «Кæм фесты цъитидон фынчытæ, Æрыгон бурдзалыг чызджытæ Бæгънæгæй лæппутимæ уым Цъæх нæууыл, Рекомы бын, бадынц». Искуы дæр нæ, фæлæ «Ирыстоны иууыл кадджындæр æмæ стырдæр»[2] зæд Рекомы бын. «В. Б. Пфафф та Рекомы кувæндон нымадта, æгас Ирыстоны Уастырджийæн кæм кувынц, уыцы сыгъдæг æмæ табуйаг бынатыл».[3] Æмæ ахæм æвæджиаг ран[1] æнæуагæй хи æвдисын Шамилы хуызæн поэты уд куыннæ хъуамæ нырризын кодтаид:

---

[1] П л и т ы  Г р и с. Фыстæджытæ. – Дзæуджыхъæу, 2013. – 36 ф.
[2] Ц ы б ы р т ы  Л ю д в и г. Ирон адæмон бæрæгбонтæ. – Дзæуджыхъæу, 1999. – 136 ф.
[3] Уый дæр уым, 138 ф.

*Цæуын æвæсмонæй... Ныссау*

*Цъæйы дон... Къахвæндæгтæ сæфынц...*

*Кæуынц мæ бæллицтæ... Бæхтау*

*Мæ удыл джазы мыртæ кафынц...*

Æнæуаг, къæйных ми адæймаджы маст, фæсмоны фæндагыл кæнынц. Æгъдау æмæ æфсарм кæм нæ уой, уым фидæн развæлгъау кæуы. Æвæджиаг бынаты æвæджиаг митæ кæнын æмбæлы. Цыбырты Людвиг зæгъы: «Адæмы монон (духовон) царды ахсджиаг бынат ахсынц, сæ национ сæрмагонд æууæлтæ сын чи æвдисы, культурæйы ахæм миниуджытæ».[2]

Шамил йæхæдæг та худт, чи нæм ныууырдыг вæййынц: «Гаджидау, сидт æмæ рæгъæй цы хъауджыдæр ис, уый нал зонут»,[3] – чи фæзаманæ кæнынц, уыдоныл. Цыфæнды «бурдзалыг чызджытæ»-н дæр нæй кæйдæр æвæджиаг бынæтты цахæмфæнды рæсугъд буар дæр быдиттæй æвдисæн. Æнæфсарм мийыл та фæуæлахиз уæвæн ис æрмæстдæр рухсы фæрцы:

*Фæстаг зæрæхсиды тæмæн*

*Æрмынæг æртыты фæздæгыл.*

*Ыссæст, æртæхмондаг кæрдæгыл*

*Тæдзы бæлоны тугау сæн*

*Рæсугъд æвзонг чызджы сырх былтæй.*

*Йæ къухы дидинæг – тымбылтæй,*

*Хæххон сырх дидинæг, дзæбæх*

*Уый рæзыд дурты 'хсæн сыгъдæгæй,*

*Уый арвы цæстытæй æртæх*

*Нызта сæумæцъæхæй...*[4]

[1] П ф а ф ф. Этнологические исследования об осетинах. ССК 11. – Тифлис, 1872. – 120 ф.
[2] Ц ы б ы р т ы  Л ю д в и г. Ирон адæмон бæрæгбонтæ. – Дзæуджыхъæу, 1999. – 3 ф.
[3] Д ж ы к к а й т ы  Ш а м и л. Арт æмæ æртхутæг. – Дзæуджыхъæу, 2007. – 281 ф.
[4] Д ж ы к к а й т ы  Ш а м и л. Цæф сæгуыты маст. – Дзæуджыхъæу, 1969. – 31 – 32 ф.

Афтæмæй цъæл дидины хуызы символикон хуызы фенæм, бæгънæгæй Рекомы бын чи бадынц æмæ мыдул кæрдæгыл, бæлоны тугау, сæн кæй сырх былтæй тæдзы, уыдонмæ цы ‘нхъæлмæ кæсы, уыдæттæ. Тедеты Георги загъта: «Удивительно ли после этого, что сегодня нам с тоской и тревогой приходится смотреть на наследников нации, мало усвоивших из богатств национального духа и «на лужайке возле Рекома сидящих с голыми рыжекудрыми девицами», не чувствуя разницы между святилищем и туристической достопримечательностью («Летний вечер в Цейгоме»), между отдыхом после созидательного труда и пустым времяпрепровождением, между чужой культурой и ее истинными достижениями».[1]

Фæлæ цард æрмæст уыдонæй нæу. Йæ мардæрцыд уый у, адæймагæн тыхмийæ раст фæндагыл лæууæн куынæ уа. Брытъиаты Елбыздыхъо уымæн дзырдта: «Тысячи наших братьев копошатся в грязи, создают богатства и роскошь для других, в то время как сами гибнут, зараженные ядом разврата и невежества».[2] Барвæндæй хи цъыфы æвæрын та мæлæтæй фыддæр у.

Лирикон хъайтар йæ сæнтты здæхы йæ рагбонтæм: «Цыма Цъæйы доны фынчытæй Дæ хуызы раленк кæны зæд, Йæ уæздан сатæг-сау цæстытæй Фæлмæн рухс ивылы…» Æмæ уый фæрцы фенæм, æнæгъдау мийыл куыд уæлахиз кæны сыгъдæг, уæздан хъуыддаг. Цард уымæй куыд рæсугъд кæны, уый нын равдыста поэт зæрдæмæдзæугæ, романтикон поэзийы хуызы. Гæздæрты Азæ зæгъы: «Поэзия Шамиля Джикаева – яркое явление в осетинской литературе».[3] Йæхимæ нæ уымæн скъæфы. Йæ поэтикон уæлахизæй нæ уымæн æфтауы рухс сæнттыл. Уыцы поэтикон уæлахизтæм хауы йæ чиныг «Амыраны зæрдæ». Шамил, ам дæр Ирыстонмæ йæ уарзт равдыста цæстуынгæйæ, алыварсонæй.

Не ‘ппæт дæр зонæм, Амыран адæмæн уæларвылбадджытæй зынг кæй раскъæфта, уый тыххæй баст кæй æрцыдис хохы цъассы, талынг лæгæты æфсæн рæхыстæй айнæгмæ. Бæстыхицау ын хæйрæг Дуртулаимæ æнцой нæ

---

[1] Т е д е е в  Г е о р г и й. Размышления при свете «ночных костров» / Северная Осетия, 1992. – 22 сентябрь.
[2] Б р ы т ъ и а т ы  Е л б ы з д ы х ъ о. Уацмыстæ 2 т. Т. 2. – Дзæуджыхъæу, 1982. – 112 ф.
[3] Г а з д а р о в а  А. Х. Поэзия правды и любви. – Владикавказ, 2010. – 55 ф.

дæттынц, йæ зæрдæ йын, тугкалгæйæ, хæрын кæнынц уарийæн. Уый ссис ирон адæмы символ рухсмæ цæугæйæ. Брытъиаты Елбыздыхъо йыл ныффыста, æмбал кæмæн нæй, ирон адæмимæ æнусты æмдзу чи кæндзæнис, ахæм трагеди «Амыран».[1] Тыбылты Алыксандыр æй систа арвмæ: «Дунейы литературæмæ «Амыран»-ы фæрцы ирон æвзаг фæндаг ссардзæнис».[2] Шамилы бафæндыд, Амыраны зынг зæрдæ куыд сæвзæрд, уый равдисын: «…чидæр иу тын рарæдывта артæй, / Æмæ зæххыл Сырх тырыса ыссыгъд».

*Уый тохæй тохмæ ахастой фæлтæртæ.*
*Нæ сæрмæ уымæн не сивдзæн йæ хуыз.*
*Сырх фæйлауæн – Амыраны зынг зæрдæ,*
*Ды удæн рухсмæ базыртæ дæттыс.*

Фæлгонц сарæзта, фæлæ æмдзæвгæ йæ номы æмбæрц нæ байрæзт, хъыгагæн. Уый хыгъд чиныджы сæрæн басгуыхт. Стæй дзы, чиныгкæсæгæн йæ зæрдæ чи барухс кæна, ахæм уацмыстæй иу – «Фыдыбæстæ». Поэт æнувыд у нæ Райгуырæн бæстæйыл. Уый фæрцы йæ уырнынц æппæт хæрзтæ. Фыдыбæстæ йын сагъæсы фаг дæр уыд æмæ амонды фаг дæр. Кæддæриддæр дзы уыдис ныфсджын æмæ сæрыстыр. Уыцы арфæйаг хъуыддаг уыдтой хистæр кары фысджытæ. «Джыккайты Самилæй уæлдай кæстæртæй ничи уадиссаг исты аразы, сæхиуыл дæр раппæлинаг куыст нæ кæнынц, се стихты културæ примитивы бæрзæндæй уæлдæр нæ кæны»,[3] – дзырта Грис.

Хистæр, куырыхон лæджы уайдзæфы ныхас иуæй æмбæрст у, йæхиау, Шамил дæр классикон формæйыл фидар хæст кæй уыдис, йе сфæлдыстад æнæхъæнæй ууыл кæй быдта, сæрибар поэтикон фомæмæ йæ хъус кæй нæ дардта, æгæрыстæмæй дзы йæхи кæй хызта, уымæй. Комкоммæ загъта: «Цæйдæр верлибрыл бафтыдисты, фидæн кæмæн нæй, æмæ ирон чиныгкæсджытæ кæй никуы райсдзысты, ууыл, æмæ дзы азæй-азмæ кæритæ

[1] Б р ы т ъ и а т ы Е л б ы з д ы х ъ о. Уацмыстæ 2 т. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 1981. – 211 – 151 ф. Уыцы рауагъд ахадæн, зæрдæбынæй фыст разныхас «Стыр райдайæн»-имæ мыхуыры рауауагъта Шамил йæхæдæг.
[2] Т ы б ы л т ы А л ы к с а н д р. Уацмысты æмбырдгонд. – Цхинвал, 1988. – 109 ф.
[3] П л и т ы Г р и с. Фыстæджытæ. – Дзæуджыхъæу, 2013. – 36 ф.

кæнынц, фыссынц дзы æзфылдæрæй, ног фæзындыл æй нымайынц поэзийы, йæ фæзындыл ныр сæдæгай азтæ кæй рацыдис, ууыл хъуыды дæр нæ кæнынц, афтæмæй. Уæд ма цы уа уымæй бæллæхдæр!»[1]

Иннæмæй та, уыцы рæстæджы Шамилæн поэзийы тынг хорз æнтыстытæ уыдис «Цæф сæгуыты маст»-æй райдайгæйæ æмæ йыл Грис куыннæ хъуамæ æрæвæрдтаид йæ цæст. Цы мæстытæ кодтой æвзонг поэтæн, уыдон дæр тынг хорз уыдта, æмæ сæ æнкъардта йæхи рисæй. Сæрыстыр уыдис, æнæрцæф æвзонг поэт йе 'нæбары, цурон æфхæрджыты цыма хъуыды дæр нæ кæны, йæхи афтæ кæй дардта, уымæй. Куыннæ дзы уыдаид сæрыстыр, кæд Шамил дæр Грисæн йæхийау Ирыстоныл цæрддзу кодта, Гафезау æм мады номæй дзырдта, уæд[2] («Фыдыбæстæ»):

*Мæ мады хай, дæ сонт лæппу фæндагыл*
*Вæййы дæ рард фæндаггагæй сæрыстыр,*
*Æуусæндын æз дæ бæллицты хъуыддагыл*
*Æмæ хъæцын дæ уæззау хъыг, дæ рыстыл.*

*Мæ тыхсты дæр æнхъæлцау зæрдæ хаты:*
*Фæрнджын дæ ды – нæ дын тæрсын мæгуырæй, –*
*Дæ уæрагыл дæ урс риуы æхсырæй*
*Хæсдзынæ ды Черментæ 'мæ Къостаты.*[3]

Æнæрцæф поэтæн æцæгæлон уыдысты туттсæр хъалтæ, дымыстъæртæ, цурон адæм. Уый хыгъд бæрзонд æвæрдта Ирыстоны сæрхъызойты. Æмæ рухс фидæныл хатт поэты æууæнк А. П. Чеховы хъайтар Ванька Жуковы æууæнкæй фылдæр куынæ уа: «На деревню дедушке. Константину Макарычу»,[4] – фыстæг æрвыста Мæскуыйæ, уæддæр хъуамæ тохмонц уа.

---

[1] Уый дæр уым.
[2] Г а ф е з. Адджын у цард. – Сталинир, 1948. – 115 ф.
[3] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Амыраны зæрдæ. – Дзæуджыхъæу, 1973. – 10 ф.
[4] Ч е х о в А. П. Пол. соб. соч. и пис. в 30 т. Т. 5. – М., 1985. – 478 – 481 ф.

Шамилæн йæ рæстдзинад йæ тырыса уыдис. Алы хатт дæр æй хаста йæ разæй, фæнды йæ адæмы сæрыл дзырдтаид, фæнды – Ирыстоны, фæнды – назы талайы, фæнды царды кæнæ ирон фынджы фарныл. Йæ мулкæй йæ сæр бæрзæндты чи фæхæссы, афтæмæй царды æцæг цæджындзты чи нæ фембарынц, уыдоныл фыст у Шамилы æмдзæвгæ «Цыдысты балцы Хъобаны уæздæттæ…»: «Хæрзарæзт, хъал, гæрзарм æмæ бæхджын, –Ыскъæрынц рог… Сæ фæдыл та уæрдæттæ Фæтулынц цъыфы удхæрттæй уæзбын».

*Чермен – нæртон гуырд – цалхвæды лæгæрста:*
*Кæвдæсард хаста уавæртæн сæ уæз*
*Æмæ сæрфта мæлдзой лæгтæн сæ гæрзтæ…*
*Æвзæр амондæн хорз хъару – бæхгæс!*

Фæлæ уыцы хъуыддаг æнустæм кæй нæ ахæссы, уый тынг хорз зонæм историйæ.[1] Æмдзæвгæйы та автор равдыста, царды рæстдзинад ныгæд куы вæййы, уæд мулкæй хъалтæн удæй хъалтæ рæстæгмæ лæггадгæнæг вæййынц.

Шамил йе ‘мдзæвгæ снывæста ирон æмбисонд «Бæхджынæн фистæг – дондзау»-ы бындурыл. Фæлы йæхæдæг уацмысы кæрон сарæзта ног, зæрдæмæдзæугæ афоризм: «Æвзæр амондæн хорз хъару – бæхгæс!» Æмæ йын уый фыццаг хатт нæу. Кæм – адæмон афоризмтæй, фылдæр хатт йæхи афоризмтæй арæх хъæздыг кодта йæ уацмыстæ. Йæ аивадон амæлтты тыххæй Гæздæрты Азæ зæгъы: «…эти средства и качества превращают стихи поэта Джикаева в подлинную лирическую поэзию».[2]

Ирон поэзийы фыдмæ, мадмæ, ныфсы адæймагимæ ныхас кæнын суанг Къостайы сфæлдыстадæй цæуы. Цæцæйнаг адæмон поэт Раиса Ахматова загъта: «Коста – огонь, который высекла любовь народа, изголодавшееся по любви народное сердце. Поэзия Коста своей бессмертной красотой

[1] Ирон таурæгътæ. – Дзæуджыхъæу, 2014. – 188 ф.
[2] Г а з д а р о в а А з а. Поэзия правды и любви. – Владикавказ, 2010. – 98 ф.

цементирует силу нашего духа и сердца».[1] Уæлдай тынгдæр та, кæд ыл Хуыцау ауды, уæд иу кæны хи туг æмæ стæджы. Æмæ уыцы поэтикон амалыл – ныфсы адæймагимæ ныхас кæнынyл Шамил суанг йе ‘взонджы бонтæй нæ атигъ кодта йæхи. Уый дæр Къостайау æргомæй дзуры йæ радтæг, йе схъомылгæнæг фыдмæ, рæстыл æй кæй сахуыр кодта, фæлæ йын лæгæвзарæны гадзрахаты хæрам, хæлæг кæй фаудзысты йæ куыст, кæндзысты йын йæ «рæсугъд цæсгом саутæ» («Ныфс»).

*Дæ сæр-иу ма ‘руадз ахæмтæй, мæ фыд!*
*Мæ рæстадмæ-иу ма ‘хсайæд дæ зæрдæ!*
*Бæсты хуыздæртæй ахæм лæг нæ уыд,*
*Кæуыл нæ фыстой йе знæгтæ фыддæртæ.*

*Сæ хинтыл-иу æз хаттæй-хатт куы ‘рхаурон,*
*Уæд-иу мæ удæн ма фæтæрс фыдæй:*
*Уый – стонг рувæстæ пыхсбыны зыдæй*
*Уæрццæнхъæл ахсынц цæргæсæн йæ ауон…*[2]

«Хæрам, хæлæг…» æмæ лыскъуд адæймæгты коймæ зæрдыл æрбалæууы Плиты Грисы ныхас, нæ фыццаг ирон профессоры дзырдтыл æнцойгæнгæйæ: «Æлборты Барис та афтæ загъта: «Чувство зависти губит нас. Хæлæг æм кæнынц, кæй йын æнтысы, уый тыххæй» æмæ а. д. Раст загъта зæронд».[3] Фæлæ уый хыгъд, Къостайы лирикон хъайтарау («Ныфс»),[4] Шамилы æмдзæвгæйы лирикон хъайтар дæр йæ фыдæн сæрыстырæй ныфсытæ кæй æвæры, хæлæггæнджытæ йыл цытæ мысынц, уыдонмæ цæмæй йæ хъус ма дара, фæлæ лæууа йæ фырты æнцой, уый чиныгкæсæджы æфтауы рухс хъуыдытыл. Дæтты йын тых. Æмæ ахæм уацмысæн алы хатт дæр ис

[1] А х м а т о в а Р а и с а. Великий гнев, великая любовь // К о л л е к т и в а в т о р о в. Мятежная лира горца. – Владикавказ, 1981. – 55 ф.
[2] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Амыраны зæрдæ. – Дзæуджыхъæу, 1973. – 46 ф.
[3] П л и т ы Г р и с. Фыстæджытæ. – Дзæуджыхъæу, 2013. – 60 ф.
[4] К ъ о с т а. Ирон фæндыр. – Дзæуджыхъæу, 1951. – 22 – 23 ф.

хорз хъомыладон нысаниуæг. Уæлдайдæр, æргом æмæ фидар кæнынц фыд æмæ фырты æхсæн æнгом æмæ сæ кæрæдзи æмбарыны ахастытæ.

Æмдзæвгæйы кæрон лирикон хъайтар, йæ фыдгæнджыты хинтыл, мыййаг, искуы куы æрхауа, уæддæр йæ фыдæн афоризмæй кæй æвæры ныфс: «…стонг рувæстæ пыхсбыны зыдæй Уæрццæнхъæл ахсынц цæргæсæн йæ аууон…», – уый уацмыс исы бæрзонддæр кæны йæ зæрдæмæдзæугæдæр.

Шамил йæ чиныг «Амыраны зæрдæ»-йæ ирон чиныгкæсæгæн ноджыдæр фенын кодта, поэт дæсны кæй у гуырахстджын поэтикон уацмыстæ фæлдисынмæ. Бахаста йæм фондз кадæджы: «Сыгъди сæуæхсид», «Мад», «Мæсыгамайæг», «Намыс», «Æлгъыст» æмæ сæ уынæм, поэты зæрдæ цы судзаг фарстытæй риссы, уыдон иу хай.

Уыцы поэтикон амал – поэтикон уæрæх формæтæм æвналын уынæм йæ радон поэтикон æмбырдгонд «Сагъадахъ»-ы[1] дæр. «Тиль Уленшпигель» кæсгæйæ ныффыста кадæг «Нывгæнæджы мæлæт» æмæ дзы равдыста, инквизицийы удхортæ арты хай куыд бакодтой хуыцауысконд нывгæнæджы: «Цæгаты уæд æрвгъуыз уалдзæг уыдис, Уæд дурвæткъуы сырх дидинæг æфтыдта Кæрдæгджын райдзаст Фландрийы дæлвæзты».[2]

Фæлæ уæддæр æмбырдгонды сæйраг æмæ зынгæдæр бынат ахсынц поэты æмдзæвгæтæ. Чиныгкæсæг уæлдай æхсызгондæрæй сæмбæлд, поэт Ирыстоны кады лæгтæ – Къоста, Секъа, Елбыздыхъо, Васо, Шегрен, стæй Ирыстонæн йæхиуыл, мадæлон æвзагыл, ирон сылгоймаг æмæ бирæ æндæр зынгæ адæймæгтыл æмæ хабæрттыл цы сонеттæ сфæлдыста, уыдоныл. Литературон критикæ сæм æрдардта йæ хъус.[3]

Арæх нæ рохы чи аззайы, афтæмæй «ирон низæй» рынчын чи уыд, ирон уд кæмдæриддæр тæлфыдис, уыдон йæ уды кæмæн рыстысты æмæ хъæрзыдтой, уымæй Дзуццаты Хадзы-Мурат загъта: «Секъа стыр нывгæнæг у… Мæнæн æхсызгон уыдзæн Секъайæ цитатæтæ фыссын – аив фæлгонцтæ,

---

[1] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Сагъадахъ. – Дзæуджыхъæу, 1980. – 114 ф.
[2] Уый дæр уым, 114 ф.
[3] Х ъ о д з а т ы Æ х с а р. Мæ фæлтæры хъысмæт // А в т о р т ы к о л л е к т и в. Фыссæг æмæ рæстæг. – Дзæуджыхъæу, 1981.

рæсугъд рæнхъытæ сæхæдæг алкæмæй дæр хуыздæр зæгъдзысты сæхи тыххæй».[1] Æмæ нæ уыцы куырыхон Секъайы зæрдæйы риссæгтæ поэтикон фæрæзтæй Шамил æргом кæны фыссæджы æмном сонеты («Секъа»): йæ «бæллицты уæрæх арвыл» куыд цыд, фæлæ йæ цард, йæ «рæстæджы хуызæн, Дайранау уыд уынгæг æмæ æрхæндæг».

*Мæ риуы сыгъд Амыраны зынг зæрдæ…*
*Хæссын уæм ныр фæнычы нуæрстæй æз*
*Нæртон зонды алæмæты цæхæртæ.*[2]

Æхсæрдзæнæй нæм пырхæндæгæй дарддæр кæй ницы æрхæццæ, уый Секъа-пълагъозæн йæхи цардæй бæрæг у: «Иудадзыгдæр æххæст кодта аргъуаны хъахъхъæнджыты æмæ лæггадгæнджыты хæстæ, сауджынтæн уыдысты цумайы лæгтæ дæр, хæдзары кусджытæ дæр. Адæм уыдтой пълагъозтæн се ‘гады уавæр æмæ сæм уымæ гæсгæ кастысты зынæрвæссон цæстæй. Ахæм уавæры бахауд нæ поэт дæр. Зын уыдис Секъайæн уыцы æгады уавæр: «æдзухдæр – лæггадгæнæг, æдзухдæр – кæстæр», – афтæ зæгъы йæхи тыххæй йе ‘мдзæвгæтæй иуы. Фæлæ уæды царды уавæрты уыцы æлгъыст ранæй йæ бон нæ уыди фервæзын. Ноджы сси стыр бинонты – фараст адæймаджы хицау, уыдонæй авд уыди сывæллæттæ: æхсæз лæппуйы æмæ иу чызг. Йæ куысты мызд ын нæ фаг кодта йæ бинонты дарынæн. Секъа æдæппæт иста мæй 8 сомы. Ирон хъæуты сæм аргъауæггаг æфтиæгтæ æппындæр нæ хаудис. Цæмæй йæ бинонты фæдардтаид, уый тыххæй поэты хъуыди æндæр куыстытæ кæнын дæр»,[3] – дзырдта фæстæдæр йæ иууыл уарзондæр фырт Цомахъ. Йæ дуг ын уымæн «хæцыд йæ хъæлæсыл». Шамилæн сæ амонын нæ хъуыд. Ходы Камал зæгъы: «Шамил у Ирыстоны стырдæр поэттæй иу. Фæлæ афтæ зæгъыны тыххæй ахизын хъæуы ирон

---

[1] Д з у ц ц а т ы Х а д з ы-М у р а т. Бæрндзинад. – Цхинвал, 1976. – 199 ф.
[2] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Сагъадахъ. – Дзæуджыхъæу, 1980. – 10 ф.
[3] Г æ д и а т ы Ц о м а х ъ. Уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 1959. – 464 – 465 ф.

хæлæг, ирон æдзæстуарзондзинады сæрты».[1] Шамил йæхæдæг алы хатт дæр хызт цыфæнды гæрæнты сæрты. Йæ рæстаг дзырд уымæн хъуыст адæммæ.

Уыцы рæстаг дзырд рахызт йæ ног чиныг «Æхсæвы æртытæ»-м дæр. Поэт бацархайдта, дæсгай азты цы поэтикон уацмыстæ сфæлдыста – æмдзæвгæтæ, балладæтæ, поэмæтæ, уыдон хуыздæртæ æртымбыл кæныныл æмæ сæм бафтыдта, ногæй цы уацмыстæ ныффыста, уыдон, цæмæй акодтаид «дзæбидры сæррæтт» æмæ уый йæ къухы æфтгæ дæр бакодта.[2]

Чиныджы ног уацмыстæм хауы сонет «Фынг». Автор æрыздæхт, сæрбæрзонд уæвгæйæ сæрныллæгæй кæй раз лæууыд, нæ уыцы ирон æгъдæуттæм. Ацы хатт, – æппынæдзух сæрыстыр кæмæй стæм æмæ та нын нæ фыдбоны сыхæгтæ кæй адавынмæ хъавынц, – ирон фынджы æгъдаумæ:

*Уыди нæ фынг нæ амондæн æвдисæн…*
*Ирон фынг – уый Ныхас уыди кæддæр,*
*Уыдаид Наф, хæрнæг æви Цыргъисæн, –*
*Нæ фынгæн уыд бæрзонд намыс йæ сæр.*

*Нæ кæнæм мах фыдæлты кад нымæр,*
*Нæ фæтк нын хастой хорз адæмтæ дисæн.*
*Æвæрдтой рад сæ цард æмæ сæ исæн,*
*Ам иста уæд фæлтæры зонд фæлтæр.*[3]

Авторы бон бацис, бахæрын æмæ баназын сæйраг кæм нæ уыдысты, нарты дугæй нын чи баззад,[4] нæ уыцы ирон фынджы нæртон фарн равдисын.

Уацмыс амоны, уыцы æгъдау кæй цыдис фæлтæрæй фæлтæрмæ, æмæ дарддæр хъуамæ уа афтæ. Уымæн æмæ æфсарм æмæ фарн кæм ис, уырдæм бæркад цæуы йæхи къахæй. Æгæрыстæмæй, «бæрæгбоны кувинæгтæй хæрын кæнæ нуазын нæ фæдчыди, цалынмæ сæ скуывтаиккой, сæ ритуалон

[1] Х о д ы К а м а л. Æхсоны цæв… // А в т о р т ы к о л л е к т и в. КАМАЛ. – Дзæуджыхъæу, 2014. – 47 ф.
[2] Б у л к ъ а т ы М и х а л. Дзæбидыры сæррæтт // Мах дуг, 1992. – № 2.
[3] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Æхсæвы æртытæ. – Дзæуджыхъæу, 1990. – 51 ф.
[4] Нарты кадджытæ. – Дзæуджыхъæу, 1975. – 232 – 233 ф.

ӕгъдӕуттӕ сын скодтаиккой, уӕдмӕ».[1] Афтӕмӕй нын не 'гъдӕуттӕ исынмӕ чи фӕхъавынц, уыдонӕн се 'рбадынӕй фынджы дзадджындӕртыл сӕхи ныццӕвын фӕраздӕр вӕййы, цыма конд уыдысты. Ӕмӕ ӕппӕт уыдӕттимӕ Шамилӕн йӕ бон бацис равдисын, ирон фынгыл адӕм иууылдӕр ӕмбар кӕй уыдысты, ӕрмӕст «уыдис нӕ фынгыл буц уазӕгӕн цыт». Хӕрд ӕмӕ нӕм нозты бӕсты цыдысты: «Ирон зарӕг – йӕ ронг ӕмӕ йӕ мыд». Ӕмӕ поэт йе 'гъдау, йӕ фарнӕй, йе сфӕлдыстадӕй архайдта уыцы алӕмӕтон ӕгъдау ма фесафыныл, фӕсфӕстагӕттӕм ӕй адӕттыныл («Ӕнусон»): «Йӕ нӕртон фарн, йӕ диссаджы бӕркадӕй» «рӕдау нӕ ис ӕмӕ нӕ бон» кӕмӕй цыдис, уыцы сӕнӕфсирӕн «ызнӕгтӕ рахастой тӕрхон, – Куынӕг ӕй кодтой хин кӕнӕ ӕфсадӕй», «Цӕмӕй нӕ хорз ном мауал уа нӕртон»:

*Ныссӕрфтой йӕ, бындзарӕй йӕ ыскъахтой,*
*Нынныгӕдтой йӕ къалиугай кӕмдӕр;*
*Йӕ кой, йӕ хъӕр ныр нал уыдзӕни, – загътой.*

*Фӕлӕ куы стынг и уалдзӕджы уынӕр, –*
*Ныгӕд къӕцӕлтӕ ног талатӕ суагътой,*
*Фыццагӕй ноджы диссагдӕр, хуыздӕр.*[2]

Поэты уыцы хъуыддаг уырныдта, дӕ арммӕ куыд кӕсай, уый хуызӕн. Мысыраг пехуымпар ӕм уымӕн у фӕндвидар: «Ӕцӕг хӕзнайӕн аргъ кӕнын зонынц, базаргӕнджытӕ нӕ, фӕлӕ зӕрингуырд».[3] Ӕнусон цы сты, уыдонмӕ та нӕ ӕвдӕлгӕ нӕ фӕкӕны. Царды дӕр, зонады дӕр арӕх уый охыл мысыдис, ома, ирон фыссӕджы йӕ авналӕнтӕ кӕй нӕ фӕамонынц, уый тыххӕй нын не 'нтысы бирӕ кусын. Фӕлӕ йӕм тырныдта. Махӕн ацы царды, дзӕгъӕлы кӕй сафӕм, уый у рӕстӕг, сӕйраджы-сӕйраг нын цы нӕ фаг кӕны, уый дӕр у рӕстӕг. Фӕлӕ Шамил йӕ хуыссӕджы хайӕ тыдта, йӕ

[1] Ц ы б ы р т ы Л ю д в и г. Ирон адӕмон бӕрӕгбонтӕ. – Дзӕуджыхъӕу, 1999. – 40 ф.
[2] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Ӕхсӕвы ӕртытӕ. – Дзӕуджыхъӕу, 1990. – 53 ф.
[3] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Арт ӕмӕ ӕртхутӕг. – Дзӕуджыхъӕу, 2007. – 352 ф.

уд уæлдай кодта нæ нывæфтыд литературæмæ уæзгæ хуынтæ хæссыны охыл. Мысыраг пехуымпарау, йæхæдæг дæр фидарæй зыдта: «Нæ бæстæ æмæ нæ адæмы хъысмæт уыд æмæ у ирон поэзийы сæйраг мидис».[1] Æмæ Шамил æппынæдзух йæ уд хъардта, нæ адæмæн рухс фидæнмæ фæндаг хæрз чысыл уæддæр куыд фæрухс кодтаид, уымæн. Уыцы хъуыддагæн-иу æй, куыд уынæм, афтæмæй арæх бахъуыд аллегорийы сæр. Ацы æмдзæвгæйы спайда кодта уыцы аивадон амалæй. Чиныгкæсæгæн зонын кæны, сæнæфсиры æвзартæ, йæ мыггагæн кæд фесæфæн нæй – зæххы бын æй куы баныгæнай, уæддæр ногæй кæд суадздзæнис тау, уæд адæймаджы мыггаг йæ мадæлон æвзаг, йæ истори, йæ фарныл кунæ хъамæ хæца, куыд сын ис дугты æбæрæджы ныууадзæн, ныддæлдзиныггæнæн. Уацмыс нæ йæхимæ æлвасы йæ романтикон хъæлæсæй, аив эпитеттæй, зæлланггæнаг рифмæтæй, ритмикæйæ. Æмдзæвгæйы йе ‘нусон хъуыдыимæ исынц бæрзонд. Æххуыс ын кæны хæрдмæ цæуæг градаци – фæлгонцтæ, эпитеттæ, метафорæтæ, йæ поэтикæ тыхджынæй-тыхджындæр кæй кæны, уый.

Ахæм уæлмонц хъуыды, поэтикон мадзæлттæ, романтикон фæзилæнтæй цух нæу сонет «Гал сахары уынджы». Къоста Колыты Аксомæ лæппуйæ куы бацыд, иронау æй æмдзæвгæтæ фысгæ куы баййæфта, уæд «уыцы сахат Къостайæн ирон стихтæ йæ зæрдæйы ахстон акодтой æмæ райдыдта йæ «Чи дæ» фыссын»,[2] – дзырдта Секъа. Шамил дæр-иу куы фæхæст романтикон хъуыдыйыл, уæд-иу ын «йæ зæрдæйы ахстон акодтой», райдыдта-иу æмдзæвгæтæ фыссын. Фыдцарды, чи кæй аныхъуырайыл куы фæцæуы дзырд, уыцы æнæуаг дунейы æнæуаг æгъдауыл амад у сонет. Стыр сахар фæлладæй куы тæлфыд, уæд «февзæрд уынджы иу сырх гал æваст, Цыма ыстыдта пилон арт цъæх цадæй», «Йæ сау сыкъатæй Лæдæрсти туг. Йæ зынг цæстытæй каст Æдзæм æртхъиræн, сусæг рыст, фыд маст»:

*Сæрыстыр гал муртакк бардуагау уыд…*

---

[1] Д ж ы к к а й т ы  Ш а м и л. Ныхасы фарн. – 1996. – 266 ф.
[2] Г æ д и а т ы  С е к ъ а. Равзаргæ уацмыстæ. – Цхинвал, 1979. – 375 ф.

*Цыбæл адæм ныддиссаг ысты дардæй,*
*Сæ зыд цæстыты рухс фидауц уырыд,*

*Æртæфсти сыл кæрæф мондаг йæ нардæй...*
*Нæ сæм каст гал – хъуыдытæгæнгæ цыд*
*Нæргæ уынгты рæсугъд æмæ æнкъардæй.*[1]

«Ыстыр сахар фæлладæй» уæззау куы тæлфыд, уæд æваст «фæцыд кæмдæр къуырма уынæр, цъæхахст», æмæ фенхъæлæм, иу исчи уæддæр бацымыдис кæндзæнис, йæ сау сыкъатæй туг цæмæн лæдæрсы, йæ зынг цæстыты цæмæн æрбынат кодтой «сусæг рыст, фыд маст»? Хъуыддаг дæ нæй. «Лæг кард лæджы хурхмæ кæм дары»[2] («Фæстаг ныхас»), – уым де 'нцой мачи балæууа. «Сæрыстыр гал муртак бардуагау уыд», цыбæл адæм æм дардæй ныддиссаг сты, «сæ зыд цæстыты рухс фидауц уырыд» æрмæстдæр уымæй æмæ: «Æртæфсти сыл кæрæф мондаг йæ нардæй…» Шамил дзырдта: «Хуыцауыысконд зарæджы Буддæ йæхи хоны хуымгæнæг».[3] Хæссы цæвиттон.[4] Къоста дæр йæхи хуымгæнæг кæй хуыдта: «Мæ дзыллæйы зæрдæ – Мæ хуымгæнды хай»[5] («Ныфс»), уый тыххæй зæгъы: «Буддизмы дин æвæры йæ этикон домæнтæ. Буддæ хуыцау у, Къоста – поэт. Къостайы ныхас у ирддæр, бæлвырддæр, куырыхондæр. Поэт этикæ бæдты эстетикæимæ, æфсармы куыстæн дæтты нысан, кæны йæ мидисджын».[6]

Ацы хъуыды нæхирдыгонау куы рацаразæм, уæд, бæргæ, «Адæм арвайдæн сты»,[7] – фæлæ, цæф галæй «кæрæф мондаг йæ нардæй» кæуыл æртæфсти, уыцы адæмæй поэт схызт дзæвгар уæлдæр. Æмæ уый у æцæг поэт æмæ йе сфæлдыстады стыр нысаниуæг. Шамил кæддæриддæр, царды

---

[1] Д ж ы к к а й т ы  Ш а м и л. Æхсæвы æртытæ. – Дзæуджыхъæу, 1990. – 99 ф.
[2] Д ж ы к к а й т ы  Ш а м и л. Цæф сæгуыты маст. – Дзæуджыхъæу, 1969. – 19 ф.
[3] Д ж ы к к а й т ы  Ш а м и л. Поэт æмæ адæм // А в т о р т ы  к о л л е к т и в. Осетинская филология: история и современность. Выпуск III. – Дзæуджыхъæу, 1999. – 33 ф.
[4] Литература Древнего Востока. Иран, Индия, Китай. Тексти. – М., 1984. – 94 ф.
[5] К ъ о с т а. Ирон фæндыр. – Дзæуджыхъæу, 1951. – 23 ф.
[6] Д ж ы к к а й т ы  Ш а м и л. Поэт æмæ адæм // А в т о р т ы  к о л л е к т и в. Осетинская филология: история и современность. Выпуск III. – Дзæуджыхъæу, 1999. – 34 ф.
[7] Ирон æмбисæндтæ. – Дзæуджыхъæу, 1976. – 67 ф.

уыдаид, аивады, зонады æви хъомылады – тырныдта ияуыл бæрзонддæр бынатмæ. Æмæ, чи цы агуры, уый ары. Иууыл раздæр чи цыдис, фæлтæртæн фæндаггæрдæг чи уыдис, алы хатт дæр уыд уыцы раззæгты рæнхъы. Уый тыххæй хъуамæ уай тыхджын æмæ сыгъдæг. Æмæ йæхиау тыхджын æмæ сыгъдæг сты йæ уацмыстæ дæр: «Æз ирдгæ дæн – / рогбазыр, сатæг… / Сыгъдæг æмæ рухс у / мæ кадæг… / Æз равзæрдтæн бæрзондыл / хур æмæ цъитийы пъатæй… / Зæрин тынау калдтæн / саджы сыкъатæй…»

Æрдзафыст-нывафыст хорз у, фæлæ Шамилæн фæлгонц цардуагон куы уыдаид, куы змæлыдаид, искæйты дæр йæхимæ куы кæсын кодтаид, уæд ын лæвæрдта ияуыл хуызæр къух. Уый йæ туджы уыдис. Дзыныхты Аленæ дзы уымæн зæгъы: «Шамилæн æрдзимæ уыд пантеистон ахаст. Алы дурæн, мæсыгæн, бæласæн, фæзгондæн, дидинæгæн уыд йæхи сæрмагонд ном. Абон дæр сæ йæ зæрдыл дары, уыдон ын сты миф æмæ зарæг. Дзомагъгомы хæххон нывтимæ æдзухдæр кæй æмбæлд, уымæн гыццылгай æрдзы «уидæгтæ» Шамилы зæрдæйы уидæгтимæ кæрæдзийыл стыхстысты».[1] Поэт тырныдта, цæмæй йе ‘мдзæвгæтæ тæлфыдаиккой. Уыцы фадат ын лæвæрдтой сæ кæрæдзийыл стыхсæг уидæгтæ. Æнцонæй уымæн æфтыд йæ къухы: «Æз сабитæн дыргъдоны / згъалын фæткъуытæ… / Сындз телæй гæрæнтыл / мæ пæлæз ныскъуыдтæ… / Мæ базырты змæлдæй / æвзонг чызг æрфынæй… / Ехх, разылд мæ сæр / йæ уаты тæлфынæй…»[2] («Æз ирдгæ дæн…»).

Æмдзæвгæйы рог комулæфтæй, авторы-лирикон хъайтар – ирдгæйы рог змæлд æмæ æвзонг чызгмæ йæ сусæг, уарзæгой ахастæй разилы чиныгкæсæджы сæр дæр. Æмæ уый æнæдызæрдыгæй у поэты æнтыст.

Шамил йæхæдæг афтæ дзырдта: «Дидинæджы сыфыл цы æртах æрттивы, уым зыны стъæлфджын арв. Гыццыл хъуыддæгты зыны стыр удгоймаг».[3] Ноджы зæрдæйæн æхцон цы у – адæймаджы уæлмонц, сыгъдæг хъуыдытыл æфтауæг уацмыстæ Шамилмæ цъус нæй. Интимон уарзтыл, хъыгагæн, цъус. Чи йæм ис, уыдон ацы æмдзæвгæйы кæронау – сыгъдæг æмæ

[1] Д з ы н ы х т ы  А л е н æ. Æнусты хъыг бæрзонд удтыл æнцайы. – Дзæуджыхъæу, 1999. – 34 – 35 ф.
[2] Д ж ы к к а й т ы  Ш а м и л. Æхсæвы æртытæ. – Дзæуджыхъæу, 1990. – 180 ф.
[3] Д ж ы к к а й т ы  Ш а м и л. Фыссæг æмæ цард / Рæстдзинад, 2003. – 24 май.

уæлмонц: «Зæриндзыкку, зæрин хуры чызг, арвæй Сæуæхсиды сырх зæлдагыл сындæг Цæуыс нæ зæхмæ – ирд æмæ сыгъдæг, – Хæссыс дæ рухсæй амонд æмæ арфæ. Ыстыдтой зæххæн суадæттæ йæ арфæй, Дзæнæты цъиу ныууасыди хæстæг. Цы уыд бæллиц, уый разынди æцæг, Мæ риуы райхъал царды цин йæ тарфæй («Зæриндзыкку, зæрин хуры чызг, арвæй…»):

*Рæсугъд фынтæй мыл тар æхсæв ысбон,*
*Тæхы мæ сæрты амонды рухс маргъау,*
*Кæны мын уый кæлæн æмæ тæрхон.*

*Цы уыд æцæг, мæнæн уый фестад аргъау…*
*О фарн, зæххон бæллиц æмæ æрвон*
*Сыгъдæг рухсыл æргъæу аргъуаны саргъау!*[1]

Æмдзæвгæ фыст у, поэтæн афтæ адджын чи фæцис, поэзийы уыцы формæйыл – сонетæй. Ирон поэттæн раджы скодта мыды ад Токаты Алиханы «Цыкурайы фæрдыг»-æй фæстæмæ. Дзасохты Музафер афтæ: «Сонет ирон поэзийæн дæр æцæгæлон нæу. Кæд йæ авналæнтæ къуындæг сты, – Пушкин æй «размер его стесненный» хуымæтæджы нæ рахуыдта, – уæддæр нæ фысджытæй бирæтæн сæ зæрдæмæ фæцыд».[2] Æмæ æрнымадта, йæ фæзындæй фæстæмæ нæм нæ мадæлон æвзагыл «фылдæр æмæ хуыздæр сонеттæ чи ныффыста, уыдонæй цалдæры»: «Токаты Алихан, Чехойты Сæрæби, Дзаболаты Хазби, Малиты Васо, Цæрукъаты Алыксандр, Джыккайты Шамил, Джусойты Нафи, Ходы Камал, Тыджыты Юри, Кокайты Тотрадз, Хъодзаты Æхсар, Гæлуаты Аким æ. æнд.»[3]

Шамилыл 50 азы куы сæххæст, уæд ын чиныгкæсджытимæ юбилейон фембæлд бацæттæ кодтам Хуссар Ирыстоны облæххæсткомы залы æмæ уым сæрыстырæй дзырдта, йæ зæрды кæй ис сæдæ сонеты ныффыссын æмæ сæ

[1] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Æхсæвы æртытæ. – Дзæуджыхъæу, 1990. – 132 ф.
[2] Д з а с о х т ы М у з а ф е р. Тæлмацгæнæгæй // Ш е к с п и р У и л ь я м. Сонеттæ. – Дзæуджыхъæу, 2014. – 5 ф.
[3] Уый дæр уым.

хицæн чиныгæй рауадзын.[1] Уыцы ныхас айхъуыст æмæ кæмæндæрты бантыст ахæм хъуыддаг саразын. Ноджы дæр сын æнтысæнт. Шамилæн арвы æнæнхъæлæджы гæрахæй нал бантыст. Фæлæ цы сонеттæ ныффыста, уæлдайдæр, нæ кады лæгтыл, уыдон сты зæрдæмæдзæугæ.

Пушкины ныхасæн йæхи бынат ис, фæлæ сонеты ымад рæнхъыты уыйбæрц æмбæхст тых ис, æмæ курдиаты фæрцы адæймаджы ныппарынц дисы. З. И. Плавскин сæ «Четырнадцать магических строк»[2] схуыдта.

Шамилы сонеты дæр уынæм сыгъдæг уарзт æмæ æппæтхъом царддæттæг тых. Автор алыхуызон аивадон амæлттæй кæй спайда кодта, уæлдайдæр, сонеты кæрон «с», «гъ» дамгъæтæй аллитераци кæй сарæзта: «Сыгъдæг рухсын æргъæу аргъуаны саргъау», – уый йæ кæны зæлланггæнаг æмæ зæрдæмæдзæугæдæр. Шамил йæхæдæг цæвиттойнаг кæй «сфæлдыстадон хъысмæт»[3] схуыдта, нæ уыцы æцæг стыр поэт Цæрукъаты Алыксандр загъта: «Дæ сонет – раст зырнæйзылд дзаума, къус! – Æрмдæсныйы æрдзæф хæзна – мæ разы. Æддæг-мидæг дзы боны скаст, æрврухс Зыр-зыргæнгæ дзæнхъа уырынгтыл хъазы».[4]

Чиныгкæсæджы æгæрон æнкъарæнтыл чи æфтауы, уыцы æмдзæвгæтæм хауы «Изæрон арв мыл урс цинтæ ызгъалы…» Поэт цыма уарзæгой адæймаджы уды рисы кой кæны, фæлæ уацмысы иумæйаг поэтикон равг зæрдæйыл æфтауы цыдæр æхцон æнкъарæнтæ. Уарзт кæй нæ амард, æрмæст тæхгæ кæй акодта, уый нын дæтты цахæмдæр æмбæхст тых:

*Ныр чидæр дард мæ уарзты зарæг зары,*
*Кæнынц йæ зæлтæй суадæттæ сæр-сæр…*
*Мæ сард мын хурау чи рухс кодта тары,*
*Уый ацыди мæ зæрдæйæ уæддæр.*

---

[1] Авторы архивæй.
[2] П л а в с к и н З. И. Четырнадцать магических строк // К о л л е к т и в а в т о р о в. Западноевропейский сонет XIII – XVII веков. – Ленинград, 1988. – 3 ф.
[3] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Ныхасы фарн. – Дзæуджыхъæу, 1996. – 259 ф.
[4] Ц æ р у к ъ а т ы А л ы к с а н д р. Сонет Джыккайты Шамилы сонетæн // А в т о р т ы к о л л е к т и в. Арв. Цæссыг. Стъалы… – Дзæуджыхъæу, 2012. – 184 ф.

*Ærcydi ualdzæg. Uddzæfy tævd pʺatæj*
*Æftauy bæstæ didinæg, syftær…*
*Mæ zærdæjy cy zæd badti kʺuyrf badtæj,*
*Uyj atahti… Uyj atahti uæddær.*[1]

Хозиты Барис зæгъы: «…цалынмæ адæймаджы зæрдæ интимон æнкъарæнтæй байдзаг кæны, уæдмæ йын удæнцой нæй. Гъе ахæм мидуавæры райсы йæ къухмæ фыссæн сис Джыккайты Шамил æмæ урс гæххæттыл, урс сагъæстау, апырх вæййынц йæ миднымæры мыртæ æмæ зæлтæ. Поэты интимон дунейæн дæрддзæфтæ æмæ арæнтæ нæй: тæх æмæ цæр, бæлл æмæ цу, фысс æмæ рай! Афтæ байгом вæййы поэтæн йæ интимон лирикæйы «арвы дуар» æмæ нæ размæ рацæуынц уарзон зæрдæтæ, уарзон хъæлæстæ, уарзон изæртæ».[2] Шамил йæхæдæг афтæ загъта: «…интимон лирикæ æргом кæны иууыл æмбæхстдæр æнкъарæнтæ, иууыл уаздæр бæллицтæ, æмæ уыдон æвдисынæн хъæуы фидар дæснйиад – уым бæлвырдæй разыны поэты хъару».[3] Æмæ уыцы хъаруйæ нæ поэт уыдис æххæст. Цахæмфæнды темæйыл фыстаид, алы хатт дæр архайдта фæлгонцтæ ныв кæныныл, цæмæй йæ дзуринæгтæ нывтæй баззадаиккой адæймаджы хъуыдыйы. Æмæ уыцы æвæджиаг хъуыддаг йæ къухы кæй æфтыд, уый бæрæгæй зыны ацы æмдзæвгæйы дæр. Кæд йæ хъайтар, йæ уарзтæй фæхицæн, æрхуым у, уæддæр ын, иуæй-иутау, цыфыддæр æлгъыстытæ нæ хъары, фæлæ нын уалдзæджы æрцыдæй уырнын кæны, цардæн фæуæн кæй нæй, кæй цæуы размæ.

Джыккайы-фыртæн æнæуынон уыдысты, адæймаджы номыл дæлæмæ чи хæцы, дæлдзиныг æй чи кæнынц, ахæм хъуыддæгтæ. Йæ ныхас-иу хаттæй-хатт уымæн фæкарз кодта. Уымæн æмæ каст йæ алыварс, нæ царды нын уыдта не 'гуыдзæг ахаст. Уайдзæфтæм-иу нын уымæн ахызт: «Дихтæ цы адæм сты, уыдон вæййынц знæгты амæттаг. Ныууадзæм нæхицæй æппæлын æмæ æвронгæй акæсæм нæ ивгъуыд заманмæ. Цы ис нæ таурæгъты, нæ

[1] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Æхсæвы æртытæ. – Дзæуджыхъæу, 1990. – 133 ф.
[2] Х о з и т ы Б а р и с. Поэты сагъæс æмæ уарзты цин / Рæстдзинад, 2000. – 26 февраль.
[3] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Курдиаты æнæхуысгæ цæхæр / Рæстдзинад, 2006. – 22 ноябрь.

зарджыты? Ӕрмæстдæр æфхæрд. Тых кæнынмæ нæм цыдысты, зивæг чи нæ кодта, уыдон се 'ппæт дæр. Хуссары нын нæ туг цъырдтой гуырдзыйы æлдæрттæ, Цæгаты нæ æвирхъауæй æфхæрдтой кæсæджы æлдæрттæ, сыгътой нæ хъулгъа. Сæ ныхмæ-иу æрлæууыдысты иугай хъайтартæ, фæлæ иунæг æфсад нæу, æмæ зарджытæ-хъарджытæ кодтам нæ хæсгæ мæрдтыл».[1]

Уыцы хъайтартыл барста, рæсугъд æмæ сæрыстыр чи у, йæ ныхыл Бонвæрнон кæмæн сыгъд, «цагъар, сæлхæр æмæ æлгъыстыл» йе стырдзинад дис кæмæн æфтыдта, ахæм æцæг адæймаджы. Уый ницæйæгтыл тыхсгæ кодта, барвæндæй сын сыгъдис цырагъау, фæлæ: «Тæппуд хъæбатырæн нæ бары, Хæрзконд цæстысындз у рыгъдæн». Царды æппæт фыдтæ æмæ дудгæбæттæ уырдыгæй цæуынц. Адæм сæ хуыздæры ныхмæ дуртæ уымæн фæтулынц, бæрзæйсæттæн уæрмытæ йын уымæн фæкъахынц, уый мæнæй цæмæн у хуыздæр, зæгъгæ. Шамил та гом кодта адæмы цæстытæ. Катайгæнгæйæ уымæн дзырдта: «Революци куы фæуæлахиз, уæд ирон адæмæн дæр скодта паддзахад. Иу нæ, фæлæ дыууæ! Мах царциаты адæм стæм – иу нын фаг ницæмæй у, алцы дæр нæм ис дыууæ. Дыууæ Иры, дыууæ дины, дыууæ 'взаджы. Ныр та дыууæ паддзахады. Кæрæдзийæ бынтондæр фæхицæн стæм. 38-æм азы дыууæ дихы фæци нæ алфавит дæр, æмæ дыууæ Иры кæрæдзийы чингуытæ дæр нал кастысты».[2] Поэтæн йæ катай ууыл уыд: «Мæ разы байтыдтой цъæх гауыз, Хуыдтой йæ кадвæндаг мæнæн. Нæ загъта иунæг уд дæр – хауыс! Йæ быны разындис ингæн». Адæймаг адæймаг уæд у, сæрыстырæй алы фыдты сæрты ахизынмæ йæ уд куы хъара. Шамил ахæм уыд. Мамиаты Изетæ зæгъы: «Нæртон хæрзæгъдау æмæ æхсарыл рацæрынæй амæлынмæ дæ уд хъардтай, Шамил, дæ судзгæ мæт уыди Ирыстоны абон æмæ сом».[3] Ахæм адæймагæн ингæныл гауыз байтау! Раст загъта: «Цагъар сæрибарæн нæ бары, Цæргæсы знаг хоны уызын» («Адæймаг»).

*Ӕхсынц мыл сусæгæй къуыбæрттæ,*

---

[1] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Хъуыдытæ… / Рæстдзинад, 2000. – 26 февраль.
[2] Уый дæр уым.
[3] М а м и а т ы И з е т æ. Фæцæуы, Ир, дæ намысы зæд дард // А в т о р ы к о л л е к т и в. Арв. Цæссыг. Стъалы… – Дзæуджыхъæу, 2012. – 60 ф.

*Цæвынц мæ сыгъдæг ныхыл цъыф.*
*Тæдзы мæ туг, æмæ хæлæрттæ*
*Сæ роны агурынц æхсныф.*

*Нырма уæддæр хъæцын мæ рыстыл,*
*Сæттын сыгъдæг фæндтæй мæ зын.*
*Æз дæн пехуымпарау сæрыстыр,*
*Мæ ныхыл дзуары нывхæссын.*[1]

Хурæргомæй уынæм, поэты лирикон хъайтар, кæд, кæй сæрыл хæцы, уыцы саузæрдæ, чъизи адæм ын ингæн къахынц, уæддæр сæ бон нæу йæ баныгæнын. Уымæн æмæ рæстдзинад уый фарс у. Йæ «ныхыл дзуары ныв» чи хæссы, уымæн нæй басæттæн, ныддæлдзиныг кæнæн, цъыфы йæ сызмæнтæн. Уымæн æмæ уый сæ Хуыцауы хай у. Абайты Арбилянæ зæгъы: «Зын уавæрты бахаугæйæ, адæм фенхъæлмæ кæсынц сæ фарны лæгты ныфсы ныхасмæ».[2] Уый Шамил тынг хорз зыдта: «Цавæр хæрзтæм бæллын? Бирæ хæрзтæм. Хæрзтæй фаг æмæ æфсис нæй. Мæн хъæуы стыр курдиат, нæртон хъару, куырыхон зонд. Æз бæллын сæрибармæ!.. Фæлæ ис дыууæ хорзы, сæйрагдæр чи у, ахæмтæ: Ирыстоны амонд æмæ ирон адæмы фарн».[3] Поэт йæ уд хъары хорз аразыныл, æбузын адæм та йын ингæн къахынц, сайдæй йæ уым хъавынц ныххуыдуг кæнынмæ. Æмæ уый æнæнхъæлæджы нæу. Йæхæдæг дзырдта: «Ме сфæлдыстады арæх пайда кæнын фольклорон фæлгонцтæй».[4] Æмæ уыцы хъуыддаг уынæм æмдзæвгæйы. Уацмысмæ адæмон сфæлдыстады аивтæ комкоммæ куынæ хæссай, дæхи джиппы сæ куы уадзай, уæд æй исынц бæрзонд. Уыдон нæ йæ афоризмтимæ рæнхъæй-рæнхъмæ уымæн сайынц сæ фæдыл. Æнæуæндгæ йыл нæй, йæ зæрдæйы

[1] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Саст дзæнгæрæг. – Дзæуджыхъæу, 2000. – 350 – 351 ф.
[2] А б а й т ы А р б и л я н æ. Джыккайты Шамил: «Æз бæллын Ирыстоны амонд æмæ ирон адæмы фарнмæ» / Рæстдзинад, 2007. – 31 май.
[3] Уый дæр уым.
[4] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Цæй фæдыл у цъиувæдис? / Рæстдзинад, 2008. – 1 ноябрь.

сусæг дзуринæгтæ нын стыр цины хуызы æргом кæны («Æртæ урс дуры Дзомагъæй æрхастон…»):

*Æртæ урс дуры Дзомагъæй æрхастон…*
*О, ме скæнæг, цæй амонддзжын дæн æз!*
*Нæ зæххæй мæм æртæ хорзы æрхаудта:*
*Йæ рыст, йæ маст æмæ йæ уарзт.*[1]

Шамилы лæгæй-лæгмæ чи зыдта, уыдон ын йæ ныхасыл нæ фæдызæрдæг уыдзысты. Кæддæриддæр йæ хъуыды уыд æргом: «Я считаю, уверен, что сегодня самая главная государственная задача – защитить Осетию, ее целостность».[2] Йæ уды Ирыстонмæ, уæлдайдæр, йæ райгуырæн уæзæг Дзомагъмæ цы ахаст уыдис, уымæн абарæнтæ ницæимæ ис. Адæм куыд акæнынц, Дзомагъы уарзтæй сулæфын дæр нæ фæрæзта. Фæкæс, æмæ йын, дзырдаивады уыдаид, царды, фадат фæуа, æмæ Дзомагъы кой ма скæна, уый гæнæн нæ уыд. Куыд быхстаид, йæ дзæнæты къуым кæй федзæрæг, уый! Уæдæ йыл куыннæ фыстаид æмдзæвгæтæ: «Ныгъуылынц Дзомагъы къуылдымтæ…», «Изæрмилты Дзомагъы уæзæгыл», «Дзæнæты дæн æви уæлæуыл?..», «Мæ куывд», «Фæлгæсæны»… Иу сæ кæны иу стыр хъуыддаг – Фыдыбæсты уарзт арвы æмбæрц исын, нæ дзыллæйы кад æмæ фарнæй сæрыстыр уæвын. Поэт нæм йæ уацмысы сæйраг хъуыды – Ирыстоны рыст, маст æмæ уарзт афтæ хæссы, цæмæй йыл чиныгкæсæг уа æнувыд. Йæ хъуыды уыд: «Народ наш отличается удивительной жизнестойкостью. В недрах его рождаются таланты и герои, простые, но благородные души».[3] Алы хатт дæр йæ хæсыл нымадта уыцы сыгъдæг удты Фыдыбæстæйы уарзт, ирон фарн æмæ сæрыстырдзинад хъал кæнын. Куыд куырыхон хистæр, афтæ алы хатт дæр лæууыд кæстæрты сæр, амыдта сын рухс цардмæ фæндаг царды, аивады, зонады. Уый йын Хуыцауæй лæвæрд уыдис.

---

[1] Д ж ы к к а т ы Ш а м и л. Саст дзæнгæрæг. – Дзæуджыхъæу, 2000. – 6 ф.
[2] Т а у т и е в а Т. О чем болит сердце поэта Шамиля Джикаева / Северная Осетия, 2005. – 20 май.
[3] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Язык есть исповедь народа / Северная Осетия, 2002. – 20 август.

Цæрукъаты Владимир афтæ: «Книги Шамиля открыли для меня новый поэтический, светлый мир. В них все, как в действительной жизни: зло и добро, ненависть и любовь, пожелание и проклятие, смерть и жизнь… В них тьма и свет. Он говорит о самых острых проявлениях жизни человека и природы, рисует страшные картины, жизнь попадает в зависимость смерти…»[1] Шамил Шамил нæ уыдаид, царды кæрон мæлæтæй аразгæ у, зæгъгæ, адзалы раз æдых стæм, уыцы хъуыдыйыл куы ныллæууыдаид, уæд. Валодя загъта: «…но тут опять пробивается свет и побеждает. Это бывает: где – последний мерцающий свет надежды, где – свет, пробивающийся из-под черных скал, где – костры чабанов на родной дзомагской возвышенности, а где – искры из под копыт коня скачущего всадника».[2]

Шамил цардæн тых митæ нæ кодта. Æвдыста йæ, куыд у, афтæмæй. Æцæг, романтиконæй. Дзуццайы-фырт загъта: «Шамилы реализм у уæлвонг, базырджын, романтикон, фæлæ уæддæр зæххон реализм».[3] Уæд, чи зоны, афтæ зæгъæн дæр ис – Шамил уыдис реалистон романтик?

Æниу, «соцреалист» чи нæ уыдис, уымæн аивадмæ йæ фæндæгтæ алырдыгæй æхгæд куы цыдысты, уыцы рæстæг, – табу – Хуыцауæн, – раджы фæцис, кæд Шамил уæд дæр уæлæрвты тæхæг пегасæй арæх нæ фистæг кодта, уæддæр. Афтæмæй йæ удæгасæй кæд бирæ алыхуызон чингуытæ сарæзта, уæддæр æрмæст поэтикон æмбырдгæндтæ рауагъта аст.

Нæ кадджын фыссæг æмæ ахуыргонд, æцæг ирон лæгау-лæг Джыккайты Шамилы ном Ирыстоны чи нæ зыдта кæнæ чи нæ зоны, ахæм адæймаг ссарын, æвæццæгæн, алкæмæн дæр фæзын уыдзæнис. Йе сфæлдыстон куысты райдайæны йæм хицæуттæ зул цæстæй кастысты, фæлæ уый уыдис рæстæгмæ. Йæ зæрдиаг литературон сфæлдыстадон æнтыстыты тыххæй йын иу æмæ дыууæ хорзæхы лæвæрд не 'рцыд. Саккаг ын кодтой Хетæккаты Къостайы номыл паддзахадон преми (чиныг «Æхсæвы æртытæ»-йы тыххæй, 1992 – Хъ. М.)… Ирон литературæйы рæзтмæ йын йе стыр

[1] Ц а р у к а е в В л а д и м и р. В мир счастья дороги идет через светлое сердце мое / Советская Осетия, 1990. – 2 март.
[2] Уый дæр уым.
[3] Д з у ц ц а т ы Х а д з ы-М у р а т. Уынгæгбоны сагъæстæ. – Дзæуджыхъæу, 2010. – 85 ф.

бавæрæны тыххæй 2000 азы 4 декабры лæвæрд æрцыд Республикæ Цæгат Ирыстон – Аланийы адæмон поэты кадджын ном.[1] Уæддæр, Шамил «Амыраны зæрдæ»-йæ фæстæмæ йæ алы поэтикон чиныгæй дæр йæхицæн арæзта ивуыл стырдæр лæвар: «Сагъадахъ» рацыд йæ райгуырды 40 азы бонмæ, «Æхсæвы æртытæ» – йæ 50 азы юбилеймæ, «Саст дзæнгæрæг» – йе 'хсай азмæ, «Намыс» та – йе 'вдай азы бæрæгбонмæ. Афтæмæй, цыма йæхицæн лæвæрттæ кæны, фæлæ уыдон иууылдæр уыдысты æмæ сты йæ уарзон, бахъахъхъæнын æй чи нæ бафæрæзта, йæ хурхыл ын, зæххæй сисинаг дæр чи не сты, уыдонæн марæн кард æвæрын чи бауагъта, нæ уыцы æбузын ирон адæмæн, махæн. Истæимæ абарæн дæр кæмæн нæй, ахæм æгæрон стыр лæвæрттæ. «Æхсæвы æртытæ»-йы йæ ног æмдзæвгæтæм баппæрста, йæ фыццаг чингуыты цы хорз уацмыстæ уыдис, уыдонæй иу къорд. Æмæ рауад егъау, зæрдæмæдзæугæ чиныг. Афтæ бакодта иннæ чингуыты дæр. Цыдис хуыздæрæй хуыздæрмæ. Афтæмæй æфсæрмдзæстыг «Æфсарм»-æй[2] схызтис «Намыс»-ы бæрзæндмæ – йæ поэзийы æфцæгмæ: «Йæ алы дзырд – цыкурайы фæрдыг, йæ алы зæл урс саджы сыгъзæрин хъуынау зæлы æрвон зæлтæй».[3] Нæ бон у зæгъын: йæ хорзæхтæ йæхи лæвæртты цур рыг нæ калынц. Уыцы хъуыдыйыл бауæнддзæнис «Намыс» чи бакæса, уый. Чиныгмæ «Саст дзæнгæрæг»-æй цы дзæвгар уацмыстæ æрбацыд, уыдонæй Багаты Лади загъта: «Фæстаг рæстæджы фылдæр хатт кæсын Джыккайты Шамилы поэтикон уацмыстæ, цыма сæ Къостайы мондæгтæ исын, афтæ».[4]

Шамил æвнæлдта æмæ дзырдта ирон зæрдæйы иууыл судзагдæр фарстытæм. Йæ наци чи уарзы, уый уды рæбынтæ ма цæвой йæ дзуринæгтæ, уый гæнæн нæй. Йæ хъуыды у æргом: «Кæдæм лидзыс, кæмæн уадзыс дæ хъæу? Кæйдæр фæсдуар æрцæуæггаг цы 'мбулы?» («Лидзæгæн»):

*Дæ рухс къæсæрыл ма 'рбауадз фыдгулы,*

[1] Хурзæрин, 2001. – 11 апрель.
[2] Х ъ о д з а т ы Æ х с а р. Фыццаг балц зæрдæтæм / Рæстдзинад, 1964. – 1 март.
[3] Г а б и с о в а С в е т л а н а. Плачь о друге // А в т о р т ы к о л л о к т е в. Арв. Цæссыг. Стъалы… – Дзæуджыхъæу, 2012. – 60 ф.
[4] Б а г а т ы Л а д и. Къостайы мондæгтæ сæ исын / Пульс Осетии, 2006. – № 37 – 38. – Сентябрь.

*Дæ ауæдзыл хæстон мæсыгау лæуу!*
*Æндæр ран цард – уый зон! – лæджы цард нæу!*
*Нæй рахæссæн фыды зæххæн дзæкъулы.*[1]

Æмдзæвгæйæн эпиграммæйæн æрхаста нæ фыдæлты æмбисонд: «Тулгæ дурыл хъуына нæ хæцы». Æмæ афтæ кæй зæгъы: «Нæй рахæссæн фыды зæххæн дзæкъулы», – уый зæрдыл лæууын кæны, францаг революцийы архайæг Жорж Жак Дантонæн йæ хæлæрттæ куы уынаффæ кодтой, зæгъгæ, ардыгæй алидз, цæмæй де знаг Робеспьеры къухы ма бахауай, уæд сын дзуапп радта: «Фыдыбæстæйæн цырыхъы бынтыл ис ахæссæн?»[2] – уый.

Нæй йын ахæссæн дзæкъулы дæр. Æмæ йын, бæргæ, Гæбæраты Юри æвæрдта ныфс, зæгъгæ, «фыды зæххæн зæрдæйы хæссæн ис»,[3] – фæлæ сæ дыууæ дæр тынг хорз зыдтой, уый æрмæстдæр зæрдæвæрæн кæй у.

Шамил куы федтаид, «кæйдæр фæсдуар æрцæуæггаг цы» бынтæ рамбылдта, уыдонæй нæм бирæтæ нып стыр бынæттæ куыд æлхæнынц, йæ «ауæдзыл хæстон мæсыгæй» чи лæууыд, уыдон бæрзæйтыл сæ хъуынджын арм куыд æвæрынц, уыдæттæ, уæд ын йæ намыс бынтон æндæрхуызон уацмыстæ фæлдисын кæнид. Æмæ та зæгъид: «Лæг кард лæджы хурхмæ кæм дары, Уым нæй лæмæгъ уæвæн лæгæн!» («Фæстаг ныхас»). Чи зоны, ноджы карздæр, æгъатырдæр дзырдтæй. Уымæн æмæ А. Пушкины загъдау: «Я пережил свои желания…»[4] – йæ сагъæсты сæрты хызт кæддæриддæр.

Афтæ ма зæгъæм, ныртæккæ ирон поэзийы хурхæтæн азтæ ныллæууыдысты, уæд, куыд акæнынц – чъиуæуuилæг йæ гуыбын сайы. Фæлæ æцæг фыссæг æмæ адæймаг намысимæ куы цæуа литературæйы сыгъдæг галуанмæ, уæд уый стыр фарны хабар у. Æмæ цинагыл цин кæнын æмбæлы. Æгæрыстæмæй, дæ ныхмæлæууæджы цинаг куы уа, уæд дæр. Хæларæн йæ ном йæ уæлæ ис – йæ мастæй дæр нæй æмбæхсæн, йæ цинæй дæр. Цин кæнынæн чи нæу, уымæ мæнæ-мæнæ стыр диссæгтæ саразынмæ

[1] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Саст дзæнгæрæг. – Дзæуджыхъæу, 2000. – 146 ф.
[2] A u l a r d F. A. Le grands Francais/ Danton. 2 ed. – p. 1877.
[3] Г æ б æ р а т ы Ю р и. Фыды зæххæн зæрдæйы хæссæн ис / Хурзæрин, 2005. – 26 март.
[4] П у ш к и н А. С. Собр. соч. в 10 т. Т. 1. – М., 1974. – 137 ф.

кæсæн нæй. Нæ зæрды дзырд цы чиныгыл æрыфтауын ис, ууыл нырыккон ирон поэзийы æнæмæнг æмбæлы баузæлын, чи йæ нæма федта, уыцы адæммæ йæ, хуыздæр куыд уыдзæнис, уыцы хуызы фæхæццæ кæнын.

Чи йæ зоны, уыдон иунæг дзырд «намыс»-æй фæхатыдысты нæ дзырд, Шамилы нын йе 'вдай азы юбилеймæ цы чиныг, – «Намыс»,[1] – уæзгæ поэтикон æмбырдгонд балæвар кодта, ууыл кæй уыдзæнис.

Намыс – уый адæймаджы удварн, йæ сыгъдæг миддуне æмæ æмткæй цардмæ йæ ахастыл, йе 'гъдауджын, фæрнджын ахастыл дзурæг у. Намыс адæймагмæ кæнæ вæййы, кæнæ – нæ. Фæлæ фылдæр хатт æнæгъдау адæймаг фылдæр фæкæны намысы кой. Афтæмæй, æнæфыст æгъдæуттæм гæсгæ уыцы фарны дзырд зæгъыны бар алкæмæн ма хъуамæ дæттиккам. Шамил цы цардвæндагыл рацыд, Шамил ирон адæм æмæ Ирыстонæн цы лæггад бакодта, уыдонмæ гæсгæ йын йæ цæхæртæкалæг ныхыл дæр ныффыссæн уыд нæ ирон фарны дзырд – НАМЫС. Йæхæдæг дæр нæ загътаид «нæ». Уымæн æмæ йæхицæй æгæр бирæтæ зыдта. Мамиаты Изетæ зæгъы: «Иу цæмæйдæр ма стъæлфы зæрдæ. Куыд тынг-иу тыхстæ: Иры хъыгтæй рафтыдтæн…», «Цæгъдын мæ удæй къуырматæн дзæнгæрæг», «Ныффæсус дæн дзæгъæлы хъæрæй æз»… Гъе æмæ дæ кæд, мыййаг, ам дæ хъæр-сидтмæ уанæбæрæг куы ничи хъусдарæг уыди, уæд фехъуысти Хуыцаумæ».[2] Намысæн æнæ хъусгæ, æнæ уынгæ нæй. Шамил йæ поэтикон уæзгæ, цæстыахадгæ чиныг хуымæтæджы не схуыдта «Намыс».

Чиныг бæрзонд дзырд «сыгъдæг»-æй кæй райдыдта, уый дæр нæу хуымæтæджы. Поэт табу кодта сыгъдæг сонетæн – поэзийы уæздан фарнæн, æнусты тарæй йæм ныфсæн кæй цыд, йæ тыхыл ын тых кæй æфтыдта, уый тыххæй. Æмæ йæ, мыййаг, нæ агуырдта «гæнах кæнæ цыртæн». Йæ удæй йæ уыд ныфс – «мæхæдæг сау цин раскъуындзынæн цардæй…», – фæлæ, цæмæй стыр диссæгтæ аразынæн суыдаид, уый тыххæй йæм хатыд: «Ысcудз мæ уд Амыраны цъæх артæй, Рæстдзинады пехуымпар мæ ыскæн!» Алчи афтæ нæ

---

[1] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Намыс. – Дзæуджыхъæу, 2010.
[2] М а м и а т ы И з е т æ. Фæцæуы, Ир, дæ намысы зæд дард… // А в т о р т ы к о л л е к т и в. Арв, цæссыг. Стъалы… – Дзæуджыхъæу, 2011. – 59 ф.

нымадта,[1] уæддæр Шамил фидарæй зыдта, зæгъгæ, З. И. Плавскийы загъдау: «ни одна твердая форма по популярности и распространенности не сравнится с сонетом».[2] Уыцы дурынвидар формæйы уымæн агуырдта рæстдзинад. Йæ дзырды сæр уыд йæхи æмæ сыгъдæг рæстдзинады номæй йæ цин æмæ йæ рис, йæ раттæг, йæ уромæг фыдыбæстæ Ирыстонмæ: «Дæ цард ыснæуæг тох æмæ фæдисы…» («Ирыстон»). Поэт йæхи, йæ фыдыбæстæйы цардвæндагæй зыдта – ацы мæнгард, фæлæ фæрнджын дунейы цард æмæ фарн ссарæн ис æрмæстдæр æгъатыр тохы фæрцы. Æмæ сæрыстыр у, йæ мадæлон æвзаг удвидар кæй у, басæттæн, ныддæлдзиныг кæнæн ын кæй нæй. Æрмæстдæр йæхи æгæрон тыхы фæрцы кæй у цæрæтдзаг. Уый фæрцы цæуы размæ. Васо загъта: «Ирон æвзаг у, хъуыдыйы æмæ æнкъарæны тæккæ лыстæгдæр æмæ уæздандæр фæзилæнтæ равдисынмæ чи арæхсы, ахæм æнæаипп, рæвдз æмæ коммæгæс хотых».[3] Шамил «Мадæлон æвзаджы» зæгъы:

*Ды – арвы цæссыг. Уый ныхмæ цы сты*
*Æнуд æнтæф, сындзын арт æмæ уадæг?*
*Ды дæ нæ туг, нæ уды рухс, нæ кадæг,*
*Нæ фарны гæнах сыгъд æмæ хæсты.*

*Ныхасыс ды дæ бæркадæй фæлтæрты,*
*Хæссыс нæ цардæн фидауц æмæ уаг.*
*Быркуыйау байгом ног дуджы дæ зæрдæ,*

*Тæхуды, уымæй чи баназдзæн фаг!..*[4]

Уыцы символикон, романтикон уаз дзуринæгтæ нæ поэтмæ цыдысты нæ царддæттæг, нæ удсыгъдæггæнæг, æврæгътыл нæ сæртæ кæй цинæй

---

[1] Д з у ц ц а т ы Х а д з ы-М у р а т. Уынгæгбоны сагъæстæ. – Дзæуджыхъæу, 2010. – 245 ф.
[2] П л а в с к и н З. И. Четырнадцать магических строк // Западно-европейский сонет. – Л., 1988. – 4 ф.
[3] А б а й т ы В а с о. ??????????????????????????????????Мах дуг. 1989. – № 5. – 25 ф.
[4] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Намыс. – Дзæуджыхъæу, 2010. – 6 ф. Дарддæр Шамилы æмдзæвгæтæй цæвиттонтæ иуулдæр хаст цæуынц ацы чиныгæй.

хафæм æмæ æрдзæ-æрдзæ, æрдзæ-сæдæ азты фæцудынæй кæмæн нæ тæрсæм, уыцы мадæлон æвзаджы тыххæй. Абайты Васо ирæттæй загъта: «Что же сохранили они от своего далекого прошлого? Два бесценных сокровища: язык и эпос».[1] Æмæ нæ удты фарн – æвзаджы тыххæй уыцы уаз дзуринæгтæ Шамилæн æрмæст йæхи нæ, фæлæ йæ бирæ чиныгкæсджыты дæр æфтауынц сыгъдæг бæллицтыл. Йемæ нæ уырны, æцæгдæр «нырама нæ удæвдз къæбицы æвæрд» кæй у, ирон æвзаджы фарнæй та «нæ Уацамонгæ – дзаг».

Поэт 1972 – 1977-æм азты уыцы æмдзæвгæ куы сфæлдыста, уæд ЮНЕСКО-йæн ирон æвзаг, XXI-æм æнусы чи амæлдзæнис, уыцы æвзæгты номхыгъды нæма уыдис, фæлæ поэт-романтик алы хатт дæр фæндвидар уыд. Нæ мадæлон æвзагыл дзыназынæй йæ Стыр Хуыцау бахызта. Кæуынæй цард нæ фылдæр кæны. Ирон æвзагæн тъизыны бæсты йæ зынджытыл тулдз æндзарæнтæ æмбæлы æрæвæрын, цæмæй йæ арт ногæй ныггуыпп кæна цъæх арвмæ æмæ йæм судзой нæ фыдызнæгты рахауинаг цæстытæ.

Уый тыххæй поэт не 'вгъау кæны нæдæр йæ бæрзонд ныхас («дзæмдзæмы суадон», «тар æнустæ», «æлутон куывд æмæ куысты», «ды – арвы цæссыг», «сындзын арт æмæ уадæг»…), нæдæр – йæ поэтикон рæсугъд фæзилæнтæ («Быркуыйау байгом ног дуджы дæ зæрдæ, Тæхуды уымæй чи баназдзæн фаг!.. Нырма нæ удæвдз къæбицы æвæрд у, Нырма дæуæй нæ Уацамонгæ – дзаг»), нæдæр – кæлæнгæнæг метафорæтæ æмæ эпитеттæ…

Æвæццæгæн, Шамилы поэзи хорз чи зоны, уый фæхатыдаид, йæ рагфыст æмдзæвгæты кой йын кæй кæнæм. Поэты чиныг рацыд йæ райгуырды 70 азы юбилеймæ æмæ райдыдта, йæ раздæры чингуытæм, номхуындæй та, «Æхсæвы æртытæ» æмæ «Саст дзæнгæрæг»-мæ цы поэтикон уацмыстæ бахаста, уыдон равзаргæдæртæй. Уыдон та афтæ рæсугъд, афтæ аивтæ æмæ тыбар-тубургæнаг сты æмæ сæ адæймаг не 'фсæды кæсынæй. Хъодзаты Æхсар ын йæ рагæмдзæвгæты иу уацы уымæн бары хæххон тæлтæг дæтты зарджытимæ, цъититы сатæг улæфтимæ, къæбæлдзыг дзыкку бæлæсты

---
[1] А б а е в В. И. Скифы и осетины // Г е р о д о т. Мелпомена. – Владикавказ, 1991. – 6 ф.

æхцон зардимæ, альпаг угæрдæнты адджын тæфимæ.[1] Йæ бæстæй цардагур фæлидзæг поэтау, махæн дæр нæ цæстытыл уайынц, куыд «Ныгъуылынц Дзомагъы къуылдымтæ Фæлмæн изæрмилты фæлмау» æмæ йемæ цин кæнæм мах дæр, йæ рагбонтæ фынау кæй уыны, ууыл. Уарзын æмæ худын кæй фæнды, ахæм адæймаг царды æвæджиаг фарстытæм арфдæр кæсы, хуыздæр сæ фембары, уымæ гæсгæ фæзоны, цы уыдис, цы ис æмæ цы уыдзæнис, уыдæттæ. Æмæ сæ адæмæн куырыхон зондæй куы фæдзуры, уæд æм чи хæлæг фæкæны, кæмæн йæ мæгуыр авналæнтæ нæ феххæссынц уый зонды кæрæттæм æмæ йыл куыдхуыздæронæй фæкалынц цъыф. Тæхудиаг, бынтон тæхудиаг у, поэзи йæ лыстæг сойцъирæн уидæгты онг лыстæггай чи æмбары, йæхицæн дзы цатыр чи кæны, хор-доны бæсты кæмæн цæуы! Нæртон куывды бадынæй алæмæтон поэзийы пæр-пæргæнаг базыртыл тæхын удæн цас æхцондæр у, уый зæрдæйæн йæхицæй дарддæр никуы ничи фæзоны.

Æмæ Шамилы бон, тынг-иу æй куы бафæнды, уæд, – табу – Хуыцауæн, – уыд ахæм æхцонхæссæг æмæ зæрдæ уидагмæ æнкъуысынгæнæг поэтикон уацмыстæ фæлдисын. Йæ фыдыуæзæг, йæ раттæг адæм æмæ, табуйаг цы у, уыдоныл чи тайы æмæ руайы, ахæм адæймаджы бон тынг бирæ диссæгтæ æмæ тæмæссæгтæ саразын у. Æмæ Джыккайы-фырт уыцы стæм адæймæгтæм кæй хауд, уый дызæрдыккаг никæмæн у. Соттиты Риммæ мысы: «Кæддæр, дам, Афины адæм Сократы хæцаг дзынга схуыдтой. Уый сын æргом кодта сæ хъæндзинæдтæ, æмæ-иу сын къогъойы хæстау дудгæ рыст кодтой. Сæ бон дзы куы нал уыд, уæд ын цикутайы марджы къус бануазын кодтой. О мæ дзæбæх æмбал!.. Дæ æргом ныхас дæр цал хатты уыдис кæмæндæр дзынгайы фæхæстау… Цал æмæ цал хатты бахъуыдис-иу дæу зонды хъама сласын, цæмæй рæстдзинадыл къæм ма абада…».[2] Фæлæ алкæй не ‘лхыскъ кодта. Гуылæрты Барис зæгъы: «Шамил-поэт йæ адæм æмæ Хуыцауы раз уыд раст».[3] Иры зæххыл ын алчи дæр æмæ алцы дæр уый тыххæй уыд баузæлинаг

---

[1] Х ъ о д з а т ы  Æ х с а р. Фыццаг балц зæрдæтæм / Рæстдзинад, 1964. – 15 июнь.

[2] С о т т и т ы  Р и м м æ. Арвы дзæнгæрджытæ // А в т о р т ы  к о л л е к т и в. Арв. Цæссыг. Стъалы… – Дзæуджыхъæу, 2012. – 57 ф.

[3] Г у ы л æ р т ы  Б а р и с. Нæ нæм хъуыст фыдохы йæ фæдис // А в т о р т ы  к о л л е к т и в. Арв. Цæссыг. Стъалы… – Дзæуджыхъæу, 2012. – 76 ф.

æмæ кады аккаг. Ӕгæрыстæмæй поэт кæны «Авдæны зарæг назы талайæн». Раст ын цыма алæмæтон аргъæутты сыгъзæринкоцора лæппу басгуыхт æмæ йе ‘гæрон цинæй нал уыд. Стæй, цахæм авдæны зарæг!

*Ис дæ хъæбысы æхсæрæг,*
*Фæзы нал ызмæлы хъæз…*
*Фæлæ мæй цæгъды дзæнгæрæг…*
*Маммæй дæ фæдзæхсын æз…*
*Тагъддæр рæз!*

*Айрæз. Ног аз та æрхæстæг,*
*Мамм та хъæдбынты хæты.*
*Бады уый уаты цъæх фæздæг,*
*Уым кæрдæгхуыз уд сæтты…*
*Айрæз ды!*

Ӕрдз сабыр кæй у, рæдзæ-мæдзæ кæй кæны, назы тары æхсæрæг кæй æмбæхсы, уый зæрдæхцон хæссы поэтæн, «фæлæ мæй цæгъды дзæнгæрæг», æмæ назы фæдзæхсы маммæй. Ног аз æрхæстæг, фæлæ тæфæбойнаджы мамм хиты æд фæрæт. Фыдбылызæй æнæмæнг хи æмбæлы бахизын, фæлæ ныр куы фервæза маммæй, уæддæр тагъд зазхæссæн уыдзæн æмæ та уæддæр кæйдæр зæрдыл æрлæудзæнис назы хих. Уæддæр та йæм чидæр сысдзæнис æмæ фæзындзæнис æд фæрæт. Бирæгъ фысдзармы дæр бацæуы.[1] Афтæмæй, «йæ бахудт фæлмæн æмæ рæвдаугæ кæмæн уыд, йе сныхас зæды узæлдау, йæ удыконд æмæ лæджыхъæд арвайдæны тынтæй нывæст кæмæн уыдысты, уый йæ уарзæгой зæрдæ дудгæ æмæ мæстæлгъæдæй ахаста æнусон бынатмæ».[2]

Поэтæн адæймаг æмæ назы тала сты иу кæуинаггаг уавæры. Фыддуджы назы талайæн уымæн кодта авдæны зарæг. Раст цыма нæ эрæйы агъоммæ 6-

---

[1] М а т ф. 7, 15.
[2] Г у ы л æ р т ы  Б а р и с. Нæ нæм хъуыст фыдохы йæ фæдис // А в т о р т ы  к о л л е к т и в. Арв. Цæссыг. Стъалы… – Дзæуджыхъæу, 2012. – 76 ф.

æм æнусы кæрон – 7-æм æнусы райдайæны рагон-бердзенаг философ-диалектик Гераклит Эфосскийы зондыл хæст уыд: «Мышление – великое достоинство, и мудрость состоит в том, чтобы говорить истинное и чтобы, прислушиваясь к природе, поступать с ней сообразно».[1] Æрдз Джыккайыфыртæн, адæймагау, æгас уд уыдис. Цыфыддæр фыдтæй хызт нæу. Йæ бавæрын махмæ хауы. Мах ыл, алы удæгас удау, раст хи рæзгæ кæстæрау, куынæ аудæм, нæ уды æхцонæн æй куынæгыл куы схæцæм, уæд ын сæфтмæ æнæрцæугæ нæй æмæ йемæ сафæм нæ удты сыгъдæг дæр:

*Цалх дæр атулы мæллæгыл,*
*Фос дæр уый хæрынц фылдæр…*
*Айрæз. …Ма сæмбæл фыдлæгыл,*
*Тагъддæр æврæгътæй уæлдæр*
*Сис дæ сæр!*

*Мит-гæлæбутæ дæ хихтыл*
*Уаз фынтау кæнынц пæр-пæр.*
*Пух гæбынайау та мигътыл*
*Ды æркъул кодтай дæ сæр…*
*Бирæ цæр!*

Диссаджы адæм сты нæ зонады иуæй-иу кусджытæ – зонад, дам, хус, иударон æвзаг вæййы, æрмæст хатдзæгтæ аразынæн у.[2] Æмæ йын йæ дзырдтæ куы раудæгас кæнай, куы стæлфой, уæд, дам, йæ хаддзæгтæ азгъæлдзысты. Нал сын уыдзæнис зонадон нысаниуæг. Ницы уал сæ баззайдзæн æмæ-ма уæд кæмæн кæдæм æвдисынæн бабæздзысты, зæгъгæ. Афтæмæй Абайты Васойы уацтæ Къоста, Секъа, Малиты Георгийы тыххæй эмоцийæ æмдзаг дзуринæгтæй æмбисондæн дзуринаг сты; В. Белинский

[1] Э ф о с с к и й Г е р а к л и т. Материалисты Древней Греции. – М., 1955. – 51 ф.
[2] Ирон æвзаджы æмбарынгæнæн дзырдуат 4 т. Т. 2. – М., 2010. – 345 ф.

æмæ Н. Добролюбовы уацты дæнцæгтæ чиныджы фæрстæй цалдæргæйттæ куыбавæййынц,[1] уæд Шамилы ахæм аивадон уацмысы тыххæй адæймаг куыд бауромдзæнис йæ цины уæлмонц æнкъарæнтæ?! Адæймаг адæймаг уæд свæййы, йæхи удау æй куы райдайы æндавын йæ алыварс дуне. Бæсты сæфт кæй не 'ндавы, уый адæймаджы стыр номмæ хорзæй дæр, æвзæрæй дæр цы бар дары? Адæймаджы ном æмæ бæстæйы ном сæ кæрæдзиимæ афтæ æнгом баст сты æмæ сæ кæрæдзийæ фæхицæн кæнын цыфæнды фыдлæджы бон дæр нæ бауыдзæнис. Нæдæр хицæн кæнинаг сты. Уæлдайдæр поэзийы. Шамил дзырдта: «Поэзи арвæрдыны хуызæн у – нæй йæм къухæй æвналæн, нæй йæ сæрты агæпп кæнæн».[2] Адæмыл, цæрæгойтыл, æрдзыл аудын – уыдон дунейы, стæй ирон литературæйы ног рагæй нал сты. Шамилæн сæ йæхи сфæлдыстады бирæ дæсгай уацмысты ис сæмбæлæн. Фæлæ, назы талайæн авдæны зарæг кæнай, уды къæрттау æй цардсафæг маммæй хизæй, уый фыццаг фæзынд уыд ирон поэзийы. Литературон критикæйы зæрдæмæ уый тыххæй фæцыд. Дзуццаты Хадзы-Мурат дзырдта: «Æрдз хъомысджын сæудæджерадон-техникон тыхтæй сæтгæйæ, йæ хæрзиуджытæ йын æнауæрдонæй исгæйæ, адæймагад æрæджыйау бамбæрста, зæгъгæ, æрдзыл ахæм зиæнттæ сæмбæлд, æмæ йын тас у сихсийынæй, уымæ гæсгæ дзы бацыд æрдз бахъахъхъæныны мæт. Адæм незаманæй фæстæмæ сæхи кæмæй хъахъхъæдтой, уый сын ныр сæхицæн хъахъхъæнинаг фæци. Уыцы уавæрæн Джыккайты Шамил ссардта аккаг поэтикон жанр – «Авдæны зарæг назы талайæн». Назы талайы хуызы æмткæй æрдзмæ кæсы, цыма сывæллонмæ, афтæ, дзуры йæм, ирон фольклор æмæ классикон поэзийы авдæны зарджыты фæлмæн, аудгæ хъæлæсыуагæй: «Айрæз… Ма сæмбæл фыдлæгыл». Поэт йæ уарзон ахаст æрдзмæ æвæры фыдлæджы хæрам ахасты ныхмæ».[3]

Уымæн нæ, æмæ нæ поэт йæхæдæг цыргъаг никуы райста йæ къухмæ. «Иу æргъом цъыхыры» йын æнæссаргæ нал уыд. Фæлæ йæ «куыстмæ» куы

[1] Б е л и н с к и й В. Взгляд на русскую литературу. – М., 1981. Сочинения в стихах и прозе Дениса Давидова. – 351 – 380 ф. Йæ цитатæ у 61 поэтикон рæнхъы, йæ куыст «Иван Андреевич Крылов»-ы та – 219 поэтикон рæнхъы.
[2] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Курдиаты æнæахуысгæ цæхæр / Рæстдзинад, 2006. – 2 ноябрь.
[3] Д з у ц ц а т ы Х а д з ы-М у р а т. Рæстæг æмæ литературæ. – Цхинвал, 1985. – 150 ф.

æрæвнæлдта, уæд: «Æфтыдта урс тæгæр сыфтæр, Æвдылди балты къох æхсыры». Фæлæ йæ уый нæ баурæдта. Æмæ, куы систа «балмæ цъалды, уæд ыстахт йæ дзыккутæй æхсинæг». Æваст ныффæдис кодтой бæлæстæ æмæ æрхаудтой уæд йæ кард, йæ синаг. Хадзы-Мурат уымæн загъта: «Æрдзмæ ахаст у адæймагмæ ахаст».[1] Адæймагæн сæйраджы-сæйраг у фыд архайдыл йæ рæстæджы къух сисын, æнагъæддаджы ми мауал дарддæр кæнын, æгæрыстæмæй, йæхи фыдæнæн куы уа, цыдæр ахсджиаг ми йын æрдæгыл куы æрлæууа æмæ йæ дзадджын гуыл хомæй куы зайа, уæддæр.

Æцæг лæгаулæгæн искæй удæн æхцон æрхæссын хи удæн къаддæр æхцон нæ вæйййы. Сугдзауæн бæлæсты фæдисмæ йæ къухæй йæ цъалды æмæ йæ синаджы ахаудыл уымæн у поэты цин: «Мæ сæрмæ ног ахстон уыдтон, Фæзынд мæм руха арвы дуар гомæй. Мæ уæхскыл абадти бæлон, Мæ гуыл нæ уæлкъæй баззад хомæй»[2] («Уыдтæн бæгуы сугдзау кæддæр…»).

Ахæм рæстæджы диссаг нæу кувын, кæд ирон поэзийы фыццаг куывдæмдзæвгæ Шамил не сфæлдыста, йæ райдайæн Колыты Аксомæ хауы, уæддæр поэт, йæ тæрттæ байтындзгæ, муртакк лæгау, йæ зонгуытыл лæугæйæ, афтæ лæгъстæ кæны цытджын Сæнамæ, ирæн царды хорзæх афтæ куры, цæмæй та æдзæрæг кæмтты ногæй сæндидза нæ зарæг, æрхæм зæрдæты батæлфа нæ маст, йæ ныфсæй нæ бауырны, мæрдырох кæй нæй Хазби æмæ Бегайæн, нæ ир сæ фæдисмæ иу лæгау кæй тырны; кæй лæууы «цæнгæтау Тогойтæн сæ мæсыг – фыдгул йæ дуртыл ма хафæд йæ къах». Шамил хорз зыдта: «Тогойтæн сæ сылгоймæгтæ дæр хæцыдысты».[3] Иугæр афтæ у, – уый та афтæ у поэты фæндонæй, – уæд стæм йæ сыгъдæг куывды фарс. Хизы нæ зæрдæты арфмæ æмæ йын кæнæм зæрдæбынæй «аммен»: «Быратой дæ бынтæм гунн æмæ хазартæ, Мæлæт нын хаста сау рынау Тимур – Сæ зæхх сын рæстæг дымгæмæ ныддардта, Кæсы ныр дæр мæ Иры сæрмæ хур».

Æмдзæвгæ 1989-æм азы Джиуæргуыбайы мæйы райгуырд, æмæ нæм уæд нæ фыдбоны сыхæгтæ цы сау фæндтимæ быратой, уый не ‘ппæтæн дæр

[1] Уый дæр уым.
[2] Д ж ы к к а й т ы  Ш а м и л. Намыс. – Дзæуджыхъæу, 2010. – 191 ф.
[3] Т ы б ы л т ы  А л ы к с а н д р. Уацмысты æмбырдгонд. – Цхинвал, 1988. – 289 ф.

зындгонд у. Уый тыххæй нæм цы бирæ журналисттæ фæзындысты, уыдонæй иу – «Московские новости»-йы националон проблемæты хайады редактор фыста: «На рассвете 24 ноября 1989 года я подходил к Цхинвал со стороны Гори… На прощание мой спутник (нæ «сабырадон митингхæсджытæй» – Хъ. М.) сказал: «Смотри, русский, когда мы войдем в Цхинвал, не гуляй – сиди лучше у своих родственников». – «А что будет?» – полюбопытствовал я. «В окно гляди – увидишь», – ответил он и ободряюще улыбнулся».[1]

Фæлæ Шамилы уацмыс, уæдмæ нæ поэзийы цы трафаретон схемæ сфидар, – нæ фыдызнæгты нымайын, цы фыдтæ нын уыдис сæ зæрды, уыдонæй куыд фервæзтыстæм, – уырдыгæй атыдта йæхи. Æмæ кæд нæ фыды зæхх «дыууæрдыгæй – зæйуаты» уыд, уæддæр æй фæдзæхсы Сæнайæн, цæмæй йын ракæна, фервæзæн ын цæмæй ис, уыцы арфæ: «Ыскæн нæ иры фаззæттау æмдзæрин, Цы нæ фесæфти, уыдон нын – æгъгъæд. Нæ рæхыс уæд æрвон тынтæй – сыгъзæрин. Хæрамæн уæнт нæ къæсæртæ æхгæд».

Фыссæг йæ дзырд зæгъынæй куы тæрса, уæд уымæй фыссæг нæй. Сервантес бердзенаг философ Платоны ныхасæй куыд спайда кодта: «Amicus Plato, sed magis amica veritas» – «Платон мæ хæлар у, фæлæ рæстдзинад зынаргъдæр у»,[2] – уыйау, Шамил рæстдзинад иууыл зынаргъдæрыл кæй нымайы, уый не ‘мбæхсы: «Куы сфæлмæцын, куы мæ бадомы зын, Мæ цæстытыл нæртон барæг фæуайы», æмæ йын мæйдар æхсæвы цæугæ куы вæййы, уæддæр æй, нæртон барæгау, «дзæгъæл арт фæсвæдмæ нæ сайы».

Æмдзæвгæйæн эпиграфæн хуымæтæджы не ‘рхаста Къостайы рæнхъытæ: «Хъæр мæрдтæм дæр хъуысы!»[3] («Катай»). Ирыстоны сæр куы бахъæуа, дзырд, уæм æви ма уæм, уæд нæ мæрдтæ дæр хъуамæ растой. Хъуамæ иууыл иумæ суæм нæ рухс фидæны – Сæрибары сæрыл удуæлдай тохгæнджытæ. Уый охыл сиды нæ Ирбæсты разагъдатæм: Къостамæ, Цæразонмæ, Хазби æмæ Бегамæ, Ос-Бæгъатырмæ, Алгъуызмæ, Милойы хо Хæзнамæ, Есенмæ, Чермен æмæ Тъотъормæ… Кæд – тох, уæд – фæстаг

---

[1] М и н е е в А л е к с а н д р. Вспоминая ноябрь 89-го // Южная Осетия: и кровь и пепел. – Владикавказ, 1991. – 6 – 7 ф.
[2] С а а в е д р а С е р в а н т е с д е М и г е л ь. Дон Кихот. – М., 1989. – Дыккаг хай. – 390 – 391 ф.
[3] К ъ о с т а. Ирон фæндыр. – Дзæуджыхъæр, 1951. – 51 ф.

туджы æртахыйййонг. «Ирон адæм сæ гæндзæхтæ цагътой, æлдæрттæн цагъар ныллæууын нæ куымдтой, сæ сæрмæ йæ хæсгæ дæр нæ кодтой»,[1] – дзырдта Тыбылты Алыксандр. Се ‘фхæрджыты ныхмæ, æгæрыстæмæй, хæцыдысты мыггагай: «Мзиугомы Тъотъоты фæсивæд нал уырысы хицæуттæн ком лæвæрдтой, нал æлдæртты уагътой сæ бæстæм».[2] Шамилы лирикон хъайтары ныхас афтæ зæрдæбынæй у, æмдзæвгæйæн ахæм ритмикæ равзæрста, ахæм рифмæтæ аразы æмæ дзы адæймаг кæны тохмонц («Изæрмилты кувын»):

*Сæна, лæууыс нæ зæххы сæр рæсугъдæй,*
*Дыдзы хур мæм дæ тæрныхыл фæзынд.*
*Куы нæ стæм мах быныскъуыд адæм сухтæй,*
*Уæд арæнтæй цæуыл дзыназы сынт?* [3]

Шамил æвæлмон цард нæ нымадта амондыл. Хъуамæ йæм адæймаг æнæмæнг стъæлфыдаид истæмæй. А. Блочы загъдау: «И вечный бой!»[4] Æмæ разы у æнæфсонæй æнкъард уæвыныл дæр, «æрмæст мæнг цæссыг ма ‘рхауæд нæ цæстæй»: «Фыдраны донæн – хъæлдзæгдæр йæ цыд, Куы нæры арв – рæсугддæр вæййы уалдзæг…», «Æхсоны цæв – æмæ цæхæртæ калдзæн («Куы сфæлмæцын…»). Ахæм адæймаг искæй уæрдоны не сбаддзæн, искæй зарæг зарын нæ бахæсдзæнис йæ сæрмæ. Дзуццаты Хадзы-Мурат загъта: «Шамил разы нæу, афтæ чи зæгъы, «кæй уæрдоны бадай, гъе уый зарæг кæн», зæгъгæ, уыдонимæ».[5] Нæ фыдæл зæринты фæдыл нæ цыд, уæддæр «Ромы сыгъдæттыл нæртон куывды зарыд йæ тызмæг æгъдæуттыл», уыд «Сæрибар, тыгъд быдыр – йæ хуыцау, йæ дин» æмæ «Сæ тугæй цы зарæг ыскодтой фыдæлтæ» йæ «цæссыгты судздзысты уымæн йæ зæлтæ», æмæ йæ фидарæй уырны: «Нæ дуне куы фестид мæзджыт, уæд зæгъин: Уарзт, Фидауц, Поэзийы номыл – амин!» – æмæ талынг зæппадзы дæр зарид хурыл.

---

[1] Т ы б ы л т ы  А л ы к с а н д р. Уацмысты æмбырдгонд. – Цхинвал, 1988. – 290 ф.
[2] Уый дæр уым.
[3] Д ж ы к к а й т ы  Ш а м и л. Намыс. – Дзæуджыхъæу, 2010. – 32 – 34 ф.
[4] Б л о к  А. Соб. соч. в 6 т. Т. 2. – Л., 1980. – 85 ф.
[5] Д з у ц ц а т ы  Х а д з ы-М у р а т. Уынгæгбоны сагъæстæ. – Дзæуджыхъæу, 2010. – 86 ф.

Стæй йæ цы хуызы зæгъы, уымæ чысыл æркæсæм. Дыккаг строфайы цыппар рæнхъæй æртæ сты афоризмтæ. Уымæй дæр – æлвæст, зæрдæйыл æмбæлæг, поэзирæсугъдгæнæг афоризмтæ: 1) «Фыдраны донæн – хъæлдзæгдæр йæ цыд»; 2) «Куы нæры арв – рæсугъддæр вæййы уалдзæг»; 3) «Æхсоны цæв – æмæ цæхæртæ калдзæн». Дзырдты, хъуыдыйæдты равæрды кой нал кæнын. Поэты удæгас, дзадджын, барджын, æхсарджын ныхасæй нæ уырны йæ дзырды рæстдзинад. Æууæндæм ыл. Ахæм адæймаг æцæгдæр йæ сæрмæ никуы схæсдзæнис æфхæрæн æмбисонд: «Кæй уæрдоныл бадай, гъе уый зарæг кæн» («Кæд загъта фыццаг хатт йæ Амонд лæгæн…»).

Уый поэты фидар дзырд у. Æмбæлы йæ ингæны къæсæрмæ фæхæссын. Джыккайы-фырт ахæм поэт æмæ адæймаг уыд, йæ дзырдыл сайдæй рацæуыны бæсты йæ гæрзтæ алы хатт дæр цыфæнды фыдтохмæ уыдысты цæттæ. Сенекайы ныхæстæ йын хуымæтæджы не сты цæвиттойнаг: «Сократы алыварс уыд дæс æмæ ссæдз залымы, фæлæ йын нæ басастой йæ лæгдзинад. Цы давы æлдæртты бæрц? Цагъардзинад кæддæриддæр иу у! Æлгъ ыл чи кæны, уый залымты астæу дæр уыдзæн сæрибар».[1] Уыцы «хивæнд» зонды тыххæй поэт, аив дзырд хæринаг у æви нуазинаг, уымæн чи ницы зоны, уыдонимæ дæр тохы иу æмæ дыууæ хатты нæ бацыд, мыййаг. Æмбылдта сæ, фæлæ алы хатт сæйраг уый нæу – рæстдзинадыл фæхæцæг куынæ уа, уæд æй галиугæнджытæ цъыфы ныгæнынц. Шамил-иу сдзурыны аккаг цы хабар скодта, уый-иу æрмæст йæхи уды рыст нæ, фæлæ æнæмæнг уыд Ирыстоны проблемæ. Уымæй дæр-иу фылдæр хæтт разынд судзгæ, дудгæ проблемæ.

1995-æм азы нын Уæрæсейы нозтылмард президент Б. Ельцин æмæ йæ Хуыцауы къахæргæвдæг омменгæнджытæ Дайраны дуæрттыл Ларсы цы арæн бацыбыртæ кодтой, уымæй дæр иу километр æмæ æрдæджы бæрц (!), уый нæхи бынатылмард хицæуттæ ныууагътой æнæ дæлæ-уæлæ, ам, дам, нын къуындæг у азмæлынæн, нæртон симд ныззилынæн æмæ йæ радтой нæ фыдбоны сыхæгтæ æмæ цæцæнæн фæндагæн. Нæ арæнтæ нын уыйбæрц æрбакъуындæг кодтой! Нæ амонд æви не ‘намонд нæ афтæ кæй «батардта

---

[1] Д ж ы к к а й т ы  Ш а м и л. Ныхасы фарн. – Дзæуджыхъæу, 1996. – 279 ф.

фыд раны», «нæ дуг – тымыгъ» кæй у, «нæ дауæн – рындз», «нæ сау зæххыл Дайраны кæрæдзи куыйдзыхтæ» куы хæрынц, «нæ хæстæй сау айнæг» куы ‘нкъуысти æмæ «нæрæмон Терк мæстæй» куы мард, уæд поэт ахста нæ фыдæлты фæдис. М. Лермонтов йæ Фыдыбæстæйæ цæйау загъта: «…я люблю – за что, не знаю сам…».[1] Шамилы, цæмæн, уый æмбæрст у, нæ Райгуырæны уарзтæй нал бафарста йæ зæрдæйы судзаг æмæ нæ саг фыдæлты номæй ныффæдис кодта æгас Ирыстоныл:

*Нæ ир! – бæсты хæрзтæй бындарæн*
*Цы уадзут кад кæнæ бынтæн?*
*Кæм ис нæртон Ирæн йæ арæн?*
*Кæм кæндзæн тохы бон гæрæн?*

Нæ Иры тохы бонмæ гæрæн никуы æндæвта æмæ æндавы. Сæ зæххытæ мæнгардæй нæ хардзæй фæйнæрдæм чи ивазынц, уыдон иу къуыри нæ арæныл «стонгдзинад расидтысты», сталинисттæ сын Пасанаурæй дарддæр – Хъуды ком, Тырсыгом, Къобы зылд кæй схæлар кодтой, уый фаг нæ уыд æмæ сын ельцинисттæ нæ «къæдзæхтæ» сæ разæй скодтой. Кæрæдзи ма фæрсæм: «Арвыком цæмæн баззад фæсарæн»?[2] Æмæ йын Секъайы дзырдтæй ис дзуапп раттæн – искæй хуымы цыргъ æфсæн кæй стæм, нæхи тыххæй дзырды сæр куы фембæлы, уæд нæ дзыхтæ кæй ныххуыйæм, уымæн. Ноджы-ма уыцы «цыргъ æфсæныл» уыцы иурæстæджы куы хæцой æгас Советон Цæдисы Политбюройы уæнгтæ Орджоникидзе, Берия, Махарадзе, уæд Ирыстоны хуссар хай æгасæй дæр куыннæ баззад фæсарæн, диссаг у.

Фæлæ ныр дæр сæхиæрдæм ссивыны тыххæй алы æнæсæрмæхæссинаг мадзæлттæ мысынмæ никæмæ батæхуды кæндзысты. Уый фæбæрæг æрæджы дæр: «Еще недавно, выступая в Европарламенте, М. Саакашвили заявлял о своих миролюбивых намерениях и об отказе использования военной силы в

[1] Л е р м о н т о в М. Ю. Собр. соч. в 4 т. Т. 1. – Л., 1979. – 460 ф.
[2] Ц ы б ы р т ы Л ю д в и г, Д з а с о х т ы М у з а ф е р. Арвыком цæмæн баззад фæсарæн? / Рæстдзинад, 2010. – 25 декабрь.

отношении Южной Осетии и Абхазии. Сейчас он заявляет о том, что «война не окончена». Недавняя встреча Михаила Саакашвили в рамках визита в Вашингтон с американскими сенаторами, пообещавшими «обеспечить Грузию оборонным вооружением для того, чтобы она смогла защититься от российских оккупантов», также никак не вяжется с его заявлением о том, что Грузия не станет использовать силовой вариант разрешения конфликтов, тем более такое же заявление, слово в слово, Саакашвили сделал за несколько часов до начала военной агрессии Грузии в августе 2008 года».[1]

Уыцы хæсты рæстæджы Абхазы куы бафæзмыдтаид Ирыстоны цæгат хай, Чъехы ныххæлæттаг мулк тымбыл кæныны бæсты нæ фыдæлты кæмтты æрмæст сæ цот куы æрбаттаиккой, уæд абон фæсмонгонд нæ уаиккам.

«Стонгсидджытæн» иу мæй та сæ фæстæ сæ хæрæнтæ æфснайдтой, æмæ Уырысы арæнтыл лæууæг æфсадæн «уынгæг» цы æрбацæуæн уыд, ныр уым нæ фыдбоны сыхæгтæ къинтойы кафт кæнынц, Суликъойы зарæг зарынц, хин фæндтыл сты, кæд расидой «стонгдзинад», цæмæй Балтæйы уонг уæддæр æрбайсой сæ къухмæ. Уæд сын æнцондæр уыдзæн Дзæуджыхъæуыл сæ арм дарынæн. Шамил та фæдисæй фæсус ныцци («Фæдис»):

*Фæдис! – Дайраны ком уырысæй*
*Кæнынц сайтан гуырдзы тыхист…*
*Рæхджы та ерыстау йæ уырсæй*
*Кæндзæн нæ сонт сабиты цъист.*

*Кæм ис мæгуыр бæстыл фæхæцæг?*
*Дайран куы фесафæм, уæд нын*
*Нæ хурхыл дардзысты æрвæдзæг,*
*Нæ цард та фестдзæни фыдфын.*[2]

---

[1] МИД Южной Осетии выразил обеспокоенность в связи с заявлением Саакашвили / Южная Осетия, 2011. – 29 январь.
[2] Д ж ы к к а й т ы  Ш а м и л. Намыс. – Дзæуджыхъæу, 2010. – 101 – 102 ф.

Фæлæ нæ разынд йæ фæдисмæ цæуæг. Иунæг уырыссаг афицер – арæнгæсты хицау Николаев загъта, куыд, дам, дæттæм нæ зæххытæ барвæндæй, æмæ йæ расыг Ельцин йæ бынатæй рацъон бирæгъы сырд фæкодта. Махæй йын фарсхæцæг ничи фæци. Иуы дзыхæй нæ не сирвæзт: «Куыдзы-фырт, чи дæ скодта нæ зæххытæ уарæг?!» Николаев афтæ æрмæст йæ куыстмæ гæсгæ нæ загътаид. Уæрæсейы æцæг æмбæстагæн паддзахады арæнтыл цæмæннæ рисса йæ зæрдæ? Æмæ Уæрæсейыл цæст не 'ххæссы, фæлæ махæн нæ бæстæйы иу кæронæй уырс куы ныууаса, уæд йе 'ннæ кæрон ефс куы бангæстæ вæййы, уæд æй куыд уарæм?!. Махмæ йæ рæстæджы поэт кæуыл фæкæуы, уымæй нæ бынатылæгтæ фодзыссæдзгай азты фæстæ дæр арвы талынгты фембæхсынц. Шамилы фæдисмæ иу хицау уымæн никуы фезмæлыд лæгау. Сæ бынæттæ сын Ирыстонæй зынаргъдæр сты.

Ис æндæр аххосаг дæр: «Фыдгæнæгмæ абон Хуыцау дæр нæ уæнды, Йæ разы закъон дæр æрхуыссы йæ уæнтыл». Æмæ уæд фæдисгæнæг поэт, Шамилау, алы хатт дæр баззайы иунæгæй. Йæ рыст зæрдæйæ уымæн дзырдта: «Поэты хъысмæт вæййы трагикон, ахæстоны куы нæ бада, æвирхъау мардæй йæ куынæ марой, уæддæр».[1] Цæмæй зыдта, мæгуыр, æвирхъау марды хъизæмар æвзарын æй кæй бахъæудзæнис. Афтæмæй нымадта, ивгъуыд æнусы, 90-æм азтæй ныл цы фыдтæ цыд, уыдон: «…ныккалд æнусон бæллицты мæсыг, мард æрцыдысты ныфс æмæ сæрибар. Фыдæвзарæнты бахауд Ирыстон, æрцыд ыл дыууæ хæсты, йæ арæнтæ æрбауынгæг сты, риссаг тæппæлттæй йæ буарыл дудынц йæ хъæбулты уæлмæрдтæ. Уыцы трагеди нæ фысджытæй бирæтæ нæ федтой, нæ сæм бахъардта – сæхицæй ницы сæфт. Хостыхъоты Зинæ, йæ ахстон æд лæппынтæ кæмæн бабын ис, уыцы булæмæргъау фæхъарæг кодта, стæй йæ тыппыр зæрдæ аскъуыд æмæ бамыр йæ рыст хъæлæс. Грис уыди хæрзарæзт æмæ сæрыстырæй, мызд нæ иста, афтæмæй йæ рæдау фынгмæ уазджытæ хуыдта, зарыд сын рæсугъд хъæлæсæй, фæлæ, йæ зæрдæйы цы рыст уыди,

---

[1] Д ж ы к к а й т ы  Ш а м и л. Фыссæг æмæ цард / Рæстдзинад, 2003 – 24 май.

уый та чи зыдта?..»[1] Уым, гъай-гъайдæр, тынг тæссаг у иунæгæй баззайын. Уæлдайдæр, аивады кусæгæн. Фæлæ æцæг фыссæг бынтон иунæгæй куы баззайы, уæд ын фæвæййы иууыл хуыздæр фадат, чи у, цы фæлдисы, уыдæттыл ныссагъæс кæнынæн. Зонд базонынæн æрæджы никуы уыд.

Æндæр хабар у, адæймаг куы бамбары йе 'дых уавæр. Фæлæ хи ма басæттын, æдых уавæрæй рацæуынæн ис аивадон амал – æлгъитын. Æмæ дзы нæ фысджытæ арæх пайда кæнынц: «Фæлæ, дам, лæг куы амард, / дзырдтой: «Куыдз ын фæлдыст!»;[2] «Уæййаг чи у, ном чи кæны æлхæнгæ, Йæ дзыллæйы кад чи 'фтауы цæсты, Æндæр адæммæ чи кæсы æлгъгæнгæ, О Уастырджи, æргæрах æй лас ды!»;[3] «…цæйнæфæлтау / цæрæм фыдвæдæй, цагъарæй / æгадимæ, / Хуыздæр у – / авзилæм нæхи / æнæбын къардиумæ!»[4]…

Æмæ, Шамилæн йæхи загъдау, уыцы «сайтан» аивадон амалæй нæ аирвæзт. Æлгъыстаг дуджы адæймаджы маст кæд сау æлгъыстæй ссæуа, æндæр зæрдæ ницæуыл фæлæууы. Ахизы, сылгоймаджы фыдæлгъыстытæм дæр. Фæлæ сæ цыфыддæрты тыххæй исы зæрдæ («Æлгъыст»):

*Нæ зæххы гæбазæй цы лæг кæны базар,*
*Уый баййафæд карзæй, зыгъдæг Зæхх, дæ азар.*
*Цы знаг калы дуртæ нæ фарны мæсыгæй, –*
*Дæ къонайы артдзæст ныххуыссæд цæссыгæй.*

*Нæ дзыллæйы чи кæны хицæнтæ, дихтæ, –*
*Кæнæд-иу дын сау сынт дæ игæр кæрдихтæ.*
*Дывзагонæй чи халы махæн нæ сæрзæд,*
*Уый йе 'взагæй не скъæт цъылынау фæмæрзæд.*[5]

[1] Уый дæр уым.
[2] Х ъ о д з а т ы Æ х с а р. Рухс. – Дзæуджыхъæу, 1987. – 28 ф.
[3] Х о д ы К а м а л. Балсæджы цалх. – Дзæуджыхъæу, 2009. – 341 ф.
[4] Д з у ц ц а т ы Х а д з ы=М у р а т. Дыууæ дуджы астæу. – Дзæуджыхъæу, 2000. – 113 ф.
[5] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Намыс. – Дзæуджыхъæу, 2010. – 103 ф.

Цæвиттонтæ хæссыны фадат нын куы уаид, уæд æмдзæвгæ сæрæй кæронмæ æрхæссин дæнцæгæн, Шамил ахæм номыл усы æлгъыстытæ зыдта. Уый дæр курдиат у, æлгъыстытæй дæр куы уа дæ бон æмдзæвгæ сфæлдисын.

Куы ма загътам, æлгъитынæй аивад фæлдисын, уый нæ поэзийы фыццаг фæзынд нæу. Æгæрыстæмæй, Къостайы «Додой»-æ цæуы йæ райдайæн. Ныр æгæр сарæх æмæ кæд, бирæ ирон æмдзæвгæтау, графоманты къухы схемæйон не суа, уæд нырма хорз фидауын кæны поэты сфæлдыстад. Джусойты Нинæ дзы зæгъы: «Бæркадджын сты йе сфæлдыстадон æвæрæнтæ, ирдæй сæ зынынц дзыллæйы сагъæстæ æмæ бæллицтæ».[1]

Фæлæ куы загътам – æлгъитын, адæймаг йе ‘дыхыл йæхи нымæры куы фæсæтты, уæд уый нысан у. Шамил та, йæхи састы бынатмæ чи æруагътаид, ахæм поэт нæ уыд. Йæ фыссæн сис, æлвæст кардау, цыргъæй дардта. «Шамилы зырнæйзылд уацмыстæ кæсгæйæ, адæймаджы цымыдис бахауы рухс æмæ аууон, арт æмæ дон, арвнæрд æмæ сабырады æхсæн цы æнусон тох цæуы, уымæн йæ цæхæры»,[2] – зæгъы Хозиты Барис. Куыд адæймаг, афтæ æлвæст карды æнгæс уыдис Шамил. Тых кæцæй иста, цардхуыз æмæ йæ куыстæмхиц чи кодта; «йæ тыхæй маст æмæ зынтæн» кæмæн быхста; «йæ фарнæй» æвдудонæй кæмæн цыд, уый уыд, дунейыл лæгæн цы иу хæрзиуæг ис, æрмæст дæр уый – Сæрибар. Йæхæдæг цæйау загъта: «Амондæн ис æртæ мадзалы: Рухс, Рæстдзинад æмæ Сæрибар».[3] Поэты уырныдта: Сæрибар Рухс у – сфæлдисы йæ лæг Уæздан уарзт æмæ стыр куыстæй йæ уды. Нæ кæнын æз Хуыцаумæ дæр хæлæг, Кæнын хæдбар хæтой лæгмæ тæхуды». Тæхудыйаг у, «уæздан уарзт æмæ стыр куыстæй йæ уды» Рухс Сæрибар чи сфæлдисы, уыцы адæймаг. Йæ зæрдæйæ Сæрибары Рухс кæмæн кæла, æрмæстдæр уый бон бауыдзæн адæймагæн, стæй адæмæн, суанг Фыдыбæстæйæн йæ развæндаг цыфæнды мæйдары срухс кæнын. Йæ зæрдæйæ Сæрибары Рухс кæмæн кæла, ахæм адæймаджы бон бауыдзæнис зæххы уæлцъар дидинæг фестын кæнын. Йæ зæрдæйæ Сæрибары Рухс кæмæн кæла, зæххыл

[1] Д ж у с о й т ы  Н и н æ. Поэты зæрдæ адæмæн нывонд / Рæстдзинад, 2008. – 4 март.
[2] Х о з и т ы  Б а р и с. Лæгæн йæ намыс у йæ мæт / Рæстдзинад, 2010. – 25 февраль.
[3] Д ж ы к к а й т ы  Ш а м и л. Разагъды лæгтæ. – Дзæуджыхъæу, 1999. – 203 ф.

ærmæstdær uyй байтаудзæн фарн, уæлæрвтæм, стæй дæлдзæхмæ уымæн бантысдзæн рухс фæндæгтæ айгæрдын. Йæ амæлæты фæстæ дзы Хозиты Барис дзуры: «Шамилы чи уарзта, йе сфæлдыстад зынаргъ кæмæн уыд, уыдонæн поэты хъæлæс æмæ йæ фæдзæхстытæ зæлдзысты æнустæм æмæ рох кæнын нæ уадздзысты рухс адæймаджы ныстуан».[1] Францаг философ, фыссæг Д. Дидро дзырдта: «Я заблюдился ночью в дремучем лесу, и слабый огонек в моих руках – мой единственный путеводитель. Вдруг предо мной вырастает незнакомец и говорит мне: «М о й д р у г, з а д у й с в о ю с в е ч у, ч т о б ы в е р н е й н а й т и д о р о г у». Этот незнакомец – богослов».[2] Шамил размæ цæуы йæхи тыхæй, йæхи рухсæй.

Нæ поэт йæхи æвдудон куы схуыдтаид, уæд уым иу мур дæр диссагæй, фидиссагæй ницы уыд, кæд нæ бирæтæм уый æгæр фæкæсы, уæддæр. Ома, кæсут, уый йæхицæй раппæлыд. Адæмы рæгъмæ куы рахизай, уæд – исты зæгъинагимæ. Æндæра адæм сæхи тухитæй дæр уынгæджы сты. Æмæ сын ды дæр далум-балум ныхас кæн. Сæ мастыл сын цæхх зæр, сæ тыхстыл – уырыд.

Адæм диссаг сты: бирæмæ ницы зæгъинаг ис, фæлæ дын иуабонæй-иннæабонмæ сæ ницы дзуринæгтæ лæхурдзысты; сæ ницы-мацы мæстытæ дын тыхæй дæ сæры тъысдзысты, цыма нæхиуæтæ нæ фаг нæ вæййынц. Сæ иуæй зæгъы: «Мæнæ, гъе, æрбацæуы. Æрбафсæры. Мысты хуынкъ туманæй агурын. Дзæгъæлы. Æрбахæццæ. Мæ хæлар! Фыссæг! Дыккаджы Гоголь».[3]

Табу Хуыцауæн, Шамилмæ уыд, цы зæгътаид, уый дæр; адæймагæн ныфсытæ цæмæй бавæрдтаид, уый дæр; æппæлгæ цæмæй ракодтаид, уый дæр. Йæ уды Рухс Сæрибар ницæмæй ивта. Уыцы Рухс Сæрибар та диссаг у: «Нæ кад дæр Уый, нæ исбон дæр. Æфсарм, Сæрибар кæм ис, уым вæййы ærmæстдæр… Дæттыс нын Ды уæлмонц æмæ æхсар, Цæуынц дæ номыл фидыд æмæ хæст дæр» («Сæрибар»). Æгæрыстæмæй, поэт «Амранау хохмæ баст» куы у æмæ куы «нæй зæххыл мадзал» йæ мастæн, дуне куы байдзаг ис хæрамæй, зылын куы сæлдар растæн, бæстæ куы сызмæст, «арв ныл хауы,

---

[1] Х о з и т ы Б а р и с. Рухс адæймаг // А в т о р т ы к о л л е к т и в. Арв. Цæссыг. Стъалы… – Дзæуджыхъæу, 2012. – 6 ф.
[2] Д и д р о Д е н н и. Избр. атеистич. произв. – М., 1956. – 46 ф.
[3] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Арт æмæ æртхутæг. – Дзæуджыхъæу, 2007. – 281 ф.

судзы зæхх» æмæ Иры бындур митау куы тайы, куы бын кæнæм, уæддæр йæ ныфс нæ сæтты: «Махæн нæй хуыцау, цæдисон, нæй æмцег. Æз уæддæр нырма æгас дæн, – уый æцæг у». Иугæр, æгас кæй у, уый æцæг у, уæд йæ ныфс йемæ цæуы: «Ир, ысхæц дæхиуыл, сызмæл, фидар лæуу! Нæй мадзал цъæл æмæ састæн, – уый æцæг у» («Фæдисы газель»).

Тыбылты Алыксандр дзырдта: «Къоста тæрсы, мыййаг, ирон адæмы зæрдæйы куынæ уал æхсида сæрибары туг æмæ «тыхгæнæг хæддзуйæ» куы скæной сæхицæн æлдар. Зæрдæйы уидæгтæ нырризынц Къостайы «Катай»-ы хъæлæсмæ».[1] Æмæ йын уый тыххæй уыдис бындур: «Къостайы зарджыты размæ ирон адæм сæхи рæстмæ нæ зыдтой. Пырхытæй цардысты Терчы былтæй суанг Гудзареты æфцæгмæ æмæ Къахеты быдырмæ. Ранæй-рæтты сæ ном сæфтис, рох байдыдтой сæ ирон æвзаг».[2]

Æмæ, чи зоны, исчи зæгъа, ома, Шамил фæдисы кой арæх нæ кæны? Уым диссагæй ницы ис, Африкæйы чи райгуырд, уый фылдæр хурыл куы фысса, Цæгаты чи райгуырд, уый – митыл, Кавказы чи райгуырд, уый – хæхтыл, уый дызæрдыккаг куыд нæу, афтæ. Мардыл кæуын æмбæлы, цинагыл – цин. Фæдисы, царды охыл æрвылбонон фæдисты дуджы цæрæм, æмæ нæ фыддæрадæн нæ фыдбоны сыхæгтæ æмæ сæ хæзгултæ фæдис кæнын дæр нæ уадзынц. Уыцы фæдисонтæй иу – Плиты Грисæн фæстаг хæрзбон кæнгæйæ, ме ‘нкъарагзæрдæ хо Абайты Арбилянæ, хъарæгæмхæццæ, афтæ загъта: «Бирæ зæрдæтæ акодтой дæ фæстæ сидзæры каст. О, фæлæ кæд дунейы фарнæн исты хъомыс ис, уæд æмвæнд удтæн искæм фæдзæхст бынат уыдзæнис».[3] Йæ фæстæ сидзæры каст акæнджытæй иу Шамил уыд. Æмæ йæ зæрдæйы фæндонæн исчи йæ амæлæты бон дæр никуы уыд хицау.

Ацы æмдзæвгæ Шамил Хуссар Ирыстоны удуæлдай хæсты рæстæджы кæй ныффыста, уый дæр æцæг у. Стæй амад у бæлвырд архитектурæмæ гæсгæ. Ис дзы бæлвырд фæткыл арæзт ахизгæ мидрифмæтæ. Ома, поэтикон рæнхъ нæма фæвæййы, афтæмæй поэт иу строфайæ иннæмæ æмдзæвгæйы

---

[1] Т ы б ы л т ы  А л ы к с а н д р. Равзаргæ уацмыстæ. – Цхинвал, 1964. – 163 ф.
[2] Уый дæр уым, 162 ф.
[3] А б а й т ы  А р б и л я н æ. Дæ зæлдаг зæрдæйы фæд / Рæстдзинад, 1999. – 17 апрель.

сæрæй кæронмæ аразы рифмæтæ, хатт – амад ривмæтæ дæр: «баст дæн – мастæн – растæн – фыдазтæн – уастæн – хаст дæн – хъастæн – цас дæн – æгас дæн – састæн». Уый æмдзæвгæ кæны зæлланггæнагдæр. Фæлхаттцæуæг дзырдтæ – «уый æцæг у» бæлвырд бæрæг фæткмæ гæсгæ кæй цæуынц æвæрд, уый дæр поэты фæндонæй раст у. Ходы Камал зæгъы: «Джыккайты Шамил рæдауæй хайджын у æцæг поэты миниуæгæй – у сыгъæгзæрдæ. Цæйфæнды тыххæй ма фыссæд – уарзондзинад, райгуырæн уæзæг, бердзенаг лæппуйы æнамонд хъысмæт – чиныгкæсæг æй æнкъары, уыдон былалгъæй загъд ныхæстæ не сты, фæлæ поэты зæрдæйы зынгæй ссудзгæ дзырдтæ».[1]

Диссаг та йæ уымæн кæнын, исты нæм ногæй куы фæзыны, уæд æм нæ кæрдтæ фæцъортт кæнæм – алæма, чи дзы фылдæр аскъæфа. Æмдзæвгæйы ацы ног хуызмæ дæр ныридæгæн фæцис ныхилджытæ. Æрмæст Шамилы «уый æцæг у» фæивтой «уарзын дæ» æмæ «зонын æй»-тæй, фæлæ сæ давгæ-давын айрох æмдзæвгæйы архитектурæ бæстон рахатын, лæмбынæг æй бамбарын. Æниу, æмбаргæ адæймаг давын нæ бахæсдзæнис йæ сæрмæ.

Фæлæ нæм иугæр не ссæдзазон хæсты кой æрхаудта, уæд æнæзæгъгæ нæй, ирон поэттæй Ирыстоны уыцы тугкалды ныхмæ æппæты фыццаг чи ныббогъ кодта, æнæмсæр хæсты тыххæй фыццаг рæстаг æмæ ныфсы ныхас æцæг аивадон дзырдæй чи загъта, уыдонæй иу уыдис Джыккайты Шамил. Цыбырты Людвиг зæгъы: «Такие разносторонне одаренные и талантливые личности, как Шамиль Джикаев, появляются в жизни раз в столетие».[2] «Йæ дзырд ахадыдта цины дæр æмæ зианы дæр»,[3] – у Музаферы хъуыды.

Джыккайы-фырты «Цхинвал» басгуыхт фыццаг æцæг сонет нæ удуæлдай æнæбасæттгæ сахарыл. Æмæ нырма дæр, йæ сæрты акъахдзæф кæнын никæй бан бацис. Романтикон дзырды аивæй бæрзонд лæууы æмæ йæ уыцы иухуызон æхцонæн исынц адæймаджы тыхст зæрдæ æмæ хæствæллад зонд. Уымæн æмæ, срухс кодта нæ иры ном йæ кадæй:

---

[1] Х о д ы К а м а л. …Æнцой уын нæ дæтты / Литературная Россия, 1970. – 6 – 12 февраль.
[2] Ч и б и р о в Л ю д в и г. Совесть народа // А в т о р т ы к о л л е к т и в. Арв. Цæссыг. Стъалы… – Дзæуджыхъæу, 2012. – 62 ф.
[3] Д з а с о х т ы М у з а ф е р. Фæлæ… // А в т о р т ы к о л л е к т и в. Арв. Цæссыг. Стъалы… – Дзæуджыхъæу, 2012. – 79 ф.

*Цхинвал, Цхинвал – мæ судзгæ цæф, мæ рыст,*
*Æвзыгъд ысты дæ чызджытæ, дæ фырттæ, –*
*Хуыцау сын раттæд цард æмæ æнтыст!*

*Дæ цыты раз лæмæгъ ысты мæ дзырдтæ, –*
*Уыдзæн дæ ном нæртон кадæджы фыст,*
*Æмæ йæ койæ риздзысты лæгсырдтæ.*[1]

Ирыстоны хуссар хайы уæды хæстон, зæрдæмарæн уавæры тыххæй Хъодзаты Æхсары зындгонд сонет «Удаисты тел Хуыцаумæ»[2] æмæ ацы сонет змæлын кæнынц зæрдæйы уидæгтæ. Нæ фыдызнæгты æгъатыр митæм нын æрмæст нæ маст не 'хсидын кæнынц, фæлæ нын сты стыр æмæ æнусон ныфсы хос. Нæ тыхыл нын æфтауынц тых. Разæнгард нæ кæнынц сæрибары сæрыл тохмæ. Æмæ иугæр афтæ у, уæд уый дзуры уацмысты стыр æнтыстыл – æнæдызæрдыгæй фæхæццæ сты аивады бæрзæндмæ. Уыцы бæрзæндмæ фæтырны аивады алы кусæг дæр стыр уа æви гыццыл, курдиатджын уа æви – æгурдиат. Æмæ, нæ поэттæ цæй охыл райстой сæ къухмæ фыссæнтæ, уый æнæдызæрдыгæй сарæзтой. Сæрыстыр сæ куыд уæм, уый та махæй, ирон адæмæй аразгæ у.

Шамил чиныгмæ цы дзæвгар зæрдæмæдзæугæ сонеттæ бахаста, уыдон кой барæй нæ кæнæм. «Намыс»-ы размæ дæр, стæмтæй дарддæр, уыдысты йе 'ннæ чингуыты, семæ зонгæ у ирон чиныгкæсæг. Уæдæ, мыхуыр, стæй ирон литературон критикæ иу æмæ дыууæ хаты нæ ракодта сæ кады кой: «Большинство стихотворений сборника «Колчан» («Сагъадахъ» – Хъ. М.) выдержано в лаконичной форме классического сонета, и поэт точно следует канонам жанра, создавая интересные образы»;[3] «Дæ чиныг тыхджын курдиаты, фæлгъауæг зонды æмæ арæхсджын армы фæлмæй кæй у, уый дæр,

[1] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Намыс. – Дзæуджыхъæу, 2010. – 106 ф.
[2] Х ъ о д з а т ы Æ х с а р. Зынджы бардуаг. – Дзæуджыхъæу, 2003. – 404 ф.
[3] В а х т а н г о в а З. Образ родины, образ эпохи / Социалистическая Осетия, 1982. – 5 октябрь.

хорз бæхы дамгъæйау, бæрæгæй зыны алы æмдзæвгæйыл дæр»,[1] – дзырд ыл нæй – сонеттыл дæр; «Сонет пришел к нам из глубины веков. Он дает поэту веру и надежду. Наш век высекает его огненным резцом на граните сердца поэта».[2] Азæ дарддæр зæгъы: «Шамиль Джикаев в совершенстве овладел этой формой лирики. Поэта в нем привлекает лаконизм фразы, четкость выражения мысли, его вдохновляет преодоление трудностей формы».[3] Ахæм æппæлæн ныхас адарддæр гæнæн ис, поэт йæ ног чиныгмæ цы ног сонеттæ бахаста, уыдон тыххæй дæр. Фæлæ ныртæккæ сæ кой нæ кæндзыстæм. Уымæн æмæ, Шамилы сфæлдыстады сонет цы стыр бынат ахсы, уый æнæдызæрдыгæй у сæрмагонд ныхасы аккаг. Цыбыртæй нæ бон зæгъын у, поэт ирон сонет кæй фæуæрæхдæр кодта, поэзийы ацы хъулон хуызы архитектоникæйы фæрцы сæруæлдæр кæй systa нæ Ирыстоны дзыллæйы лæгтæй тынг бирæйы (стæй æрмæст уыдон нæ) дзæнæтыбадинаг нæмттæ. Фæлæ уый афтæ нæ амоны, поэт нæ хæрзтæй æппæлыд æмæ æппæлыд, бафауинаг нæм цы ис, уыдон сынтæджыты бынты, фæсдуæртты тъыста. Уæд йæ дзырд никæй зæрдæмæ цæуид, ныры хуызæн æмбæлон аргъ ын нæ уаид. Хорз æмæ æвзæр иу тæразыл баргæ сты. Æмæ царды уыцы философи Шамил никуы ивта. Уымæн худы æлгъаг хиппæлойыл. Йæ риу чи хойы скифтæ, аланты кадæй: «Лæууæнт мæ разы дзыллæтæ уырдыг». Уымæй дæр сонеты: «Мæ зардæй калынц дидинæг нæ фæзтæ… Ыстыр Хиппæлой – уый та уын мæ ном! – Нæртон диссагæн баззайдзæн мæ фæстæ…» («О рухс дуне…»).

Шамилыл кæд æппæлынмæ нарты Сослан дæр нæ фæтых уыдаид æмæ-иу æй уый тыххæй суанг мыхуыры дæр фæцис æфхæрджытæ, уæддæр йе ‘ппæлды алы хатт дæр уыдис рæстдзинад, – литературæйы дæр, царды дæр, – æмæ йын йе ‘ргом ныхас уый алы хатт дæр кодта æхцон, зæрдæмæдзæугæ.

Афтæ вæййы, стонг гал нартхоры салд, цъыф хæтæлтæ зивæггæнгæ куыд æууила, уыйау поэт исты «ныффыссын», исты зæгъыны охыл йæхи куынæ лæмара, тых агуырд куынæ кæна темæтæ, аив дзырдтæ, фæлæ йæм

[1] Д ж у с о й т ы  Н а ф и. Æрвыстæг поэтмæ / Рæстдзинад, 1992. – 10 ноябрь.
[2] Г а з д а р о в а  А. Х. Поэзия правды и любви. – Владикавказ, 2010. – 102 ф.
[3] Уый дæр уым, 103 ф.

зæрдæрисгæйæ кæнæ цингæнгæйæ куы цæуой сæхæдæг. Хæстæввонг сæ куы кæна æмæ сæ рæстдзинады сæрвæлтау куы ‘рвита тохмæ. Коцты Лизæ йын йæ поэзи зæрдæйы цæхæрæй райгуыргæ уымæн хоны.[1]

Шамил, дзырдæн аргъгæнгæйæ, удæгас æй кæнгæйæ, буц æмæ сæрыстырæй дзырдта: «Мæ Дзырд, цæуыс тæссаг балцы хæстонæй». Хæстонæн та фæндагсæр сты «тохы ныфс æмæ æхсар». Уæд ын нæй фæстæ фæлæуууæн. Нæдæр ын фæцудæн ис. Æмæ йæ тохмæ цæуæг æмдзæвгæйыл кæд цереччы згъæр нæй, уæддæр ын æнæмæнг сау тыхтимæ хæцгæйæ у.

Æргом хæсты йæ куынæ æмбулой, уæддæр æй сайдзысты алы хин æмæ кæлæнæй, сæ чындз ын «сау марг нуазæны дæттдзæн». «Фæлтæрд ысты фæдфæливæнты, ахуыр, Сæ уарзт – æхца, сæ марæн кард – гæртам». Хахуыр урс дарæс кæм дары, хæрам гамхуды кæм цæуы, уым удæй æнæ æхсон цæгъдгæ нæй. «Лæг куы уа уæздан æмæ ныфсхаст, Уæд нæ фæтыхсы йæ зынтæй» («Поэты къухфыст»), кæм æмбæлы, уым размæ бырсы йæ адæм, йæ Фыдыбæстæйы сæраппонд, æнæзындгондæй йæ тæдзгæ уæлхæдзары уазал æмæ стонгæй куы фæмæлы, уæддæр. Поэт уымæн дзырдта: «Алы æхсæнады дæр вæййы халæн тыхтæ. Чырыстон зæдты ‘хсæн уыд Люцифер (Демон), Нарты ‘хсæн цард Сырдон, сæ фыдбылыз».[2] Сабыр цард уыдон фезмæнтынц. Æмæ Шамил, сæ ныхмæ тох кæнгæйæ уыдис «бæрзонд ныфсы мæсыг нæ Ирæн».[3] Поэт утæхсæн кодта, зæххыл рæстдзинад кæй нæй. Паддзах-домбай дæр бындзыты раз æдых кæй у; сæлхæр бонкалд куы свæййы, уæд ын куырыхон хуыгæсæй кæй фæцæуы; дун-дуне куы рафæлдæха, уæддæр сырдонцъиу цæргæсæй хорз кæй нæ зæгъдзæнис; лæгмарæн дæр зæххыл хуыцау æмæ фарсхæцæг кæй вæййы; фæлитой нæм æртæ мады кæй дæйы; «мæнгард æнæвгъауæй зæххысой» кæй хæры; пехуымпар бызгъуырты æд уаргъ сыгъд фæндæгтыл кæй хæты; уарзтæн арфæ æмæ аргъ кæй нæй – æппæт уыдæттæ поэтæн нæ лæвæрдтой æнцой: «Зын у цæрын. Æлгъыст зæххыл лæгæн Йæ цард, йæ фæндаг никуы сты йæхи бар» («Зын у цæрын»).

---

[1] К о ц т ы Л и з æ. Зæрдæйы цæхæрæй / Рæстдзинад, 1982. – 3 август.

[2] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Ныхасы фарн. – Дзæуджыхъæу, 1996. – 127 ф.

[3] Х æ м ы ц а т ы А л б е г. Уыдтæ бæрзонд ныфсы мæсыг нæ Ирæн… // А в т о р т ы к о л л е к т и в. Арв. Цæссыг. Стъалы… – Дзæуджыхъæу, 2012. – 172 ф.

*Зын у цæрын. Зæххыл рæстдзинад нæй,*
*Уыны хайуан йæ цæсты сындз æфсургъæй.*
*Лæгау лæг нæм куы фæзыны, уæд æй*
*Фыдгулау марынц агъуыд адæм хурхæй.*[1]

Строфаты райдайæн дзырдтæ: «Зын у цæрын» – зæрдыл лæууын кæнынц Хуыгаты Сергейы æмдзæвгæ – «Цæрын зын у», – дзырдта-иу мын мæ фыд»,[2] уæддæр зæрдæйыл æндæдзы царды рæстдзинадæй. Æмæ Сергейы æмдзæвгæимæ уыцы фæлхатæн, чи зоны, бынтондæр ницы у, реминисценцийы хуызы йæм æрбахаудта.

Фæлæ исчи æнæмæнг зæгъдзæн, ома, царды фыдтæ æгæр æндæвтой поэтыл, нæ йæ уагътой йæ сæрыл схæцын. Æмæ йын куыннæ батæригъæд кæна, Шамил йæхæдæг дæр куы бæлвырд кодта: «Мæ тых мын басастой хæрам æмæ гадзрахат, мæ зæрдæ сцъæхи козбау æмæ мæнгард митæй, мæ астæу æркъæдз Ирыстоны хъыгтæй, хъæрзын нæ адæмы рыстæй…»; «Æцыдтæн саст æмæ дæрæн».[3] Ис дзы аивадон, стæй цардуагон рæсдзинад, фæлæ уыдон фылдæр буцты хуызы сты. Уымæн æмæ нæ фысджытæй иумæ паддзахады æрдыгæй æмбæлон æркаст никуы уыдис. Шамилы «Поэты къухфыст»-ы куыд у – «Ничи уыд дзæгъæл мардыл кæуæг», стæй куы «рацыди кæйдæр фæрцы йæ том» æмæ куыд «Систам дис æмæ тæмæстæ. Арвыл хурау абадтис йæ ном», – афтæ нæ фысджыты мардæй æрымысæм. Уды кад марды кадмæ кæм не ‘ххæссы, уыцы зæххыл лæджымсæрæн рацæрын æнцон никуы уыдзæнис. Куыннæ рыстаид поэты зæрдæ царды дзырдаивады дæсныйы уавæрыл? Йæ Райгуырæн бæстæйы уыцы æгуыдзæг дугыл хъуыдыгæнгæйæ, ирон лæджы ном æцæг сæрыстырæй чи фæхаста, уый фыццаджы-фыццаг уыдис йæхæдæг.[4]

---

[1] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Намыс. – Дзæуджыхъæу, 2010. – 257 ф.
[2] Х у ы г а т ы С е р г е й. Мæ сыхæгты номæй. – Дзæуджыхъæу, 1968. – 39 ф.
[3] Стыр Ныхас, 2004. – № 22.
[4] Г е о р г и а т ы Р. Рæстдзинад – йæ хотых /Ленинская смена, 1990. – 16 март.

Фæлæ иуæй-иу цъиусæр бынатылæгты куыд фæфæнды, афтæ никуы бадон йæ тых æмæ цыфæнды зындзинæдты раз дæр не ‘ркъул кодта йæ сæр. Æгæрыстæмæй, Ирыстоны стыр саударæн бон – Беслæны трагедийы рæстæджы дæр нæ асаст йæ ныфс æмæ йыл цы зæрдæриссæн кадæг ныффыста, уый фæуд кæны стыр ныфсимæ: «Нæ тæрсын æз мæ адæмæн бынсæфтæй, Нæ уыдзæн ир фыдвæд æмæ æвæд!»

Йæ адæмæй сæрыстыр уæвгæйæ, йæ хъуыды кæддæриддæр æргом уыд: «Бороться со всем этим чертополохом надо и должно, но прежде – думать о Родине».[1] Ахæм ныфсджын ныхас зæгъдзæнис, ахæм удвидар разындзæнис Шамилы хуызæн æхсонæйконд адæймаг. Йæ ныхмæ йын æрдхордæй, знагæй цасфæнды дуртæ куы тылдтаиккой, уæддæр æй нæ фæтæрсын кодтаиккой. Нæ йæ басастаиккой. Уымæн æмæ иунæг нæ уыд – цы адæмы сæрыл хаста йæ сæр нывондæн, уыдон сæйраджы йемæ уыдысты. Æмæ йын йæ фидар дзырдыл мах дæр æууæндæм æнæ ракæ-бакæ, æнæ дызæрдыгæй: «Кæнæм сæркъулæй додой æмæ сар, Уæддæр та зæлдзæн иу афон нæ зарæг, Нæ хуымты суадздзæн фарны хор æвзар» («Иры стыр хъарæг»).

Сæрмагондæй æрдзурыны аккаг сты Шамилæн йæ кадджытæ, йæ балладæтæ. Чиныгкæсæджы уацмыстæ иууыл тынгдæр сæхимæ æлвасынц, дзырд сæ æнусон темæтыл – Фыдыбæстæ, Сæрибар, Рæстдзинад, Намысыл, Уарзтыл кæй цæуы, æмæ уыцы ныхас поэт уæлтæмæн, рæсугъд æмæ барджын поэтикон æвзагæй кæй нывæста, уыцы стыр аивадон авналæнтæ. Булкъаты Михал сæ хуыдта «дзæбидыры сæррæтт».[2] Шамилы алы поэтикон æмбырдгонд дæр ирон поэзимæ уыдис, цæст æрæвæрын кæуыл æмбæлд æмæ æмбæлы, ахæм стыр хуыны хуызæн, фæлæ дзы «Намыс»-æй стырдæр æмæ намысджындæр хуын нæ уыд. Æмæ йæ нырмæ чи нæ бакаст, уыдон тæхудиаг сты, уыцы уæзгæ, хуымæтæг æмæ аив фæлыст, намысимæ райгуыргæ чиныг фыццаг хатт чи райсдзæн йæ къухмæ æмæ æргъомыдзаг цинтæ уыцы иухаст кæмæн æркæндзæнис. Фæлæ нæ ирон адæмæн йе стыр хуынтæ æрмæст

---

[1] Т а у т и е в а Т. О чем болит сердце поэта Шамиля Джикаева / Северная Осетия, 2005. – 20 май.
[2] Б у л к ъ а т ы М и х а л. Дзæбидыры сæррæтт // Мах дуг, 1992. – № 2. – 110 – 121 ф.

поэзийыл нæ фæуд кæнынц. Ирон дзырдаивады титаны ном хуымæтæджы нæ райста.[1] Дзырд йе ‘взаджы алгъыл уыдаид æви йæ фыссæн сисы фындзыл – кодта змæлгæ, кастис дзы хур, æрттывта дзы æхсар. Шамил ахæм фыссæг уыдис æмæ, йæ къух цыфæнды жанрмæ фæкодтаид – лирикон æмдзæвгæ уыдаид æви эпикон, миниатюрæ æви нывафыст, балладæ æви поэмæ, прозæ æви публицистикæ, драмæ æви зонад… уайтагъд-иу ныццæхæр калдта. Йæ прозæйы чиныг «Арт æмæ æртхутæджы» тыххæй Джусойты Нинæ зæгъы: «Æцæг фыссæг царды цаутæм иувæрсыгæй никуы фæкæсы, фæлæ сын вæййы аргъгæнæг, йæ уацмысты дзы алкæмæн дæр рахæссы сфæлдыстадон тæрхон».[2] Уыцы тæрхоны Шамил алы хатт дæр уыдис раст, кæд-иу ын æдас нæ уыд, уæддæр. Хæдарцаты Азæ йæ фæндагсарæн æнæнхъæлæджы нæ фæдзæхста.[3] Йæ публицистикæ æмæ йæ зонадæн нæй къаддæр аргъ адæмы цæсты. Абайты Арбилянæ афтæ зæгъы Шамилы «…монографитæ, наукон уацты æмбырдгæндтæ, хицæн статьятæ фольклор æмæ литературæйы фæдыл афтæ куыстгонд сты, æмæ сæм къух бакæнæн никæцы ‘рдыгæй ис».[4] Фæлæ йæ иууыл стырдæр æнтыстытæй иу уыдис, ирон чиныгкæсджытæ æмæ театрдзаутæн цæстæвæрæн чи фæци, йæ уыцы поэтикон трагеди «Хъодыгонд зæд». Йæ уацмысты зынгæ хайы куыд дзуры нæ Фыдыбæстæ, нæ цардуаг, нæ адæмы фидæныл, раст афтæ у ацы зындгонд уацмысы дæр. Йе трагикон хабæрттæ йын фæхаты уд уацмысы райдианы арвæй дзурæгау чи хъуысы, Саударæджы уыцы зæрдæхалæн хъарæгæй:

*Уæззау рæстæг… Цъæх арт æмæ фæздæг*
*Гуылфæн кæнынц. Ызнæт бæхты мыр-мырæй*
*Ыскъуыйы арв. Сæ цæфхæдты бын зæхх*
*Хъæрзгæйæ ризы. Хотыхты зæллангæй*
*Ныккæрзы зæрдæ. Зонд цы скодта зондæй –*

[1] Т е д е е в а А., Д з а н т и е в А. Титан осетинской словесности / Столичная, 2004. – 26 февраль.
[2] Д ж у с о й т ы Н и н æ. Поэты зæрдæ – адæмæн нывонд / Рæстдзинад, 2008. – 4 март.
[3] Х æ д а р ц а т ы А. Де уазæг, фæндагсар! // А в т о р т ы к о л л е к т и в. Вопросы осетинской литературы и фольклора. – Дзæуджыхъæу, 1993.
[4] А б а й т ы А р б и л я н æ. Аккаг куыстæн – аккаг кад / Рæстдзинад, 2010. – 10 ноябрь.

*Хæрам сæ пырх кæны. Хæты мæлæт,*
*Æмæ цæуы йæ фæстæ дуне сæфтмæ,*
*Фæдисау хъуысы хъæр æмæ цъæхахст.*[1]

Уыцы хъæр æмæ цъæхахсты хъæуы, адæмы хъысмæт фæивынмæ йæ ныфс чи бахæсса, сæ удæн йæ уд чи снывонд кæна, сæрбахъуыды фыццаг аудинаг дзыллæйы чи скæна, ахæм æцæг лæгау-лæг. Æмæ уацмысы уый æрмæст номæй ма хъуамæ баззайа, фæлæ рæза иу фæзындæй иннæмæ, цæуа размæ. Æмæ дæм драматургийы ахæм уацмыс саразынæн Уæлладжы комулæфт куынæ хæццæ кæна, курдиаты хъомысæй æххæст хайджын куынæ уай, æппынæдзух размæ куынæ тырнай, уæд уый æнцон нæу.

Гæздæрты Азæ «Хъодыгонд зæд»-ы фыццаг варианты тыххæй зæгъы: «Известный драматург и поэт Гриш Плиев 8 феврвля 1976 года писал автору: «С удовольствием прочитал твою пьесу «Хъодыгонд зæд»… Твоя первая пьеса среди первых стихотворных пьес других авторов-осетин – наиболее завершенная (сегасы æхсæн æцæгдæр пьесæ у) по всем тем компонентам, из которых складывается понятие пьесы как художественного произведения. Ты умело строишь художественную композицию – столкновение характеров, что принято называть сюжетом, ты достаточно хорошо овладел драматическим стихом – ямбическим пятистопником, речь персонажей свободно льется в направлениях заданных характеров. Сами характеры интересны и занимательны. Словом, ты на верном пути. Благословляю тебя».[2] Куырыхон хистæры ацы арфæ йæ «Фыстæджытæ»-йы[3] нæй. Азæ йæ Шамилы архивæй систа.[4] Ис дзы критикон фиппаинæгтæ дæр. Азæ куыд зæгъы, афтæмæй Шамил йæ уацмысы бахынцыдта фæлтæрд хистæры зондамындтæ.[5] Æмæ уымæй дæр рамбылдта уацмыс. Борæханы характер рæзы уацмысы цыдимæ. Кæны æнæбасæттæ, адæмæн уарзон фæтæг.

---

[1] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Хъодыгонд зæд. – Дзæуджыхъæу, 1993. – 7 ф.
[2] Г а з д а р о в а А. Х. Поэзия Правды и любви. – Владикавказ, 2010. – 166 ф.
[3] П л и т ы Г р и с. Фыстæджытæ. – Дзæуджыхъæу, 2013. – 5 – 295 ф.
[4] Г а з д а р о в а А. Х. Поэзия Правды и любви. – Владикавказ, 2010. – 166 ф.
[5] Уый дæр уым.

Дзыныхаты Аленæ йæ рæстæджы бахынцыдта: «Борæхан архайы XIV æнусы кæрон Аланты хæхты. Ныр уый, йæ къухы æрмæст æхсаргард кæмæн ис, ахæм хъайтар нæу, фæлæ ахæм уд у, кæцы хъуыдытæ æмæ сагъæстæ кæны йæ адæмы хъысмæтыл, йæ мургонд, дихгонд паддзахадыл, кæддæр хъомысджын, тыхджын чи уыд, ууыл. Æмæ йæм ахæм нысан уыд – фæндыд æй йæ паддзахад ногæй сфидар кæнын, рухс цард байтауын, ирон адæмы фыдæхæй æмæ «сæфты зыдæй» фервæзын кæнын…».[1] Афтæмæй нæ автор ахæссы, нæ фыдæлтæ сæ фыдæлты фарн æмæ æгъдау куы хъахъхъæдтой, уыцы рæстæджытæм. Трагеди æнæхъæнæй улæфы, Ирыстон XIV-æм æнусы кæрон цы низæй сад, нæхи уæйгæнджытæ æрцæуæг тыхгæнджытæн цурон митæ куыд кодтой, сæ дин сын куыд истой хицæуттæ уæвыны охыл, рæстдзинад куыд ныгæдтой, чи йыл дзырдта, уыдонимæ, уыдæттæ фыссæг калы хуры рухсмæ, цæмæй сæ уыной нæ абоны уæйгæнджытæ æмæ ацæгъдой сæ цъыфтæ. Сиды Саударæг: «Уæ мад у зæхх, уæ царды хур, уæ фарн, – Йæ зæрдæ йын цæмæн фæкæнут дихтæ?! Уæ уидæгтæ цæмæн хæрут зыдæй?..»

*…уынын: нæ фарнимæ кæмдæр*
*Тæхгæ-нæргæйæ урс барæг æрцæуы.*
*Йæ рахиз къухы хуры тынæй – кард,*
*Уый дунемæ Амраны зынг æрхæссы…*[2]

Адæймагæн уайтагъд схион вæййы уыцы «дунемæ Амраны» зынгхæссæг, аланты æфсæддон фæтæджы фырт Борæхан. У Арæхстджын хæстон фæтæг. Уæддæр ацыд фæсарæнтæм бердзентæ æмæ Ромы зæхх басгарын, сæ хæстон фæлтæрддзинадæй сын йæхицæн ахсджиаг хъуыддæгтæ райсынмæ. Фæлæ æртæ азы фæстæ йæ Фыдыбæстæмæ куы æрыздæхт, уæд йæ фыд удæгас нал уыдис. Йæ бынаты йын æрæййæфта хæххон иры фæтæг Атохы. Æмæ райдайы трагедийы æцæг конфликт. Цæрукъаты Алыксандр

[1] Д з ы н ы х а т ы  А л е н æ. Æнусты хъыг бæрзонд удтыл æнцайы. – Дзæуджыхъæу, 1999. – 173 ф.
[2] Д ж ы к к а й т ы  Ш а м и л. Хъодыгонд зæд. – Дзæуджыхъæу, 1993. – 7 – 8 ф.

уымæн загъта: «Шамилæн кæцыфæнды предмет дæр у аивады æрмæг, зыны йæм вазыгджын æмæ алывæрсыгæй, сæрттивын æй кæны…»[1]

Борæхан, йæ фыд цы кодта, цæмæй амард, уый нæ зоны, æргом ын ничи ницы дзуры æмæ йæ хиуæтты 'хсæн у «æцæгæлон». Æмбары æрмæст дæр иу хъуыддаг – Атох зынгæвæрдау лæууы æрцæуæг тыхгæнджытæн балæггад кæнынмæ. Цæттæ у сæ кæцыфæнды фæндон цæстыныкъуылдмæ аххæст кæнынмæ. Афтæмæй йæ хъуыддæгтæ куыд цæуой хæрзæгъдау, йæ адæм æмæ йæ фыдæлты зæххыл æнувыд Борæханы зæрдæмæ. Уынæм, уацмысы сæйраг хъайтары фыссæг иу архайдæй иннæмæ куыд æрттивын кæны. Фæлæ уыимæ нæ сафы, Алыксандр цы «поэтикон културæ»-йы кой кæны, уый дæр æмæ дзы «ирон поэзи исы кæмдæр æфцæгмæ».[2]

Борæханы ныхмæ у Атохы фырт Елберд дæр. Уый йын æрмæст йæ хæстон арæхстмæ нæ тæхуды кæны, фæлæ йын уарзы йæ уарзон чызг Зæринæйы. Фыд Атох йæ бынат, фæтæджы бынат фесафыны, фырт Елберд Зæринæйæ фæиппæрд уæвыны тасæй сæ удтæй арт цæгъдынц Борæханы адæмы цæсты æфтауыныл, стæй йыл йæ иузæрдыг Зæринæ куыд сдызæрдыг уа, йæ зæрдæйæ куыд фæиппæрд уа, цыфæнды аргъæй дæр афтæ бакæныныл, цæмæй сæ чъизи хъуыдытæ æххæст кæнын уа сæ бон. Ахæм уавæры пьесæйы архайд æххæстбарджынæй фæхæцы трагедийы авналæнтæм. Ацы трагеди ирон поэзийы иууыл бæрзонддæр уацмыстæй кæй у, уый уымæн зæгъы Гæздæрты Азæ: «…трагедия Джикаева «Отверженный ангел» (1975), которая высвечивает события времен нашествия Тамерлана, вызывает из небытия героев, олицетворяющих высокий дух и нравственное величие народа».[3]

Хицау цурон адæмæй цух никуы вæййы. Атох йæ бирæ фæсдзæуинтæ æмæ се 'цæгæлон дины дзæвгар кусджытимæ адæмы сардауы сæ сæрыл тохгæнæг Борæханыл. Елберды дам-думтæ дæр скуыстой йæ хинты фæрцы, Зæринæйы бауырныдта, цыма йæ уарзон Борæйы зæрдæйы ныххаудта æндæр чызджы сурæт. Ноджы Атох иры фæсивæды Тимуры ныхмæ йæ хицауы

[1] Ц æ р у к ъ а т ы  А л ы к с а н д р. Цæуын сындæг, сæрыстырæй зæххыл / Рæстдзинад, 1982. – 23 сентябрь.
[2] Уый дæр уым.
[3] Г а з д а р а в о в а  А. Х. Поэзия правды и любви. – Владикавказ, 2010. – 166 ф.

сæрыл ныццæгъдын кæнынмæ куы хъавы, Тимурæн та йæ фæнд, Бæрзæфцæгыл куы тырны Ирыстоны цæгат хаймæ ныббырсынмæ, уæд Борæхан йæ фарсхæцджыты акодта Дайраны коммæ цыфыддæр знаджы ныхмæ тохмæ. Бирæ историктæ, стæй Бернард С. Бахрах сбæлвырд кодтой: «…аланы и их потомки оставили определенный след в истории Западной Европы в период раннего средневековья».[1] Борæ знагыл йæ фæуæлахизæй йæхи бауарзын кодта йæ адæмæн. Æмæ уый у авторы æрхъуыдыйы фæрцы: «…его герой переживает мучительные испытания, среди которых и предательство со стороны близких ему людей и отвергнутая по злому навету любовь. Победа Борахана над собой, способность подняться над личным, над оскарбленным достоинством, пренебречь собственными переживаниями во имя долга перед родным народом – весьма впечатляет».[2] Ахæм хъомысджын адæм сæ фыды бæстæйы цæмæннæ тох кодтаиккой сæ уды сæрибарыл.

Цæмæй адæмæн цагъарадæй фервæзыны, сæрибар уæвыны хъуыды сæ зонды æнустæм ныббæстон уа, ууыл фæндвидарæй куы архайы Борæхан, уæд Атох æмæ йæ фæсдзæуинтæ растадысты йæ ныхмæ. Удæгасæй йæ баныгæныны тыххæй йыл адæмæн хъоды бакæнын кодтой, фæлæ уацмысы кæрон раргом вæййынц Атох, Елберд, Буртæг, Дзуары лæджы сау æмæ тугæйдзаг хъуыддæгтæ. Атох фæиртæст йæ зондæй æмæ басаст, Борæханы фыды уый кæй амардта, цæмæй йын бацахстаид йæ бынат.

Йæ уидæгтæ мæры арф цы бæлас ауадзы, уымæн йæ къабæзтæ дардыл вæййынц.[3] Куы йын сæ ныдздзæгъдай, уæддæр та «рухс талатæ суадздзæн». Адæм Борæханы бамбæрстой, хатыр дзы ракуырдтой. Равзæрстой йæ фæтæгæй. Баиу сты Ирыстоны фæтæгтæ хохæй, быдырæй, фæсхохæй. Заринæ хатыр ракуырдта Борæханæй, кæй бауæндыд Елбердиты чъизи дам-думтыл. Йе ‘мбал чызджытимæ рацыд сæрибары сæрыл тохмæ.

Раст цыма æнусты фæстæ В. Лебедев-Кумач уыдонæй дзырдта: «Вставай, страна огромная (Аланты бæстæ уæд нырма дардыл уыд – Хъ. М.),

[1] Б а х р а х  Б е р н а р д  С. Аланы на Западе. – М., 1993. – 154 ф.
[2] В л а д и м и р о в а  Г. Легенди творят люди // Театральная жизнь, 1980. – № 23. – 28 ф.
[3] Х ъ о д з а т ы  Æ х с а р. Уидæгтæ ‘мæ талатæ // А в т о р т ы  к о л л е к т и в. Критикон уацтæ. – Дзæуджыхъæу, 1989. – 80 – 84 ф.

Вставай на смертный бой!..»[1] Уый Стыр Сæрибары Сæрвæлтау бирæтæн, суанг Борæханæн дæр уыдис фæстаг, Уæлахизы тох. Фæлæ йын йæ фæдон Сослан, Гæтæджы фырт, цæфæй дæр Борæханы тырыса кæй сисы æмæ йæ гæнахы сæрмæ кæй хæссы, уый у æнустæм сæрибары символ. Уыцы символ Шамилæн æппынæдзух уыдис йæ уды. Йæ бæллиц уыд Ирыстоны иугонд æмæ сæрибарæй, цæрдхъомæй фенын. Цард уыцы стыр идейæйæ, йæ уд æрхаста уыцы идейæйы сæрвæлтау. Сæрыстырæй мысыд: «Спартæйаг мад фæрсы, хæстæй цы илот æрхæццæ, уый, хæст цæуыл ахицæн, уымæй. «Дæ фырттæ фондзæй дæр фæмард сты», – загъта хабархæссæг. Ус ыл фæхъæр ласта: «Ӕлгъаг цагъар! Ӕз дæ уыдонæй нæ фæрсын, фæлæ, чи фæуæлахиз, уымæй». Куы базыдта, Спартæ фæуæлахиз, уый, уæд кувинæгтимæ атындзыдта кувæндонмæ. Уыцы мадæн уыди наци. Уый ныййардта æмæ схаста патриоттæ æмæ геройтæ».[2] Йæхæдæг уымæн уыд цæвиттон æмæ, æцæг патриотæн куыд æмбæлы, афтæ уыцы æвæджиаг фæдзæхст тагъта махæй алкæй уд, зæрдæ æмæ зондмæ: «Лæджы хæс у фыдыбæстæ хъахъхъæнын, адæмы фарн сæфынæй бахизын. Лидзæг дæр Хуыцаумæ куывта æмæ сурæг дæр. Сабыр уæрыкк сырдджын бæсты вæййы бирæгъы амæттаг. Уарзт хорз у, фæлæ дзы нæй шахиды басæттæн. Дон кæй ласы, уымæн йæхи хъæуы змæлын æмæ къухтæ тилын. Бесаты Мæхæмæт тохы фæмард, фæлæ цæры кады зарджыты. Йæ хæлар Гуыргъохъ бафснайдта йæ сæр, фæлæ уыдис удæгасæй мард, йæ мыггагыл та ныууагъта худинаджы гакк. Стыр поэт загъта: зæххыл æнусон сты æрмæст куырыхоны ныхас æмæ героизм. Мах хъæуы æнæниз, сæрæн æмæ зондджын фæлтæр хъомыл кæнын. Уый тыххæй ис ахъаззаг фæрæзтæ – ахуырад, наукæ æмæ куыст. Кадæг, зарæг æмæ истори махæн дæттынц æгъдау, æхсар æмæ намысы æвдисæнтæ. Ирон мадæлтæн та райгуырдзæн Черментæ, Таймуразтæ, Тотрадзтæ».[3] Фидарæй йæ уырныдта: «Аивадон уацмыс у царды ныв æмæ цардзонæн

---

[1] Л е б е д е в-К у м а ч В. Священная война // К о л л е к т и в а в т о р о в. Песни войны и победы. – М., 2010. – 4 ф.
[2] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Адæмы фарн бирæ у / Рæстдзинад, 2004. – 2 ноябрь.
[3] Уый дæр уым.

хабар».[1] Уыцы хъуыдыйæ райгуырд «Хъодыгонд зæд». Автор йæ цæссыгæхсад хъуыды уацмысы кæрон хъæрæй зæгъы Саударæджы дзыхæй:

*Мæ хъæбултæ! Æвирхъау уыди хæст.*
*Нæ хæхтæ судзынц. Ивылд дæттæ тугæй*
*Цæуынц сырхæй. Нæ хуымтæ – сыгъд. Нæ хъæутæ*
*Дæрæнтæ, пырх. Фæлæ кæсы нæ хур…*

*Нæртон фæлтæр! Уæлахиз у уæ намыс…*
*Уынын ма цагъды уæлдæйттæ. Уæддæр*
*Ныфсджын дæн æз! Нæма бахус нæ уидаг*
*Æмæ та ногæй рухс талатæ суадздзæн!*[2]

Шамил уыцы рухс хъуыдыйыл никуы ивта йæ зæрдæ – хаста йæ, куыд уынæм, афтæ иу зынгæ уацмысæй иннæмæ. Шамил æппынæдзух куыста йæ поэтикон дæсныйадыл. Ирон æмæ йын дунеон поэзийы хуыздæр минæвæртты сфæлдыстад уыдис литературон скъола æмæ сæ æппынæдзух фылдæр кодта йæ зонынæдтæ. Поэт тырныдта йæ уацмысты хъайтарты удыхъæд вазыгджын историон æмæ психологон уавæрты æвдисынмæ, стæй уыцы æвæджиаг бæрзæндмæ йæ чиныгкæсджыты исынмæ. Барахъты Гино дзырдта: «…фыссæгæн йæ хъуыддаджы сæйраг у, йæ фыстытæ йын чи кæса, уыдон культурæйыл ахуыр кæнын».[3] Шамилæн уый йæ къухы æфтыд. Истори æмæ абон кæй иу кодта, иу зæрдæ сæм кæй дардта, уый уæлдай ирддæрæй разынд йæ монолог «Дауыт Сосланы хъынцъым», йæ кадджытæ «Мад», «Нывгæнæджы мæлæт», «Намыс», «Иры стыр хъарæг», пьесæтæ «Хъодыгонд зæд», «Цомахъ» æмæ æндæр уацмысты. Уымæн ссис адæмон поэт æмæ паддзахадон премийы лауреат.

---

[1] Д ж ы к к а й т ы  Ш а м и л. Разагъды лæгтæ. – Дзæуджыхъæу, 1999. – 88 ф.
[2] Д ж ы к к а й т ы  Ш а м и л. Хъодыгонд зæд. – Дзæуджыхъæу, 1993. – 88 ф.
[3] Б а р а х ъ т ы  Г и н о. Уæлладжыры кадæг. – Дзæуджыхъæу, 1975. - 392 ф.

Гæздæрты Азæ зæгъы: «Шамиль Джикаев воплотил в своем облике лучшие черты Гражданина, Человека и Поэта».[1] Уый Ирыстоны, алы ницæйаг дын æрвыл уысм дæ хурхмæ кард куы хæсса, уæд æнцон хъуыддаг нæу. Фæлæ Шамилæн бантыст царды бæрзæндмæ схизын, нæ адæмы æд аив литературæ лæджымбæрц сисын. Джыккайы-фырты хъæздыг бынты ирдæй зыны, кæй уыдис Ирыстоны сæрыл хъæбатыр тохгæнæг, йæхицæн кæй никуы лæвæрдта æнцой, кæд-иу бирæ хæттыты йæ удæн уыдис тас æмæ-иу æй сау лæты аххосæй тæрхондæтты йæ рæстдзинад бæлвырд кæныны сæр бахъуыд, уæддæр. Зындгонд ын уыд алцы дæр: «Сафынмæ кæй хъавыс, уый ныхмæ цыфæнды мадзал дæр бæззы».[2] Уæлдайдæр, алы гæбæррагъ тугхортæн.

Джыккайты Шамил уыд поэт æмæ акодта поэты мард. Нырмæ кæд не 'хсæн цард, уæд ныр ссис сыгъдæг уд æмæ йæ адæм, йæ Ирыстоны хъахъхъæндзæн уæларвæй.

## СПАЙДАГОНД ЛИТЕРАТУРÆ


1. Т а у т и е в а Т. О чем болит сердце поэта Шамиля Джикаева / Северная Осетия, 2005. – 20 май;
2. А б а й т ы А р б и л я н æ. Аккаг куыстæн – аккаг кад / Рæстдзинад, 2010. – 10 ноябрь;
3. А б а й т ы А р б и л я н æ. Дæ зæлдаг зæрдæйы фæд / Рæстдзинад, 1999. – 17 апрель;
4. А б а й т ы А р б и л я н æ. Джыккайты Шамил: «Æз бæллын Ирыстоны амонд æмæ ирон адæмы фарнмæ» / Рæстдзинад, 2007. – 31 май;
5. А б а е в В. И. Скифы и осетины // Г е р о д о т. Мелпомена. – Владикавказ, 1991;
6. А б а й т ы В а с о. ?????????????????????Мах дуг. 1989. – № 5;
7. A u l a r d F. A. Le grands Francais/ Danton. 2 ed. – p. 1877;
8. А х м а т о в а Р а и с а. Великий гнев, великая любовь // К о л л е к т и в а в т о р о в. Мятежная лира горца. – Владикавказ, 1981;
9. Б а б а е в С. Черная зима Цхинвали / Советская культура, 1991. – 16 март;
10. Б а г а т ы Л а д и. Къостайы мондæгтæ сæ исын / Пульс Осетии, 2006. – № 37 – 38. – Сентябрь;


[1] Г а з д а р о в а А. Х. Поэзия правды и любви. – Владикавказ, 2010. – 4 ф.
[2] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Цæй фæдыл у цъиувæдис? / Рæстдзинад, 2008. – 1 ноябрь.

11. Б а р а х ъ т ы Г и н о. Уæлладжыры кадæг. – Дзæуджыхъæу, 1975;
12. Б а с и л и. – 46, 50, 52, 54, 57, 68 ф. æ. а. д.
13. Б а х р а х Б е р н а р д С. Аланы на Западе. – М., 1993;
14. Б е к о е в а М. И это все о нем… / Северная Осетия, 2011. – 5 июль;
15. Б е л и н с к и й В. Взгляд на русскую литературу. – М., 1981;
16. Б л о к А. Соб. соч. в 6 т. Т. 2. – Л., 1980;
17. Б р ы т ъ и а т ы Е л б ы з д ы х ъ о. Уац. 2 т. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 1981;
18. Б р ы т ъ и а т ы Е л б ы з д ы х ъ о. Уац. 2 т. Т. 2. – Дзæуджыхъæу, 1982;
19. Б у л к ъ а т ы М и х а л. Дзæбидыры сæррæтт // Мах дуг, 1992. – № 2;
20. В а х т а н г о в а З. Образ родины, образ эпохи / Социалистическая Осетия, 1982. – 5 октябрь;
21. В л а д и м и р о в а Г. Легенди творят люди // Театральная жизнь, 1980. – № 23;
22. Г æ б æ р а т ы Ю. Иры зарæг, Иры хъарæг / Хурзæрин, 2013. – 2 март;
23. Г æ б æ р а т ы Ю. Фыды зæххæн зæрдæйы хæссæн ис / Хурзæрин, 2005. – 26 март;
24. Г æ д и а т ы С е к ъ а. Равзаргæ уацмыстæ. – Цхинвал, 1979;
25. Г æ д и а т ы Ц о м а х ъ. Уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 1959;
26. Г а б и с о в а С в е т л а н а. Плачь о друге // А в т о р т ы к о л л е к т и в. Арв. Цæссыг. Стъалы… – Дзæуджыхъæу, 2012;
27. Г а г л о й т ы В л а д и м и р. Æдзæрæг уæзгуытæ // Фидиуæг, 1989.–№ 7;
28. Г а з д а р а в о в а А. Х. Поэзия правды и любви. – Владикавказ, 2010;
29. Г а н д ж е в и Н и з а м и. Искандер Намэ. 1 ч. Шараф Намэ. Дувал бросается в бой (Перевод К. Линскерова. – Баку, 1953;
30. Г а ф е з. Адджын у цард. – Сталинир, 1948;
31. Г е о р г и а т ы Р. Рæстдзинад – йæ хотых / Ленинская смена, 1990. – 16 март;
32. Г о д и з о в а З. И это все о нем… / Северная Осетия, 2011. – 5 июля;
33. Г у ы л æ р т ы Б а р и с. Нæ нæм хъуыст фыдохы йæ фæдис // А в т о р т ы к о л л е к т и в. Арв. Цæссыг. Стъалы… – Дзæуджыхъæу, 2012;
34. Д и д р о Д е н н и. Избр. атеистич. произв. – М., 1956;
35. Д ж и к а е в Ш а м и л ь: «Мы все – рабы олигархической эпохи» / Стыр ныхас, 2010. – Март;
36. Д ж у с о й т ы Н а ф и. Æрвыстæг поэтмæ / Рæстдзинад, 1992. – 10 ноябрь;
37. Д ж у с о й т ы Н и н æ. Æмæ, дам, зæдтæ нæ мæлынц // А в т о р т ы к о л л е к т и в. Арв. Цæссыг. Стъалы… – Дзæуджыхъæу, 2012;
38. Д ж у с о й т ы Н и н æ. Поэты зæрдæ – адæмæн нывонд / Рæстдзинад, 2008. – 4 март;
39. Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Разагъды лæгтæ. – Дзæуджыхъæу, 1999;
40. Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Арт æмæ æртхутæг. – Дзæуджыхъæу, 2007;
41. Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Æхсæвы æртытæ. – Дзæуджыхъæу, 1990;
42. Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Адæмы фарн бирæ у / Рæстдзинад, 2004. – 2 ноябрь;
43. Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Амыраны зæрдæ. – Дзæуджыхъæу, 1973;

44. Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Курдиаты æнæахуысгæ цæхæр / Рæстдзинад, 2006. – 2 ноябрь;
45. Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Изæрмилты кувын. – 2002;
46. Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Намыс. – Дзæуджыхъæу, 2010;
47. Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Ныхасы фарн. – 1996;
48. Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Поэт æмæ адæм // А в т о р т ы к о л л е к т и в. Осетинская филология: история и современность. Выпуск III. – Дзæуджыхъæу, 1999;
49. Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Сагъадахъ. – Дзæуджыхъæу, 1980;
50. Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Саст дзæнгæрæг. – Дзæуджыхъæу, 2000;
51. Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Фыссæг æмæ цард/Рæстдзинад, 2003.–24 май;
52. Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Хъодыгонд зæд. – Дзæуджыхъæу, 1993;
53. Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Хъуыдытæ… / Рæстдзинад, 2000. – 26 февраль;
54. Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Цæй фæдыл у цъиувæдис? / Рæстдзинад, 2008. – 1 ноябрь;
55. Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Цæф сæгуыты маст. – Дзæуджыхъæу, 1969;
56. Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Язык есть исповедь народа / Северная Осетия, 2002. – 20 август;
57. Д з а с о х т ы М у з а ф е р. Тæлмацгæнæгæй // Ш е к с п и р У и л ь я м. Сонеттæ. – Дзæуджыхъæу, 2014;
58. Д з а с о х т ы М у з а ф е р. Фæлæ… // А в т о р т ы к о л л е к т и в. Арв. Цæссыг. Стъалы… – Дзæуджыхъæу, 2012;
59. Д з у г а т ы Г е о р г и. Уацмыстæ 3 т. Т. 1. – 1972;
60. Д з у г а т ы Х а д ж у м а р. ???????????? / Рæстдзинад, 1974. – 13 июль;
61. Д з у ц ц а т ы Х а д з ы=М у р а т. Дыууæ дуджы астæу. – Дзæуджыхъæу, 2000;
62. Д з у ц ц а т ы Х а д з ы-М у р а т. Бæрндзинад. – Цхинвал, 1976;
63. Д з у ц ц а т ы Х а д з ы-М у р а т. Рæстæг æмæ литературæ. – Цхинвал, 1985;
64. Д з у ц ц а т ы Х а д з ы-М у р а т. Уынгæгбоны сагъæстæ. – Дзæуджыхъæу, 2010;
65. Д з ы н ы х а т ы А л е н æ. Æнусты хъыг бæрзонд удтыл æнцайы. – Дзæуджыхъæу, 1999;
66. Е р е м я н С. Т. Вардан Восточанин. – Ереван, 1946;
67. Е р е м я н С. Т. Степанос Орбелян. – Ереван, 1946;
68. Е р е м я н С. Т. Юрий Боголюбский. Мхитар Гош. – Ереван, 1946;
69. Ирон æвзаджы æмбарынгæнæн дзырдуат 4 т. Т. 2. – М., 2010;
70. Ирон æмбисæндтæ. – Дзæуджыхъæу, 1976;
71. К о з а т ы Х а з б и. Æхсоны цæв æмæ цæхæртæ кала // Фидиуæг, 1964. – № 7;
72. К о ц т ы Л и з æ. Зæрдæйы цæхæрæй / Рæстдзинад, 1982. – 3 август;
73. К ъ о с т а. Ирон фæндыр. – Дзæуджыхъæр, 1951;
74. К ъ у д у х т ы М а р и н æ. Ирыстон кæуы йæ фыртыл… // А в т о р т ы к о л л е к т и в. Арв. Цæссыг. Стъалы… – Дзæуджыхъæу, 2012;

75. Картлис цховреба. – Тбилис, 1959;
76. Картлис цховреба. Т. 1. – Тбилис, 1955;
77. Л е б е д е в-К у м а ч В. Священная война // К о л л е к т и в а в т о р о в. Песни войны и победы. – М., 2010;
78. Л е р м о н т о в М. Ю. Собр. соч. в 4 т. Т. 1. – Л., 1979;
79. Л ю т е р Б е р б а н к. Жатва жизни. – М., 1955;
80. Литература Древнего Востока. Иран, Индия, Китай. Тексти. – М., 1984;
81. М а м и а т ы И з е т æ. Фæцæуы, Ир, дæ намысы зæд дард // А в т о р т ы к о л л е к т и в. Арв. Цæссыг. Стъалы… – Дзæуджыхъæу, 2012;
82. М а м у к а е в Т. Б. Тайна Нузальской часовни. – Владикавказ, 1969;
83. М а т ф. 7, 15;
84. М и н е е в А л е к с а н д р. Вспоминая ноябрь 89-го // Южная Осетия: и кровь и пепел. – Владикавказ, 1991;
85. МИД Южной Осетии выразил обеспокоенность в связи с заявлением Саакашвили / Южная Осетия, 2011. – 29 январь;
86. Н и г е р. Уацмысты æххæст æмб. 3 т. Т. 3. – Дзæуджыхъæу, 1968;
87. Нарты кадджытæ. – Дзæуджыхъæу, 1975;
88. П л а в с к и н З. И. Четырнадцать магических строк // К о л л е к т и в а в т о р о в. Западноевропейский сонет XIII – XVII веков. – Ленинград, 1988;
89. П л и т ы Г р и с. Фыстæджытæ. – Дзæуджыхъæу, 2013;
90. П у ш к и н А. С. Собр. соч. в 10 т. Т. 1. – М., 1974;
91. П у ш к и н А. С. Собр. соч. в 10 т. Т. 4. – М., 1975;
92. П ф а ф ф. Этнологические исследования об осетинах. ССК 11. – Тифлис, 1872;
93. Р е д а к ц и о н у а ц. Иумæ нæ рамбырд кæн, арфæйы дзырд / Иры Стыр Ныхас, 2011. – Зæрдæвæрæны мæй;
94. Р у с и ш в и л и Г р и г о р и / Цнобис пурцели, 1998. – 11 июнь;
95. Р у с т а в е л и Ш о т а. Витязь в тигровой шкуре. – Переводы К. Д. Бальмонта (1936), Г. Цагарели (1937), З. Заболоцкого (1966);
96. С а а в е д р а С е р в а н т е с д е М и г е л ь. Дон Кихот. – М., 1989;
97. С о т т и т ы Р и м м æ. Арвы дзæнгæрджытæ // А в т о р т ы к о л л е к т и в. Арв. Цæссыг. Стъалы… – Дзæуджыхъæу, 2012;
98. Стыр Ныхас, 2004. – № 22;
99. Т а у т и е в а Т. О чем болит сердце поэта Шамиля Джикаева / Северная Осетия, 2005. – 20 май;
100. Т е д е е в Г е о р г и й. Размышления при свете «ночных костров» / Северная Осетия, 1992. – 22 сентябрь;
101. Т е д е е в а А., Д з а н т и е в А. Титан осетинской словсности / Столичная, 2004. – 26 февраль;
102. Т о г о ш в и л и Г. Д. Сослан-Давид. – Владикавказ, 1990;
103. Т ы б ы л т ы А л ы к с а н д р. Равзаргæ уацмыстæ. – Цхинвал, 1964;
104. Т ы б ы л т ы А л ы к с а н д р. Уацмысты æмбырдгонд. – Цхинвал, 1988;
105. Ф е т А. А. // К о л л е к т и в а в т о р о в. Люблю отчизну я…–М., 1982;
106. Ф и д а р а т ы Р у с т е м. Разныхас / Нарты кадджытæ. 7-æм чиныг. – Дзæуджыхъæу, 2012;

107. Х æ д а р ц а т ы А. Де уазæг, фæндагсар! // А в т о р т ы к о л л е к т и в. Вопросы осетинской литературы и фольклора. – Дзæуджыхъæу, 1993;
108. Х æ м ы ц а т ы А л б е г. Уыдтæ бæрзонд ныфсы мæсыг нæ Ирæн… // А в т о р т ы к о л л е к т и в. Арв. Цæссыг. Стъалы… – Дзæуджыхъæу, 2012;
109. Х е т а г у р о в К о с т а. Собр. соч. в 3 т. Т. 1. – М., 1974;
110. Х о д ы К а м а л. …Æнцой уын нæ дæтты / Литературная Россия, 1970. – 6 – 12 февраль;
111. Х о д ы К а м а л. Æхсоны цæв… // А в т о р т ы к о л л е к т и в. КАМАЛ. – Дзæуджыхъæу, 2014;
112. Х о д ы К а м а л. Балсæджы цалх. – Дзæуджыхъæу, 2009;
113. Х о д ы К а м а л. Не дает нам покоя // А в т о р т ы к о л л е к т и в. КАМАЛ. – Дзæуджыхъæу, 2014;
114. Х о з и т ы Б а р и с. Лæгæн йæ намыс у йæ мæт / Рæстдзинад, 2010. – 25 февраль;
115. Х о з и т ы Б а р и с. Поэты сагъæс æмæ уарзты цин / Рæстдзинад, 2000. – 26 февраль;
116. Х о з и т ы Б а р и с. Рухс адæймаг // А в т о р т ы к о л л е к т и в. Арв. Цæссыг. Стъалы… – Дзæуджыхъæу, 2012;
117. Х о с т ы х ъ о т ы З и н æ. Цин æмæ сагъæс. – Дзæуджыхъæу, 2012;
118. Х у ы г а т ы С е р г е й, Х о д ы К а м а л, Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Бонвæрнон. – Дзæуджыхъæу, 1962;
119. Х у ы г а т ы С е р г е й. Мæ сыхæгты номæй. – Дзæуджыхъæу, 1968;
120. Х ъ а з и т ы М е л и т о н. Аивадон тыхæй / РХИ паддзахадон телеуынынад, 2015. – 25 ноябрь (Авт. арх.);
121. Х ъ а з и т ы М е л и т о н. Джыккайты Шамил / Хурзæрин, 2011. – 28 май;
122. Х ъ а з и т ы М е л и т о н. Шамилы табæты уæлхъус (Авт. архивæй);
123. Х ъ о д з а т ы Æ х с а р. Æхсар. – Дзæуджыхъæу, 1965;
124. Х ъ о д з а т ы Æ х с а р. Зынджы бардуаг. – Дзæуджыхъæу, 2003;
125. Х ъ о д з а т ы Æ х с а р. Мæ фæлтæры хъысмæт // А в т о р т ы к о л л е к т и в. Фыссæг æмæ рæстæг: Критикон уацты æмбырдгонд. – Дзæуджыхъæу, 1981;
126. Х ъ о д з а т ы Æ х с а р. Критикæ æви вулгаризаци // Мах дуг, 2010. – №12;
127. Х ъ о д з а т ы Æ х с а р. Рухс. – Дзæуджыхъæу, 1987;
128. Х ъ о д з а т ы Æ х с а р. Уидæгтæ ‘мæ талатæ // А в т о р т ы к о л л е к т и в. Критикон уацтæ. – Дзæуджыхъæу, 1989;
129. Х ъ о д з а т ы Æ х с а р. Фыццаг балц зæрдæтæм / Рæстдзинад, 1964. – 1 март;
130. Хурзæрин, 2001. – 11 апрель;
131. Ц æ р у к ъ а т ы А л ы к с а н д р. Сонет Джыккайты Шамилы сонетæн // А в т о р т ы к о л л е к т и в. Арв. Цæссыг. Стъалы… – Дзæуджыхъæу, 2012;
132. Ц æ р у к ъ а т ы А л ы к с а н д р. Цæуын сындæг, сæрыстырæй зæххыл / Рæстдзинад, 1982. – 23 сентябрь;

133. Ц а р у к а е в  В л а д и м и р. В мир счастья дороги идет через светлое сердце мое / Советская Осетия, 1990. – 2 март;
134. Ц ы б ы р т ы  Л ю д в и г,  Д з а с о х т ы  М у з а ф е р. Арвыком цæмæн баззад фæсарæн? / Рæстдзинад, 2010. – 25 декабрь;
135. Ц ы б ы р т ы  Л ю д в и г. Ирон адæмон бæрæгбонтæ. – Дзæуджыхъæу, 1999;
136. Ч а х р у х а д з е. Тамариани, строфы 15, 16, 63, и 165 (Перевод Ш. Нуцубидзе). – Тбилис, 1942;
137. Ч е х о в  А. П. Пол. соб. соч. и пис. в 30 т. Т. 5. – М., 1985;
138. Ч и б и р о в  Л ю д в и г. Совесть народа // А в т о р т ы  к о л л е к т и в. Арв. Цæссыг. Стъалы… – Дзæуджыхъæу, 2012;
139. Ч и ч и н а д з е  З. История Осетии по грузинским источникам. – Цхинвал, 1993;
140. Ш а в т е л и. Абдул Мессия, строфы 7, 8, 9, 10, 28 (Перевод Ш. Нуцубидзе). – Тбилис, 1942;
141. Э ф о с с к и й  Г е р а к л и т. Материалисты Древней Греции. – М., 1955.

Æ с т æ м  с æ р

## ПОЭТЫ ДУНЕ

### Зæххон цардæй поэтикон дунемæ. Аивадон дунейы кæркæ-мæркæтæ. Интимон базыртимæ. Дзырды аргъ. Аивадон дуне уæрæх кæнын

Царды цалх сæдæгай, милуангай азты тулы, тулы, æмæ æрæвæрдта йæхи фидар фæтк. Алцыдæр хъуамæ фæзына йæхи афоныл. Цæра йæхи цардæй. Алцы дæр йæхи сæрмагонд нывæстмæ гæсгæ рæзы. Уырдыгæй йын нæй фæиппæрдгæнæн. Алы адæймагау, йæхи хъысмæт ис цæмæнфæнды дæр.

Афтæ у ирон аив литературæйы хъысмæт дæр. Куы равзæрдис, уæдæй фæстæмæ рæзт æмæ цард этапгай.[1] Хатт сæрмагонд программæмæ гæсгæ дæр – 30-æм азтæй зæгъын. Кæд уымæн рæзт схонæн ис, уæд. «Æмткæй 30-æм азты поэзийæн уыд агитацион здæхт, уымæ гæсгæ уыд риторикон. Бæгънæг публицистикæ рæгъы цыдис æмдзæвгæты бæсты. Поэттæ сæ хæсыл нымадтой заводтæ æмæ колхозты куыст æмдзæвгæтæй дзурын, хицæн кусджыты æнтыстытæ æвдисын, сæ хъæнтæ хурмæ хæссын. Пæлæхсар бæласы бын дидинæг куыд нæ рæзы, афтæ публицистикæйы ауон æмпылди лирикæ»,[2] – дзырдта Джиккайты Шамил. Фæлæ йын алы хатт дæр уыд реалистон бындур. Уыцы зæххон цардæй цæрыны принциптæ йын Темырболат, Къоста, Секъа, Елбыздыхъо, Арсен æмæ иннæ дзæнæтыбадинæгтæй баззадысты. Октябры революци бæстæйы, адæмы цард иннæрдæм афæлдæхта. Нæ литературæйы райдыдта ног этап æмæ рæзт йæ фидар æмæ раст бындурыл. Уыцы бындур æрмæстдæр 1937-æм азы троцкизмы дуджы тымыгътæ нырризын кодтой. Нæ хуыздæрты нын адæмы знæгтæ куы рахуыдтой, афтæмæй сæ адæмы æцæг знæгтæ туджы зæйæн,

[1] Д ж у с о й т ы  Н а ф и. История осетинской литературы в 2 кн. Книга первая. – Тб., 1980. – 331 ф.
[2] Д ж ы к к а й т ы  Ш а м и л. Ирон литературæйы истори. – Дзæуджыхъæу, 2002. – 223 ф.

ӕрмӕстдӕр ирӕттӕ кӕй сты, уый тыххӕй куы фӕласын кодтой, уӕд нын нӕхи дӕр, нӕ литературӕ дӕр сӕ зӕрды уыд къухылтухгӕ скӕнын.

Ӕвзӕргӕнджытӕ куы фӕфылдӕр вӕййынц, уӕд хӕрамдзинад хӕхты цъар стигъы. Уӕды хус «фӕллойадон зарджыты» Цӕрукъаты Алыксандры сыгъдӕг хъӕлӕс, чи зоны, поэтикон ӕвзагӕй дзургӕйӕ, революци уыдис. Фыдыбӕстӕйон Стыр хӕст кӕй ӕрӕййӕфта – Калоты Хазби, Плиты Грис, Гафез ӕмӕ бирӕ ӕндӕрты хъӕлӕстимӕ ӕнӕхъӕн оркестрау уыдысты.[1] В. Белинский загъта: «Книга есть жизнь нашего времени. В ней все нуждаются – и старые, и молодые, и деловые, и ничего не делающие; дети – также»,[2] – уый хорз ӕмбӕрстой нӕ фысджытӕ. Нӕ буц хистӕртӕ ӕххӕст кодтой уыцы ӕвӕджиауы хӕс. Нӕ адӕмы раз нӕ уыдысты къӕмдзӕстыг. Фӕлӕ адӕмы знаджы номы тас адӕмӕн се уонгӕй куыд сӕфт, – бирӕтӕ дзы нырма дӕр хӕппӕй тӕрсынц, – афтӕ сӕ уды хӕлцӕн, цӕвӕнтӕ чи кӕны, ахӕм поэзи хъуыд. Ӕмӕ литературӕйы алы этапӕн дӕр йӕхи фысджытӕ уыдис ӕмӕ ис, кӕд се 'ппӕт дӕр иу зарӕджы хъӕргӕнджытӕ уыдысты ӕмӕ сты, уӕддӕр. 60-ӕм азты ирон поэзимӕ цы фӕсивӕд ӕрбацыдысты, уыдон тыххӕй Джусойты Нафи афтӕ: «…фӕлтӕр бирӕ уыдысты, фӕлӕ дзы цыппар лӕппуйы, Дюмайы цыппар мушкетерау, бынтон ӕнгом уыдысты, мӕнӕ иронау куыд акӕнынц – иу хӕдон дӕр сын уӕгъд уыди. Уыдон уыдысты Хъодзаты Ӕхсар, Малиты Васо, Джыккайты Шамил ӕмӕ Ходы Камал… Гъе, ӕмӕ цыппар дӕр рацыдысты ӕцӕг ныфсы лӕгтӕ нӕ литературӕйӕн».[3] Фӕлтӕрд критичы цӕст федта, цыппар лӕппуйы тыхфыст кӕй нӕ кӕнынц, се 'рдзон курдиат сыл садзы базыртӕ. «И пошли они, солнцем палимы».[4]

Къоста, Секъа, Елбыздыхъо, Арсен ӕмӕ ӕндӕр стыр фысджытӕ кӕмӕн сты, уыдонӕн нӕ литературӕмӕ нӕй фӕлурс уацмыстӕ хӕссыны бар. П. Г. Германы загъдау: «…выше и выше стремим мы полет наших птиц».[5]

Ацы лӕппутӕй алкӕмӕн сӕ ис йӕхи дзуринӕгтӕ, йӕхи дзырды ад.

---

[1] Д ж у с о й т ы Н а ф и. Ирон аив дзырды сӕрвӕлтау. – Цхинвал, 1966. – 13 ф.
[2] Б е л и н с к и й В. Г. Полн. собр. соч. Т. 4. – М., 1954. – 85 ф.
[3] Х у р з ӕ р и н, 2001. – 20 июнь.
[4] Н е к р а с о в Н. А. Полн. собр. соч. в 15 т. Т. 2. – Л., 1981. – 48 ф.
[5] П р а в д а, 1933. – 7 август.

Фæлæ сæ кæстæр Ходы Камалы куы бафарстæуыд, дæ литературон ныхыфыст æххæстæй раргом, зæгъгæ, уæд загъта: «Многие планы, особенно касающиеся прозы, не сбылись, остались полусделанными, потому что очень много времени отнимает общественная деятельность, что тоже важно. Считаю, что тем самым зря времени не теряю. Я чувствую: то, что я делаю в разных комиссиях, например, по возрождению осетинского языка или по правам человека, или участие в каких-то незапланированных событиях, на которые нужно откликнуться, это тоже необходимо, приносит определенную пользу моему народу – я обратную связь чувствую. Вот в этом отношении удовлетворение испытываю. А сугубо творческие планы, как я уже сказал, далеки от идеала – пишу редко»[1].

Æрвылуысм, – исты зæгъинаг æм ис æви нæ, – гæххæтт æнæхъуаджы чи сафы, уыдонæн се 'мбисонд – сæхи. Камал ахæм фыссæггæндтæм куы хауид, уæд йæхиуыл дæр, йе сфæлдыстадыл дæр ницæмæн хъæуид дзурын. Йе сфæлдыстадон фæндагæй кæй никуы иппæрд кæны, уый тыххæй йæ ныхасы йæхæдæг йæхиуыл цæуы комдзог – æмæ раст кæны: «…я считаю для себя важным творческим процессом и чтение – не только русской классики, но и китайской, японской, латино-американской, современной русской литературы. Сейчас читаю Шекспира, притом общеизвестные трагедии «Отелло», «Макбет», «Гамлет» и так далее. «Кориолан…» И опять испытываю огромное удовлетворение, чувство творческой радости», «…в Шекспире нахожу ответы на многие вопросы, которые нас тревожат: о сути жизни, о психологии человека, о недостатках этого мироздания вообще. Читая и перечитывая Шекспира, каждый раз думаю: да, не зря он считается сверхчеловеком, художником на все времена. То же самое и Данте, его «Божественную комедию» также читаю и перечитываю постоянно».[2]

Поэт йæхи, Бестауты Гиуæргийы хъайтарау, æппара уадтымыгъмæ,[3]

---

[1] Х о д о в К а м а л. Художественные ценности в нашем обществе смещны… / Северная Осетия, 2001. – 2 июнь.

[2] Уый дæр уым

[3] Б е с т а у т ы Г и у æ р г и. Уацмыстæ 3 т. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 2003. – 18 – 22 ф.

«…как будто в бурях есть покой».[1] Камал æцæг курдиатджын поэтæй ирон аив литературæйы раджы ссардта йæ бынат.[2] Ис ын йæхи поэтикон дуне. Уынæм, не 'рвылбонон цардæй куыд райгуыры йæ нуарджын аивад.

**1**

Нæ Иры зæхх курдиæттæ дæттыныл æлгъин никуы уыд. Æндæр хъуыддаг у, уыцы курдиæтты-иу барæвдауын куынæ базыдтам жмæ базонæм. Хатт сын, ныхасмæ уадзинаг дæр чи нæ у, ахæмтæ сæ зæрдæтæ скъахынц, уыдонæн та цыдæр фыд ракæнын сæ бон кæй у, уый равдисыны охыл…

Къостайæн йæ рæстæджы нæ базыдтам аккаг лæггад бакæнын, куыд æмбæлдис, афтæ нæм нæ зынд æрттиваг пъагæтты ауyонæй; Секъайæн йæ ингæны дур фесæфтам; Елбыздыхъойы ном цæмæй æнустæм баныгæдтаиккам, уый тыххæй цы азимаг уынаффæтæ фæхастам, уыдон абоны онг иууыл ивд нæма сты…

Бынтон æндæр хабар у Ходы Камал. Æвзонгæй фæстæмæ алы хатт дæр – дзырдхъом, – куы бахъæуы, уæд – дзырдбарон дæр, – нымад, куырыхон адæймаг. Æгæрыстæмæй, Ирыстоны цæгат хайы зачъеджын фысджыты иурæстæджы се 'ппæты дæр Камалтæ хуыдтой. Цæмæй адæмæн уд æмæ дзæцц суай, зондæй дæ фæрсой, дæ фæдыл цæуой, уый тыххæй хъуамæ дзыллæйы амондæн гуырд уай, дæ уды фарн сын ма хъуамæ хæлæг кæнай. Уый нæ хæс у. Уыцы хæсы таххæй Нафи зæгъы: «Фыссæджы хæс йæ адæмы, йæ райгуырæн уæзæджы раз – уый, мæнмæ гæсгæ, у ныййарæг адæмы зæрдæхатт, уый духовон фæлтæрддзинад зондæй лæмбынæг уынын æмæ зæрдæйæ та, магнитон хатæгау, хатын».[3] Джыккайты Шамил æй фæкарздæр кодта: «Поэты цард хъизæмар у».[4] Æмæ сæм азым æрхæссæн нæй.

Камал нæ дзыллæйы фарнæн райгуырд. Райгуырд Ирыстоны цæгат хайы Рахизфарсы районы Зæронд Бæтæхъойыхъæуы. Стыр Фыдыбæстæйы хæсты райдайæн азы, 1941-жм азы тъæнджы мæйы 26-æм бон. Фæлæ йын

[1] Л е р м о н т о в М. Ю. Собр. соч. в 4 т., Т. 1. – Л., 1979. – 347 ф.
[2] Х у р з æ р и н, 2001. – 20 июнь.
[3] Д ж у с о й т ы Н а ф и. Ирон аив дзырды сæрвæлтау. – Цхинвал, 1966. – 307 ф.
[4] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Ныхасы фарн. – Дзæуджыхъæу, 1996. 2007 ф.

ницы сæ бон баци тъæнджы мæйы цæвæнтæн дæр, фыдхæсты фыдæвзарæнтæн дæр, хæстоны сидзæры тыхст бонтæн дæр. Астазон скъолайы фæстæ куыста Беслæны хойраджы комбинаты æмæ ахуыр кодта кусæг фæсивæды скъолайы. Каст æй фæцис 1959-æм азы. Акуыста Дзæуджыхъæуы Ирон театры, активон хайад иста газетты куысты, уыд телеуынæны хистæр редактор. Фæлæ йæ поэзи йæхимæ тынгæй-тынгдæр кæй ælвæста, уый тыххæй ацыд Мæскуыйы Горькийы номыл Литературон институтмæ æмæ йæ каст фæцис 1970-æм азы. Уыйфæстæ куыста журнал «Мах дуджы» редакцийы критикæ æмæ публицистикæйы хайады сæргълæууæгæй, рауагъдад «Ир»-ы сæйраг редакторæй, Цæгат Ирыстоны Министрты Советы цур Мыхуыр æмæ чингуыты базарады комитеты сæрдарæй, Ирон театры директорæй, 1990-æм азæй у РЦИ-А-йы Фысджыты цæдисы сæрдар, 2013-æм азæй – Ирыстоны Фысджыты цæдисы æмсæрдар.

Уыцы рæстæджы алы аз, алы мæй, стæй алы бон дæр йедзаг уыдис йæхи цинтæ æмæ мæстытæй. Поэтæн сæ алчидæр йемæ хаста цин æмæ маст, рухс бæллицтæ æмæ сагъæс. Ныхыфыстæй фервæзæн нæй, æндæра æнахъом уд царды рухс куы нæма фена, афтæмæй цæмæн хъуамæ фæхицæн уыдаид йæ радтæгæй? Йæ зæрдæ цæмæн баззад хъæдгомæй: «Нымадæй мыл нæма цыд аз дæр, Æмæ куы слæууыдтæн мæ къæхтыл, Ды уæд æмдзæхгæр лыг бæласау Æрхаудтай тохæй арыд зæххыл»[1] («Мæ фыды мысгæйæ»).

Абайты Васо загъта: «Меч ь и фандр это как бы двойной символ нартского народа»,[2] – фæлæ нымадæй аз дæр кæуыл нæма цыд, йæ къæхтыл æдæрсгæ чи нæма слæууыд, уый сидзæрæй куы аззайа, уæлдайдæр, Фыдыбæстæйы хæсты дудгæбойнаг рæстæджы, уæд цы фыдтæ æвзаргæйæ хъомыл кæндзæнис? Камал сæ æнæхай куыд фæуыдаид. Нæ поэты-иу æнахъомæй уымæн бахъуыд куысты сæр лæууын, бинонтæн æххуыс кæнын.

Фæлæ цардæй трагеди никуы арæзта. Уый хыгъд трагедийæ нывæфтыд фæлгонц аразын у йæ бон. Скифты паддзахы фырт Анахарсис дис кодта,

---

[1] Ходы Камал. Цæхх æмæ кæрдзын. – Дзæуджыхъæу, 1966. – 15 ф.
[2] Абаев В. И. Нартский эпос осетин. – Цхинвал, 1982. – 68 ф.

бардзенæгтæм ерысмæ аивады кусджытæ кæй рахизынц, аргъ та сын æндæр чидæртæ кæй фæкæнынц, ууыл.[1] Камал ахæм бар никæмæн ратдзæнис.

Хæмыцаты Албег мысыд, сæ литкъорды Камал куы каст æмдзæвгæ «Мæ фыды мысгæйæ».[2] «Æцæг хæрзæгъдау сфæлдыстад гуыры курдиатæй»,[3] – загъта Дзуццаты Хадзы-Мурат. Камалы, – уыимæ йæ лирикон хъайтары, – гуыбын æмæ рагъæй стырдæр чи сты, уыцы фарстытæ уымæн æндавынц: «Дæ сæрмæ джихæй хур лæууыди, Фæйнæрдæм сау мигъты фæсырдта… Цымæ дæ фæстаг дзырд цы уыди? Цымæ дæ ныстуаны цы куырдтай?»

Нæ поэты фæлтæр ирон литературæйæн кæд Хъодзаты Æхсар, Малиты Васо æмæ Джыккайты Шамилы хуызæн курдиатджын фысджытæ радта, уæддæр Камалæн царды дæр æмæ сфæлдыстады дæр йæ фæндаг æндæр у. Йæхи æрдыгонау сæ сарæзта, цæмæй цæра йæ адæмы æхсæн. Фæлæ æмбисонд зæгъы: «Хистæр – зондамонæг, кæстæр – æгъдаухæссæг».[4] Камал æцæг нæлгоймаджы миниуджытæ кæмæй иста, уый уыдис йæ фыдыфыд. Уый йæ хъомыл кодта. Йæ хуыз ын куыннæ хъуамæ бадардтаид йæ зæрдыл: «Хъуырæйнæмгæ дамбаца – Дæ фæсроны тъыстæй, Думæданæвææрд хъама – Дæ астæуыл, ыстæй – Дæлæрм-уæлæрм хъатара»[5] («Мæ фыдыфыды мысгæйæ»). Зæронд лæг-иу сæ «къуыбырсы уæныгыл» (гал, нæ, фæлæ уæныгыл – галы азтæм æй чи уагъта!) цыд Зорыхъойы хъæдмæ – сидзæр бинонты дарын хъуыд. Уæддæр-иу æй равдæлд – чысыл лæппуйæн йæ дзыппы (дзыппытыдзаг кæм уыд, стæй сæ кæд тоныс!) хаста «æмбисонды цымтæ», рæвдыдта-иу æй йæ кастæй:

*Ныртæккæйау сæ зонын:*
*Дæ зæнгæйттæ, дæ худ,*
*Дæ хотыхтæ, дæ гæрзтæ,*
*Фæлæ дæ мидбылхудт*

---

[1] К о з а е в А. И. Анахарсис. – Цхинвал, 1982. – 122 ф.
[2] Х æ м ы ц а т ы А л б е г. Азты сæрты цард хуыздæр зыны / Рæстдзинад, 2001. – 25 январь.
[3] Д з у ц ц а т ы Х а д з ы-М у р а т. Рæстæг æмæ литературæ. – Цхинвал, 1985. – 29 ф.
[4] И р о н æ м б и с æ н д т æ. – Дзæуджыхъæу, 1976. – 142 ф.
[5] А в т о р т ы к о л л е к т и в. Бонвæрнон. – Дзæуджыхъæу, 1962. – 40 ф.

*Нæ уайы, нæ, мæ цæстыл...*

Йæ сабибонты уырыд царды кой чифæнды кæнæд, ацы строфайы фæстаг дыууæ рæнхъы поэт цы детал æрцахста, – уый сæ ныббынæй кæндзæн. Йæ къухтæм æмхасæнтæ чи кодта, уый кæм æвдæлд худынмæ!

Чиныгкæсæджы зæрдæйыл чи нæ сæмбæлы, цардæй ахæм хъаст кæныны бæсты Камал алы хатт дæр фæтырны аив нывтæм. Уымæй дæр, бæрц, æлвæст дзырдтæй зæгъынмæ. Нафи зæгъы: «Камалы æмдзæвгæтæй мæ уды алгъыл иу сулæфтæй чи аныдзæвы, æхсинæджы сисау, уыдон сты, фыццаджыдæр, йæхи биографион цардæвæрæнтæй чи рантыст, уыцы рæнхъытæ»,[1] – кæны «Мæ фыдыфыды мысгæйæ»-йы кой: «…иунæг хабарæй нæ цæсты раз сысты царды æнæхъæн ныв: саби фыды рæвдыд зоны æрмæст йæ зæронд фыдыфыдæй… Сабийы арвгæронæй айсæфт уыцы рæвдауæг хур дæр, æмæ ма йын уыны йæ зæнгæйттæ, йæ худ, йæ хотыхтæ, йæ гæрзтæ. Фæлæ йæ мидбылхудт нæ уайы, нæ, йæ цæстыл…» Афтæ поэт мидбылхудты койæ амбæхста йæ зæрдæйы æрхæндæг… Камал дзырдаивады арæхсы æппæтмæ дæр. Зоны мадæн уарзондзинады æргом ныхасæй йæ зæрдæ алхæнын, стæй йæ уарзондзинад нывæнды ахæм хуымæтæг хуызы, æмæ йыл мисхалы бæрц дæр гуызавæ фæуæн нæй».[2]

Йе 'ргом ныхасæй йын æууæндæм йæ поэтикон дзырды рæстдзинадыл. Уый – рæстдзинадыл æууæндын тыхджын у: «Вера горами двигает».[3] Рæстаг дзырд поэзиуарзджыты поэтикон кæлæнтæй къаддæр не ‘лвасы йæхимæ: «Мæ дзæбæх мад! Цы дын зæгъон – Нæ зонын. Мæн тыххæй цас Фылдæр сагъæс Æвзарыс. Фылдæр мæ уыйас Уарзыс. Фыдуаг фæдæн… – Куыд фыдуаг?.. – Лæппу куыд вæййы, Афтæ: Æнæрынцой, Æргомныхас, Æнæрцæф, Ысгуыхтуарзаг Ирон лæппу – Цæрæццаг» («Мæ дзæбæх мад»).

Максим Горький рæзинæгтæй дзырдта: «дети живые цветы земли»,[4] – æмæ уыцы удæгас дидинæг – ирон цæрæццаг лæппу хорз зоны: мадæй

[1] Д ж у с о й т ы  Н а ф и. Æнкъарæн – зарæджы æндзарæн / Хурзæрин, 2001. – 20 июнь.
[2] Уый дæр уым.
[3] М а т ф е й – 17, 20.
[4] Г о р ь к и й  М. Собр. соч. в 16 т. Т. 1. – М., 1979. – 304 ф.

сидзæр – æцæг сидзæр, фыдæй сидзæр – æрдæгсидзæр, æмæ уыцы хæс дæр йæ мадыл уæз кодта. Саби мады риуыл хъомыл кæны, æмæ поэт йæ райгуырдæй фæстæмæ уыдта, йæ уарзæгой Гыццийыл фыддуг цы уаргъ æвæрдта. Хæсты дуджы, стæй – фæсхæст лæгджын хæдзæрттæн дæр сæхи дарын нæ уыдис сæ бон, æмæ сидзæргæс цы хъуамæ кодтаид йе 'нахъомтæн? Фæлæ ирон мад фæцудын нæ бауагъта, æнæ фыдæй йын мæгуырхуыз чи уыдысты, уыцы сидзæрты. Фæстæдæр йæ кæстæр поэт куы сси, уæд æм алы равзаргæ дзырдтæй рæвдаугæ уымæн дзуры: «Мæ дзæбæх мад! Мæ уды уд! Æз уарзын Дæ фæлмæн дзырд, Дæ къæхты хъæр, Дæ бахудт, Дæ конд кæрдзын…», – фæлæ фидæны поэт уыдта – мады зæрдæ тæрсаг у, нæ йын хъæцыд йæ фынæйыл дæр. Хъуыста йын йæ алы сулæфтмæ. Цæрæццаг лæппуйæн та хæдзары пецы фарсмæ къæхтæдаргъæй бадын ном нæ кæны. Хъæуы йæ размæ кæсын, оптимист уæвын: «Оптимизм сур ныхæстæй нæу, фæлæ цард арф уынынæй, – дзырдта Дзуццаты Хадзы-Мурат, – алыфарсонæй, æмбаргæйæ».[1] Поэтæн хæтæнты цæуыны рæстæг куы 'рцыдис, уæд хорз зыдта, æхсайдзæнис æм мады зæрдæ. Ирон æмбисонд мæнгæй нæ зæгъы: «Фырт йæ мады надта, æмæ йын мад афтæ: «Уæртæ лæдзæг райс æмæ мæ уымæй цæв, мæ хъæбул, дæ къух фæрисдзæнис».[2] Йæ хъæбулы размæ дзыназынæй мады цæстытæ урс кæндзысты, уый цы зонын хъуыд поэтæн. Йæ уарзон ныййарæгæн, хатыртæ кургæ, ныфс уымæн æвæры: «Куыд ахизай Налхъуыт-налмасы сæрты, Куы нæ хъусон Дæ ныстуантæм. Гъе, афтæ, Хæххон суадонæн Ку' ацæуай Йæ рæзты Æмæ куы суадзай Къадайæ Дæ дойны, Раст афтæ æз Дæ ныстуантыл Куы тигъ кæнон Мæхи – Ныббар-иу мын: У сонты дуг Цырен арт – Хæд-зонд уæвынæн Ралæудзæни Рад![3]

Ирон поэзийы мады фæлгонц Джусойты Нафи[4] æмæ Хостыхъоты Зинæйæ[5] арфдæр æмæ алыфарсондæрæй ничи равдыста, фæлæ йæ Камал æвдисы йæхирдыгонау, кæсы йæм философон цæстæнгасæй. Ныййарæг мады

---

[1] Д з у ц ц а т ы Х а д з ы-М у р а т. Хæст æмæ зæрдæ. – Цхинвал, 1966. – 36 ф.
[2] А д æ м о н с ф æ л д ы с т а д. Ирон æмбисæндтæ. – Дзæуджыхъæу, 1976. – 25 ф.
[3] Х о д ы К а м а л. Мыртæ. – Дзæуджыхъæу, 1992. – 17–18 ф.
[4] Д ж у с о й т ы Н а ф и. Уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 2015. – 202 – 215 ф.
[5] Х о с т ы х ъ о т ы З и н æ. Табуйаг. – Дзæуджыхъæу, 1998. – 75 – 128 ф.

раз хæсджын уæвын, уый æфсæрмæй æнæууылд дзырд ма сæппарын, æнæуаг къахдзæф ма акæнын поэтæн йе 'взонджы бонтæй ныффидар йæ хъуыдыйы. Мад ын у фæндагамонæг стъалы. Мæнгæй нæ акæнынц: «Мады ад – ныфсдæттæг, мады уарзт – тыхдæттæг».[1]

Ныфсджын, тыхджын лæджы бон бирæ у, æмæ поэт не 'мбæхсы, йæ къухы хорзæй цы æфты, уый йæ мады уарзтæй кæй цæуы. Мад æй кæй радта, уымæй дæр зоны, йæ мад уымæй æппæтхъомдæр кæй у («Мадимæ ныхас»):

*Фæндагыл ныфс цы нæ ратдзæн лæгæн! –*
*Æмыр комæй йæм рухсы цæст ысзындзæн...*
*Дæуæй зынаргъдæр ницы ис мæнæн –*
*Ды радтай мæн, ды дæ мæнæй тыхджындæр.*[2]

Зæрдыл æрлæууы Нафийы æмдзæвгæ «Мæ мадмæ».[3] Лирикон хъайтар сахармæ куы цæуы, уæд æй фæдзæхсы мад, цæмæй йæ фырт ма ферох кæна йæ къона: «Кæд фæхæст уай зонды фæрцы кадыл, Гъе, уæддæр дæ ма уæд рох дæ мад». Мады фæдзæхст – йæ цардамонды зардау фæхаста йæ зæрдæйы – æртахт фæстæмæ. Æцæг, æмдзæвгæ æгæр даргъ рауад, стæй йыл дуджы æндæвдад – «колхозон лæгъз мусы» – æмпъузæны хуызæн у. Камал йæ уацмыс бахызта уыдæттæй. Уыйхыгъд æм фæкаст зæрдæйы æнкъарæнтæй, царды рæстдзинадæй. Уымæн рауад зæрдæмæдзæугæ, удылтайгæ уацмыс. Йæ мадæй хатыр сыгъдæгзæрдæйæ куры: «Ныббар-иу мын...», «Дæуæй цы сонт уарзт фембæхстон кæддæр, Куы уарон уый æддагæттæн таучелæй...»:

*Дæ фæстаг уарзт – дæ зæнæджы кæстæр*
*Дæ разы 'рлæудзæн, бахаудзæн дæ риуыл,*
*Дæ хъарм куатæйы ануæрддзæн йæ сæр*
*Æмæ кæудзæн*

---

[1] А д æ м о н с ф æ л д ы с т а д. Ирон æмбисæндтæ. – Дзæуджыхъæу, 1976. – 25 ф.
[2] Х о д ы К а м а л. Ном. – Дзæуджыхъæу, 1979. – 9 ф.
[3] Д ж у с о й т ы Н а ф и. Лирикæ. – Цхинвал, 1955. – 139 ф.

*Хæкъуырцгæнгæ*
*Йæхиуыл...*

Уыцы уарзт йæ зæрдæмæ фæтагъди йæ сидзæры бонты, æмæ лæппуйæ кæд йæ ныййарæгмæ дзырдта иууыл рæвдаугæдæр дзырдтæй: «Мæ уды уд! Æз уарзын Дæ фæлмæн дзырд, Дæ къæхты хъæр, Дæ бахудт. Дæ конд кæрдзын...» – уæддæр сæ сабибонты цух уыд. Шамил уымæн дзырдта, ирон фыссæджы никуы равдæлы йæхи йæ сæйраг куыстæн снывонд кæнынмæ.[1]

Адæм цал сты, уымæй сæ хъуыдытæ ноджы фылдæрырдæм æнцайынц. Цъус нæй афтæ дзурджытæ, иугæр фыссæджы дæсныйад равзæрстай, уæд алцыдæр ныууадз – хæдзар, бинонтæ, хæстæг-хиуæтты æмæ кæн фыссæджы куыст. Дæхи æнæхъæнæй снывонд кæн аивадæн. Ферох кæн зæххон цинтæ! Уæд ныууадзæн уаид Фыдыбæстæ, æмтуг адæмы, фæлæ ма фысгæ та кæмæн кæндзынæ дзæгъæл æмæ уазалзæрдæйæ? – афтæ хъуыдыгæнджытæ дæр ис.

Антикон дуджы фысджытæ дзырдтой: «Нæ кард у тох». Еврипидмæ дæр, Сенекамæ дæр, Вольтермæ дæр ахæм хъуыдыйы тыххæй азым не 'рхаудзæнис. Цард кæддæриддæр тох у. Йе 'хцондзинад тынгдæр уымæй цæуы. Адæймаг рæстдзинады сæрыл тохы ары удæнцой. Хъуыдымæ барвæндæй цæуынц А. Блокы рæнхъытæ: «И вечный бой! Покой нам только снится Сквозь кровь и пепел...»[2] Фыссæг, фæнда йæ æви нæ, свæййы дуджы политикон фарстытæ фæлгъауæг. Аивадон уацмыстæ куыройау фессынц политикæ. Æндæр хабар у, иуæй-иу фысджытæ политикæ сæ уацмыстæм тыхласт куы фæкæнынц, иннæтæм дугæй фæцæуы. Æцæг чингуытæ фыссын йæхæдæг политикæ у. Бæстæты стыр разамонджытæ, стæмтæй фæстæмæ, фысджытæ уыдысты. Иронæй чи спаддзах – бæстæты стыр разамонджытæ чи уыдысты, стæй уыимæ стыр поэттæ, уыдонæй зонæм Дауыт-Сослан[3] æмæ Сталины.[4] Фыццагæй Секъа афтæ: «Дауыт-Сосланы стихтæ ныры гуырдзиаг

[1] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Нæ вæййы рухсæн сау талынг йæ ингæн // Фидиуæг, 2000. – №1.
[2] Б л о к А л е к с а н д р. Собр. соч. в 6 т. Т. 2. – Л., 1980. – 85 ф.
[3] Ч и ч и н а д з е З. История Осетии по грузинским источникам. – Цхинвал, 1993. – 112 ф.
[4] В а й с к о п ф М и х а и л. Писатель Сталин. – М., 2002. – 380 ф. (Кæд ыл цъыф калы, уæддæр.)

стихтæм хурæй æввахсдæр не сты, фæлæ уæддæр сæ историйæ æрттивынц».[1] Дауыт-Сосланы æмдзæвгæтæ Секъайы рæстæджы – ссæдзæм æнусы райдианы ма сæ, «историйæ æрттивынц», зæгъæн уыд. Ныр «æдзæмсæфт» фæкодтой. Сæ паддзæхтæ сæ фыццаг паддзах Фарнауазæй фæстæмæ иууылдæр ирæттæ уыдысты, æмæ Дауыт-Сослан ирон кæй уыдис, ууыл басæттын сæ нæ фæнды. Паддзахад сын сарæзта ирон цардцух лæппуты стджытыл æмæ йын йæ номыл иу сау дур ныссадзыны бæсты йæ фæдтæ адæгæй хафынц, ирон кæй уыдис, уый цæмæй мауал зына.[2] Цæмæй, «фæранчыцармдарæг» чи уыдис, уый цæмæй ма разына, уый охыл?

Камалæн кæд цæрынæн, зæгъæн ис, æппæтдæр и: хъарм хæдзар, уарзæгой бинонтæ, сабитæ, зæрдæзæгъгæ куыст, æхсæнады у нымад, уæддæр йæ бон нæу политикæйæ иуварс лæууын. Йе сфæлдыстад æмæ йæ цард сты æмбаст. Царды йæ позицийы тыххæй поэт зæгъы: «Я не разделяю точку зрения, что раз ты писатель, то ты должен быть в оппозиции, а такая точка зрения сегодня – не редкость. Есть разные писатели, да и политики разные. Есть писатели, не имеющие морального права критиковать, но они так не считают и критикуют всех, начиная с Президента России и кончая… А вот когда за любой косой взгляд на руководителя выгоняли с работы, они (горе-критики – *Хъ. М.*) молчали. Сегодня все стали храбрецами».[3] Ахæмтæ, фыссæг нæ, чифæнды куы феста, уæддæр кæрчытæн худæджы хос сты.

Йæхи тыххæй афтæ зæгъы: «Не молчал, когда видел вопиющую несправедливость, и сейчас не молчу, говорю об этом. Но критика – не самоцель, и враждовать с руководителем лишь только потому, что он руководитель, и делать из себя героя… Я с этим не согласен».[4] Камалы хъуыды æндæр у: ома, фысджытæ – æмткæй сфæлдыстадон адæм, – сты змæлд сæхимæ гæсгæ аразджытæ, фæлæ уый афтæ нæ нысан кæны, разамонæджы зонгæ-зонын хъуамæ джиз дарай – æххуыс сын фæхъæуы, –

[1] Г æ д и а т ы С е к ъ а. Азау. – Дзæуджыхъæу, 1981. – 424 ф.
[2] Т о г о ш в и л и Г. Д. Сослан-Давид. – Владикавказ, 1990. – 134 ф.
[3] Х о д о в К а м а л. Художественные ценности в нашем обществе смещны… / Северная Осетия, 2001. – 2 июнь.
[4] Уый дæр уым.

зæгъы поэт. Æмæ йæ аразгæ дæр кæны: «Кæддæрты-иу мæнмæ дæр дзурын хорз каст, Ныр та… Ныр та мæ аразын фæнды!» («Мæ кæстæрæн»).

Чи аразы, уымæн æнтысы. Камал ацы æмдзæвгæ 32-аздзыдæй ныффыста. Уæд йæхæдæг дæр кæстæр уыд. Фæлæ йын уæдмæ йæ уацмыстæ, æрхастой курдиатджын поэты кад. Кодтой йæ дзырдхъом. Æргом, раст ныхас æнцон нæма уыдис. Нафи «нæ литературæйы зындæр азтæ (1950–1954)»[1] – кæй рахуыдта, уыдон тæваг сау сыгъд кодта. Фæлæ ног фæлтæр дзырдхъом систы. Камал кæстæр уæвгæйæ кæстæртæн поэтикон зонд, – стæй цардыуагон зонд дæр, – уымæн амыдта. Уый банысан кодта Дзасохты Музафер дæр «Хъуыдыйы арф æмæ дзырды хуымæтæгдзинад»-ы: «Ис ахæм фысджытæ, æмæ литературæмæ æрбакæнынц уæндон къахдзæф. Иуæй-иу гыццыл лæппуйæ афтæ фæзæгъынц: цыма раджы дæр лæг уыди, ахæм бакаст ын ис. Гъе, æмæ уыцы æрыгон литератортæ дæр сæ фыццаг уацмыстæй сæхимæ адæмы æркæсын кæнынц, цыма раджы дæр фысджытæ уыдысты, уый хуызæн сæ рæнхъытыл æвæлтæрддзинад нæ фæзыны, æрыгондзинад сæ лæмæгъдзинадыл нæ, фæлæ фæдзуры сæ тыхыл. Уыцы фысджытыл мæ бон банымайын у Ходы Камалы дæр»:[2] «Кæны мæ ныхас бонзонгæдæр, арфдæр… Мæ къух нæ исын иу хъуыддагыл æз: Уæззау хъуыды хуымæтæг дзырды бавæр – Куыд кæна рæнхъ, æндыгъд нуарау, дыз-дыз». Æмдзæвгæ «Мæ фыды мысгæйæ» сагъæссаг хабæрттыл фыст у, фæлæ йæ кæсыс æмæ бахудтызмæл уыдзынæ. Ома, æз куы райгуырдтæн: «Уæд бадтæ акъоппы мæйдары Æмæ зæрдæлхæнæн ныхæстæй Рæвдыдтай удисæг æмгары». Йæ поэзийæ барæвдауын куыд зоны, афтæ йыл баузæлы «зæрдæлхæнæн ныхæстæй» дæр. Йæ хъæлдзæг хабæрттæм мард йæ сынтыл рабаддзæнис. «Сæгъæй сæныкк гуыры, фысæй – уæрыкк», æмæ йæ фыд дæр ахæм уыдаид. Камалæн Хуыцауæй лæвæрд у. Æмæ йæ хæссы «…с веком наравне».[3] Æнусы райдайæны нæм ссæдз азы нæ фыдбоны сыхæгтæ ныццæгъдынмæ куы

---

[1] Д ж у с о й т ы  Н а ф и. Ирон аив дзырды сæрвæлтау. – Цхинвал, 1966. – 85 ф.
[2] Д з а с о х т ы  М у з а ф е р. Хъуыдыйы арф æмæ дзырды хуымæтæгдзинад / Рæстдзинад, 2001. – 2 июнь.
[3] П у ш к и н  А. С. Собр. соч. в 10 т., Т.1. – М., 1974. – 150 ф.

лæбурдтой,[1] Ходы-фырт-иу мæм рæстæгæй-рæстæгмæ телефоны куы æрдзырдта: «Телеуынæнæй æвзæр хабæрттæ хъусын. Куыд стут?» – уæд уыцы æрдзырд мæсыг нæ уыд, фæлæ мын мæ ныфсыл ныфс æфтыдта – адæмæй рох не стæм, фæстæмæ лæууæн нæй! «Отступать некуда – позади Москва»,[2] – уыд ахæм лозунг дæр, махæн та æцæг фæстæмæ алæуæн нал ис, уæд былæй хауæм. Царды йæ поэзии дæр ахæм ныфсдæттæг у.

1962-æм азы Джыккайты Шамил æмæ Хуыгаты Сергеимæ цы иумæйаг æмбырдгонд рауагътой, «Бонвæрнон», уым фергом сты, æвзонг поэтты фæндæгтæ кæуылты зилынмæ хъавыдысты, уыдæттæ. Фæлæ Ходы Камалы æцæг поэтикон фæндаг бæлвырд-бæрæгæй разынд «Цæхх æмæ кæрдзын»-ы.[3]

Шамил загъта: «Поэт зæрдылæмбæлгæ дзырд куынæ ссара, уæд уый у йæ зындæр хъизæмар. Адæммæ нæ фехъуыст йæ зæрдæйы хъæр, нæ сæм фæхæццæ йæ хъуыдыты рухс, уæд дзæгъæлы уыд йæ куыст. Уый та у хъысмæты æппæты карздæр тæрхон. Æмæ поэтæн йæхицæй хуыздæр уыцы хъуыддаг ничи æмбары. Йæ зæрдæ куынæ æнкъара йæ хъуыдыты æцæгдзинад, сæ тых, сæ афон, куынæ уына йæхи сæрмагонд удыхъæд, куынæ иртаса рæстæджы хуыз æвдисæг сæйрагдæр æууæлтæ, уæд ын нæ бантысдзæн сфæлдыстады цин ссарын. Ходы Камал, – зæгъæн ис æнæгуырысхойæ, – хызт у уыцы азарæй. Уым ис поэтикон курдиат æмæ аивад æмбарынад»[4]. Фæнымадта, поэт нæ размæ цы «цæхх æмæ кæрдзын» æрхаста, уыдоны мидис, нысаниуæг, аивтæ. Йæ тых ис, «…æмæ йæ ныхасæй адæймаджы бафтауы сагъæс æмæ хъуыдыйыл, йæ разы йын æрæвæры ныв. Уыцы нывмæ кæсæм сусæгдзинадау, фæнды нæ йæ рафæлгъауын, æмæ уымæ тырнгæйæ бавзарæм поэты рыст æмæ æхсызгондзинад.

Ныртæккæ, атомон æнусы, лæджы хъуыды иууыл уæззаудæр куыст куы кæны, зæрдæйы уидæгтæ, æрдынбосау, æппæтæй æлвæстдæр куы сты, мæлæт цард æмæ рæсугъддзинадмæ гæппæввонгæй куы лæууы, уæд адæймагыл ис егъаудæр æмæ бæрнондæр хæстæ. Нæ рæстæджы чи цæры,

---

[1] А в т о р т ы к о л л е к т и в. Южная Осетия: и кровь и пепел… – Владикавказ, 1991. – 158 ф.
[2] З в е з д а, 1975. – №2.
[3] Х о д ы К а м а л. Цæхх æмæ кæрдзын. – Дзæуджыхъæу, 1966. – 59 ф.
[4] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Цæхх æмæ кæрдзын // Мах дуг», 1967. – №6. – 100 ф.

уыдоны бæрны ис зæххы хъысмæт, уый стронцийы артæй бахизын, уыдоны бæрны ис фидæны фæлтæры цард æмæ амонд, уыдонæн фылдæр хорздзинæдтæ ныууадзын, къаддæр – удхар æмæ катай»,[1] – зæгъы Шамил, æмæ равдыста, уыцы стыр хъуыддæгтæм æвзонг поэт куыд тырны æмæ êóûäæй æфтынц йæ къухы. «Даром ничего не дается: судьба Жертв искупительных просит»,[2] – загъта Н. Некрасов. Уыцы фарстытæ бирæ бæрцæй уыдысты æмæ сты абон дæр нæ поэты сагъæс. Стæй йæ фыццаг чиныгæй рахызтысты, уыйфæстæ цы чингуытæ рауагъта, уыдонмæ: «Кæмдæр ирон лæппутæ зарынц» (1970), «Кар» (1974), «Ном» (1979), «Æрттигъ» (Хъодзаты Æхсар æмæ Малиты Васоимæ æмавтортæй, 1983), «Мыртæ» (1992), уырыссагау «Белые искры» («Современник», 1976), «Своим чередом» («СП», 1989), Уацмыстæ (1-аг æмæ 2-аг т., 2009, 2011) æмæ æнд. Уыдон сты, цард аивадонæй кæм ныв кæны, Камалæн йæ уды уыцы фæллой.

**2**

Алчидæр хъуамæ зонид, адæймаджы зæрдæйы уарзты æнкъарæнтæ куынæ тæлфой, уæд цыфæнды æлгъаг цæрæгойæ ницæйагдæр кæй у. Царды йæ фендавы æрмæстдæр йæ уæцъæф, æмæ свæййы уый цагъар. Цæрын æмæ уарзын та хъæуы, А. Пушкин куыд дзырдта, афтæ: «…сердце вновь горит и любит – оттого, что не любить оно не может».[3] Сыгъдæг уарзты æнкъарæнтæй чи фæцæры, уый æндæр хъуыддаг у. Уарзт адæймаджы уд сыгъдæг кæны алы цъæмæл, марг æмæ быронæй. Уымæн æмæ уарзт адæймаджы кæны бæрндзинадмæ, æмæ йæхи цас бæрнондæр фæхаты, уыйбæрц йæ царды нысан вæййы стырдæр æмæ йын бантысы фылдæр. Италиаг философ Ванини Джулио Чезаре дзырдта: «Я не побоялся бы поместить человека выше небес».[4] – Адæймаг уарзтæй сыгъдæг æмæ бæрзонд кæны. Камал йæ аивадон дунемæ йæ зæрдæйæн æхцон адæмы уарзгæйæ уымæн кæны. Æцæг зонджын адæймаг йæхи иууыл бæрнондæр фæхаты йæ

---

[1] Уый дæр уым.
[2] Н е к р а с о в  Н. А. Полн. собр. соч. и писем в 15 т. Т. 1. – Л., 1981. – 179 ф.
[3] П у ш к и н  А. С. Собр. соч. в 10 т. Т. 2. – 1978. – 178 ф.
[4] Р у т е н б у р г  В. И. Великий итальянский атеист Ванини. – М., 1959. – 88 ф.

Фыдыбæстæйы – йæ фыдæлты уæзæг, йæ адæмы раз. Бæрндзинад цæуы уарзтæй. Уарзтæй цæуы бæрндзинад. Уый тыххæй уарзтæн ницы хуызы ис хæццæгæнæн национализмимæ, уæлдайдæр, фанатизмимæ. Национализм æмæ фанатизм фыдбылызæй дарддæр ницы дæттынц. Уымæн æмæ фыдтæн гуырд сты. Фыдбылызæн та, абон уа, райсом – æнæмæнг æрцæуы йæ кæрон.

Фыдыбæстæйы уарзтæн кæрон кæй нæй, уымæн у æгæрон тыхджын. Фыдыбæстæйы уарзт цахæмфæнды уавæры дæр адæймаджы хъаруйыл æфтауы тых, скæны йæ æнæфæцудгæ. Фыдыбæстæйы уарзтимæ абарæн ницæмæн ис. Николай Некрасов загъта: «Иди в огонь за честь отчизны, За убежденье, за любовь…»[1] («Поэт и гражданин»). Сахуыр ын стæм йæ зындгонд афоризмыл: «Поэтом можешь ты не быть, но гражданином быть обязан», – афтæмæй, уыцы дзырдбастæй дарддæр цы хъуыды цæуы, уымæн къаддæр нысаниуæг нæй: «А что такое гражданин? Отечества достойный сын».[2] Æмæ Фыдыбæстæйы аккаг фырт поэт куынæ уа, уæд æндæр, уæдæ, чи? Фыдыбæстæйы, йæ адæмы раз поэтæй тынгдæр чи хъуамæ æнкъара бæрндзинад! Æмæ Камал уыцы бæрндзинад удæй кæй хаты æмæ йæ тынг хорз кæй зоны, уый тыххæй нæ фервæссы йæхиуыл, йæ сæйраг аудинæгты – Фыдыбæстæ æмæ йæ адæмы раз йæхи сæрныллæг уымæн хаты: «Æнæвнæлд фæндырау, Дæн ме 'мыдзаг мыртæй, бæргæ… Фæлæ сыл нæ цæуы мæ бон…», «Карз фæсмон зилы æндæргау мæ сæрмæ: «Гутоны хъæдыл фæхæцыдтæ уал аз, Фæлæ цы 'взæры дæ хуымы?..» («Æрцыди та уалдзæг»).

Æрмæстдæр ахæм зæрдæйыуагимæ ис адæймагæн йæ бæрндзинад æххæст кæнæн. Æмæ дзы Камал никуы фæсæрыстыр вæййы. Стыр философ-энциклопедист Готфрид Вильгельм Лейбниц дзырдта: «Известен случай, когда человеку показалось, что он сочинил новое стихотворение; в действительности же оказалось, что он задолго до того дословно прочитал его у одного древнего поэта. Часто нам необычайно легко понять некоторые вещи благодаря тому, что мы их поняли уже раньше, хотя и не помним

[1] Н е к р а с о в Н. А. Полн. собр. соч. в 15 т. Т. 2. – Л., 1981. – 9 ф.
[2] Уый дæр уым, 10 ф.

этого»[1]. Адæймаг гуырдзæй рахæссы æрвон æнкъарæнтæ, æмæ сæ йæ бон нæ вæййы йæхи атонын. Тыхæппæрст æй акæн æмæ йын æнхъæл кæцæй нæ уай, уырдыгæй сдардзæн йæ сæр. Туг æнцонæй нæ ивы. Уый поэтæн нæу сусæггаг: «Мæ Иры зæхх, Дæ тугдадзин нæ сысы, Уым не 'нцайы аланты 'хсидгæ туг, Йæ уынæр мæм фæндыры цагъдау хъуысы, Аланты тугæй иу æртах – мæ уд» («Мæ Иры зæхх…»). Францаг фыссæг, философ Дени Дидро загъта: «Чудеса там, где в них верят, и чем больше верят, тем чаще они случаются».[2] Туг йæхæдæг, кæд диссаг у, уæддæр агуры йæ фæд. Уыцы сидт нæ поэтмæ «фæндыры цагъдау хъуысы» æвзонджы бонтæй фæстæмæ. Æфтыд æм, йæ зæрдæйы райгуырæн уæзæгмæ цы стыр уарзт æвзæрд, уый. Æцæг аивад райгуыры стыр æнкъарæнтæй: «Бæтæхъойыхъæуы / æгæндæг хъæды сатæг… / Мыггагмæ дæр ды дæ / мæ удлæууæн,/ мæ кадæг»: «Фыццаг хатт ам кæддæр / (уыдтæн ма уæд хæрз саби!) / фыдыуæзæджы монц / мæ зæрдæйы ныттагъди. / Куыннæ кæнон лæггад / цæрæнбонты дæ номæн! – / Фыццаг хатт федтон ам / æвронггæнæг гармони[3] («Мæ рагбонты хъæд»).

Стæй, фылдæр хатт куыд вæййы, афтæ поэт ахызт, йæ фыдыуæзæг афтæ тынг цæй тыххæй уарзы, уыдоныл уарзгæйæ ныхас кæнынмæ. Уыцы хæххон суадонау сыгъдæг уарзт тыбар-тыбургæнгæ згъæлы, сæууон æртæхы фæрдгуытау. Адæймаджы йæ сыгъдæг комулæфтæй, йе 'хцон, зæрдæйыл æмбæлæг зæллангæй æлвасы йæхимæ. Æмæ уый авторы къухы фылдæр æфты цæстуынгæ пейзажы фæрцы: «...Пъырыпъыфы зынг таг / мæн асайдта йæ фæдыл… / Мæ фыдыфыды хъæр: / «Гъе-гъей, лæппу, цы фæдæ?..» Камал йæ райгуырæн уæзæгыл алы зайæгхал, алы дурыкъæртт дæр куыд уарзы, ууыл хъуыдыгæнгæйæ зæрдыл æрбалæууы стыр асыйаг поэт Хъайсын Кулиевы диссаджы æмдзæвгæ «Цæф дур»: «О камни родины! В огне и гуле Мы вместе закалялись в грозный час, Пронзали нас одни и те же пули, И жгло одно и то же пламя нас».[4] Æмæ уыдон, хъæууон цард чи никуы бан-къардта, удæй йемæ æмбуар чи никуы уыд æмæ у, уымæн, чи зоны,

[1] Л е й б н и ц. Соч. в 4 т. Т. 2. – М., 1983. – 107 ф.
[2] Д и д р о  Д е н и. Избр. атеистич. произв. – М., 1956. – 229 ф.
[3] А в т о р т ы  к о л л е к т и в. Æрттигъ. – Дзæуджыхъæу, 1983. – 225 ф.
[4] К у л и е в  К а й с ы н. Собр. соч. в 3 т. Т. 1. – М., 1987. – 142 ф.

бынтондæр ницæуыл дзурæг сты. Фæлæ сæ чи æнкъары, уымæн сæм æнæмæнг фестъæлфдзæнис йæ зæрдæ, хъæууон удæгас нывтæ бирæ рæстæджы уайдзысты, æхцон фынау, йæ цæстытыл. Поэты зæрдæйæ сын уымæн нæй сыфтæн: «Бæтæхъойыхъæуы / æгæндæг хъæды сатæг… / Мыггагмæ дæр ды дæ / мæ удлæууæн, / мæ кадæг».

Поэты хъæлæсыуагæй хатæм, йæ лирикон хъайтар йæ райгуырæн уæзæг æрмæст дæс азы иу хатт кæй уыны, уымæй йæхи кæй нæ раст кæны. Йæ бон нæу йæ ног бынатæй йæхи ратонын, фæлæ «Бæтæхъойыхъæуы æгæндæг хъæды сатæг»-æй нæ кæны йæ «фæллад зæрдæ ривад», æмæ уымæй зонæм æмæ æууæндæм, йæ уæзæгæй кæй фæиппæрд, уый йын æнцой кæй нæ дæтты. Нафи зæгъы: «Трудно представить себе и такого интернационалиста, который бы желал, чтобы его родной народ покидал отчизну, веками насиженные места, и расходился по всему белому свету»[1]. Адæймаг зайæгойау монон тых йæ уидæгтæй исы. Фыдыбæстæ йын фæдæтты, басæттæн кæмæн нæй, ахæм æгæрон тых. Камалæн уыцы тыхдæттæг, æндæр истæмæй баивæн кæмæн нæй, уыцы æвæтчиаг къуым у Бæтæхъойыхъæу, кæд дзы хъаны цард никуы кодта, уæддæр. Нафи зæгъы: «От характера видения мира зависит оригинальность его мысли, эмоций, образных представлений, концепций мира и человека».[2] Камал æвзонгæй банкъардта хиды 'ртахы уæз, дзырды ад, Райгуырæн бæстæйы раз йæ бæрндзинад дæр. Уыдонимæ адæймагмæ куырыхон хъуыдытæ æрцæуынц. Ссæдзаздзыд лæппу йæ Фыдыбæстæйæн сæрыстырæй загъта: «Фыдыбæстæ! Нæ дыл кæнын ныхас, Нæ дæ хонын «Фæйлаугæ фурд», «Цырен арт»… Мæ фыстыты цыфæнды бынат ахс,Уæддæр мæ риуы Стырдæр у дæ бынат» («Фыдыбæстæ»).

Адæймагмæ афтæ фæзыны, цыма Камалæн Фыдыбæстæйы ивгъуыд, абон æмæ сомбон сиу сты йæ туджы куыстимæ. Цæуы сæ дзæхст-дзæхст. «Кæмдæр ирон лæппутæ зарынц»-ы æрдзы нывтимæ уыцы иурæстæджы фæлдахæм нæ историйы сыфтæ. Йæ ивгъуыд ын уынæм абонимæ. Цыма

---

[1] Д ж у с о й т ы Н а ф и. Елбасдуко Бритаев. – Цхинвал, 1963. – 27 ф.
[2] Д ж у с о й т ы Н. – Все начинается с размышления… // Вопросы литературы», 1976. – № 5. – 79 ф.

истори мысгæ нæ кæны, фæлæ нын æй æвæры нæ цæстыты раз, цавæрдæр ног идиллон хъæлæсыуагимæ, сагъæсыл нæ чи æфтауы, ахæм хъæлæсыуагимæ:

*Æризæр... Сатæг...*
*Дымгæ хъазы...*
*Кæмдæр ирон лæппутæ зарынц...*
*Ыслæууыд ивгъуыд дуг мæ разы...*
*Кæмдæр ирон лæппутæ зарынц...*

Стæй, хъуыддаг уый у, чиныгкæсæджы ахсы уацмысы интонаци, йæ ритмикæ, йæ хъуыдыйады фæлхатæн нын фадат нæ дæтты, нæхи дзы атонæм. Нæ йæ хатæм, афтæмæй æххæст цæуы Нигеры хъуыды: «Алы дзырд дæр, хъæлæсæй чи схауа, кæнæ фыст чи ‘рцæуа, уый у уый тыххæй, цæмæй дзурæг-фыссæг æмæ хъусæг-кæсæг кæрæдзи бамбарой».[1] Æмæ уый цæуы Камал-поэты бархъомысæй:

*Цæуы та тох*
*Дзырд æмæ кардæй...*
*Кæмдæр ирон лæппутæ зарынц...*
*Ныхъхъуыста хъæу йæхимæ ‘нкъардæй...*
*Кæмдæр...*
*ирон лæппутæ...*
*зарынц...*[2]

Афтæмæй, æгъатыр царды раз сæ гæрзтæ чи не ‘вæрынц, сæ удты фыддæрадæн сæ тыхы фæрцы сæ хъысмæты фыдæнæн чи зарынц, уыдон нæ исынц сæхи жмбæрц бæрзонд æмæ нын уарзын кæнынц царçд. Фæсхохмæ Хурзæрин куы фæтулы, поэтæн йæ былалгъмæ куы схæццæ вæййы йæ

---
[1] Н и г е р. Уацм. æххæст æмб. 3 т. Т. 3. – Дзæуджыхъæу, 1968. – 7 ф.
[2] Х о д ы  К а м а л. Кæмдæр ирон лæппутæ зарынц. – Дзæуджыхъæу, 1970. – 12 ф. ???

кæуын, уæддæр нæ не ‘фсымæр ирон лæппутимæ уымæн фæфæнды зарын.

Поэтæн йæ Фыдыбæстæ йæ зæрдæйы æвæрд кæй у, уый йын бæтты йæ хъуыдытæ йемæ, уымæн бæллы «саугуысты фæрцы» йæ адæмы зæрдæмæ фæндаг ссарынмæ, уымæн у Ирыстон йæ зарæджы сæр. Ахæм зæрдæуагимæ адæймаджы цъæмæлтæй нæ, фæлæ задæй фæфæнды лæггад кæнын. Æмæ уыцы миниуæг Камал куынæ зонид, уæддæр æм æй дзурид йæ зæрдæ.

Роберт Бернс загъта: «В горах мое сердце, а сам я внизу!»[1] Кæмфæнды уæм, нæ удтæ нæ райгуырæн къуымты бæрзæндтыл баззайынц. Фынтæ дæр уымыты уымæн фæуынæм. Фыдыбæстæ, ныййарæг мадау, иу у, нæ Ирыстоны зæрдæйы кæд сау лæгты хъуынджын къухтæ сæ маргджын кæрдтæ цæвынц, хин æмæ йæ кæлæнæй, тона æмæ æвзонайæ, нард фæхсынау, ныллыгтæ кæнын æмæ аныхъуырынмæ хъавынц, уæддæр.

Стыр нацитæй бирæты ахуыргæндты бæрц мах æнæхъæн адæмæй не стæм, æмæ цы зæххыл лæууæм, цы зæххыл цæуæм, уырдыгæй нæ, хъыгагæн, нæ фыдбоны сыхæгтæй бирæтæ фесхъиуæггаг кæнынмæ кæнæ акъæмс кæнынмæ кæй хъавынц, нæ фыдæлты дардыл хæтæнтау, цæмæй ма, ингæнты фаг нын цы уæзгуытæ баззад, уыдонæй дæр æнæхай фæуæм, æмæ сæ сæхи бакæной, ууыл кæй хъарынц сæ удтæ, уый нæ рох ма хъуамæ уа. Рох нæ никуы фæуыдзæнис, нæ Фыдыбæстæ, куыд æмбæлы, афтæ куы уарзæм, уæд.

Райгуырæн бæстæ, йе 'мтуг адæмы, мадæлон æвзаг дзыллæйæн, куыд сыл тайой æмæ руайой, ахæм уарзтæй уарзын кæнын, уыдон сæрвæлтау сæ удтæ дæр цæмæй ма 'вгъау кæной, уыцы уарзт сын, рухсы æртæхтау, сæ зæрдæтæм тадзын фыссæгæн хæс у. Афтæ нын баззад Темырболатæй, Къостайæ, Секъайæ, Елбыздыхъойæ… Уæдæ йæ Камал йæхицæн куыннæ хъуамæ нымайа хæсыл; куыннæ хъуамæ тырна, хъæбулæн куыд æмбæлы, афтæ кадджынæй йæ фидынмæ: «Тæхуды, Иры буц хæрзтæ фæфид, / ысфæлдис ыл бæрзонд зарæг дæ тугæй» («Зарæг Ирыл»). Темырболат райгуырæн бæстæ «удæн уд дæр» æнæнхъæлæджы нæ хуыдта.[2]

---

[1] Б е р н с  Р о б е р т. Стихотворения. – М., 1982. – 255 ф.
[2] М а м с ы р а т ы  Т е м ы р б о л а т. Ирон зарджытæ. – Дзæуджыхъæу, 1985. – 22 ф.

Афтæмæй цæстытыл ауайы, поэт цæттæ куыд у суанг маргджын калмимæ стох кæнынмæ, цæмæй дзы ирон фыццаг сонет «Цыкурайы фæрдыджы»[1] автор Токаты Алиханау байса цыкурайы фæрдыг. Уый фæрцы дзæбæх кæнид фыдниз. Фæндонæй йæ бон тæхын уаид уæларвмæ. Рухсæй нæ зæхмæ æркæлид тын, дæлдзæхæн ныккæсид йæ арфмæ, æмæ бауаид йæ бон «Иры буц хæрзтæ» бафидын – сфæлдисид ыл бæрзонд зарæг йæ тугæй. Уыцы рухс бæллицы тыххæй ницы æвгъау кæны: «Æрвæрттывды тæссар-мæссар хæххытæй Историйы æрцыди фыст дæ ном» («Иры зæхх»).

Францаг фыссæг, философ П. С. Марешаль дзырдта: «Знать правду никогда не рано»,[2] æмæ Камал, йæ Райгуырæн бæстæ, йæ адæм цы зын фæндагыл рацыдысты, уыдон хорз кæй зоны чысылæй фæстæмæ, уый йын æххуыс кæны йæ радтæг уæзæг уарзынæн дæр æмæ уый тыххæй рæстаг, аивадон æгъдауæй йæ чи равдиса, ахæм дзырд зæгъынæн дæр. Коцойты Арсен дзырдта: «Кæд Хуыцау Хуыцау у, уæд хъуамæ æмбара рæстдзинад æмæ зылындзинад».[3] Адæймаджы зæрдæйы стыр бынат куы вæййы йæ Фыдыбæстæйæн, уæд ын уый æнцой нæ дæтты. Æмæ-иу æхсæзаздзыдæй йæ карæнтæ «фæндаджы хъæбæрыл // Куы самадтой ыздыджын хъултæй тох», уæд-иу уымæн та йæ бæллицтæ бæрзонд æфцджытыл хæтыдысты: «Стырау-иу куы ныхъхъуыстон мæхимæ, Уæд-иу мæм хъуыст æхсæрдзæнты хъæлæс… О, хæхты зарæг райгуырди мæнимæ, Хæссы мæ риуы бонæй-бонмæ рæз» («Хæхты зарæг»). Камал зоны, Фыдыбæстæйы фæлгонц дæлæ-уæлæ ныхæстæй нæ равдисдзынæ. Нæдæр æй фæливгæ акæндзынæ. Фыдыбæстæм, мадæлон æвзагмæ цы ахаст дарай, уыдонæй базонæн ис, чи дæ, дæ риуы цахæм зæрдæ тæлфы, цы дæ рауайдзæн, уыдæттæн. Францаг философ Жюльен Офре де Ламетри загъта: «человек создан не из какой-то более драгоценной глины, чем животные. Природа употребила одно и то же тесто как для него, так и для других, разнообразя только дрожжи».[4] Уыцы æнхъизæн æй бæтты йæ Фыдыбæстæм дæр. Кæд «Къоста æмæ Секъайы

[1] Т о к а т ы А л и х а н. Уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 2004. – 5 ф.
[2] М а р е ш а л ь П. С. Избр. атеистические проз. – М., 1958. – 184 ф.
[3] К о ц о й т ы А р с е н. Уацмыстæ 2 т. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 1971. – 173 ф.
[4] Л а м е т р и Ж. Сочинения. – М., 1976. – 218 ф..

рæстæджы нæ литературæйы сæйраг хæстæй иу уыд адæмæн сæхи базонын кæнын, уыдонæн сæ фидæн бауырнын кæнын, уыдонæн сæ бæстæ æмæ национ културæ бауарзын кæнын»[1], – уæддæр, стыр хъыгагæн, уыцы проблемæтæ абон дæр нæ литературæйы сты ахсджиаг.

Бæстон ахъуыды кæнæм, ныры фысджыты кой ма кæнæм, фæлæ хорз зонæм нæ литературæйы классикты? Суанг Темырболат, Къоста, Секъа, Елбыздыхъо, Арсен, Цомахъ, Нигер æмæ иннæты сфæлдыстады Ирыстоны тыххæй цы дзырдæуы, уыдон нæ зæрдыл дарæм? Цас нæм ис, дунейы кæцыфæнды литературæ дæр сæрыстыр кæмæй  уаид, нæ уыцы фысджыты сфæлдыстадæй иунæг уацмысимæ дæр чи нæу зонгæ, ахæмтæ? Æмæ уый ивуыл сæхи аххос нæу. Къостайы сфæлдыстад кæм нæхæдæг, кæм уырыс уæддæр рауадзынц рухсмæ. Адæм ыл сæ цæст уæддæр ахæссынц. Фæлæ уымæй æрдиаггагдæр цы уа, ирон хæдзары Къостайы чиныг ма разына?!

Беджызаты Чермен[2] æмæ Хъуылаты Созырыхъойы[3] се стыр трагедийы фæстæ 50-æм азты куы среабилитаци кодтой, уæдæй ардæм сæ чингуытæ, – «Æвзæрст уацмыстæ», – хицæнтæй рацыдысты æрмæст иугай хæттыты. Дыууæ хатты та сын иумæ рацыдысты (цалдæргай уацмыстæ) Цæгат æмæ Хуссары. Иннæ классикты уацмыстæ дæр – афтæ. Бирæ фысджыты чингуытæ, уæлдайдæр, хицæн уацмыстæ нæм хæснагыл библиотекæты дæр не ссардзынæ. Уæдæ сæ кæцæй зоной адæм? Æмæ Нафийы хъуыды – «адæмæн сæхи базонын кæнын, уыдонæн сæ фидæн бауырнын кæнын, уыдонæн сæ бæстæ æмæ национ културæ бауарзын кæнын»-ы[4] проблемæ абон дæр нæ литературæйы у сæйрагдæртæй. «…Адæмы сæрыл дзурын, адæмы зæрдæйы ныфс æмæ тохы монц бауадзын у дзыллæйы лæгты хæс».[5]

Æмæ Ходы-фырт афтæ кæй нымайы, ома, æхсæнадон куыст мын бирæ ис, фæлæ йæ мæхицæн хæсыл нымайын – нæ адæмы ахсджиаг хъуыддæгтæ скъуыддзаг кæнын хъæуы, уымæй æгæр раст дæр зæгъы. Ныры депутаттæм

[1] Д ж у с о й т ы  Н а ф и. Ирон литературæ. – Цхинвал 1983. – 136 ф.
[2] Б е д ж ы з а т ы  Ч е р м е н. Æвзæрст уацмыстæ. – Сталинир, 1958. – 552 ф.
[3] Х ъ у ы л а т ы С о з ы р ы х ъ о. Æвзæрст уацмыстæ. –Сталинир, 1957. – 448 ф.
[4] Д ж у с о й т ы  Н а ф и. Ирон литературæ. – Цхинвал 1983. – 136 ф.
[5] Уый дæр уым, 140 ф.

кæсгæйæ, депутат адæмы лæггадгæнæг у, уый зæгъын нал у мæ бон, фæлæ фыссæг йæ дзыллæйы лæггадгæнæг кæй хъуамæ уа, ууыл нæ дызæрдыг кæнын. Æмæ Камалæн, рагон поэттау, йе 'фсургъæй йæ бон у дзурын ныфсджынæй: «Болат цæфхæдтæй дурвæндаг ныххойы, Ызнæт цæстытæй комы 'рдæм кæсы… Дзæнхъа цъититæй басæтты йæ дойны, Тæссар-тæссар мæ былы 'рдæм хæссы» («Æфсургъ»). Æниу, Камал, йе 'фсургъ тæссармæ кæй ахæссы, ахæм нæу. Йæ равзæрст фæндагыл цæуы ныфсджынæй. Джыккайты Шамил загъта: «Поэзи у сагъæс адæмы хъысмæтыл».[1] Камалмæ нымад сты йæ райгуырæн зæххы цин дæр æмæ хъыг дæр. Уыдон иумæ тæлфынц йæ зæрдæйы. Катайгæнгæ уымæн зæгъы «Ирыстонмæ»-йы: «Дæ сагъæстæй æз фаг хайджын куынæ уон, Дæ фыдгулæн мæ зоныгыл куы 'рлæууон, Дæ тохы бон куынæ стъæлфон, æхст фатау, Уæд нал уыдзæн бæрæг мæ сæр, мæ фадæн». Йе знаджы раз йæ зонгуытыл чи 'рлæууы, уымæн уыцы хъуыддаг – худинаг æмæ мæлæт, поэтæн та йæ фыдгулы раз йæ сæр æркъул кæнын удæгасæй йæ баныгæнынæй фыддæр у. Сыбыры фынддæс азæй фылдæр чи 'ркъуырдта, ахæм уæздан лæг æмæ рухстауæг Дзаттиаты Пъаулеиу зæрдæрисгæйæ æрымысыд, 1937-æм азы сæ фыццаг ирон профессионалон литературон критик æмæ рухстауæг Тыбылты Алыксандримæ иумæ кæй æрцахстой. Баппæрстой сæ Чъребайы Сталины номыл уынджы уæды райæххæсткомы ныккæнды. Уæллаг уæладзгуыты – фæрсгæ æмæ нæмгæ.

Алыксандр йæ сæрмæ не схаста, адæмы знаджы ном ыл кæй æвæрдтой, ууыл басæттын, æмæ йæ æрдæгмардæй йæ къæхтæй нылластой ныккæндмæ. Дон ыл куы фæкалдтой йе 'мбæлттæ, йе 'муд куы 'рцыд, уæд сæм бахатыд, йæ уд сисыны размæ йын цæмæй Хазбийы зарæг акæной. Афтæ тынг ын цы агайдта йæ зæрдæ: «…комы нарæджы Джауыртæ 'рбацæуынц, уæдæ. Ой сæ фæндаг сын сæхгæнæм, ой, кæннод худинаг куы уыдзæн»,[2] – уыцы хъуыды? Чи зоны, аив, литературон абарст: « – Хорз бæх цæмæй у?», « – Саргъ æмæ идонæй», «– Уæд хæстон лæппу та цæмæй у?», « – Кард æмæ ливорæй!»[3] –

---

[1] Д ж ы к к а й т ы  Ш а м и л. Ныхасы фарн. – Дзæуджыхъæу, 1996. – 173 ф.
[2] А д æ м о н  с ф æ л д ы с т а д. Зарджытæ, кадджытæ, æмбисæндтæ. – Цхинвал, 1977. – 49 ф.
[3] Уый дæр уым, 51 ф.

æви худинаджы бæсты мæлæт æвзарынæй: «Ой, кæд йæ цард снывонд кодта Йæ уарзон адæмы сæрыл, ой! Ныр ыл кады зарджытæ Нæ дзыллæ куы бакæнынц»,[1] зæгъгæ, уымæй?

Сыбыры фыдтæ бавзарæг фыссæг Дзесты Куыдзæг афтæ загъта: «Къамырмæ боны рухс никæцæй цыд, бон дæр æмæ æхсæв дæр дзы цырагъ сыгъди; уæлдæф дæр афтæ – кæд-иу æрмæст дуары зыхъхъыртæй хъардта».[2] Уæддæр, Поэт æхст фаты хуызæн хъуамæ уа, æхст фатæн та ахæсты къуымтæ уынгæг, охх, куыд къуындæг сты! Камал уымæн зæгъы:

*Æцæгæлонау де 'взагмæ куы кæсон,*
*Мыййаг куы суа мæ зæрдæйæн æддæссонд,*
*Æз хъулон уарзт куынæ кæнон дæ хæхтæ –*
*Йæхимæ мæ нæ райсдзæни дæ зæхх дæр.*

*Нæ уыдзынæн нæ – Иры фырт, нæ – Ходы;*
*Сæ дыууæ дæр мыл бакæндзысты хъоды.*

Хуымæтæг, сыгъдæгзæрдæ, зæххон дзырдтæ æмæ хъуыдытæ. Фæлæ ныдзæвынц зæрдæйыл. Ныдзæвынц ыл сæ рæстдзинадæй. Ныдзæвынц ыл, алкæмæн дæр нæ æнæмæнгхъæугæ, нымаинаг кæй сты, уый тыххæй. Æмдзæвгæйы лирикон хъайтаримæ чиныгкæсæг свæййы Ирыстоны сагъæстæй хайджын, фæархайы, фыдгултæн зоныгыл ма лæууа, тохы бон Фыдыбæстæйы сæраппонд стъæлфа, æхст фатау, йе 'взагмæ ма кæса æцæгæлонау, фæлæ йæ хæхтæ уарза æгæрон уарзтæй. Уæд уыдзæнис йæ раттæг адæм, йæ райгуырæн зæххы патриот, æмæ цæрдзæн сæрыстырæй.

Зындгонд немыцаг-францаг хъуыдыгæнæг Альберт Швейцер дзырдта, зæгъгæ, ис мын дыууæ зæрдæнизы – «первое состоит в понимании того, что мир предстает необъяснимо таинственных и полным страдания; второе – в

[1] Уый дæр уым, 52 ф.
[2] Д з е с т ы К у ы д з æ г. Зæрдæйы ностæ. – Дзæуджыхъæу, 2002. – 6 ф.

том, что я родился в период духовного упадка человечества»,[1] – æмæ ахæм рæстæджы поэты дуджы ныхмæ бахъæуы дывæр хъаруйæ тох кæныны сæр.

Камал йæ Фыдыбæстæйы кой æвастхъæртæ, афоризмты фæрцы нæ кæны, уыдон фæрцы нæ архайы йæ ныхас барæсугъд кæнынил, – кæд нæ ïîýçèéû óûöû ìèíèóæг арæх у, уæддæр, – фæлæ йæ зæрдæйы цæстытæй ныккæсы йæ уды арф æвæрæнтæм, цы дзы ис, уыдон фæрабар-бабар кæны æмæ, йæхи туг кæмæй баризы, уый тадзгæ-баргæ рахæссы чиныгкæсæджы размæ. Адæймагæн йæ удæй чи цæуы, уый искæй удыл дæр æмбæлы.

Немыцаг поэт æмæ классицизмы теоретик Мартин Опиц уымæн бæлвырд кодта, ома, нæ мæ уырны, аивады теоримæ гæсгæ исчи поэт суыдзæнис, уый?[2] Поэтæн йæ дзуринæгтæ йæ курдиатимæ йæ уды хъуамæ уой. Æмæ Камалы уды бирæ æмбæхст дзуринæгтæ ис. Нæ дзы рох кæнынц, нæ фыдæлтæ историйы хæтæнты цы æнагъæддаджы тæрæнты фесты; цытæ бавзæрстой æлдары ехсæй, зæгъай, æмæ «хæддзуйы узæлд-хъылма»-йæ. Фæлæ, æцæг æхсарджын адæймагæн куыд æмбæлы, афтæ йæ ныфс никуы асаст. «Зæрдæуынгæг ныхæстæй» сиды фарны дугмæ, удаистæй фæтындзы йæ фæстæ, кæд дзы æрвгæронау дардæй-дарддæр фæкæны, уæддæр.

Аивадон уацмыс зæрдæ куынæ мара, ныфсыл ныфс куы æфтауа, уæд дзы адæймаг нæ фæлмæцы. Рухс бæллиц æй фæхоны йæ фæстæ: «Бæрзонд хæхтæ, Æнусвæлтæрд Ирыстон – О, сау диссаг! – Сæ хъысмæтæн фæрæзтой… Аланты 'взаг – æгас дунейыл хъуыстгонд – Куыдзы 'мгад сси ирон адæмы цæсты» («Ныхас фидæнимæ»). Æмæ чи ныффæраздзæнис уыдæттæн? Фæлæ уæддæр ироны ныфс нæ асаст: «Æрцæудзæн рухс дуг», – Абон дæр зæгъынц». Ныфсджынæн мæлæт нæй. Ныфсджынтыл фенцой кæны Фыдыбæстæ, уыдоны ныфс, уыдон цæрайæ фæцæры. Æмæ уыцы ныфс рухс кæны нæ поэты сфæлдыстад. Чиныгкæсджытæ йæм цæуынц уыцы ныфсы рухсмæ. Сæйраг уый у, æндæра сфæлдисæджы зæрдæ нарты «гæды-гацца Сырдоны» риуы дæр тæлфыд – йæ адæмæн фæндыр уый æрымысыд:

---

[1] Ш в е й ц е р  А л ь б е р т. Благоговение перед жизнью. – М., 1992. – 23 ф.
[2] О п и ц  М а р т и н. Книга о немецкой поэзии. – М., 1980. –445 ф.

«Он зачинщик и подстрекатель всякого рода ссор. Злоба толкает его на легкомысленные и преступные проделки, после которых он подчас насилу уносит ноги».[1] Поэт ахæм удыкондмæ у цæхгæр ныхмæвæрд, æмæ чиныгкæсджыты хъомыл кæны бæрзонд уæвыныл, Фыдыбæстæ уарзыныл.

Камалы поэзийы Фыдыбæстæйы тыххæй удыл æмбæлæнтæ сты бæлвырд кæмттæ, бæлвырд хъæутæ, бæлвырд бынæттæ. Йæ зæрдæйæ цух чи нæ кæнынц: «Къæсæрты ком… Æгуыппæг сау къæдзæхтыл Ыстъалыджын арв узæлæн кæны. Дон уыраугæ йæ гæндзæхтæ ысцæгъды». Æмдзæвгæ куыд рæзы, афтæ кæны нуарджындæр, ирддæрæй зынынц поэты фæлгонцон уынынад, йæ позици. Уый у йæ курдиатыл дзурæг («Рындзмæ цæугæйæ»):

*Йæхи ныввзилы къæйдуртыл æрра дон,*
*Йæ пырхæнтæ æрызгъæлынц хуыртау.*
*…Зæрæмæджы мын иу зæронд лæг абон*
*Йæ хъæстытæ зæрдæбынæй дзырдта:*

*«Æгæр сарæх и тулæг цалх ныртæккæ…*
*Ныр, акса, адæм бархийæ цæрынц…*
*Зынæввæрсон дзæбидырты бынæттæ*
*Æдзæрæгæй-æдзæрæгдæр кæнынц…»*

Йæ «хæхбæстæй лæджы уæззау хæс» чи дары, уый хъуамæ уына, уыцы бæстæ цæмæй улæфы, цы у йæ рис, йæ цин, цæмæ бæллы, цæмæй тæрсы… Поэтыл дыууæ-æртæ кæнæ фылдæр хатты стырдæр хæс ис. Уый хъуамæ арвы нæрд дæр æмбара, уæззау æртæхты æртхъирæн дæр, удаистæй кæртæфснайджыты катай дæр, знæт дзæбидыр-дзугсиды дзыназын дæр… «Дуне конд у иууылдæр, фæлæ йæм поэт куы акæсы, уæд та йæ ногæй бакæны – йæхицæн дæр æмæ махæн дæр»,[2] – фыста Дзуццаты Хадзы-Мурат.

---

[1] Д ю м е з и л ь Ж. Осетинский эпос и мифология. – М., 1976. – 93 ф.
[2] Д з у ц ц а т ы Х а д з ы-М у р а т. Бæрндзинад. – Цхинвал, 1976. – 144 ф.

Поэтикон дзырд уæд æрцахсы чиныгкæсæджы. Уæд ын свæййы адджын. Уæд баззайы йæ зæрдæйы. Уыцы курдиатæй Камал хайджын у. Æппæт уыдæттæ аив ныввты фæрцы авæры поэзиуарзджыты цæстыты раз: «Нæрыди арв… Ыстыркомы къуылдымтыл Уæззау æртахæй сау къæвда фæкъæртт. Æфснайдта алчи удаистæй кæрт… Нындзыг и хъæу… Хуылыдз куыдзау ныттымбыл». Уыцы тыхст сахат:

*Кæцæйдæр хъуысти стонг бирæгъы ниуд…*
*Дзынæзта рындзыл знæт дзæбидыр-дзугсид…*
*Дæрдтыл-иу арв куы нырттывта, уæд-иу*
*Æгæндæг сау хъæд, хур бонау, ныррухс и…*

Ахæм бæлвырд нывты фæрцы цæстытыл фæуайынц поэты койгæнинæгтæ, нæ цæстыты раз фæуынæргъы арв, йæ цæфæй тæгæлтæ фæхауы сау къæдзæх фæйнæрдæм, цæрæг удтæ нæ, фæлæ æгуыппæг фæкæны зайæг хал дæр нæрдмæ. «Алы дзырдæн дæр ис эстетикон-эмоцион»[1] тых:

*Фæндагыл чи цыд –хæдзармæ тырныдта,*
*Бынаты чи уыд – бæлццæттæн куывта.*
*Тæссар къæвдайæн сау дымгæ хъырныдта.*
*Дæлæуæз, æрхы, цæугæдон куыдта.*
(«Иу æхсæв Стыркомы»)

Уыцы æнахъинон къæвдайæ кæд зæрдæ баризы, уæддæр æй поэтикон дзырды фæрцы цаутæй нал фæфæнды йæхи атонын. Поэтикон уынынад уæлдай тыхджындæр, уæлдай уддзыддæр вæййы, йæ рæсугъддзинадæй дарддæр адæймаджы æнæнхъæлæджы цаутæм кæнæ сагъæстæм куы фехсы.

Уыцы миниуæг Камалы поэзийæн æцæгæлон нæу. Бæлвырд нывтæ, бæлвырд цаутæй ахизы Ирыстон æмæ ирæтты хъысмæтмæ. «Хъобангомы

[1] Уый дæр уым, 146 ф.

нывтæй», зæгъгæ, уымæ куы 'ркæсæм, уæд фенæм: «Ныддæвдæг бæлас сау хохы къæмбырыл, Уæлвонгæй йæм кæсы æдзæмæй рындз…», фенæм «Джызæлдоны гæпп-уылæнтæн сæ быны Хъуына дуртæ» куыд «рæдзæ-мæдзæ кæнынц». Поэт нын нæ цæстыты раз æвæры, Джызæлдон-ГЭС, хъуырдухæнгæнгæ, куыд æууилы цъæх уылæнты, афтæмæй «Тъыфыл цæргæстæ арвы къуырфы зилынц, Сæ мæнг ауæттæ къуылдымтыл хæтынц».

Владимир Луговской æрдзы зарæгмæ хъусгæйæ ныццин кодта: «Жизнь голубой бесконечностью манит. Где же предел? Мне не виден предел».[1] Камалмæ уыцы рæсугъддзинады кæрон кæй нæ зыны, Нигермæ «хуры цæст – рухсхæссæг»[2] куыд у æппынæдзух, афтæ, уый тынг хорз у.

Поэт кæны сау хæхты, къæмбырты, æдзæм рындзы, гæпп-уылæнты, хъуына дурты рæдзæ-мæдзæ, тъыфыл цæргæсты, арвы къуырфы, мæнг ауæтты кой, – дзырдбастытæ сты сæрмагондæй хъусдарыны аккаг, – хæдтæхæг цыма стæхæн фæзуатыл згъоры, стæй уыцы риуыгъд скодта: «Ам Иры стыр фарн адæймаг æнкъары… Тæхуды, уымæй дун-дуне фæхынц!..»

*О Хъобангом! Мæ дард фыдæлты намыс!*

*Чермен æмæ Бæтæйы фыртты мад!*

*Дæ арм фынгæн ды хæхты цотæн дарыс –*

*Мæ рæнхъытæн уыраугæ фидыц ратт!..*

Æмæ сын радта «уыраугæ фидыц». Поэт йæхæдæг. Ивгъуыд æмæ абон афтæ сбаста сæ кæрæдзийыл, нывты фæрцы нын сæ афтæ равдыста, æмæ кæд ирон æфсæрмытæ кæны – «Мæ хъуыдытæ æрвон сыгъдæг куыннæ уой!» – уæддæр нæ æмдзæвгæ æфтауы сæрыстыр сагъæстыл. Æмæ уый поэзи у!

Поэзи та бирæ кæлæнтæ æмæ фæзилæнтæ зоны. Владимир Маяковскийы загъдау – «Поэзия – вся! – езда в незнаемое».[3] Фæлæ Камалы сæ фæдыл, мыййаг, нæ сайынц, уый сæ йæхæдæг скæны йæхицæн коммæгæс,

---

[1] Л у г о в с к о й  В л а д и м и р. Собр. соч. в 3 т. Т. 2. – М., 1988. – 329 ф.
[2] Н и г е р. Уацм. æхххæст æмб. 3 т. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 1966. – 20 ф.
[3] М а я к о в с к и й  В л а д и м и р. Собр. соч. в 12 т. Т. 4. – М., 1978. – 29 ф.

йæхирдыгонау сæ царды рæстдзинадимæ сиу кæны, æмæ йын фæрæстмæ вæййынц. Йæ ныхасыл ын феууæндæм. Æмæ лирикон хъайтарæй йæ амæлæты фæстæ чидæртæ куы хъаст кæнынц: «Фыдуаггомау уыд…Хи фæнд тæрын уарзта…», «Æгæр къæйных… Йæ хистæрты нæ фарста…» – уæддæр мах æууæндæм поэтæн йæхи рæстдзинадыл. Ис ын сæрыстырæй зæгъыны бар: «Бæрзонд æнтыст кæм барæвдауы алкæй!.. Уæддæр лæууыдтæн иу хъуыддагыл фидар: Поэзийы уа, фынгыл уа – былалгъæй Нæ кодтон æз мæ адæмæн мæнг ныхас» («Цæрæг удæй уа, зайæг халæй – алцы…»). Зæгъгæ, куы ацæуон а-дунейæ, уæд «иутæ сæ масты уæзæй цавддуртау лæудзысты», иннæтæй та чи куыд мæнгарддæр у, афтæ сæ риутæ хойдзысты: «Мæнæй зынаргъдæр уымæн лæг нæ уыди!..» – зæгъгæ, уæд нæ æрцахсы царды рæстдзинадæй, уымæн æмæ нæхæдæг дæр бирæ федтам, бирæ бавзæрстам ахæм мæнгæрдты гæды сомытæй. Зынгæ ирон поэт Цæрукъаты Алыксандр мæнгæй нæ загъта, йæ фыдæй-иу ын чи æппæлыд – хорз лæг уыд, фæлæ йæм, зæгъгæ, йæ хъысмæт ныллæууыди цæхгæр æртын æвдæм фыдазы: «Мæ фыды марджытæй æцæгдæр иу У ацы лæг йæхæдæг!»[1] Рæстдзинады тыххæй кад кæны лирикон хъайтар йæ хистæртæн: «Мæ хистæртæн нæма фæдæн æз кадгонд, Мæрдты дæр сын цырагъдарæг лæудзынæн… Фæлæ сын æз дыууæ хуызы аргъ кодтон: Сæ зондæн – иутæн, Иннæтæн – сæ азтæн».

Поэзи йæ алыхуызты дæр фылдæр парахатзæрдæйы æвдисæн у. Æнæуый, ома, парахатзæрдæйæ кæй нæ дзуры адæймаг, – суанг æлгъыст дæр, – уый афтæ тынг нæ хъары зæрдæмæ. Тынг бирæ поэтикон уацмысты цыма алцыдæр вæййы: проблемæтæ, сюжеттæ, аивадон амæлттæ, алыхуызон афыстытæ, диссæгтæ, æмбисæндтæ, фæлæ зæрдæйыл нæ фæныдзæвынц. Зæрдæйы зæрдæ фæагуры, æмæ сæ нæ вæййы, цы парахат зæрдæйы кой кæнæм, уый… «Цæндæвæрд образтæ», хъыгагæн, сæхицæй дарддæр ницæуыл фæдзурынц. Хъодзаты Æхсар апойнаг æмбисондмæ гæсгæ куыд зæгъы: «нæ вæййы раст ныхас рæсугъд, рæсугъд ныхас нæ вæййы раст»[2], – уыйау

[1] Ц æ р у к ъ а т ы  А л ы к с а н д р. Цыма лæууын æз кувæндоны раз. – Дзæуджыхъæу, 1968. – 149 ф.
[2] Х ъ о д з а т ы  Æ х с а р. Рухс. – Дзæуджыхъæу, 1987. – 112 ф.

рæсугъд афыстмæ алы хатт рæстдзинадмæ æнхъæлмæ кæсæн нæй. Рæстдзинад æндæр цыдæр у.

**3**

Адæмæн былалгъæй мæнг ныхас чи нæ кæны, уый дæр рæстдзинады сæрыл тохгæнæг у. Камалæн поэзийы сæйраг рахæцæн уый у – рæстдзинад. Йæ уд уым æвæры. Къоста загъта: «Из всех писателей мира, может быть, из 100 000 один ухитрился не проявить в своих произведениях особенностей своей натуры».[1] Рæстдзинад, мыдадзын цырагъау, мидæгæй æддæмæ рухс кæнæ. Рæстдзинад кæм нæй, уым нæй поэзи. Поэзи у, рæсугъддзинад, адæймагдзинад, лæджыхъæдыл чи зары, сау тыхтæ чи куынæг кæны, ахæм рæстдзинад. Камалы поэзи у рухсдæттæг, талынгсафæг. Йæ ныхас бæлвырд у: «Цæндæвæрд обрæзтæ Мæн цъус æндавынц – Куынæ уой дзурæг Зæрдæйы хъæдгæмттыл», «Æдзæлгъæд тутт ныхæстæй Рахизæм хъуыддаджы дзырдмæ – Цалынмæ нæ байрæджы, Уæдмæ» («Æмбисæхсæвы монолог»).

Камал рæстдзинадмæ сиды, фæлæ уал æркæсæм уацмысы формæмæ. «Æмбисæхсæвы монолог» фыст у верлибрæй. Поэзийы ацы формæ ирон адæмæн, нæ поэзийæн æцæгæлон никуы уыд. Суанг адæмон сфæлдыстады дæр. Нæ фыдæлтæ дзы махæй арæхстджындæрæй пайда кодтой. Фидыдта се 'взаджы алгъыл, сæ диссаджы аив сфæлдыстады («Алардыйы зарæг»):

*Аларды уæларвæй рараст ис,*
*Сыгъзæрин асин авæрдта.*
*Уæд йæ размæ Мады-Майрæм рацыдис:*
*– Кæдæм цæуыс, хæххон зæд?*
*Уæд ын Аларды загъта:*
*– Цæуын мæгуыр хæххон адæммæ.*
*Мады-Майрæм ын балæгъстæ кодта:*

[1] Х е т а г у р о в К о с т а. Собр. соч. в 3 т. Т. 3. – М., 1974. – 306 ф.

*– Мæ раттинæгтæ де 'уазæг –*
*Хъазгæйæ нæм куыд æрцыдтæ,*
*Афтæ нæ худгæйæ ныууадз.*[1]

Уацмыс кæрæдзийыл хæцы йæ хъуыды æмæ йæ мидритмæй. Нæй дзы бæрæг-бæлвырд ритмикон стопа, рифмæтæ, нæ дих кæны строфатыл, фæлæ ныхæсы нæ зæрдæйыл, цыма иууылдæр уый зæлтæм схъомыл стæм. Æмæ хъисын фæндыримæ êóûä ðàðòèâèêîé éæ аивтæ! Нæ фыдæлтæй йæ рахастам, нæхæдæг дæр æй нæ фæхатыдыстæм, афтæмæй. Стæй йыл нæ хъуыды кæнæм, афтæмæй йæ дæттæм кæстæртæм. Гæдиаты Цомахъ иу хатт Секъайы зонгæ кодта тоникæимæ. Хъуыддаг бæрцбарстытæм куы бахæццæ, уæд Секъа афтæ зæгъы: «Ау, æмæ уыцы æрхъуыдыдзинад, йæхи æгъдауæй лæгъзæй цы ныхас цæуы, уымæй хуыздæр у…»[2]

Æмдзæвгæйы сæрибар формæ йæ туджы уыдис. Секъайæ зæгъын. Кæд æй нæ «ахуыргæндтæ» тоникон æмдзæвгæмæ здæхтой, кæд ын суанг фидистæ дæр кодтой: «Диссаджы æмæвæрдтæ дæр фыссыс, фæлæ сæ аразын нæ зоныс»[3], зæгъгæ, уæддæр кодта, йæ зæрдæ, йе 'рдзон курдиат æм куыд дзырдта, афтæ. Йæ уыцы «галиу зонды аххосæй» нын балæвар кодта «Хæхты маст»-ы хуызæн верлибрæй фыст аив æмдзæвгæтæ:

*Хæдтулгæ уæрдоны сцæйцыдтæн, уарзон, нæ бæстæм,*
*Хæдтулгæ уæрдонæй æз кастæн:*
*Зындысты мæм дардæй нæ рæгътæ, нæ хæхтæ,*
*Зындысты нæ цъититæ, урссæр къæдзæхтæ:*
*Ысурс ысты митæй – сæ мастæй.*[4]

Раст цыма фурд у – уыцы нуарджын, уыцы æмбæхст тых, уыцы хъуыддагон цыд кæны размæ. Адæймаджы зæрдæйы дуæрттæ йæм байгом

[1] Ирон адæмы сфæлдыстад 2 т. Т. 2. – Дзæуджыхъæу, 1961. – 348 ф.
[2] Гæдиаты Цомахъ. Уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 1959. – 468 ф.
[3] Гæдиаты Секъа. Равзаргæ уацмыстæ. – Цхинвал, 1979. – 368 ф.
[4] Уый дæр уым, 12 ф.

вæййынц. Уый æцæг æмдзæвгæ у! Афтæ аив, афтæ æнæаскъуыйгæйæ цæуы, æмæ дæ нæ фæнды йæ ныууадзын. Нæ хатыс, цахæм формæйæ фыст у, уый тыххæй йæм сæрмагондæй дæ хъус куынæ æрдарай, уæд. Йæ кой нæ бахъуыд, верлибр ирон профессионалон поэзимæ 60-æм азты барджынæй куы 'рбафсæрста, уæд йæ ныхмæ бирæ чидæртæ кæй лæууыдысты – нæ, дам, нæм рафидаудзæнис, нæ йæ айсдзысты поэзиуарзджытæ, зæгъгæ.

Рæдийгæ алчидæр кæны, фæлæ мæ ныхас ууыл нæу. Уæд Ирыстоны цæгат хайы се сфæлдыстадты верлибрæй иууыл тынгдæр пайда кодтой Хъодзаты Æхсар æмæ Ходы Камал. Уайдзæфтæй нæ басастысты. Ирон адæймагæн верлибр æцæгæлон кæй нæу, уымæн ныр нæхæдæг – æвдисæн.

Уæдæ, куыд рафидыдта, уый тыххæй, ныры уырыссаг поэзийы фæстаг классик кæй хонынц, Ю. Кузнецов Хъодзаты Æхсары чиныг «Яблоко нартов»-æн редактор уыдис, æмæ загъта: «А. Кодзати в совершенстве владеет такой трудной формой поэтического мышления, как верлибр».[1] Уыцы хъуыды ахæссæн ис Камалмæ, афтæ арæхстджынæй пайда кæны верлибрæй. Дзургæ та кодтам йæ поэзи æмæ царды рæстдзинадыл: «Тæлфы зæххы къори мæ риуы, Йæ цин дæр – мæн, Йæ хъыг дæр. Æз нал фæзонын хатгай: Кæцы у мæ зæрдæ, Стæй кæцы у зæххы къори…» («О, адæм»). Хъуыды философон романтикæмæ æнцайы, æмæ уацмыс кæны æцæг поэтикон. Æвдисы нын романтикон уды æцæг рæстдзинад – лирикон хъайтары уды рæстдзинад. Уымæн æмæ йæ тых цæуы зæххы цъарыл иууыл стырдæр тыхæй – адæмæй. Зоны, адæмимæ абаргæйæ, чысыл у, фæлæ хорз æмбары, йæ адæмæй чи у, сæ цардæй чи цæры, сæ амондыл чи тох кæны, уый фыдызæххæй исы хъару: «Мæ ныфс – мæ Иры хæхтау барджын», – æмæ йын нæй дæлдзиныггæнæн, басæттæн. Йæ бон у алы æцæг аивадон кусæгæн дæр, пролетарон поэт Ф. С. Шкулевау фидарæй зæгъа: «Мы – кузнецы, и дух наш молод».[2]

Уый афтæ хъуамæ уа: сæрбахъуыды сæр хъæуы, фыдсæры та гуыр хъæуы. Уымæй дæр, иу цæвиттойнаджы, ома, иу хъайтары иннæ куынæ ива,

---

[1] К о д з а т и А х с а р. Яблоко нартов. – М., 1974. – Цъары 4 ф.
[2] К о л л е к т и в а в т о р о в. Это юность моя. – М., 1966. – 16 ф.

йæ райдайгæ æнтыстытæ йын дарддæр нæ кæны, зæгъгæ, уæд цард ныллæудзæн. Нал аккуырсдзæнис размæ, æмæ йæ хъæуы уымæй бахизын: амæлæг гениты раивдзысты, авдæнты цы генитæ хуыссынц, уыдон.

Аивады кусæгмæ уыцы гениты тæваг куынæ хæццæ кæна, уæд йæ бон адæмы хуызæн исты саразын нæ бауыдзæнис. Фыддзинадмæ кæй къух тасы, уый фæрнджын хъуыддæгтæ фæлдисынæн нæ райгуырд. Александр Пушкин уымæн загъта: «… гений и злодейство – две вещи несовместные».[1]

Фарн кæй уды, кæй дзыхы дзырды ис, уый бон бирæ у. Уымæн диссаг нæу зæххы къори йæ армы дзыхъмæ райсын. Судздзæнис æй, фæлæ йæ уый нæ фæтæрсын кæндзæн. Цардаразæджы тас æндæр у – зæхх «уадз, макуы, макуы ысуæд уазал!» Камал, дзуары лæгау, уымæн байтыгъта йæ тæрттæ: «Уадз, макуы ахуыссæд нæ зæххыл Цардамонды зынг!» Стæй ноджы: «Афтæ тынг уæ уарзын, Æмæ мæнæ, Ацы рæнхъытæ фысгæйæ, Сусæгæй кæуын…»

Джыккайты Шамил Нигерæй загъта: «Поэт сыгъдæг дары лæджы намыс»,[2] – æмæ уый зыны ам. Чиныгкæсæджы зæрдæ иууыл тынгдæр бакъуыры уыцы сусæг куыды рæстдзинад. Уый фæрцы, уыцы «сусæгæй кæуыны» фæрцы мур дызæрдыг нал фæкæнæм поэты цахæмфæнды стыр ныхæстыл дæр. Ахæм тыхджын, ахæм жппæтхъом æмæ диссаг у аивад.

Æмдзæвгæйы кæрон фæстаг хъуыдыйад – адæммæ дидактикон сидт: «Уый уын цард куы радта. Фæстæмæ йæ куынæ фæнды йæ айсын, уæд ын цæмæн кæнут тыхми?» – (ома, зæххæн) ма дзы куынæ уыдаид, уæд æмдзæвгæйы кæрон, зæгъæн ис – стахт бæрзонд: «Уæ, байхъусут-ма, Адæм! Ма хъазут зынгæй! Æз – уæ мад, уæ фыды уазæг, Ма хъазут уæ зæххæй!» Йæ дзуринæгтæ фæлгонцты хуызы куы æвдисы, уæд зæрдæмæ тынгдæр хъарынц. Дзуццаты Хадзы-Мурат дзырдта: «Фæлгонцы бæлвырддзинад æмæ эстетикон мидис хъуамæ æмдзу кæной».[3] Уымæй нæ поэт æлхæны йæ бирæ поэзиуарзджыты зæрдæтæ. Камалы поэзийæн, реалистон уæвгæйæ, æнæнхъæлæджы романтикон хъуыдытæм агæпп кæнын æцæгæлон нæу –

---

[1] П у ш к и н А. С. Собр. соч. в 10 т. Т. 4. – М., 1975. – 286 ф.
[2] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Ныхасы фарн. Дзæуджыхъæу, 1996. – 183 ф.
[3] Д з у ц ц а т ы Х а д з ы-М у р а т. Бæрндзинад. – Цхинвал, 1976. – 146 ф.

«тæлфы зæххы къори мæ риуы», фæлæ ахæм хъуыды, йæ бон у, зæгъа æрмæстдæр, адæмы ныллæджытæ æмæ бæрзæндтыл, мæллæджытæ æмæ фæтæнтыл, цъæхтæ æмæ буртыл чи нæ дих кæны, сæ лæджыхъæдмæ сын чи кæсы, уыдоны тыххæй алы хъуыддагмæ дæр цæттæ чи у, ахæм поэт. Æмæ кæрды йæ дзырд. Уый хуымæтæджы нæу. Коттон Мэзер дзырдта: «…у каждого должен быть свой собственный слог, который и будет отличать его от других, подобно походке».[1] Нæ поэты «къахайст» никæй «къахайстимæ» ис фæхæццæгæнæн. Сæумæрайсом куы сцæйлæгæрды хур, уæд уый тынтæ йæ сыхы рудзгуытæй куыд кæсынц, уымæ та йæ цардамонд афтæ хуымæтæджы нæ фæхуды адæмы цæстытæй. Æмæ йын æнæнхъæлæджы æхцон нæу, адæмы сæрыл цы генитæ тох кодтой, ныр сау мæры чи хуыссынц, уыдон адæмы цæстытæй кæй кæсынц. Афтæ у царды философи. Æмæ йæ нæ хъæуы халын. Поэт уый тыххæй лæгъстæ кæны адæмæн, цæмæй ма схъауой хæсты зынг, ма хъазой, цард сын чи радта, уыцы зæххæй.

Æгæрыстæмæй, тыхми у, адæймаг адæймаджы уарзыны бæсты дыууæ цæсгомы куы дара, «кæнгæ цæсгом – маскæйы руаджы» алкæмæн йæ цуры хион чи хоны йæхи; æддæмæ худгæ чи фæкæны, мидæгæй та марджы арты чи фæсудзы; йæ «маскæ куы фæрайы хурау», уæд йæ риуы та сау калм кæмæн фездыхсы, уый архайд дæр («Дыууæ цæсгомы»). Ахæмтæ поэтæн сты йæ мæрдты удхæссæг. Уыдоны хуызæттæй фæцæуы тыхми, æнæуагдзинад æнæуынондзинад. Мæнг бæллицтæ, мæнг ныфсытæ дæр уырдыгæй цæуынц.

Фæлæ поэт хъуамæ дзура рæстдзинад. Уый куынæ уа, уæд, дыууæ цæсгомы цы маскæджынæн ис, ууыл куыннæ и æууæнк, афтæ фыссæгыл дæр адæм сисдзысты сæ къух. Йæ фыстыл дæр: «Куыд ис гæнæн: лæуу иу къахæй уæларвыл, Дæ иннæмæй та сау зæххыл æнцай?» («Ам – ихкъæвда…»).

Гæнæн ис, иу нæмыгæй сагæн йæ къах æмæ йæ хъус фæцæф кæнай; гæнæн ис, иу гæрахæй дыууæ тæрхъусы амарай, фæлæ, «лæуу иу къахæй уæларвыл, дæ иннæмæй та сау зæххыл æнцай», – уæд чифæнды дæр фæхиу

---

[1] М э з е р  К о т т о н. Политический слог // К о л л е к т и в  а в т о р о в. Писатели США о литературе в 2 т. Т. 1. – М., 1982. – 12 ф.

уыдзæнис. Æмæ уыдæттыл къæсæрæй дуармæ æууæнк нæй. Поэтæн æвзæр æвзæр у, фæнды хион уæд, фæнды – дадæгон. Ирыстоны тæхгæ-нæргæ ба́ерзонд фарнмæ ныфсæнхъæл уымæн кувы («Гаджидау»):

*Æвзæр уæвгæйæ, намысы мæсыгыл*
*Бæхбадт кæнынмæ чи хъавы æдзух –*
*Дæ фæндæй-иу ыл сисæд Ир йæ къух:*
*Æнæ бавæрдæй баззайæд йæ сынтыл!*

*Мæймæбулкъау, кæмæн у йе сконд афтæ:*
*Йæ агъуд – сырх, йæ гуырдзон хъапп та – урс,*
*Уæддæр ма 'ндæртыл чи фæмысы даутæ –*
*Дунейы фарн! Дæ фыдæх сыл ныххуырс!*[1]

Зæрдæйæ урсытæй чи уыд, афтæмæй сырхытыл йæхи чи ныффыста, «уæддæр ма 'ндæртыл чи фæмысы даутæ» æмæ фæллойгæнджыты цард чи сæнад кодта, уыдон поэт раджы федта. Цыма нæм фæдис кодта. Уымæн æмæ йæ катай кæддæриддæр у Ирыстоны ивгъуыд, абон æмæ сомбоныл. Йæ дзырд «Ирыстоны тæхгæ-нæргæ бæрзонд Дзуар»-мæ уымæн у. Йæ загъд дæр рæсугъд, аивадон у уæлæрвтæм, фæлæ сæм мах афтидармæй фæкувæм, уыдон, – бонкалдтæ, – дзагфынгтæй. Бердзенаг сатирик Лукиан загъта: «…боги ничего не делают безвозмездно, но продают людям различные блага: и можно у них здоровье купить по случаю за бычка, а богатство – за четырех быков…»[2] Афтæмæй бонкалдтæ сæ хъал калынц. Æмæ Камалы Дзуары бæсты бахъуыд Стыр Хуыцаумæ кувыны сæр («Сæумæрайсомы арфæтæ»):

*Дæ рард дзиглотæн, о Хуыцау,*
*Сыгъзæрин арфæ рауадз,*

---

[1] Х о д ы К а м а л. Уацмыстæ 3 т. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 2009. – 341 ф.
[2] Л у к и а н. Избр. атеистич. произ. – М., 1955. – 220 ф.

*О, адæмыл сæ зины хай*
*Уæлахиз кæнын ма уадз!*
*Ысфыдæх и, ыссырддзаст и*
*Дæ буц байзæддаг абон, –*
*О Стыр Хуыцау, ныххатыр кæн,*
*Йæ низыхатт ын базон!*

Йæхæдæг æй зоны: «Йæ низы хатт – йæ зæрдæйы». Ныррухс æй хъæуы. Хъороты Дауыт уымæн загъта: «Цард хъуамæ размæ цæуа, йæ фæлывддзинад æцæгдзинадæй ивгæ, йæ чъизидзинад – рæсугъддзинадæй».[1] Фæлæ иугæр лæг лæджы туг куы фæнуазы, лæг лæджы фыд куы фæхæры, уæд тыхæн йæ ныхмæ тых фæхъæуы æвæрын. Йæ ацы æмдзæвгæты хъæрон хъуыдыйæдтæ уырдыгæй цæуынц. Нæ сыхæгты гадзрахатæй ирон æнæазым туг леуахитæ куы кодта, уæд Камал ныффыста йæ хуыздæр æмдзæвгæтæй иу – «Рагон нырыккон зарæг». Уым ралæмæрста йæ зæрдæйы хъизæмар хæхтæм сидты хуызы: «О хæхтæ, уаих фæуат, уастæн, Фыдæл уæ цæрайæ куы цард, Уæд ныр уæ буц зæнæджы мастæн Куыд быхсут мадзурайæ 'нцад»? Сидт адæммæ:

*Нæ нын зæронд уадзынц, нæ – саби*
*Фыдгултæ, райстой нæм кæрдтæ...*
*Аланты 'хсидгæ туг, о, сабух.*
*Кæнæ – мæлгæ, кæнæ – цæргæ!*

*Ирон лæг, де 'фсургъы зынг барцмæ*
*Нылвас дæ болат риу æнгом.*
*Фыдгул, лæгæй-лæгмæ нæм рацу,*
*Куыд фенæм не знаджы æргом.*

Поэт сæрыстыр у: «Сыгъзæринкоцора лæппутæй Нырма нæ равдæлон

[1] Х ъ о р о т ы Д а у ы т. Ироны сагъæс. – Дзæуджыхъæу, 1960. – 72 ф.

нæ зæхх». Уыдон нæ фыдæлты кад не ‘руадздзысты дæлæмæ. Лæгæй-лæгмæ сæ ничи ма амбылдта Ирыстон æмæ ирон адæмы сæрвæлтау тохы. Хæхтæн сæхийау айнæгфарс сты. Темырболат цæйау загъта, «зæрдæйы рухс»[1] нын нæ бæстæ у («Сагъæстæ»). Æмæ кæд «ницæмæн хъæуы ирон лæджы чиныг, куы йæ хъæуид, уæд æй æлхæнид»,[2] – уæддæр нæ сæхимæ æлвасынц поэты зырнæйзылд, уырзæйæвзæрст дзырдтæ. Банкъарæм, цыма, æцæг, мæрдвынæй стæм. Нал æмæ нал хъал кæнæм, фæлæ зонæм, «йæ сау фат маргæйдзаг æрдынæн», калмау куыд тæлфы «алайнаг сонт риуы». Кæд афтæ у, уæд мах, адæм – нæ, хæхтæ дæр мауал хъуамæ быхсой. Нæ фыдæл кæй цæрайæ цард, уыдон не сæфтмæ мадзурайæ ма хъуамæ кæсой. Нæхæдæг лæгæмбæрц кæй хъуамæ фæуæлдæр уæм, ууыл дзырд дæр нæй. Фыддæр рæстæджыты сæрты ахызтыстæм. Тугхор Тимуры ныббырстыты фæстæ цы уавæры уыдыстæм, уый тыххæй Гутнаты Феликс афтæ: «В. Чудинов, например, писал: осетины «бистро ассимилировались», утратив свою народность, «так что среди них трудно услышать их собственный язык». И вообще, «за пределами 1830 года у осетин нет более истории». Тем не менее, несмотря на столь страшные прогнозы «специалистов», народ живет и развивается».[3] Камал дзæнгæлтæгæнæг æвзагæй уымæн дзуры:

*О, скифты знæт кадæн, сæ цытæн*
*Нырма нæ бамынæг сæ ном,*
*Лæууынц, фыдæлтыккон бæрцытау,*
*Нырма сæ байзæддаг æнгом.*

*Сæ фарн бæрзонддæр у цъæх арвæй,*
*Æмæ куы бахъæуа æхсар,*
*Уæд зæххы саумылазон арфæй*

---

[1] М а м с ы р а т ы  Т е м ы р б о л а т. Ирон зарджытæ. – Дзæуджыхъæу, 1985. – 20 ф.
[2] Б р ы т ъ и а т ы  Е л б ы з д ы х ъ о. Уацмыстæ 2 т. – Дзæуджыхъæу, 1982. – 85 ф.
[3] Г у т н о в  Ф. Х. Аристократия алан. – Владикавказ, 1995. – 137 ф.

*Сæ уидаг суадздзæни æвзар.*[1]

Фæлæ поэт искæмæ æртхъирæн нæ кæны. Искæмæн фыд саразынил нæу. Уый æнæуаг ми, фыдракæнд уаид. Уæд мах дæр, кæрдтæ нæм чи райстой, топпы кæсæнæй нæ чи агурынц, уыдоны хуызæн суаиккам. Фæлæ ирон лæг уыдонæй уæлдæр лæууы. Уый хъуамæ йе 'фсургъы зынг барцмæ нылваса йæ «болат риу æнгом», йе знагимæ йæ лæгæй-лæгмæ æргом тох кæнын фæнды. Поэт зоны, не знаг мæнгард у – сусæгæй архайы. Æгъатыр у – мары зæрæдты, сабиты. Уæддæр йæ ныхмæ æргом тох хъуамæ кæнæм. Æмæ æуууæндæм поэты дзырдыл. Нæ фыдæл «йе 'фсургъы зынг барцмæ» йæ «болат риу æнгом» куыд æлвæста, лæгæй-лæгмæ тохы фæсвæд ацæуæн куыннæ уыд, тæппудмæ нæ къух куынæ лæвæрдтам, «фыдæлтыккон бæрцытау» æнгом куыд уыдыстæм нæ тохы бон, уыдæттæ нырма нæ уды рæдзæ-мæдзæ кæнынц. Поэт сæ хъал кæны аив дзырдæй. Хи уды сæрибарау ын зынаргъ у искæй сæрибардзинад дæр. Æмæ фыссид «пумруси сырх уардитыл», «Цъæхснаг хъамылы уайсадгæ æвзагыл, Фæлæ Вьетнамы», йе «'мкарæн æвзыгъд гуырдæн Йæ чындзы фæлыст бахъуыди мæрддзагæн» («Бæргæ фыссин æз пумпуси сырх уардитыл…»): «Мæ зынаргъ ручкæ сифтындзин æнцад-æнцой, Кæнин æфсæстæй рифмæбыд уæзныхас… Фæлæ уынын: Бердзены сæрмæ арвы цъæх Сæ бырынчъытæй сау халæттæ фадынц».[2]

Уыдæттæ нæ уадзынц поэты æнцад-æнцойæ цæрын, æндæра, чи, чи, фæлæ уымæн йæ бон æнцонæй бауаид «исты сæрфат, исты амонд» ссарын, цæмæй уой рæвдыд йæ уд æмæ йæ буар. Æрмæст æй уæд нал æндавид, «тыхджын куыд æвдæрзы æдыхы». Поэты царды нысан æндæр у. М. Горький загъта: «Безумству храбрых поем мы славу! Безумство храбрых – вот мудрость жизни!»[3] Ахæм барджын ныхас (декларативон, тыхгæнгæ къæбæлдзыг ныхас нæ) йæхимæ здахы чиныгкæсæджы. Разæнгард æй кæны лирикон хъайтары идейæтæ хурмæ хæссын, сæ сæрвæлтау тох кæнынмæ карз

[1] Х о д ы К а м а л. Мыртæ. – Дзæуджыхъæу, 1992. – 320 ф.
[2] Х о д ы К а м а л. Кæмдæр ирон лæппутæ зарынц. – Дзæуджыхъæу, 1970. – 5 ф.
[3] Г о р ь к и й М. Собр. соч. в 16 т. Т. 1. – М., 1979. – 155 ф.

æмæ ægъатыр рæстæджы. Джусойты Нафи Расул Гамзатовмæ йæ фыстæджы зæгъы: «…время наше столь необычно, прямо-таки расхристанно, что добрые обычаи-свычаи отодвинулись на обочину и мысль невольно бредет по нехоженой тропе тревог и волнений, скорби и печали, безнадежно ища защиты для людей от скверны и насилия, от вселенской лжи и демагогии, заполнивших почти все неправедные уста и средства общественной информации, превративших Слово, святое для Поэта Слово, в средство обмана и обезмысливания».[1] Афтæмæй нæ йæ сæр ныр тынгдæр хъæуы. Камал-поэты хъайтар Виктор Хара йæ мæлæтыл уый тыххæй «нæ хъуыды кæны», йæ óäèñãåéæ дæр тæппуд куырмытæ, къуырматæ, гуылмызтæ æмæ къуыттытыл уымæн риссы – афтæ куы уой, уæд цы сараздзысты цардæн? «Æз мæлын, Фæлæ, оххай, ис фашисттæ!..» («Æз уынын»).

Уыцы фашистты абон алчидæр куы уынид, уæд сæ ныхмæ тох кæнын æнцондæр уаид. Камал кæмæй загъта, «Мæймæбулкъау, кæмæн у йе сконд афтæ: Йæ агъуд – сырх, йæ гуырдзон хъапп та – урс», уыдонæй иу, Михаил Горбачев, дымысдæр митæ, хин æмæ кæлæнæй сбырыд раздæры СЦКП Центрон Комитеты Генералон нымæрдары бынатмæ, Сæйраг Советы депутаттæн сайын, гауырдзинадæй йæхи президентæй равзарын кодта æмæ Турчы Америкаг университеты семинары йæ æлгъаг цæсгом æмæ маргæй йедзаг зæрдæ бынтон раргом: «Ме 'ппæт царды нысан уыд, адæмæн уæнгæл чи уыдис, уыцы æфсондз – коммунизм фехалын. Мемæ разы уыд мæ цардæмбал дæр. Коммунизм дæрæнгæнинаг кæй уыд, уый мæ бинойнаг рахатыд мæнæй раздæр. Мæ ныхас сæххæст кæнынæн æз пайда кодтон, партийы æмæ бæстæйы кæй ахстон, уыцы бынæттæй. Мæ цардæмбалы фæндонæй æз ахстон уæлдæрæй-уæлдæр бынæттæ».[2] Æппæлы, фæллойгæнæг адæмы чи фесæфта, уыдонæй: «Мæ нысантæ царды рауадзынæн кæй ссардтон, уыцы æмтохгæнджыты æхсæн сæрмагонд бынат ахсынц А. Н. Яковлев æмæ Э. А. Шеварднадзе».[3]

---

[1] Джусойты Нафи. Книга друзей. – Нальчик, 2003. – 171 ф.
[2] Рæстдзинад, 2000. – 24 август.
[3] Уый дæр уым.

Уый дын адæмы урæд лæгтæ! Уый дын адæмæн лæггадгæнджытæ æмæ сæ рухс фидæныл тохгæнджытæ! Æнæхъæн дуне абон йæхи туджы кæй хуыдуг кæны, Америкæйы Иугонд Штаттæн сæ былтæ бакъуырæг кæй нал ис æмæ бынтон кæй сгауыр, тугæй æфсис кæй нал зоны, уый комкоммæ Горбачев æмæ йæ уыцы хъузæтты аххос у, уыдон та нын æй лæггадыл нымайынц. Афтæмæй зæрдыл æрлæууы, Советон Цæдисы уæды КГБ-йы бодз Крючков путчы фæстæ «Матросская тишина»-йæ куы рацыд, уæд куыд дзырдта – Горбачевмæ, дам, фыстæг бахастон, А. Н. Яковлев ЦРУ-йы агент кæй у æмæ йæ баппæрста йæ фыссæн фынджы лагъзы.[1]

Афтæ кæй у, уымæн æвдисæн – 1995-æм азы кæфты мæйы 24-æм бон штабы разамонджыты сусæг рабадты, Уæрæсе куыд хъуамæ уа, уый тыххæй АИШ-ы уæды президент Билл Клинтоны раныхас: «Последние десять лет наша политика в отношении СССР и ее союзников убедительно доказала правильность взятого нами курса на устранение одной из сильнейших держав мира, а также сильнейшего военного блока. Используя промахи советской дипломатии, чрезмерную самонадеянность Горбачева и его окружения, в том числе тех, кто откровенно занял проамериканскую позицию, мы добились того, что собирался сделать президент Трумен с Советами посредством атомной бомбы. Правда, с одним существенным отличием – мы получим сырьевой придаток, а не разрушенное атомом государство, которое было бы нелегко создавать. Да, мы затратили на это многие миллиарды долларов, а они уже сейчас близки к тому, что у русских называется самоокупаемостью. За четыре года мы и наши союзники получили различного стратегического сырья на 15 миллиардов долларов, сотни тонн золота, серебра, драгоценных камней и т. д. Под несуществующие проекты нам переданы за ничтожно малые суммы свыше 20 тысяч тонн меди, почти 50 тысяч тонн алюминия, 2 тысячи тонн цезия, бериллия, стронция и т. д.»[2]

Худынц ССР Цæдис æмæ Уæрæсейы уæды разамонджытыл, æдылыты

---

[1] К р ю ч к о в  В л а д и м и р. В трагедии, которая постигла бывший Советский союз, есть один главный виновник – Горбачев! / Южная Осетия, 1994. – 5 март.

[2] Советская Россия йæ / Южная Осетия, 1996. – 27 июль.

сайд сын кæй фæкодтой, уый тыххæй. Фæлæ ууыл æрлæууынмæ кæй нæ хъавынц, уый дæр мæнæ-мæнæ нæ сусæг кæнынц. Билл Клинтоны хъуыдымæ гæсгæ, – АИШ-ы хъуыды у, – паддзахад цæмæй коммунистты къухмæ мауал бахауа; уый охыл сæйраг хъусдард хъуамæ здахой, Уæрæсейы президент чи хъуамæ уа, уымæ; президенты алыварс-иу хъуамæ уой, АИШ-æн къух чи дæттой, ахæмтæ…[1] Уыдæтты фæрцы сын цы ног æнтыстытæ уыдзæнис, уый дæр сын бæлвырд у развæлгъау:

«– расчленение России на мелкие государства путем межрегиональных войн, подобных тем, что были организованы нами в Югославии;

– окончательный развал военно-промышленного комплекса России и армии;

– установление нужных нам режимов в оторвавшихся от России республиках.

Да, мы позволили России быть державой, но империей будет только одна страна – США».[2] Загътой æмæ сæ аразгæ дæр кæнынц. Æргомæй. Фыссæг уыдæттæ иннæ адæмæй хъуамæ раздæр уына, зона, хъуса. Зонды цæстæй, уды æнкъарæнæй, зæрдæйы хъустæй. Æмæ сæ куы ничи уына, куы ничи сæ зона, куы ничи сæ хъуса, уæддæр сæ Камал уыны, Камал сæ зоны, Камал сæ хъусы. Уымæн æмæ Камал поэт у. Йæ алыварс дунейы цы диссæгтæ цæуы æмæ цыд, стæй цытæ цæудзæнис, уыдоныл уымæн риссы.

Цæмæй дын, хи уæзæгау, искæй уæзæг адджын уа; цæмæй хи уæзæгау искæй уæзæгæн аргъ кæнай; цæмæй хи уæзæгау искæй уæзæг бæрзонд æвæрай, уый тыххæй стыр зæрдæ хъæуы. Камалæн Бæтæхъойыхъæуы уæзгуытау, йæ уæлмæрдау, Цымытийы мæсгуытау, Стыркомы къæвдайау, Бидайы комау, Хъобангомау, Къæсæрты комау адджын сты Чилийы зæхх дæр, Вьетнамы сæрибар дæр, Бердзены арвы цъæх дæр: «Адæм, адæм, растыл цæуæг адæм, – Кæд мæлон – сымах сæрвæлтау уæд!» («Урс гæххæтмæ сау дамгъæтæ згъалын»). Искæй рисыл риссын, искæй хъыгыл хъыг кæнын,

---

[1] Уый дæр уым.
[2] Уый дæр уым.

искæй æнцой балæууынил фыст сты «Цард», «Саударæг ныййарæг», «Уæларвæй цы 'рхауа, уый уромы зæхх», «Эпитафи æнæзонгæ адæймагыл»…

Æнæмæт лæгæн искæй къухы дур рæуæг у. Стæй æнæрхъуыды лæгæн дæр. Æмæ ахæм адæймаг, тынг æй куы фæнда, уæддæр цардæн æмбæлон аргъ кæнын нæ базондзæнис. Йæ адæмы цæрайæ чи цæры, уый æндавы сæ рис. Нæ ныхасæн æвдисæн – йæ аив, зæрдæйы тæгтæ агайæг зæххон æмдзæвгæ «Уæларвæй цы 'рхауа, уый уромы зæхх»: «Уæззау тохы мадæн йæ иунæг фæмард», «Уæларвæй цы 'рхауа, / уый уромы зæхх!» – / ныфсытæ-иу авæрдтой мадæн...». Искæй къухы дур рæуæг кæм нæу. Камал та цард хорз зоны. Зоны, Хъайсын Кулиев зæрдæрисгæйæ куыд загъта: «Первой пулей на войне любой Поражает сердце материнское. Кто бы ни выиграл последний бой, Но страдает сердце материнское».[1] Йе ‘мдзæвгæйы кульминацион бынат уымæн нырризын кæны цыфæнды хъæбæрсæрст адæймаджы зæрдæ дæр:

*...Уæларвæй цы 'рхауа,*
*уый уромы зæхх,*
*фæлæ йæ*
*нæ уромы*
*зæрдæ!..*[2]

Æнкъараг зæрдæйæн æй йæ бон ской кæнын дæр нæу. Нæу æй поэтæн дæр йæ бон иу сулæфтæй зæгъын. Фæстаг хъуыды, хæкъуырццау, дзырдгай уымæн цъæлтæ кæны. Æмæ тæлфын кæнынц адæймаджы æнкъарæнтæ.

Поэты уыцы æргом ныхас нæ, дуджы ристæй стъæлфгæйæ, бафтауы рæстæджы, цы цъаммар æмæ æгъатыр рæстæджы цæрæм, уый тыххæй сагъæсыл, æмæ нæ æркæны философон хъуыдытæм. Раст æмæ зылын, хорз æмæ æвзæр, рухс æмæ талынг æппынæдзух кæм тох кæнынц, сæ кæрæдзийы хурхытæм кæм æвналынц, уыцы царды адæймаг æппынæдзух хъуамæ тырна

[1] К у л и е в  К а й с ы н. Собр. соч. в 3 т. Т. 1. – М., 1987. – 153 ф.
[2] Х о д ы  К а м а л. Уæларвæй цы ‘рхауы, уый уромы зæхх // А в т о р т ы  к о л л е к т и в. Æрттигъ. – Дзæуджыхъæу, 1983. – 228 ф.

фидæнмæ. Абонæй рухсдæр фидæнмæ. Тох ыл кæна. Табу кæна рæсугъддзинадæн. Аполлон дзы куыд домы, афтæ йæ уд хæсса нывондæн.[1]

Æмæ йæ уынæм Камалы поэзийы. Уыцы бæллиццаг хъуыддæгтæй улæфынц йæ уацмыстæ. Уыдон сын дæттынц поэтикон фæлгонцтæ, уд æмæ тых. Поэтимæ нæ разæнгард кæнынц царды хъæнты ныхмæ тохмæ. Ууыл дзурæг сты, «сæ цæгатвæрстыл» кæмæн «схæцыди цъæх хъуына», фыдæлты æрдæгпырх мæсгуытæ: «Мыййаг, кæд мысынц Иры номдзыд фыртты? – Йæ адзал дзы ам цал ыссардта, цал!..» («Цымытийы мæсгуытæ»).

*Æмбу-æмнæрд зынг хотыхтæ кæм кодтой,*
*Ныр уым сæ фæндаг бæлццæттæн – уæрæх.*
*Ныр уым фæзæгъынц Иры фырттæ «Додой»,*
*Сæ цæлхъ-зардмæ æрлæбыры къæдзæх.*

Уыцы рæстаг туг Ирыстоны хуызæн никуы ныккалд æмæ кæлы. «На юге Осетии и снег горел».[2] Уыцы рæстаг туджы ныккалдæй стъæлфын æмæ йын аргъ кæнын поэтæн йæ туджы нæ фыдæлтæй баззад. Адæймагмæ исты дзуринаг куы уа, йæ зæгъынмæ йын куы арæхса, уæд æм хъусæг разыны.

Камалы поэзи, зæгъæн ис, æмбулы, куыд уынæм, афтæмæй царды æгъатыр рæстдзинад æмæ хи уды рæстдзинад зæххон барæнтæй раст æвдисынæй, зонды цæстæй сæм лæмбынæг кæсынæй. Уыдон нывæфтыд аивады фæрцы стæхынц Парнасы цъупмæ. Аивадæй фылдæр никуы ис сусæг фæзилæнтæ, лабиринттæ, хæрдтæ, уырдгуытæ æмæ сын сæ дæргъ, сæ уæрх куынæ хатай, зонгæ-зоныն сæ куынæ пайда кæнай, уæд сæ хуымæтæг чиныгкæсæджытæй автор раздæр ныссуйтæ вæййы. Поэт йæхæдæг æвзонг лæппулæгæй йæ зынгхуыст æрдхорд Дзаболаты Хазбийы тыххæй дзырдта: «Зæрдæйæ æмæ хъаруйæ æххæст кæй уыди, уымæ гæсгæ æмбæрста, зæххыл нырма рæстдзинадимæ æмдзу кæй кæнынц сау тыхтæ, незамантæй фæстæмæ

---

[1] П у ш к и н А л е к с а н д р. Собр.соч. в 10 т. Т. 2. – М., 1974. – 110 ф.
[2] А в т о р т ы к о л л е к т и в. На юге Осетии и снег горел. – Цхинвал, 2006. – 640 ф.

карз тохы кæй бацыдысты уарзт æмæ фыдæх, фидыд æмæ хæст… Уыцы знæт æмæ змæст дунейы адæймагæй рацæрынмæ чи хъавы, уæлдайдæр та поэты ном чи хæссы, уый хъуамæ лæууа йæхи фидар принциптыл».[1]

Искæй тыххæй ахæм фæндтæ кæй сæры февзæрынц, уый сæ йæхи тыххæй хуыздæр, бæстондæрæй фæзоны, уымæн æмæ, сусæггаг никæмæн у – дæхицæн дæ цæст цы бауарза, уый – никæй. Фæлæ Елбыздыхъо загъта: «Цæмæй æфсымæрдзинад тыхджындæр уа, цæмæй бар æмæ рад ссарын æнцондæр уа, уый тыххæй адæмтæ сæ дзырд æмæ сæ тых иу кæнынц».[2]

Камал тынг хорз фæзоны, цы дзуры æмæ куыд дзуры, йæ дзырд æмæ йæ тых куыд иу кæна, уый. Зоны, йæ дзырд кæм æмæ куыд æрæвæра. Аив литературæйы сæйраджы-сæйраг уыдон сты. Поэты зырнæйзылд дзырдæн аивады æнæхæрд æмæ дзæнæты дунейы аккаг бынад растдæр уый тыххæй ис.

*Денджызæй куы не ʻрбаздæхы нау,*
*царæфтыд куы бавæййы*
*фурды абухгæ хъæбысы,*
*уæд уылæнтæ*
*æхсæвыгæтты*
*саумарой фæкæнынц.*

*Сау фæдарынц*
*идæдзæй аззайæг устытæ.*

Уыцы наумæ цыдæр бар чи фæдары кæнæ йыл кæй зæрдæ фæриссы, уыдон иууыл дæр стыхсынц. «Чиновниктæ ʻддæг-мидæг ысвæййынц: / чи йæ бынатæн ыстæрсы, / чи – йæ ном, йæ кадæн, / чи фæкæны матростæн тæригъæд». Уыдонæй алкæй дæр йæхи сæры кой вæййы. Фæлæ йыл æцæг рыстæй æндæр тыхтæ фæриссынц:

---

[1] Х о д ы  К а м а л. Рухс фæндтæ хæссæг // Д з а б о л а т ы  Х а з б и. Уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 1974. – 7 ф.
[2] Б р ы т ъ и а т ы  Е л б ы з д ы х ъ о. Уацмыстæ 2 т. Т. 2. – Дзæуджыхъæу, 1982. – 96 ф.

*Денджызæй куы не ‘рбаздæхы нау,*
*уæд тархъæды –*
*науы райгуырæн бæстæйы –*
*быдзарæйлыг бæлæсты зиллаччытæй*
*хъарм цæссыгтæ схъары.*

Поэзи йæ бон калы. Уыцы стыр уарзт æмæ стыр мастæй райгуыры стыр поэзи. Уырыссаг поэзийы паддзах А. С. Пущкин поэтæй хуымæтæджы нæ загъта: «Иди, куда влечет тебя свободный ум, Усовершенствуя плоды любимых дум, Не требуя наград за подвиг благородный».[1] Авторы фæрцы базонæм, денджызæй куы не ‘рбаздæхы нау, уæд ыл æцæг рисæй чи фæриссы. Уымæн нын æхххуыс кæны срофайон анафорæ – строфатæ æмхуызон куы райдайынц: «Денджызæй куы не ‘рбаздæхы нау…»

Ходы-фыртæн Къоста, Мысост, Калоты Хазби, Дзаболаты Хазби, Бестауты Гиуæргийау зынаргъ сты Пушкин, Пабло Неруда, Виктор Хара… Æмæ сæ кæуылфæнды ма фыссæд, йæ ныхас вæййы зæрдæскъæф, баризынц æм уæнгтæ. Цæмæй сын сæ уды миниуджытæ, сæ уавæр, сæ рæстæг равдиса, уый тыххæй Камал алы хатт дæр ссары æнæмæнгхъæугæ аивадон амæлттæ. Стæй уыдон йæ хъайтары царды хабæрттæ, йе 'нтыстытæ кæрæдзийыл хал кæнын нæ вæййынц. Камал зоны, чиныгкæсæджы хъуыдыйы цы дзырд, цы ныв бавæра, йæхимæ йын куыд раздаха йæ цæстæнгас. Бестау Мысосты чиныг «Цин»-ы тыххæй дзырдта: «…райсут уыцы чиныг, бакæсут æй æмæ уæ цæстыты раз сыстдзæнис поэзийы æгæрон уылæнхæсгæ денджыз; уый æрттивы, тæмæнтæ калы; куы йе 'рфæнтæй сыхсиды æмæ йæ артуадзæг уылæнтæ уæларвмæ фæхауынц, куы та, цæсты сыгау, рæсугæй чъызгæ тыбар-тыбур кæны мæйы фæлмæн тынтæм».[2] Ирон поэзийы æрттивгæ стъалы, дыууæрдыгæй ссудзгæ мыдадзын цырагъау, æвиппайды 22-аздзыдæй

[1] П у ш к и н А. С. Соб. соч. в 10 т. Т. 2. – М., 1974. – 225 ф.
[2] Б е с т а у т ы Г и у æ р г и. Уацмыстæ 3 т. Т. 3. – Дзæуджыхъæу, 2004. – 27 ф.

ærбайсæфæг Мысосты цард æмæ сфæлдыстадон фæндаг равдисынæн Камалы бахъуыд нымадæй дыууæ хъуыдыйады: «Цы уыд мæ бон, / мæ къухы уый нæ бафтыд… / Мæ рæнхъытæ, / æвдисæн мын фæут: / Тыхурæд темпераменты гуыпп-арты / цъæх-цъæхид фæнык / фестади / мæ уд!» («Хъамбердиаты Мысост»).

Поэты номарæн æмдзæвгæтæ сæйраджы æмбулынц, кæуыл фæфыссы, уыдоны фæлгонцтæн æцæгæй йæ зæрдæйы стыр бынат кæй ис æмæ сын сæ удыхъæд хуыздæр æвдисыны тыххæй зæххон, фæлæ, адæймаджы æнкъарæнтæ чи бацагайы, ахæм бæлвырд деталтæ кæй ссары. Уыдоны фæрцы сæ бауарзын кæны махæн дæр. Зынгхуыст поэт Дзаболаты Хазбийæ Камал зæгъы: «…поэты удыхъæды æмцард кодтой, фыццаг бакастæй фæйнæхуызон чи зынди, ахæм дыууæ миниуæджы – æрвон хæдæфсармдзинад æмæ æнауæрдон, æгъатыр принципиалондзинад».[1] Уыдон æй истой бæрзонд. Æрттивгæ стъалыйы æнгæс поэты мæлæт йæ зæрдæйы цы сагъæс ныууагъта, уый рахъардта нывæфтыд дзырдтæй: «…Дæ чингуытæм, дæ къамтæм дын кæсын, Æмæ та мыл дæ рухс комулæфт сæмбæлд…» («Дæуимæ нын…»). Æмæ поэты фæрцы уыцы комулæфт сæмбæлы чиныгкæсæгыл дæр. Бестауæн йæ удæгасæй йæ ном цы æмдзæвгæйæ ссардта («Хуынды»), уый кæсгæйæ мах дæр бабæллæм – «бауайæм Къуыдармæ», фенæм «парахатзæрдæ адæм», «Ерцъойы» дæр фæбадæм (фæлæ нæ фыдбоны сыхæгты – нæ кæддæры гуырдзиæгты[2] Хуыцау фесафæд, дургай йæ ныккодтой), «цæлхъзард фæкæнæм», «нæ хъыгтæ», нæ цинтæ дзургæ, «кæрæдзийæн лæджы нуазæнтæ раттæм», дунейыл уарзты цæхæр бафтауæм:

*Кæсдзысты 'дзæмæй цъити-'вронг къæдзæхтæ,*
*Цыдæр рох зæл сæ айнæг хъустыл уайдзæн,*
*Æмæ нæрдзæн ирон ныхас – къæрцц-цæхгæр,*
*Йæ нæртон мыртæм зæрдæты их тайдзæн.*

---

[1] Д з а б о л а т ы Х а з б и. Уацамонгæ. – Дзæуджыгъæу, 1974. – 3 ф.
[2] Ц а г ъ а й р æ г т æ // Х е т а г у р о в К о с т а. Собр. соч. в 3 т. Т. 3. – М., 1974. – 237 ф.

*Гъестæй фæкæндзæн буц хистæр бæркады сидт,*
*Ныффæдзæхсдзæн нæ, Уастырджи, дæуыл дæр,*
*Æмæ куы ссара йе 'гас хæдзар алчи,*
*Йæ хибар уаты уæд тыхсдзæн цæуылдæр…*

Афтæмæй банкъарæм, ирон адæймаг йæ уазæджы куыд бæрзонд исы, æмгары уарзт нæм куыд тыхджын у. Нигер загъта: «Зæрдæйы зынг хи дæр тавы, æддагоны дæр судзы, фæнык кæны».[1] Хæлары рæвдауы. Ууыл у поэт æмæ йæ хæлары цин. Уыимæ ирон фынджы бæркад æмæ кад ахæм бæрзæрдмæ исы æмæ дзы райы чиныгкæсæджы зæрдæ. Æрдхæрдтæ куы фæхицæн вæййынц, «æмæ куы ссара йе 'гас хæдзар алчи, йæ хибар уаты уæд тыхсдзæн цæуылдæр», уæд уыцы «цæуылдæр» у поэзи. Уыцы цыдæр рæгъмæ рахæссыны хъару кæд разыны поэтмæ, уæд ссары фæндаг чиныгкæсæджы зæрдæмæ, æмæ уый дæр «тыхсдзæн цæуылдæр».

Хъодзаты Æхсар зæгъы Дзуццаты Хадзы-Муратæй: «Нæ поэзийы сæрыстырдзинад Калоты Хазби у нæ поэзийы æвидигæ хъынцъым»,[2] – æмæ «Калоты Хазбийы фæстаг сахат»-ы уынæм, поэт Фыдыбæстæйы Стыр хæсты йæ судзгæ танкыл, – «сырхзынг зæрдæйау, Утæхсæн кæны», – цæуы размæ. Дзуры йæ рæстæг æмæ йæ уды трагеди – «гуыр-гуыргæнгæ мæ фæстæ хидтæ судзынц», «Мæ къæмисæнты иугæндзон дзæхст-дзæхстæй Мæ сæрæн нал дæн». Быны-бынтон уынгæджыйы куы бахаудта, уæд йæ размæ фестад арвæрдын – «хуыцæутты хид»; йæ уæлахизмæ – дзæнæтмæ фæндаг…

Æмæ Ходы-фырт Калойы-фырты фæстаг монолог бæргæ скъæбæлдзыг кодта алыхуызон абарстытæ æмæ метафорæтæй, стæй æндæр аивадон амæлттæй, фæлæ зæрдæйыл æрмæстдæр сæмбæлынц, чысыл раздæр кæй кой скодтам, риторикæйæ уыцы «цыдæрмæ» куы рахизы, уæд: «Афонмæ… Ирыстоны… Фæсырхбынтæ и тута…» Уæлдай тынгдæр зæрдæйы уидæгтæ

[1] Н и г е р. Уацм. æххæст æмб. 3 т. Т. 3. – Дзæуджыхъæу, 1968. – 13 ф.
[2] Х ъ о д з а т ы  Æ х с а р. Ацы чиныджы тыххæй // К а л о т ы  Х а з б и. Уацымыстæ. – Дзæуджыхъæу, 1976. – 5 ф.

нызмæлын кæны, Хазбийæн йæ фæстаг уысмы – йæ монолоджы фæстаг хъуыды: «…Куы ма бакастаин уæд та, Ирыстонæй цы фыстæг райстон абон, Уый…» Афтæ чи дзырдта: «Æз фæцæуын / уæ сæрвæлтау, адæм. / Знаджы сау туг / Мæ кардæй фæтагъд… / О фыднæмыг, / фæуром дæ тахт – / Мæн цæрын фæнды… / Оххай, / æрра дæн…»[1] – уый зæрдæйы цас бæллицтæ, цас сагъæс уыд! Æмæ Камалы æмдзæвгæйы уыцы кæрон æнæхъæнæй, адæг расæрфæгау, бамбæрзы, æмдзæвгæйы чиныгкæсæджы зæрдæ цы къæбæлдзыг, фæлæ риторикон ныхасæй райдайы цъæх кæнын, уыцы поэтикон згъуыдтæ иууылдæр. Уый дзурæг у поэты дæсныйадыл – зоны, поэзиуарзджыты зæрдæтæ куыд балхæна, уый.

Фæлæ, уыцы «зæрдæтæ куыд балхæна», уый куыд нæу æнцон, афтæ поэтæн дæр æнцон нæу йæ цардхъуаг æрдхæрдты мысын. Зæрдæбынæй йæ уый кæрзын кæны. Цæвиттон æнæрхæссæм, Камал Хазби æмæ Бестауы ном арынæн цы æнæном цыбыр æмдзæвгæ ныффыста, уый: «Кæддæрты мын / хох дæр / уыди / къæсæр… / Нæ уыди / мæ ныфсæн фæцудæн… / Гуыбырæй - / гуыбырдæр / кæны / мæ сæр, / Йæ раст æмбис / айстат / мæ удæн…»

Æнæзæгъгæ нæй, поэт æрмæст æмдзæвгæтæ нæ, фæлæ æмдзæвгæйы хицæн поэтикон рæнхъытæ дæр кæй фæаразы уацмысы чеммæ гæсгæ. Афтæмæй зæрдæмæ æнцондæрæй фæарынц фæндаг. Камалæн йæ зæрдæйы рæбынæй ратæдзгæ сты «Поэты зæрдæ» – Пабло Нерудайыл, «Пушкин», «Æз уынын» – Виктор Харайыл, æмæ æнд. номарæн æмдзæвгæтæ. Пабло Нерудайы хуызæн поэтты фашизм куы цæгъда æгъатырæй,[2] уæд уый дунейы кæцыфæнды къуымы дæр куыннæ хъуамæ æндава йе 'мсисонтыл!

Ахæм уацмыстæ, – алы аивадон кусæгæн дæр зындгонд у, – зын фæлдисæн сты. Хъуамæ дзы бæрæг адæймаджы удыхъæд æмæ цардимæ зына дæхи зæрдæйы тæлфын дæр, чиныгкæсæг дын ахса дæ комулæфт, стæй фена, сæнусон кæнынмæ кæй хъавыс, уый удыхъæд. Фена йæ хъуамæ аивадонæй.

---

[1] Уый дæр уым.

[2] Т е й т е л ь б о й м В. Поэт борьбы и любви // Н е р у д а П а б л о. Местожительство земля. – М., 1977. – 12 ф.

Пабло Нерудайау нæ фæдзæхсы: «Осторожней с жизнью!»[1] Уыцы ахаст ын æрмæст номарæн уацмыстæм нæй.

**4**

Камалы поэтикон уынынад диссаг у: сыгъдæг, рæсугъд – зæрдæйыл тайы æмæ райы. Поэты фæрцы чиныгкæсæгæн разыны фондзыссæдз цæсты, разайынц ыл фондзыссæдз хъусы. Поэт дунемæ оригиналонæй кæсы, æмæ нын фадат дæтты, цæмæй ирдæй хатæм: «что же интересует художника в действительности, на чем он останавливает свое внимание среди жизненных явлений?»[2] Чиныгкæсæг цалынмæ поэты сфæлдыстадимæ нæ базонгæ, уæдмæ æрдзы, дунейы цы аивтæ, цы зæрдæрæвдауæнтæ нæ уыдта æмæ хатыд, уыдон ныр йæ удæн садджын вæййынц. Зæрдæ сæм феппары йæхи. Æмæ уый вæййы æвæджиау фæзынды фæрцы, адæймагæн кæлæнтæ чи фæкæны, уыцы поэзийы фæрцы. Аристотель загъта: «Породили поэтическое искусство явным образом две причины, и обе естественные. Ведь подражать присуще людям с детства: люди тем ведь и отличаются от остальных существ, что склоннее всех к подражанию, и даже первые познания приобретают путем подражания, и результаты подражания всем доставляют удовольствие; доказательство этому – факты: на что нам неприятно смотреть в действительности, на что мы с удовольствием смотрим в самых точных изображениях, например, на облики гнуснейших животных и на трупы. Объясняется же это тем, что познавание – приятнейшее дело не только для философов, но равным образом и для прочих людей, только последние причастны ему в меньшей степени. Глядя на изображения, они радуются, потому что могут при таком созерцании поучаться и рассуждать, что есть что, например: «В это такой-то!; если же изображенного не случалось видеть прежде, то удовольствие бывает не от подражания, а от отделки, краски и тому подобных причин. И вот, так как подражание свойственно нам по

---

[1] Уый дæр уым, 399 ф.

[2] Т и м о ф е е в Л. И. Основы теории литературы. – М., 1976. – 24 ф.

природе не менее, чем гармония и ритм (а что метры – это частные случаи ритмов, видно всякому), то с самого начала одаренные люди, постепенно развивая свои способности, породили из своих импровизаций (autoskhediasmata) поэзию».[1]

Камалæн йæ поэтикон тых уым ис, хуымæтæг адæймаг кæй нæ уыны, уым дæр уый поэзи кæй ссары; йæ чиныгкæсджытæм æй, цыма йæ фыццаг хатт уыны, ахæм хуызы кæй фæхæццæ кæны: «Æз рагæй н' арты фарсмæ нал уыдтæн, / фæлæ мæ зæрдæмæ хæссын: / фæкалд нæ тохынамæ стъалытæ, / æмæ нæ пец æртдзых ысси!..» («Æз рагæй н' арты фарсмæ нал уыдтæн…»).

Ацы цыппар рæнхъы, кæд иунæг хъуыдыйадæй фылдæр не сты, уæддæр йæ хъуыды у стыр. Иу уый, æмæ лирикон хъайтар сæ арты фарсмæ кæд рагæй нал уыд, уæддæр ын нырма йæ зæрдæ тавы се 'ртдзых пец. Æмæ ахæм хъарм мысинагæй бангæстæ вæййынц нæ зæрдæтæ. Уæлдайдæр, ныр йæ раттæг къуымы ничиуал лæууы. Хуыздæр цардæнхъæл кæфтæй – кæсæгмæ рахау-бахауыл систæм, нæ райгуырæн уæзгуытæ та уæзæгуат кæнынц. Æмæ ахæм мысинаг рæвдауы зæрдæ. Фыдыбæстæйы уæзгуытыл стъалытæй судзынц нæ пецтæ. Дыккаг уый, поэт сарæзта поэтикон фæлгонц – тохынамæ стъалытæ фæкалдысты æмæ сæ пец æртдзых ссис. Аристотелмæ гæсгæ, «задача поэта – говорить не о том, что было, а о том, что могло бы быть, будучи возможно в силу вероятности или необходимости».[2] Æмæ æмдзæвгæйы хъуыды уыдоныл нæ фæуд кæны. Лирикон хъайтар йæ арты фарсмæ нал уыд, фæлæ йæ нæ бауагъта ахуыссын. Йæхицæй не 'ппæлы, фæлæ иугæр «фæкалд нæ тохынамæ стъалытæ», уæд, æмдзæвгæйы никæй кой ис йæхицæй дарддæр, æмæ сæ уый фæкалдтаид, уæдæ, цы. Автор æй, дзырд дæр ыл нæй, фæлгонцы тыххæй ныффыста, фæлæ дзырдæн, Дзодзийы дурау, авд æвæрæны ис æмæ нын алырдыгæй батавы нæ зæрдæ.

Камал зæрдæтæ æрмæст тавгæ нæ кæны. Йæ дзырды уаг йæ ныхасы сæрыл баст у. Дзуринæгтæ та алыхуызæттæ вæййынц. Æмæ нæ поэт хорз

---

[1] А р и с т о т е л ь. Сочинения в 4 т. Т. 4. – М., 1984. – 648–649 ф.
[2] Уый дæр уым, 655 ф.

зоны, цы æмæ йæ куыд зæгъын хъæуы, уыдæттæ. Уыцы хъуыддаг тынг ирдæй разыны йæ пейзажон æмдзæвгæты. «Неподдельная близость к природе помогла автору еще в начале 50-х годов разглядеть контуры проблемы, которая стала одной из центральных для нашей поэзии последующего десятилетия, – фыста Л. Лавлинский уырыссаг поэт Сергей Орловы сфæлдыстады тыххæй. – Речь идет о сложности взаимоотношений между одушевленным существом и машиной, о некоторых сторонах технического прогресса, преставляющих опасность для всего живого».[1] Æрдзы рæсугъддзинадмæ дур нæ фæлæууы æнæфезмæлгæ. Иу хатт фенкъуысы æмæ, гъæй-мардзæ, фæвæййы тулынмæ. Поэт та зынгæвæрдæй уæлдай нæу. Алы фæзынд, алы ферттывдмæ фестъæлфы йæ зæрдæ. Куыд хъуамæ ныффæраза æрдзы алæмæтон нывтæм зæрдæнцойæ кæсгæйæ?

Испайнаг поэзийы сæрыстырдзинад Федерико Гарсиа Лорка йæ уарзон чиныг «Цыгайнаг романсеро»-йы тыххæй фыста: «Я хотел слить цыганскую мифологию со всей сегодняшней обыденностью, и получается что-то странное и, кажется, по-новому прекрасное».[2] Камал нæ царды кæнинаг диссæгтæ сиу кæны æрдзы алæмæтон нывтимæ, рафидауын сæ кæны йæ аивадон дуне. Афтæмæй нæ поэтæн йæ алыварс æрдзы нывтæ, се 'рдзон хуыз фæцæрдхъомдæр кæнгæйæ, бакъахдзæф кæнынц йæ уацмыстæм. Ныррухс нын кæнынц сæ бакастæй нæ хъуыды. Зæрингуырд йæ рæсугъдгæнæнты налхъуыт фæрдгуытæ куыд февæры, афтæ уый та йæ равзаргæ дзырдтæ фæхæссы хъуыдыйæдтæм: «Цъититы æрра дон Знон ныххафта ком… Æрдз æнцой у абон – Ивазы йæ ком («Зæронд хохаджы хъуыдытæ»).

Камал тынг хорз æмбары Жан Жак Руссойы хъуыды: «Одна только книга открыта всем очам, эта книга природы… Она говорит всем людям и языком, понятным для всех умов».[3] Поэт цæстæй кæй нæ уыны, зæрдæйы хъустæй кæй ахсы, уыцы нывтæ, уыцы æнкъарæнтæ ноджы арфдæр фæхизынц зæрдæмæ. Лирикон хъайтарау, чиныгкæсæгæн дæр бацагайынц йе

---

[1] Л а в л и н с к и й Л. Поэзия мужества и доброты // О р л о в С е р г е й. Собр. соч. в 3 т. Т. 1. – М., 1979. – 8 ф.
[2] Г а р с и я Л о р к а Ф е д е р и к о. Избр. произ. в 2 т. Т. 1. – М., 1975. – 10 ф.
[3] Р у с с о Ж.-Ж. Педагогические сочинения. Т. 1. – М., 1981. – 369 ф.

'нкъарæнтæ. Райхъал ын кæнынц йæ уды фынæй мысинæгтæ.

Стæй уыцы хъуыддагæн йæ хорздзинад кæм ис – цыма йыл поэт бæстон нæ фæхъуыды кодта, цыма нын йæ хъуыды бæтгæ нæ кæны, афтæ дзы хъазгæ-хъазын сирвæзт, фæлæ базмæлын кæны зæрдæтæ. Уымæн æмæ уыцы миниуæг у æрдзæн йæхи ратгæ. Михаил Пришвин уымæн загъта: «Мне кажется, что в самой природе таланта заключается какое-то легкомыслие, вроде сорочки счастливого: родился в сорочке, и все как с гуся вода».[1] Нæ зæрдæтæ нын раст, рогæй загъд нæм чи фæкæсы, уыцы арф хъуыдытæ бакъуырынц. Уыдон нын скусын кæнынц нæ мысинæгтæ. Епхиты Тæтæри дæр загъта: «Æз нæ уарзын æнæ мит зымæг».[2] Камалмæ «Æрæгвæззæгæй ардæм саузым ахаста», «нæ уары мит» æмæ «кæны тъæнджытæ зæххы царм». Сæ удтæ суæлæнгай сты, митахуыр чи уыд, уыдонæн иууылдæр: «Ысхъæлæфсæртæй саратæй кæсынц Хæдзардзин хъæддзауты бинонырарæзт дзоныгътæ», «Æнахуыр дыргътау, цæуджытæм зынынц Мæргъты рауuат ахстæттæ…» («Æнахуыр зымæг»). Бирæ хæттыты кæй федтам, фæлæ йæ рæстæджы бирæтæ хъуыды дæр кæй не 'ркодтой, уыцы нывтæ æрмæст нæ цæстытыл нæ ауайынц, фæлæ нæ удты ныггуыпп кæны цард.

Уыцы хъуыддаг поэтæн æрмæст йæ фæлгонцон уынынадæй нæ цæуы, фæлæ, цæуыл дзуры – хъæууон цардыл – уый тынг хорз кæй зоны, уымæй дæр. Æрмæст хъæддзауты нæ, фæлæ хæдзардзин хъæддзауты арæзт, уымæй дæр – биноныг арæзт дзоныгътæ кæсынц ысхъæлæфсæртæй митмæ. Æнæбары хъæддзауы дæлæ-уæлæ арæзт дзоныгъ сарайæ рахизын уæндгæ дæр нæ бакæндзæн. Уыдон сæ фынты сæхимид къæс-къæс нæ бакæндзысты, фæлæ хъыс-хъыс, хæдзары ахуыр къæбысы тымыгъмæ куы æппарай, уыйау.

Дыргъдоны бæлæстæ дæр æрмæст рæдзæ-мæдзæ нæ кæнынц, фæлæ рæдзæ-мæдзæ кæнынц æгуыппæгæй. «Сæ быгъдæг къалиутæй», «мæргъты рауuат ахстæттæ» цæрджытæм æрмæст дыргътау нæ, фæлæ зынынц æнахуыр дыргътау. Хъæууон цъыф фæндæгтæ гуыргъахъхъытæй куыд ныссæлынц

[1] Пришвин Михаил. Собр. соч. в 8 т. Т. 8. – М., 1986. – 324 ф.
[2] Епхиты Тæтæри. Уацмыстæ 3 т. Т. 2. – Дзæуджыхъæу, 1961. – 35 ф.

æмæ сыл æхсæвы æдзæмы уæрдоны цæлхытæ хъæр æмæ ахст куыд фæкæнынц, уымæ, æвæццæгæн, поэт саузымы иу æмæ дыууæ хатты нæ хъуыста, иу æмæ йæ дыууæ хатты не 'фтыдта алыхуызон сæнттыл. Фæлæ поэт йæ ахсджиаг хъуыды зæгъы кæронæй: «Сабитæ тыхсынц: Ногбон сыл æнæ митæй цæудзæн…» Сæйраг поэты фæлгонцон уынынад у. Æргом цы хъуыдытæ нæ фæдзуры, уыдон тынгдæр базмæлын кæнынц адæймаджы æнкъарæнтæ. Поэты бон бавæййы, дзырдæн адæм цы хуыз, цы ад зонынц, уымæй дарддæр ын йæ сусæг хуызтæ фенын, йе 'цæг ад ын банкъарын. Стæй сæ адæмы рæгъмæ рахæссын. Дзырды дæснытæй дæр ахæм амонд стæмтæм æрхауд. Л. И. Тимофеев зæгъы: «Мы очень часто говорим, что одно произведение художественнее другого, что есть произведения малохудожественные и т. д., хотя в то же время эти произведения относим к художественной литературе, так как в них налицо основные свойства художественного отражения жизни, т. е. образность».[1]

Камалмæ дзырды ад æнкъарын, йæ сусæг æвæрæнтæ йын зоныны амонд кæй æрхаудта, уый йын фадат дæтты, цæмæй йæ уацмыстæ уой фæлгонцгонд, хауой, Тимофеев кæй кой скодта, уыдонæй фыццæгтæм. Бирæ хæттыты поэт пейзажон нывтæй ахизы философон хъуыдытæм – фæдзуры сæ пейзажтæ ныв кæнгæйæ. «Сæнтурс æхсæрдзæн сау къæдзæхы фазы, Зæлдаг кæрдæнау, уддзæфимæ хъазы. Тæмæнкалæг бон ацæуы. Йæ фæстæ Мылазон æхсæв бафиды йæ хæстæ» («Цард»):

*Сылгоймаг цæсты ахады тæссондæй,*
*Нæлгоймаг та –*
*Фæйнæгфарсæй, хæд-зондæй.*
*Сырхмæтæг дары астымæй йæ зынг сæр,*
*Сыф-сыфгæнгæ йæ зæнгыл калм ыздыхсы.*

*Ысгарæм мæй – æрвæмдых у нæ сахъ дуг,*

[1] Т и м о ф е е в Л. И. Основы теории литературы. – М., 1976. – 111 ф.

*Уæддæр зæххыл нырма кæлы рæстаг туг.*

Скифирон загъта: «Одним из достижений современной осетинской поэзии является открытие высокой поэзии в вещах и предметах природы»,[1] – ахæм хъуыдымæ æрцыдаид, Камалы поэзийыл хъуыды кæнгæйæ дæр.

Поэт царды контрасттæ æвдисы, куыд сты, афтæ ныхæй-ныхмæ, цæмæй чиныгкæсæг табу кæна хорзæн, тох кæна, æвзæр цы у, уый ныхмæ. К. Маркс Фейербахы тыххæй тезисты загъта: «Философы лишь различным образом объясняли мир, но дело заключается в том, чтобы изменить его».[2] Æмæ поэты философон хъуыды здæхт у адæмы цард фæхуыздæр кæнынмæ, цæмæй дидинæджы зæнгыл ма здыхса калм (зæрдыл æрбалæууын Шекспиры 70-æм сонеты 7-æм рæнхъ: «Къуыдыр калм адджынæн асатæг кæны Дидинæджы къуыбар»,[3] – дæлрæнхъон тæлмац), зæххыл ма кæла рæстаг туг.

Уыцы ныхасыл чиныгкæсæг феууæнды авторы ныфсджын, хъуыддагон æмæ нывæфтыд хъуыдытæй: «Цæстыл уайы рагбон цард, Цыма сабион рæуфын: Гомдзых пецы судзы арт… Къултыл аууæттæ тæлфынц…», «Суг – сывылдз… Кæны цъыс-цъыс… Дæлтъурмæ тæдзы йæ фынк…» («Зæронд лæг æмæ сывылдз»). Афтæ поэт нывкæны рагбон цард. Ныв æй кæны йæхи хуызæнæй, рæсугъдæй. Стæй фенæм, цы философон хъуыды зæгъынмæ хъавыдис, уый. Фенæм æй, æмæ ныррухс кæны адæймаджы зæрдæ. Бафтауы нæ хъуыды кæнынæл. Ратты нын царды ныфс. Кæны нæ цардæмхиц.

*«А суг цауд судзы, – зæгъынц, –*
*Хорзæн ракæнынц фæдæгъд…*
*Раст у: сонт судзаг сывылдз*
*Нæу… – зынг та дæтты дзæбæх…»*
. . . . . . . . . . . .
*…Азтæ цал рауади, цал!..*

[1] Т е д е т ы Р. К. Осетинская советская поэзия. – Цхинвал, 1975. – 243 ф.
[2] М а р к с К., Э н г е л ь с Ф. Сочинения. Т. 3. – М., 1955. – 4 ф.
[3] Ш е к с п и р. Сонеттæ. – Дзæуджыхъæу, 2001. – 156 ф.

*Фæлæ 'рымысын уæддæр:*
*«Артæн у сывылдз суг цауд,*
*Уыйхыгъд – хорз дæтты цæхæр!..»*[1]

Æнæдызæрдыгæй ис дзурæн, Камалæн, æрдзы нывтæ аразгæйæ, йæ бон кæй у царды, адæймаджы, лæджыхъæды тыххæй арф, философон хъуыдытæ кæнын. Æгæрыстæмæй, «Цæлхыдзаг хурмæ цæстытæ нæ лæууынц…» – уæддæр. Фæлæ йæ уый нæ хъыгдары рæстдзинад зæгъынæн – «Ныккал, тæрк-къæвда! Елиа, ныннæр!» Уый у царды æнусон тохы нысан. Ахæм тохы адæймаг йæ зынты кой нал фæкæны. Поэт уымæн зæгъы: «Æнæхъуаджы нæ рацардтæн уæлæуыл: / хæлæрттæ – бирæ, / знæгтæ та – / фылдæр». Чиныгкæсæг цахæмфæнды философон хъуыды бирæ хуыздæр исы аивадимæ – Камалмæ арæх – æрдзы нывтимæ: «Куы рагуылф кæны комы дзыхæй Терк, Уæд канд æмбыд хидтæ 'мæ къодæхтæ нæ ласы», «Куы раивылы, уæд Ахæссы йæ хъæлæсы – Зæронд хидæй уа, ногæй… Стæй хидаразæг адæмы дæр… Арæх» («Рæдыд»). Афтæмæй поэт поэзиуарзджыты рæгъмæ рахаста замманайы философон верлибр. Æрдз куы сæрра вæййы – арв дæрдтыл куы нырттивы, зæхх доны лæсæнтæ куы фесты, уæд Терк йæ хъæлæсы æмбыд хидтæ æмæ къодæхтимæ «зæронд хидæй уа, ногæй… Стæй хидаразæг адæмы дæр... Арæх» куыд аласы, уый хуызы – æрдзы æгъатыр хуызы равдыста, цахæм егъау вæййы «егъау лæгæн йæ рæдыд дæр».

Федерико Гарсия Лорка бæлвырд кодта: «Все мы – поэты, которые сейчас с большим или меньшим успехом занимаются обрезкой и подравниванием чрезмерно буйного дерева лирической поэзии, доставшегося нам в наследство от романтиков и постромантиков, – все мы в изумлении замираем перед этими стихами».[2] Цæмæй афтæ ма уа, уый тыххæй, алцæмæй дæр, Камалау, зонын хъæуы бæрц.

Фæлæ уæддæр æрдзон нывæн йæхицæй рæсугъддæр ницы ис.

[1] Х о д ы К а м а л. Мыртæ. – Дзæуджыхъæу, 1992. – 145 ф.
[2] Г а р с и а Л о р к а Ф е д е р и к о. Избр. произ. в 2 т. Т. 1. – М., 1975. – 414 ф.

Цæстуарзон адæймаг æм куы фæкæсы, уый йыл куы фæцин кæны, уæд. Камалы пейзажон уацмыстæ нын уымæн æлхæнынц нæ зæрдæтæ, рæвдауынц нын нæ удтæ, иу бакастæй дзы бæллиццаг куы ницы вæййы, уæддæр. Æмæ хуыздæр цы уа. Уымæн æвдисæн – «Къахвæндаг».

Æнуд хъæдбыны цы къахвæндаг ныссуйтæ, уымæн йæ уд удыл нал хæцы. Жмбыд къодæхты, сугтæ йыл ныккалдтой, уæддæр йæ ныфс – цæры:

*Æмæ цæуы. Куы ададжы ныххауы,*
*Куы ‘рбайсæфы æмыр пыхсбыны ‘васт…*
*Æвæццæгæн, гуымиры тыхты ‘гъдауы*
*Нæй фыст æрвон, тæссонт зæрдæйы маст.*

*Фæзынд быгъдæг ран – ихкъæвда ныуары,*
*Зындон арт фесты райдзастдæр æрдуз…*
*Йæ дудгæ хъæбыс пысыра ныддары,*
*Къæскъæсгæнгæ йыл рафæлдæхы тулдз.*

*Уæддæр м уый фæдары кæд бæрджытæ, –*
*Йæ уды сконды иу хæрам монц нæй.*
*Æмæ йыл тæрфы адзæгъæлуæвджытæ*
*Æрыздæхынц сæ хæдзæрттæм фæрнæй.*[1]

Секъа дзырдта: «Адæмы цард чи уарзы, уый нæ уыдзæн ныгъуылдау».[2] Æрвылбон руад, сæрныллæгæй чи фæцæуынц, уыдон арæх ахæм хъæбатыр хъуыддæгты баскъуыхынц æмæ дæ цæстытыл ныххæццынæ. Къахвæндаджы ахæм адæймаджы ном бæрзонд кæны поэт. Æрдзы нывæй йæ бон бацис, «тæрфы адзæгъæлуæвджытæ» сæ хæдзæрттыл кæй фарнæй фембæлынц, уый равдисын. Елбыздыхъо загъта: «Иу лæджы тыхæй тыхджын сты адæм».[3]

---

[1] Х о д ы  К а м а л. Мыртæ. – Дзæуджыхъæу, 1992. – 155 ф.
[2] Г æ д и а т ы  С е к ъ а. Уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 1981. – 18 ф.
[3] Б р ы т ъ и а т ы  Е л б ы з д ы х ъ о. Уацмыстæ 2 т. Т. 2. – Дзæуджыхъæу, 1982. – 89 ф.

Мæстæлгъæд, саузæрдæйæ æрдзы алæмæтон хуызтæн нæдæр фенæн ис, нæдæр – ныффыссæн. Æмæ сæ иугæр Камал фены, уæд æм разынынц йæ зæрдæйы рухсмæ: «Алайнаг æндон уарт – Мæ бафале уæртæ. Сыгъзæрин рæхысыл Уый калы цæхæртæ… Хæлуарæджы тыныл Æрцауындзæг сыфтæр, Сæ уæлæ сæууон хурмæ Ферттивы æртæх» («Цæстфæливæн»). Поэзи цæстæвæрæн уæд кæны, дзырдтæ дзы, сæууон æртæхау, куы æрттивой. Хадзы-Мурат дзырдта: «Поэзи у тæссаг æмæ мæнгард жанр. Ам ииуыл тынгдæр раргом вæййы дзырды тых, ома, мидис æмæ формæйы рæсугъддзинад».[1] Уый та, оу, куыд зын у! Фæлæ иуæй-иу амондджынты къухы бафты. Бафты сæм удуæлдай фæллойы, Хуыцауы ратгæ курдиаты фæрцы. Æмæ йæм Камал тырны æппынæдзух. Алкæй къухы не 'фты, уымæн æмæ «ам иууыл тынгдæр лæууын хъæуы дзырды, ома, мидис æмæ формæйы инерцийы ныхмæ. Кæннод рæсугъддзинады бæсты исдзыстæм фыдуынддзинад, ногдзинады бæсты – традицион зонгæдзинад».[2] Камал та, йæ эмоцион æнкъарæнтæ ронбæгъдæй чи нæ уадзы, ахæм поэт у. Нæ литературæйы классиктæй абоны поэттæм дæсгæйттæй, сæдæгæйттæй цы æрдзы фæзындтытæм фæкастысты, цалдæргай хæттыты кæуыл фæфыстой, уыдонмæ Камал фемдзаст вæййы æмæ сæ фены йæхихуызонæй:

*Судзгæ æхсаргардæй чидæр ныдздзæхст ласта*
*Æврæгъты цæнд.*
*Оххай, йæ цыргъ хотых мигътыл фæцæйсаста –*
*Уæлæ фæцъæл…*

Поэтæн цард афтæ йæхирдыгонау æвдисынæн æнæдызæрдыгæй æххуыс кæны йæ фæлгонцон уынынад. Æнæуд цы у, уыдон дæр уыцы фæлгонцон уынынады фæрцы свæййынц удджын. Удæгас, цæрдхъомæй уымæн ауайынц нæ цæстытыл. Æврæгътæ иу ранмæ æрмæст тымбыл не

[1] Уый дæр уым.
[2] Уый дæр уым, 111 ф.

'ристы, фæлæ ныккалдысты сæ кæрæдзийыл, ныццæнд сты. Уыцы «цæнды» сæ алкæмæн йе уæнгты цы 'мбæхст тых ис, уыдон – æмхуызон «зарядтæ» нæ сæмбæлдысты æмæ нæ акалдтой цæхæртæ, фæлæ сæ чидæр судзгæ æхсаргардæй ныдздзæхст ласта æмæ: «Арв ыл фырцинæй ныххудти йæ дзыхыдзаг – Кæмтты нæры… Сабитæ къæвдамæ тонынц сæ быцъынæг –Дуне цæры!» («Къæвда»). Адæймаджы зæрдæйыл æмбæлынц, цины стъæлфт кæны ахæм судзгæ æхсаргæрдты дзæхстытæм, цымыдис æй кæнынц аивадон уацмысмæ; уæлдайдæр, оригиналон «дзæхстытæ» куы вæййынц, уæд. Нæ поэтæн, куыд кæсæм, афтæмæй Хуыцауы лæвæрд у хæдхуыз уæвын, æмæ искæй надвæдыл цæуынмæ нæ тырны, фæлæ йæ бадт хъуыды здæхт у нæ ирон поэзийы цыдæр ногæй зæгъынмæ, фæрæсугъддæр æй кæнынмæ.

Фæлæ æмдзæвгæйы уыцы нывæй дæр нæ фæци хъуыддаг. Уыцы «дзæхстæй» «йæ цыргъ хотых мигътыл фæцæйсаста»… Æмæ нæ цæстытыл ауайы, арвæрттывд йæ фырдиссагæй куыд фæкъæдзтæ вæййы. Ноджы фæлгонц сбæтты цардимæ. «Поэзийы уæлтæмæны объект у адæймаг, адæймаджы бастдзинад æмæ иудзинад дунеимæ, дунейы хъысмæт кæмæй кæнгæ у, уыцы судзаг æмæ дудаг проблемæтимæ». [1] Уый куыд аразгæ у, уый та Камал хорз зоны. Афтæмæй йæ адæймаг исы æхцондæрæй. Л. И. Тимофеев уымæн загъта: «Образность – это центральное понятие теории литературы, оно отвечает на самый основной ее вопрос: в чем сущность литературного творчества?»[2] Камал æрдзы хуыз бабæтты цардимæ, удæгас змæлдимæ æмæ уымæй рамбулы уацмыс («Быдираг хъæуы ритмтæ»).

*Бæхы знæт хуыррытт,*

*Дзоныгъы æмыр сыррытт.*

*Ехсы гæрах.*

*Хъæхъхъаг куыйты гъæйтт-гъæйтт…*

*Æлвæст егар æргъæвст тæрхъусы 'рыссырдта.*

---

[1] Д з у ц ц а т ы Х а д з ы-М у р а т. Рæстæг æмæ литературæ. – Цхинвал, 1985. – 111 ф.

[2] Т и м о ф е е в Л. И. Основы теории литературы. – М., 1976. – 22–23 ф.

*Æваст хъæртæ:*
*– Дæлæты!*
*– Марадз!*
*– Гъæйтт!!!*

*– Нæ амæттаг нæ аирвæзт дæу фæрцы…*
*– Сабырдæр дзыхъхъы – рæтæнагъд сæттыс!..*

*…Æмæ та ног – æгуыппæгдзинад æрдзы…*
*Æнæрцæф телты иугæндзон дыз-дыз…*

Ахæм нывтæ авторы нæ, чиныгкæсæджы дæр æфтауынц уæлмонц æнкъарæнтыл. Царды сæ иунæг-иу хатт чи федта, кæнæ сæ йæ цæстытыл чи андзæвын кæна, уый зæрдæйы тæгтæ, «æнæрцæф телты иугæндзон дыз-дыз»-мæ ма баризой, уый гæнæн куыд ис? Уæлдайдæр йæ аив кæронмæ:

*Æмæ та ногæй – мит-тъыфылтæ арвæй.*
*Мынæг уддзæф сæ зулаив хæссы…*

*Кæмдæр ма бады иу чидæр æнкъардæй…*
*Йæ талынг уатæй урс митмæ кæсы…*[1]

Камалы поэзийы сæйраг миниуæг уый у, адæймаджы зæрдæйы уидæгтæм кæй æвналы. Уымæй дæр ын «...форма неразрывно связана с содержанием и рождается сама собой из содержания».[2] Афтæ сты йæ пейзажон æмдзæвгæтæ дæр. Хъæубæстæ куы ныссабыр, у саудалынг, уæд: «Фæцыди къæрцц… Уый расастæуыд каухалæн… Ысрæйтта куыдз…»:

---

[1] Ходы Камал. Кар. – Дзæуджыхъæу, 1974. – 16 ф.
[2] Бунин И. А. Собр. соч. в 4 т. Т. 1. – М., 1988. – 17 ф.

*Зынг ыстъалытæ*

*Хъæуы сæрмæ*

*Сцад ысты…*

*Æвзист кæсагау, уырдæм хи ныздух!..*

*Кæмдæр*

*æрхуыссыд*

*дæлкæвдæс*

*фæллад ыстур,*

*Æмæ уæззау ныуулæфыди:*

*– Уффф!..*[1]

(«Æхсæв хохаг хъæуы»)

Æрдзы ахæм нывтæ цъус нæй Ходы Камалмæ. Мæ дзырдæн æвдисæн – «Иу æхсæв Стыр комы», «Æртæ верлибры зымæгыл», «Фæззæг», «Фæззæджы нывтæй» æмæ æнд.. Алы ран дæр сæ разыны поэты цæсгом.

**5**

Алы поэт йæхи хуызæн вæййы. Ходы Камалæн ис йæхи дзуринæгтæ. Ис ын йæхи поэтикон Æз. Уый сæ куынæ зæгъа, уæд сæ æндæр исчи нæ зæгъдзæнис. Секъа дзырдта: «…нæ чиныг, нæ зондæй хуыздæр нæм ницы и»,[2] – æмæ йæ уыцы зонд тауы адæмыл. Уымæн фæндвидар у: «Кæны уæлæхох зонды хъару монцтыл», «Зæххон ныхасы дурвидар æрдзон тых Мæ зæрдæйæн æхцон сагъæс дæтты», «Уæззау хъуыды хуымæтæг дзырды бавæр, Куыд кæна рæнхъ, æндыгъд нуарау, дыз-дыз» («Рæстæг цæуы»).

Хорз кæны поэт, ахæм стыр хъуыддагыл кæй нæ исы йæ къух, уымæй. Æмткæй, поэт цахæм хъуамæ уа, йæ разы цы хæстæ ис, уый тыххæй Ходы-фыртмæ дзæвгар æмдзæвгæтæ ис: «Фæсривады æмдзæвгæ», «Саугуыст», «Мæ кæстæрæн», «Куыст», «Æрцыди та уалдзæг», «Сфæлдыстад», «Куы

[1] Х о д ы  К а м а л. Кар. – Дзæуджыхъæу, 1974. – 27 ф.

[2] Г æ д и а т ы  С е к ъ а. Уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 1981. – 10 ф.

сæвæрай сахсæн…», «Пушкин», «Æфцæджы фæстæ», «Поэзи», «Æгæр кæй фыссыс, ма стау уый, мæ лымæн!», «Рæстдзырды сонет», «Мæ хæлар поэттæн» æмæ æнд. Фæлæ дзы иу иннæйы нæ фæлхат кæны. Джыккайты Шамил загъта: «Камал йæ уацмысты цы поэты фæлгонц скодта, уый æцæгдзинадæй нæ лидзы фантазийы бæстæм, не 'мбæхсы цардæй, уый тырны æнæуд ныхæстыл хъоды бакæнынмæ æмæ цæрдуд ныхас зæгъынмæ».[1] Камал, Рæстдзинад йæ царды Хуыцау кæмæн у, уыцы сфæлдыстадон кусæг поэты фæлгонц сныв кæнынмæ æвналы.

Уымæн æндæр уæвæн нæй, æрвылбоны хъæрахстæй куы 'рулæфай, «Куы 'ррæсуг вæййы зонд, Уæд, Зæрды дуар кæуыл» ныхгæдтай, уыцы сагъæстæ дæм куы бырсой, куы дыл тыхсой. Сæ фæзынд та сын зонгæ дæр нæ бакæндзынæ: «...тайна возникновения начального чувства, побуждающая писателя к творчеству, очень трудно уловима»,[2] – дзырдта И. А. Бунин. Афтæмæй йе 'нтысты райдайæн уым вæййы («Сфæлдыстад»).

*Æмæ та ног –*
*Уæлтæмæны æрра арт,*
*Тыхурæд монцты удлæууæн дыз-дыз…*
*Ирон дзырды дзæхст-дзæхстгæнæг рæнхъытæ*
*Фæкæнынц, уадау, зæрдæйы æмбу…*

*Дзæнæты цъусдуг! –*
*Ракæсын мæ цæстæй,*
*Мæ хибар уат мын басгуыхы цъæх арв…*
*Мæнгæн нæ загъта уырысы пахуымпар:*
*«Паддзах дæ ды! Цæр иунæгæй, поэт!»*[3]

Фæстаг рæнхъ А. Пушкинæй ист у, дыкъæдзгуыты дæр уымæн ис: «Ты

[1] Д ж ы к к а й т ы  Ш а м и л. Цæхх æмæ кæрдзын // Мах дуг, 1967. – № 6. – 101–102 ф.
[2] Б у н и н  И. А. Собр. соч. в 4 т. Т. 1. – М., 1988. – 18 ф.
[3] Х о д ы  К а м а л. Кар. – Дзæуджыхъæу, 1974. – 77 ф.

царь: живи один»,[1] – фæлæ джипы уагъдау фидауы æмдзæвгæйы. Камалæн уыцы сагъæстæ æрмæст дуг не 'вдисын кæнынц, фæлæ, йе сфæлдисгæ дунейы паддзах чи вæйййы, уыцы сфæлдисæджы дæр. Уый та тыхкæнгæ, алыхуыз хæдтулгæты хицæн хæйттæй саразгæ «цыдæры» хуызæн хъуамæ ма уа, фæлæ… æрдзон, хæдхуыз. Базмæлын кæна адæймаджы хъуыды æмæ зæрдæ. Уымæн æмæ уыцы дзырдтæ райгуырынц, талынг æмæ рухсæн сæ арæн иу кæй у, райдзаст бон «саумылазимæ хъуырдухæн» кæй фæкæны, уый зонгæйæ. Лирикон хъайтар, – «гæркъайау нæ æрвылбон цард ыздухы», – уæддæр бæллы, «тæмæнкалгæ рæстылдзурæг ныхас» йæ къухы кæмæн бафты, уымæ. Нафи Нигерæй зæгъы: «...æнæмæт «ныхасы уылæнты» бæсты хуыздæрыл нымайы, поэтæн адæмы мæтæй йæ хъæлæс куы 'хгæна, йæ сагъæссаг ныхас мастæй æрхæцгæ куы хæсса, уый».[2] Æмæ кæд «Рæстдзырды сонет»-ы дыууæ фыццаг строфайы дидактикæйы ад кæнынц, уæддæр зæрдæ æлхæнынц рæстдзинад æмæ поэтикон амæлттæй – æмбисонд, афоризм, риторикон фарст, рифмæтæй…

*Лæгæн йæ дзырд йæ намысы æмсæр у.*
*Цы уæлдай ис дæ ныхасæй дæуæй?*
*Дæ дзырд æрцыдис иунæг хатт дæр уæй –*
*дæхицæй дæр уæд рауайдзæн фæсдзæуин…*

*Рæстдзырды фарн, зæгъынц, мæрдтæм нæ цæуы…*
*Æмæ кæд айхъуыст ахæм кад дæуæй,*
*дæ уæлсынтыл æрæнцай уæд фæрнæй –*
*рæстдзинадæн æгъдæнцæйттæ нæ хъæуы.*

Поэт йæ фыццаг рæнхъ – афоризмæй ацахсы чиныгкæсæджы, рæстдзинадыл кæй дзуры, уый тыххæй. Нигер загъта: «Къоста тырныдта

---

[1] П у ш к и н А. С. Собр. соч. в 10 т. Т. 2. – М., 1974. – 225 ф.
[2] Д ж у с а й т ы Н а ф и. Нигер. – Дзæуджыхъæу, 1990. – 179 ф.

цыбыр дзырдмæ æмæ, афтæмæй, хъуыды арфæй æвдисынмæ».[1] Уый уынæм Камалмæ дæр. Чиныгкæсæджы æфтауы рæствæндагыл, цæмæй йæ мæнг цæстсайæнтæ ма акæной сæ фæдыл, ма фæцуды талынг æмæ рухсы арæныл. Рæстаг, нывæфтыд, афоризмон хъуыдытæ æмæбæлынц зондыл:

*Сæ арæн иу у талынг æмæ рухсæн:*
*Нæй райдзаст бонæн ралæууæн æваст –*
*Фæкæны саумылазимæ хъуырдухæн.*

*Гæркъайау нæ æрвылбон цард ыздухы...*
*Тæмæнкалгæ рæстылдзурæг ныхас,*
*Тæхудиаг, кæмæн бафты йæ къухы!*[2]

Уый тыххæй хъæуы дурынвидар уд, æппынæдзух фæллой кæнын, «намысы æмсæр» дзырдтæ агурын. Уыдон зæххыл цæндтæй нæ лæууынц. Хуыцауы ратгæ сты. Æмæ Хуыцау йæ хорзæх нæ бавгъау кодта Ходы Камалæн. Радта йын æй рæдауæй, алыварсонæй – йæ хъуыдытæ æвдисæг дзырдтæ зæлланггæнаг рæнхъыты сæ кæрæдзийы фæдыл уымæн фезгъæлынц æхсæрдзæны æртæх-фæрдгуытау. Ахæм дзырдтæ поэты тыххæй февзары ноджы арæхстджындæрæй. Уый уæлдай зындæр вæййы, традици чи сси, уыцы темæйы ногæй исты зæгъынмæ куы хъавай, уæд. Поэты фæлгонц аразын та ирон поэзийы ног нæу. Шамил Нафийы тыххæй загъта: «Ирон поэзийы сырæзт бæлвырд традици поэты фæлгонц аразынæн – йæ уидæгтæ цæуынц Къостайы сфæлдыстадæй. Уыцы традици дæр 30–50-æм азты фехæлди: поэт тохгæнæг нал уыд, фæлæ партийы хъузон, газеты разныхæстæ стихтæй нывæндæг. Уыцы уавæрты Нафи архайдта æмæ йын æнтыст фæрныг традицитæ сног кæнын, поэты æхсæнадон нысаниуæг ногæй йæ бынатмæ сисын. Йæ лирикæйы фæзынд поэты ног тип, «уый æхсæнады бацахста

[1] Н и г е р. Уацм. æххæст æмб. 3 т. Т. 3. – Дзæуджыхъæу, 1968. – 307 ф.
[2] Х о д ы К а м а л. Ном. – Дзæуджыхъæу, 1979. – 34 ф.

бæлвырд граждайнаг позици, нал уыд хицауады уынаффæтæ фæлгъауæг, сси сæрибар хъуыдыгæнæг æмæ рæстдзинадыл тохгæнæг».[1] Поэзийы сæрвæлтау, царды Рæстдзинады тыххæй поэт цыфæнды зынтæн дæр куынæ фæраза, «ремонтытæ», «серванттæ», «гарнитуртæ» агурæг куы разгъор-базгъор кæна йæ ус, йæ тугæй гуырд хъæбулты зондæй, уæд йæ фыдæбон хуымæтæджы у. Поэзийы зын æмæ бæллиццаг фæндагыл æрмæстдæр удуæлдайæн бауыдзæн йæ бон дард ацæуын. Нафи зæгъы: «Нигер хъыгзæрдæйæ дзуры, поэзийæ «хъæлдзæг бонирхæфсæн чи аразы, уыдонмæ, зæгъгæ, уый поэзи нæу, уый фидауы æрмæст цирчы «бондæнтыл кафæг» артистыл».[2]

Поэты сæр фæдисы дуджы тынгдæр фæхъæуы. Цæмæй, цурон, дымысдæр, кæлмхæрдуд адæймаггæндтæн дæтта ныхкъуырд. Судза сæ йæ рæстдзинад. Къоста Лермонтовæй цæйау загъта: «О, если бы ты жил теперь, поэт! Твой мощный стих, могучие аккорды Рассеяли б остаток прежней тьмы»[3] («Памяти М. Ю. Лермонтова»), уыйау поэты дзырд талынджы тар гуыбын хъуамæ гæрда, рухсы тынау, цæмæй адæймаг уына йæ фæндаг.

Æртхъирæнгæнæг фыссæгæн кæд бæрнон кусæг загъта: «Ныводты дуг, дам, аивгъуыдта ныр», – уæддæр æм уыцы раздæры дугæй судзгæ æхсидæвтæ кæй хаудысты, цæмæй поэт поэты бынаты ма æвæрдтаид йæхи, дзурын дæр æй уыдæттæ кæнынц. «Куы сæвæрай сахсæн мæйдзæфхад æфсургъыл», уæд гæпдугъ нал кæндзæнис. «Йæ уидæгты нуæрттæ куы суадзай бæласæн», уæд куыд суадза ног тау? «Цæргæсæн йæ базыр куы айгæрдай фатæй», уæд куыд стæха арвы цъæхмæ? Фæлæ Поэтыл йæ адæм куы суæлæхох уой, уæд уыцы адæм вæййынц æлгъыст. Поэт йæ цард дæр, йе сфæлдыстад дæр уыдонæн фæнывонд кæны («Куы сæвæрай сахсæн...»).

Евгений Евтушенко зæгъы: «Поэты в России рождаются с дантесовской пулей в груди»[4] («Лермонтов»). Уæд ирон поэт мæгуыры лæдзæгимæ райгуыры, цæмæй йæм дзылы дæр йæ ныфс хæсса.

Шамил советон поэты уавæр 40–50-æм азты хоны тæссаг: «Æцæг поэт

---

[1] Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Нæ вæййы рухсæн сау талынг йæ ингæн // Фидиуæг, 2000. – №1. – 9 ф.
[2] Д ж у с о й т ы Н а ф и. Нигер. – Дзæуджыхъæу, 1990. – 179-180 ф.
[3] Х е т а г у р о в К о с т а. Собр. соч. в 3 т. – Т. 1. – М., 1974. – 262 ф.
[4] Е в т у ш е н к о Е в г е н и й. Стихотворения и поэмы в 3 т. Т. 1. – М., 1987. – 443 ф.

ӕдзухдӕр ӕмӕ кӕддӕриддӕр цӕуы карды комыл. Тӕссаг уыд советон поэты уавӕр 40–50 азты, уымӕн ӕмӕ Рӕстдзинад ӕхцон нӕ уыд хицауадӕн. Фӕлӕ поэт пехуымпар у ӕмӕ хъуамӕ йӕ зӕрдыл дара Дантейы фӕдзӕхст: «Нельзя, чтоб страх повелевал уму». Ныр бирӕтӕ, рӕстдзинад дзурын кӕй нӕ фӕрӕзтой, уый кӕнынц рӕстӕг ӕмӕ уавӕрты ӕфсон. Курдиат рухс тынтӕ уадзы ныккӕнды дӕр. Руссо дзырдта: «Мӕн Бастилийы куы бакӕниккой, уӕд ӕз уым скӕнин сӕрибары ныв». Политикон реакцийы дуджы Секъа фӕндырдзӕгъдӕгӕй (поэтӕй) домдта рӕстӕджы хъӕнтӕ ӕргом кӕнын ӕмӕ йын фӕдзӕхста: «Ма фӕтӕрс, лӕг, нӕртон дӕ кӕд, – Дӕ удӕн та цы хицау ис»?! [1] («Фӕндырдзӕгъдӕг»). «Аивады кусӕг сфӕлдыстадон процессы свӕййы сфӕлдисӕг, Хуыцауы 'мсӕр, уым сӕрибар у йӕ уд, уым паддзахиуӕг кӕны ӕрмӕст йӕ зонд, ӕмӕ йын «мӕлӕты тас ницыхъом у мур дӕр.»[2]

Ай-гъайдӕр, сфӕлдыстадон дуджы аивады кусӕг Хуыцау дӕр у ӕмӕ паддзах дӕр. Фӕлдисгӕ та фӕкӕны йӕхи дуне. Иутӕн рӕсугъддзинад фӕдӕтты, иннӕтӕн – фыдхъуындзинад; иуты Хуыцауы цъупмӕ сисы, иннӕты адӕмы къӕхты бын ӕркӕны. Суанг адӕймаджы сӕр акъуырын ӕмӕ марды раудӕгас кӕнын дӕр йӕ къухы сты. Шамилы уыцы хъуыдыйӕн ирд ӕвдисӕн у, Камал уыцы уацӕй 23 азы раздӕр цы аив ӕмдзӕвгӕ ныффыста – «Мӕ хӕлар поэттӕн», зӕгъгӕ, уый.

Тыхы дон хӕрдмӕ ласы. Не 'взӕртӕ нӕ фефсӕдынц нӕ сӕрхъуызойты тугӕй. Сӕ бон куыд вӕййы, афтӕ нын фергӕвдынц нӕ хуыздӕрты. А. Солженицын ныл бахудтис: «…чекистам Осетии (рассказывает начальник милиции Заболовский) дана была разверстка расстрелять по республике 500 человек, они просили добавить, им разрешили еще 250».[3]

Цы ма уа уымӕй фыддӕр, уымӕй фидиссагдӕр?! Ӕмӕ-иу фыццаг цӕф интеллигенцийыл кӕй ӕмбӕлд, уымӕ гӕсгӕ сын ӕппӕты раздӕр скуынӕг кӕнынц сӕ раздзогты – фысджыты, ахуыргӕндты, ӕхсӕнадон архайджыты… Фыссӕг Мӕрзойты Сергей загъта: «Эти процессы не могли обойти стороной

---

[1] Д ж ы к к а й т ы  Ш а м и л. Нӕ вӕййы рухсӕн сау талынг йӕ ингӕн // Фидиуӕг, 2000. – №1. – 9 ф.
[2] Уый дӕр уым.
[3] С о л ж е н и ц ы н  А. Архипелаг ГУЛАГ. 1 ч. – М., 1990. – 79 ф.

и осетинскую литературу. У нее давняя трагическая история. Ее зачинатели подвергались гонениям и преследованиям властей. Им приходилось творить в ссылках и казематах.

В роковые тридцатые годы, да и позднее, в послевоенное время, жертвами политической репрессии стали десятки деятелей литературы и искусства. В лагерную пыль превратились лучшие представители осетинской интеллигенции, писатели, ученые, общественные деятели, их творчество, дела и помыслы предавались анафеме».[1] Ахæм уавæры хорз дæ, æмæ дæ риуæй стон уæды лыстæг æмæ æлгъаг цензорты. Камалы-иу уымæн бахъуыд Пушкины, Хазбийы, Харайы кæнæ æндæрты номæй йæхи хъуыдытæ дзурын. Уый дæр аивадон амал у. Фæлæ поэт йæ куыстæй цас нæ уа разы, цас бæрзонддæрмæ тырна, уыйбæрц дзы адæм уыдзысты райгонддæр.

**6**

Æмткæй уарзт, уæлдайдæр, дыууæ уды – нæлгоймаг æмæ сылгоймаджы уарзт адæймаг йæ гуырдзы кондæй рахæссы. Стæй, дыууæ уды цы 'нкъарæнтæ сæвзæрынц, уыдон кæд сæ кæрæдзийæн аргъ кæныны аккаг разынынц, уæд æцæгæй райгуыры уарзт. Свæййы сын карз низы хуызæн. Дыууæ уарзæгой уды æнæ сæ кæрæдзи ницыуал фæуромы. Афтæ сæм фæкæсы, – иумæ алы фыдтæ дæр абырсдзысты. Ирон æмбисонд мæнгæй нæ зæгъы: «Лæг кæй уарза, уыимæ хохы цъуппыл дæр фæцæрдзæн».[2]

Ирон интимон поэзийы Бестауты Гиуæргийы хуызæн зæрдæбын æнкъарæнтæ, æвæццæгæн, ничи фæдзырдта, æмæ афтæ зæгъы: «Сыгъдæг æмæ судзгæ уарзт кæддæриддæр удуæлдай у. Æргом, æнæ гуырысхойæ хъары æппæт йæ ис, йæ фидыц. Йæхи хæссы нывондæн».[3] Уарзт, æцæг уарзт вæййы сыгъдæг, æргом, стæй судзгæ кæны. Æцæг уарзт æнхъæлмæгæс нæ вæййы. Ахæм «уарзт царды фидыц у. Дуне æгъуыз уыдаид æнæ уый. Мах искæй куы фæуарзæм, уæд уымæй сæйраг æхцондзинад дæттæм нæхи удæн,

[1] М а р з о е в С е р г е й. Годы и судьбы // К о л л е к т и в а в т о р о в. Люди, помните нас. – Цхинвал, 2005. – 120 ф.
[2] А д æ м о н с ф æ л д ы с т а д. Ирон æмбисæндтæ. – Дзæуджыхъæу, 1976. – 30 ф.
[3] Б е с т а у т ы Г и у æ р г и. Уацмæстæ 3 т. Т. 3. – Дзæуджыхъæу, 2004. – 218 ф.

фæлæ уыйæмрæстæджы хæрзиуæг кæнæм дунейæн дæр».[1]

Стыр ныхас у? Нæу. У бынтон раст. Дуне æнæ уарзт нызгъæлæнтæ уаид, къæлуайæ конд фыркъайау. Камал йæ интервьютæй иуы афтæ зæгъы: «У осетин не принято говорить о собственной жене, но тем не менее позволю себе такую нескромность и скажу, что я женился по любви, другого интереса, в плане имущественном или карьеры, или еще чего-то, не было. Она из скромнейшей семьи, родители были обыкновенными крестьянами, честными, в довольно стесненных условиях жили в одном из сел Южной Осетии, там я случайно ее и встретил, и эта встреча предрешила все. Да, я думаю, сама семейная жизнь у меня сложилась, и тыл у меня всегда был надежный. Я знаю, многие жены привередливы, любят дорогие вещи, требуют от мужей, есть возможность или нет, покупать то или иное. Вот у нее от природы этого нет, а это очень редкое качество для женщины».[2]

Бирæ ахуыргæндты, В. Белинскийы хъуыдымæ гæсгæ дæр, уарзондзинад у, адæймаджы чи фегæр кæны, уыцы цахæмфæнды æнкъарæнтæн сæ иууыл тыхджындæртæй. Дунеон аивады иууыл хуыздæр уацмыстæ хуымæтæджы нæ райгуырдысты дыууæ уды æхсæн æгæрон уарзтæй. Уарзт иуты йæ къæхты бын ауугæрды, иннæты Хуыцауы цъупмæ сисы. Фæлæ æнæ уый адæймаг нæ, цард йæхæдæг дæр æгъуыз æмæ ницæйаг уаид. Нудæсæм æнусы голландиаг стыр нывгæнæг Ван Гог загъта: «Жизнь без любви я считаю греховным и безнравственным состоянием».[3]

Фæлæ нæлгоймаг æмæ сылгоймаджы æхсæн ахастытыл иууыл хуыздæр аивадон уацмыстæ, хъыгагæн, райгуырдысты зæрдæхауд уавæрæй – æз дæу уарзын, ды мæн нæ уарзыс. Кæнæ уарзты æртæкъуымонæй – æз дæу уарзын, ды та æндæры уарзыс. Стæй хатт – уарзты цыппаркъуымонæй дæр: æз дæу уарзын, ды кæйдæр уарзыс, кæйдæр – æндæры, æндæр та – мæн. Иууыл бæллиццагдæр уарзт у, дыууæ уды сæ кæрæдзийыл æрратæ æмæ мæрдтæм цæрддзу куы кæной. Камал ахæм уарзты кой кæны. Ахæм уарзтæй гуырынц йæ зарджытæ: «Мæйæ

---

[1] Уый дæр уым, 219 ф.

[2] Х о д о в К а м а л. Художественные ценности в нашем обществе смещены… / Северная Осетия, 2001. – 2 июнь.

[3] Г о г В а н. Письма. – М., 1966. – 76 ф.

зæхмæ ивæзы тын-уылæн, Уый, тæхуды, де 'рвон уатмæ бахæсс. Фæлæ дæ æнцад-æнцой фын уынын Ацы 'хсæв нæ бауадздзæн мæ сагъæс» («Зарæг»).

Чиныгкæсæджы цæстæнгас йæхимæ фылдæр фелвасы романтикон-трагикон уарзт, уарзæгой удты царды социалон æнæрастдзинад хурхæй кæм фæмары, уарзты дидинæгæн райхæлыны фадат кæм нæ вæййы, ахæм уацмыс.

Ахæм чиныгкæсæджы азымы дарæн нæй. Дыууæфарсон уарзт сыгъдæг куы уа, цард срæсугъд кæныны хæс куы æвæра йæ разы, пайдайыл баст куынæ уа («Где золото, там умирают волшебные грезы любви»),[1] уæд ын йæ размæ дуртæ тулын нæ хъæуы. Чиныгкæсæджы зæрдæ уымæн ныффæлмæнтæ вæййы, зæххон царды цинтæ бавзарыны бæсты Хуыцау уæларвон уарзт кæмæн ратты, уыцы трагикон хъайтартæм.

Камалы лирикон хъайтар цæры зæххон цардæй. Йæ хъайтартæ тыхджын сты зæххон уарзтæй, бæллиццаг – зæххон рæсугъддзинадæй, фæрнджын – сæ митæй. Адæймаг куыд уарзы, уый дзурæг у йæ цардыл, йæ хъомыладыл. Æмæ сæ æххæст у нæ поэты лирикон хъайтар. Кæцыфæнды поэт дæр бабæлдзæнис мæнæ ацы æлвæст, психологон æмæ уарзтæмдзаг поэтикон рæнхъытæм («Горæты уынджы»):

*Уæзæгæвæрд куыствæлтæрд къухты хаста*
*æрдæгхæлд уарди арæндонмæ лæг.*
*Йæ цинмæ кодта хурты-хур хæлæг,*
*Йæ къухты райхæлд дидинæг йæ уарзтмæ…*[2]

Бæрцæй цыппар рæнхъы, фæлæ сæ, армыæвæрдау зыны поэты ахаст уарзтмæ, цардмæ. Тыбар-тыбур дзы кæны йæ оптимистон цæстæнгас адæймаджы абон æмæ фидæнмæ, стæй дунемæ дæр. Йæ зæрдæйы цинæй, йæ уарзтæй йæ къухы уарди дидинæг кæмæн æфтауы, уый дунейы æрхауын нæ бауадздзæнис. Цард ахæм адæймæгтæ аразынц. Цард ахæм уарзæгой

---

[1] Х е т а г у р о в К о с т а. Собр. соч. в 5 т. Т. 2. – М., 1959. – 159 ф.
[2] Х о д ы К а м а л. Мыртæ. – Дзæуджыхъæу, 1992. – 93 ф.

адæймæгтыл æнцой кæны. Вал. Гольцев Расул Гамзатовы сфæлдыстадыл дзургæйæ интимон темæйы кой кæны: «Гамзатов – певец любви. Любовь в его стихах предстает как чувство возвышенное, всепоглощающее, способное вдохновлять человека на великие подвиги и дела».[1] Ходы-фырты интимон поэзи адæймаджы исы бæрзонд. Æмæ диссаг не сты, Камалы хъайтарыл уарзты, стыр, сыгъдæг æмæ æнæхин уарзты тыххæй цытæ цæуы, уыдон: «Фæуарыд дысон-бонмæ стъалытæ», «Куы сыл цæуид мæ бон, Уæд сæ дæуæн дæ дзыккутимæ сбиин» («Зæрдæ зоны уарзын»).

Къостайы сфæлдыстад æвзаргæйæ, Нафи банысан кодта: «В своих интимно-лирических стихотворениях варьировал собственно один мотив – неразделенной любви».[2] Уыцы темæ ирон поэзийы æрфысым, фæлæ Камалы сфæлдыстадæй афтæ нæ зæгъдзынæ. Æмæ уыцы хъуыддаг иууыл ирддæрæй, иууыл оригиналондæрæй разынд ирон поэзиуарзджыты æхсæн йæ зындгонд æмдзæвгæ «Æз хæлæг кæнын мæхимæ»-йы. Камалы лирикон хъайтарæн уарзт у æнæлаз, сыгъдæг, æрвон. Адæймаг ын хъуамæ кæна табу, кува йын. Хъуамæ йын тæрса æрхауынæй, цæмæй йыл рыг ма абада:

*Цины фембæлд, ды мæ удæн*
*Рагæй дæр хæс уыдтæ.*
*Хохаг суадæттау æрттывтой*
*Уыцы сау цæстытæ.*

*Цин, æфсæрм æмæ æууæнкæй*
*Семыдзаг уыдысты,*
*Арвы урсцæппæрджын риуæй*
*«Авд хойы» зындысты.*

Æцæг уарзæгой удæй рацæугæ рæнхъытæ кæй сты, уый дызæрдыггаг

---

[1] Г о л ь ц е в  В а л. Послесловие // Г а м з а т о в  Р а с у л. Стихи и поэмы. – М., 1974. – 537 ф.
[2] Д ж у с о й т ы  Н а ф и. История осетинской литературы. Книга первая. – Тб., 1980. – 252 ф.

нæу. «Уарзондзинад… райсомы стъалыйау, Æврагъæй ракаст, фæзынд».[1] Лирикон хъайтарæн цины фембæлд йæ удæн рагæй дæр хæс уыд: суадæттау кæй æрттывтой чызджы сау цæстытæ, цин, æфсæрм æмæ æуузнкæй семыдзаг кæй уыдысты, арвы урсцæппæрджын риуæй Авд хойы кæй зындысты, уый йæ уарзæгой удмæ фаг нал кæсы, йæ зæрдæйы гуылф-гуылфгæнаг æнкъарæн ныццæхæр калдта, æхсаргарды æрцъыккау:

*Уыцы ирд мæйрухс æхсæвы*
*Фембæлдыстæм парчы.*
*Æз хæлæг кæнын мæхимæ,*
*Ахæм чызг кæй уарзы![2]*

Уацмысы кæрон хæлæггаг у поэтæн. Цæмæй ахæм хъуыды æрцахсай, уый тыххæй бирæ бонтæ æмæ æгъуыссæг æхсæвтæ арвитын хъæуы. Дзырдты, дзырдбæстыты, хъуыдыйæдты алы хуызты æмæ æмбарынæдты фембæлы равзар-бавзар, равæр-бавæр, рабий-бабий кæнын. Уæддæр, дæ къухы, гæнæн ис, бафта, гæнæн ис, ма бафта. Ноджы дын æй Хуыцау куынæ дætта, уæд тыхмийæ ми нæй. Тыбылты Алыксандр уымæн загъта: «Фысджытæн сæ кой нæ сæфы, сæ диссаджы ныхæстæ æмæ се стыр хъуыддæгтæ баззадысты фæстагæттæн».[3] Камалæн æй Хуыцау радта. Хуыцау æй æндæр хуызы радта Элладæйы нæ эрæйы агъоммæ VII–VI æнусты стыр поэт Сапфойæн: «Я к тебе взываю, Гонгила, – выйди…», Ведь самой глядеть на тебя завидно Кипророжденной»![4] («Я к тебе взываю, Гонгила…»).

Ирон æмбисонд амоны: «Йе скæнæг дæр æм тæхуды кæны». Æмæ аив, уæздан æмæ цæстуарзон загъд у. Фæлæ хуыздæрæй хуыздæртæ, табу Хуыцауæн – бирæ ис. Бирæйы та фадат вæййы æвзарынæн. Камалы рæнхъытæ: «Æз хæлæг кæнын мæхимæ, Ахæм чызг кæй уарзы», – адæймаджы зæрдæйыл тынгдæр æмбæлынц. Уыдон цыма сæ авторы

[1] Г æ д и а т ы Ц о м а х ъ. Уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 1959. – 48 ф.
[2] Х о д ы К а м а л. Мыртæ. – Дзæуджыхъæу, 1992. – 7 ф.
[3] Т ы б ы л т ы А л ы к с а н д р. Уацмысты æмбырдгонд. – Цхинвал, 1988. – 184 ф.
[4] К о л л е к т и в а в т о р о в. Лирика древней Эллады и Рима. – М., 1990. – 41 ф.

зæрдæйæ тыбар-тыбургæнагдæрæй райгуырдысты. Уый поэтикон загъд у. Йæ тых – йе 'ргом, æнæкъæм зæрдæйы. Стæй, ахуыр куыд стæм, афтæ искæмæ кæнæ истæмæ нæ тæхуды кæны, фæлæ – æрмæстдæр йæхимæ.

Уый нæ поэзийы ног уыд æмæ у. Дзуццаты Хадзы-Мурат раст бæлвырд кодта: «Традицион стихарæзт æмæ традицион-адæмон амæлттæ никуы ничи фаудта. Уыдон лæггад кодтой æмæ кæндзысты поэзийæн. Æрмæст иу ахсджиаг (иууыл сæйрагдæр) хабар зæрдыл дарын хъæуы: æмдзæвгæ куынæ байдзаг уа ног, цардæгас тæпп-тæппгæнгæ буарæй, рæстæджы хъомысджын комулæфтæй, поэты индивидуалон характеры миниуджытæй, йæ судзгæ хъуыдытæй æмæ æнкъарæнтæй, уæд традицион стих æмæ традицион амалтæ сæхæдæг поэтæн механиконæй, цæттæйæ æнтыстдзинад нæ ифтонг кæнынц».[1] Уыдæттæ куыд аразгæ сты, уый Камал тынг хорз зоны.

Аивады кусæгмæ, ногæй цы зæгъа, ахæм дзуринæгтæ куы уа, уæд уый амонды хъуыддаг у, æмæ сыл фæстауæрц хъуамæ ма кæна. Камалмæ сты. Сты йæм алыхуызонæй. Сты йæм, адæймаджы цæст кæуыл схæца æмæ йæ чи æрцахса, ахæм хуызджын æмæ хъуыдыджынæй.

Æмæ, бæдæ, æмбæрст у, поэты алы уацмысыл дæр поэзиуарзджытæ цымыдисæй цæмæн сæмбæлынц, уый – саджы суар сайы йæхимæ. Фæлæ афтæ дæр акæнынц: бæх кæм стулы, уым дæр ма хъуын аззайы. Æвзонгæй цæстæвæрæн цæмæй фæуа адæймаг, уый йыл йæ карæй гаккæвæрдау ма зына, уый æнцон бауырнынгæнæн нæу. Поэзи йæ бон калы. Хъæбæр асфальты бынæй дæр йæ сæр кæцæй сдардзæнис, уый бæрæг нæу, стæй йын никуыдæр уыдис базонæн. Æмæ иугæр уарзт кар нæ зоны, уæд аивады ацы æнусон темæ Камал йе 'взонджы бонтимæ куыд хъуамæ ныууагътаид ивгъуыд рæстæджы. Хорзы аппарын кæд кæй цæст скарста. Къоста куы загъта: «Хорз зæрдæйæн – уарзт».[2] Цæсты цы баззайы, уый – зæрдæйы. Æмæ поэзи зæрдæйы фæллой кæй у, уым поэты уды æнустæм æрбынат кодта.

Афтæ куы фæзæгъæм – Камалы сфæлдыстадыл азты уæз нæ зыны, уæд

---

[1] Дзуццаты Хадзы-Мурат. Знон æмæ абон. – Цхинвал, 1964. – 185 ф.
[2] Къоста. Ирон фæндыр. – Дзæуджыхъæу, 1951. – 122 ф.

уый æрмæстдæр у, æвзонджы бонты дæр, куырыхон поэтау, дзырдæн аргъ кæнын кæй зыдта, уый фæстиуæг. Æндæра, куыд зонæм, афтæмæй рæстæг йæ фæд, хъыгагæн, алкæуыл дæр æмæ алцæуыл дæр уадзы. Фæлæ Ходы-фыртæн йæ бон у хуымæтæджы цардуагон цауы поэтикон уд бауадзын, чиныгкæсæгæн æй суарзон, садджын кæнын.

Балцуаты цæуын кæй нæ бахъæуы, æмæ иууылдæр хорз зонæм, алчидæр бæлццоны æрцыдмæ куыд фенхъæлмæ кæсы – цы йын æрхæсдзæнис лæварæн? Æмæ Камал хуымæтæджы цардуагон деталæй сарæзта чысыл, юморхæццæ аивадон уацмыс («Уарзоны лæвар»):

*Кæсдзынæ, чи зоны, мæстыйæ...*
*Мæн дæр бæргæ фæндыди:*
*лæвар дын агуырдтон Мæскуыйы –*
*дæу аккаг дзы нæ уыди...*

*Фæлæ дын ард хæрын сыджытæй –*
*ис хос мæнмæ дæ мастæн:*
*Мæскуыйы хурдзæсгом чызджытæм*
*фæстæмæ дæр нæ кастæн!..*[1]

Цыма бынтон хуымæтæджы хабар у – лæппу йæ уарзон сылгоймагæн Мæскуымæ йæ балцæй лæвар не 'рхаста, æмæ йæхи рæстытæ кæны: «...дæу аккаг дзы нæ уыди». Ахæмтыл ахуыр кæй стæм, уымæ гæсгæ йæ хъус ахсгæ дæр нæ кæны. Фæлæ фæстаг строфайы фæстаг дыууæ рæнхъы аивад йæ кæнон бакæны – ныррухс кæны æмдзæвгæ æмæ чиныгкæсæджы зæрдæ.

Дзуццаты Хадзы-Мурат бæлвырд кодта: «Поэт цæуылфæндыдæр нæ фысса, хъуамæ йын уына йе 'ппæт бастдзинæдтæ дæр, йе 'ппæт миниуджытæ дæр, æмæ йæ алы æмдзæвгæйы дæр бæрæг дара, йе сфæлдыстадæн иумæйаг чи хъуамæ уа, уыцы философон-эстетикон дунеæмбарынад. Афтæ куы уа,

[1] А в т о р т ы к о л л е к т и в. Æрттигъ. – Дзæуджыхъæу, 1983. – 272 ф.

уæд поэты бон у саразын – уадз, уæрæх, парахат ма уæд, фæлæ уæддæр – йæхи поэтикон дуне».[1] Камалæн баци йæ бон йæхи аивадон дуне скæнын, æмæ тырны, йæ алы уацмысæй дæр æй фæхъæздыгдæр кæнынмæ.

Æнæбанысангæнгæ нæй, Камал йе 'взонгæй дæр, йæ лæджы кары дæр бынтон æмхиц кæй никуы уыд интимон темæмæ, фæлæ дзы уарзты номыл цы æнкъарæнтæ, цы хъуыдытæ рантыстысты, уыдон иуулдæр цæуынц йæ удæй. Удæй чи цæуы, уый удылæмбæлгæ у. Сæйраг уый у. Виктор Шкловский Маяковскийы тыххæй афтæ загъта: «У Маяковского отношение к женщинам такое, как описал Глеб Успенский, с таким же преувеличением самой элементарной женственности».[2] Успенский та фыста: «Красота женщин должна изображаться особенно нелепо: грудь непременно должна быть роскошна до неприличия; сравнивайте ее с двумя огнедышащими горами, с геркулесовыми столпами, с египетскими пирамидами… Только с такими невероятными преувеличениями вы можете заброшенному в безысходную тьму одиночества человеку дать приблизительное понятие о том, что другим доступно в настоящем безыскусственном виде действительной красоты».[3] Камалы уарзт у саудзыкку, «хур кæмæн фæтагъд йæ рустæм», æлвæст бæрзау, къуыбыræфтауæг уалдзыгон бæлас, урс бæлон. Кæсы йæм, зæдмæ кæсæгау. У йыл æнувыд. Уарзы йæ æгæрон уарзтæй, чиныгкæсæджы цæсты йæ æвæры бæрзонд. Афтæ йæ бон у æцæг поэтæн.

7

Нæ дуг – XX-æм æнус афтæ йедзаг уыдис алыхуызон тæригъæдтæ æмæ цаутæй, æмæ сыл иу адæймаджы бон æххæстæй ахъуыды кæнын дæр нæу. XVIII-æм æнусимæ абаргæйæ XIX-æм æнусы чингуытæ мыхуыр æрцыд 4 хатты фылдæр, XX-æм æнусы та, йæ размæ æнусимæ абаргæйæ – 8 хатты фылдæр, ома, 50 милуан чиныджы бæрц (экземпляртæ нæ).[4]

XXI-æм æнус цахæм цыдæй ахæцыд, ууыл куы ахъуыды кæнæм, уæд

[1] Д з у ц ц а т ы Х а д з ы-М у р а т. Рæстæг æмæ литературæ. – Цхинвал, 1985. – 141 ф.
[2] Ш к л о в с к и й В и к т о р. Собр. соч. в 3 т. Т. 3. – М., 1974. – 35 ф.
[3] Уый дæр уым.
[4] К о л л е к т и в а в т о р о в. Слово о науке. – М., 1978. – 7 ф.

дæр срисдзæнис адæймаджы сæр. Æмæ цас ног газеттæ, журналтæ æмæ æндæр æрмæджытæ фæзынынц, хъæуынц æви нæ хъæуынц, уæддæр! Е. С. Лихтенштейн фыста: «Недавно на заседании ученого совета Всесоюзной книжной палаты один доктор биологических наук говорил примерно так: «Я должен предупредить, что люди находятся сейчас в таком же положении, в каком оказались динозавры миллионы лет назад. Тогда обстановка на земле резко изменилась, поступал огромный поток новой информации, а голова динозавров была маленькая, информация не помещалась в их головах, и динозавры погибли. Сейчас мы в положении динозавров – мы не в состоянии переварить все огромное количество поступающей информации».[1] Уый – хъазгæйæ, фæлæ алы хъазæн ныхасы дæр цыдæр рæстдзинад вæййы, æмæ дарддæр зондджын, цыргъ ныхæсты тыххæй уымæн загъта: «Это как раз те искры, которые могут зажечь факел в сердцах миллионов, это те строки, о которых говорил Гете: «Каждый день следует… прочитать хоть какое-нибудь мудрое изречение». В коротких, ярких, легко запоминающихся фразах, в этих средоточиях «лучей ума и знаний» мы находим ответы на волнующие нас сегодня вопросы, находим вдохновение для решения новых задач. Ибо, как заметил Ленин, «бывают такие крылатые слова, которые с удивительной меткостью выражают сущность довольно сложных явлений», – цæвиттонæн æрхаста Дидройы ныхас – «…глубокие мысли – это железные гвозди, вогнанные в ум так, что ничем не вырвать их».[2] Афоризмтыл Камалы сфæлдыстады алы уысм дæр ис цæст скъуырæн. Поэт йæхæдæг, Дзаболаты Хазбийы тыххæй дзургæйæ, нысан кæны: «Сфæлдыстадон скъолайау ын уыдысты классикон литературæйы хъомысджын традицитæ. Уый ирдæй зыны суанг йæ фыццаг æмдзæвгæтыл дæр: сты æлвæст, техникон æгъдауæй – æмбæлгæ æмвæзадыл, агайынц зæрдæ, зыны сыл, лæппу æрдзæй кæй фæци цырддзаст æмæ къæрцхъус, кæй æмбары æцæг сфæлдыстадон кусæджы

[1] Уый дæр уым.

[2] Уый дæр уым, 8 ф.

бæрзонд нысаниуæг».[1] Йæхæдæг дæр хæрз æвзонгæй фæхæст литературон аивады рахæцæнтыл. Куыд загътам, афтæмæй, йæ фыццаг æмдзæвгæтæй бирæтæ цыма раст йæ лæгау-лæджы кары фæлтæрд армæй фыст сты. Æвзонджы бонты риуызмæлд æмæ сыл æнæраны ныхас нæ зыны. Уый дзуры йе 'рдзон курдиатыл. Йе 'лвæст хъуыдытæ, йæ зырнæйзылд зæгъинæгтæ уырдыгæй цæуынц. Нæ цардæн æмбæлон аргъ кæнын кæй нæ зонæм, афтæмæй нæ кæрæдзийы нуæрттæ кæй фехалæм, уый тыххæй поэт йæ зондамонæн æмдзæвгæйы æрхæндæгæй зæгъы: «Нæхи йеддæмæ никæй хъæуæм мах, Нæхæдæг та Нæ ауæрдæм нæхиуыл» («Мæ хæлæрттæн»).

Царды цыд кæм хæлы, уым ын æнæзыгъуыммæгæнгæ нæй. Адæймагадсафæг хъуыддæгтæ иуукылдæр, цард кæй сзыгъуыммæ кæнæм, уырдыгæй райдайынц. Алы хатт сæ ирвæзæн нæ вæййы. Камал афоризмтæй зæгъы философон хъуыды («Ис алкæмæн йæхи фæндаг мæрдтæм»):

*Ис алкæмæн йæхи фæндаг мæрдтæм.*
*Хъысмæты цур зæххон адæймаг – ронбæгъд…*
*Хуыцау ныв кæны амæндтæ:*
*Зæронд бæх*
*Фæласы арæх байраджы цæрмттæ.*[2]

Адæмон сфæлдыстад рагæй фæстæмæ дзырдаивады фæндагамонæг у. Нывыл æм бацæуынмæ чи арæхсы, пайда кæнын дзы чи базоны, уымæн сыгъзæрин тыллæг фæдæтты. Ам дзы Камал куыд спайда кодта, уый хурæргом у. Адæмон æмбисонд: «Зæронд бæх байрагдзармыл нæмыг бирæ хатт бахæры»,[3] – поэт тынг нæ фæивта, фæлæ, кæм æмбæлд, уым æй æрæвæрдта, æмæ йыл джиппыуагъдау абадт. Уыйхыгъд, хъысмæты раз бынтон æдых кæй стæм, уыцы æгъатыр рæстдзинад нын ныххафы нæ зæрдæтæ, уæцъæфхафæгау. Камал стыр хъуыды бæрц дзырдты бавæрынмæ

---

[1] Д з а б о л а т ы Х а з б и. Уацамонгæ. – Дзæуджыхъæу, 1974. – 5 ф.
[2] Уый дæр уым.
[3] А д æ м о н с ф æ л д ы с т а д. Ирон æмбисæндтæ. – Дзæуджыхъæу, 1976. – 338 ф.

кæй арæхсы, уымæ гæсгæ йæ бон у аив цыппаррæнхъонтæ фæлдисын.

«Грамматика в Риме, – повествует Гай Светоний – не пользовалась не только почетом, но даже известностью, потому что народ, как мы знаем, был грубым и воинственным, и для благородных наук не хватило времени».[1] Мах дæр, хъыгагæн, аивадмæ не 'вдæлы. Йе ‘лвæст хъуыдытæ Камалæн цъус не сты. Балхынцъ дзы кæны йе 'мдзæвгæ – уацмыс скæны зæрдæмæдзæугæдæр.

Лирикон хъайтар æхсæв æрæгмæ куы цыд сæхимæ, уæд-иу мад тыхст, куы йыл æрцæуа искуы исты, фæлæ йæ уарзон чызгимæ куы ныффæстиат вæййы, уæд æй, кæм вæййы, уымæй фæрсгæ дæр нæ кæны: «Æвæццæгæн, дæ хъарм дзыккуты уддзæф Бахæссын мæ уатмæ…» («Æвæццæгæн»); «Сæумæрайсом»-ы поэт, Мысакайы къуылдымыл æвзонгæй цы æрдзы нывтæ уыдта, уыдон нывæнды, стæй кæронæй: «…Кæддæр уыдысты адæттæ, Ныр сыл Æмдзæвгæтæ æнуд сахары 'ндидзын…»; кæнæ – «Мæ царды фæндагыл æз дардæй фæлгæсын»-ы: «Бæлонау ызнон дæр ма ме уæхскыл бадтæ, Ныр, акса, дæхæдæг сывæллæтты мад дæ!» Камалы æмдзæвгæты ахæм кæрæттæ бирæ ис. «Курдиат у аивадон хæзнатæ фæлдисыны æрдзон, объективон бындур æмæ мадзал. Фæлæ курдиат йæ хæс уæд æххæст кæны æнтысгæйæ, кæд йæхицæй бирæ дома, йæхимæ æнауæрдон, æгъатыр уа, кæд критикон æгъдауæй йæхицæн йæ бон аргъ кæнын уа, разы макуы уа, цы сарæзта, уымæй, тырна йæхи хуыздæр æмæ арфдæр раргом кæнынмæ»,[2] – дзырдта Хадзы-Мурат. Камал дзы хъæздыг кæны йæ аивадон дуне. Уымæн зыны хурæргом йæ чингуытæй.

Ахæм курдиаты фæрцы райгуырынц диссаджы æлвæст æмдзæвгæтæ:

1. «Армукъайы уынæрæй скъуыддзаг»

К æ с а г у æ й г æ н æ г:

*…–Кæй ма хъæуы кæсæгтæ?!*

*Сæрджынты кило – сомырдæг!*

[1] Л и х т е н ш т е й н Е. С. Наука в веках // Слово о науке. – М., 1978. – 17 ф.

[2] Д з у ц ц а т ы Х а д з ы-М у р а т. Рæстæг æмæ литературæ. – Цхинвал, 1985. – 133 ф.

*Ӕнæсæртæ та – сом!..*

2. «Чилиаг катай»

*Нæ рæстæг – тугхъулæттæ, сау.*

*Йæ тыл ныццæвы галиугæнæг растæн.*

*Ӕмбал кæмæн нæй, уыцы стыр Хуыцау,*

*Ӕмбал кæмæн нæй, ахæм лæг мæ ма скæн!*

3. «Зарæгмæ хъусгæйæ»

*Фыдæлтыккон нæргæ зарджытæм хъуыстон:*

*уыдтон нæ Ивгъуыд –*

*тармылазон, сау…*

*Дæ зарæг дæр уыд хъарæгау, Ирыстон, –*

*Цæмæн дæм афтæ феххæлыд Хуыцау?»*

Адæймагæн Хуыцау æрхъуыды уымæн радта, цæмæй дзы пайда кæнын фæраза. «Только ложь всегда вредна людям; и если заблуждение – единственный источник их бедствий, то разум – истинное лекарство от них»,[1] – дзырдта П. Гольбах. Камал йе 'рхъуыдыйы фæрцы уыцы низæй ирвæзын кæны адæмы. Ахæм æхсæнады сæрджын адæймагæн сомырдæг нæ, сау капеччы аргъ дæр нал вæййы. Фæлæ йæ æргом дзурын нæ фæуадзынц. Паддзахадон сусæгдзинадæй сын сæ уыцы æлгъаг ми æмбæхсын ахсджиагдæр вæййы. Камалы царды фыдуаг æнæрæстдзинады ныхмæ йæ хъуыды фæсномыгæй зæгъын уымæн бахъуыдис. Уымæй дæр, фæлмæн юморы хуызы. Уæхст дæр ма басудза æмæ физонæг дæр.

**8**

Литературæйы иу жанры, кæсаг йæхи доны куыд хата, афтæ чи ленчытæ кæны, уый йæ курдиат æндæр жанры дæр ахæссы. Камалæн нæ

[1] Г о л ь б а х П. А. Избр. произв. в 2 т. Т. 1. – М., 1963. – 647 ф.

ныхасы райдайæны цы интервьюйы кой скодтам, уым зæгъы: «Многие планы, особенно касающиеся прозы, не сбылись…»,[1] – ахызт Шекспиры «Отелло», «Макбет», «Гамлет», Дантейы «Божественная комедия»-мæ. Дыууæ жанры дæр йæ зæрдæмæ сты æвваxc. Равдыста сæ йæ курдиаты тых. Драматургийæ йын рухс федтой аргъау «Æнахуыр хæйрæг»,[2] комеди «Райсом кусгæ бон нæу?»[3], трагеди «Рухсанæ».[4] Зыны сæ йæ эпикон хъуыдыкæнынад, сюжеттæ, фæлгонцтæ аразын, аивадон æгъдауæй сæ рæзын кæнын æмæ, йæ разы цы проблемæ æрæвæры, уый драматургийы фæлгæтты драмон амæлтты руаджы куыд скъуыддзаг кæны, æппæт уыдæттæ.

Камалæн зæрдæзæгъгæ æнтыстытæ йæ къухы бафтыд тæлмацы жанры. Ирон æвзагмæ дунейон литературæйæ цы фысджыты уацмыстæ раивта, – уæлдайдæр, драматургийæ, – уыдон сæ аив, сыгъдæг дзырдæй æлхæнынц зæрдæ. «Оригиналы æмуæз тæлмац сфæлдисыны принцип домы, цæмæй тæлмæцгæнæг фæлгæса, тæлмацгæнинаг æрмæджы автор, йæ уацмыс сфæлдисгæйæ, цаутæм цы рудзынгæй фæлгæсыд, уырдыгæй»,[5] – дзырдта Булкъаты Михал. –«Уый тыххæй та хъæуы оригиналы æрдзы хуылфмæ бацæуын».[6] Тыбылты Алыксандр цыма Æмбалты Цоцкойы тыххæй нæ, фæлæ сæрмагондæй Камалыл хъуыдыгæнгæйæ загъта: «...иттæг хорз зоны æндæр æвзæгты литературон хæзнатæ… Уый æндæр æвзæгтæй ахæм чингуытæ ивы, нæ ирон адæм бæрзонд æмæ рæсугъд хъуыдытæ кæцæй райсой».[7]

Станислав Куняев зæгъы Сергей Есенины тыххæй: «Великий поэт – «растение многолетнее», разрастающееся с годами вширь и вглубь».[8] Æппынæдзух дидин æфтауы, рæзы Ходы Камалы поэтикон дуне. Йе 'рттивагдæр къуымтæй иу конд у йæ тæлмацты хæрдгæбыдтæй. Уымæн ын

---

[1] Х о д о в К а м а л. Художественные ценности в нашем обществе смещены… /Северная Осетия, 2001. – 2 июнь.

[2] Н о г д з а у, 1988. – №6; 1989. – №1.

[3] Ф и д и у æ г, 1988. – № 10.

[4] М а х д у г, 1995. – №№ 1, 2.

[5] Б у л к ъ а т ы М и х а л. Тæлмац кæныны хъуыддаг – хæлардзинады хид //Фидиуæг, 1986. – №11, 76 ф.

[6] Уый дæр уым.

[7] Т ы б ы л т ы А л ы к с а н д р. Уацмысты æмбырдгонд. – Цхинвал, 1988. – 123 ф.

[8] К у н я е в С т а н и с л а в. Завет жизнелюбия // К о л л е к т и в а в т о р о в. В мире Есенина. – М., 1986. – 112 ф.

фадат дætты, Камал царды дæр, аивады дæр, кæй дзырдарæхстмæ бабæллай, ахæм адæймаг æмæ поэт кæй у. Ис æм дзырдаивады бæллиццаг миниуæг, зоны, кæд æй цы зæгъын æмæ куыд зæгъын хъæуы, уый. Камал бахъавы дзырдтæн сæ сатæгдæртæ æмæ нысаныл æмбæлгæдæртæм. Ноджы юмормæ тасаг кæй у æмæ йæ уацмыстæ, хатт йæхæдæг йæхимæ куыд бахæлæг кæна, афтæ балхынцъ кæнын кæй зоны, уый йын сарæзта йæ къух, цæмæй сырæзтаид Ирыстоны цыргъзонддæр æмæ зындгонддæр пародисты онг. Йæ пародитæ, йæ эпиграммæтæ, йæ иннæ юмористон уацмыстæ дæр райгуырынц йæ зæрдæйæ. Уым сфыцынц, стæй сæ хъуыды ныссыгъдæг кæны, ссары сын æмбæлон хуыз – формæ, сбæлвырд сын кæны сæ нысаниуæг, афтæмæй сæ рахæссы адæмы тæрхонмæ. Æмæ никуы фæрæдийы. Йæ хъазæн дзырд, П. С. Марешаль цæйау загъта: «Мудрец – больше, чем бог. Он испраляет зло, которое бог допускает на нашем нелепом земном шаре».[1] Камал йе 'рхъуыдыйы фæрцы архайы хъазгæ-худгæйæ искæй хъæнтæ раст кæныныл. Бестауты Гиуæрги куыд загъта: «Иу хуыз ирон хуыз у Дунейы мин хуызтæй»,[2] – нæ бон у банысан кæнæм – Камалæн пароди у йæ аивадон дунейы иу хуыз. Уымæн ын æххуыс кæны йæ аив дзырд – поэтикон амæлтты иууыл ахсджиагдæр. Пушкин Е. А. Баратынскийы уацмысты æвзагæй æппæлыд: «Верность ума, чувство, точность выражения, ясность, стройность»,[3] – уый зæгъæн ис Камалы тыххæй.

Ходы Камал у Ирыстоный адæмон поэт, Къостайы номыл Паддзахадон преми æмæ националон преми «Нарты фæткъуы»-йы премийы лауреат, Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы Паддзахадон Гимны ныхæсты автор.

Йæ иууыл стырдæр лæгдзинад æмæ аивадон амал та у, æвзæр уацмыс рæстæгыл кæй ныххахх кæны, адæмы рæгъмæ рахæссын æй йæ сæрмæ кæй нæ хæссы. Æндæр дзырдтæй зæгъгæйæ – йæ иууыл стырдæр лæгдзинад æмæ стырдæр аивадон амал у, æвзæр адæймаг уæвын йæ бон кæй нæу æмæ æвзæр фыссын, стæй æнæбары тæлмац кæнын кæй нæ зоны, уый. Зынгæ уырыссаг

---

[1] М а р е ш а л ь С. Избр. атеист. произв. – М., 1958. – 59 ф.
[2] Б е с т а у т ы Г и у æ р г и. Уацмыстæ 3 т. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 2003. – 187 ф.
[3] П у ш к и н А. С. Полн. собр. соч. в 10 т. Т. 6. – М., 1976. – 255 ф.

поэт Владимир Цыбин дзы дæсгай азты размæ загъта: «Настоящая поэзия всегда создает свой микромир… Читая стихи осетинского поэта Камала Ходова, удивляешься целостности лирической вселенной, которая начинается у него с вершинной осетинской земли, с гортанной переклички ручьев, с верных троп, которым так привык доверяться горец. Родник и тропа – два образа вечного движения вдаль: одно – к земле, к полю, другое – ввысь, к небу. В горах эти направления часто совпадают; у каждого ручья есть своя тропа. Камала Ходова одинаково влекут и тропы, и родники».[1]

Æхсайæм азты райдайæны ирон литературæйæ Джыккайты Шамил загъта: «Дзырдаивад хъæздыгдæр кодта мидис æмæ идейæтæй, йæ хуыз ивта ног формæтæй»,[2] – уым ис Камалы стыр лæггад. Нафи афтæ: «…чи зоны, исчи зæгъа: ау, Камалы дзырдаивадмæ иу фау æрхæссæн дæр нæй?! Ис, мæ хур, ис. Фаутæ æнцон хæссæн сты. Аипп йæхæдæг йæхи искæй цæсты æппарынмæ тырны. Зын та у хæрзиуæг æмæ аив рахатын уацмысы, цухдзинад армытъæпæнау уæлгоммæ у. Фæлæ  æз абон фаутæ хæссынил нæ дæн. Стæй фаутæ хæссынæй Иры дзыхъхъ цух никуы уыд æмæ рæхджы нæдæр уыдзæн. Уыдонæн сæ амонд сæхи…».[3] Дзуццаты Хадзы-Мурат Гафезы æмдзæвгæты чиныг «Цардбæллон»-ы тыххæй загъта: «Гафезы ног æмбырдгонды æмдзæвгæтæн сæ аивадон хъару æмхуызон нæу, бирæтæ дзы не сты индивидуалон, ахадгæ, цымыдисаг. Æз сæ иувæрсты ахызтæн, сæхæдæг мæ иувæрсты куыд ахызтысты, афтæ».[4]

Мах хъæнты иувæрсты нæ хизæм, дзурæм сыл, ууыл дæр не стæм, фæлæ бæллын – адæймагæн æрмæстдæр, Адæймаг цæмæй у, уыцы хорздзинæдтæ чи уыны, уый амондмæ хъæуы. Тæхуды, искæй хæрзтæ цæмæй уынай, уый тыххæй дын, Боциты Бароны загъдау, хурæнгæс зæрдæ уæд арвæййас гуыры! Хур æрттивы Ходы Камалы уацмыстæй, йæ цардæвдисæг аивадон дунейæ. Æмæ зæрдыл æрлæууынц Тютчевы чиныджы тыххæй Некрасовы зындгонд ныхæстæ, ома йæ: «...каждый любитель отечественной

[1] Ц ы б и н  В л а д и м и р. Родник и тропа // Х о д о в  К а м а л. Белые искры. – М., 1976. – 3 ф.
[2] Д ж ы к к а й т ы  Ш а м и л. Ирон литературæйы истории. – Дзæуджыхъæу, 2002. – 460 ф.
[3] Д ж у с о й т ы  Н а ф и. Æнкъарæн – зарæджы æндзарæн / Хурзæрин, 2001. – 20 июнь.
[4] Д з у ц ц а т ы  Х а д з ы-М у р а т. Рæстæг æмæ литературæ. – Цхинвал, 1985. – 201 ф.

литературы поставит в своей библиотеке рядом с лучшими произведениями русского поэтического гения».[1] Ӕнӕдызӕрдыгӕй афтӕ зӕгъӕн ис Ходы Камалы сфӕлдыстадӕй. Сӕйраг уый у.

## СПАЙДАГОНД ЛИТЕРАТУРӔ


1. А б а е в В. И. Нартский эпос осетин. – Цхинвал, 1982;
2. А в т о р т ы к о л л е к т и в. Ӕрттигъ. – Дзӕуджыхъӕу, 1983;
3. А в т о р т ы к о л л е к т и в. Бонвӕрнон. – Дзӕуджыхъӕу, 1962;
4. А в т о р т ы к о л л е к т и в. На юге Осетии и снег горел. – Цхинвал, 2006;
5. А в т о р т ы к о л л е к т и в. Южная Осетия: и кровь и пепел… – Владикавказ, 1991;
6. А д ӕ м о н с ф ӕ л д ы с т а д. Зарджытӕ, кадджытӕ, ӕмбисӕндтӕ. – Цхинвал, 1977;
7. А д ӕ м о н с ф ӕ л д ы с т а д. Ирон ӕмбисӕндтӕ. – Дзӕуджыхъӕу, 1976;
8. А р и с т о т е л ь. Сочинения в 4 т. Т. 4. – М., 1984;
9. Б е д ж ы з а т ы Ч е р м е н. Ӕвзӕрст уацмыстӕ. – Сталинир, 1958;
10. Б е л и н с к и й В. Г. Полн. собр. соч. Т. 4. – М., 1954;
11. Б е р н с Р о б е р т. Стихотворения. – М., 1982;
12. Б е с т а у т ы Г и у ӕ р г и. Уацмӕстӕ 3 т. Т. 3. – Дзӕуджыхъӕу, 2004;
13. Б е с т а у т ы Г и у ж р г и. Уацмыстӕ 3 т. Т. 1. – Дзӕуджыхъӕу, 2003;
14. Б л о к А л е к с а н д р. Собр. соч. в 6 т. Т. 2. – Л., 1980;
15. Б р ы т ъ и а т ы Е л б ы з д ы х ъ о. Уацмыстӕ 2 т. Т. 2. – Дзӕуджыхъӕу, 1982;
16. Б у л к ъ а т ы М и х а л. Тӕлмац кӕныны хъуыддаг – хӕлардзинады хид //Фидиуӕг, 1986. – №11;
17. Б у н и н И. А. Собр. соч. в 4 т. Т. 1. – М., 1988;
18. В а й с к о п ф М и х а и л. Писатель Сталин. – М., 2002;
19. Г ӕ д и а т ы С е к ъ а. Азау. – Дзӕуджыхъӕу, 1981;
20. Г ӕ д и а т ы С е к ъ а. Равзаргӕ уацмыстӕ. – Цхинвал, 1979;
21. Г ӕ д и а т ы Ц о м а х ъ. Уацмыстӕ. – Дзӕуджыхъӕу, 1959;
22. Г а р с и а Л о р к а Ф е д е р и к о. Избр. произ. в 2 т. Т. 1. – М., 1975;
23. Г о г В а н. Письма. – М., 1966;
24. Г о л ь б а х П. А. Избр. произв. в 2 т. Т. 1. – М., 1963;
25. Г о л ь ц е в В а л. Послесловие // Г а м з а т о в Р а с у л. Стихи и поэмы. – М., 1974;
26. Г о р ь к и й М. Собр. соч. в 16 т. Т. 1. – М., 1979;
27. Г у т н о в Ф. Х. Аристократия алан. – Владикавказ, 1995;
28. Д и д р о Д е н и. Избр. атеистич. произв. – М., 1956;


[1] Н е к р а с о в Н. А. Полн.собр. соч. и писем в 15 т. Т. 9. – М., 1950. – 221 ф.

29. Д ю м е з и л ь Ж. Осетинский эпос и мифология. – М., 1976;
30. Д ж у с а й т ы Н а ф и. Нигер. – Дзæуджыхъæу, 1990;
31. Д ж у с о й т ы Н а ф и. Æнкъарæн – зарæджы æндзарæн / Хурзæрин, 2001. – 20 июнь;
32. Д ж у с о й т ы Н а ф и. Елбасдуко Бритаев. – Цхинвал, 1963;
33. Д ж у с о й т ы Н а ф и. Ирон аив дзырды сæрвæлтау. – Цхинвал, 1966;
34. Д ж у с о й т ы Н а ф и. Ирон литературæ. – Цхинвал 1983;
35. Д ж у с о й т ы Н а ф и. История осетинской литературы в 2 кн. Книга первая. – Тб., 1980;
36. Д ж у с о й т ы Н а ф и. Книга друзей. – Нальчик, 2003;
37. Д ж у с о й т ы Н а ф и. Лирикæ. – Цхинвал, 1955;
38. Д ж у с о й т ы Н а ф и. Уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 2015;
39. Д ж у с о й т ы Н. – Все начинается с размышления… // Вопросы литературы», 1976. – № 5;
40. Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Ирон литературæйы истори. – Дзæуджыхъæу, 2002;
41. Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Нæ вæййы рухсæн сау талынг йæ ингæн // Фидиуæг, 2000. – №1;
42. Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Ныхасы фарн. – Дзæуджыхъæу, 1996;
43. Д ж ы к к а й т ы Ш а м и л. Цæхх æмæ кæрдзын // Мах дуг, 1967. – № 6;
44. Д з а б о л а т ы Х а з б и. Уацамонгæ. – Дзæуджыгъæу, 1974;
45. Д з а с о х т ы М у з а ф е р. Хъуыдыйы арф æмæ дзырды хуымæтæгдзинад / Рæстдзинад, 2001. – 2 июнь;
46. Д з е с т ы К у ы д з æ г. Зæрдæйы ностæ. – Дзæуджыхъæу, 2002;
47. Д з у ц ц а т ы Х а д з ы-М у р а т. Бæрндзинад. – Цхинвал, 1976;
48. Д з у ц ц а т ы Х а д з ы-М у р а т. Знон æмæ абон. – Цхинвал, 1964;
49. Д з у ц ц а т ы Х а д з ы-М у р а т. Рæстæг æмæ литературæ. – Цхинвал, 1985;
50. Д з у ц ц а т ы Х а д з ы-М у р а т. Хæст æмæ зæрдæ. – Цхинвал, 1966;
51. Е в т у ш е н к о Е в г е н и й. Стихотворения и поэмы в 3 т. Т. 1. – М., 1987;
52. Е п х и т ы Т æ т æ р и. Уацмыстæ 3 т. Т. 2. – Дзæуджыхъæу, 1961;
53. З в е з д а, 1975. – №2;
54. И р о н а д æ м ы с ф æ л д ы с т а д 2 т. Т. 2. – Дзæуджыхъæу, 1961;
55. К о д з а т и А х с а р. Яблоко нартов. – М., 1974;
56. К о з а е в А. И. Анахарсис. – Цхинвал, 1982;
57. К о л л е к т и в а в т о р о в. Лирика древней Эллады и Рима. – М., 1990;
58. К о л л е к т и в а в т о р о в. Слово о науке. – М., 1978;
59. К о л л е к т и в а в т о р о в. Это юность моя. – М., 1966;
60. К о ц о й т ы А р с е н. Уацмыстæ 2 т. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 1971;
61. К р ю ч к о в В л а д и м и р. В трагедии, которая постигла бывший Советский Союз, есть один главный виновник – Горбачев! / Южная Осетия, 1994. – 5 март;
62. К у л и е в К а й с ы н. Собр. соч. в 3 т. Т. 1. – М., 1987;

63. К у н я е в  С т а н и с л а в. Завет жизнелюбия // К о л л е к т и в  а в т о р о в. В мире Есенина. – М., 1986;
64. К ъ о с т а. Ирон фæндыр. – Дзæуджыхъæу, 1951;
65. Л а в л и н с к и й  Л. Поэзия мужества и доброты // О р л о в  С е р г е й. Собр. соч. в 3 т. Т. 1. – М., 1979;
66. Л а м е т р и  Ж. Сочинения. – М., 1976;
67. Л е й б н и ц. Соч. в 4 т. Т. 2. – М., 1983;
68. Л е р м о н т о в  М. Ю. Собр. соч. в 4 т., Т. 1. – Л., 1979;
69. Л и х т е н ш т е й н  Е. С. Наука в веках // Слово о науке. – М., 1978;
70. Л у г о в с к о й  В л а д и м и р. Собр. соч. в 3 т. Т. 2. – М., 1988;
71. Л у к и а н. Избр. атеистич. произ. – М., 1955;
72. М а м с ы р а т ы  Т е м ы р б о л а т. Ирон зарджытæ. – Дзæуджыхъæу, 1985;
73. М а р е ш а л ь  П. С. Избр. атеистические проз. – М., 1958;
74. М а р з о е в  С е р г е й. Годы и судьбы // К о л л е к т и в  а в т о р о в. Люди, помните нас. – Цхинвал, 2005;
75. М а р к с  К., Э н г е л ь с  Ф. Сочинения. Т. 3. – М., 1955;
76. М а т ф е й – 17, 20;
77. М а х  д у г, 1995. – №№ 1, 2;
78. М а я к о в с к и й  В л а д и м и р. Собр. соч. в 12 т. Т. 4. – М., 1978;
79. М э з е р  К о т т о н. Политический слог // К о л л е к т и в  а в т о р о в. Писатели США о литературе в 2 т. Т. 1. – М., 1982;
80. Н е к р а с о в  Н. А. Полн. собр. соч. и писем в 15 т. Т. 2. – Л., 1981;
81. Н е к р а с о в  Н. А. Полн. собр. соч. и писем в 15 т. Т. 1. – Л., 1981;
82. Н е к р а с о в  Н. А. Полн.собр. соч. и писем в 15 т. Т. 9. – М., 1984;
83. Н и г е р. Уацм. æххæст æмб. 3 т. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 1966;
84. Н и г е р. Уацм. æххæст æмб. 3 т. Т. 3. – Дзæуджыхъæу, 1968;
85. Н о г д з а у, 1988. – №6; 1989. – №1;
86. О п и ц  М а р т и н. Книга о немецкой поэзии. – М., 1980;
87. П р а в д а, 1933. – 7 август;
88. П р и ш в и н  М и х а и л. Собр. соч. в 8 т. Т. 8. – М., 1986;
89. П у ш к и н  А л е к с а н д р. Собр.соч. в 10 т. Т. 2. – М., 1974;
90. П у ш к и н  А. С. Полн. собр. соч. в 10 т. Т. 6. – М., 1976;
91. П у ш к и н  А. С. Собр. соч. в 10 т. Т. 4. – М., 1975;
92. П у ш к и н  А. С. Собр. соч. в 10 т., Т. 1. – М., 1974;
93. Р у с с о  Ж.-Ж. Педагогические сочинения. Т. 1. – М., 1981;
94. Р у т е н б у р г  В. И. Великий итальянский атеист Ванини. – М., 1959;
95. Рæстдзинад, 2000. – 24 август;
96. С о л ж е н и ц ы н  А. Архипелаг ГУЛАГ. 1 ч. – М., 1990;
97. Советская Россия-йæ / Южная Осетия, 1996. – 27 июль;
98. Т е д е т ы  Р. К. Осетинская советская поэзия. – Цхинвал, 1975;
99. Т е й т е л ь б о й м  В. Поэт борьбы и любви // Н е р у д а  П а б л о. Местожительство земля. – М., 1977;
100. Т и м о ф е е в  Л. И. Основы теории литературы. – М., 1976;
101. Т о г о ш в и л и  Г. Д. Сослан-Давид. – Владикавказ, 1990;

102. Т о к а т ы  А л и х а н. Уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 2004;
103. Т ы б ы л т ы  А л ы к с а н д р. Уацмысты æмбырдгонд. – Цхинвал, 1988;
104. Ф и д и у æ г, 1988. – № 10;
105. Х æ м ы ц а т ы  А л б е г. Азты сæрты цард хуыздæр зыны / Рæстдзинад, 2001. – 25 январь;
106. Х е т а г у р о в  К о с т а. Собр. соч. в 3 т. Т. 1. – М., 1974;
107. Х е т а г у р о в  К о с т а. Собр. соч. в 3 т. Т. 3. – М., 1974;
108. Х е т а г у р о в  К о с т а. Собр. соч. в 5 т. Т. 2. – М., 1959;
109. Х о д о в  К а м а л. Художественные ценности в нашем обществе смещны… / Северная Осетия, 2001. – 2 июнь;
110. Х о д ы  К а м а л. Рухс фæндтæ хæссæг // Д з а б о л а т ы  Х а з б и. Уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 1974;
111. Х о д ы  К а м а л. Кæмдæр ирон лæппутæ зарынц. – Дзæуджыхъæу, 1970;
112. Х о д ы  К а м а л. Кар. – Дзæуджыхъæу, 1974;
113. Х о д ы  К а м а л. Мыртæ. – Дзæуджыхъæу, 1992;
114. Х о д ы  К а м а л. Ном. – Дзæуджыхъæу, 1979;
115. Х о д ы  К а м а л. Уæларвæй цы ‘рхауы, уый уромы зæхх // А в т о р т ы  к о л л е к т и в. Æрттигъ. – Дзæуджыхъæу, 1983;
116. Х о д ы  К а м а л. Уацмыстæ 3 т. Т. 1. – Дзæуджыхъæу, 2009;
117. Х о д ы  К а м а л. Цæхх æмæ кæрдзын. – Дзæуджыхъæу, 1966;
118. Х о с т ы х ъ о т ы  З и н æ. Табуйаг. – Дзæуджыхъæу, 1998;
119. Х у р з æ р и н, 2001.  – 20 июнь;
120. Х ъ о д з а т ы  Æ х с а р. Ацы чиныджы тыххæй // К а л о т ы  Х а з б и. Уацымыстæ. – Дзæуджыхъæу, 1976;
121. Х ъ о д з а т ы  Æ х с а р. Рухс. – Дзæуджыхъæу, 1987;
122. Х ъ о р о т ы  Д а у ы т. Ироны сагъæс. – Дзæуджыхъæу, 1960;
123. Х ъ у ы л а т ы С о з ы р ы х ъ о. Æвзæрст уацмыстæ. –Сталинир, 1957;
124. Ц æ р у к ъ а т ы  А л ы к с а н д р. Цыма лæууын æз кувæндоны раз. – Дзæуджыхъæу, 1968;
125. Ц а г ъ а й р æ г т æ // Х е т а г у р о в  К о с т а. Собр. соч. в 3 т. Т. 3. – М., 1974;
126. Ц ы б и н  В л а д и м и р. Родник и тропа // Х о д о в  К а м а л. Белые искры. – М., 1976;
127. Ч и ч и н а д з е  З. История Осетии по грузинским источникам. – Цхинвал, 1993;
128. Ш в е й ц е р  А л ь б е р т. Благоговение перед жизнью. – М., 1992;
129. Ш е к с п и р. Сонеттæ. – Дзæуджыхъæу, 2001;
130. Ш к л о в с к и й  В и к т о р. Собр. соч. в 3 т. Т. 3. – М., 1974.

Ф а р а с т æ м  с æ р

## ЛИТЕРАТУРÆЙЫ ЗИУУОНТÆ

## УЛÆФЫНЦ РÆСТÆДЖЫ УДДЗÆФÆЙ

Арæх вæййы афтæ – иуæй-иу фыссæг литературæйы дуæрттæ нæ, алы къæсæртæ дæр хойдзæнис йæ ныхæй, хъæр кæндзæн: «Ракæсут! Æз Къостайæ цауддæр дæн?!.» – цæмæй йыл искæй цæст æрхæца, фæлæ йæ иу хъуыдыгæнæг нæ вæййы; иннæ та хъазгæ-худгæйæ иу уацмыс сфæлдисы æмæ литературæйы историйы йæ ном ныффыссы.

Ситохаты Саламджери, зæгъгæ, йе 'мдзæвгæ «Дарынц галиу цæстытæ цъындæй»-йæ дарддæр бынтондæр ницы ныффыста, уæддæр æй ирон поэзиуарзджытæ бадардтаиккой сæ зæрдыл. Уымæн æндæр гæнæн нæй. Уымæн æмæ, цы рæстæгыл дзурæг у, уыцы Фыдыбæстæйон Стыр хæст йæ нуæстæ фæд æгæр бирæ адæмыл ныууагъта. Тынг нæ куы фæнда, уæддæр æй фыддуджы тагъд рæстæджыты нæ бон нæ бауыдзæнис ферох кæнын. Уымæн æмæ, хæст «хъазт, куывд миййаг нæу…»[1] Уыцы фыдтæн фæлтæрты зæрдæтæй дæр нæй сæфтæн. Саламджерийы кæд хæст сабийæ æрæййæфта, уæддæр дзы нæ рох кæны уыцы фыдæвзарæн, нæ адæмыл æнæхъæн цыппар азы тугуарæн куыд кодта, адджынæн къæбæр куыд никæй уал хъуыры хызт… Æниу, йе ссарæн кæм уыд, кæм агурын æй уыд дæ зæрды? Æмæ:

*Хæст ныууагъта бирæтыл йæ фæдтæ…*
*Иутæ фыны сисынц хъæр, цъæхахст…*
*Чи фæзæгъы: «Гилдзытæ ма 'рбадæтт!»*
*Чи ысдзуры: «Знагмæ хъавут раст!»*

---

[1] Д у л а т ы  Ц и ц к а. Письмо хæсты быдырæй / Рæстдзинад, 1942. – 2 июль.

*Иннæтæ æдзух вæййынц тызмæг хуыз,*
*Фесæфти сæ мидбылхутт бынтон.*
*Комикты сæм бакодтой кæддæрты,*
*Фæлæ мур дæр ницы сси сæ бон.*

Æмæ уыдæттæ дæр цæмæннæ, фæлæ поэтмæ бынтон диссаг кæсы æндæр цыдæр. Йæхæдæг дæр æй æвиппайд нæ фæхатыд. Уæддæр, уайтагъд йæ фæд аззайы чиныгкæсæджы зæрдæйы:

*Иутæм та æндæр миниуæг хатын,*
*Æмæ йын æнæхатгæ дæр нæй.*
*Хæст куы банцади, уæдæй фæстæмæ*
*Дарынц галиу цæстытæ цъындæй...*

*Уæд цæмæн? Фæхъуыды кодтон бирæ,*
*Æмæ ссардтон фарстæн дзуапп уæддæр:*
*Цалдæр азы хъавыдысты знæгтæм,*
*Уыцы ахуыр нал халынц ныр дæр.*

Саламджери Фыдыбæстæйон Стыр хæсты хайадисджыты хъæбатыр удыхъæд, Райгуырæн бæстæйыл куыд æнувыд уыдысты, уый равдисыны тыххæй цы ахадгæ деталь ссардта, – уыцы тугкалды фæстæ дæр «Дарынц галиу цæстытæ цъындæй», – уый фаг у, цæмæй йе 'мдзæвгæ балхынцъ кодтаид ам æмæ йын уæддæр уыдаид адæмы зæрдæмæдзæугæ.

Фæлæ æмдзæвгæйы ахæм кæрон фаг нæ фæкаст поэтмæ. «Хорзæй ма хуыздæрты 'хсæн бирæ зæхх ис»,[1] – зæгъы ирон æмбисонд. Æмæ уацмысы кæрон ноджы фæзæрдæмæдзæугæдæр кодта, систа йæ бæрзонддæр:

---

[1] Ирон æмбисæндтæ. – Дзæуджыхъæу, 1976. – 204 ф.

*Зæгтæ ма куы схæцой искуы немæ,*
*Се сæфт та æрцæудзæни дзырдæй.*
*Уый фæстæ, фæсхæст, æз дæр хæсдзынæн,*
*Чи зоны, мæ галиу цæст цъындæй.*[1]

Ситохаты Александры фырт Саламджери, – поэт, драматург, прозаик, публицист, – райгуырд 1934-æм азы, кæфты мæйы 7-æм бон Ирыстоны цæгат хайы, Нартыхъæуы. «Æмдзæвгæтæ фыссын райдыдта, æстæм къласы ма куы ахуыр кодта, уæд. Æстæм къласы ахуырдзау Ситохаты Саламджерийæн йæ фыццаг æмдзæвгæ «Садоны» мыхуыры куы рацыд журнал «Мах дуджы», уæд ын ирон зындгонд фыссæг Мамсыраты Дæбе ракодта зæрдиаг арфæтæ. Æмæ уый хъæппæрисæй уыцы æмдзæвгæ хаст æрцыд 4-æм къласы ирон æвзаджы кæсыны чиныгмæ.

Æстæм къласы ахуыр кæнгæйæ Саламджери ноджы ныффыста иуактон пьесæ «Рынчын æз дæн, хъæрзгæ та мæ фырт кæны». Нартыхъæуккаг скъоладзауы ацы пьесæ æвдыст æрцыд, нæ республикæйы Адæмон сфæлдыстады центр цы конкурс расидт, драмон уацмыстæ скъоладзаутæн иронау хуыздæр чи ныффысса, уыцы конкурсмæ. Æмæ Саламджерийы пьесæйæн саккаг кодтой æртыккаг преми. Дыккаг преми радтой зындгонд фыссæг Хацырты Сергийæн, 1-аг преми та никæмæн саккаг кодтой»,[2] – фыста Черчесты Хъасболат.

Саламджеримæ кад афтæ æвзонгæй кæй æрцыдис, уый тыххæй, куыддæр астæуккаг скъола фæци каст, афтæ йæ аурæдтой Цæгат Ирыстоны республикæйы радиокомитеты дикторæй. «Æрдз ын радта диссаджы рæсугъд, зæрдæагайгæ хъæлæс æмæ йæм адæм не ‘фсæстысты хъусынæй».[3]

Ситохайы-фырт фæстæдæр фæсауу онмæ каст фæцис СЦКП ЦК-ы партион скъола. Уыд Республикæйы куклæты театры администратор,

[1] С и т о х а т ы С а л а м д ж е р и. Дарынц галиу цæстытæ цъындæй / Рæстдзинад, 2009. – 7 октябрь.
[2] Ч е р ч е с т ы Х ъ а с б о л а т. Бæркадджын ауæдзтæ / Рæстдзинад, 2009. – 7 октябрь.
[3] Уый дæр уым.

Ærхонкæйы станицæйы Культурæйы хæдзары директор. 1962-æм азæй та уыдис Горæтгæрон районы радиоалæвæрдты уацхæссæг æмæ диктор.

Фæлæ сæйраджы-сæйраг уыдис ирон фыссæг. Ирон нывæфтыд литературæйыл йæ зæрдæ никуы сивта. Йæ уацмыстæ æппынæдзух мыхуыр кодта республикæйон газеттæ «Рæстдзинад» æмæ «Социалистическая Осетия»-йы, журналтæ «Мах дуг», «Ногдзау»-ы, альманах «Литературная Осетия»-йы. Цалдæр æмдзæвгæ ныммыхуыр кодта æвзонг авторты æмбырдгонд «Ærыгон æвзартæ»-йы (1959), фæлæ сæрмагонд чиныг рауадзыныл нæ тагъд кодта. Уыдта царды фыдаудæнтæ, каст, куыд ивта йæ хуызтæ, æмæ архайдта, цæмæй уыцы удфæливæнты ахстаид фидæны рухс.

Æмæ уый йæ къухы æфтгæ дæр бакодта. Йæ чиныг «Ацы гомдуар дунейы» рухс куы федта, уæд ыл ирон чиныгкæсæг æрæвæрдта йæ цæст. Уымæн æмæ Саламджери йе ‘взонгбонтæй фæстæмæ юморздæхт ныхас уарзы царды дæр, литературæйы дæр. Æмæ йын уый фадат дæтты йæ чиныгкæсджытимæ зæрдæйæ-зæрдæмæ ныхас кæнынæн. Ноджы ма йæ уацмысмæ, цыма наивон æрмдзæф, куы бакъахдзæф кæны, уæд ын уый ныссыгъдæг кæны йæ удыконд («Сыгъдæг зæрдæ»):

Сывæллоны гыццыл зæрдæ!
Куыд сыгъдæг дæ, куыд сыгъдæг дæ!
Нæ зæрдæтæ, о, махæн дæр
Кæддæр уыдысты ахæмтæ.
Фыдгæнæг дæр-иу авдæны
Нæ цагъта никуы адæмы.
Тæрсын, тæрсын æз сау мийæ!
Фæлтау æнусмæ сабийæ
Куы баззадаин а-бæсты.
Ызгъор, сыгъдæг уд, къабæзты![1]

[1] Ситохаты Саламджери. Æууæнк. – Дзæуджыхъæу, 2006. – 176 ф.

Тыбылты Алыксандр дзырдта: «Сабитæн æмæ сабиты цардæй æмбæлы фыссын æххæст аив уацмыстæ, царды æцæгдзинадæй хъацыд чи уа, туг кæй цæсгомы зила»,[1] – æмæ Саламджери кæддæриддæр тырныдта ахæм уацмыстæ фыссынмæ. Кæддæриддæр æнувыд уыдис социализмы принциптыл. Алы хатт дæр, рæстаг лæгыл куыд æмбæлы, афтæ тырныдта зæххыл рæстдзинад тауынмæ. Рæстаг лæджы фарн ын æнæфæцудгæ у. Уымæ гæсгæ, диссаг нæу, йæ фыссæн сисы цыргъ фæллойгæнæг адæмы цардхалджыты ныхмæ фæндвидарæй кæй сарæзта. Кæд йæ ныхасы сæр алы хатт фæлгонцон, философон хъуыдытæй нæ вæййы, уæддæр адæмы цардхалджыты арæх басхъауы йæ фыссæн сисы цыргъæй æмæ уый цæуы чиныгкæсджытæн сæ бæрæг фылдæры зæрдæмæ («Бæрбæр»):

*Бæстыхæйттæ*
*Мах аразиккам*
*Бирæ,*
*Фæлæ хъæдæрмæг*
*Скуынæг и*
*Цæхгæр.*
*Хъæдæрмæгæй*
*Мах*
*Аразæм*
*Трибунтæ.*
*Нæ сæйраг куыст*
*Ныртæккæ у*
*Бæрбæр.*[2]

Хъодзаты Æхсар Саламджерийæ зæгъы: «Фыссы æмдзæвгæтæ, радзырдтæ, пьесæтæ. У къорд чиныджы автор».[3] Æмæ йæ уацмысты, йæ

---

[1] Т ы б ы л т ы А л ы к с а н д р. Уацмысты æмбырдгонд. – Цхинвал, 1988. – 193 ф.
[2] С и т о х а т ы С а л а м д ж е р и. Æууæнк. – Дзæуджыхъæу, 2006. – 268 ф.
[3] Х ъ о д з а т ы Æ х с а р. Ирыстоны поэзи. – Дзæуджыхъæу, 2012. – 362 ф.

чингуыты Ситохаты Саламджери æвæры йæ уды хорзæй цыдæриддæр ары, уый. Йæ уацмыстимæ улæфынц рæстæджы уддзæфæй.

## АГУЫРДТА ФЫДÆЛТЫ ФАРН ЙÆ УДЫ

Уый уыдис 1990-æм азы æртхъирæны мæйы 01-æм бон Ирыстоны хуссар хайы Чъребайы сахары. Æнæхъæн Мамсырайы-фырты уынг фыдохы адæмæн суынгæг. Раст цыма æнус раздæр Къоста уый тыххæй дзырдта: «Уый бæрц æрцæугæ нæма федтон иу ранмæ, Уый бæрц æркæсгæ нæма федтон иу зианмæ Хохæй, быдырæй…»[1] (Уæлмæрдты»). Ирыстоны фæстаг æнусивæны чи цард, уый судзаггаджы мæрдтæ куыннæ федтаид. Фæлæ уый бæрц фыдохы адæм иу мардылхи ахсджиагау дзыназой, уый бынтон стæм хатт вæййы: «Алкæмæн йе ‘гъдау йæ гакк у кæддæриддæр»[2] («Лæг æви ус?»)

Газеттæ цалдæр боны æнæхъæн фæрстæ мыхуыр кодтой алы професиты, алы кары адæмы зæрдæуынгæггæнæн мæсæллæйтæ. Йæ ныгæнæн бон Ирыстоны «хохæй, быдырæй» алчи дæр йæ хæсыл нымадта, цæмæй зианæн бакодтаид фæстаг лæггад. Æмæ фыдохы процесси, сæ разæй домбай лæппутæ, астæуккаг кары нæлгоймаджы табæт бæрзонд сисгæ, хъарæггæнæг сылгоймæгтæ сæ кæрæдзи ивгæ, зианджын хæдзарæй горæты тæккæ астæу Коцы-фырты уынджы, уæды Хуссар Ирыстоны Адæмон фронты бынатмæ, куы араст сты, уæд нал сæ сæр зындис, нал сæ кæрон.

Цæссыгимæ ныгæдтам уæды Адæмон Ныхасы активондæртæй иу – ирон адæм æмæ Ирыстоны æнувыд патрион, поэт Икъаты Владимиры.

Икъаты Антъоны фырт Владимир райгуырдис 1936-æм азы Майрæмкуадзæны мæйы 01-æм бон Ирыстоны рæсугъддæр къуымтæй сæ иуы – Гудисгомы, Соцъийы. Йæ ныййарджытæ уыдысты мæгуыр зæхкусæг адæм. Фæлæ – цардфæразон, куыстылхæст. Хæдзарыдзаг бинонты дарын хъуыдис æмæ кæд кæстæртæ ахуырмæ æвзыгъд уыдысты, уæддæр хæрз

---

[1] К ъ о с т а. Ирон фæндыр. – Дзæуджыхъæу, 1951. – 73 ф.
[2] Уый дæр уым, 107 ф.

сабийæ цайдагъ кодтой хи къухты фæллойыл. Чи зоны, Володя æппынæдзух уый тыххæй уыдис æнæрæнцойзæрдæ, ныфсхаст æмæ сыгъдæгуд.

Сæхимæ хæхты райдайæн скъола куы фæци каст, уæд нæ фæтарст йæ мадырвадæлтæм Уæллаг Черемæ рацæуынæй. Йæ ахуыр адарддæр кодта уым æмæ æнæххæст астæуккаг скъолайы бæлвырдгæнæн райста тынгхорз бæрæггæнæнтимæ. Сталиниры педагогон ахуыргæнæндонмæ йæ æнæ фæлварæнтæй уымæн айстой. Уый дæр фæцис æнтысгæйæ, стæй йæ ахуыр адарддæр кодта Хуссар Ирыстоны паддзахадон пединституты ирон æвзаг æмæ литературæ, уырыссаг æвзаг æмæ литературæйы факультеты.

Йæ уацтæ, йе 'мдзæвгæтæ-иу фæзындысты газет «Советон Ирыстон»-ы фæрстыл æмæ йæ уый ноджы разæнгард кодта литературон куыстмæ. Ахуыры фæстæ йæ газеты редакцимæ кусынмæ уый тыххæй айстой.

Хицæн рæстæджыты уыдис газеты корректор, тæлмацгæнæг, уацхæссæг, культурæйы хайады гæс… Цæмæй йæ профессионалон æмвæзад фæхуыздæр кодтаид, уый тыххæй Алма-Атайы фæсаууонмæ æнтысгæйæ каст фæцис Казахстаны паддзахадон университеты журналистикæйы факультет. Йæ зонындзинæдтæ не 'вгъау кодта йæ куыстæн, Хуссар Ирыстоны радиокомитеты уацхæссæгæй, стæй паддзахадон чингуыты рауагъдад «Ирыстон»-ы редакторæй куы куыста, уæд дæр. Фæлæ Валодя гуырцæй рахаста æнæрцæф, принципялон. Нæ Ирыстоны сæрвæлтау, скад ын кæныны тыххæй йæ сæр дæр æрхастаид нывондæн. Йæ нысан: «Мæ риу – мæ дарæг».[1]

*Куыд зын у, куы, бæрзонд хохы хъысмæт! –*
*Йæ сæрмæ арæх тар мигътæ фæбадынц…*
*Фыд тыхтæ йыл сæ хъарутæ фæлварынц…*

Фæлæ уыцы «фыд тыхтæ» поэтæн тасæвзарæн никуы уыдысты. Йæ удварны цур уый ахæмтæ хъуыды дæр нæ кодта. Бæрзонд хохы символ ын уыд царды ныфс («Æз равзарин бæрзонд хохы хъысмæт»):

[1] К ъ у б а л т ы  А л ы к с а н д р. Уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 1978. – 203 ф.

*Бæрзонд хохыл – цæргæсбадæн бынат;*
*Ам удæнцой – дзæбидыртæ, сычъитæ…*
*Бæрзонд хохæн ныvонд кæнын мæ цард –*
*Йæ зын хъысмæт æз равзарин мæхицæн.*[1]

Уый Володяйæн былалгъ ныхас нæ уыд. Адæмыл тайын æмæ йæ руайын фæндыд. Йæ уды конд ахæм уыд æмæ йæ исчи нæ, фæлæ йæхи бон дæр нæ уыд аивын. Дзуццаты Хадзы-Мурат йæ табæты уæлхъус дзырдта: «Искы, зæгъгæ, адæмы социалон æмæ национ интерестæн бачынд фыдми, тыхми, уæд-иу йæхицæн бынат нал ардта, растын-иу кодта æндæрты дæр – рæстдзинад æмæ адæймаг уарзыны сæрвæлтау карзæй зæгъынмæ, хъæддыхæй архайынмæ. Ирон адæмæн нæ фаг кæндзæн Владимиры ирон ныхас, йæ фезмæлд. Адæмы хъæбул Владимир уарзта æппæт фæлтæрты дæр, фæлæ йын иууыл уарзондæр уыдысты сабитæ, рæдауæй сын хæлар кодта йæ курдиат, йæ зæрдæйы хъарм…»[2]

80-æм азты кæрон нæ нæ фыдбоны сыхæгтæ бындзагъд куы кодтой, чи ма нæ аирвæзтаид, уыдон нæ фыдæлты уæзгуытæй Ручъы тунелыл «уырыссаг цъылынæй асæрфынмæ» куы хъавыдысты, нæхи бахъхъахъхъæныны, нæ туг-стæг, нæ Фыдыбæстæ бавæрыны тыххæй æнæхъæн Хуссар Ирыстоны змæлд куы стыхджын, уæд Икъайы-фыртæн æхсæв æмæ бон нал уыдис. Фидарæй зыдта æмæ дзырдта: «Зынуромæн, зын бабыхсæн цы у? – Фыдыбæсты стыр маст» («Зын ныгæнæн, зын басæттæн цы у?»), æмæ йын Ирыстоны уынгæг бонты уыцы маст нал лæвæрдта æнцой. Бирæтау – сомбон мæм мацы æфхæрд æрхауаты охыл рахъуыды-бахъуыдытæ нæ кодта, нæдæр æй йæ карз низ – астма фæтæрсын кодта, фæлæ, поэтæн куыд æмбæлы, афтæ æрлæууыдис йæ адæмы фарс («Мæ мæлæн бынат»):

[1] И к ъ а т ы В л а д и м и р. Æвзæрст уацмыстæ. – Цхинвал, 2015. – 86 ф.
[2] Д з у ц ц а т ы Х а д з а-М у р а т. Раныхас табæты уæлхъус //Фидиуæг, 1991. – № 1.

*Дæ фыдгулæн нæ радтдзынæн æз бар –*
*Цæмæй дæ зæххыл барджынæй лæгæрда!*
*Ыссæнда дын дæ хъугæмтты æвзар,*
*Дæ сионты хуыздæрты дын æргæвда!..*[1]

Володяйæн йæ туджы уыд сæрибары сæрыл мæлæт равзарын. Йæ адæмы сæрыл цæрддзу кæй кодта, уый раджы фæбæрæг йе сфæлдыстады, æхсайæм азты. Фæлæ сабитæн йæ чиныг «Уалдзæг» рухс федта 1974-æм азы. Стæй сын уый фæстæ ноджы дæр балæвар кодта «Кæсаджы фын» (1977), «Булæмæргъы зарæг» (1982), «Хуры тынтæ» (1989) æмæ æндæртæ.

Йæ алы чиныг дæр дзуры, поэт куыд домаг уыд йæхицæй, цы цæстæй каст сфæлдыстадон куыстмæ. Æппынæдзух архайдта йæ поэтикон фæлтæрд æууæлтæ ирддæр æмæ арфдæр кæныныл. Йæ уацмысты равзаргæты зыны йæ зæрдæйы хъарм. Иууыл цымыдисондæр дзы у «Зæххы рис» (1997).

Поэт æвдисы йæ зæрдæйы цинтæ æмæ сагъæстæ, уыдонимæ – ирон адæймаджы удыхъæд. Францаг фыссæг, философ Жан-Жак Руссо цæйау загъта, зæгъгæ, «язык ума будет услышан, если он проходит через сердце», – Володяйæн йæ уарзт цыдис йæ зæрдæйæ. Нафи зæгъы: «... мæ зæрдыл уæлдай тынгдæр лæууынц дæ адæймагдзинад, райгуырæн бæстæмæ дæ æгæрон уарзондзинад. Æз никуы ферох кæндзынæн, 1989 азы декабры звиадистон лæгмарджытæ нæ зæххыл цы фыдмитæ кодтой, уыдон тыххæй Мæскуымæ зæрдæрисгæйæ чи хъусын кодта, дæ уыцы фæдисы хъæлæс! Уый уыд уарзты раздæры хъæлæс, фæлæ йе ‘мдзаг уыд, адæмы хъизæмæртты тыххæй зæрдæрысты æмæ уæгъдидон фыдгæнджытæм æнæуынондзинады хъæлæс. Уый уыд, знаджы нæмгуытæ æмæ снарядтæй райгуырæн артдзæст йæ зæрдæйæ æрæхгæнынмæ цæттæ чи уыд, ахæм Адæймаджы цæф хъæлæс. Уый нæ уыд цæсмæ ми æмæ патриотизмæй хъазт, æниу нæм ахæм дæсны адæймæгтæ дæр ис. Гъе, фæлæ уый уыд дæ зæрдæйы хæрзæгъдауы уавæр».[2]

---

[1] И к ъ а т ы В л а д и м и р. Æвзæрст уацмыстæ. – Цхинвал, 2015. – 213 ф.
[2] Д ж у с о й т ы Н а ф и. Мысинæгтæ // И к ъ а т ы В. Фыдыбæст – мæ рис. – Цхинвал, 2005. – 18 – 19 ф.

Раст æй уыцы «зæрдæйы хæрзæгъдауы уавæр» дзурын æмæ фæлдисын кодта йæ фыдызæххы тыххæй аивадон уацмыстæ. Йе ‘мбæстагон темæйыл фыст æмдзæвгæты хуыздæртæ, ахадæндæртæ уыцы тыхст, зын уавæрты уый тыххæй цыдысты йæ удæй. Уымæн дзырдта: «Æз агурын фыдæлты фарн мæ уды». Ирон литературæйы хæлар Æлборты Хетæг дзырдта: «Сфæлдыстадон фæндагыл цæугæйæ, Икъайы-фырты къухы бафтыд дзæвгар æнтыстдзинæдтæ. Ирыстоны темæ ссис сæйрагдæр. Ирон лæджыхъæд, ирон зæххы ахадындзинад, ирон намыс æмæ бæрндзинад, ирон æвзаг, иры истори, нацийы хъысмæт – сты Владимиры иугæндзон сагъæсты сæрæвæрæн».[1]

Уыдæттæ Володияйæн æрмæст йæхи уды æвæринæгтæ нæ уыдысты, фæлæ сæ алы иронæн дæр нымадта æнæмæнгхъæуæгыл. Йæхи раст хъуыдымæ гæсгæ, æрмæстдæр уыцы ирон удлæууæнтæ, цæсты гагуыйау хъахъхъæнгæйæ, бауыдзæнис нæ бон нæ фыдæлты аккаг фæдонтæ суæвын æмæ нæ кæстæртæн раст цардвæндаг амонын.

Володямæ не ‘рхауд нæ Фыдыбæстæйы сæрибарæй фенины амонд. Нæ йæ фæцис нæ фыдызнæгтимæ æргомæй стох кæныны амонд дæр, æмæ йæм кæд никуы бæллыд, уæддæр фæсфæд ницæй тыххæй фæлæууыдаид. Дзуццаты Хадзы-Мурат йæ амæлæты фæстæ зæрдæрисгæйæ афтæ уый тыххæй дзырдта: «Ехх, цы зæгъон хъысмæтæн, – / ницæмæй мæ фæци амонд… / Ацыдтæн ингæнмæ / æрхæндæг зæрдæйæ, / мæ цæссыг тæдзгæйæ…»[2] («Икъаты Владимиры эпитафи»).

Æлборты Хадзы-Умар дзырдта: «Ирыстоны тыххæй кæддæриддæр уыдис счъилдысæй кусæг, архайæг, тохгæнæг. Æрæнцой нæ зыдта йæ зæрдæ. Зынгæ ирон поэтæн, æхсæнадон архайæгæн, курдиатджын журналистæн æмбисыл аскъуыдысты йæ бæллицтæ, йæ хорз хъуыддæгтæ …йæ æнафоны фесæфт махæн у уæлдай стырдæр зиан, зæрдæрисы хос…»[3] Æмæ йыл абон дæр риссынц æмæ рисдзысты, æгæрыстæмæй, Володияйы лæгæй-лæгмæ чи нæ зыдтой, фæлæ, Ирыстоны æцæг хъæбулы уарзтæй чи уарзынц, уыдон.

---

[1] Æ л б о р т ы Х е т æ г. Мысинæгтæ // И к ъ а т ы В. Фыдыбæстæ – мæ рис. – Цхинвал, 2005. – 23 ф.
[2] Д з у ц ц а т ы Х а д з ы-М у р а т. Дыууæ дуджы астæу. – Дзæуджыхъæу, 2000. – 208 ф.
[3] Æ л б о р т ы Х а д з ы-У м а р. Мысинæгтæ / И к ъ а т ы В. Ирыстон – мæ рис. – Цхинвал, 2005. – 19–20 ф.

## АМОНДДЖЫН ЗАРÆГГÆНÆГ

«Ирон зарæг йæ удæй фылдæр чи уарзы, бирæ азты дæргъы йын арфæйаг лæггад чи кæны æмæ йын цырагъау уырдыг чи лæууы, уыцы зынгзæрдæ, курдиатджын поэт-зарæггæнджытæй иу у Ирыстоны адæмон поэт, нæ республикæйы Фысджыты цæдисы сæрдары хæдивæг Чеджемты Æхсар»,[1] – поэты 70 азы юбилеймæ фыста газет «Рæстдзинад».

Уыцы хъарм, зæрдæзæгъгæ ныхæстæ Æхсар æфстау нæ райста. Æцæгдæр ыл йæ курдиат, йæ зæрдæйы фарн æмæ йæ цæрæнбонты фыдæбонæй бафтыдысты æмæ уый æнæмæнгдæр арфæйы хъуыддаг у. Дæ сыхбæстæ дæ афтæ сæрыстыр куы уой: «Æхсар, ды канд нæ дзæбæх сыхы, хъæубæсты хъæбул нæ дæ, фæлæ дæ æппæт ирон адæмы уарзондæр хъæбултæй иу»,[2] – уæд уый æцæгæй адæмы фарн у, уæдæ, цы. Республикæ Цæгат Ирыстон – Аланийы аивадты сгуыхт архайæг Чеджемты Æхсар (фæсномыг – Чегем) ирон адæмы фарнæн райгуырд 1937-æм азы, тæргæйтты мæйы 18-æм бон, Заманхъулы. Йæ сабибонтæ арвыста уым. Райста астæуккаг ахуырад. Куыста сæ хъæуы колхозы. Цæгат Ирыстоны Культурæйы министрады дæлбар аивадон къордты разамонджыты иуазон курсытæ каст куы фæцис, уæд куыста сæ хъæуы Культурæйы хæдзары.

Фæлæ йæ рох никуы уыд йæ ахуыр адарддæр кæнын æмæ бацыд Цæгат Ирыстоны паддзахадон педагогон институты филологон факультеты ирон хайадмæ æмæ йæ каст фæцис 1965 азы. Кусынмæ бацыд Республикæйы телеуынынад æмæ радиоалæвæрдты комитетмæ. Уым ын, радиокомитеты редакторæй кусгæйæ, бантыст, «нæ адæмæй цы рагон ирон цæгътытæ, таурæгътæ, кадджытæ, нæ фольклоры хъæздыг бынтæй рохуаты цы стыр хæзнатæ аззад», уыдононæй дзæвгар æртымбыл кæнын.[3] Зæгъæн ис, хуры

[1] Ч е р ч е с т ы  Х ъ а с б о л а т. Курдиаты фарн / Рæстдзинад, 2007. – 17 март.
[2] Г у ы б и а т ы-Т о м а й т ы  Ф а т и м к æ. Адæмы хорзæх / Рæстдзинад, 2007. – 17 март.
[3] Ч е р ч е с т ы  Х ъ а с б о л а т. Курдиаты фарн / Рæстдзинад, 2007. – 17 март.

цæст сæ сæмбæлдис ирон фольклорыл. Йæхæдæг афтæ загъта: «Зарæг æмæ адæм цæрынц сæ фыдæлты фарнæй. Æз мæ царды фылдæр бонтæ радтон, ирон зарæг æмæ ирон адæмы сфæлдыстадон хæзнатæй чи ферох, уыдон фæстæмæ сног кæныны хъуыддагæн æмæ уыцы бирæ азты дæргъы царды ницы хорздзинадмæ бабæллыдтæн адæмы арфæйæ фæстæмæ».[1]

Æхсар уыцы иу рæстæджы, 2004-æм азæй йæ адзалы бонмæ – 2009-æм азмæ куыста Республикæ Цæгат Ирыстон – Аланийы Фысджыты цæдисы сæрдары хæдивæгæй.

Чеджемы-фырт æмдзæвгæтæ фыссын райдыдта, Заманхъулы скъолайы ма куы ахуыр кодта, уæд. Æмæ йæ нывæфтыд литературæ йæхимæ бонæй-бонмæ æлвæста тынгæй-тынгдæр. Уæлдæр ахуырад цы аз райста, уæд 1965-æм азы рухс федта йæ поэтикон фыццаг æмбырдгонд «Стъалыты æхсæрдзæн». «Æмдзæвгæтыл фæсивæдау зæрдæбынæй сæмбæлдысты хистæр кары чиныгкæсджытæ дæр».[2]

Йæ радтæг адæм, йæ райгуырæн къум куыд уарзта, йæ уды арфы йæм цахæм æнкъарæнтæ уыдис, уый ирдæй разынд йæ патриотикон æмдзæвгæ «Заманхъулаг цагъд»-ы:

*Фыдæлты Заманхъул – мæ сыгъзæрин бæстæ,*
*Йе 'рвхуыз къуыбырты æхсæн*
*О, ацы хъæубæстæ, о, ацы хъæубæстæ*
*Схаста йæ хъæбысы мæн.*

*Нæ фæрныг хистæртæн сæ уæздан ныхасы*
*Ам федтон царды æгъдау.*
*Уæд ме 'рыгон азты, уæд ме 'рыгон азты*
*Амондджын чи уыд мæнау?!*[3]

---

[1] Уый дæр уым.
[2] Бибоева И. Г. и Казиты М. Р. Писатели Осетии. – Владикавказ, 2015. – 420 ф.
[3] Чеджемты Æхсар. Чегем. – Дзæуджыхъæу, 2007. – 15 ф.

Æхсары поэзийы хистæрты фарнæн цы кад ис, уый бафæзминаг у кæстæртæн. Ахæм традици нын нæ рагфыдæлтæй баззад. Цæразон Сослан цал æмæ цал æнусы размæ загъта: «Рухсмæ рацæуай, фæцæрай кадджын, номдзыдæй зæххыл, – дар дæ ныййарджыты кадыл…»[1] Ахæм фæдзæхст Æхсарæн йæ туджы уыдис. Зыдта хистæр æмæ кæстæр. Йæ хъуыдыйы уыдис æппынæдзух Къостайы фæдзæхст: «Адæмы фарнæй къæдзæх дæр ныннæры»[2] («Додой»). Уыцы фарн сафæн кæй нæй, уый йын амонын нæ хъуыдис. Нæ буц хистæрты кадыл уымæн зарыд («Нæ буц хистæртæ»):

*Бирæ нын цæрат, нæ буц хистæртæ,*
*Уæ фарнæй фæрнджын – ирон хæдзæрттæ.*
*Сымахæй цæуынц уæ хорз кæстæртæм*
*Хъæбатырдзинад, рæсугъд æгъдæуттæ.*

*Ацы дунейы адджынæн баззад*
*Фыдæлты уæзæг, райгуырæн бæстæ.*
*Терчы донæй дæр, нæ буц хистæртæ,*
*Нæ бафиддзыстæм уæ бирæ хæрзтæ.*[3]

Йæ нывæфтыд дзырд адæмы зæрдæмæ кæй хæццæ кодта, райгонд дзы кæй уыдысты, уыцы хъуыддаг поэты куыстмæ æууындзыдта ноджы тынгдæр. Сæ кæрæдзийы фæдыл рухс федтой йæ поэтикон чингуытæ: «Мæ дунейы рухс» (1975), «Цом хурагур» (1981), «Дæ ном» (1987), «Свирель из солнца» (С Хамицаевым А. Ф., 1988), «Æртхурон» (1997), «Ирон зарæг» (2001), Чегем (2007), «Царды мæсыг» (2009), «Арвы дидинæг» (2010); йæ прозæ æмæ драмон уацмыстæ – «Урс нымæт» (1978), «Ныфсы мæсгуытæ» («Мах дуг», 1980), «Зæххы цæсгом» (1985)…

[1] Ц æ р а з о н  С о с л а н. Алгъуызы кадæг. – Цхинвал, 2016. – 88 ф.
[2] К ъ о с т а. Ирон фæндыр. – Дзæуджыхъæу, 1951. – 48 ф.
[3] Ч е д ж е м т ы  Æ х с а р. Чегем. – Дзæуджыхъæу, 2007. – 179 ф.

Поэт зæрдæбынæй зарыд йæ Фыдыбæстæйыл, йæ адæмыл, ныййарæг мадыл, Ирыстоны алæмæтаг æрдзыл, хæлардзинадыл, нæ адæмы разагъгатыл, фарн æмæ æгъдауыл. Йæ риуы сæм цы сыгъдæг уарзт уыд, уый хаста адæммæ, куыд æй æмбарой, ахæм æвзагыл. Æмæ йæ æмбарынц. Уымæн æмæ, Æхсар цы поэзи фæлдыста, уый цæуы сæхи цардæй. Хæрзæгъдау адæймаджы тыххæй ахæм æмдзæвгæ сфæлдыста («Царды ад»):

*Кæд искуы нæ фæндыры цагъдмæ*
*Фырцинæй дæ цæссыг æруад,*
*Уæд зоныс, цæй диссаг у амонд,*
*Уæд базыдтай цардæн йæ ад.*

*Нæ Ирæн йæ райсомы мæтæй*
*Дæ зæрдæ фæлмæст у, фæллад,*
*Уæд зоныс, уæд зоныс, циу амонд,*
*Уæд базыдтай цардæн йæ ад.*

*Кæд уарзыс нæ фыдæлты бæстæ,*
*Дæ удæй йæ уарзыс фылдæр,*
*Хуыздæр фырт уæд Иры нæ хъæуы,*
*Уæд амонд нæ хъæуы æндæр.*[1]

Поэт ирон сылыстæджы та ныв кæны, раст, сылгоймагæй Секъа куыд загъта: «Хуры чызг дæр дæ цуры, æнхъæл дæн, у фауинаг»,[2] – уый хуызæн. Сылгоймаджы ахæм бæрзæндыл æвæрын нын не стыр кадæн фыдæлтæй баззадис. Беджызаты Черме далæ æнусы бæрцы размæ загъта: «Сылгоймаджы фидыц – фыццагон ирон сылгоймаг…»[3] Æмæ Æхсар ирон сылгоймагæн цы кады миниуджытæ нымайы, уыдон æрмæст сылыстæджы

---

[1] Ч е д ж е м т ы  Æ х с а р. Чегем. – Дзæуджыхъæу, 2007. – 63 ф.
[2] Г æ д и а т ы  С е к ъ а. Уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 1981. – 31 ф.
[3] Б е д ж ы з а т ы  Ч е р м е н. Æвзæрст уацмыстæ. – Сталинир, 1958. – 117 ф.

кад нæ исынц бæрзонд, фæлæ сæрыстыр кæнынц нолгоймаджы дæр. Уый у йæ поэзийы æнтыстыл дзурæг. Дзасохты Музафер дзы зæгъы: «Æхсары æмдзæвгæты сæйраг миниуæг у адæймаджы рæсугъддæр æнкъарæнтæ æвдисын, уыдоныл цин кæнын, сæ тых æмæ сын сæ уæздандзинадыл зарын. «Æуыæнк хæзна у», – зæгъы йæ иу æмдзæвгæйы автор. Уыцы хъуыдыйы ныхмæ рацæуын зын у, æуыæнк æцæг хæзна у. Æуыæнчы æвзагæй ныхас кæны поэт чиныгкæсæгимæ, æмæ йын уый дæр дзуапп дæтты æуыæнкæй.

Поэты фæндæгтæ хоны рæстæджы дугъæттæ, йе ‘фсургъ та ахæм диссаджы дугъон у æмæ сæ рæсугъд бæллицтæм тырнгæ, бæлццæттæн ныллæууыд цырагъдар, цæмæй сæм ирддæрæй разына сæ нысан æмæ йæм тагъддæр бахæццæ уой».[1] Поэттæ иууылдæр зарджытæ фæфыссынц. Алы æмæ алыхуызон зарджытæ. Фæзарынц алы æмæ алыхуызон хъæлæстæй. Кæй сæ йæ къух куыд фæамоны, афтæ. Ôæлæ Æхсар æцæг зарæггæнæг уыдис. Æрмæст фольклорон зарджытæ нæ тымбыл кодта, фæлæ ирон поэзийы зæлыд йæхи хъуытаз хъæлæс дæр. Ирыстоны хуыздæр композитортимæ скодта фондзыссæдз зарæгæй фылдæр. Сæ иуæй иннæ у хуыздæр. Сæ иуæй иннæ у зæлланггæнагдæр («Хъæууон изæртæ»):

*Нанайы буц чызг мæ цæстыл уайы,*
*Куыд рæсугъд уыдтæ дæ цъæх къабайы!*
*Цыма райгуырдтæ усгуры мæтæн!*
*Сырх дидинæгау – дæ сырх сæрбæттæн.*

*Дæ бæзджын дзыкку – зулаив фастæй,*
*Куыд рæсугъд уыдтæ дæ цæстæнгасæй.*
*Нæ мæ рох кæны, изæрдалынгты*
*Куыд-иу æруадтæн уæ нарæг уынгты.*[2]

[1] Д з а с о х т ы  М у з а ф е р. Йæ цин æмæ йæ хъыг / Рæстдзинад, 2007. – 17 март.
[2] Ч е д ж е м т ы  Æ х с а р. Чегем. – Дзæуджыхъæу, 2007. -146 ф.

Æхсарæн йæ бон уыд адæмон сфæлдыстад йæхи джипы уадзын æмæ йæ исы зæрдæ. Поэтæн йæ зарæджы иу зæл иннæйы куы ахса, иу дзырдæй иннæ куы гуыра, уæд уый амонды зарæг у. Æхсар уыд амондджын зарæггæнæг.

## ЙÆХИ ХЪÆЛÆСИМÆ

Ирон поэзийы æхсайæмазонтæм æнæдызæрдыгæй хауы поэт, публицист, тæлмацгæнæг Хъодалаты Герсан. «Уый у Ирыстоны хуыздæр лирикон поэттæй иу»,[1] – дзырдта Гобозты Валери. Æмæ æнæбындурæй нæ. Герсанæн ирон литературæйы ис йæхи поэтикон хъæлæс. Ирыстоны мæсгуытæм кæсгæйæ поэт зæгъы:

*Æрзадысты бындзар-дуртæй Ирыстоныл,*
*Сæ сæрмæ-иу цы пилон сыгъд, цы 'ртытæ!*
*Хæцыдысты нæртон лæгтау нæ рыст бонты,*
*Ныр та лæууынц – нæ фыдæлтæн цыртытæ.*[2]
(«Ирыстоны мæсгуытæ»)

Ацы цæвиттон дзуры поэты фæлгонцон уынынадыл. Чиныгкæсæджы зæрдæ рæвдауы, Ирыстонæн сæрбахъуыды фæдисы фидиуджытæ чи уыдысты, нæ фыдæлты нын сæ цыфыддæр знæгтæй чи хъахъхъæдтой, уыцы мæсгуытæ сын ныртæккæ цыртыты бæсты кæй лæууынц, уыцы хъуыддаг. Æмæ поэтмæ дзæвгар ис ахæм æмдзæвгæтæ.

Хъодалаты Зурабы фырт Герсан райгуырдис Хуссар Ирыстоны Уæллаг Захъхъоры. Йæ фыд Зурабыл Фыдыбæстæйон Стыр хæст йæ фæд ныууагъта æвзæрырдæм. Æрыздæхтис сæрæгасæй, фæлæ йын цæрын уадиссаг ницы антыст. Мад дæр нæ фæцард йæ зæрдæйы фæндиаг.

[1] Г о б о з т ы В а л е р и. Хъодалаты Герсаны лирикæ / Хурзæрин, 2015. – 27 январь.
[2] Х ъ о д а л а т ы Г е р с а н. Æвдудон. – Дзæуджыхъæу, 2007. – 19 ф.

Фидæны поэт æмæ йæ кæстæртæ хъомыл кодтой сидзæрæй. Фæцис сæхи хъæуы райдайæн скъола, стæй ахуыр кодта Захъхъоры астæуккаг скъолайы. Цард интернаты æмæ йæ зæрдæ йæ гуыбынмæ уыйбæрц нал æхсайдта, афтæмæй йæ тых радта чиныгмæ. Скъолайы фæстæ та йæ ахуыр адарддæр кодта Сталиниры педагогон институты филологон факультеты райдайæн кълæсты педагогикæ æмæ методикæйы факультеты. Каст æй фæцис æмæ ныллæууыд фæллойы фæндагыл. Куыста областон газет «Советон Ирыстон»-ы редакцийы, Хуссар Ирыстоны радиойы дикторæй, уыд Фысджыты цæдисы Хуссар Ирыстоны хайады литконсультант, журнал «Фидиуæджы» поэзийы хайады сæргълæууæг, 1996-æм азæй фæстæмæ та у журналы сæйраг редактор.

Герсан æмдзæвгæтæ фыссын райдыдта чысыл лæппуйæ, скъолайы ма куы ахуыр кодта, уæд, 1950-æм азæй. Фæлæ йын периодикон мыхуыры фæзындысты, авд азы фæстæдæр. Йе 'мдзæвгæты фыццаг чиныг «Бæлццон» рухс федта, йæ тæккæ лæппуйы кары куы уыдис, уæд – 1964-æм азы.

Йæ фыццаг уацмыстæ уыдысты Фыдыбæстæйы уарзтыл, сабион мысинæгтыл, йæ уæзæджы рæсугъд æрдзыл. Гобозты Валери уымы æрдзæн уадиссаг ницы зыдта, уæддæр кæсæм: «Иу кæнæ иннæ поэты сфæлдыстадыл фысгæйæ, рох кæнын нæ хъæуы, кæм райгуырдис, уый, райгуырæн бынат. Уæлдæр куыд загътам, афтæмæй нæ поэт райгуырдис Ирыстоны рæсугъддæр къуымтæй иу – Лехурагомы. Кæй зæгъын æй хъæуы, нæ поэтæн уый у йе сфæлдыстады сæйрагдæр ратæдзæн, æвидигæ суадæттæй иу.

Дунеон литературæйы гиганттæй иу – стыр немыцаг фыссæг æмæ ахуыргонд Иоганнес Вольфганг Гете фыста, зæгъгæ, цæмæй поэты сфæлдыстад бамбарай, уый тыххæй йын хъуамæ фенай йæ райгуырæн уæзæг. Уæдæ цы ауайы адæймаджы цæстыл Герсанæн йæ райгуырæн хъæу Захъхъоры фенгæйæ: арвыл фæдисæй згъорæг мигътæ, рæстæгæй-рæстæгмæ се 'хсæнæй фæзынынц хуры зæрин тынтæ, адæймагмæ афтæ фæкæсы, цыма уый хур зæхмæ йæ мидбылты худгæ кæны, мæнæ мигъты иннæ дзыгуыр та сабыргай ленк кæны комы хъæлæсы, хохы сынæгыл та æрныгъуылд

фыдæлтыккон мæсыг æмæ сæм джихæй кæсы. Ахæм поэтикон нывтæ цæрæнбонтæм баззайынц адæймаджы мысынады».[1]

Мæнæ куыд нывкæны поэт фыццаг уалдзыгон бонтæ, æнæхъæн æмдзæвгæ æмрифмæгæнгæйæ («Абон уалдзæг карз зымæгыл рахæтдзæн…»):

*Абон уалдзæг карз зымæгыл рахæтдзæн, –*
*Бонахаст зæрдæвæндиаг рауæццæ.*
*Хур æргъæвсæг мигъты ‘хсæнты нал хæтдзæн,*
*Донхæрисыл бур къуыпатæ рахæцдзæн,*
*Малусæгыл цины худæг бахæцдзæн,*
*Нал уыдзæни митыздух уад уасæццæ,*
*Хуры тын æй сабыр тохы басæтдзæн,*
*Хæхтæ æмæ мæсгуытимæ нал хæцдзæн,*
*Бæлæсты рæдæнг базгуыты нал сæтдзæн,*
*Салд цъитийæ худгæ цæссыг ратæдздзæн, –*
*Загътон æз, фæлæ мæ ныхас адæрддзæф:*
*Мартъи та йæ галиу митæм бахæццæ,*
*Акуыддæртæ, ацыдæртæ, асæнтдзæф,*
*Абæттинаг, ницуал та йæ басæтдзæн,*
*Алкæй дуарыл сусæг-æргом бахæцдзæн,*
*Зæронд лæгты пецты къæхтæм бабæтдзæн,*
*Кæртмæ дæр сын хизыны бар нал дæтдзæн, –*
*Ивгæ цæсгом алцæмæ дæр бахъæцдзæн…*[2]

Адæймаг йæ сабибонтæ куы мыса, куынæ дзы рох кæной, рухс бæллицтæм æй куы хоной, уæд уый амонды хъуыддаг у. Фæлæ иунæджы, сидзæры мысинæгтæ удыл ныууадзынц сæ фæд. Къоста уымæн загъта: «Цæй мæгуыр дæ , èóíæг, дæ мад амæла»![3] Фадат ын куы фæвæййы, уæд сæ

[1] Г о б о з т ы  В а л е р и. Хъодалаты Герсаны лирикæ / Хурзæрин, 2015. – 27 январь.
[2] Х ъ о д а л а т ы  Г е р с а н. Æвдудон. – Дзæуджыхъæу, 2007. – 171 ф.
[3] К ъ о с т а. Ирон фæндыр. – Дзæуджыхъæу, 1951. – 68 ф.

фæрæвдауы йæ уд, кæддæр-иу куыд уыд, афтæ. Ӕмæ уый цæуы чиныгкæсæджы зæрдæмæ. Поэт йæ авдæнмæ кæсгæйæ дзуры («Авдæн»):

*Лæууыс нæ дæлбазыр æнкъардæй,*
*Цыма хъæрмуд бинонтæй уæрст дæ.*
*Кæйдæр гыццыл лæппу дæ кардæй*
*Фæкодта нуæстæ.*

*Дæ хъæдыл сидзæрау æрфынæй*
*Гыццийы «ало-лайы» зарæг*
*Ӕмæ йæ милгъуыз зæлдаг тынæй*
*Ыстыхта бургуыбын хæлуарæг.*

*Мæ цæст дæм бакæсын нæ уарзы, –*
*Цæмæндæр сонт зæрдæ фæриссы.*
*Фæлæ уæддæр лæууын дæ разы,*
*Гыццийы мондæгтæ дæ исын.*

*Ӕмæ та ног нымд хъæлæс хъусын:*
*Нæ къуымты разылдис нæуæг чындз,*
*Фæлæ мын м‘ авдæн дымгæ узы…*
*Афтид у… афтæмæй нæ фæччы…*[1]

«Ирыстон рæсугъд бæстæ у, фæлæ абон поэты ууыл дзурынмæ не ‘вдæлы. Нæ райгуырæн зæххыл тугуарæн чи кодта, уыцы лæгмарты номхыгъдыл ма ноджыдæр бафтыдис иу тугдзых сырд – Саакашвили. Ӕмæ та ногæй Иры зæххыл арт ссыгъди, туг ныккалди, сау нымæт байтыгъди…»,[2]

[1] Х ъ о д а л а т ы  Г е р с а н. Авдæн // А в т о р т ы  к о л е к т и в. Ирон прзæйы антологии 2 т. Т. 2. – Цхинвал, 1970. – 401 ф.
[2] Х о з и т ы  Б а р и с. Фарн – ирон уæздан дзырдтæн сæ фæтæг / Рæстдзинад, 2009. – 17 декабрь.

– зæгъы Хозиты Барис. Поэты сфæлдыстады гуырдзиаг-ирон хæст уымæн æрцахста зынгæ бынат («Куырдиат Хуыцаумæ»):

*Мæ хъуыдыты дæм æз цæуын лæгъстæмæ,*
*Цæмæй нæ арвыл цъус фæхæца ирд.*
*Тæтæр-манголты ‘рбабырстæй фæстæмæ*
*Ныры хуызæн тыхст никуы ма уыд Ир!*

*Цæрæнбонты кæм æвæрдтам дур дурыл,*
*Æхсныф æхсныфыл, уырдыгæй нæ ныр*
*Нæ рагон сыхаг хъиладзагъдæй суры, –*
*Сæ фæздæггæнæн нал зоны хуымпыр…*

*«Цæйнæфæлтау кæйдæр дзæмбыты хъул уон,*
*Фæлтау – мæлæт, нæ быхсын æз æдзыт!» –*
*Ирон йæ тæрхон рахаста ‘мæ схъулон*
*Йæ уаз тугæй Фæскъавказы сыджыт…*
*. . . . . . . . . . . . . . . . . .*
*Уæдмæ… Нæ иры равзаргæ лæппутæ*
*Сæ рæстæмбисыл баззайдзысты!.. Охх,*
*Тæхынц фæдисæй дзæнæтмæ сæ удтæ,*
*Уæлæуыл уадзынц кад æмæ… фыдох…*[1]

Афтæ автор нымайы, мах цыхуызæн адæм стæм, нæ фыдгæнджытæ та чи сты, уыдон æмæ Хуыцауæй домы: «Фыдгулæй дур дæр мауал ныууадз дурыл, Ыссис нын семæ иу дуне къуындæг!..» Ирыстоны сæрыл йæ цард нывондæн чи ‘рхаста, уыдонæй Æлборты Ибрагим, Букуылты Маир, Дзабиты Геннади æмæ æндæртыл ныффыста номарæн æмдзæвгæтæ.

---

[1] Х ъ о д а л а т ы Г е р с а н. Куырдиат Хуыцаумæ // А в т о р т ы к о л л е к т и в. Тугæйдзаг цыппурс. – Дзæуджыхъæу, 1997. – 157 – 158 ф.

Фыссæг активонæй кусы публицистикæйы, стæй прозæйы жанрты. Арæх ирон æвзагмæ тæлмац кæны æндæр адæмты, уæлдайдæр, гуырдзиаг поэты сфæлдыстад

Хъодалаты Герсан у Къостайы номыл Республикæ Хуссар Ирыстоны паддзахадон æмæ «Нарты фæткъуы»-йы премиты лауреат.

## ЧИНЫГКÆСÆДЖЫ УД КÆМÆЙ РАЙЫ

Ирон литературæмæ æхсайæм азты чи æрбацыд æмæ дзы йе 'рмдзæф бæрæгæй кæмæн зыны, уыдон нымæцы бæрæг дары поэт, прозаик, драматург, публицист æмæ нывгæнæг Чеджемты Геор.

Чеджемты Зæкæриайы фырт Геор райгуырдис 1940-æм азы, майрæмы мæйы 19-æм бон, Ирыстоны цæгат хайы Заманхъулы. Цымыдис саби рæзт сæ хъæуы. Йæ фыд Зæкæриа уыдис хæдахуыр нывгæнæг æмæ скульптор. Исты-иу куы арæзта, уæд-иу æм чысыл Геор баззадис æдзынæгæй кæсгæйæ. Афтæмæй фæцахуыр æмæ æгæрон уарзтæй бауарзта нываивад. 1959-æм азы сæ хъæуы астæуккаг скъола каст куы фæци, уæд йæ ахуыр адарддæр кодта Цæгат Ирыстоны педагогон ахуыргæнæндоны нывкæнынады хайадмæ. Йе 'ппæт хъуыдытæ дæр сæйраджы нывкæнынадимæ баст кæй уыдысты, уый тыххæй йæ ахуыр фæцис æнтысгæйæ.

Фæлæ æвзонг лæппу нык кæнынимæ иумæ йæ уд лæвæрдта нывæфтыд литературæйæн. Уыцы иурæстæджы фыста сабитæн дæр æмæ хистæр кары адæмæн дæр. Хозиты Барис зæгъы: «Дæсгай азты дæргъы нын цы оригиналон уацмыстæ фыссы, уыдоны мидæг мах базонгæ вæййæм, поэт йæ алыварс дуне куыд æмæ цы хуызы æвдисы, уыимæ. Йæ алыварс дунейы цаутæ иу æмдзæвгæйæ иннæмæ хизынц æнæнхъæлæджы фæзилæнтæ æмæ хатдзæгтимæ».[1] Георы поэтикон æрмдзæф йе 'взонджы бонтæй у хæдбындур. Алы хатт дæр тырны, цæмæ йæ чиныгкæсджытæн фенын кæна, хуымæтæг

[1] Х о з и т ы Б а р и с. Дзырд æмæ нываивады хуымон / Рæстдзинад, 2005. – 12 ноябрь.

адæймаджы цæст æмæ хъуыды кæй нæ ахсынц, ахæм нывтæ æмæ дзуринæгтæ. «Йæ поэтикон æмæ прозаикон æрмдзæф у хæдхуыз æмæ аив, никæимæ йын ис фæивддзаг кæнæн, йæ алы æмдзæвгæ, радзырд, аргъау агайы зæрдæ, ныррухс кæны зонды æмæ зæрдæйы рæбинагдæр къуымтæ. Йæ уацмысты ирдæй æвдыст цæуынц нæ рæсугъд æрдз, цæрæгойты миддуне, адæймаджы цард, йæ сагъæстæ æмæ хъуыдытæ».[1]

Ууыл дзурæг у йе сфæлдыстад («Бæстæзонæн музейы»):

*Байрай, Хъисфæндыр!*
*Хорз ран æрцардтæ –*
*Авгæй арæзт дæ хæдзар,*
*Рыджы фæлм циу, уый зонгæ дæр нæ кæныс…*
*Ехх, фæлæ-иу кæддæр*
*Дæ бæхбарц хъистæ куы ныттынг сты,*
*Уæд сыл-иу райгуырди Зарæг,*
*Ахæм алæмæттаг Зарæг! –*
*Хæдтæхгæ Пакъуындзæйау арвы цъæх чи тыдта,*
*Зæрдæтæ чи сгæрста…*

*Оххай, гъе, Хъисфæндыр!*
*Циу, цы дæ риссаг, уый æз цæмæй зыдтон…*
*Ма ку, Хъисфæндыр.*
*Ма ку,*
*Ма ку…*[2]

«Ныртæккæ ирон адæм тынг архайынц се 'взаг, сæ културæ æмæ сæ аивад бахъахъхъæнынил. Уый охыл фыст цæуы бирæ æмдзæвгæтæ, радзырдтæ æмæ публицистон уацтæ. Фæлæ ацы темæ, аивады амæттаг

---

[1] Р æ с т д з и н а д, 2015. – 18 август.
[2] Ч е д ж е м т ы  Г е о р. Бæстæзонæн музейы // А в т о р т ы  к о л л е к т и в. Ирыстоны поэзи. – Дзæуджыхъæу, 2012. – 528 ф.

бакæнгæйæ, эмоционалон æмæ эстетикон тыхæй афтæ тыхджын ничи схотыхджын кодта йæ лирикон афæлгæст адæмы цардыл»,[1] – зæгъы Тедеты Ефим. Геор æгасæй аивады кæй цард, уый тыххæй йæ ахуыргæнæндоны фæстæ кусынмæ айстой Æрыдоны районон газет «Путь к коммунизму»-мæ. Йæ куыст æвзæр нæ цыд, фæлæ йæ фæндыд йæ ахуыр адарддæр кæнын æмæ 1964 – 1969-æм азты каст фæцис Мæскуыйы полиграфион институты мыхуырон продукци нывæфтыд кæныны хайад. Ахуыры фæстæ 1980 – 1985-æм азты куыста сабиты журнал «Ногдзау»-ы, фæстæдæр та 2010-æм азы онг – чингуыты рауагъдад «Ир»-ы нывкæныдады редакторæй.

Геор уыцы иурæстæджы æнтысгæйæ нывæфтыд уацмыстæ лæвар кодта сабитæн æмæ хистæр кары адæмæн. «Геор сывæллæттæн цы чингуытæ рауагъта, нывтæ дæр сын йæхæдæг сарæзта, уыдон кæцыфæнды адæмыхатты литературæ дæр сфидауын кæндзысты. Зæгъæн ис (хъыг макæмæ фæкæсæд, уый мæ хъуыды у), Георы размæ дæр, стæй абон дæр сывæллæттæн ахæм æмвæзадыл ничима фыста»,[2] – зæгъы Дзуццаты Зæлинæ.

Георы аив уацмыстæй кæцы сабийы зæрдæ нæ барухс уыдзæнис. Бинонтæ се ‘ппæт дæр куысты сæр куы лæууыдысты: «Нана хъуылæг Цагъта. Дада хуымзæхх Къахта. Таму сугтæ Саста. Фари гуымбыл Ахста», – уæд сæ Сем къуыммæ бахаста («Куыстуарзаг»):

*Се ‘ппæтæн дæр*
*Загъта:*
*– Исты куыст мын –*
*Тагъддæр!*
*Йе ма кусут*
*Сымах дæр.*[3]

---

[1] Т е д е т ы  Е ф и м. Æз дæм цæрæнбонты цæуын, Зæхх / Рæстдзинад, 2007. – 15 январь.
[2] Д з у ц ц а т ы  З æ л и н æ. Чеджемты Георы сфæлдыстады тыххæй / Рæстдзинад, 2015. – 18 август.
[3] Ч е д ж е м т ы  Г е о р. Куыстуарзаг // А в т о р т ы  к о л л е к т и в. Хурзæрин. Т. 2. – Дзæуджыхъæу, 1974. – 377 – 378 ф.

Алчи дæр бауыдзæн худтынгæс ахæм уацмысмæ, йæ хъомыладон нысаниуæгыл ын куынæ дзурæм, уæддæр. Æмæ Геормæ цас æмæ цас æмдзæвгæтæ, радзырдтæ, аргъæуттæ ис, рæзгæ фæсивæды зæрдæтæ хурварс чи авæры, ахæмтæ. «Георы зонындзинæдтæ аивады æмæ литературæйы, зæгъæн ис, æмæ сты æнæкæрон. Цыфæнды фарстимæ йæ цуры куы балæууай, уæддæр райсдзынæ бæлвырд æмæ бæстон дзуапп… Æвæццæгæн, иу ахуыргæнæн чиныг дæр ахæм нæй, Георы радзырд кæм нæ ис».[1]

Цæрæгты Аллæ зæгъы: «Чеджемы-фырты аргъæуттæ æмæ радзырдтæ афтæ диссаг æмæ аив сты, сабиты хъомыладæн афтæ æхxуыс сты, æмæ сæ ахуыргæнджытæ æмæ рæвдауæндæтты хъомылгæнджытæ ныхтабуйæ агурынц, сабитæ та сæ стыр цымыдисæй кæсынц æмæ архайынц, цæмæй уацмысты хъайтарты хуызæн уой, фæзмынц сын сæ хорз хъуыддæгтæ».[2]

Георы радзырдтæ æмæ аргъæуттæ æрмæст сабиты зæрдæтæ не 'лхæнынц, фæлæ сæ цымыдисæй кæсынц хистæр кары адæм дæр. Æнæдызæрдыгæй афтæ зæгъæн ис йæ поэзийæ.

Георæн йæ сабиты литературæйау, нуарджын у æмткæй йе сфæлдыстад. Фыссæг арæхсы адæймаджы судзагдæр æнкъарæнтæм нывналынмæ, зард æй цы домы, зард цæмæй фæрухсдæр уыдзæнис, уыдон рухсмæ рахæссынмæ. Афтæмæй алыхуызон поэтикон ахорæнтæй рухсы таг ныттадзы чиныгкæсæджы зæрдæмæ, нæ хъуыдыкæнынад, нæ зæрдæйы æнкъарæнтæ нын кæй фæуæрæхдæр кæны, сæрибар хъуыдыйыл нæ кæй бафтауы, уый фæрцы («Дыууæ хъысмæты»):

*Ахстонджын бæласы цонгыл*
*Хырх кафы 'мæ зары;*
*Бæлас та ризы æмæ кæуы…*[3]

---

[1] Р æ с т д з и н а д, 2012. – 18 август.
[2] Ц æ р æ к т ы  А л л æ. Уæлтæмæны базыртыл / Рæстдзинад, 2016. – 2 февраль.
[3] Ч е д ж е м т ы  Г е о р. Дыууæ хъысмæты // А в т о р т ы  к о л л е к т и в. Ирыстоны поэзии. – Дзæуджыхъæу, 2012. – 528 ф.

Тедеты Ефим зæгъы ацы æмдзæвгæйы охыл: «Уæдæ экологи æмæ цард бахизынил дæр Геор куыд арф ныссагъæс кодта, афтæ никæцы поэты къухы бафтыдис».[1] Æмæ нæ рæдийы, фæлæ, экологи æмæ цард фыддуг æмæ фыдлæгты азарæй бахизынил цас стыр поэттæ фæцагътой сæ удтæй арт, уыдон нымайыны сæр нæ куы бахъæуид, уæд нын иу æмæ дыгай цардтæ не сфаг уыдаиккой, фæлæ ацы æмдзæвгæ йæ арæзт, йæ афыст, йæ поэтикæйæ кæй хауы цæсты, кæй ныхæсы зæрдæйыл, уый дызæрдыггаг нæу.

«Геор у лирик. Йе сфæлдыстады сæйрагдæр мотивтæ сты сыгъдæг уарзондзинад, ивгъуыд бонты æхцон æмæ риссаг мысинæгтæ, зæрдæбын сагъæстæ йæ ныййарæг адæмы хъысмæтыл, фыдызæххыл, фидæныл. Поэтæн Ирыстоны райдзаст æрдзы нывтæ æхххуыс кæнынц йæ цинтæ, йæ хъыгтæ, йæ фæндиæгтæ ирддæрæй равдисынæн»,[2] – зæгъы Хъодзаты Æхсар. Йæ ныхасæн ирд æвдисæн поэты æмдзæвгæ «Тугтарст»:

*Дæс азы размæ ацыди мæ Мад*
*Ацы стъалыджын дунейæ;*
*Фæлæ куы фехъусын ныр дæр,*
*Кæйдæр мад амарди, зæгъгæ,*
*Уæд фестъæлфын: кæд та мæ мад у…*

*Мæ туг фæтарсти уыцы сау бон…*
*Дæс азы размæ…*

Георы курдиат рарттывта драматургийы жанры дæр. Йæ пьесæтæ «Цола», «Цолайы чындзæхсæв» «Чери», «Хъуыбады»-мæ гæсгæ театры цы спектаклтæ æрцыдысты æвæрд, уыдоныл адæм сæмбæлдысты зæрдиагæй. «Цола» Цæгат Ирыстоны Ирон театры сценæйыл фæцыд дыууын азæй фылдæр. Йæ чингуытæ «Дзывырдар-æнгуырдар» (1964), «Хазби кафын

[1] Т е д е т ы  Е ф и м. Æз дæм цæрæнбонты цæуын, Зæхх / Рæстдзинад, 2007. – 15 январь.
[2] Х ъ о д з а т ы  Æ х с а р. Чеджемты Геор // А в т о р т ы  к о л л е к т и в. Ирыстоны поэзии. – Дзæуджыхъæу, 2012. – 527 ф.

зоны» (1965), «Цины хабар» (1968), «Зæххы зарæг» (1974), «Арвы бæлæстæ» (1987), «Цола» (2002)… алкæмæн дæр уыдис æнтыст. Чеджемты Геор у, чиныгкæсæджы уд кæй уацмыстæй улæфы, ахæм ирон фыссæг æмæ нывгæнæг.

## СПАЙДАГОНД ЛИТЕРАТУРÆ


1. Æ л б о р т ы Х а д з ы-У м а р. Мысинæгтæ / И к ъ а т ы В. Ирыстон – мæ рис. – Цхинвал, 2005;

2. Æ л б о р т ы Х е т æ г. Мысинæгтæ // И к ъ а т ы В. Фыдыбæстæ – мæ рис. – Цхинвал, 2005;

3. Б е д ж ы з а т ы Ч е р м е н. Æвзæрст уацмыстæ. – Сталинир, 1958;

4. Б и б о е в а И. Г., К а з и т ы М. Р. Писатели Осетии. – Владикавказ, 2015;

5. Г æ д и а т ы С е к ъ а. Уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 1981;

6. Г о б о з т ы В а л е р и. Хъодалаты Герсаны лирикæ / Хурзæрин, 2015. – 27 январь;

7. Г у ы б и а т ы-Т о м а й т ы Ф а т и м к æ. Адæмы хорзæх / Рæстдзинад, 2007. – 17 март;

8. Д ж у с о й т ы Н а ф и. Мысинæгтæ // И к ъ а т ы В. Фыдыбæст – мæ рис. – Цхинвал, 2005;

9. Д з а с о х т ы М у з а ф е р. Йæ цин æмæ йæ хъыг / Рæстдзинад, 2007. – 17 март;

10. Д з у ц ц а т ы З æ л и н æ. Чеджемты Георы сфæлдыстады тыххæй / Рæстдзинад, 2015. – 18 август;

11. Д з у ц ц а т ы Х а д з а-М у р а т. Раныхас табæты уæлхъус // Фидиуæг, 1991. – № 1;

12. Д з у ц ц а т ы Х а д з ы-М у р а т. Дыууæ дуджы астæу. – Дзæуджыхъæу, 2000. – 208 ф.
13. Д у л а т ы Ц и ц к а. Письмо хæсты быдырæй / Рæстдзинад, 1942. – 2 июль;
14. И к ъ а т ы В л а д и м и р. Æвзæрст уацмыстæ. – Цхинвал, 2015;
15. Ирон æмбисæндтæ. – Дзæуджыхъæу, 1976;
16. К ъ о с т а. Ирон фæндыр. – Дзæуджыхъæу, 1951;
17. К ъ у б а л т ы А л ы к с а н д р. Уацмыстæ. – Дзæуджыхъæу, 1978;
18. Р æ с т д з и н а д, 2012. – 18 август;
19. Р æ с т д з и н а д, 2015. – 18 август;
20. С и т о х а т ы С а л а м д ж е р и. Æууæнк. – Дзæуджыхъæу, 2006;
21. С и т о х а т ы С а л а м д ж е р и. Дарынц галиу цæстытæ цъындæй / Рæстдзинад, 2009. – 7 октябрь;
22. Т е д е т ы Е ф и м. Æз дæм цæрæнбонты цæуын, Зæхх / Рæстдзинад, 2007. – 15 январь;
23. Т ы б ы л т ы А л ы к с а н д р. Уацмысты æмбырдгонд. – Цхинвал, 1988;
24. Х о з и т ы Б а р и с. Дзырд æмæ нываивады хуымон / Рæстдзинад, 2005. – 12 ноябрь;
25. Х о з и т ы Б а р и с. Фарн – ирон уæздан дзырдтæн сæ фæтæг / Рæстдзинад, 2009. – 17 декабрь;
26. Х ъ о д а л а т ы Г е р с а н. Æвдудон. – Дзæуджыхъæу, 2007;
27. Х ъ о д з а т ы Æ х с а р. Чеджемты Геор // А в т о р т ы к о л л е к т и в. Ирыстоны поэзи. – Дзæуджыхъæу, 2012;
28. Ц æ р æ к т ы А л л æ. Уæлтæмæны базыртыл / Рæстдзинад, 2016. – 2 февраль;
29. Ц æ р а з о н С о с л а н. Алгъуызы кадæг. – Цхинвал, 2016;
30. Ч е д ж е м т ы Æ х с а р. Чегем. – Дзæуджыхъæу, 2007;
31. Ч е д ж е м т ы Г е о р. Бæстæзонæн музейы // А в т о р т ы к о л л е к т и в. Ирыстоны поэзи. – Дзæуджыхъæу, 2012;

32. Ч е д ж е м т ы  Г е о р. Дыууæ хъысмæты // А в т о р т ы  к о л л е к т и в. Ирыстоны поэзи. – Дзæуджыхъæу, 2012;
33. Ч е д ж е м т ы  Г е о р. Куыстуарзаг // А в т о р т ы  к о л л е к т и в. Хурзæрин. Т. 2. – Дзæуджыхъæу, 1974;
34. Ч е р ч е с т ы  Х ъ а с б о л а т. Курдиаты фарн / Рæстдзинад, 2007. – 17 март;
35. Ч е р ч е с т ы  Х ъ а с б о л а т. Бæркадджын ауæдзтæ / Рæстдзинад, 2009. – 7 октябрь.

С Æ Р Г Æ Н Д Т Æ

Фыццаг сæр

ИРОН ПОЭЗИЙЫ СЫГЪЗÆРИН АЗТÆ ……………… 3

Дыккаг сæр

ХУРМÆ ЦÆУГÆЙÆ …………………………………… 23

Æртыккаг сæр

ПОЭЗИЙЫ СУАДОН …………………………………… 81

Цыппæрæм сæр

РОМАНТИКÆ – ЙÆ УД, ЙÆ ДЗÆЦ ………………… 160

Фæндзæм сæр

ДАРДМÆУЫНÆГ ПОЭТ ……………………………… 228

Æхсæзæм сæр

ЗÆРДÆЙЫ ХУЫЗТÆ ………………………………….. 283

Æвдæм сæр

ÆРВОН КОМУЛÆФТИМÆ …………………………… 361

Æстæм сæр

ПОЭТЫ ДУНЕ …………………………………………….. 446

Фарастæм сæр

ЛИТЕРАТУРÆЙЫ ЗИУУОНТÆ

Улæфынц рæстæджы уддзæфæй ………………………. 529

Агуырдта фыдæлты фарн йæ уды …………………… 534

Амондджын зарæггæнæг ……………………………… 539

Йæхи хъæлæсимæ ……………………………………… 543

Чиныгкæсæджы уд кæмæй райы ……………………… 548

Учебное издание

Казиты (Казиев) Мелитон Резоевич

ИСТОРИЯ ОСЕТИНСКОЙ ЛИТЕРАТУРЫ
V книга

Редактор И. Х. Джанаева
Художник Т. Ф. Алипченкова
Художественный и технический редактор М. Р. Казиты
Корректор Л. П. Тотоева
Компьютерная верстка З. С. Мисиковой

Сдано в набор 15.05.16. подписано к печати 23.09.16. формат бумаги 60x84 1/16. Бум. офс. № 1. Гарн. шрифта AE Kudrashov. Печать офсетная. Усл.-п. л. …… Учетно-изд. л. ……… Тираж 300 экз. Заказ № ……….

000 «Южная Алания». Республика Южная Осетия. г. Цхинвал, ул. Московская, 7.
Отпечатано в полном соответствии с предоставленными диапозитивами в ОАО «Издательско-полиграфическое предприятие им. В. А. Гассиева», 362011, г. Владикавказ, ул. Тельмана, 16.